# Ирæф

II

2009



# Ирæф

ЛИТЕРАТУРОН-АЙЙЕВАДОН ЖУРНАЛ

II
2009

ЖУРНАЛ АНЗ ЦÆУЙ 4 ХАТТИ



г.ДЗÆУÆГИГЪÆУ

# ИРÆФ
## № 2, 2009
Литературон-аййевадон журнал

# ИРАФ
## № 2, 2009
Ежеквартальный
литературно-художественный журнал.
Издается с 1991 г.

Учредитель: **Комитет РСО-А. по печати и делам издательств.**



Сæйраг редактор - Малити Васо

Редколлеги:
Бабочити Руслан
Джиккайти Шамил,
Колити Витали (бæрнон секретарь),
Скъодтати Эльбрус,
Тетцойти Таймураз,
Хæмицати Тамарæ



Адрес редакции: 362040, г. Владикавказ, пер. Соляный, 9.
Телефоны: 53-28-21, 53-14-32



Сдано в набор 7. 01. 2009 г., подписано в печать 7. 04. 2009 г.
Формат 60х80 1/16. Печать офсетная. Усл. печ. л. 19.

---

ОАО «Осетия-Полиграфсервис»
362015 РСО-А., г. Владикавказ, пр. Коста, 11



**© Ираф, 2, 2009 г.**

# ИРОНХ НÆ 'НЦÆ СÆ НÆМТТÆ

## Хъамбердиати Мисост – 100 анзи



Хъамбердиати Мисост райгурдæй 1909 анзи 9 июни Кæрджини гъæуи. Фæстæдæр æ нийийергутæ сæ цæрæнбунат раййивтонцæ Донбассмæ. Ами Мисост æхсæзанздзудæй ахур кæнунмæ бацудæй скъоламæ. 1915 анзи æ нийийергутæ фæстæмæ æриздахтæнцæ Кæрджинмæ æма Мисост æ ахур идарддæр кодта бунæттон скъолай. Фæстæдæр ахур кодта Владикавкази, Мæздæги, Æрæдони.

1923 анзи Мисост бацудæй ФÆЛКЦ-ици рæнгъитæмæ æма активонæй архайдта фæскомцæдесон царди.

1927 анзи бацудæй Мæскуй аййевæдти рабфаки литературон хаййадæмæ æма "й каст фæцæй æмгъудæй раздæр.

1930 анзи Мисост фæстæмæ æриздахтæй Владикавказмæ æма косун райдæдта газет «Власть труда»-й литературон хаййади сæргълæуууæгæй.

Гъулæггагæн, Мисостæн нæ бантæстæй æ фæндитæ царди æнхæстæй рауадзун. Æгъатир нез æй æ буни скодта æма æ цард раскъудæй 1931 анзи 5 декабри. Йе "мдзæвгити фиццаг æмбурдгонд «Цин» мухури рацудæй 1931 анзи.

## Мамсурати Дæбе – 100 анзи

Мамсурати Хабийи фурт Дæбе райгурдæй 1909 анзи Будури Дæргъæвси.

1919 анзи ахур кæнунмæ бацудæй Æридони духовон семинари пансионатмæ æма си фæййахур кодта 1921 анзи уæнгæ, цалинмæ æхгæд не "рцудæй, уæди уæнгæ.

1926 анзи ахур кæнунмæ бацудæй Цæгат Иристони педагогон техни-

куммæ. Æригон скурдиадгун лæхъуæнмæ е “ргом раддæхта Гуриати Гагудз. Техникум каст фæууни фæсте, 1930 анзи косун райдæдта Заманхъули гъæууон скъолай.



Еци-еу рæстæг Дæбе фæсауyонмæ ахур кодта Ростови педагогон институти литературон факультети. 1933 анзи ба ахур кæнунмæ бацудæй Ленингради историй, философий æма литератури институтмæ, фал е 'нæнездзийнадæ ке фæллæмæгъдæр æй, уомæ гæсгæ ба “й ниууагъта 3-аг курси. Алли æнзти куста республики газеттæ æма журналти, æвзурст æрцудæй нæ республики финсгути Цæдеси сæрдарæй, Цæгат-Иристони АССР-и Сæйраг Совети депутатæй. Ирон литературæмæ устур æвæрæн ке бахаста, уой туххæн Мамсурати Дæбейæн лæвæрд æрцудæй Ленини орден, адтæй Хетæгкати Къостай номбæл премий лауреат.

Дæбе рамардæй 1966 анзи 21 августи.

Дæбе финста æмдзæвгитæ, радзурдтæ, романтæ, пьеситæ. Æ æмдзæвгити фиццаг æмбурдгонд мухури рацудæй 1931 анзи «Фыццаг къахдзæфтæ». Уæдæй фæстæмæ æ радзурдтæ, уацаутæ, романтæ берæ хæттити мухургонд æрцудæнцæ хецæн киунугутæй куд иронау, уотæ уруссаг æвзагмæ тæлмацигондæй дæр.

## Цирихати Михал – 90 анзи

Цирихати Тасолтани фурт Михал райгурдæй 1919 анзи Цæгат Иристони хонхи Дæргъæвси. 1936 анзи ахур кæнунмæ бацудæй Цæгат Иристони педагогон институти цори рабфакмæ æма “й æ фæууни фæсте ба куста ахургæнæгæй. Фæстæдæр косун райдæдта Гизæлдони района газет «Стахонон»-и редакций. Еци рæстæг райдæдта финсун æмдзæвгитæ, радзурдтæ, очерктæ æма сæ мухур кодта республики периодикон мухури оргæнти.

1941-1945 æнзти адтæй Фидибæсти устур тугъди. 1944 анзи Польши территорибæл тохгæй уæззау цæф фæцæй æма “й 1945 анзи исуæгъдæ кодтонцæ æфсадæй.

Фæстæмæ Иристонмæ сæздæхгæй, Михал куста газет «Рæстдзинад»-ы редакций. 1954-57 æнзти ба ахур кодта Цæгат Иристони партион скъолай, 1958-1960 æнзти ба Мæскуй уæлдæр литературон курсити. Еци-

еу рæстæг фæсауронмæ каст фæцæй СЦКП-йи ЦК-ий уæлдæр партион скъолай журналистики хаййадæ.

Иристонмæ сæздæхгæй, 1960-1963 æнзти Михал куста газет «Рæстдзинад»-и культури хаййади сæргълæууæгæй, 1963-1977 æнзти ба адтæй журнал «Мах дуг»-и сæйраг редактор. 1977-1987 æнзти куста нæ республики финсгути Цæдеси сæрдарæй.



Михал адтæй Хетæгкати Къостай номбæл премий лауреат.

Михали æмбурдгæндтæ мухургонд цудæнцæ куд иронау, уотæ уруссагау æвзагмæ тæлмацигондæй дæр. Тæлмацгонд æрцудæнцæ æ уадзимистæ нæ Цæдеси иннæ республикити, уæдта фæсарæйнаг æвзæгтæмæ дæр.

Михал мухури рауагъта 15 киунугемæй фулдæр. Æ поэмæ «Мастисæг» ба ссæй хрестоматион.

## Темирати Дауит – 85 анзи



Цалдæр анзей размæ не ’хсæнæй фæгъгъудæй зингæ ирон драматург Темирати Иласи фурт Дауит.

Дауит райгурдæй 1924 анзи 15 августи Киристонгъæуи. 1942 анзи каст фæцæй Цæгат Иристони театралон училище æма ’й еци анз рарвистонцæ хуæцæг æфсадмæ. Тугъдæй сæздæхуни фæсте Дауит 1954 анзи уæнгæ куста Цæгат Иристони паддзахадон драмон театри актер æма сæйраг режиссери æнхусгæнæгæй. 1955-1958-æнзти ба куста ахургæнæгæй Мæскуй Б. Щукини номбæл теат-

ралон училищей Цæгат Иристони студий. 1962 анзи каст фæцæй А.В. Луначарскийи номбæл институти театртасунади факультет. 1958-1961 анзи Дауит куста уруссаг театри директорæй.

1961-62 æнзти ба адтæй ирон паддзахадон драмтеатри директор. Фæстæдæр куста нæ республики культури министради аййевæдти хаййади сæргълæууæгæй, 1965 анзи ба каст фæцæй Мæскуй уæлдæр литературон курситæ.

1966 анзи нисангонд æрцудæй нæ республики Паддзахадон ансамбль «Алан»-и аййевадон разамонæгæй.

1970-1976 æнзти куста нæ республики финсгути Цæдеси сæрдари хуæдæйййевæгæй, фæстæдæр ба æвзурст æрцудæй сæрдарæй. 1977-1985 æнзти куста Цæгат Иристони культури министри хуæдæйййевæгæй. Лæвæрд ин æрцудæй нæ республики скъуæлхил æма адæмон артисти нæмттæ.

Æ царди фæстаг бонти уæнгæ Дауит адтæй Дигорон паддзахадон театри директор. Цæгат æма Хонсар Иристони паддзахадон театрти сценитæбæл алли æнзти æвæрд цудæнцæ æ пьеситæ: «Мухтар», «Мастисджытæ», «Спартак», «Ванойы рындз», «Заур æмæ Заубатыр», «Ард», «Фæндыры хъарæг», «Мæлæтæй тыхджындæр», «Туджы аргъæй», «Дигори нана» æма æндæртæ.

## Айларти Измаил – 85



Айларти Харитони фурт Измаил райгурдæй Хонсар Иристони 1924 анзи 22 августи Дзауи райони Гъæдисæри гъæуи. 1937 анзи каст фæцæй Цæгат Иристони Кирови гъæуи астæуккаг скъола. 1942 анзи куста бунæттон къолхози хигъдхæссæгæй, фæстæдæр ба куста Мамисони æфцæгбæл фæндæгтæбæл.

1945-1949 æнзти Измаил куста ахургæнæгæй Гъæдисæри райдайæн скъолай. 1953 анзи ба ахур кæнунмæ бацудæй Цæгат Иристони историон-филологон факультетмæ. Уæдæй пенсимæ рацæуни уæнгæ куста нæ республики скъолати мадæлон æвзаг æма литератури ахургæнæгæй.

Измаил мухури рауагъта къуар киунуги. Уони ахсфæдæртæй æнцæ: «Гакк-гакк, куыдзы гакк», «Фæцæйсырдтон сæрджын саг», «Раджы бадаг – æвæсмон» æма æндæртæ. Фал Измаили сфæлдистади уæддæр сæйраг бунат ахæссуй æ роман «Мамисони æфцæгбæл». Киунуги фиццаг хай

мухури рацудæй 1987 анзи. Нуртæккæ Измаил косуй романи иннæ хæйттæбæл.

## Тедети Ефим – 80 анзи



Тедети Ефим райгурдæй Хонсар Иристони 1929 анзи 10 апрели Хъæрæуи гъæуи. 1949 анзи æ нийиергутæ æрцардæнцæ Цæгат Иристони Тарскæйи гъæуи. 1953 анзи Ефим каст фæцæй Цæгат Иристони историон-филологон факультет æма ахургæнæгæй косун райдæдта сæ гъæуи скъолай. Фæстæдæр куста Хетæгкати Къостай номбæл ирон литературон музейи наукон косæгæй, 1978-1989 æнзти ба куста нæ республики финсгути Цæдеси консультантæй.

Æ фиццаг æмдзæвгитæ мухури фæззиндтæнцæ 1947 анзи. Уæдæй абони уæнгæ Ефими уадзимистæ мухургонд цæунцæ нæ республики æма Хонсар Иристони периодикон мухури оргæнти.

Ефим мухури ци æмбурдгæндтæ рауагъта, уони сæйрагдæртæй æнцæ: «Æмдзæвгæтæ», «Цæрæнбоны зарæг», «Фарн уæм бадзурæд», «Тайна свирели», «Фæдзæхст дуне», «Урс доны былыл сау фæрдыг», «Голос тишины», «Кадæггæнæг», «Хæхты дзæнгæрæг» æма æндæртæ.

## Цæрукъати Владимир – 80



Хуæрзæрæги фæгъгъудæй не "хсæнæй сувæллæнтти уарзондæр финсгутæй еу Цæрукъати Валоди.

Валоди райгурдæй 1929 анзи 14 маййи Цæгат Иристони Хъарман-Синдзигъæуи. 1952 анзи каст фæцæй Цæгат-Иристони историон-филологион факультет æма косун райдæдта сæхе гъæуи райдайæн скъолай ахургæнæгæй.

1957 анзæй – 1977 анзи уæнгæ Валодя куста нæ республики периодикон мухури оргæнти, 1977 анзæй фæстæмæ ба

дзæвгарæ рæстæг фæккуста Цæгат Иристони финсгути Цæдеси консультантæй.

Валодяй фиццаг æмдзæвгæ мухургонд æрцудæй 1950 анзи газет «Рæстдзинад»-и. Уæдæй фæстæмæ æ уадзимистæ мухургонд цудæнцæ Цæгат æма Хонсар Иристони мухури оргæнти. Валодя сæйрагдæр финста сувæллæнттæн. Финста æмдзæвгитæ æма радзурдтæ. Æ уадзимистæй беретæ хаст æрцудæнцæ скъолати ахургæнæн киунугутæмæ.

Валодяй сфæлдистади сæйрагдæр бунат ахæссунцæ æ уадзимисти æмбурдгæндтæ: «Кæмæн цы», «Диссаджы хабæрттæ», «Сындзыхъæугкаг Хъазихан», «Ци лæгдæр у», «Боныцъæхтыл зындзынæн», «Гайтойы хæлар», «Балцы зарæг» æма иннетæ. Æдеугурæй Валодя рауагъта мухури инсæй киунугемæй фулдæр.

## Ситохати Саламгерий – 75 анзи



Ситохати Саламгерий райгурдæй Цæгат Иристони 1934 анзи 7 октябри Нарти гъæуи. Астæуккаг скъола каст фæууни фæсте куста Цæгат Иристони республикон радиой, республики куклати театри администраторæй, Æрхонки станици културихæдзари директорæй. 1962 анзæй фæстæмæ ба Саламгерий косуй Горæтгæрон районирадиоигъосунади уацхæссæг-организаторæй.

1972 анзи Ситохати Саламгерий каст фæцæй СЦКП-йи ЦК мухури косгути хаййадæ.

Æ фиццаг æмдзæвгæ мухури рацудæй райони газет «Размæ»-и. Уæдæй абони уæнгæ Саламгерий æмдзæвгитæ мухургонд цæунцæ нæ республики периодикон мухури оргæнти.

Саламгерий финсуй æмдзæвгитæ æма радзурдтæ. Æ уадзимистæ хецæн киунугутæй мухури рацудæнцæ нæ республики киунугæуадзæн «Ир»-и, уæдта Мæскуй рауæгъдæдти дæр.

Е "мбурдгæндтæ æнцæ: «Ацы гомдуар дунейы», «Мæ зонгæтæ», «Хъæмпын худ», «Ном», «Зеленая ветка», «Хъарм ныхæстæ» æма æндæртæ.

## Кокайти Тотраз – 65 анзи

Кокайти Тотраз райгурдæй 1944 анзи 5 сентябри Четирси гъæуи.

1952 анзи æ ниййергутæ сæ цæрæнбунат раййивтонцæ Цæгат Ирис-

тонмæ æма Тотраз ахур кæнун райдæдта Тарскæйи астæуккаг скъолай. Астанзон скъола ба каст фæцæй Дзуаригъæуи.

1960 анзи Тотраз ахур кæнунмæ бацудæй Цæгат Иристони педагогон училищей аййевадон-графикон хаййадæмæ. Еци рæстæг фæззиндтæнцæ мухури æ фиццаг æмдзæвгитæ дæр.



Училище каст фæууни фæсте Тотраз куста ахургæнæгæй Хъобани, еци-еу рæстæг ба фæсауйонмæ ахур кодта Цæгат-Иристони филологон факультети. 1969 анзи Тотраз ахур кæнунмæ бацудæй Мæскуй М. Горькийи номбæл литературон институтмæ. 1981 анзæй 1983 анзи уæнгæ куста нæ республики телеуинунади аййевадон хайади редакторæй, 1983 анзи куста киунугæуадзæн «Ир»-и редакторæй, 1983-1989 æнзти ба куста журнал «Мах дуг»-и бæрнон секретарæй. 1992 анзæй фæстæмæ ба æй рауагъдадæ «Ир»-и сæйраг редактор.

Тотраз ци æмбурдгæндтæ рауагъта, уони æхсæн æнцæ: «Нывæфтыд фæндæгтæ», «Райгуырæн бон», «Нывæфтыд фæндæгтæ», «Уалдзæджы къæсæрыл», «Æмдзæвгæтæ», «Æрвон райсомтæ» æма æндæртæ.

Тотраз ниффинста пьеситæ сабийтæн дæр: «Къуындзих къуындзила», «Æнахуыр хæйрæг» (Ходи Камали хæццæ). Етæ æвæрд æрцудæнцæ нæ республики куклати театри сценæбæл. Тотрази берæ æмдзæвгитæбæл финст æрцудæй музыкæ æма иссæнцæ адæмæн уарзон зартæ.

ЛЕГКОЙТИ Геуæрги

# НÆ КАРНÆ НÆХЕЦÆЙ АРАЗГÆ НÆЙ

1.

Изæрдалингтæ кодта, рæуæг думгæ бауæрбæл ку бамбæлидæ, уæд æхцæуæндзийнадæ хаста. Бæлæсти сифтæ сир-сир кодтонцæ сабурæй, цума тæрсгæ кодтонцæ, оххай, еске ку бахъор кæнæн дзурд балæдæрунмæ. Уæлдæфи акъацити дидингути,æндæр кæрдæгути тæф, кæмидæр нæуæг карст хуаси смаг - еугур тæфтæ дæр исеу æнцæ æма адæймаги уоди игъал кодтонцæ цидæр рæсугъд гъудитæ. Лазæр æма Мирæ изæрæй скъолайæй рацудæнцæ, химий круæокки æмбурд сæмæ адтæй, 'ма ку рапурх æнцæ, уæд Лазæр Мири хæццæ рацудæй, хæдзари уæнгæ дæ нихъхъæртун кæндзæнæн, зæгъгæ. Мири зæрдæмæ Лазæр рагæй цудæй. Саулагъз, дзурдæргъæвд, саудзикко, хæларзæрдæ. Æ кари кизгуттæ ибæл еугурæйдæр сæхе мардтонцæ, фал Мирæ ба æхе æвдесгæ дæр нæ кодта, уома е дин мæнбæл æнвæрсуй, зæгъгæ.

Фиццаг рæстæги æй Лазæр дæр нæ уидта. Æ фæлдзос къæмсæмолти къуар футболбæл, волейболбæл еристæ аразгæй, скъолай хехъæппæресадон къуæрдтæ аразгæй, уонæн дарæси гъуддаг кæнгæй, - берæ гъуддæгтæй æй нæ евдалдæй, æ фæлдзос ци кизгуттæ адтæй, уонæй имæ ка куд кастæй, уой æвзарун. Фал еу хатт, рагуалдзæг, æваст бон æрбаталингæ æй æма тæргкъæвда февналдта, уаргæ ба уотæ кодта, 'ма дони æртæхти ахидбæл лæдзæгæн ниххуæцун æнгъизтæй. Уаруни хæццæ листæг ех калун февнæлдта, 'ма тагъд рæстæгмæ зæнхæ рауорс æй. Лазæрбæл, дон кæми нæ гъардта, уæхæн уæледарæс адтæй, æ сæрбæл къепкæ. Æхе æ пæлæзи батухта æма тагъд-тагъдæй скъола 'рдæмæ уадæй 'ма тегъæмæ нæма нихъхъæрдтæй, уотемæй рауидта ниллæггомау тæнтъех кизгæ, æ уæле цъинда ææкъет, тæнæг пъолци, æ къæхтæбæл хъумацин дзабуртæ, уотемæй къахæй сæрмæ еугур цъифæ ниццæй, исуазал æй, æхе горенбæл бауагъта, 'ма кæуй.

Лазæр уой ку фæууидта, уæд и кизгæн куд ракодтайдæ фур тæрегъæдæй, уой нæ зудта. Æ пæлæз фелваста, кизгæбæл æй æрбатухта, æ къохбæл ин фæххуæстæй æма 'й тагъд-тагъдæй скъоламæ бахудта. Медæггæй æй ахургæнгути æзгъунстмæ бакодта æма сæ къласи хецау Сæлимæтæн загъта, цæмæй имæ фæккæса. Æхуæдæг хæлæфæй, скъолай рази æ мади хуæрæ цардæй, 'ма уонæмæ бауадæй. Уонæмæ дæр Мири карæн кизгæ адтæй, Зарæ хундтæй. Зари дарæсæй цидæртæ рамбурд кодта, æ къалостæ дæр ин райста, 'ма сæ Салимæтмæ бадавта. Уæдмæ Салимæт Мири цъифæ дарæстæ фелвасун кодта, сор къохмæрзæнæй æй расæрфта, æ бауæр куд расурх адтайдæ, уотæ. Лазæр ци дарæс æрбадавта, уони ин искæнун кодта, уæдта ин тæвдæ цай бацумун кодта. Уæдмæ уарун ниссабур æй, думгæ мегъæ фæххаста, арв раирд æй æма хор æ тунтæ зæнхæмæ рауагъта. Хори тунтæмæ ехтæ ратадæнцæ, æрмæст ма кæмидæрти рæбунти,сатæги ефстаг ехтæ райзадæй. Сæлимæт, оххай Мирæ ку фæссæйгæ уа, зæгъгæ, ма ин æ цъифæ дарæстæ батугъта газетти, Лазæрмæ сæ равардта 'ма ин загъта, мæнæ кизги сæхемæ нихъхъæртун кæнæ, зæгъгæ. Лазæр, кизги дзаумæуттæ æ дæлагис, уотемæй Мири хæццæ рацудæнцæ. Уæдмæ бон исгъар æй, зæнхæ тулфæ нæбал кодта, къæхнæдтæ расор æнцæ. Æрдзæ æрттивта, дзæхæрати нартихуари æвзурæнтæ цъæх-цъæхид дардтонцæ, рæстæг æхсæдуни афонæ адтæй. Бæлæстæ цъæх сифтæрæй хори рохсмæ нæуæг киндзи арæзтæй лæудтæнцæ æма рæуæг думгæмæ сæбар-субур кодтонцæ.

Лазæр е 'мбал кизгæмæ лæмбунæг бакастæй, раздæр æй ингæ дæр нæ кæнидæ, фал нур ба æ фарсмæ цудæй тæнтъехгомау, асæй рæстæмбес, æфсæрмдзаст кизгæ. Æ цæсгом уорс цъарæ, устур сау цæститæ, сæ сæрмæ сау къæлæт æрфгутæ, раст рæсугъд фий, минкъий гъæлæс æхгæд адтæй рæсугъд билтæй, кæцитæй нæ загътайсæ бæзгин æнцæ, зæгъгæ, фал тæнæг дæр нæ адтæнцæ. Цæстæ дæлдæр рацудæй, 'ма зекъæ, цума цæсгомбæл уой туххæй сагъд æрцудæй, цæмæй цæсгом никкидæр хуæрзконддæр уа. Сæр гурæ кодта аййевдæр, даргъгомау рæсугъд хъур ба бунатон кодта сæри ивæрд. Кæд еске дарæси адтæй, уæддæр рæсугъд гури хатт реуи къубуртæй, нарæг астæуæй, даргъ рæсугъд къæхтæй дзæбæх федудта. Лазæр дес кодта æхебæл, нурмæ Мирæмæ лæмбунæгдæр куд некæд æркастæй, уобæл. Зудта æй, иннæ къласи уæхæн кизгæ ес, Мирæ хуннуй, уой. Сценæй æмдзæвгитæ хуарз кæсидæ, фал

имæ æргом ба некæд бакастæй. Нур, кенæ хъæбæр ин ке æртæрегъæд кодта исуазали фæдбæл, кенæ æндæр гъуддаг адтæй - æхуæдæг дæр æй нæ лæдæрдтæй, фал ахидæй-ахиддæр бакæсидæ кизги æрдæмæ, уотемæй æй æрхъæртун кодта хæдзари уæнгæ 'ма ин хуарзбон загъта. Е адтæй, æстæймаг къласи ку ахур кодтонцæ, уæд. Уой фæсте Лазæр скъоламæ ку æрцæуидæ, уæд фиццагидæр æ цæстæ радаридæ, кæд Мири фæуууининæ, зæгъгæ, 'ма нæ зиннуй - уæд æхецæн бунат нæбал еридæ, тургъи разелæ-базелæ кæнидæ, æхуæдæг ба бацæуæн дуармæ е'нгæс даридæ. Фæззиндтæй Мирæ изоли, зæгъгæ, уæдта еци 'рдæмæ цума гъуддаги фæдбæл уаидæ, уотæ фæззиннидæ, Мирæн бон хуарз зæгъидæ, 'ма къласи уæнгæ æ хæццæ бацæуидæ. Минкъийгай кизгæ æма биццеу кæрæдзебæл уотæ исахур æнцæ, æма сæ еу инней фембæлунмæ агурдта. Изæрæй-еу кенæ къласи æмбурд ку уидæ, кенæ фæскомцæдеси къуар гъæунгти сабурдзийнади фæдбæл ку зелиуонцæ, кенæ ба хехъæппæресади репетицæ ку уидæ, уæд сæ еу кæми уидæ, иннæ дæр уордæмæ цудæй. Аци бон дæр е уотæ, скъолайæй изæрмелти рацудæнцæ, 'ма кæрæдземæн нæ зæгъгæй, архайдтонцæ, цæмæй сæ над даргъдæр уа, уобæл. Лазæр иннæ кизгутти уингæ дæр нæбал кодта. Ай-ай, адтæй ин си, хуарз рахаст кæмæ дардта, уæхæндтæ, фал еци рахаст æппундæр æндæр хузи адтæй. Æ кари биццеутæ ку бамбурд уионцæ, с'ехсæн дзубандитæ ку рацæуидæ кизгутти туххæй, уæддæр Мири коййæн гæнæн н' адтæй. Еуæй-еу биццеутæ сæхе æппæлиуонцæ сæ уæлахезтæй кизгуттæбæл. 'Ма еу хатт Клим æхе ку раппæлдтæй, уома еунæг каст ку бакæна Мирæмæ, уæддæр æ фæдбæл гъæдæмæ дæр фæеццæудзæй, зæгъгæ. Еци дзубанди фегъосгæй, Лазæр бацудæй, æма неци исдзоргæй Климæн æ уæлхъос ниццавта. Клим имæ балæбурдта, фал Лазæр дзæгъæли спортæй нæ архайдта, фæйæсхуста, 'ма ку фæхъан æй, уодта ин загъта, уома ма Мири тухxæй есгæд ести цъумур дзубанди ку искæнай, уæд дæхе гъуди кæнæ, зæгъгæ. Уой фæсте е 'мкъласонтæ, æ карæнтæ Мирæмæ кастæнцæ, куд хеуонмæ, уæлдай дзурд, фæстæмæ каст неке бал ракодта.

Лазæри сæри уæхæн гъудитæ фæззиннидæ, уома берæ нæбал байзадæй ахури фæуунмæ, изолдæр гъуддаг куд уодзæй, зæгъгæ. Æхсæвæ ибæл ниддаргъ уидæ. Кæд æрбон уодзæй, 'ма Мири кæд фæеуииндзæй, зæгъгæ. Ка кæцирдæмæ рахуæтдзæй дæс къласи фæууни фæсте? Лазæрæн лухгонд адтæй, юристбæл ахур

кæнунмæ ке цæудзæй, е. Мири зæрдæ ба дзурдта саудегергæнæн институтмæ бацæун. Юридикон институт æндæр горæти адтæй, саудегергæнæгбæл ба нæхе горæти дæр исахур кæнун æнгъизтæй. 'Ма Лазæр куд рандæ уодзæй æндæр горæтмæ, Мирæ ба ци фæууодзæнæй? Уæхæн гъуди дæр æ сæри фæззиннидæ, уома сæ цард баеу кæнæнтæ ма ахур кæнунмæ дæр еумæ рандæуæнтæ æма кæрæдземæн æнхус кæнгæй, изолдæр сæ царди гъуддаг кæнæнтæ. Мирæн еци фæндон ку иской кодта, уæд Мирæ сагъæсти бацудæй, уæдта загъта: «Лазæр, мæ цард æнæ дæуæй нецæййаг æй. Æма æй æнæ дæуæй уингæ дæр нæ кæнун. Уой бæрцæ дæ уарзун, уой бæрцæ дæбæл æууæндун, æма мæмæ æмбесæхсæви ку æрбадзорай, уæддæр дæ фæдбæл рацæудзæн, кумæ зæгъай, уордæмæ. Фал мах адæми ахсæн цæрæн, æнæгъдау миуæй нури уæнгæ нецима бакодтан, 'ма изолдæр æгъдаубæл куд уа, уотæ кæнун гъæуй. Мæ мадæ Соня æвддæс анземæ æрцудæй лæгмæ, фондз анзи рацардæнцæ еумæ, æз син райгурдтæн, анз минкъий хуæздæр ку рацудæй, уæд. Уæдмæ тугъд райдæдта 'ма мæ фидæ тугъдмæ рандæй, æма Мæскуй буни фæммардæй. Мæ мадæ, æвæдзи, мæ фиди фур берæ уарзта 'ма æ цæстисугæй æхе æхснадта. Нур цæйбæрцæ рацудæй тугъди фæсте. Мæ мадæ дугкаг амонд нæбал баагурдта, кæд æ фæлдзос беретæ зилдæй уæддæр. Æртæ силгоймаги: мæ мади мадæ Сафиат, мæ мади хуæрæ Бацийнæ æма мæ мадæ Соня сæ уарзондзийнадæ, сæ зæрди гъар мæнæн равардтонцæ, сæ коми комидзагæй, мæ исхастонцæ. Нур æз уони зæрдихудти куд бацæуон?».

Лазæр лæдæрдтæй, дзубанди цæбæл цудæй, уой, 'ма неци исдзурдта. Изæрæй сæхемæ ку исцудæй, уæд æ мадæ Батиййи рази исбадтæй пеци размæ, дзæвгарæ сагъæсти рандæй, уæдта Батиййæн æ дзубанди райдæдта: «Нæ мадæ, мæ дзурдтæ мин къæйнихбæл ма банимайæ, фал устур уарзти буни бахаудтæн. Дæлæ Мири зонис, - Соняй кизги, нур æртиккаг анз еци кизги уарзун, æнæ уой уингæй мин цард æнадæй, кизгæ дæр мæмæ хуарз рахаст æвдесуй. Уотæ берæ æй уарзун, æма ку багъæуа, уæд уой туххæй мæ цард дæр ратдзæн. Ай-ай, раскъæфун дæр æй æнгъезуй, фал æй ци æртæ силгоймаги исгъомбæл кодтонцæ, уони зæрдихудти бацо, е ба мæ хъæбæр нæ фæндуй. 'Ма кæд мæ дзубанди дæ зæрдæмæ цæуй, уæд Соняй ку фæууинисæ 'ма ибæл дæ дзурд ку бафтауисæ, уотæ мæ фæндуй».

Батий ниссагъæси æй, уæдта уотæ зæгъуй: «Биццеу, уæ фиди

туххæй тугъдæй сау гæгъæди ку райстон, уæд мин æртемæй байзадайтæ, ду кæстæр адтæ. Кутемæй уæ исгъомбæл кодтон, уой мæ фудголæн дæр мæ зæрдæ нæ зæгъуй, фал Хуцауи фæрци уæ къæхтæбæл ислæудтайтæ. Хестæр Казбек дæс къласей фæсте Казахстанмæ рандæй, 'ма уоми ахур дæр кæнуй, косгæ дæр, е'нхуси хай кæнуй, дæхуæдæг æй зонис. Дæ хуæрæ дæр, æ карæ куд амудта, уотæ бийнонтæ искодта, 'ма Хуцауи фæрци дзæбæх цæруй æ лæги хæццæ. Ду ба ма æригон дæ, дæс къласей фæлварæнтæ дæр нæма равардтай, уæд ци хузи бацæуон еци силгоймагмæ?».

- Мамæ, мийнæвар дæ не 'рветун, мийнæвар силгоймаги нæ ферветунцæ, фал æсгарæг фæццо.

2.

Батий зундгин силгоймаг адтæй. Еуæй-еу адæймагæн æ амонд уотæ фæууй, æма игургæ дæр хæдони райгуруй, æ цард ба царв-сойни æвдулгæй рарветуй. Батиййи цард ба уотæ нæ рауадæй. Æригонæй уиндгун адтæй, рæстæмбес силгоймагæй минкъий бæрзонддæр, уорсцъарæ цæсгомбæл дууæ сау къалæт æрфуги бæрзонд тæрнихбæл, уони буни устур сау цæститæ фæлмæн æрттивд кодтонцæ. Финдзи конд бæздайæнти астæу минкъий финдзи цъæстæ хæццæ лæвардта цæсгонæн цидæр уæздан хузæ. Дууæ сурх рæсугъд били, цума Хуцау идзулунæн искодта, уотæ, ку байдзулионцæ, уæд цума устур хуарздзийнадæ æрцæуидæ, уотæ æ цæсгом фæйййрд уидæ. Ку нихходидæ, гъæр ба некæд худтæй, уæд гъæлæси фæззинниoнцæ дууæ уорс-уорсид растæвæрд дæндæгути рæнгъитæ. Сæрбæл даргъ дзигготæ сау-сауид, дæргъæмæ фаст, бидæй раст астæумæ хъæрдтæнцæ. Рæсугъд сæр гури агкаг федарæй лæудтæй даргъ нарæг хъурбæл. Усхъитæ минкъий гæллеугомау цума æвдистонцæ, дæллахъури фæсте ке цудæнцæ, уой. Бæрзонд реутæ, нарæг астæу, даргъ, æставд дæр æма листæгдæр ка нæ адтæй, уæхæн дууæ раст агъди федарæй лæудтæнцæ минкъий къæхтæбæл. Батий гъæунгти ку рацæуидæ, кенæ гъазти кизгутти астæу ку лæууидæ, уæд лæхъуæнти цæститæ уоци æрдæмæ ахид кастæнцæ. Берæ лæхъуæнтæ æнгъæл кастæнцæ Батиййи зæрдæ басæттунмæ, фал некæмæн лæвардта ком, некæмæ ихалдæй æ зæрдæ. Фал æрæги æ царди медæгæ цидæр æйййивддзийнадæ лæдæрун байдæдта. Сæ синхонти лæхъуæн Будзула ахидæй-ахиддæр æ цæститæбæл рауайуй. Кæд райдæдта еци гъуддаг, е æ зæрди æрæфтудæй.

Ауалдзæги уарунтæ ку исахид æнцæ, уæд еу бон тæрк-къæвда дзæвгарæ рæстæг фæууардта, бæрæг адтæй уарун хонсарæй ке цудæй, е. Фиццаг хонхæрдигæй сау мегътæ фæззиндтæнцæ, бæстæ нитталингæй, гъæуи сæри гъæдæ мегътæй нæбал зиндтæй. Идардæй арви æрттивдтитæ æма гæбар-губур игъустæй. Хестæр силгоймæгтæ æма нæлгоймæгтæ арвмæ искæсионцæ 'ма исковиуонцæ: «Уо, Хуцау, фуд æртæхæй нæ бахезæ, фидбилизæй нæ багъæуай кæнæ». Уæдмæ уарун гъæумæ æрхъæрттæй, фиццаг æставд æртæхтæ ракодта, уæдта цума къибилайæй æвгæдта, уотæ. Карз уарун еу æртæ сахатти цудæй, уæдта куд æвваст райдæдта, уотæ æвваст фæссабур æй, мегътæ æрбайсавдæнцæ, кæмидæр ма арви кæрæнтти зиндтæнцæ. Дуйне æрбарохс æй, хор ракастæй 'ма адæм десæн уадæнцæ дони билæмæ, дони ивулдмæ кæсунмæ. Дони гулфæнтæ, уолæнтæ хастонцæ лæкъун дони хæццæ æставд дортæ, бæласи къалеутæ, æд къуала бæлæстæ, дони кæрæнтти ба финкæ æмбурд кодта. Адæм десæй кастæнцæ ка исæрра æй, еци донмæ: дæлæ Хъайсуни кауæ фæлласуй, Кудзигой къолсæр, дони билæбæл фонсæн сæрдигон бунатгонд дæр дони амæддаг фæцæй, дæлдæр Амурхани хæдзари бундори рæбунтæ дæр дон æфхуæрун райдæдта. Еци рæстæг сувæллони цъах-цъах иссудæй. Уæлдæр дони билæбæл къæхæни кæрон сувæллæнттæ æрæмбурд æнцæ 'ма десæй кастæнцæ дони æмбохъуламæ. Æваст астанздзуд Мисирбиййæн къæхæни кæрон никкалдæй, 'ма донмæ ниххаудтæй. Æрра дон, цума æй хуæздæр неци гъудæй, уотæ биццеуи раскъафта, 'ма æй фæддавуй. Биццеу кæми ранигъулуй, кæми ба æ сæр искæсуй, æма фур тарстæй хъес-хъес кæнуй. Уæдмæ еу бæласи къалеубæл ниххуæстæй, 'ма си уотемæй дони уолæнтæ гъазун райдæдтонцæ. Адæм къехæй райзадæнцæ, цалæнмæ етæ гъуди кодтонцæ ци кæнгæй, уобæл, уæдмæ Будзула æ дзабуртæ фæггæлста æма æхе низзуввут кодта донмæ. Кæми цъæпп накæй, кæми хæпси накæй, кæми уæсгоммæ накæ кæнгæй, дони цæхгæрмæ фæццæуй. Адæм десæй кастæнцæ Мисирбиймæ дæр æма Будзуламæ дæр, алке дæр æхе меднимæр кувта - уо Хуцау, расæ ервæзун кæнæ, зæгъгæ. Будзулай еу къуар хатти кæми дор ракъуæридæ, кæми бæласи къалеутæ рахафиуонцæ, фал сæ гъуди дæр нæ кодта, æ каст адтæй айдагъдæр Мисирбийи æрдæмæ. Будзулайæн исбæзтæнцæ, фондз анзи дæрхци Сау Денгизи флотти ци скъола райста е. Слуæби уотæ исахурæй, æма берæ сахæттæ накæ кæнун æ бон адтæй. Æрæгиау Будзула æма Мисирбий фæййеу

æнцæ, Мисирбий кæугæ-кæугæй Будзулай хъур райахæста, 'ма æй æвæдзи авд Елиай дæр нæбал ратудтайуонцæ уордигæй. Будзула фæстæмæ раздахтæй 'ма уолæнти нихмæ тохгæнгæй, минкъийгай билæмæ хæстæг кæнун райдæдта. Билæмæ ку æрбахæстæг æй, уæд имæ ка къох дардта, ка лæдзæг, ка æ ронæ, фал Будзулай къах уæдмæ зæнхæбæл фæццæфстæй, æхуæдæг дони билæмæ рахизтæй, биццеуи сабургай зæнхæбæл æривардта. Уой фæсте æхе исраст кодта. Бæрзонд, фæтæн реу æма усхъитæ, нарæг астæу, даргъ гъунгун къæхтæ. Æ реубæл сау гъунтæ, е усхъитæбæл ма байзадæнцæ тельняшки æскъудтæ, æ хæлафæй ма, ронæ кæбæл хуæстæй еци хай, фадгутæ ба дони байзадæнцæ. Будзула рæсугъд адтæй, кæд лæф-лæф кодта, уæддæр æ бакаст лæдæрун кодта, адæймаг ке фæуууæлахез æй æрдзи æррадзийнадæбæл, æ еугур уинд дæр адтæй æцæг лæгдзийнади æвдесæн. Батий æй уотемæй ку фæуууидта, уæд æ зæрди цидæр хатæн æндæр хузи искуста 'ма æ гупп-гупп фæффулдæр æй. Еци цауи фæсте Будзулай æрдæмæ ахидæй ахиддæр æздахта æ цæсти ракаст. Рагæй æй лæдæрдтæй, Будзулай зæрдæмæ ке цудæй, уой, фал æй цума уингæ дæр нæ кодта. Фал нур ба кенæ, кусти, кенæ киндзхасти Будзулай æндæр кизгутти хæццæ ку фæууинидæ, уæд ин гъулæггомау уидæ. Лæдæрдтæй æй, уæхæн барæ имæ ке нæ ес уой, фал æхецæн мадзал нæ ирдта. Мæййи разæй, се 'рваддæлтæмæ киндзæхсæвæр ку адтæй, уæд æй Будзула симдмæ ку рахудта, уæд æй сæ дууæ дæр балæдæрдтæнцæ, кæрæдземæн æхсицгондзийнадæ ке хæссунцæ, уой. Уордигæй фæстæмæ, сæумæ кустмæ цæугæй, Будзула брички адæм кустмæ ку ласидæ, уæд архайдта, цæмæй Батий уой брички рабада, уобæл. Батий дæр æ кустмæ цæун уотæ аразта, цæмæй Будзулай бричкæмæ бахаудтайдæ. Уотемæй рæстæг цудæй.

Еу хатт кустæй æздæхгæй, Будзула цæйдæр фæдбæл радзебæл æй, Батий ба уомæ гæсгæ нæ хæлæф кодта. Косæг адæм хæдзарæмæ хæлæф кæнгæй, сæхе бричкити æма уæрдунти бакалдтонцæ 'ма гъæуæрдæмæ раевгъудæнцæ. Будзула æ бричкæбæл ку фæззиндтæй, уæд ма стани адтæнцæ Батий æма хъæлагъур Дзабаге. Будзула Батиймæ дзоруй: «Уæхемæ нæма цæуис, уæд мæнæ мæн брички рабадæ», зæгъгæ. Батий цума зийнадæ кодта, уотæ сабургай бацудæй бричкæмæ, исхизтæй æма цæхгæрмæ бадæнæн æвæрд фæйнæгбæл тæнæггомау базбæл исбадтæй. Будзула дæр исхизтæй бричкæмæ æма Батийййи рæбун

исбадтæй, бузий æ къохтæмæ райста, бæхтæмæ æхсæй равзиста æма гъæуæрдæмæ рараст æнцæ. Еу дзæвгарæ рæстæг æнæ исдзоргæй цудæнцæ, кæрæдземæ æнгъæл кастæнцæ, кæд сæ еу раздæр райдаидæ дзорун. Бæхтæ дæр æй цума лæдæргæ кодтонцæ, ке ласунцæ, еци лæхъуæн æма кизгæ хъæбæр ке нæ хæлæф кæнунцæ, уой, уотæ сабур синк-синк кодтонцæ. Уæдмæ хор æ фæстаг тунтæ рауагъта æма Бестауæрдигæй хуæнхти фæсте æхе æрримахста. Бони рохс минкъийæй-минкъийдæр кодта, изæйрон рæуæг думгæ ку рафелауидæ уæдта бауæрæн сатæгдзийнадæ хаста.

Будзула Батиййи æрдæмæ бакастæй 'ма имæ исдзурдта: «Батий, мæ дзурд дæ зæрдæмæ фæццæудзæй, нæ фæццæудзæй, уой нæ зонун, фал мæмæ, кæд дин зин нæ 'й, уæд байгъосæ. Скъолай ма ку ахур кодтан, уæд æз дæсæймаг къласи адтæн, ду ба æвдæймаг къласи. Ду дæ карæнтæй бæрзонддæр, хуæрзконддæр адтæ. Уидтон æй, куд фæззæгъунцæ, «кодаҳдзар æ фиццаг цæфæй бæрæг æй», уотæ бæрæг адтæй, фæстæдæр хуæрзконд силгоймаг ке уодзæнæ, е, 'ма дæбæл мæ цæстæ æривардтон. Скъолай фæсте ахурмæ нæ бахаудтæн 'ма армимæ рандæ дæн, бахаудтæн денгизон флотмæ, фондз анзи фæдтæн æфсæн крейсери, мичмæн исдæн, 'ма анзи разæй исæздахдтæн, косун райдæдтон къолхози. Фиццаг дæ ку фæуидтон уæлæ Микъалаети гъазти, уæд мæ цæститæ ратарæнцæ, уома еци сау рæсугъд ба ка æй, зæгъгæ. Æрæгиау дæ æрфæсмардтон, фал ку фæууидтон дæ устур цæстити сæрустур паддзахи ракаст, уæд загътон: æрсабур уо, Будзула, дæ хуссæн куд амонуй, дæ къæхтæ уотæ дарæ, кенæ ба дин басуйдзæнцæ, зæгъгæ. Еци кизгæ дæубæл æнвæрсгæ дæр нæ бакæндзæй. Ци дæмæ ес хиццаг? Дæ фидæ дин ниууагъта хæдзарæ, фадуæдтæ, архаис, цæмæй иннæ адæми фадуæттæй фуцъулуздæр ма уонцæ, уобæл. Ес дин мадæ, кæци незгунгомау æй, ма 'й хæссун гъæуй, 'ма ахурмæ ку цæуай, уæддæр фæсаууон ахурæй. Ке гъæуис? Уомæ гæсгæ дæмæ хæстæг нæ цудтæн, еуварсæй ба æй уидтон, берæ хуарз, зундгин лæхъуæнтæ дæ фæлдзос куд зилдæнцæ, уой. Фæстаг рæстæги мæмæ уотæ фæккастæй, цума дæ рахаст ме 'рдæмæ фæххуæздæр æй, уотæ, 'ма мæ зæрди нифс бацудæй. Ести фæндон мæхецæн ку райсун, уæдта ин æнæ кæнæн нæ ес. Батий, раги дæ бауарзтон 'ма мæ уарзондзийнадæ дæуæй нæбал римæхсун. Кæд мæ дзурдтæй дæ зæрдæбæл ести исæмбалдæй, кæд дин мæ фæззинд гъулæг нæй, уæд мин ести нифси загъд кæнæ».

Батий лæмбунæг игъуста Будзуламæ, лæдæрдтæй æй, лæхъуæн хъæбæр арæхстгай æма зинæй ке кæнуй æ дзубанди, уотæ зæрдæзмæнстæй ке исхаунцæ æ дзурдтæ. Еци зæрдæзмæнстдзийнадæ Батиййи зæрди дæр бацудæй, æ зæрди гупп-гупп дзæвгарæ фæттагъддæр æй, æ уодбæл цума цидæр адгин гъардзийнадæ бамбалдæй, уотæ. Батий лæдæрдтæй, Будзула хъæбæр æнæбухсонæй ке æнгъæл кæсуй æ дзуаппмæ. Кæд хъæбæр рагæй æнгъæлмæ кастæй Будзулай еци дзубандитæмæ, кæд сæмæ рагæй цæттæ кодта æхе, уæддæр нурба куд загътайдæ, уой на зудта. Æрæгиау ба загъта: «Будзула, æз уæхæн адæймаг нæ дæн, æма æнæ рагъуди кæнгæй æнæууилд дзурдтæ дæ цъухæй исуадзæ. Æргом дзурди къæм нæййес, ду куд æргомæй дзурдтай, æз дæр дин уотæ æргомæй дзуапп ратдзæн. Фиццагидæр мин мæ зæрди æзмæлд фæффулддæр кодтай мæнæ дони ивулди рæстæги дæхе донмæ ку багæлстай, уæд. Фиццаг уотæ рагъуди кодтон «уæд аци гъæла æхе донæн кумæ ласун кæнуй», зæгъгæ. Фал ку фæууидтон, ка исæрра æй, еци дони пурхæнти хæццæ куд тох кæнис, æрдзи хæццæ ку фæййериси дæ, мадта ка фæттухгиндæр уа, зæгъгæ, æма уæлахездзауæй ку рацудтæ, мæгур биццеуи мæлæти къохæй ку бакъахтай, уæдæй фæстæмæ мæ зæрдæ æхецæн бунат нæбал ирдта, æнгъæл касттæн, кæд мин фадуат фæууидæ дæ хæццæ ести хузти фæххæстæгдæр унæн. Фиццаг хатт мин симди мæ къохбæл ку рахуæстдæ, уæд цума хани хæццæ кафтон, уотæ мæмæ кастæй. Фæстæдæр æй балæдæрдтæн, дæу зæрдæмæ дæр ке цудтæн, уой. Аци бон мæ дæ дзубандитæй искоддай устур амондгун».Уоци дзурдти фæсте, Батий Будзулай æрдæмæ бакастæй, сæ цæстити каст фæййеу æй, Будзула ин æ мæкъурбæл æ къох райвардта, æхемæй æрбалваста æма ин даргъ ба никкодта.

Цæйбæрцæ рацудæй, Хуцау æ зонæг, дууæ æригон уоди гъæбесæй-гъæбесмæ хуæцгæй, фæрсæй-фарсмæ бадтæнцæ. Бæхтæ дæр æй цума лæдæргæ кодтонцæ, хæлæф кæнгæ ке нæ æй, уой, уотæ сæ цуд бунтон сабур æрцæй, ʻма гъæуи фæсте хъалагъури колдуари рази ба æрлæудтæнцæ - колдуар æхгæд адтæй. Будзула æхемæ æрцудæй, бричкæй рагæпп кодта, дуар байгон кодта, ʼма сæ надбæл рараст æнцæ. Бæхтæ раздахта, Батий кæми цæруй, уобæлти куд исцудайуонцæ, уотæ, æма Батиймæ дзоруй: «Нæ зунди рахаст, куд æй балæдæрддæн, уотемæй еу æй, нæ карæ дæр нин барæ дæдтуй нæ цард баеу кæнунмæ, мæ мадæ ба æнæ исдзоргæй рагæй æнгъæл кæсуй нæуæг киндзæмæ. ʼМа

дæмæ куд кæсуй, хуцаубони дæ фиди хæдзарæмæ мæн номæй мийнæвæрттæ ку бацæуа, уæд?». Батий дзæвгарæ фæгъгъуди кодта, уæдта аразий дзуапп равардта. Уæдмæ бричкæ Батийети хæдзарæмæ исхъæрдтæй. Будзула бæхтæ бауорæдта, бричкæй æргæпп кодта, æ къохтæ бадардта Батиймæ 'ма æй, авгин къосæн расæттунæй куд фæттæрсунцæ, уотæ арæхстгай æриста, еу ба ма ин ракодта ма 'й баевгъуйун кодта сæ колдуармæ.

Киндзæхсæвæр искодтонцæ устур. Гъæуи рагæй дæр уæхæн устур киндзæхсæвæр нæбал адтæй. Æхсæдуни рæстæг фæцæй, хуасæ кæрдун нæма райдæдтонцæ, 'ма адæм уæгъдæ адтæнцæ. Гъазти кафгути æзгули æрæгиаумæ фæццудæй, сауæнгæ фиццаг кæркуасæнтæмæ. Дугкаг бон киндзæн æ хизæ исистонцæ, хеонтæ фæццийнæ кодтонцæ, уоститæй киндзæ кæмæн раздарæн, кæмæн къохти къохмæрзæн, кæмæн сапойнæ æма цъиндатæ балæвар кодта, гъæстагæй неке ниууагъта. Æнафони сæ æзгъунсти дууемæй байзадæнцæ лахъуæн æма кизгæ. Кæрæдзебæл сæхе ниттугътонцæ, сæ цийнæ хуссæнмæ бафтудæй, 'ма кæрæдзебæл цийнæ гæнгæй сæрдигон æхсæвæ уайтагъддæр фæцæй. Сæумæ æрдæмæ Будзула рафунæй æй, Батий ба ин æ бунæй арæхстгæй гобанæмбæрзæн раиста, тогæйгъæститæ батугъта, ма 'й таси хуссæни буни раримахста, уома фæстæдæр æй багъуд кæндзæнæн, зæгъгæ. Дарæс ракодта, сабургай, зæронд уоси куд нæ райгъал кодтайдæ, уотемæй уесойнæ райста 'ма тургътæ расæрфта, уæдта гъæунгæ синхонти уæнгæ ниссæрфта, бугътæ еу рауæнмæ æрæмбурд кодта. Уой фæсте къранттæй дууæ къибилай дон æрбахаста, пеци размæ согтæ бадавта æма арт бандзарста. Уæдмæ зæронд уосæ фестадæй, къибила райста гъог доцунмæ, фал ин киндзæ æнæ дзоргæй æ къохæй къибила райста æма гъог радугъта. Цалинмæ æфсийнæ хуæруйнаги гъуддæгтæ кодта, уæдмæ киндзæ хæдзарæ бафснайдта æма æ æзгъунстмæ бацудæй. Будзула дуари хъистмæ фегъалæй 'ма фиццаг хори рохсмæ Батиййи ку фæууидта, уæд æ зæрдæ таведзæй æма уарзондзийнадæй байдзагæй , æ бийнойнагæн æрбахъури кодта, ра ин ба кодта 'ма нур хуссæнæрдæмæ фæззелдзæй, зæгъгæ, уотæ ба имæ Батий дзоруй: «Барæн, ходуйнаг æй, дæ мадæ исистадæй 'ма уæдта ма æваст æрбадзора?». Будзула боз каст бакодта æ уосæмæ æма цæлгæнæнмæ рацудæй. Силгоймаг нæуæг гобанæмбæрзæн байтудта, хуссæн бафснайдта æма къелабæл æрбадтæй, уома еу минкъий раулæфон, зæгъгæ.

Цард рараст ӕй. Кӕрӕдзей уарзгӕй, ке ихӕс ци адтӕй, уой ӕнхӕст кӕнгӕй, бонтӕ ӕййвтонцӕ кӕрӕдзей. Анзи фӕсте син райгурдӕй биццеу, ном ибӕл исӕвардтонцӕ Казбек. Биццеубӕл дууӕ анзи ку рацудӕй, уӕдта син райгурдӕй кизгӕ, ном ибӕл исӕвардтонцӕ Дуня. Будзула къолхози дӕр куста, хадзари дӕр архайдта, ӕ бийнойнагӕн дӕр сувӕллӕнттӕмӕ кӕсунмӕ ӕнхус кодта. Бийнонти ӕхсӕн адтӕй устур уарзондзийнадӕ, зӕронд уоси ӕмбӕлун дӕр нецӕбӕл уагътонцӕ. Батий ӕ цардӕй боз адтӕй, ӕ лӕг ӕй цума бонӕй бонмӕ фулдӕр уарзта, уотӕ. Кӕрӕдзебӕл бухст дӕр нӕ фӕразтонцӕ, дзоргӕ дӕр таведзӕ, сабур, фӕлмӕнӕй. Сувӕллӕнттӕ дӕр дзӕбӕх ирӕзтӕнцӕ.

Еу бон ӕваст, мӕнӕ ӕвеппайди карз уарун куд райдайуй, уотӕ рахабар ӕй, тугъд райдӕдта, зӕгъгӕ. Хонхи цӕрӕгӕн зӕйи рацуд куд фудмиутӕ бакӕнуй, уотӕ фашиститӕ фуд бурдӕни хузӕн, зӕйӕй дӕр фуддӕр, хорнигулӕнӕй хорискӕсӕнӕрдӕмӕ сӕ надбӕл адӕми цӕгъдгӕ, хӕдзӕрттӕ ихалгӕ, силгоймӕгтӕн тухӕ гӕнгӕ ӕмпурстонцӕ размӕ. Ӕзнӕгти нихмӕ адӕм исистадӕнцӕ, тохӕндзаумау ӕ къохи райсун ке бон адтӕй, етӕ цудӕнцӕ ӕфсадмӕ, тохунмӕ ка нӕ бӕзтӕй, ка нези фӕдбӕл, ка райгурцӕй аййеппгун, силгоймӕгтӕ, райдӕдтонцӕ хъӕзауатӕй фӕскъилдун хъиамӕт кӕнун. Берӕ ӕригон кизгуттӕ рандӕ ӕнцӕ ӕфсадмӕ, 'ма уоми нӕлгоймӕгти ӕмрӕнгъӕ хъазауатӕй тох кодтонцӕ ӕзнаги нихмӕ. Батиййи бӕргӕ фӕндӕ адтӕй еци кизгутти хузӕн ӕ лӕги фарсмӕ ӕзнаги нихмӕ ӕрлӕууун, фал кутемӕй? Тӕккӕ фиццӕгути хӕццӕ Будзуламӕ фӕдздзурддонцӕ, 'ма хуӕдтолги ку бадтӕй, уӕд Батиййӕн бафӕдзахста: «Мӕ мадӕ ӕма сувӕллӕнтти багъӕуай кӕнӕ», зӕгъгӕ. 'Ма нур ци ракӕна, кӕд ӕ зӕрдӕ ӕ лӕгӕй не 'ртӕстӕй, уӕддӕр ӕ бийнонти уаргъ ӕхемӕ райста, мадӕ, ӕртӕ сувӕллони - Лазӕр син райгурдӕй тугъди райдайӕнӕй анзи ӕрдӕг раздӕр. Нур ӕхсӕвӕй исистуй, бийнонтӕн хуӕруйнаг ракӕнуй, сувӕллӕнттӕ зӕронд уоси бӕрагӕ фӕуууадзуй? е'звеной иуӕнгтӕбӕл разелуй, раӕмбурдунцӕ 'ма кустмӕ рандӕунцӕ. Гъӕуи дзӕгъӕлбад неке кодта, тохӕг адӕми губун ӕфсадун гъудӕй, уӕдта сӕхе дӕр хуӕрун гъудӕй, ӕгустӕй ба неци ес. Уотемӕй хумӕ кӕнунӕй райдайӕ ӕма дзӕхӕраесӕнтӕй ба фӕууо. Айдагъ уобӕл ку адтайдӕ, ӕхсӕвгӕйдтӕй ка ӕлвесгӕ кодта, ка цъинда бидта, ка къохӕрходтӕ худта ӕма берӕ ӕндӕр гъуддӕгтӕй не 'фсадбӕл хуӕстӕнцӕ. Тугъд еу рауӕн тугъд нӕ адтӕй, тугъди гъуддаг

кодтонцæ ӕгас адæм дæр. Ай-ай, уæззаудзийнадæ фиццагдæр ӕвзурстонцæ, акъоппити ка адтæй, ӕзнаги бомбитæ ӕма снарядтæ кæбæл хаудтæнцæ, ӕзнаги нихмæ атаки ка цудæй, етæ. Фал фæскъуилдун ка куста, уони ӕсгухст, хъазауатондзийнадæ дæр минкъийдæр н' адтæй. Хъæбæрдæр ба еци дзубанди хауй силгоймæгтæмæ. Хуæрдигъдауæй цубур къохæй бийнонти гъæуама багъæуай кодтайонцæ мæлæтæй, уой хæццæ ба ма хъазауатон куст. Уæдта адæймаг айдагъ къæбæрæй нæ цæруй, уой хæццæ ма 'й уолæфун дæр гъæуй, 'ма уомæн ба растæг, нæ хъæрдтæй.

Батий, мæнæ кæсалгæ сормæ ку рахауа, уæд е куд тæбар-тубур фæккæнуй, уотæ ӕзмалдæй, алцæбæл дæр хъæрдтæй. Ӕхсæвæ ибæл ниддаргъ уидæ, ӕ фуни уидта Будзулай, ӕхемæ 'й куд ӕрбалхъевидæ, сæ билтæ кæрæдзей куд раерионцæ, 'ма ку фегъал уидæ, уæд ин ӕрхæндæг ӕрбалхъевидæ ӕ зæрдæ. Бухстæй, зудта ӕй, еунæг уобæл ке нæ ес уæхæн уæзæ, ӕма кæрæдзей нифсæй силгоймæгтæ хастонцæ сæ уæззау уаргъ. Батий, цид, изæрæй кустæй ӕрбацæугæй, ӕ ræфтади къæбæр цуппар хаййи фæккæнидæ зæронд уосæ ӕма ӕртæ сувæллонебæл, ӕхуæдæг цид ræфти айдагъ цумуйнаг бацумидæ. Сталинградитугъдтити ræстæги Батий сау гæгъæди райста: мичмæн Будзула бæгъатæрæй фæммардæй, фæсмæрдæ ин лæвæрд ӕрцудæй Сурх Стъалуй орден, зæгъгæ. Уæди уæнгæ дæр Батиййи цард бунтон рохс н' адтæй, фал ибæл уоци бонæй фæстæмæ ба дуйне бунтондæр нитталингæ ӕй. Будзулайæн зиани бон искодтонцæ. Уæлмæрдти ин цирти къудур ниссагътонцæ. Уæди уæнгæ ӕнæ мард цирти къудуртæ уæлмæрдти берæ адтæй. Зиани фæсте зæронд уосæ бонæй бонмæ ӕдзæллагдæр кодта ӕма ӕртæ мæйей фæсте бустæги ку ӕрлæмæгъ ӕй, уæд Батиймæ фæдздзурдта, 'ма ин загъта: «Киндзæ, ӕз е нур мæлгæ кæнун, 'ма ди устур бозæй цæун. Фиццагидæр дæ мæ фурт ӕхе уоди бæрцæ ке бауарзта, 'ма мин ӕ уарзондзийнади фæдбæл цæуæти цæуæт, зæнги хъанзи аргъ ка ӕй, уони мин ке фæууинун кодтай, уой туххæй. Дугкагæй,хæдзарæмæ ӕрбаковгæй, ци ӕрбаййафтай, уонæй лæгъузи ӕрдæмæ ке неци раздагътай, уомæй. Ай-ай, мæ лæг хонхи ӕхсинтти билæй ку рахаудтæй 'ма ку фæммардæй, уæд мæ еугур зæрди гъар дæр искодтон мæ биццеуи фæдбæл ӕма ӕ тугъдмæ рандæуини уæнгæ ӕнæ кæрæдземæй нæ бухстан, ӕвналун мæ нецæмæ уагъта. Некæд ӕнгъæл адтæн, Будзулай бунат мæ зæрди еске нийиахæсдзæй, уой. Фал минкъийгай бийнонти ихæстæ дæхемæ

ку райстай, фæлмæн загъдæй мин мæ зæрди дуар ку байгон кодтай, уæдта мæ берæ зинтæ иронх кæнун райдæдтон. Дæу фæрци, мадæн кизгæ ци æй, уой балæдæрдтæн, дæу гъæлæси «мамæ» дзурд ке нæ адтæй, фал рахаст ке адтæй, уой зонун. Батий, ниммин хатир кæнæ, еунæгæй дæ ке уадзун царди хæццæ тох кæнунмæ, хæдзаргæсæн уæддæр базттæн, фал мин Хуцау ци æнæнездзийнадæ равардта, е харзгонд фæцæй, 'ма е нур цæун. Хъаурæгин силгоймаг дæ, 'ма сувæллæнтти сæ къæхтæбæл ислæуун кæнæ». Етæ адтæнцæ æ фæстаг дзурдтæ, изæрæрдæмæ некебал фæсмардта, кæркуасæнти ба рацох æй. Синхæнттæ, гъæубæстæ Елмуси банигæдтонцæ 'ма Батий æртæ сувæллоней хæццæ райзадæй. Даргъ зуймон æхсæвтæ, хуссæгæй ку нæ ахæста уæд, базмæ æлхъивдæй сосæггай цæстисугæй бази цъарæ цъифæ кодта. Ка уин банимайдзæй уæ нимæдзæ, ка уин исбардзæнæй даргъ æхсæвæ?

3.

Фал цæрун гъудæй, сувæллæнттæ ирæзтæнцæ, Казбек æма Дуня Лазæри еунæгæй нæ уагътонцæ, алли куст дæр кодтонцæ еумæ. Бонæ, цид, сæрдæ-еу къохи уæрдунбæл, зумæг цонæгъбæл, уотемæй Казбек гъæдæй сог æрласидæ, нийфадидæ, 'ма Батий кустæй ку æрцæуидæ, уадмæ сæ Дуня æма Лазæр ба рæсугъд исцурхиуонцæ тъæригъоси. Æртемæй гъогмæ кастæнцæ, æ бун ин ниссæрфионцæ, алли хузи архайдтонцæ сæ мадæн æнхус кæнунмæ. Маййи тæккæ райдайæни рахабар æй, тугъд фæцæй, загъгæ, æма гъæуи буни устур кувд ку искодтонцæ, уæд гъæубæстæ æд цъелæ æд мелæ уоми адтæнцæ. Батий дæр æ сувæллæнтти хæццæ уоми адтæй, кæд æ зæрдæ саст адтæй, уæддæр иннæ адæми хæццæ цийнæ кодта – æгайти ма сабурдзийнадæ, æгайти ма сабийти федæн хуæздæр уодзæй. Тугъди фæсте фиццаг æнзтæ æнцондæр нæ адтæнцæ, ихæлд хæдзарæдтæ сæ къæхтæбæл ислæуун кæнун гъудæй, паддзахадæ гъæуама æ аси æрлæудтайдæ, 'ма адæм кустонцæ.

Цард анзæй анзмæ хуæздæр кодта, хæдзæрттæмæ бауагътонцæ электрон рохс, феронх æй фæтæгени цирагъ. Казбек цийнæй мардæй, нур æхсæви æнафонæмæ дæр æ уарзон киунугутæ кæсдзæнæй, Батий ба фæтæгени хуæрдбæл нæбæл хъур-хъур кæндзæй, зæгъгæ. Хестæр æнсувæрмæ кæсгæй, Дуня дæр дзæбæх ахур кодта, уони фæнзгæй Лазæр дæр фиццаг кълас айдагъ дæр «фондзти» хæццæ фæцæй. Казбек дæс къласи фæууни фæсте

институтмæ нæ бахаудтæй æма гъæумæ æрæздахтæй къолхози тракторти бригади косун райдæдта. Сæрди фæууæнти сæ синхонти лæхъуæн Сафарбий уолæфунмæ исцудæй Казахстанæй. Еухатт Казбеги хæццæ кæсалгæ ахæссунмæ Даргъ Тагæмæ рандæнцæ. Надбæл, уæдта дони билæбæл æнгурти хæццæ бадгæй, Сафарбий радзурдта, Дæезказгани ке фæууй, ке косуй æрхи æрзæт къахæн шахти смени инæенерæй, инæенер ба фæсаууон ахур кæнгæй уоми ке иссæй, уой. Казбек берæ фæссагъæс кодта, уæдта Батиййæн уотæ загъта: «Мамæ, мæн ахур кæнун гъæуй, дæубæл ба берæ уæзæ ес æнæ мæнæй дæр, 'ма мæ зæрди уотæ æрæфтудæй, æма мæнæ Сафарбий ци горæти косуй, уордæмæ рандæуон, 'ма мин уоми куст искæндзæй, ахурмæ дæр уоми бацæудзæн, æма кæд бийнонтæн дæр уордиги ести æнхус кæнинæ».

Батий фиццаг разæгъунмæ гъавта, уобæл арази ке нæ 'й, фал дзæбæх ку рагъуди кодта, уæд исарази æй. Сафарбиййи уолæфти рæстæг ку фæцæй, уæд еумæ рандæ æнцæ, фæндагихарз дæр ин е бафиста, уома косун ку райдайай, уæд мин сæ бафеддзæнæ, зæгъгæ. Мæййи фæсте Батий пъисмо райста Казбегæй, кæци финста, косун ке райдæдта уой. Сафарбий ин косгути æмдзæрæни еу æзгъунст ке радтун кодта, 'ма уоми ке цæруй, уой. Æртæ мæйей фæсте райста дугкаг пъисмо, кæцими Казбек финста, æхе харзæй ке балхæдта хæдзари дзаумæдтæ, уæледарæс, 'ма ардигæй фæстæмæ ба еу минкъий æнхус ке кæндзæй бийнонтæн дæр. Лазæрæн ба фæдзахста, цæмæй дзæбæх ахур кæна 'ма Батийæн æнхус кæна, уой. Æцæгæй дæр уой фæсте алли мæйæ дæр Казбек дзæбæх къапекк æрвиста, 'ма бийнонти цард фæххуæздæр æй. Дуня дæс къласи фæцæй æма сæудегергæнæгбæл ахур кæнæн скъоламæ бацудæй. Ахур дзæбæх кодта, 'ма фæуунтæбæл ку адтæй,уæдта а фиди хæдзарæмæ минæвæрттæ æрбацудæй Нальчиккæй. Бицциеуи бинонтæ, Æхсæуæй Нальчикмæ ка фæллигъдæй, уæхæнттæ адтæнцæ. Сæ бицциеу Дуняй хæццæ еумæ ахур кодтонцæ, кæрæдзей бауарзтонцæ ма ин кизгæ барæ равардта мийнæвæрттæ барветунмæ. Киндзæхсæвæр искодтонцæ, Казбек дæр исцудæй 'ма Дуняй æгъдауæй рарвистонцæ. Сæхуæдтæ ку æризадæнцæ, уæд Казбек Батиймæ дзоруй: «Мамæ, мæ къæйнихдзийнадæ мин бахатир кæнæ, фал дæ киндзæ нæ гъæуй? Уæлæ мæмæ Уарзетæ дууæ анзи æнгъæл кæсуй, кæрæдземæ пъисмотæ финсæн. Аци анз æз дæр инæенери диплом райсдзæнæн, е дæр ахургæнæгбæл ахур фæууодзæй. 'Ма дæ кæд фæндуй, уæд

ци сæрдæ æрцæуа, уоми киндзæхсæвæр искæнæн». Батийбæл цума хор бакастæй, уотæ, Казбеги æ хъури ракодта, 'ма ин загъта: «Æз уомæ рагæй æнгъæлмæ ку кæсун, æз арази дæн мæнæ нур дæр». Сæрдæ Уарзети æрхастонцæ, æма Казбек фæстæмæ æ бийнойнаги хæццæ æ кустмæ рандæй, йе 'нхуси хай ба бийнонтæн изолдæр дæр кодта. Батий æй лæдæргæ дæр дзæбæх нæ бакодта, æ сувæллæнттæ куд тагъд рацæттæ æнцæ, уой. Казбеги киндзæхсæвæрбæл дууæ анзи рацудæй, нур сæ биццеубæл анз исæнхæст æй, Лазæр скъола фæуунтæбæл æй, ма дин нурба уой хабар. Батий балæдæрдтæй, æ кæстæр уарзондзийнадæй уæззау сæйгæ ке фæцæй, уой. Нæ, цийфæнди ку уа, уæддæр ин фенхус кæнун гъæуй, еци уарзондзийнадæн æнæ аргъ искæнæн нæййес. Еци сагъæстæ кæнгæй Батий диванбæл æхе æруагъта уолæфунмæ, 'ма рафунæй æй.

4.

Аци анзи уалдзæг иннæ æнзтæй игъаугидæр æндæр хузи рауадæй. Фиццаг æрбагъарæй, будуртæ трактортæй хумæ кодтонцæ. Къолхози галтæй æма бæхтæй ба, адæми хæдзари рази ци гæппæлтæ адтæй, уонæбæл архайдтонцæ, цъухдзæхæратæ къахæй къахтонцæ, татхатæ кодтонцæ, рагагъон картоф араздтонцæ. Фæззигон мæнæутæ искалдæнцæ 'ма будуртæ цъæх-цъæхид зиндтæнцæ. Фонси хезнити дæр кæрдæг дзæбæх фезмалдæй, фонс ибæл хезун райдæдтонцæ. Фал мæййи æмбеси ба авдисæри райдæдта уарун æма бонæ цалдæргай сахæттæ кодта уаргæ, уарун æхсæвæ дæр не 'нцадæй, рæстæг дæр уазалгомау хаста. Адæми хъур-хъур цудæй, уома аци уаруни муди биндзитæ нæ тæхунцæ, бæлæсти дидингутæ цъифæ æнцæ, ругдзуд не 'рцаудзæнæнцæ 'ма рæзæ нæ уодзæй, зæгъгæ. Уаруни гъæунгти къахнæдтæ æрфæлмæн æнцæ æма æнæ арф къалостæй рацæуæн некумæ адтæй, æнæ телефонтæй ба адæм куддæр никъкъуру æнцæ. Еци рæстæги зиани хабар ку æрцæуидæ, уæд æгас синхæн дæр æгъдау радтун зин адтæй. Соня тукани куста, 'ма ауæхæн уарун рæстæги æ кусти бунтон ниффæллаидæ. Туканмæ ефстагмæ еу æлхæнæг æрбацæуидæ, иннæ рæстæги ба æнæдзорæг æмбалæй цуппар фарсемæ кæсæ æма тъæппбадт кæнæ. Еци даргъ бонти сæри медæгæ гъудитæ кæрæдзей фæдбæл нивæндгæ цудæнцæ. Æ цæститæбæл рауайуй дууадæс анзи ибæл ку цудæй, уæд æ фидæ Цæрайи хæццæ хæдзарæй еумæ куд рацудæнцæ - Соня скъоламæ,

фидæ ба гъæдæмæ дууæ галеймæй лух ласунмæ. Фидæ 'ма кизгæ еумæ цудæнцæ скъолай уæнгæ. Уоми Соня скъоламæ баздахтæй, еу каст ма æ фидæмæ ракодта, 'ма дуари медæгæ фæцæй. Цæрай ба гъæдæмæ исевгъудæй. Фæсарæфтæ, скъолайæй ку æрцудæй, уæд сæ рази бауидта, лæгтæ рæнгъæй куд лæудтæнцæ, колдуар игон, хæдзарæй ба гъарæнгæ игъустæй, æ мадæ Марфæ гъæрæй кудтæй. Соня никкудтæй, адæни рæзти бацудæй æма Марфæбæл æхе ниттугъта, балæдæрдтæй, æ фидæ Цæрай ке фæммардæй, уой. Фæстæдæр æй базудта Цæрай гъæди рæсугъд бæласбæрнæ лух куд иссирдта, лух кæнунæй куд райдæдта, гъæдæ æсхъез саст куд ракодта, лух куд фезмалдæй, æвваст куд фæггурдæй, Цæраййи куд ракъуæрдта æма æй куд рампурста. Æ хæццæ адтæй гъæди Слангерий, 'ма имæ фæгъгъæр кодта: «Æллах, гъæдæ мæ рамардта», зæгъгæ. Слангерий имæ бауадæй, фал Цæрай уæдмæ мард адтæй. Банигæдтонцæ зиан, мадта куд, Марфæ æ дууæ кизги Соня æма Бæцийни хæццæ байзадæй. Зианбæл анз ку рацудæй, уæд муггаги хестæртæ æрæмбурд æнцæ афæйгæнди фæсте 'ма Марфæмæ барвистонцæ, уома, æригон силгоймаг дæ æма дууæ цъæх кизгей туххæй ма фæббадæ, баагорæ дæхецæн æндæр амонд, зæгъгæ, кизгуттæ ба фиди æнсувæр Дзодзе исхæсдзæй. Марфæ муггаги хестæртæмæ бакастæй, хатир ракурдта 'ма син загъта: «Уе 'нсувæр мæнæн адтæй ме 'мбал, кæрæдзебæл нæ зæрдæ некæд фæххудтæй. Уæлæбæл кæрæдзей зæрдихудтæй хъæбæр тарстæн. Нур мæрдтæмæ еци лæги зæрдихудти куд бацæуон. Æз уæхæн адæймаг нæ зонун, уæдта мæ æ зонун дæр нæ фæндуй мæ зæрди Цæраййи бунат ка нииййахæсса. Иннемæй ба æз цалæнмæ агас уон, уæдмæ мæ сувæллæнттæ есге къумæй нæ ракæсдзæнæнцæ».

Муггаги хестæртæ ку фегъустонцæ Марфи фæндон, уæд сæрбарзондæй байзадæнцæ сæ киндзæй. Цард радаргъ æй, Марфæ хъиамæт кодта, æ кизгутти гъæуагæ нецæмæй уагъта. Соня ахурмæ хуарз арæхстæй, фал Бæцийнæ ба ахурмæ не 'сбæзтæй, минкъийæй фæссæйгæй, туххæй æй раервæзун кодтонцæ дохтуртæ, фал уой фæсте, кæд зундæй уой бæрцæ нæ фæккиудтæй, уæддæр дзоргæ ба къуæдтий хузæн ефстаг дзурдтæ кодта. Марфæ æй ахур кодта, цæмæй алли куст дæр зона, æхе дарун æ бон уа, уобæл. Бæцийнæ иссæй кæдзос уарзагæ, косагæ, дæсни содзийни хæццæ архайунмæ, хуæруйнаг кæнун дæр зудта. Арæхстæй алли кустмæ дæр æма æ мадæн хъæбæр агъаз кодта, къолхози дæр еумæ кустонцæ, хæдзари дæр Соняй æмбæлун нецæбæл уагътонцæ, ахур кæнæ, зæгъгæ.

Соня иразтæй, æхецæн аргъ кæнун ка зудта, сæрбæрзонд, æ дзурд дæр æма е 'змæлд дæр ка лæдæрдтæй. Киунугутæ берæ кастæй, æрдзæй ба ибæл æруадæй циргъ зунд æма дзурдарæхстдзийнадæ. Е 'мкъласæнтти æхсæн æхе ка æппæлидæ, уонæмæ айуан дзурд дæлгоммæ загъдæй ку багæлдзидæ, уæд еци адæймаг æ рази дзорун нæбал æндеуидæ.

Ратахтæнцæ ахури æнзтæ, Соня ахурмæ бацудæй, саудегергæнгутæ кæми цæттæ кодтонцæ, еци техникуммæ 'ма уоми дæр æнтæстгун ахур кодта. Ахури рæстæги æ фæлдзос берæ лæхъуæнтæ разелæ-базелæ кодта, фалæ æхемæ хæстæг неке уагъта, æ зæрдæбæл си неке æмбалдæй. Ахур ку фæцæй, уæд ин загътонцæ, райони æнхæсткоми базарадæгæнæн хайади хецауæй, ниллæууæ, зæгъгæ, фал Соня не 'сарази æй. Æ мадæ æма æ хуæрæбæл æрхун кодта, акурдта сæхе гъæумæ тукангæсæй косунмæ, 'ма уоми райдæдта косун. Еубон кусти уолæфуни рæстæги сæ хæстæгутæмæ бауадæй. Æ хæстæгутæ, Майрайетæ туканмæ хæстæг цардæнцæ, 'ма рæфти уолæфти рæстæги уонæмæ рауолæфунмæ бауаидæ, хуæргæ дæр ести ракæнидæ, цай дæр рацумидæ. Соня Маряй берæ уарзта, Маря дæр ибæл, цума æхе кизгæ адтæй, уотæ цийнæ кæнидæ. Æнæуой дæр тогхæстæг адтæнцæ æ мадæ Марфæ æма Маряй дууæ хуæремæй райгурдæнцæ. Уомæ гæсгæ Маряйети хæдзарæ цума сæхе хæдзарæ адтæй, уотæ имæ бауаидæ. Аци хатт дæр уотæ. Æстуфгæнгæ бацудæй, дуар дууæ къурцци бакодта æма дзурд нæ бахезгæй, дуари фегони хæццæ медæмæ бахизтæй. Медæгæй стъоли фарсмæ бадтæнцæ Залун, Маряй лæг, æма æригон лæхъуæн, Маря ба пеци рази плитабæл цидæр хуæруйнаг кодта. Залун æма æнæзонгæ лæхъуæн фестадæнцæ, дзуапп равардтонцæ, уома, хуæрзæмбæлæг уо, зæгъгæ. Соня æнæзонгæ лæг ку фæуууидта, уæд хуæрзау нæбал фæцæй, æ цъухæй куд исхаудтæй «бон хуарз» зæгъун, уой лæдæргæ дæр нæ бакодта. Æ тог æ цæсгони рабадтæй 'ма æфсæрмдзастæй дуари рази æрлæудтæй. Залун имæ дзоруй: «Соня, ма æфсæрми кæнæ, рацо, æз ба дæ мæ хуæри фурти хæццæ базонгæ кæнон». Соня бацудæй стъоли размæ, æнæзонгæ лæхъуæнмæ бакастæй, æ къох имæ балæвардта 'ма æ ном загъта. Лæхъуæн дæр имæ бакастæй æма æ ном загъта, Хамбий, зæгъгæ. Соня нури уæнгæ уæхæн уавæри некæдма адтæй, рæсугъд лæхъуæни хæццæ æмгаст фæцæй, фефсæрми ей æма æ цæститæ бунмæ æруагъта. Асæй рæстæмбæс, сæрбæрзонд рæсугъд, къапинай

хузæн, бæзгин къæбæлдзуг дзигкотæ, фæтæнгомау цæсгон, устур сау цæститæ бæзгин æрфгути бунæй кастæнцæ лæмбунæг, сæ хурфи ба зиндтæй арф зунди фæд. Фий раст, рæсугъд билти сæрмæ цæсгомæн лæвардта цæргæси рахаст. Фæтæн усхъитæбæл адтæй æфсæддон дарæс афицери пъалетти хæццæ, нарæг астæубæл фæтæн гæрзин ронæ, хæдонæ дæлæмæ уагъд гæлифе цъæх хæлафбæл, æ къæхтæбæл ба хромæй конд цулухътæ. Еци гъуддæгтæ еу бакастæй байзадæнцæ Соняй сæри магъзи. Кизгæ уæхæн зæрдæзмæнст некæдма бавзурста, лæхъуæни æрдæмæ æ цæститæ исесун дæр не 'ндиудта. Уæдмæ Маря фингæ рарæвдзæ кодта, графинæ арахъи хæццæ æривардта, æртæ къерей, уони сæрбæл карки мард. Залун ракувта, Хуцауæн раарфæ кодта æгайти ма ин æ хуæри фурти дзæбæхæй исæмбæлун кодта æ хæдзарæбæл. Соня еци æфсæрмæй бадтæй, цума синдзитæбæл бадтæй, уотæ. Еу афони æ сахатмæ æркастæй, загъта, - мæ уолæфти рæстæг фæцæй, хатир ракурдта æма æ кустмæ рандæй. Кусти æ гъуддæгтæ кодта, æ гъудитæ ба адтæнцæ, ци лæхъуæн фæеууидта, уобæл, æ зæрдæ куддæр æнахур æзмæлд искæнидæ. Рацудæй еу къуæре, Соня нæбал æндиудта Маряетæмæ, уома кæд еци лæхъуæнмæ æ зæрдæ фæдздзурдта, уой ин ку балæдæра, зæгъгæ. Еу бон ба сæмæ уæддæр бауадæй, Маряй хæццæ рагириз кодтонцæ, уæдта цай цумгæй, Марямæ уотæ дзоруй: «Ду дæхе ци нигъгъос кодтай, дæ хæстæгæй неци зæгъис?». Ма ин Маря ба уотæ: «Ду гириз ма кæнæ, Хамбий нур фæцæй ахур, афицери цин райста æма æй Махачкаламæ слуæбæмæ æрветунцæ. Нур уолæфунмæ иссудæй æма уæртæ Къорамæ е 'нсувæртæмæ рандæй. Исон æй ардæмæ гъæуй, æ уолæфти кæронмæ махмæ уодзæй. Мæнæ Накъиймæ (уотæ худта æ лæги) естæмæйти фæккæса». Уотæ гиризгæнгæй Соня цидæртæ рахуардта æма æ кустмæ рандæй.

Дууæ боней фæсте изæрæрдæмæ туканмæ бацудæй Хамбий. Сонæйæн бонхуарз загъта æма æ цæстæнгас тæрхгутæбæл рахаста. Къанфеттæн сæ хъазардæртæй дууæ кили хецæнтæй исбарун кодта, еу баркъи си æхемæ райста, иннæ баркъийæй ба загъта: «Аци къанфеттæ ба дæуæн нæ базонги туххæй, уæхемæ си дæ мадæн 'ма дæ хуæрæн ратилакъо кæнæ». Соня нæ кумдта, фал сæ Хамбий тархæгбæл ниууагъта, уой хæццæ ба ма æхца дууæ баркъей аргъ дæр. Уой фæсте изæрæй фæскуст Хамбий Сонябæл фембæлидæ 'ма 'й хæдзари уæнгæ исхъæртун кæнидæ. Фиццаг æй Соня нæ уагъта, фал минкъийгай раахурæй Хамбийбæл, 'ма еуæй-еу хатт

Хамбий ку нæ разиннидæ, уæд æхе меднимæр гъенцъун кæнидæ, цума ци фæцæй, зæгъгæ. Хæдзари дæр сагъæсхузæй бадтæй, хуæрун дæр имæ нæ цудæй. Мæйи кæрони æ уолæфти фæуунмæ ма дууæ къуæрей ку байзадæй, уæд еу изæр Соняй хæдзарæрдæмæ цæугæй, тæгкæ изолдæр гъæунгæбæл рацудæнцæ. Сабургай æнæдзоргæй цудæнцæ, алке дæр си æхе сагъæстæ кæнгæй, æ цуди кой кодта. Еу афони Хамбий Соняй къохбæл æ рæмбуни къæдзæбæл арæхстгай фæлмæн æмбалдæй æрхуæстæй, 'ма исдзурдта: «Соня, æз æфсæддон лæг дæн, рæстæг мин берæ нæййес, 'ма мæмæ лæмбунæг байгъосæ. Еу бонæ дæ мæ мади æрваддæлтæмæ фиццаг хатт ку фæууидтон, уæд æваст мæ зæрдæ фæкъкъæпп кодта: Хамбий, дæ нивæ искуста, дæлæ дæмæ дæ амонд æхе къахæй æрбацудæй. Уой фæсте алли бон дæр архайдтон дæ фæууинунбæл, бонæ ести рæуæгти туканмæ дууæ хатти дæр бауаинæ. Еци цудтити дæмæ алли хузи фарстатæ лæвардтон дæ зундирахаст дин хуæздæр базонон, зæгъгæ. Соня, бауарзтон дæ. Бæргæ уæхæн амонд ку уайдæ æма дæ размæ аци мæййи рæстæг куд адтæн, уотæ берæ рæстæг фæууо, бафсæдæ дæ уиндæй, дæ хæццæ дзубанди кæнунæй æма тезгъо кæнунæй. Фал нæййес уæхæн гæнæнтæ, æфсæддони цард сахæттæбæл æй ци æ куст, ци æ уолæфт, ци ба æ ахур. Аци мæйæ уæгъдебарæй расуги хузæн дæн, уой хæццæ ба ма устур амондгун, фиццаги дæр кизгæ бауарзтон. Дæ фæууиндбæл, дæ хæццæ еу уæлдæфæй уолæфун, мæнæн хæссунцæ амонд. Нур дæбæл мæ дзурдтæ кæд ескæми æмбæлунцæ, уæд дин дæттун мæ къох æма мæ зæрдæ, есун дæ мæхецæн царди æмбалæн. Соня, дзуапп ди нур нæ агорун, уотæ куд нæ рауайа, уома мæ сæр мин разелун кодта æма æнæ рагъуди кæнгæй фæррæдудтæн. Мæ фæндæн дзуапп райсуни агъоммæ гъæуама дзæбæх рагъуди кæнай. Хани цардæй дин зæрдæ нæ ивæрун, æфсæддони цард карз æй, кæми изол гæрнизонти есге къумти æнæ æнцонуатæй, кæми рахауæ-бахауæ еу рауæнæй иннæ рауæнмæ, кæми берæ æнгъæл кæсгæй дæ лæги æрбацæунмæ. Зонун æй, уæхæн царди аггаг алли силгоймаг нæ 'й. Фал мæмæ ду ба уæхæн адæймаг фæккасттæ æма дæ зæрдæ кæмæн радтай, уой фæдбæл, мæнæ халæ судзийни фæдбæл куд фæццæуй æнæ æстуфæй, уотæ ке цæудзæнæ, уой. Дууæ бони дин дæдтун рæстæг, нæ дæмæ бацæудзæнæн, æртигкаг бон ба изæрæй кусти фæсте дæ размæ уодзæнæн 'ма мæ кенæ дæ хæццæ рауатдзæнæ, кенæ ба мин зæгъдзæнæ - еумæ цæугæ нин нæй, зæгъгæ. Æз мæ бон

балæдæрдзæнæн æма æнæ зæрдихудт мæхе разелдзæнæн, мæ мæгур бон зонгæй, мæ царди куст кæндзæнæн изолдæр».

Сонябæл дууæ бони ниддаргъ æнцæ, рæстæг ба ма нийхалдæй, уарунтæ исахид æнцæ. Хор æрбакæсидæ, еу дууæ сахатти уидæ райдзаст, уæдта бабæй æрбаталингæ уидæ æма уарун сæх-сæхæй февналидæ. Соня лæдæрдтæй, Хамбий раст ке дзурдта, уой. Лæдæрдтæй æй, æ мадæ æма æ хуæрæй изол ке уодзæй, æнахур адæми хæццæ ин зин цæрæн, æноси æй æнгъæлмæ кæсун ке гъæудзæй. Фал æ зæрди ку æрбафтуидæ Хамбийи сорæт, æ рæсугъд иуæнгтæ æфсæддон дарæси, æ фæлмæн каст, æ лигъз дзубанди, уæд æй балæдæридæ, æнæ еци лæхъуæнæй ин цард ке нæ ес, уой. Æртигкаг бонмæ æ дзуапп цæттæ адтæй, Хамбий æй кæд зиндонæмæ хонуй, уæддæр арази æй æ фæдбæл цæунмæ. Изæрæй кустæй ку рацудæй æма Хамбиййи ку бауидта, уæд ибæл хор ракастæй. Уæди уæнгæ имæ дузæрдугдзийнадæ æнæбари æ уоди бацæуидæ - уоххай Хамбий æ дзурддæбæл ку рафæсмон кæна 'ма ку нæбал æрбацæуа. Соня Хамбиймæ бахъæрттæй, кæрæдземæ дзæвгарæ фæккастæнцæ, уæдта ин Хамбий æ къох райста 'ма сæ надбæл рацудæнцæ. Еу дзæвгарæ рауадайуонцæ, уæдта имæ Хамбий дзоруй: «Æйдæ Соня, мæ царди фарста мин куд ниллух кодтай?». Соня æ сæр æруагъта 'ма райдæдта дзорун: «Хамбий, нæ фембæлд мæнæн адтæй, мæнæ хор райдзаст бони тæрк къæвда куд фæззиннуй, бурдæн бæстæ куд исæзмæнтуй, уотæ. Цардтæн æнæ мæтæ, игъæлдзæг, сабур цардæй. Некæмæй æма нецæмæй тарсттæн, лæхъуæнтæ мæ фæлдзос берæ зилдæй ахури рæстæги дæр æма нур дæр. Нур дæр гъæуи беретæ æфтаунцæ сæ цъух, ахид мæ хонунцæ симдмæ, хебари дзубандимæ. Фал дæу ку фæууидтон фиццаг хатт, уæдта мæбæл цидæр æрцудæй. Мæ сæри æноси дæр дæубæл адтæй мæ сагъæс, дæ сорæт ба уадæй мæ цæститæбæл. Зонун æй, æнцон цардмæ мæ нæ хонис, фал æнæ дæуæй мæ цард мæнæн уодзæй æнæуинон».

Еци дзурдти фæсте Хамбий Соняй æхемæ æрбалхъивта æма ин нибба кодта, дзæвгарæ тута бæласи буни кæрæдзебæл тугъдæй фæллæудтæнцæ. Æрæгиау Соня исдзурдта, уома нæхемæ мæмæ сæ зæрдæ дзордзæй, зæгъгæ. Бадзубанди кодтонцæ, аци къуæре сæмæ Залун æма æ хестæр æнсувæр Додтий мийнæвар ке бацæудзæнæнцæ, иннæ къуæрей ба ке бафедаудзæнæнцæ, уобæл. Уой фæсте Хамбий рандæ уодзæй е 'фсæддон хаймæ, ракордзæй æхе, иссæудзæнæй, æма киндзæхсæвæр искæндзæнæнцæ.

Гъуддæгтæ, куд бадзубанди кодтонцæ, уотæ рацудæнцæ, киндзæхсæвæр искодтонцæ, Соняй Къорамæ фæлластонцæ, дæсæймаг бон ба рандæ 'нцæ Махачкаламæ. Уоми Дадаеви гъæунги исистонцæ ихуæрсти фатер 'ма уоми цæрун райдæдтонцæ. Бонтæ, къуæретæ, мæйтæ кæрæдзей æййивтонцæ, дууæ адæймаги сæ цардæй адтæнцæ боз. Хамбий изæрæй кустæй ку æрбацæуидæ, уомæ Соня æнгъæл кастæй, мæнæ адæймаг уазал бони хори тавдмæ куд фенгъæл кæсуй, уотæ, лæги æрбацудмæ гъар хуæруйнаг цæттæ уидæ. Дууемæй исбадиуонцæ фингæбæл æма сæ еу иннемæн архайдта адгиндæр комидзæгтæ дæттунбæл. Уой фæсте Хамбий е 'фсæддон дарæс раййевидæ 'ма Соняй хæццæ кæми театрмæ, кæми концертмæ, кæми киномæ рандæ уиуонцæ. Хæдзарæмæ ку æрбаздæхионцæ, уæдта ци фæууинионцæ, уомæн аргъ лæвардтонцæ. Еухатт Утесови концертмæ билеттæ уæйæгæнæн къасси рæнгъи ку лæудтæнцæ, уæд еуварсдæр дууæ лæхъуæни кизгæбæл æрхуæстæнцæ ма 'й туххæй машинæ 'рдæмæ ластонцæ. Кизгæ æхе тудта, гъæр кодта «нæ мæ фæндуй», «фенхус кæнтæ». Ради лæугутæй еунæг дæр æ бунатæй нæ фезмалдæй, дууæ хъаурæгин лæхъуæнемæ неке хаста æ нифс. Хамбий Соняй фæууагъта, лæхъуæнтæмæ бауадæй 'ма сæбæл фæгъгъæр кодта: «Рауагътæ кизги!». Лæхъуæнтæй еу кизги фæууæгъдæ кодта `ма Хамбийбæл æхе ниццавта, æ цæсгом ин ниццæвунмæ гъавта, фал Хамбий æхе фæссайдта, лæхъуæни къохбæл фæххуæстæй, фæгъгъæбесæй æнцæ, Хъамбий æй куддæр фæззилдта, лæхъуæн æ сæрти батагътæй 'ма зæнхæбæл уæсгоммæ æ тъæпп фæццудæй, 'ма хъанæй байзадæй. Уой фæууингæй иннæ лæхъуæн кизги фæууагъта, æ дзиппæй кард фелваста æма æмпурсгæ æрбацудæй Хамбиййи æрдæмæ. Кард фæууингæй, Соня дæр æма ка фæууæгъдæй, еци кизгæ дæр нигъгъæр кодтонцæ: «Кард, дæхе гъæуай кæнæ». Фал Хамбийæн зæгъун нæ гъудæй, лæмбунæг кастæй лæхъуæнмæ `ма нур кардæй исрæуегъдзæй, зæгъгæ, уотæ ин æ цонги гъолæ райахæста, цонг уотæ фæззилдта æма хилæгæнæг фур ристæй нигъгъæр кодта, æ къох ба гæллеуæй байзадæй. Уæдмæ милици косгутæ æд машинæ æрбахъæрдтæнцæ, дууæ лæхъуæнемæн сæ къохтæбæл хъадаматæ бакодтонцæ, машини сæ рабадун кодтонцæ, сæ хæццæ æфхуæргæ ци кизги кодтонцæ, уой дæр райстонцæ 'ма рандæ æнцæ. Уой агъоммæ Хамбийæн равдесун кодтонцæ æ гæгъæдитæ, 'ма сæ ку фæууидтонцæ, уæд нецибал загътонцæ. Хъæбæрдæр ба ку

фæууидтонцæ, ци адæм æрæмбурд æй, етæ куд арфæ кодтонцæ лæгæн, мæгур кизгæн ке фенхус кодта, уой туххæй, уæд. Билеттæбæл фæххуæст æнцæ 'ма устур æхцæуæндзийнади хæццæ байгъустонцæ Леонид Утесови зæлланг зартæмæ. Концертти фæсте хæдзарæмæ цæугæй, Соня дзоруй æ лæгмæ: «Хъæбæр дин фæттарстдæн дууæ лæгей хæццæ ку æрбахилæ дæ, уæд. Фал сæ куд тагъд ратъæппитæ кодтай, уобæл хъæбæр фæддес кодтон, куд дин бантæстæй уотæ цурд дууæ сирд лæги æрсабур кæнун?». Хамбий ин дзуапп равардта: «Æфсæддон скъолай ма ку ахур кодтон, уæд фиццаг бонæй райдæдтон `ма ахур фæуууни уæнгæ архайдтон спортæй, хе гъæуай кæнун æнæ хуæцæнгарзæй, еристи дæр ахид уинæ 'ма хуарз бунæттæ ниййахæссинæ. Æфсади косун ку райдæдтон, уæд мæ ниввардтонцæ æсгаргути роти хецауæй, 'ма уони дæр ахур кæнун, æзнагæй æнæ тохæндзаумайæй хе куд гъæуай кæнун гъæуй, уобæл. 'Ма дæмæ дессаг ма фæккæсæд, еци гъуддагæй берæ рæстæги ка нæ архайдта, уæхæн лæгтæ цуппар-фондзей хæццæ дæр исарæхстайнæ. Мæ еци зонундзийнæдтæй æнæгъæуаги мæхе некæд феппæлун, фал мин нурба æнæ фенхусгæнæн н' адтæй. Кизги æфхуæргутæн, Хуцау æ зонæг, ци сæ зæрди адтæй». Уотæ дзубандигæнгæй хæдзарæмæ бахъæрдтæнцæ.

Хамбий æма Соняй астæу уарзондзийнадæ федарæй-федардæр кодта. Фæстаг рæстæги сæумæ æ лæги рази хуæруйнаг ку æривæридæ, уæд æ зæрдæ исхæссидæ. Хуæруйнаг кæнгæй, еуæй-еу хатт уомунмæ дар æрцæуидæ. Æ дуйнебæл дæр Соня хуæруйнагæй неци æвзурста, фал аци рæстæги бæ æ зæрдæ тауæг, цæхгун, содзагæ агурдта, гъæдиндзитæ никкæрдидæ, цæхгундони сæ ниффæлдаидæ 'ма сæ иннæ бон ба бахуæридæ. Еци гъуддæгтæ æ лæгæй римæхсгæ кодта, уома гъулæг ин ку уа, илгъæ имæ ку кæна, зæгъгæ. Фал еу хатт фингæбæл хуæруйнаг ку æривардта 'ма уарзон цæстæнгасæй æ лæгмæ ку кастæй, уæд æвваст æ зæрдæ исхастæй, æхе туххæй ниуурæдта. Æ гъæлæсбæл устур къохмæрзæнæй фæххуæстæй 'ма æ бунатæй фестадæй. Хамбий уой ку фæууидта, уæд æ хуæрун ниууагъта, æ кустмæ рандæй, æхе ракурдта æма хæдзарæмæ фæстæмæ æрбаздахтæй. Соняй къелабæл бадгæ æрбаййафта, æ цæсгон фæлорс, уотемæй. Хамбий æй рафарста, ци кæнис, зæгъгæ. Силгоймаг ин дзуапп равардта, уома мæ сæр разилдæй, мæ зæрдæ исхастæй, мæ коми сæтæ æркалдæй, зæгъгæ.

- Нæй зонун ци кæнун, уой, фал нур дугкаг къуæре уотитæ ахид ракæнун, - загъта ин Соня.

- Дæ дарæс искæнæ мах ба дохтуртæмæ фæццæуæн, - загъта ин Хамбий.

Поликлиники æй силгоймæгти дохтурмæ ниффинста 'ма дохтурмæ радгай ци силгоймæгтæ лæудтæй, уони фæсте ислæудтæй Соня. Хамбий æндеггæй бæлæсти буни даргъ къелабæл исбадтæй æма газзеттæ кастæй. Еу сахат æма æрдæги фæсте Соня рацудæй æма æфсæрмдзастæй æ лæги фарсмæ æхе æруагъта. Хамбий имæ искастæй 'ма æй рафарста, ци дин загъта дохтур, зæгъгæ. Соня æ цæститæ зæнхæмæ аруагъта, ниссурх æй, уотемæй лæгæн загъта æнæуодбарæ дæн, зæгъгæ. Хамбий фур цийнæй Соняй æ гъæбесмæ фелваста, æ хъури æй æрбакодта 'ма ин раба кодта, уæдта ин загъта: «Хъæбæр устур æхцæуæн хабар мин ракодтай, 'ма дин мæнæй лæвар сугъзæринæ гъосицæгтæ». Уой фæсте Хамбий цума хрусталæй тæбæгъæн басæттунæй тарстæй, уотæ дардта  е 'нгас æ бийнойнагмæ: дохтур ин хуæруйнагæй ци баамудта, уони ин хаста, уæззау есун æй нæ уагъта, алли изæр дæр æй тезгъо кæнунмæ худта денгизи билæбæл бульвармæ. Рæстæг ку æрхъæрдтæй, уæд Соняйæн, æ губун исристæй, 'ма 'й Хамбий балæдæрдтæй ци 'й, уой. Тагъд æнхуси машинæмæ фæдздзурдта 'ма Соняй ерæндонæмæ фæлласта. Хамбий æхсæвæ бонмæ сæйгæдони рази фæцæй, арæн хаййадæмæ бауаидæ 'ма ин зæгъиуонцæ, нæма, зæгъгæ. Сæумæрдæмæ имæ дохтур, æ хед сæрфгæй ракастæй, 'ма ин загъта, кизги фидæ ке иссæй, уой. Хамбий Хуцауæй бозæй байзадæй мадæ дæр æма сувæллондæр ке раервазтæнцæ, уомæй. Сæхемæ исцудæй, еу сахат раулæфтæй æма кустмæ рандæй. Дугкаг бон устур деденгути баст æма хуæздæр къанфетти æртæ кили дохтуртæ æма уони æнхусгæнгутæн балæвардта. Къуæрей фæсте Соня æма Мири рафинстонцæ. Кизги исхондзæнцæ Мирæ, зæгъгæ уобæл раги бадзубанди кодтонцæ, Соняй уотæ фæндæ адтæй. Биццеу ку адтайдæ, уæдта ном адтайдæ Валерик Хамбиййи фæндонмæ гæсгæ. Хæдзарæмæ ку бацудæнцæ, уæд авдæнæ цæттæ, фингæбæл æртæ къерей, арахъи авгæ. Хамбий ракувта Хуцауæн, уæдта Соняй æ гъæбеси æрбакодта, арахъæй исцумдта, уæдта дзиппæй рæсугъд къаробкæ исиста, байигон кодта 'ма си сугъзæринæ гъосицæгтæ исиста, æ бинойнагмæ сæ балæвардта 'ма ин загъта: «Устур амондгун адтæн нурмæ дæр, нурба мæ еугур  амондгун искодтай, абонæй

фæстæмæ райгурæн бæстæ гъæуай кæнгæй, гъæуай кæндзæнæн сумах рæсугъд цард, амонд дæр, мæ ихæс фæффулдæр æй».

Цард æ цуд кодта, сувæллон ирæзтæй, 'ма зин зæгъæн адтæй, мадæй, фидæй, æй ка фулдæр уарзта, е. Хамбиййæн хуæздæр хуарз ма радтæ, сувæллон устур таси гъар дони ку ниввæридæ, сувæллон æ къохтæй дони ку ницъæпп-цъæпп кæнидæ, уæд Хамбийбæл хор æрбакæсидæ. Кæрæдзей къохæй раесæ-баесæ кодтонцæ Мири. Изæрæй сувæллони хæццæ тезгъо кæнунмæ ку рацæуиуонцæ, уæд æй фидæ зæнхæмæ дæр нæ уагъта. Уотемæй рацудæй анз, Мирæ фараст мæйемæ къахбæл рауадæй, ирæзгæ ба кодта тагъд, æртæ анзи ибæл ку рацудæй, уæд цуппаранздзуди хузæн адтæй. Дзорун дууæ анземæ æнæкъуæзгæй райдæдта, æртæ анземæ ба дæсей уæнгæ нимайун зудта, æ фарстатæй ба æ мадæ æма æ фиди къуммæ бакæнидæ. Соня тагъд рæстæги лæдæрун байдæдта, æ лæги сæри цидæр катай гъудитæ ке ес уой, хуæргæ-хуæргæй дæр æвваст æ гъудити кумæдæр рандæуидæ. Уæди уæнгæ ин æ кусти бунат фæуустурдæр кодтонцæ, хестæр лейтенантти ном равардтонцæ, иссæй роти къæмæндир. Ахид рандæуидæ фæдеси ахури фæдбæл æрветæг салдат имæ ку æрбадзоридæ, уæд. Сæрди райдайæни Хамбий фæдеси рандæй 'ма бонæ изæрæрдæмæ еу зинд фæккодта. Уæди уæнгæй Соня зудта, тугъд ке райдæдта, уой. Фæллад лæг еу цидæртæ рахуардта, Мирæбæл рацийнæ кодта, уæдта Сонəйæн загъта: «Æз салдат дæн, ацал ауал анзи мæ адæм, паддзахадæ, цæттæ кодтонцæ тохунмæ, цæмæй райгурæн бæстæ дæснийæй гъæуай кæнон мæхуæдæг дæр, æма уобæл ахур кæнон, мæ дæлбарæ ци фæсевæд ес, уони дæр. Некæд байагурдтон мæхецæн æнцон куст, æдас бунат. Нур мæ рæстæг æрхъæрдтæй, ци дæн, уой бавдесунмæ. Райдæдта уæззау тугъд. Некæд адтæн арази уобæл, уома мах тухгин ан æма уайтагъддæр æзнаги фæссордзинан æма тох кæндзинан есге зæнхæбæл. Тох хъæбæр уæззау уодзæй, фæшисттæ берæ фæццæттæ кодтонцæ сæхе тугъдмæ. Мах ба æнхæст цæттæ нæ ан, фал цийфæнди ку уа, уæддæр уæлахез ба уодзæнæй мах. Соня, æз æфсæддон дæн 'ма мæмæ кæд фæдздзордзæнцæ, 'ма мæ кумæ рарветдзæнцæ, уой нæ зонун. Баевдæлæ, 'ма дæ дзаумæдтæ æрæмбурд кæнæ, цæдтæй дин куд лæууонцæ, уотæ æма дин куддæр зæгъон, уотæ цо Иристонмæ, кенæ ме 'нсувæртæмæ, кенæ ба дæ мадæ æма дæ хуæрæмæ. Нур алкæми дæр цард уæззау уодзæй, лæгтæ тугъдмæ рандæ уодзæнцæ, фæскъуилдуни куститæ ба еугурæй дæр

силгоймæгти рагъмæ хаудзæнæнцæ. Соня, дуйней мæмæ мулки муггагæй ду æма мæ минкъий кизгæ айтæ, 'ма уæ гъæуай кæндзæн, мæ бон ци уа æма ци нæ уа, уомæй дæр. Дæуæй ба корун æма дæхе дæр æма нæ кизги дæр багъæуай кæнæ, Хуцаубæл дæр дæхе фæдзæхсæ, фал дæхуæдæг дæр дæ къохтæ ма 'руадзæ». Уотемæй Соняй дæр рахъури кодта, Мирæн раба кодта 'ма рандæй. Уой фæсте ма къуæрей еу хатт, дууæ хатти машинæй æрбауаидæ, еу бон ба Соняйæн загъта исон ин Иристонмæ цæугæ ке æй, уой. Иннæ бон, Хамбий ци æфсæддон хайии адтæй, е гъæуама рандæ адтайдæ нигулæнæрдæмæ.

Иннæ бон Соня æма Мири поезди исбадун кодта, æ гъæбеси сæ æрбакодта, Соняйæн æ цæсти сугтæ расæрфта, 'ма син фæндараст загъта. Соня поезди къæразгæй кастæй 'ма цума Хамбиййи сорæт арфдæр нигъгъуди кæнунмæ гъавта, уотæ къæразгæй æхе ратонун æ бон нæ адтæй. Æнкъард зæрдæй кæми дæр арфи лæдæрдтæй, абони фæстаг хатт ке уидтонцæ кæрæдзей, уой. Дугкаг бон Соня æ сувæллони хæццæ хуæдтолги гъæумæ ниццудæй. Гъæу цума æййевгæ бакодтонцæ, гъæунгти æзмæлæг нæ, ефстагмæ кенæ зæронд лæг, кенæ ба зæронд уосæ фæззиннидæ, ка ибæл фембæлидæ, етæ ин бон хуарз зæгъиуонцæ, фал мæнæ æрлæууæ 'ма естæбæл радзубанди кæнæ, уæхæн рæстæг ба син нæ адтæй. Соня сæ хæдзарæмæ бацудæй, Марфæ тургъи цидæртæ архайдта 'ма дуари гъæрмæ æхе фæззилдта, Соняй ку рауидта уæд исдзурдта: «Уæд атæ бæ кæцæй фæцæнцæ», 'ма сæмæ тагъд тагъдæй бауадæй. Соняй рахъури кодта, Мири ба æ гъæбесмæ фелвасунмæ гъавта, фал æгæр уæззау адтæй, 'ма ин рахъури кодта æ ростæн ин рабатæ кодта 'ма медæмæ бацудæнцæ. Соня ин æ хабæрттæ ракодта, æ цæстисугтæ уадæнцæ уотемæй, æ мадæн балæдæрун кодта æнæ Хамбиййæй ин куд зин æй, уой. Изæрæй Бæцийнæ кустæй æрбацудæй, æ хуæрæбæл фур цийнæй æхе ниццавта, еу æрдæмæ æй нихъхъури кæнидæ, уæдта иннердæмæ. Æрæгиау æ цæстæ Мирæбæл фæццæфстæй, æма, æвæдзи, гæнæн ку адтайдæ, уæд æй æ цийнæй ранихъуардтайдæ. Кæрæдзебæл фæцциййнæ кодтонцæ, уæдта алке æ хуссæни ниххустæй. Еци бонæй фæстæмæ Соняйæн æ амондгун цард имисуйнаг иссæй, æ аллибони цард ба, куд еугур тугъдон силгоймæгтæн, уотæ уомæн дæр иссæй мæтæ, тох, хъиамæт, æрдæг æстонгæй, хуæздæрмæ æнгъæл кæсгæй. Алли хатт ба пост хæссæгмæ æнгъæлдзауæй бакæсидæ, фал еунæг хабар дæр нæ æмбалдæй силгоймагбæл. Сæрдæ

фæцæй, кæронмæ æрхъæрдтæй фæззæг дæр, хабæрттæ еу иннемæй лæгъуздæр. Смоленск, Киев, Харьков æма берæ æндæр устур æма минкъи горæттæ æма гъæутæ немуцмæ бахаудтæнцæ, æзнаг Мæскумæ хæстæгæй хæстæгдæр кодта. Соня иннæ адæми хæццæ хъиамæт кодта.

Ралæудтæй зумæг, еу бонæ бæстæ нитталингæ æй, уардта мет тъæфилæй 'ма кæркуасæнти уæнгæ фæууардта. Мети баздæ уæраги сæртæй минкъий ниллæгдæри уæнгæ исхъæрдтæй. Сæумæ Соня гъæунги нæдтæ кæнунмæ рацудæй, Бæцийнæ ба тургъи, искъæти рæзти сæрфта мет. Соня косгæ-косгæй гъуди кодта, куд раивта рæстæг,уобæл. Цард хайгонд æрцудæй, тугъди разæй куд адтæй, 'ма нур куд æй, уобæл. Нур тукани неци адтæй уæййаг, уæдта цæмæй балхæдтайуонцæ, е дæр адтæй кунæг. Тоги аргъæй дæр иссерæн нæ адтæй сапойнæ 'ма хъæпбæлтæ æхснæнгæй фунукæй пайда кодтонцæ. Цæнхæн иссерæн н' адтæй æма къохи еу минкъи ку бафтуидæ, уæд æй минкъийгай, ауæрстгай харз кодтонцæ. Фæтæген мæйæ еу хатт сласиуонцæ, 'ма барстæй лæвардтонцæ алли хæдзарæн дæр. Цæмæй фæтæген минкъийдæр харз кодтайуонцæ, уой тухæй нихxусиуонцæ раги, кенæ ба æнæрохсæй артмæ сæхе тавдтонцæ. Даргъ зуймон æхсæвти Соня базмæ берæ фæккæуидæ, фæлладæй бафунæй уидæ. Уотитæ гъудитæ кæнгæй æ рази постхæссæг æрлæудтæй 'ма цалæнмæ исдзурдта Соня, загъгæ, уæдмæ æй уингæ дæр нæ фæккодта. Соня постхæссæгмæ искастæй, ба имæ идзулдæй 'ма ин сæумæ хуарз загъта. Постхæссæг ин дзуапп равардта 'ма имæ æртæтегъон пъисмо балæвардта. Соня цийнæй фæллæбурдта пъисмомæ (сау гæгъæди цуппар тегъон пъисмой уидæ), райихалдта, 'ма æй кæсун райдæдта, постхæссæгæн фæндараст дæр нæ загъта, уотемæй. Пъисмой Хамбий финста хъæбæр ке дзоруй æ зæрдæ æма æрхун кæнуй Соня бæл дæр æма Мирæбæл дæр, 'ма син аци изолæй хъæбæр гъар гъæбес æма батæ ке кæнуй: «Раздæр мин финсуни равгæ нæ адтæй. Дæу ку рарвистон, уой дугкаг бон нæ æфсæддон хай поезди исбадун кодтонцæ, 'ма нæ нигулæн æрдæмæ рарвистонцæ. Лæмбунæг финсунæн рæстæг дæр нæ ес, гæгъæди дæр берæ гъæуй. Раздæр газзетти бакæсинæ, фæшисттæ иннæ бæстити ци сирди миутæ фæккодтонцæ, уони туххæй, фал сæбæл уоййасæ не ууæндтæн. Фал нур ба фæндагбæл пурх горæттæ, сугъд хæдзæрдтæ, адæм мингæйттæй ка къохи уæрдуни, ка къохи уаргъи хæццæ сæ мулкæй цидæртæ сæ хæццæ райсгæй фалладæй

нæдтæбæл хорискæсæн æрдæмæ куд цудæнцæ, уой фæууидтон.

Мæнæн тугъд райдæдта Смоленски буни ергъæвуни акъоппити. Уоми 'й балæдæрдтæн, немуцæгтæ æнæхатир ке æнцæ æма ке архайунцæ нæ дзилагæ нин бунти бун æскъуд искæнунбæл, уой. Мах сæ нихмæ хъæбæр гъæддух лæудтан, цагъди уонæй фулдæр кодта махæй. Фал етæ махæй берæ фулдæр адтæнцæ, тохæндзаумау дæр уонæмæ фулдæр адтæй 'ма фронт батудтонцæ.`Ма мах полк дæр знаги æрхъолай бахаудтæй. Карз тугъди æфсæддонтæн сæ фулдæр фæммард æнцæ, полки къæмæндир æма къæмисар дæр фæммард æнцæ. Ка ма байзадæй, уони бæтæльони къæмисар Фролов æрæмбурд кодта æ фæлдзос 'ма нин загъта, уома æрхъола нур ку нæ ратонæн, уæд исонмæ немуц æрбакæндзæнæнцæ фулдæр æфсад 'ма нæ ниддæрæн кæндзæнæнцæ, ка раервæза, уони ба уацари райсдзæнæнцæ.

Разæй Хамбийи ротæ, æ хæццæ тохæндзаумау æ къохмæ исесун кæмæн æй, етæ, фæстегæй ба медицинон косгутæ æд дохтур, æд санитар æма син æнхусæн дууæ взводи, цæмæй еунæг цæф дæр ма байзайа æзнаги къæхти буни. Æмпурст рауадæй хуарз, берæ ни ницагътонцæ, фал æрхъола ба ратудтан, нæхе бафæсвæд кодтан гъæди къохи. Æмпурсти рæстæги Фролов уæззау цæф фæцæй 'ма мæлгæ ку кодта, уæд мæнмæ фæдздзурдта 'ма мин загъта: «Хамбий, куд афицер, уотæ дин ихæс кæнун, къамандæ дæхемæ райсæ, полки туруса багъæуай кæнæ, уотемæй изæргай цотæ нæхеуонти æрдæмæ, бонигон ба уæхе римæхстæй даретæ, уомæн æма уæмæ тохæн дзаумау нæййе, цæфтæ уæмæ берæ ес, 'ма сæ багъæуай кæнетæ. Фæстаг дзурдтæ ку кодта, уæд æ гъæлæси хатт лæмæгъæй лæмæгъдæр кодта, фæстагмæ æ сæр æрхаудтæй æма рамардæй. Бонæ гъæди хурфи уолæфгæ дæр бакодтан, цæфти багъуд кодтан, изæрæй ба разæй исæвардтон, мæхе ротæй 'ма ка байзадæй, уони, фæстегæй ба, ка гъæуай кодтайдæ, уæхæн æсгаргути къуар, астæуæй ба цæфтæ, уæдта полкъи мулкæй ма ци байзадæй, уони ка хастайдæ. Уотемæй фæснади нæдтæбæл рахуæстан искæсæнæрдæмæ. Цудан бонæ уолæфгæй, æхсæвæ ба цæугæ, уотемæй. Фæццудан дууæ къуæрей, фæшиститæбæл хæрхæмбæлд ку фæуууиуанæ, уæдта цубурæй истохианæ æма херимæхсгæй, нæ цуди кой кодтан. Фронти ханхæмæ æрбахъæрдтан, рарвистон фондз лæги, цæмæй фронти ханхæбал бахезонцæ, устур къæмæндири иссеронцæ æма имæ мæ пъисмо радтонцæ. Пъисмой ниффинстон нæ хабæрттæ 'ма ракурдтон,

цæмæй, мах æмпурсун ку райдайæн фронти ханхи сæрти бахезунмæ, уæд нин æнхусмæ нæхеонти куд æрæрветонцæ, уотæ. Дугкаг бон æсгаргутæ æрбаздахтæнцæ æма мæмæ дивизий къæмæндирæй гæгъæди равардтонцæ, кæцими финст адтæй, æхсæви дæс сахаттебæл æртиллерион топпадзагъд ке райдайдзæнцæ, уой фæсте ба нæмæ æнхус кæнунмæ æхсæг полк ке рацæудзæй, уой. Нæхе исцæттæ кодтан æма дзармадзантæ æхст ку фæцæнцæ, уæд «Ура!» гъæр кæнгæй немуци къилдунти нæхеуонти æрдæмæ нимпурстан. Иннердигæй дæр берæгъæлæсон «Ура!» райгъустæй. Немуц фæттарстæнцæ, кæд æрхъолай бахаудтан, зæгъæ, æма ледзунмæ фæцæнцæ. Сахатти фæсте адтан нæхеуонти астæу. Иннæ бон мæ адæми æрллæун кодтон, полкъи туруса стæршина Миронови рагъи, уотемæй æ бон æрллæун кæмæн адтæй, етæ æрлæудтæнцæ. Æдеугур адтан дууæсæдæ цуппор адæймаги, уонæй ба науæдзæ æхсæз адтæнцæ цæфтæ. Фæскъилдунмæ нæ ракодтонцæ, гъæди астæу нин устур азгъунстити къуæре уолæфуни барæ равардтонцæ. `Ма мæнæн цæй уолæфт адтæй, мæ хæццæ ка рацудæй, уони еугурейдæр рабæлвурд кæнунмæ сæхемæ худтонцæ сæрмагонд къуармæ, 'ма ахид багъæуинæ рæстдзийнадæ исбæлвурд кæнунмæ. Уомæ гæсгæ мин рæстæг фæцæй 'ма дæмæ уотæ лæмбунæг уомæн финсун. Ци бауодзæнæн, мæхуæдæг дæр 'ма мæ полк дæр, уой нæ зонун. Ку исбæрæг уа мæ гъуддаг, уæдта дæмæ хабар кæндзæнæн. Мæ афицери аттестат æрветун 'ма уин кæд мæ минкъий хор Мири хæццæ ести фæййагъаз уидæ аци уæззау рæстæги. Мæ хъури уæ кæнун æма дзæбæх уотæ».

Соня æ фур цийнæй медæмæ бауадæй, Мири æ хуссæнæй фелваста, æ хъури æй æрбакодта – «дæ фидæ æгас æй», зæгъгæ. Уой фæсте Марфæ æма Бæцийнæн радзурдта, пъисмой ци финст адтæй, уой.

Рæстæг Соняйæн тагъддæр цæун райдæдта, Мири хæццæ архайдта, дамугъуатæ ин амудта, нимайунбæл æй ахур кодта. Даргъ æхсæвти ба цъиндатæ, къохæрходтæ кодта. Изæрæй, цид, силгоймæгтæ синхгай æрæмбурд уиуонцæ, 'ма косгæ-косгæй сæ дзубандитæ кæрæдземæн кодтонцæ. Дууæ къуæрей фæсте Соня æцæгæй дæр райста афицери аттестат 'ма ин паддзахадæ еу минкъий æнхус кодта, рæстæг ба уæхæн адтæй, 'ма æхцабæл дæр балхæнæн неци адтæй. Ноябри æмбеси Соня устур пъисмо райста Хамбиййæй. Кæцими финста, Мæскуй бунмæ сæ ке æрбаластонцæ,

уоми минкъий гъæу Михалæвки ке æрбунат кодтонцæ, уой. «Дугкаг бон нæ æрæмбурд кодтонцæ скъолай тургъи 'ма нин бакастæнцæ бардзурд, кæцими загъд адтæй нæ полкæн æ номер ке байзадæй, нæуæг адæм имæ ке æрбацæудзæй, уой. Уомæй уæлдай ма бардзурди загъд адтæй, афицертæй æгас ка байзадæй, уонæн сæ æфсæддон ном ке фæббæрзонддæр æй, уой. Уотемæй мæнæн кæпитани ном равардтонцæ, 'ма мæ фиццаг батæльони къæмæндирæй исивардтонцæ. Нур дууæ къуæрей нæуæг бафтуд адæми ахур кæнæн æфсæддон цуд кæнунбæл дæр, тохæндзаумайæй пайда кæнунбæл дæр, немуци цъамар миутæ лæдæрунмæ 'ма уони нихмæ тох кæнун зонунбæл дæр. Архайæн сæумæраги æма изæри, кæдмæ ангъезуй, уæдмæ нæхе цæттæ кæнæн, Мæскуй Сурх Фæзи Октябри бæрæгбони цитгинæн ци парад уодзæй, уордæмæ. Уордиги ба рандæ уодзинан, Мæскуй фалдзос ци карз тугъд цæуй фæшистити нихмæ, уордæмæ. Мæ хъури уæ кæнун æма уæ дзæбæхи хабæрттæ игъусæнтæ»,- финста Хамбий.

Соня пъисмо кастæй, æ цæстисугтæ ба æ фур цийнæй æ зекъæй уадæнцæ. Бонтæ æйййивтонцæ кæрæдзей, сæ фæсте къуæретæ, мæйтæ. Радиойæй, газзетти тогкалæн тухтити хабæрттæ игъустæнцæ, тох цудæй хонсарæй цæгати уæнгæ, фал тæккæ тухгиндæр тох ба цудæй Мæскуй фалдзос. Уалдзæги райдайæни цийни хабар райгъустæй: немуц Мæскуй буни бæрзæйсаст фæцæнцæ, сæ æфсæдтæ пурхгонд æма сурд æрцудæнцæ Мæскуйæй сæдæгай километртæ изолдæр. Соняйæн æ зæрдæ цæмæйдæр ристæй, Хамбийæй хабар ку нæ адтæй, уæд. Апрели мæйййи постхæссаг пъисмо ку æрбалæвардта, уæд æй Соня байгон кодта, 'ма си цубур финст: « Дæ лæг майор Хамбий хъазауатонæй фæммардæй Мæску гъæуай кæнгæй, æносмæ ин кадæ уæд». Гæгъæди кæсгæй Соняйæн æ зæрдæ багъарæй æма æрхаудтæй, нецибал балæдæрдтæй. Марфæ æма Бæцийнæ силгоймаги медæмæ бахастонцæ æма 'й хуссæнбæл æривардтонцæ. Æрæгиау Соня æхемæ æрцудæй æма æ гъенцъун райгъустæй, синхæнттæ фæдеси уадæнцæ 'ма гъуддаг ку балæдæриуонцæ, уæдта тæфирфæс ракæниуонцæ. Иннæ бон адæм æрæмбурд æнцæ, марди æгъдау бакодтонцæ, циртдзæвæни къудур иннæ æфсæддонти мæрдти къудурти рæнгъæбæл ниссагътонцæ. Соня фæкъкъуру æй, ци архайдта хæдзари дæр, кусти дæр, уой лæдæргæ дæр нæ кодта. Фал адæм хъаурæгин æнцæ, 'ма кæрæдзебæл хуæцгæй, кæрæдземæн хъонц кæнгæй, сæ гъенцъундæр минкъийдæр кодта.

Немуц гъæумæ ку æрбацудæнцæ, уæд уони æрбацуди агъгъоммæ, Марфæ æ кизгутти хæццæ гъæдæмæ, Къолæрдозæмæ, фæллигъдæй. Немуци ку фæссурдтонцæ, уæд фæстæмæ хæдзарæмæ æрæздагъдæнцæ.

Цард цудæй. Тугъд фæцæй æма адæм цийнæ кодтонцæ. Соня дæр æвдиста цийнæдзийнадæ, фал æ зæрди ку æрбафтуидæ Хамбий, уæдта æ цæстисугтæ гæргæрæй æркæлионцæ. Уæлахези фæсте, дугкаг анз, сæрди, фæццудæй гъæу Уваровкæмæ Мæскуйæй сæдæ километри идарддæр нигулæнæрдæмæ. Гъæуи гъæусоветмæ бацудæй, æхе байамудта 'ма цæй туххæй иссудæй, уой балæдæрун кодта. Гъæуи хецау-силгоймаг Сонябæл хъæбæр бацийнæ кодта, æ хæццæ рацудæй 'ма тæккæ гъæуи астæу туппурбæл циртдзæвæн сурх æстъалуй хаццæ. Бæзгин æфсæйнагæй конд, цуппæртегъон хæрдмæ нарæгдæр кæнгæ ка цудæй, уæхæн. Цирти размæ устур æфсæйнаг фæйнæг сау хуарæнæй хурст, уобæл ба уорс дамугъатæй финст, æнсувæрон еумæйаг цирти æвæрд ка адтæй, уони муггæгтæ æма нæмттæ. Соня номхигътбæл æ цæстæ æрхаста 'ма фæуидта фæндзæймаг рæнгъи мæйор Хамбийийи. Цирти фæйнæгмæ бацудæй æ цæстисуг калгæ, æ къох байвардта, æ дидингутæ ниввардта, дзæвгарæ фæллæудтæй, уæдта силгоймаги хæццæ фæстæмæ раздагътæй. Надбæл ин гъæуи хецау загъта, уома ци циртдзæвæн фæууидта, е рæстæгмæ æй. Куддæр растæгутæ фæххуæздæр уонцæ, уотæ ин æ бунати ке ниввæрдзæнæнцæ устур рæсугъд циртдзæвæн. Соняйæн æ хуæдтолги цæун æрхъæрдтæй 'ма æй кæд гъæуи хецау зæрдæй сæхемæ худта, уæддæр нæ бакумдта, хуæдтолги рабадтæй æма æ фæндагбæл рараст æй. Хамбийийи рамæлæти фæсте Соня фиццаг хатт игъæлдзæг байдзулдæй, Мирæ имæ фиццаг къласи фæууни фæсте ку æрбауадæй, æ хъури æй ку ракодта æма ин уотæ ку загъта, - фиццаг кълас айдагъдæр «фондзтæбæл» фæдтæн, зæгъгæ, уæд. Соня æ зæрди гъар еугурæй дæр Мирæн равардта, æнхус дæр ин кодта, æ губун æфсес, æ дарæс кæдзос. Æртæ силгоймаги æй кæрæдземæн æвууæндгæ дæр нæ кодтонцæ. Нур дæс къласи фæунтæбæл æй. Фæстаг рæстæги Соня уидта, ахид кизги хæццæ Лазæр ке фæууй, уой. Лазæр, уæд Мири сумкæ фæххæссуй, уæд ин сиренити баст радтуй, уæд æй изæрæй хадзарæмæ æрхъæртун кæнуй. Сонямæ уотæ кастæй, уома сувæллæнттæ куд лимæн фæуунцæ, уотæ æй. Скъола ку фæууонцæ, алке си æхе надбæл ку рацæуа, уæд кæрæдземæй фæххецæн уодзæнæнцæ, 'ма феронх

уодзæнæнцæ сæ нури рахаст, зæгъгæ. Уотемæй ахури анз кæронмæ æрбахъæрдтæй.

5.

Лазæр уазал нæ уарзта æма фæззæги фæстаг бæнттæ ку ралæууионцæ, уазал дунгитæ кæнун ку райдаидæ, уæд игетун райдаидæ æндæмæ цæунмæ. 'Ма куд нæ игиттайдæ, сæрбæл зæронд ходæ тугъдæй æй ка исхаста, уонæй ин æй кадæр балæвар кодта. Уæледарæсæн уруссаг гурæндавæн къурткæ æмпъозæнтæй æхе хузæ бæрæг кæмæн нæбал адтæй, уæхæн. Хæлаф ин Батий салдати цинелæй бахудта. Къæхтæбæл цъоппин цъиндатæ æма хъумацæй конд дзабуртæ. Уотемæй, цид, скъоламæ тиф-тифгæнгæ исхъæртидæ, изæрæй ба хæдзарæмæ æрхъæртун афонæмæ дзæбæх исуазал уидæ. Хæдзари дæр тæвдæ кæми адтæй, сог фагæ нæ аддæй, уæдта æхсæвæ бонмæ арт нæ кæндзæнæ, 'ма сæумæрдæмæ къибилай дон ниссæлидæ. Цæугæдон ку ниссæлидæ, уæд Лазæр дæр æхе конд æставд телæй къахдзонæгътæбæл гурунмæ æ карæнтæй некæмæй фæстагдæр изадæй. Фал е гъазгæ-гъазгæй, цалæнмæ æзмæлгæ кодта, уæди уæнгæ. Еу рауæн ба берæ лæууæн н' адтæй, уазал кодта адæймаг. Уалдзæг - е дин æндæр гъуддаг! Мет тайун ку райдайуй, хонсæртти каурæбунти къахнæдтæ ку фæззиннунцæ, хори гъар ба бауæрбæл æмбæлун ку райдайуй,уæд царди æзмæлд фендæр уй. Куд æхцæуæн фæууй дзæхæрай, хор кумæ фæхъхъæртуй, уоми кæрдæг ку фæцъцъæх уй, фиццаг пъурусай сифтæ ку фæззиннунцæ, бодæнти сифтæ цъæх-цъæхид ку искæлунцæ, бæлæсти къомбохтæ ставд кæнун ку райдайунцæ. Уой фæсте гъæдрæбунтæ листæг гъæди астæу, мæнæ æригон кизгæ æ мади сосæгкай уой уорс цилле хизæ, сæнтдадæ кæнгæй, æ сæрбæл куд ракæнуй`ма гъæунгæмæ куд рауайуй, уоййау уорс дидинæггун æхсинцъæ æхсæрбун фæууиндгун кæнуй . Уомæ хæстæг цума хуарз гъуддаг фæнзунмæ баервæзунцæ, уотæ дидинæг ракалунцæ абрикъостæ, балитæ, цилауитæ. Фæстæдæр фæткъути дидинæг уорс-уорсид метау бæлæсти ку æрæмбæрзуй 'ма нæуæг киндзити арæзти хузæнæй ку фæллæунцæ, сæ рази ба устур даргъ кæрдту бæлæстæ уорс-уорсид фæткъу бæлæсти рази уосгор лæхъуæнти хузæн сæ уорс базуртæ ку райтиндзунцæ, уæд ма уомæй рæсугъддæр зæрдæ цæмæй барохс уодзæй? Уæлдæф ба, уæлдæф! Дидингути тæфæй рæугутæ уолæфунæй нæбал фефсæдунцæ. Хор е`цæгæй

ærbatavuй, дон исгъар уй æма æртайунæн дессаг фæууй. Уой фæсте балитæ сурх кæнун райдайунцæ, 'ма сæмæ сувæллæнттæ искæсæ-искæсæ фæккæнунцæ-кæд си æнгъездзæй хуæрун!

Нæ, уалдзæгæн аргъ нæ ес! Мæнæ фæцæй уалдзæг, сæрди ба хори тæф дæр фæхъхъæбæрдæр уй 'ма ахур кæнунмæ бавналунмæ зийнадæ фæззиннуй, æнæ ахур кæнæн ба нæййес, дууæ боней фæсте фæстаг экзамен! Уотитæ гъуди кæнгæй, Лазæр нæуæгæй райдæдта, ци фарсбæл æрлæудтæй, уой кæсун. Уæдмæ Батий æрбацудæй, Лазæр имæ искастæй 'ма æй балæдæрдтæй, æ дзубанди Соняй хæццæ ке нæма адтæй, уой. Батий ин загъта, уома, еци дзубанди кæнун гъæуй æнæ хæлæфгæнгæй, 'ма мин уæхæн рæвгæ ба нæма фæцæй.

Лазæр æма Мирæ равардтонцæ фæстаг экзамен, сæхе цæттæ кодтонцæ рауагъдон изæрмæ, кæци гъæуама адтайдæ Бекиретæмæ гъомбæлади аттестат райсуни фæсте. Рауæгъдон изæри фæсте, æнафони Лазæр Мири хæццæ ку цудæй,уæд ин æфсæрми кæнгæй загъта: «Мирæ, абони дин хъазар лæвар искæнун мæ бон нæй, фал дин мæнæ дæдтун духи «Сурх Мæску». Кæд еумæ уæн, уæдта дин зæрдæ æвæрун, дæ къохбæл дин сугъзæрийнæ сахат ке бабæтдзæнæн, уомæй. Мæ изолдæри цард мæнæн æнæ дæуæй неци адæ кæндзæнæй, 'ма ибæл ду ба ци зæгъис?».

Мирæ еу дзæвгарæ фæссагъæс кодта, уæдта ин загъта: «Лазæр, еци фарстабæл еу хатт дзурдтан 'ма дин æй загътон, берæ дæ ке уарзун, уой. Дудзурдон ба нæ дæн, мæн æрдигæй мæн дæуæй ка рахецæн кæна, уæхæн тухæ нæййес, мæлун мæ ку багъæуа, уæддæр». Еци дзубандити фæсте, Лазæр æхемæ æрбалхъивта Мири, даргъ ба ин никкодта æма æй сæ тургъи дуарæй бахезун кодта, еу минкъий ма ралæудтæй, уæдта сæхемæ рандæй.

Иннæ бон изæрæй Батий Сонямæ ниццудæй, басæмæ хуаста, 'ма Соня æхуæдæг ракастæй. Кæрæдзебæл ратæведзæ кодтонцæ, уæдта ин Батий загъта æ хæццæй хъæбæр устур фарстай туххæй радзорун ке гъæуй, уой. Соня ин дзуапп равардта, табуафси, зæгъгæ, æрмæст цæуæн медæгмæ. Бацудæнцæ, 'ма сæ дууæ дæр нигъгъос æнцæ. Соня сагъæси бацудæй, гæр, циуавæр устур фарста униауæй, зæгъгæ. Батий ба сагъæси бафтудæй, куд райдайа æ дзубанди, уобæл. Æрæгиау Батий исдзурдта: «Соня, мæ дзубанди нæ дууемæн дæр хъæбæр устур фарста æй, æма нæ загъд куд бафедауа, уобæл баст æй нæ сувæлæнтти амонд. Мæ биццеу Лазæр бауарзта Мири, æнæ уомæй, куд зæгъуй, уотемæй цæрун

дæр æ бон нæй. Куд æй балæдæрдтæн, уотемæй кизги хæццæ кæрæдзей лæдæрунцæ, æмзæрдæ æнцæ. Мæн фæндон уотæ æй, æма æригæнтти балæдæрæн. Ахур фæцæнцæ, сувæллæнттæ нæбал æнцæ, æгъдауæй сæ баеу кæнæн, киндзæхсæвæр син искæнæн, уой фæсте ба еумæ цæуæнтæ æма кæрæдзей дæр гъæуай кæнæнтæ».

Батий еци дзубандитæ ку кодта, уæд Соняйæн æ тог еугурæйдæр æ цæсгони рабадтæй, еу минкъий сабурæй фæллæудтæй, уæдта загъта: «Зæнхæбæл мин еци еунæг къадздзеу ес, æртæ силгоймагемæй æй нæ коми комидзагæй исхастан. Царди нин æндæр нифс цæбæл бадарæн, уæхæн неке ес. Батий, кæрæдзей рагæй зонæн, æмхузон гъезæмарæ цард фæккодтан, ка фулдæр, ка минкъийдæр, уой ба ка исбардзæй. Сувæллæнттæ сувæллæнттæ æнцæ, кæд сæмæ ести рахастдзийнадæ ес, уæд некумæ фæлледздзæй. Фал мæнмæ уотæ кæсуй æма царди фелауæнти ку ранакæ кæнонцæ, уæд си абони гъудитæ æрбайронх уодзæнæнцæ. Мæн загъд уотæ æй, кизгæ бæрзонд ахурадæ райсæд, æхе дарун, махæн æнхус кæнун кæмæй исуа, уæхæн кусти ниллæууæд, уой фæсте ба æхецæн æмбали сагъæс кæнæд. Е æй мæ фæстаг загъд, мийнæвар дæр мæмæ маке кæнæ, еци гъуддагæй неци рауайдзæй».

Уобæл сæ дзубанди фæцæй, Батий хуæрзизæр загъта æма сæхемæ исцудæй. Хæдзари Лазæри киунугæ кæсгæ баййафта. Лазæр æ мади ку фæууидта, уæд имæ искастæй æнгъæлдзауи кастæй, фал ин æ цæсгомбæл æнкъарди æнцъулдтæ ку фæууидта, уæд æй балæдæрдтæй, гъуддаг хуарз ке нæ 'й, уой. Батий ин цубурæй загъта Соняй дзуапп, уæдта еци дзуапп ке дзурдæй раййева, уæхæн адæймаг а бæсти ке нæ ес, уой. Иннæ бон Батий тел равардта Казбекмæ тагъд исцо, зæгъгæ. Æртигкаг бон хестæр фурт истахтæй, кæрæдзебæл бацийнæ кодтонцæ. Изæрæй мадæ æма фурт фæрсæй фарсмæ æрбадтæнцæ 'ма ин Батий æ дзубанди ракодта: «Лазæр хъæбæр фæссæйгæй уарзондзийнадæй, æвæдзи бийнонтæй æма адæмæй ку нæ æфсæрми кæнидæ,уæд хусгæ дæр кæнидæ Мирети къæрæзти буни. Æз сæ куд лæдæрун,уотемæй еци незæй Мирæ дæр минкъийдæр сæйгæ нæ æй. 'Ма ци киндæ уа? Хæдзари лæги бунати ду дæ, 'ма ести унаффæ кæнун гъæуй. Лазæрæн мах ку нæ фенхус кæнæн, уæд ка. Устур уарзондзийнадæ Хуцауи лæвар æй, 'ма æй гъæуай кæнун гъæуй. Дууæ адæймаги кæрæдзей бауарзтонцæ, бустæги сабийтæ нæбал æнцæ, æвддæсгай анзтæ

сæбæл цæуй. Уæдта Лазæри сабий исхонун æнгъезуй? Æвдæймаг къласи ку ахур кодта, уæд райдæдта алли куст кæнун дæр - æхсæдунæй райдайæ æма дзæхæра есуни уæнгæ, ахурдзаути бригади ба адтæй сæ раздзæуæг. Хæдзари кустæй ба ци нæ бакодта? Сог ласунмæ гъæдæмæ еумæ цæуиуонцæ, уой дæхуæдæг хуæздæр зонис, дæу рандæуни фæсте ба мæмæ уотæ зелуй, 'ма мæ æмбæлун дæр нецæбæл уадзуй. Мадта ахури дæр раззагдæрти хæццæ æй. Нур еци уарзондзийнадæн цæлхдортæ исæвæрæ, уæд куд уодзæй, уой Хуцау æ зонæг. Уæд æригæнттæн тæссаг æй, уарзондзийнади æнкъарæнтæ зундбæл ку фæхъхъæбæрдæр уонцæ, 'ма се 'хсæн ести ку æрцæуа, уомæй. Уæхæн гъуддаг ба ходуйнаг æй. Мæхе бакъолæ кодтон Сонямæ - кизги мадæмæ, фал мæ хæццæ нæ исарази æй. Уæдта æй уотæ балæдæрдтæн, цума æй неке басæтдзæй, уотæ. Е дин мæ сæри нез, уомæн дæмæ фæдздзурдтон телæй. Радзубанди кæнæ де 'нсувæри хæццæ æма ести унаффæ искæнетæ».

Казбек лæмбунæг фегъуста æ мадæмæ, уæдта рацудæй тургъæмæ, даргъ къелабæл исбадтæй, тамаку исасугъта 'ма арф гъудити рандæй. Уæдмæ Лазæр фæззиндтæй æма æ хестæр æнсувæри рази исбадтæй. Казбек имæ бакастæй 'ма æй бафарста: «Мирæмæ дæ рахаст куд æй, æрмæст лимæнтæ айтæ, æви ма си æндæр ести ес?». Лазæр фефсæрми æй, æма, æвæдзи, талингæ ку нæ адтайдæ, уæд æ цæсгон сурх цивзи хузæн фæссурх æй, е изолмæ дæр зиндтайдæ. Уæхæн дзубандитæ се 'хсæн некæд уидæ, Лазæрæн хестæрмæ дзорæн н' адтæй. Æ сæр æруагъта æма æхе нигъгъос кодта, куд загътайдæ е'нсувæрæн æ зæрди рист, уой нæ зудта. Æрæгиау райдæдта: «Казбек, хуарз æй зонис айдагъ æнсувæр мин ке нæ дæ, уой. Нур дæр мæ дзурдтæ, мæ миутæ дæумæ æнæ зунд ку фæккæсонцæ 'ма уотæ ку зæгъай, дæ æдули миутæ ниууадзæ, зæгъгæ, уæд сæ ниууадздзæн. Фал уой фæсте мæнæн цæрæн нæбал ес, мæхемæ мæ къох исесдзæн. Нур æртигкаг анз Мири хæццæ уарзæн нæ кæрæдзей. Уотæ хъазар мин æй еци кизгæ, æма мæнæ хуарз æфсийнæ хъазар хрустал вазæн æрхаунæй куд тæрса, уотæ ин тæрсун, есге æй ку бафхуæра, мæхуæдæг ин ести гурумухъ загъд ку кæнон, мæ цæсти рахаст æ зæрдæмæ ку нæ фæццæуа, уомæй. Мири рахаст дæр мæн æрдæмæ уотæй, мæнæ хæдзари тикис биййонтæбæл куд баст фæууй, уотæ баст мæбæл æй, уотæ мæбæл æууæндуй, æма имæ æмбесæхсæви дæр уотæ ку бадзорон, мæ фæдбæл рацо, зæгъгæ, уæд мæмæ уотæ кæсуй,

цума мæ фæдбæл рацæудзæй. Нур ахур фæцан, изолдæр ахур кæнун гъæуй мæн дæр, æма уой дæр, æма нæ дзурд уотæй, уома еумæ цард дæр аразæн, ахур дæр кæнæн, зæгъгæ. Нæ мадæн балæдæрун кодтон æма æй æсгарæг рарвистон Сонямæ. Мири мадæ цæхгæр ниллæудтæй,еци гъуддагæн исаразæн нæййес, зæгъгæ. Казбек, ду мæ нифс дæ, балæдæрдзæнæ мæ æма ести æргъуди кæндзæнæ».

- Хуарз, – загъта Казбек, цалæнмæ ма еу хатт нæ бавзарæн, цæмæй Соня æ фæндæ раййева, уæдмæ фæггæдзæ кæнæ, ку нæ раййева æ фæндон, уæдта гъуди кæндзинан, ци кæнгæй изолдæр, уобæл. Иннæ бон Казбек се'рваддæлти Морат æма сæ синхон Саукуййи Сонямæ мийнæварæй рарвиста. Морат, дзурдарæхст лæг, балæдæрун кодта, цæй фæдбæл фембалдæнцæ Соняй хæдзари, уой.

– Лазæр æма Мирæ астæугкаг скъола фæцæнцæ, кæрæдзей уарзунцæ, сæ зунди рахастмæ гæсгæ бийнонтæ искæнун сæ бон æй. Уой фæсте ба, кæрæдземæн æнхус кæнгæй, ахур дæр искæндзæнæнцæ, - дзурдта Морат.

Соня фегъуста, уæдта дзубандийæн кæрон искодта: «Лазæр æма Мирæ нурма сувæллæнттæ æнцæ, еци бауарзондзийнадæ, мæнæ сувæллæнттæ киндзити нæ гъæздзæнæнцæ, уой хузæн æй. Куддæр фæхецæн уонцæ кæрæдземæй, уотæ си сæ уарзондзийнадæ феронх уодзæй. Исахур кæнæнтæ 'ма сæ къæхтæбæл ку ислæууонцæ, уæди уæнгæ сæ уарзондзийнадæ кæд багъæуай кæнонцæ, уæдта сæ Хуцау амондгун искæнæд. Уæди уæнгæ ба, Морат, нимад лæг дæ, 'ма ди корун æма еци фарстай фæдбæл мæ хæдзарæмæ макебал æрбацæуæд». Морат æма Саукуй сæ балций хабар ракодтонцæ Казбегæн, фæйнæ æртæ арахъи баниуазтонцæ, Батий син ци фингæ ракодта, уой сæргъи ма рандæнцæ сæ хæдзæрттæмæ.

Дууæ изæрей астæу Батий æма Казбек исбадтæнцæ 'ма сагъæси бафтудæнцæ, уома ци киндæуа. Сæ дууæ дæр æй лæдæрдтæнцæ, дууæ адæймагей æхсæн ке ес устур уарзондзийнадæ æма ин сæттæн ке нæ ес, уой. Гурумухъæй бавналæ еци астъонæмæ, уæд уой фæсте Лазæр дæр æма Мирæ дæр уæхæн астонæ искæндзæнæнцæ, е зин зæгъæн æй. Æрæгиау еу фæндонмæ арцудæнцæ, Лазæр Мири хæццæ бадзубанди кæнæд æма æй æскъæфуни хузи Нальчикмæ æ хуæрæмæ фæлласæд, уоми еу мæйæ рацæрæнтæ, уæдмæ син Казбек æхца исæрветдзæй

фæндаги харзæн æма Казахстанмæ рандæ уодзæнцæ.

Лазæр хæдзарæмæ ку æрбацудæй, уæд Казбеги хæццæ лæмбунæгæй бадзубанди кодтонцæ, куд æма кæд ци кæнгæй,уобæл. Еци фæндæ Лазæр Мирæн балæдæрун кодта æма дууæ боней фæсте, Казбек ци машийнæ байхуæрста, уоми исбадтæнцæ,æма Нальчикмæ рандæ 'нцæ. Кизгæ хæдзарæмæ ку не'рцудæй,уæд Соня агоргутæ рарвиста, фал уæдмæ синхбæл рахæлеу æй таус, уома Лазæр Мири раскъафта æма ци 'рдæмæ рандæнцæ,е бæрæг нæй,зæгъгæ. Иннæ сæумæ Соня Мири бази буни гæгъæдий сифæ дудагъæй фæууидта, исæй иста 'ма си бакастæй: «Мамæ, ниммин хатир кæнæ, дæ зæрдæн дин уæхæн зин ке искодтон, уой туххæй. Фал æндæр хузи бакæнун мæ бон нæ адтæй,уомæн æма зудтон, ду дæ зунди рахаст ке нæ раййевдзæнæ, уой. Лазæри ба уотæ берæ уарзун, 'ма нæ ку рахецæн кодтайсæ, уæд мæхе нииййауигътайнæ. Еу хатт ма уе 'гасемæй дæр хатир корун, мæ хъисмæт мæхе къохмæ ке райстон, уой туххæй, фал уин арт ба хуæрун, ке нæ уæ фæхходуйнаг кæндзæнæн, уобæл. Берæ уæ ка уарзуй, еци Мирæ».

Соняйæн æ цæстисугтæ æркалдæнцæ, æ къæхтæ бадонзонуг æнцæ æма хуссæнбæл æрбадтæй. Цæйбæрцæ фæббадтæй, уæдта æ зæрдæ ниддор æй, уотемæй æ кустмæ рандæй.

# РАЗДЗÆУÆГ

Уæззау рæстæгутæ минкъийгай евгъуйгæ цудæнцæ. Зин ба куд нæ адтæй? Адæм зæнхити хицæмæ будурмæ сæхе ракалдтонцæ, гъæздугути зæнхитæ адæмбæл иурстонцæ, æма алке æ зæнхи гæппæлбæл æ къеухед калгæй, хъиамæт кодта. Æма айдагъ зæнхи куст ку адтайдæ, фал нæуæг раледзæг адæми хæдзæрттæ гъудæй æма биййнонтæй æ бон кæмæндæр адтæй, етæ кустонцæ сувæллонæй ба зæронди уæнгæ. Фиццаг æнзти галтæбæл, бæхтæбæл хумæ, похций, гъæдæрмæг ласун, фонси хуаллаг цæттæ кæнунмæ, уотемæй анзи дæрхци косæг лæгæн уолæвди бонтæ æппундæр н'адтæй. Рагон гъæутæ: Туйгъанти гъæу (Дур-Дур), Хъубадти гъæу (Къора-Уорсдон), Киристонгъæу (Дигора), Пусулмонгъæу (Чикола) анзæй-анзмæ устурæй-устурдæр кодтонцæ хонхæй раледзæг адæмæй. Раледзæг адæмбæл зæнхитæ иурстонцæ, 'ма алке æ зæнхи гæппæл гъуд кодта. Уомæй уæлдай ка уосонгæ кодта, ка рæстæгмæ къолсæрмæ балигъдæй,ма уомити

цардæнцæ. Райдæдтонцæ хæдзæрттæ кæнун: ка дор ласта, ка тугургъæдтæ, стъæрапелтæ, ка къирæ сугъта. Кæрæдземæн æнхус кæнгæй, зеуи цæугæй, хæдзæрттæ ирæзтæнцæ. Паддзахадæ дæр æнхус кодта кæмæн гъосинæй, кæмæн агоридорæй, кæмæн зæгæлæй, мæгурдæр ивæрд ка адтæй, уонæн еци гъуддæгтæ уагътонцæ асландæрæй. Уотемæй минкъийгай синхитæ устурæй устурдæр кодтонцæ, адæммæ фæззиндтæй фонс: галтæ, бæхтæ, бийнонтæн сæ бон иссæй сæ куститæ кæнун, мæгур адæм кæрдзинæй са губунтæ бафсастонцæ.

Тего дæр иннæ адæми хузæн хъиамæт кодта, хæдзарæ исаразта, фал еунæг лæги куст нæ фагæ кодта. Иннемæй ба анзи размæ фиццаг е'нсувæр Михал фæззиан æй, уобæл мæйæ нæма рацудæй, уæдта е'нсувæрæн æ бийнойнаг дæр фаззианæй. Байзадæнцæ фондз сувæллони æнæ мадæ, æнæ фидæй, 'ма сæ Тего æма æ бийнойнаг Елена сæхемæ æрбакодтонцæ.Тего куста, айдагъ косгæ нæ, фал ма адæми къуæрттæн уолæфти рæстæги, изæрæй фæскуст ку бамбурд уиуонцæ, уæд, зиани, цийни æмбурдти, ефстагмæ сæмæ ци газет бахауидæ, уомæй йе 'мбæстонтæн кастæй, дуней ци хабæрттæ цудæй, уони туххæй.

Октябри революци Иристони ку æрфедæр æй, уæд бацудæй партий рæнгъитæмæ æма партий гъуддагбæл тохгæнгутæн сæ хъаурæгиндæртай еу иссæй. Еци гъуддаги ин агъаз кодта, биццеуæй дини скъолай дууæ анзи ке исахур кодта, е. Кæсун, финсун зудта, 'ма еци рæстæги ба е устур хъаурæ адтæй. Кодта Тего сау куст дæр. Раледзæг адæмæй зæнхæ ка райста, уонæн еугæйттæй зин косæн адтæй, 'ма минкъийгай еумитæ кæнун райдæдтонцæ, фæззиндтæй сæмæ еумæйаг артельтæ. Еумæйаг кустæн æ пайда дæр фæффулдæр æй. Уæдмæ сувæллæнтти хестæртæ дæр æнхусгъон фæцæнцæ, Еленæн æхецæн дæр уæдмæ исæнтæстæй дууæ кизги æма биццеу. Берæ бийнонти хæссун гъудæй, æма Тего дæр æма Елена дæр, æхсæвæ бон нæ зонгæй, хъиамæт кодтонцæ. Изæрæй цирагъи рохсмæ Елена фæндур райсидæ æма æ уарзон цæгъдтитæ никкæнидæ, 'ма сувæллæнттæ сæ кæрæдзей хæццæ ерис кæнгæй, ка хуæздæр ракафа, зæгъгæ, кафтонцæ. Тего дæр æ сувæллæнтти астæу идзулгæй бадтæй,æ устур фæллад зæрдæ æрфæлмæн уидæ, æма рæстæгæй рæстæгмæ æ бийнойнаги æрдæмæ уарзон бози каст бакæнидæ. Уотемæй цард цудæй.

Партион къуари æмбурд ку уидæ,уæд уоми аллихузи

фарстатæбæл дзурд цæуидæ, гъæуи арæзтади ци фарстатæ фæззиннидæ, уонæбæл, æма ихæсгонд æрцæуидæ, дзуапп ка дæтдзæй, уомæн. Фæстаг рæстæги партион къуари æхсæн сæйрагдæр фарста иссæй сувæллæнттæн скъола исаразун. Царди фæххуæздæрдзинадæ фæббæрæг æй, сувæллæнтти нимæдзæ бонæй-бонмæ фулдæрæй-фулдæрмæ ке цудæй, уомæй. Адæми æхсæн зонундзийнæдтæмæ турнун исбæрзонд æй. Алке дæр фæндун байдæдта кæсун 'ма финсун базонун. Ка рабфактæмæ цудæй, ка ба е'рдхуæрдти фæрци дамугъатæ ахур кодта, архайдта финсун базонунбæл. Тего, æ бон цæйбæрцæ адтæй, уойбæрцæ иннæ партионти хæццæ еци фарстатæн , куд гъæуй, уæхæн фæндаг аразта. Ай-ай, хестæр фæсевæдæн е'змæлд хуарз адтæй, фал кæстæр фæсевæди туххæй дæр гъуди кæнун гъудæй. Ци культурон революци цудæй, уомæн скъола иссæй сæйрагдæр фарста, 'ма партион къуар унаффæ рахаста Тегой горæтмæ рарветун, обкоммæ, цæмæй партион къуари фæндон партий æма паддзахади хецауадæбæл исæмбæлун кæна, уой туххæй.

Тего хæдзарæмæ ку æрцудæй, уæд ин Елена хуæруйнаг æривардта, 'ма лæг æхсæвæр бахуардта,устур æзгъунсти гъæдин сиребæл æхе æруагъта 'ма сабитæбæл æ цæстæ рахаста. Аст сувæллони къуæрттæй бадтæнцæ. Хъасболат æма Савели къенти гъазтонцæ, Будзий ба, ку еуемæ бауаидæ ку ба иннемæ, уома раст нæ гъазетæ, зæгъгæ. Савелий кæстæр адтæй, 'ма, цид, æ къен ку фембулд уидæ уæд хæран ракæнидæ, 'ма Хъасболати хъур-хъур иссæуидæ, фал æстуф кæнун ба Тегойæй не' ндиудтонцæ. Иннæ къуми кизгуттæ бакъуар æнцæ ма киндзити гъазтонцæ. Сæ киндзитæ къуæцæлтæй конд æма хæцъилттæй арæзт, хæдзари къуми зæронд простинай цуппæрæнхаййæй къомнæтгонд искодтонцæ, къуæцæлтæй къелатæ, уони ба бамбарзтонцæ хæцъелæй, 'ма еу киндзæ уоми ниххуссун кодтонцæ, иннебæл ба архайдтонцæ фæррæсугъддæр кæнунмæ.

Елена, минкъий Шурæ æ гъæбеси, уотемæй зелæнтæ кодта, къостæ рахснадта 'ма сæ тæрхæгбæл исæвардта, фингæ хæцъелæй ракæдзос кодта, зæнхи бугъæ цъилинæй расæрфта, сувæллонæн дзедзе бадардта ма 'й авдæни бабаста, 'ма æ лæги фарсмæ сиребæл æрбадтæй. Тего æ бийнойнаги æзмæлдмæ лæмбунæг кастæй 'ма ибæл дес кодта, куд берæ ин æнтæсуй, уобæл. Тегойæн æ цæститæбæл бæрæг адтæй, Хуцауæй устур боз ке адтæй, уæхæн

хуарз силгоймаг ин æ къохи ке бафтудта, уомæй. 'Ма куд нæ уа устур боз? Хуæрз æригонæй æй æрхудта, мæйæ дæр нæма рацудæй, уотемæй е'нсувæр фæззиан æй, уæдта цубур рæстæгмæ е'нсувæри биййнойнаг дæр æвваст æрбамардæй. Фондз сувæллони: хестæр Хъасболатбæл -7 анзи, Гуасæмидæбæл - 6 анзи, Маробæл - 5 анзи, Савелибæл - 4 анзи æма Гуæдзæнæбæл - 2 анзи. Ци фæцайуонцæ и сувæллæнттæ, 'ма сæ Тего æхемæ æрбакодта. Æ биййнойнаг сæ æхе сувæллæнтти хузæн æхемæ æрбалхъивта. Сувæллони уод, дан, лæдæрагæй æма мади хузæн рæвдуд ку фæууидтонцæ, уæд имæ дзоргæ дæр нана, зæгъгæ, кодтонцæ. Куд нæ уа боз Тего? Æ биййнойнаг сугъзæринæ силгоймаг адтæй. Бæрзонд, хуæрзконд, фæлмæнзæрдæ, сувæллæнттæн ба, æвæдзи, сæхе мадæ дæр хуæздæр нæ адтайдæ. Елена æ устур зæрди гъар, æнæ харзгонд уарзондзийнадæ равардта æ лæгæн. Фæллад лæг æнафони ку фæззиннидæ хæдзарæмæ, уæд ибæл бацийнæ уидæ, æ дарæс ласунмæ имæ фæккæсидæ, æхе æхснунмæ ин гъар дон сапойни хæццæ цæттæй дардта, æ къохтæ æхснунмæ ин фенхус кæнидæ, уæдта, хæдзари ци адтæй, уонæй ин хуæруйнаг æ рази æрбайвæридæ. Ци Тего, ци ба сувæллæнттæ, кæдзос сæ дарæс, æфсес сæ губун, дессаг адтæй хъæртгæ сæбæл куд кодта, е. Еци гъудитæ еугурæйдæр Тегой сæри рауадæнцæ, æ биййнойнаги æзмæлдмæ ку кастæй, уæд. Раст зæгъгæй, мадзора, цæрдæг, æнæ фæстæмæ дзорагæ биййнойнаги хъиамæт æмæ уарзондзийнадæн дзуапп лæвардта, æ бон цæйбæрцæ адтæй, уой бæрцæ ,фæлмæн дзурдæй, уарзон ракастæй. Алцæмæй дæр архайдта, цæмæй ин æ къох фæррæуæгдæр кæна, хуæргæ хуæргæйдæр адгиндæр комидзæгтæ туххæйдæр бахуæрун кæнидæ æ биййнойнагæн, æ къохмæ еу къапекк ку бахауидæ, уæд ин ести дарæсæй æ зæрдæ балхæнидæ. Гъе, уотемæй, куд фæззæгъунцæ, «а» 'ма «о»-йæй цардæнцæ дууæ æмбали, 'ма мæнæ нур Еленæ сирей кæронбæл æхе ку æруагъта, уæд æй Тего æхемæ æрбалхъивта 'ма ин уотæ зæгъуй: «Æфсинæ, исон балций цæун горæтмæ, 'ма мæ естæмæй барæвдзæ кæнæ».

- Горæти бабæй ци косис?

- Партион къуари фæндон ласун партий хецауадæмæ, цæмæй нин скъола искæнунмæ фенхус кæнонцæ.

- Бæргæ-бæргæ, скъола конд ку æрцæуидæ, кенæ ба мæнæ Хъасболати къласи еу рæстæги ахур кæнуй фондз æма дууинсæй ахурдзауи.

- Архайдзæн, ци мин бантæса, уомæй.

Сæумæраги бидарки рабадтæй æма рараст æй горæтмæ. Æрæдони поезди исбадтæй, æ бидаркæ ба æ хæстæгутæмæ ниуагъта æд бæх. Изæрæй фараст сахаттебæл исхъæрдтæй горæтмæ, иуазæгдони бунат райста, æма гъæунгæмæ рацудæй, еу минкъий ратезгъо кодта, уæдта бацудæй уолæфунмæ.

Сæумæ кустагъонмæ обкоми хæдзари размæ иссудæй, фал æй дуармæ лæууæг милиционер медæмæ нæ бауагъта! Уæдмæ еу ниллæггомау хуæрзконд лæг æрбацудæй æма Тегой дуармæ хæстæг лæугæ ку бауидта, уæд имæ дзоруй :

- Хуарз лæг, гъæуггаг лæги хузæн дæ, æма ами цæмæн лæууис?

- Дур-Дурæй æзинæ иссудтæн мæнæ обкоми фиццаг секретари фæууинунмæ, кæд мин бантæса, уæд.

- 'Ма обкоми секретари нæ фæсмæрис?

- Некæд фембалдтæн, фал ин æнæ фæууинæн ба нæййес,`ма мæ мæнæ дуаргæс милиционер хæстæг нæ уадзуй.

- 'Ма нур гъæуæй кадæр иссæуа, етæ фиццаг секретармæ ку цæуонцæ, уæд еци лæг косгæ кæд кæндзæнæй?

- Бахатир кæнæ хуарз лæг, фал мæхе туххæй, мæхе бийнонти туххæй ку цæуинæ, уæд фæстæмæ дæр раздæхинæ. Фал мин партион къуар ихæс равардтонцæ, 'ма уомæн ба æнæ исæнхæстгæнæн нæйес.

- 'Ма дæ партион билет дæ хæццæ æй?

- Мадта куд, мæнæ мæ реуи дзиппи, - уотемæй Тего æ дзиппæмæ нивналдта, партион билет исиста, ма 'й лæгмæ бавдиста.

- Цæуæн мадта, милиционерæн зæгъдзинан, 'ма нæ кæд медæмæ бауадзидæ.

Уотемæй къæридормæ бацудæнцæ, милиционермæ бакастæй æнæзонгæ лæг, 'ма ин загъта: - Аци лæг мæн хæццæ цæуй, зæгъгæ. Фал уæддæр милиционер партион билет райста, киунуги ниффинста, бауадзæн гæгъæди рафинста, ма'й Тегомæ равардта.

Дууæ лæги дугкаг уæладзугмæ исхизтæнцæ, даргъ къæридори сурх горцъе йтигъд кæбæл адтæй, еци надбæл цудæнцæ къæбинетти рæзти, 'ма кæмидæр астæуæй дуарбæл рæсугъд финст - фиццаг секретар, зæгъгæ, еци дуар байгон кодта æнæзонгæ лæг. Бацудæнцæ къæбинетмæ, 'ма си устур стъол сурх сгалладæй æмбæрзт, æ нихмæ ба даргъ стъол æ дууæ фарсемæ дæр ивæрд рæсугъд къелатæ. Æнæзонгæ лæг цæхгæрмæ стъоли астæу къелабæл исбадтæй, еу гæгъæди æ къохмæ райста, æримæ кастæй,

цæбæлдæр еу минкъи расагъæсхуз æй, уæдта æ рæсугъд устур, хъоппæгъ цæститæй, кæцитæй бæзгин сау æрфгути бунæй уотæ искастæй, цума еумæ берæ фæккустонцæ, уотæ.

- Бафæсмардтай фиццаги?

Тего имæ бакастæй лæмбунæгдæр. Асæй рæстæмбес, фæтæнреу, нарæг астæу ронæй баст, донхуз хæдонæ рæсугъд галстуки хæццæ, сæр, цума уоци гурæн минкъий устургомау адтæй, уотæ. Фал бæрзонд тæрних, фæстæмæ фаст дзиккотæ, сæригъунтæ фулдæр сау, фал сæбæл цума еуæй-еу рауæнти уорс халасæ рабадтæй, уотæ. Дессагдæр ба æ цæститæ адтæнцæ, сæ бакаст уотæ адтæй, цума хъæбæр изолмæ уинунцæ, гъуди ба кæмидæр арфи æхе баримахста, уотæ. Тего, цума хеуони хæццæ фембалдæй, уотæ имæ фæккастæй, 'ма æ дзубанди хаста неци римæхсгæй. Дзурд цудæй, куд зинæй кæнунцæ зæнхи куст, куд нæ хъæртуй готонтæ, похциийтæ, байтауни тиллæгæй дæр гъæздуг ке нæ æнцæ. Фал уæддæр хъур-хъур неке кæнуй, цард бонæй бонмæ хуæздæр кæнуй, сувæллæнтти бæрцæ дæр фулдæр кæнуй, ахур ба кæнунцæ, гъæздугутæй ка байзадæй, уæхæн сарати, скъола нæййес. Хестæр фæсевæдæй дæр беретæ цæунцæ ликбезмæ, цæттæ кæнунцæ сæхе рабфактæмæ. Нæййес скъола, нæ хъæртуй ахургæнгутæ. Еци гъуддæгтæ нимайгæй, партион æмбурди унаффæ рахастонцæ æма мæн нæ рист фарстай хæццæ ардæмæ партий хецауадæмæ æнхусмæ исæрвистонцæ, корæн æма нæмæ фæккæсетæ, зæгъгæ.

Дзæрæхмæт, уотæ худтонцæ партий обкоми хецауи, арф гъудити ранигъулдæй 'ма дууæ хатти æнхусгæнæг цидæр фарстати хæццæ ку æрбакæсидæ, уæд æй фæстæмæ рарветидæ. Æрæгиау æ сæр исиста, 'ма уотæ зæгъта: «Æхцæуæн мин æй, комунисттæ, косæг адæми кæстæр фæсевæди сагъæс ке кæнунцæ,е. Нуртæккæ паддзахадæ зин уавæри æй, æгас бæстæ дæр арæзтадон фази хузæн æй, ахурмæ тундзунцæ æгас адæм дæр, арæзт цæунцæ заводтæ, фабрикитæ, скъолатæ, институттæ. Мæнæй нæхе республикæбæл дæр зонис. Паддзахадæбæл берæ ихæстæ ес, ку нæ исаразæн нæуæг заводтæ, электрон станцитæ, шахтитæ, уæд æлхæнгæ гъуддæгтæй ба тухгин уæн нæййес. Нæ алфанбулай ка ес, етæ ба, ку син æнтæсидæ, уæд нæ ницъцъист кæнионцæ. Фал нин не' знæгтæ лæдæрунцæ, нæ адæм нæбæл ке æуууæндунцæ,уобæл, æма нæмæ не'ндеунцæ. Фал куд фæззæгъунцæ «болæмæргъи æмбесæндтæй нæ фæххинцунцæ»,

зæгъгæ, уотæ. Цæмæй æй нæ бон фенхус кæнун? Мæнæ хецауади хæццæ радзубанди кæндзæнæн, ма' уæмæ гъæдæрмæгæй, цементтæй,арæзтадон техникæй, листæг миутæй фæккæсдзинан. Райони хецауади хæццæ дæр раунаффæ кæндзинан, кæд гъæуи ести хæдзарæ ес, абони кæмæй нæ пайда кæнунцæ, уæхæн, уæд уой нийхалун гъæуй, 'ма æ агори дорæй искæнун гъæуй скъолай æзгъунст. Куд гъуди кæнун, уотемæй Дур-Дури гъæуи ес мæзгит, кæцимæ адæм нæ цæунцæ, æма, æвæдзи, уомæй испайда кæнун гъæудзæнæй. Мæнæ æмбæлтти хæццæ раунаффæ кæндзинан æма паддзахади уагæвæрд рахасдзинан». Уотемæй Тегомæ æ къох балæвардта 'ма ин фæндараст загъта.

Гъæумæ æрæздæхгæй, партион къуари æмбурди е 'мбæлттæн лæмбунæгæй æрдзурдта æ цуди сæр, Дзæрæхмæт ин цидæр загъта, уони, уæдта мæзгити кой дæр ракодта. Дугкаг бон адæмбæл рапурх æй мæзгити ихалуни хабар, 'ма гъæуи адæм дууæ хаййи фæцæнцæ. Гъæуисæри ка цардæй, Туйгъантæмæ хæстæгдæр, уони косгутæ, сæ хæццæ æмæрхайд ка кодта, етæ сæ хæццæ æмдин иссæнцæ æма пусулмон динбæл хуæст адтæнцæ. Уомæ гæсгæ уæллаг синхти адæм дзурдтонцæ мæзгит нийхалуни нихмæ. Гъæуи адæм, æ фулдæр хай ба адтæнцæ, Туйгъантæ гъæуæй ке ратардтонцæ, Рæзбуни ка цардæй, уæдта иннæ гъæути ка æрбунат кодта, етæ. Куддæр советон хецауадæ равардта еци адæмæн фæстæмæ æздæхуни барæ, уотæ Разбуни ка цардæй, иннæ гъæутæй Дур-Дуйраг ка адтæй, етæ гъæумæ æрæздахтæнцæ, уой хæццæ ба хонхи гъæутæй дæр: Тъæпæн Дигорæй, Устур-Дигорæй, Уæллагкомæй лигъдæнцæ Дур-Дурмæ. Еци адæм адтæнцæ киристон динбæл хуæст, 'ма сæмæ мæзгит уотæ кадгин н' адтæй. Адæми æхсæн, ци уæллаг синхи, ци ба дæллаг синхи, зудтонцæ Хуцау, Уасгерги æма иннæ изæдтæмæ ковун, фидæй-фуртмæ ци æрæййафтонцæ, уой кодтонцæ, мæзгитмæ ести æмбурди туххæй ку æрæмбурд уиуонцæ, æндæр ковунмæ ба ефстагæй æндæр неке цудæй. Уомæ гæсгæ мæзгити ихалунбæл уоййасæ, ефстагæй фæстæмæ хъонц неке кодта.

Еци рæстæг партий райкоми комитет унаффæ рахаста Дур-Дури астæугкаг скъола исаразун мæзгити ихæлд æрмæгæй. Унаффæ партий комитетмæ ку иссудæй, уæд æмбурд айдагъ партионтæн нæ адтæй, фал æгас гъæуи гъомбæл адæм дæр хунд æрцудæнцæ еци æмбурдмæ. Æмбурд байгон кодта Илас, æма е адæмæн

балæдæрун кодта, цæй фæдбæл цæудзæнæй дзубанди, уой. Æмбурдхæссæг фиццаг дзурди барæ равардта райæнхæстгæнæн комитетти сæргълæууæг Хъасболатæн. Хъасболат райком партий æма райæнхæсткоми номæй раарфæ кодта адæмæн, уотæ æмхузонæй ке æрæмбурд æнцæ æмбурдмæ, уой туххæй. Уой фæсте цубурæй æрлæудтæй, бæсти ци устур гъуддæгтæ цудæй, уони туххæй. Æ дзубандий загъта Уорсденгиз-Балтий къанауи, Днепри ГЭСи, Мæскуй метрополитени тухæй, Челябински æма Сталинградi трактортæ аразæн заводтæ æма берæ æндæр устур арæзтæдти туххæй. Адæм лæмбунæг игъустонцæ Хъасболатмæ, е ба изолдæр дзурдта, бæсти ке цæуй устур революци гъæууон хæдзаради. Минкъий зæнхкосæн хæдзарæдтæ сæ хъиамæт раст нæ кæнунцæ æма паддзахади цæйбæрцæ гъæуй, уой бæрцæ тиллæг сæ бон радтун ке нæ 'й, уой. Устур еумæйаг хæдзарæдтæ аразун гъæуй, техникæй сæмæ фæккæсун гъæуй, цæмæй æнæнтæст галтæ 'ма бæхти куст минкъийдæр кæна. Нæ бæсти алли къуми дæр фæллойнæгæнæг адæм хъазауатонæй архайунцæ æма уони хъиамæтæй цард хуæздæр кæнуй, уæхуæдтæ дæр æй уинетæ. Уомæй фæстæмæ æнахургонд адæм талингæй рохсмæ рахуæстæнцæ. Хестæр адæм ликбезти кæсун æма финсунбæл ахур кæнунцæ, фæффулдæр æй сувæллæнтти нимæдзæ, 'ма уонæн ба искæнун гъæуй уæхæн фæрæзнитæ, цæмæй скъолай райсонцæ устур зонундзийнæдтæ. Гъæуама сувæллон, райдзаст æма фæндон æзмæлæн кæми уа, уæхæн анзгъунсти ахур кæна. Мах зæрдæмæ хъæбæр фæццудæй Дур-Дури адæм æмзундæй æмхузонæй фарста ке исистонцæ скъола исаразуни туххæй. Рагъуди кодтан райони хецауади, æма уæхæн уагæвæрд рахастан: гъæуи сæри ци мæзгит ес, уордæмæ ковунмæ берæ адæм нæ цæуй, ахурмæ цæун ке гъæуй, уæхæн сувæллæнттæ ба берæ æнцæ, 'ма абони пайда дæр æй мæзгит райхалун æма ин æ дорæй ба скъола искæнун. Партион къуар се'хсæн иссердзæнцæ уæхæн лæг, кæцимæн байхæс кæндзæнцæ мæзгит нийхалун, 'ма уой æрмæгæй скъола кæнунæн испайда кæнун. Уотæ бакæнун гъæуй, цæмæй, еунæг агори дæр еуварсмæ куд нæ рацæуа, уотæ. Хъасболат фæстаг дзурдтæ ку кодта, уæд адæми ахсæн фæззиндтæй минкъий къуæрдтæ, кацитæ исхор-хор кодтонцæ, бавдистонцæ, мæзгит ихалунбæл арази ке нæ адтæнцæ, уой. Хъасболати фæсте дзурд райста Мæхæмæт, 'ма æ дзурд райдæдта уомæй, æма æцæгæйдæр скъола исаразун æй царди фарста, сувæллæнттæ гъæуама кæнонцæ ахур. Фал æз арази нæ

дæн мæзгит ихалунбæл, ба имæ кæсайтæ-федар, рæсугъд азгъунст, гъæуæн дæттуй æхе хузæ, ку æй нийхалæн, уæд цума нæ гъæуæн æ пъаспъæрт фесæфдзæй, уотæ зиндзæй. Æма Хъасболатмæ уотæ дзоруй : «Гæр, райони хецауадæн æндæр ести мадзал искæнун сæ бон нæй?»

Уой фæсте рацудæй, Биздухъ, хуæрзконд, хъиамæтгун, адæми æхсæн нимади лæг, 'ма уотæ загъта: «Мæхæмæт, хъæбæр хуарз загътай, скъола ке гъæуй, уой туххæй. 'Мæ хæдзари цуппар кизги ес, 'ма ахур ку нæ искæнонцæ, уæд еци къурутæй байзайдзæнцæ. 'Ма уæд цæбæл уæхери кæнун, ци фæуудзæнæнцæ мæ цæуæт, уæдта уони цæуæт? Нæ, Мæхæмæт, мæн зæрдæмæ дæр цæуй мæзгит, фал ами уотæ нæ рауайдзæнæй, уома берæгътæ дæр æфсес уæнтæ, фустæ дæр æгас. Уомæн гæнæн нæййес, æма æз арази дæн мæзгит нийхалунбæл æма уой æрмæгæй ба дууæуæладзугон скъола исаразун». Биздухъи фæсте 'ма радзурдтонцæ Хъудайнат, Хъамболат, Хъæрæсе, Муха, Налухъ, `ма сæ еугурдæр Биздухъи фарс фæцæнцæ. Фæстаг дзурд ма еу хатт равардтонцæ Хъасболатæн, æма е загъта: «Уæ еугур дæр æй зонетæ, нуртæккæ райони цæйбæрцæ фарстатæ ес, уой. Аразæн гъæути гъæусоветти æзгъунститæ, къолхозти къанторитæ, МТС-ти æзгъунститæ. 'Ма цалдæнмæ уагæвæрд рахастан, уæдмæ ибæл берæ фæссагъæс кодтан 'ма еугур уагæвæрд рахастан, уæдта æй æнхæст кæнун гъæуй. Ка нæ кома, кенæба хъор ка кæна, еци уагæвæрд æнхæст кæнунмæ, уонæмæ ба рахаст æндæр хузи уодзæй!».

Уобæл æмбурд фæцæй, адæм рапурх æнцæ, ба ма изадæнцæ партион къуар. Партий къуари секретарь Бекир адтæй, 'ма партионти рази æривардта фарста, уома ке искæнæн ихæсгун, райони хецауади уагæвæрд царди ка рауадза, уæхæн. Дзурд райста Хъæрæсе, 'ма загъта: «Махæй уæлдай нæййес, партий рази нæ еугурдæр æмхузон ихæсгун ан партий æма хецауади уагæвæрдтæ æнхæст кæнунмæ. Фал куд фæззæгъунцæ, еу мади цæуæт дæр æмхъаурæ нæ фæуунцæ. Уотæ махæй дæр, мæнмæ гæсгæ, аци гъуддаги Тегойæй хуæздæр неке исарæхсдзæй. Нæ еугур дæр æй зонæн, дæсни ке æй агитаци кæнунмæ, уæдта æ дзурдбæл федар хуæцунмæ. Æз æй кæдæй зонун, уæдæй еунæг æхсæнадон фарста дæр хомæй нæ ниууагъта, адæми æхсæн ба нимади лæг æй». Æмбурди уæвгутæ еугурæйдæр Хъæрæсей хæццæ исарази æнцæ. Тего фиццаг нæ

арази кодта, ома мæнæй хъаурæгиндæр адæм гъæуи берæ ес, зæгъгæ. Фа ку фæууидта, партионтæ еугурæй дæр Хъæрæсей хæццæ исарази æнцæ, уæд е дæр исарази æй. Хъæбæр хуарз æй зудта, ку нæ исарази адтайдæ, уæд ибæл æ «лимæнтæй» еске НКВД-мæ рафинстайдæ, ма е ба тæссаг адтæй, лæги Сибири амæттаг фæккодтайонцæ.

Тего рагæй дæр уæхæн арф гъудий нæма бахаудтæй. Дузæрдуг кодта, анзи разæй ин райæнхæсткоми уотæ ку зæгътонцæ, уома царди арæзт уотæ æййевгæ цæуй, 'ма листæг хæдзареуæгдзийнадæ, минкъий рæстæгмæ арæзт артелтæ, зеутæй баст хæдзарæдтæй хуæруйнаги хуаллагæй бæсти адæми нæ бафсаддзæнæнцæ. Аразун гъæуй æндæр мадзæлттæ, цæмæй еунæг улинкъæ дæр зæнхæй æнæпайдайæй куд нæ исæфа, уотæ. Уой туххæй ба кæнун гъæуй устур хæдзарæдтæ, къолхозтæ, совхозтæ, уони ба бафсадун гъæуй, ци гъæуй, уæхæн техникæй, цæмæй зæнхи сойнæ еугурæй дæр ист цæуа. Дур-Дури дæр къолхоз исаразун гъæуй, 'ма ес уæхæн фæндон, æма сæрдарæй дæу иснисан кæнæн, зæгъгæ. Тего не 'нгъæл кастæй уæхæн фæндонмæ æма дзуапп радтунмæ цæдтæ н' адтæй. Еу рæстæг фæгъгъуди кодта, уæдта загъта: «Еци гъуддагмæ мæхе цæттæмæ нæма нимæйун. Уæдта еци фарста айдагъ сумах æма мæнæй лухгæнгæ нæ 'й. Мæнæ гъæуи берæ ес хъиамæтгун, зундгин, курухон адæмтæ, ма уони фæндон куд уодзæнæй, е ба бæрæг нæй. Адæм кæд мæн туххæй исарази уонцæ, уæд адæми фæндонæн ба æнæ кæнæн нæййес сæ æхсæн ку цæрай, уæд.» Уотемæй райæнхæсткомæй рацудæй.

Надбæл, бидарки цæугæй, арф гъудити ранигъулдæй, æ цæститæбæл рауадæй æ цард æ минкъиййæй нури уæнгæ. Хуæрзæригонæй æ мадæ æма æ фидæ фæззиан æнцæ æма гъомбæл кодта æ хестæр æнсувæр Михали бийнонти хæццæ. Дууæ æнсувæри кæрæдзебæл бухст дæр нæ фæразтонцæ. Кæд си Михал дæс анзи хестæр адтæй, уæддæр Тегой хæццæ æмзунд адтæнцæ,гъæдæмæ сог хæссунмæ хæргутæбæл еумæ цудæнцæ, Къæрæугоми, Ирæфи билтæбæл, Хумеси хуасæ еумæ карстонцæ. Тего берæ уарзта Михали хæццæ косун, е, цид, устур лæвæрæнтæй къапинатæ ку кæнидæ, уæд Тего дæр уой фæнзта. Цалдæнмæ, цид, Михал уæрдæхтæ бидта, уæдмæ Тего ба æставд дортæ рамбурд кæнидæ,`ма, цид, уæрдæхтæ еумæ æрауиндзионцæ.

Фæззæг еци хуастæ хæдзарæмæ еумæ ластонцæ 'ма си цъинагонд искæнионцæ. Берæ зæнхæ син кæми адтæй? Фал сæ зæнхи гæппæл уотæ багъуд кæнионцæ, 'ма уалдзæг, дзубур цума фунуки цæуидæ, уотæ, 'ма картоф, хуар афонæбæл арæзт æрцæуиуонцæ. Михал æ кæстæрæн айдагъ æнсувæр н' адтæй, фал, фидæ æма мадæ ку фæззиан æнцæ, уæд ин фиди дæр баййивта, ахур æй кодта, æхуæдæг цидæр зудта, уонæбæл. Уæдта æ бийнойнаг Зæлда ба Тегойæн лæвардта киндзи æгъдау, æ рахаст ба имæ, куд æ кæстæр æнсувæрмæ, уотæ адтæй. Цубур дзубандийæй бийнонтæ кæрæдзей уарзгæй цардæнцæ. Тегой цæститæбæл рагъазуй, уалдзæг, цид, сæнарæ куд æфтауиуонцæ, е. Михал ин тæрегъæд кæнидæ, ма`й устур уаргъ хæссун нæ уадзидæ, Тего ба æ тæгкæ лæхъуæни хъаури адтæй 'ма, цид, дууæ, æртæ керки радавидæ. Æнзтæ цудæнцæ æма Тегойæн бийнонтæ хæссун афонæ æрхъæрдтæй æма ин Михал хуарз киндзæхсæвæр искодта. Елена æма Зæлда кæрæдзей берæ бауарзтонцæ, сæ лæгтæмæ дæр кастæнцæ, хæдзари куститæ ба кæрæдзей къохæй истонцæ. Револющий фæсте адæм будурмæ ледзун ку райдæдтонцæ, уæд Михал загъта Тегойæн: «Биццеу, дæ бийнонти хæццæ цо будурмæ, æркæсæ, мæ бон дæмæ цæмæй уа, уомæй дæмæ фæккæсдзæнæн. Æрбунæттон уо, 'ма кæд цæрунмæ бæзза, уæд æз дæр дæу размæ ниццæудзæн, ку нæ бæзза, уæдта фæстæмæ æрбаздæхдзæнæ æма дæ бунат ами цæттæ уодзæй». Тегой цæститæбæл рагъазта, Змейкæмæ куд ралигъдæнцæ Елени хæццæ, еу рæстæг си куд рацардæнцæ, е. Фал æ зæрдæмæ нæ фæццудæй уоми, æма раййивта Дур-Дурмæ. Уоми æрцардæй еу рауæн, фал ин синхæнттæ загътонцæ, æнамонд бундор æй, зæгъгæ, æма Елени не 'рфæндадтæй уоми æрбунат кæнун æма æрцардæнцæ æндæр рауæн, гъæуи буни дони билæбæл. Нæуæг бунати хæдзарæ искæнун, нæуæг фадуæдтæ исаразун ци æй, уой ба, ка'й бавзурста, е хуарз зонуй. Хъиамæт кодта æхе тургъи дæр, зеууон дæр цудæй, зианмæ, цийнæмæ æнæ цæуæн дæр кæми адтæй. Рæстæмбес лæги бæрзæндæн, фæтæн реу, æргом цæсгом, бæрзонд тæрних, æрвхуз цæститæ бæзгин æрфгути бунæй зундгин каст кодтонцæ. Растбæл æргомæй дзурд ке адтæй, уомæ гæсгæй адæм, æвæдзи, бауарзтонцæ 'ма имæ ахид цудæнцæ естæбæл рафæрсунмæ. Æ синхи, кенæ иннæ синхити кæми рацæуидæ, уоми ин уотæ ка нæ зæгъидæ, - раздæхæ æма еу арахъ баниуазæ , зæгъгæ, уæхæн нæ уидæ. Минкъийгай цард рараст æй 'ма æ зæрди æрлæудтæй хестæр æнсувæри загъд, æма æхе цæттæ кæнун

райдæдта хонхмæ цæунмæ, е'нсувæр æд бийнонтæ æхе размæ æрласунмæ. Фал ибæл уæдмæ æнамонд хабар исæмбалдæй - е'нсувæр Михал хæлæртти незæй фæззиан æй, зæгъгæ. Ци гæнæн адтæй, рандæй хонхмæ, банигæдта Михали, Зæлдай ба æ фондз сувæллоней хæццæ Дур-Дурмæ раласта. Мæйæ дæр нæма рацудæй еци рæстæги фæсте, уотемæй Зæлдамæ губуни рист фæззиндтæй(æнæауодбарæ адтæй), уой фæсте ба тог кæнун райдæдта 'ма цæлдæнмæ дохтурти гъуддаг кодтонцæ, уæдмæ тогведуд фæцæй æма рамардæй, дохтури æнхус ин нецибал фæййагъаз æй. Тего дууæ мардемæн анзи дæрхци зиани æгъдæуттæ фæккодта, сувæллæнтти ба Елена гъуд кодта. Тегой зæрдæбæл æрлæудтæй, Михал æй куд берæ уарзта е, 'ма нур ба æхуæдæгдæр архайдта Михайли цæуæтæн фиди бунат ахæссунбæл. Фал уæддæр сувæллæнттæ Елени фулдæр уарзтонцæ. Еудзурдæй, æ бийнонти цийнæй æ устур, хъиамæтгун зæрдæ æрфæлмæн æй æма цæттæ адтæй æ царди фæндаг 'ма еу фæззелæн йскæнунбæл. Къолхозмæ бацæуон 'ма цæуон, уæхæн фарста имæ н' адтæй. Æхуæдæг дæр æй лæдæрдтæй революции, айдагъ зæнхкосæг зæнхи гæппæл райса, уой туххæй ке нæ адтæй, уой, фал ци кæнгæй изолдæр, уой ба нæ зудта. Фал къолхозтæ аразун ку райдæдтонцæ, уæд банимадта, уома кæд парти уотæ нимайуй, уæд уобæл зундгин, ахургонд адæм басагъæс кодтонцæ, 'ма, æвæдзи, раст æй. 'Ма æхецæн уæхæн унаффæ рахаста - еци фарста, царди цæмæй рацæуа, уобæл ке тох кæндзæнæй, уой. Фал ин аци бон ци загътонцæ, уомæ ба æхе цæттæбæл нæ нимадта. Уотæ сагъæс кæнгæй, æхемæ æрцудæй, бидарки ефтигъд бæх раст сæхе дуармæ ку æрлæудтæй, уæд.

Хъæсболат колдуар фегон кодта, бидаркæ тургъæмæ бакодта 'ма бæх уæгъдæ кæнун райдæдта. Тего бидаркæй рахизтæй, æ къæредæ кæрцæ рагъæнбæл æрауигъта æма къуми таси размæ бацудæй. Гуасæмидæ ин дон æ къохтæбæл æркодта. Тего æ къохтæ нихснадта æма стъоли фарсмæ æхе æруагъта. Шурæ киуддитæ кæнгæ бауадæй 'ма æ фидæмæ искастæй. Тегойæй фелваста, æ хъури æй æрбакодта 'ма ин æ росæн раба кодта. Уæдмæ Елена фингæбæл цидæртæ рамбурд кодта. Лæг хуæрд ку фæцæй, уæд Елена сувæллæнттæн дæр хуæруйнаг равардта, уой фæсте ба си алке æ урокти кой кæнун райдæдта. Тего æма Елена сиребæл исбадтæнцæ, 'ма ин Тего æ хабæрттæ ракодта. Еленæ ин загъта: «Нæ лæг, адæми ахсæн нимад лæг дæ, еци гъуддаг ба нæуæг

гъуддаг æй 'ма кæсæ. Рæдуйæн дин нæййес».

Иннæ бон, куд фæууй ноябри, уотæ æвваст æрбауазал æй 'ма мит тъæфилæй уарунмæ февналдта. Цалæнмæ адæм гъæусоветти изгъунстмæ æмбурд кодтонцæ, уæдмæ зæнхæ уорс радардта. Адæм æмбурд кодтонцæ, сæ меттæ æрцæгъдионцæ 'ма даргъ къолатæбæл рæнгъитæй бадтæнцæ. Рæфти рæстæги тачанки райкоми секретарь Геуæрги, райæнхæсткоми сæрдар Хъасболат æма ма еу дууæ лæги рахизтæнцæ тачанкæй, бахизтæнцæ изгъунстмæ, адæмæн бонхуарз загътонцæ æма къелатæбæл исбадтæнцæ. Æмбурд Хадзирæт байгон кодта æма дзурди барæ равардта райкоми секретар Геуæргийæн. Геуæрги загъта: «Æмбæлттæ, хъиамæтгун адæм, аци рæстæги партий Центрон Комитет æма Советтон хецауади унаффæмæ гæсгæ нæ бæсти цæуй устур æйивддзийнæдтæ, гъæууон хæдзаради еугайййæй косуни бæсти рахезун гъæуй еумæйаг кустмæ. Исаразун гъæуй уæхæн хæдзарæдтæ, кæцитими еумæйаг кусти алли косæг дæр куд коса, уомæ гæсгæ куд еса пайда». Изолдæр Геуæрги дзурдта, е нæуæг гъуддаг ке æй, уайтагъд ке нæ фæррæстмæ уодзæй, ке си уодзæй рæдудтитæ дæр. Фал адæм зундгин æнцæ, 'ма син æнæмæнгæ ке бантæссæй нæуæг цард исаразун. Цæмæй куст рацæуа, уой туххæй æрæмбурд кæнун гъæудзæнæй косæг фонс, уæдта косæн дзаумæуттæ, `ма гъæуама етæ косонцæ еугур адæми пайдайæн. Геуæргий фæсте дзурд райста Хъасболат æма е ба æрдзурдта къолхози хецауадæ гъæуама куд уонцæ, уой. Гъæуама адæм сæхуæдтæ исæвзаронцæ хецауади къуар, уæдта уонæн сæргълæууæг. Еци къуарæй алке дæр дзуапп дæтдзæй, еумæйаг æмбурди ци фарстатæбæл дзуапп дæдта, куд цæуй куст, ци пайда хæссуй, ци æнæхъæртондзийнæдтæ имæ ес, уонæбæл. Се`гасемæн ба унаффæдзийнадæ кæндзæнæй сæрдар. Е ба дзуапп дæтдзæнæй рæстæгæй –рæстæгмæ æгас кусти туххæй дæр.

Адæм берæ фарстатæ лæвардтонцæ Геуæрги æма Хъасболатмæ,`ма етæ ба дзуапп лæвардтонцæ, куд арæхстæнцæ, уотæ, уомæн æма нæуæг гъуддаг етæ дæр бунтон хуарз нæ зудтонцæ. Фæстагмæ Хъасболат загъта, уома нæуæг гъуддаг æй æма сæрдар гъæуама уæхуæдтæ исæвзарайтæ, кæбæл æууæндетæ, уæ нифс кæмæй хæссетæ, нæ фæссайдзæй, зæгъгæ, уæхæн. Махмæ уотæ кæсуй, æма еци бунатмæ исæвзарун æнгъезуй Тегой, фал Тего уотæ нимайуй, уома, дан, мæнæй арæхстгундæр,

ахургонддæртæ гъæуи берæ ес, зæгъгæ, -`ма уæ гъуддагмæ уæхуæдтæ кæсетæ,- уотемæй фæцæй æ загъд Хъасболат. Уой фæсте беретæ дзурди барæ райсионцæ, æма си алке æ фæндон хаста.`Ма фулдæр адæми фæндадтæй, хецауæй Тегой куд исæвзурстайонцæ, уотæ. Фæстагмæ гъæлæс кæнун ку райдæдтонцæ, уæд фулдæр адæм сæ гъæлæстæ равардтонцæ Тегой пайдайæн. Уотемæй къолхози сæрдарæй æвзурст æрцудæй Тего, уæдта исæвзурстонцæ къолхози правлени.

Е адтæй анзи разæй, къолхоз арæзт æрцудæй, бакустонцæ анз, тиллæг хуарз æрзадæй, фал еугур зæнхитæ гъудгонд не 'рцудæнцæ, нæ хъæрдтæй фонс, косæндзаума. Нæуæг анзмæ цæтæ кæнун райдæдтонцæ,`ма дин нур ба ци партион къуари унаффæ, ци обкоммæ фæццæун, ци ба фæстаг æмбурди ихæсæвæрд Тегойæн мæзгит нийхалун æма нæуæг скъола искæнун. Нур куд кæна, æмбурди фæсте хæдзарæмæ цæугæй, сагъæс кодта Тего. Еуемæй мæзгит рæсугъд азгъунст æй, цума гъæуæн æ хузист, æ бакаст хуæздæргæнæг æй, уотæ, иннемæй мæзгит ковæндонæ æй, Хуцауи хæдзарæ, киристон, пусулмон кенæ ба цифæнди дин ку уа, уæддæр, 'ма Хуцауи нихмæ мæ къох куд исесон? Иннердигæй, æ зæрди ку æрбафтуйуй, гъæуи цæйбæрцæ гъезæмарæ кæнунцæ сувæллæнттæ, хузæнæн скъола син ке нæййес, уой туххæй, уæдта æ зæрдæ исресуй. Ци кæна, ке бафæрса, уæхæн дæр ку неке ес. Ма бакомæ нийхалун, уæд æй Сибири амæдтаг фæккæндзæнæнцæ, кенæ ба никкидæр лæгъуздæр, ма уæд ци фæууодзæнцæ æ уарзон бийнонтæ, аст бийнойнаги кудтитæ цæрдзæнцæ, æнæ уомæй?

Хæдзарæмæ ку`рцудæй Тего уæд, Еленæн загъта цæмæй æртæ къерей ракæна, Хуцаумæ баковун гъæуй, зæгъгæ, æхуæдæг ба сиребæл æхе бакъолæ кодта, 'ма æрбафунæй æй. Елена къинсæ ракодта, Маряйæй цигъди гумбул æрдавта,`ма уайтагъддæр æ къеретæ рарæвдзæ кодта, уæди уæнгæ сувæллæнттæн æхсæвæр рахуæрун кодта,`ма сæ æрбахуссун кодта. Къеретæ фингæбæл æривардта,`ма Тегомæ дзоруй: «Нæ лæг, æз цæттæ дæн, зæгъгæ». Тего фестадæй, æ къохтæ рахснадта, æ цæсгон уазал донæй цъифæ къохтæй æрдаудта, къохмæрзæнæй æхе расæрфта ма финги уæлгъос æрбадтæй. Елена ин агувзи арахъ никкодта`ма ин æй æ къохмæ равардта. Елена уæхæн æнкъардæй Тегой е"нсувæри рамарди фæсте некæдбал фæууидта,`ма деси бацудæй ци кодта, зæгъгæ. Тего агувзæ æ къохмæ райста, исистадæй`ма райдæдта:

«Хуцау, табу дин уæд, иннæ адæм дæмæ куд ковунцæ, æз дæр дæумæ мæ бийнонти хæццæ уотæ ковун. Дæ ковгæ бæнтти`мæ адæммæ куд байзадæй,`мæ бийнонтæбæл куд æрæййафтон, уотæ ес дæр кодтон æма кæнун æртигай къеретæ, косарт кæнун мæ бон ку фæуй, уæд косарт дæр никкæнун. Хонхи цæргæй æма фиййау уогæй, хуасæ кæрдгæй, сог хæсгæй, зини ку бафтуинæ уæддæр, дæумæ ковинæ. Нур абони зин гъуддаги бахаудтæн, æхсæнади косæг дæн, æма мин байхæс кодтонцæ дæ ковæндонæ нийхалун,`ма мин гæнæн нæййес, скъола хъæбæр гъæуй ирæзгæ фæсевæди. Иннердигæй еци гъуддаг ку нæ бакæнон, уæд мæ фæсавдзæнæнцæ,`ма мæнмæ ка æнгъæл кæсуй, еци сувæллæнттæ ци фæуууодзæнцæ? Ема мин бахатир кæнæ, æндæр гæнæн мин нæййес, мæхецæн нæ тæрсун, фал устур гъуддаг-скъола искæнун ба устур ихæс æй, адæми устур æуууæнкæдзийнадæ æй, æма 'й мæхемæ есун». Тего агувзæ баниуазта, къере исахуста 'ма еци сагъæсхузæй æ хуссæнмæ бацудæй æма æхе нихъхъан кодта. Еци кувди фасте Елена дæр гъуддаг балæдæрдтæй, фал æ лæги хуарз зудта,`ма уæхæн ихæс æхемæ райста, уæд мæлгæ дæр ракæндзæй, фал æй исæнхæст кæндзæй. Æхсæвæ йе`нгæс дардта, лæг хусгæ ке нæ кодта, е бæрæг адтæй хуссæни æ разелæй-базелæй.

Сæумæ Тего раистадæй æма æндæмæ рацудæй. Ноябри æнæ мегъæ бон. Фалдзос рохс, бæстæ идзулд, сæумон ирдгæ ба хаста æ хæццæ уазал. Тего æ фонс раскъардта. Сæ бунтæ син ракæдзос кодта, бæх бидарки баевтигъта`ма къолхози пъравленимæ иссудæй. Уоми имæ æнгъæл кастæнцæ гурдзиаг лæгти къуар, кæцитæ кустагор æзинæ фæззиндтæнцæ гъæуи. Тего сæ медæмæ бакодта`ма син гъуддаг балæдæрун кодта, ци куст сæ кæнун гъæудзæй, уой. Ба сæ фарста ка си ци кустмæ арæхсуй, уобæл. Уой ку базудта, уæдта син уæхæн унаффæ рахаста, ома æртæ бригади куд искæнонцæ, уотæ. Еу къуар гъæуама мæзгит ихала, æ æрмæг ин кæдзос кæна ма`й къолхози галтæ`ма бæхтæбæл, къолхозонтæ ба, скъола кæми аразунцæ, уордæмæ ласдзæнæнцæ. Дугкаг косгути къуар косдзæнæнцæ скъолайæн фундаменти бунат исцæттæ кæнунбæл, фундамент æривæрунмæ уæдта фæрстæ аразунбæл. Æртиккаг косгути къуар исаразæнтæ сæхецæн фадуæдтæ хирхвадæн искæнунмæ`ма гъæдæрмæг цæттæ кæнæнтæ. Куст уотæ исаразун гъæуй, æма æртæ къуари дæр æмхузон карзæй куд архайонцæ, цæмæй анз-анз æма æрдæгмæ скъоладзаутæ нæуæг скъолай ахур кæнун райдайонцæ. Тего син балæдæрун кодта, куст устур ке æй,

уой,`ма сæмæ аразун, ка зонуй, уæхæн лæгтæ фагæ ке нæййес, уой. Загъта син: «Уæхецæн хестæр исæртасетæ уæ еугур фарстати туххæй дæр бафедаудзинан, райсдзинайтæ æхцайæй дæр, тиллæгæй дæр ци бакосайтæ, уой, алли косæг къуарæн дæр, уодзæй хуæрæндонæ, цæрæнбунат,`ма косетæ».

Косгутæ унаффæ рахастонцæ, арази ке æнцæ косунмæ æма хестæрæн исæвзурстонцæ Османи. Осман загъта, Ома, косун нур райдайдзинан, фал мæнæ еу лæг рарветдзинан, цæмæй ма адæм æрхона. Фал уæхæн устур арæзтадæн æнæ къолхозонти æнхусæй неци бакæндзинан. Тего син зæрдæ байвардта, æнæ æнхусæй ке нæ уодзæнцæ, уомæй. Аци гъæуи æз ке зонун, зонгæ ба се' гасейдæр кæнун, уонæй нæййес, скъола искæнуни нихмæ ка æй, уæхæн. 'Ма уæмæ косунмæ дæр кæссæнæн. Аразгутæн æнхусгæнгутæ дæр махæй, уæдта уæрдунтæ ба уодзæй уой бæрцæ, цæйбæрцæ гъæуа. Еу минкъий къулумпи уодзæй хумæ кæнун афонæ, ма е ба берæ рæстæг нæ фæууй. Уой фæсте исбæрæг кодтонцæ алли косæг къурæн дæр æ цæрæн бунат æма хуæрæндонæ æма косгутæ сæ дзаумæттæ, сæ хуссæнти хабар кæнун райдæдтонцæ.

Тего е`нхусгæнæг Мухайæн байхæс кодта, изæри цуппар сахаттемæ правлений иуонгтæн фегъосун кæнун, куд æрæмбурд уонцæ, уотæ. Æхуæдæг ба хæтгæ рацудæй къолхози æзмæлæнтæбæл. Фиццагидæр бацудæй курдбадзæмæ`ма баййафта Тæтæрий, Сатъо, Алийхан æма се`нхусгæнгутæ цæлхитæ куд кæнунцæ, уой. Сæ рæбун пълотниктæ кæрзæй цалхи дæндæгутæ аразтонцæ, сибулдзæй цалхи къудуртæ кодтонцæ. Æригон кæрзитæ ба Сатъой къуар исгъар кæнионцæ`ма сæ цалхи хузæн æрзелиуонцæ, уæдта са бабæдтионцæ. Гъæдæ ку æруазал уидæ, ку ниссор уидæ, уæдта æй плотниктæ æрамайунцæ. Алийхани къуар ба ибæл æфсæйнаг тали æркъæнионцæ, сæмæнæн цъасæ никкæнидæ бурæуæй. Фиццаг уæрдунтæ, багалæгтæн сæмæн фæтхъæдæй ку кодтонцæ, уæд æй цъидагъæй ахид кæд исæрдионцæ, уæддæр сæмæн дæр æма цалх дæр тагъд фехсудæнцæ. Фал нурба æфсæйнаг фæййахиддæр æй æма си Тæтæрий сæмæнтæ кодта, цалхи хурфи ба Алихан æфсæйнаг фтулкæ никъкъуæридæ,`ма цалх фулдæр хъæрдтæй. Тего кустмæ æркастæй, æ зæрдæ барохсæй, куд рæсугъд косунцæ, уомæй бозæй байзадæй. Уордигæй дзолгæнæнмæ бацудæй`ма

сингоймæгти къуар, сæ сæргъи Сона, уотемæй дзол куд тагъд æма расугъд кодтонцæ, уомæй дæр бозæй байзадæй. Изолдæр бидарки рабадтæй`ма Даргъ Таги билæбæл фонси фермæмæ бацудæй. Ферми хецау Гæбуца ин радзурдта, гъоцитæй дæс ке низзадæй, уедта ма еу финддæсемæй аци къуæре кенæба иннæ къуæре ке низзайдзæнæнцæ, æхсир æрветунцæ сепаратормæ, фонси хуаллаг фагæ ес, сайæн гъоцитæн дæр æма уоситæн дæр ке ес фагæ. Идарддæр Тего æ фæндаг радардта Хусфæрæкмæ кæркити фермæмæ. Уоми исæййафта партион къуари секретарь Бекири - е дзубанди кодта ферми хецау уруссаг дæсни кæркдарæг Михали хæццæ. Михал загъта, алли бон дæр дууæ сæдæ айки ке дæдтунцæ поддзахади ихæсмæ, æрæги ке исласта, мин, еунæг суткæ кæбæл рацудæй, уæхæн цъеуи, 'ма сæмæ кæсæн, кæд нин си берæ нæ ниммæлидæ, зæгъгæ,`ма уæд еу къуар мæййей фæсте æйкитæ фæффулдæр уодзæнцæ дууæ хатти, уæдмæ бабæй бæрæг уодзæй.

Михал медæмæ загъта сæрдар æма парторгæн. Етæ бацудæнцæ Михали цæрæн бунатмæ 'ма сæбæл æ биййнойнаг Наташæ хъæбæр бацийнæ кодта. Уайтагъдæр син фингæ ракодта: къæбунтæ фиди хæццæ, цæхгун хуæргæнæстæ 'ма пъæмидортæ, цæхгун кæсалгæ æма уруссаг арахъи авгæ. Æртæ лæги фæйнæ æртæ минкъий агувзи баниуазтонцæ, рахуардтонцæ, фæйнæ тæвдæ цаййи бацумдтонцæ. Уой фæсте фусунтæн хуæрзбон загътонцæ, Бекир æ бæх бидарки фæсте бабаста`ма дууемæй бидарки дзубандитæгæнгæ правленимæ æрбацудæнцæ. Уæдмæ правлений иуæнгтæ æрæмбурд æнцæ æма се 'мбурд райдæдта. Тего син æрдзурдта, куст куд арæзт цæудзæнæй, уобæл, æма бахаста фæндон, цæмæй, будури куститæмæ ка хауй, уони байхæс кæнонцæ Хæдзирæтæн. Фонси фермæ, кæркити фермæ, курдбадзæ, дзолфицæн - уони ихæс æвæрд æрцæуæд Хъамболатбæл. Гъæдæ æрцæттæ кæнун, фæйнæг ниффадун, арæзтадон цемент, къирæ, иннæ гъуддæгтæ Хъæрæсейæн байхæс кæнун. Мæзгит нийхалун, скъола исаразун, уонæн адæмæй æнхус кæнун, агоридор ласун, арæзтади иннæ гъуддæгтæ Тего æхемæ райста. Бадзубанди кодтонцæ, къуæре еу хатт алли ихæсгун лæг дæр, пъравлений, цубурæй ци бакуста, ци гъæуй, куст цæмæй ма къулумпи кæна, уой туххæй, уобæл дзуапп куд радта. Уотемæй фæппурх æнцæ.

Къуæрей кæронмæ косгути къуæрттæ цæттæ адтæнцæ, гъæуи адæмæй дæр æндæр куститæй уæгъдæ ка адтæй, етæ æнхус

кодтонцæ, уотемæй куст ирайун байдæдта. Мæзгит ка ихалдта, етæ ин æ агоридор кæдзос кодтонцæ`ма сæ ами, бричкити цурхтонцæ, скъолай аразæни бунатмæ сæ ластонцæ. Скъола аразгути къуар гъæуи адæми æнхусæй æзгъунстæн фундамент къахтонцæ, иннетæ уæрдунтæй, бричкитæй фундаментти дортæ, агоридор, кæми гъудæй, уоми æмбурд кодтонцæ. Еуварс гъæдикусткæнгутæ цалдæр фадуати искодтонцæ`ма къохæй фæйнæг фастонцæ, иннетæ фæрæттæй тугургъæдтæ амадтонцæ. Цубур дзубандийæй, куст алли æрдигæй дæр ирадæй. Еумæйаг куст еугурейдæр разæнгард кодта косунмæ. Минкъий уолæфти рæстæги ба райгъусидæ игъæлдзæг худт, гъазгæ дзубанди, кенæ ба дессаг тауæрæхъ. Адæм, кæд фæйнæ рауæнемæй æрлигъдæнцæ, уæддæр сæ еумæйаг куст уотæ æрбаеу кодта, цума сæ дуйнебæл дæр æмдзæрийнæй кустонцæ, цума æнæ карæдзей цæрун дæр нæбал базондзæнæнцæ, уотæ. Силгоймæгтæ дæр кустæй еуварс н' адтæнцæ, синхгай зеууæнттæн хуæруйнаг хастонцæ, ци сæмæ адтæй, уомæй. Фæсевæд ба, фæскомцæдес сæ разæй, уотемæй алли кусти дæр адтæнцæ раззагдæр. Цалдæр мæйемæ дууæуæладзугон скъола æ къæхтæбæл ислæудтæй, æ къæндонæ арæзт фæцæй, æ сæр ин нимбарзтонцæ, 'ма райдæдтонцæ медæккаг куститæ: ка штукатуркæ кодта, ка пец даста, ка къирæй цагъта. Кæстæр скъоладзаутæ ба сæ ахургæнгути хæццæ косгути фæсте уæлдай бугъæ афонæбæл еуварсмæ хастонцæ.

Тего куститæмæ кæсгæй, боз адтæй адæмæй, æхцæуæн ин адтæй, адæм ибæл уотæ ке æуууæндунцæ, е. Æ адæми уотæ бауарзта,`ма, æвæдзи, æ цард æ адæми тухxæй ку багъудайдæ, уæддæр æй равардтайдæ. Æрмæст æгъатир адтæй хахур дзоргутæмæ, цъухдавгутæмæ, магосатæмæ. Фиццаг ку райдæдта хецауæй косун, уæд ин æ къæбинетти еске инней фудкой ку ракæнидæ, уæд ке фудкой ракæнидæ, уомæ ферветидæ, ма"й æрбахонидæ.`Ма фудкой ка кæнидæ, уомæн зæгъидæ, гъенур дзорæ, ци загътай уой, зæгъгæ. Фудкойгæнæг фефсæрми уидæ`ма фæлледзидæ. Уотемæй имæ цъухтæ некебал хаста. Æхуæдæг æргом дзурд адтæй,- рæстдзийнадæбæл хуæцæг. Тего хуарз зудта, алли лæгæн дæр бийнонтæ ке ес, алли лæг дæр æ ходи буни лæг ке æй, уой, 'ма кæд хецау адтæй, уæддæр устурдзийнадæ хæстæгдæр æхемæ нæ уагъта. Уомæ гæсгæ косгути æхсæн ку фæззиннидæ, уæд ин сæ гъаст æргомæй радзориуонцæ, æ къæбинетти ба имæ алли фарстати хæццæ цудæнцæ силгоймæгтæ дæр æма нæлгоймæгтæ дæр.

Абони Тегойæн уæлдай æхцæуæн æй, скъола ке исцæттæ æй, обкоми хецау ин куд байвардта зæрдæ естæмæйти фæккæсунæй, уотæ син равардтонцæ пъартитæ æма къелатæ,`ма сæ абони ласт фæццæнцæ. Æхсæзæймаг ноябри, цитгин Октябри бæрæгбони размæ скъола байгон кæнун гъæуй, игон кæнунмæ æрцæудзæй обкомæй Дзерæхмæт, райкоми секретар, райæнхæсткоми сæрдар, ахуради министради, райони ахуради хаййади косгутæ.

Цубур дзурдæй нисан бони скъола игонгонд æрцудæй, райдзаст кълæстæ байдзаг æнцæ сувæллæнтти игъæлдзæг æстуфæй, скъола райдæдта æ ихæс æнхæст кæнун. Еци куст скъола кæнуй 76 анземæй фулдæр, æййевунцæ ахургæнгути æма ахурдзаути фæлтæртæ, скъолай дууæуалæдзугон райдзаст азгъунст ба ахуради кусти æвæлладæй архайуй. Скъолай раздæри ахурдзаутæ фулдæр гъуди кæнунцæ сæ ахургæнгути, уони ахсæн адтæй берæ раппæлуйнаг лæгтæ, фал аци радзурд уони туххæй нæ'й, уони туххæй уодзæнæй æндæр дзубанди. Дзубанди æй, скъолай устур азгъунст ке фæрци, ке бæгъатæрдзинади, кустуарзондзинади фæрци исхъел æй, уони туххæй. Етæ берæ адæм адтæнцæ, фал син астæугкаг цæгиндзæ ба адтæй Тего. Æ берæ хъиамæт нæ фесавдæй, уой бæрæггæнæн æнцæ берæ мингай ахурдзаутæ: нæукон косгутæ, агрæномтæ, ахургæнгутæ, астæугкаг скъола ка фæцæй, техникумтæ, уæфсæддон училищитæ ка фæцæй уæхæнттæ. Дæ циртбæл, Тего, сугъзæринæ талатæ æрзайæд, æгайти ма уæхæн номерæн ниууагътай адæми æхсæн!

# КУРУХОНДЗИЙНАДÆ

Лæг куд каргиндæр кæнуй, уотæ ахидæй-ахиддæр фæстæмæ ракæсуй, æ зæрдæбæл æрæфтауй, ци рæстæгути сæрти рахизтæй, ци адæмти æхсæн фæццардæй, ци цаутæ æрцудæй æ рæстæги, 'ма сæ куд нигъгъуди кодта , е. Еуæй-еу цаутæ раздæр æрцудæнцæ, 'ма сæ ка гъуди кæнуй, етæ кенæ сæ карæмæ гæсгæ сæ зунди циргъдзийнадæ фæмминкъийдæр æй,`ма фулдæр гъуддæгтæ феронх унцæ, кенæ ба син ци рæстæги адтæнцæ, еци рæстæги тæразæй рабарун æ бон нæбал фæуай. Иннетæ бабæй гъуди хуарз фæккæнунцæ, фал дзоргæ ба æнæбари, оххай мæ муггаг, мæ дзилаги туххæй ести ку фæррæдуйон, кенæ ба есге туххæй уæхæн

загъд ку кæнон, æ хеонтæн гъулæг ка уодзæй, зæгъгæ. Бæллах ба уой медæгæ æй, æма хестæрти къуар бонæй-бонмæ минкъийæй-минкъийдæр кæнунцæ. Мæнæ айæ æцæг зæронд , курухон лæг æй, зæгъгæ, уæхæнттæ нæбал ес. Раздæри литературон уадзимистæ кæсгæй, кенæ ба аргъæуттæмæ игъосгæй,ахид фегъосæн , кенæ ба бакæсæн адтæй, уома сæдæанзон лæг исистадæй æма рæсугъд кувд ракодта, загъгæ. Нуртæгки рæстæги Дур-Дури гъæуи еунæг лæг дæр уæхæн нæййес, æма сæдæ анзей сæрти ка рахизтæй. Ефстаг лæгтæ,æстай анземæй ка рахизтæй, уæхæнттæ, сæ нимæдзæ син дууæ къохей æнгулдзитæбæл банимайун æмбæлуй. Етæ дæр, устур тугъди æууилд ка æрцудæй, уой фæсте ихæлд хæдзарæдтæ исхъел кæнунбæл тухкосæ ка фæккодта, фур хъиамæтæй рагацау ка фæззæронд æй, уæхæнттæ. 'Ма кæд ести фегъосæн, уогæ уонæй дæр фегъосæн ес, инсæййæймаг æноси фиццаг æмбеси ка æрцудæй, еци гъуддæгтæй. Æцæг рагон цард хонхи, будурти, уони туххæй ба кæд нæукон литератури ести иссерай, кенæ ка радзора еци цаутæбæл, уæхæн ба нæбал ес. 'Ма адæймагмæ уæхæн гъуди æрцæуй, уома раздæр æности дæр уорс рехæ зæронд лæгтæ æнзтæй кæд уотæ зæронд н' адтæнцæ? Æндæр зæронддзийнадæ нур куд цæуй, раги дæр еци закъонтæбæл цудæй. 'Ма нур æстай анзи æма уомæй фулдæр кæбæл рацæуй, уонæй ефстæгутæмæ разиннуй циргъ зунд, курухондзинадæ. Беретæ ба уомæй дзæвгарæ раздæр сæ къах къуæрун райдайунцæ, сæхе бийнонти нæмттæ дæр ахид феронх унцæ, ескумæ рацæунмæ еунæгæй нæбал фæббæззунцæ. Мæнмæ гæсгæ раги дæр еци гъуддæгтæ царди æрцæуиуонцæ. Рагъуди кæнун уотæ æнгъезуй, уома еци рæстæги сæ хуæруйнæгтæ æндæр хузи адтæнцæ, и хъиамæт дæр уотæ, æма сæри магъзи зæрондкæнундзийнадæ дæр сабурдæр цудæй. Ма уотæ фæуугæд, еци зæронди кунзунддийнадæ (склероз) фондз, дæс анзи фæстагдæр райдайæд, фал сæдæмæ хæстæг, сæдæ æма фулдæр кæбæл цудæй, уонæмæ ба байзадæй циргъ зунд, фалдзоси цаутæмæ раст ракаст, уобæл ба зин аууæндæн æй. Мæнмæ уотæ кæсуй, æма раги хестæрæн ке сбадун кæнионцæ, «уорс рехæ» ка адтæй, етæ æцæгæй уотæ каргун н'адтæнцæ. Муггаги, лæхъуæнбæл 17-18 анзи ку рацæуидæ, уæд ин бийнонти гъуддаг кодтонцæ. Силгоймæгтæ ба никкидæр раздæр, цал æма цал хатти фегъустон, - 13-14 анземæ æрцудтæн лæгмæ, зæгъгæ.

Уотемæй лæгбæл 40-50 анзи ку исæнхæст уидæ, уæд уидæ-баба,

60-70 анземæ ба æ цæуæти цæуæти-цæуæт дæр устуртæ уиуонцæ, лæг ба ма æ лæги хъаури уидæ. Уотемæй æй адæми 'хсæн нимадмæ гæсгæ, æ дæснидзинадæмæ, е'взаги циргъдзинадæмæ гæсгæ бадун кодтонцæ хестæрæн зиани дæр æма цийни дæр. Берæ цæрæг адæм ба нур куд æстæн æнцæ, мæнмæ гæсгæ , рагидæр фулдæр н'адтæнцæ. Уæдта раги адæм фулдæр мардæнцæ нурæй. Æнæ уотæ ин уæн н'адтæй , уомæн æма уæд нури хузæн хуастæ н' адтæй, уæдта уæди рæстæги дохтуртæ кæми адтæй? Æфтуйгæ незтæ æма иннæ незтæ ба минкъидæр нæ адтæнцæ æма си мæлгæ дæр минкъидæр нæ, фал фулдæр кодтонцæ. Уæдта ма еу гъуддаг, æз æй куд фегъустон, уотемæй бунтон зæронд ка уидæ, 80-90 анзи æбæл цæуидæ, е цийнæмæ дæр æма зианмæ дæр нæбал цæуидæ, хестæрæн ба бадтæнцæ, уомæй дзæвгарæ кæстæр ка уидæ, уæхæнттæ. Еци сагъæстæ мæ сæри уогæй, ниффæндæ кодтон фембæлун гъæуи хестæрти хæццæ, уома си еститæ базонон,зæгъгæ. Æма еу бон нæ биццеуи машини гъæумæ мæ фæндаг радардтон æма Биасти Безаетæмæ бацудтæн. Беза нæбæл хъæбæр бацийнæ кодта, фæббадтан, берæ фæдздзубанди кодтан, 'ма си базудтон уæхæн гъуддæгтæ, ме 'фсонæрхæги дæр ка некæд æрæфтудæй. Еу къуæре рацудæй еци гъуддагбæл, уæдта Тауитти Николаймæ, Æрхонкæмæ телефонæй нидздзурдтон, 'ма си ракурдтон, зæгъун, дæ хæццæ мæ фембæлун фæндуй. Ма мæ Николай, циргъзунд лæг, фехсилкъæ кодта, уома нæ фиддæлтæ иуузæггади ку цæуиуонцæ, уæд рагацау нæ загъионцæ, фал иуазæг Хуцауи иуазæг, ци феййафай, е дæ хай, зæгъгæ. Æз еу минкъи фефсæрми дæн, фал уæддæр бадзубанди кодтон, еу бон имæ ке ниууайдзæнæн, уой туххæн.

Еу Хуцаубони бабæй нæ биццеу - Аслани машинæбæл исбадун кодтон, 'ма Æрхонкæмæ рараст ан. Бон уазал адтæй. Фæндаги фæрстæмæ-еу бæлæсти сифтæ сугъзæринæ хузæ радардтонцæ. Иннæ бæлæсти сифтæ ба ма цъæхæй лæудтæнцæ. Будуртæ еу рауæнти цъæх-цъæхид дардтонцæ фæззегæнди мæнæуи тауæй, иннæ рауæнти ба нартихуарæн æнæистæй йе'ставд æфсертæ фæггæллеу æнцæ, æ сифтæ ба мæрæхуз радардтонцæ. Гъæуи гъæунгити цæугæй, бæрæг адтæй, хæдзари ка цæруй, уонæн сæ гъæздугдзинадæ фæйнæ хузи ке адтæй, е. Еу хæдзæрттæ устур, урух, сæ рази рæсугъд хурст горентæ, сæ колдуæрттæбæл ба, курдони къохæй конд æфсæйнаг рæсугъд дуæрттæ. Иннæ хæдзæрттæ мæгургомау, сæ къæрæзтæ, кæд се'вгитæ кæдзос

адтæнцæ, уæддæр еугай гъæдæй конд рамкитæй æхгæд. Сæ горентæ,кæми ефстаг телæй æхгæд, - фонс куд нæ цудайуонцæ, уотæ,колдуæрттæ ба кæми фæйнæгæй, кæми ба къалайæй. Хæдзæртти фадуæдтæбæл бæрæг адтæй, ка си цардæй, уони мулки рахаст. Царди уавæр бонæй-бонмæ мæгурти нимæдзæ фулдæрæй фулдæр кæнуй. Уотитæ гъудитæ кæнгæй, Николайи хæдзарæмæ бахъæрдтан. Ниллæггомау хæдзари цуппар къомнæти, устур цæлгæнæн, тургъæ кæдзос, плиткæй æхгæд. Хæдзари фæсте устур æхгæд азгъунст, дзæбæх гъудгонд, æ фæрстæ сурх агорийæй даст.

Не 'стуфмæ Николай рацудæй. Бæрзонд, фæтæн иуонгтун, каргун лæг куд фæггубур уй, уотæ æ усхъитæ фæггæллеу æнцæ. Æ цæсгонбæл ефстаг анцъулдтæ, æ карæ куд адтæй, уомæй дзæвгарæ минкъийдæр. Мæн фæууинд ин, æвæдзи, æхцæуæн адтæй, æ цæсгонбæл идзулд фæззиндтæй, æ цæстити фалдзос листæг æнцулдтæ фæффулдæр æнцæ, æ еунæг цæстæ (æ иннæ цæстæ тугъди исхаудтæй) фæййрддæр æй.

-Уе 'зæр хуарз, - загътон, æма ма ибæл бафтудтон: - Хуарз æма коллективизаций догæ фæййевгъудæй, æндæра дæ ауæхæн фадуæтти туххæй Сибири амæдтаг фæккодтайуонцæ.

Николай бахудтæй, 'ма дзуапп равардта: «Ке изæр æй, уой хуарзæнхæ дæ уæд. Сибирæй ба мæ тæрсун ма кæнæ коллективизацийæй дæр, уой фæсте дæр мæ цард уой бæрцæ феуурста, æма уæхæнттæй нæбал тæрсун».

Николайи хæццæ медæмæ бахизтан райдзаст къомнæтмæ, диванбæл нæхе æруагътан æма нин дзубанди раеудагъæй. Бийнонти хабæрттæбæл фæрститæ ку фæцæнцæ, уæдта минкъийгай Николайи гъудитæ рагон гъуддæгтæ 'рдæмæ раййевинæ. Николай фæссагъæси уидæ, уæдта дзорун райдаидæ.

Фиццагидæр Дур-Дури туххæн. Николай райгурдæй 1914 анзи,"ма дзæбæх гъуди кæнуй, 1920 анзæй фæстæмæ ци æрцудæй, уони. Берæ гъуддæгти æхуæдæг дæр архайæг адтæй. Циргъ зунди хецау, æвзагæй арæхст, Николайи хæццæ æнцон адтæй дзубанди кæнун, уайтагъддæр, фарстай буни ци уидæ, уой балæдæридæ 'ма ибæл дзуапп цубурæй радтидæ. Æз æй бафарстон Рæзбуни гъæуи туххæн, уома кæд фæззиндтæй, зæгъгæ. Ма мин уотæ загъта: Рæзбуни гъæуæн, дан, æ фулдæр адтæнцæ Туйгъантæ, - Дур-Дури адæмæй ке ратардтонцæ, уонæй. Уæд сæ еу хай Разбунмæ балигъдæнцæ, иннетæ ба фæйнæ гъæуемæ фæллигъдæнцæ: Лескенмæ, Секермæ, Киристонгъæумæ, Пусулмонгъæумæ. Фал, тард адæм баледзуни

уæнгæ дæр Рæзбуни гъæуи цардæй адæм. Советтон хецауадæ Терки билтæбæл ку æрфедар æй, уæд паддзахадæ барæ равардта гъæумæ æрбаздæхунмæ. Фиццагидæр æрбалигъдæнцæ, Рæзбуни ка цардæй, етæ. Рæзбуни цæрунмæ зин адтæй, еуемæй æ бунат цъифгун адтæй, æ зæнхитæ нæ бæзтæнцæ, иннемæй ба син ниуазуни дон н' адтæй 'ма син гæнæн ку фæцæй, уæд еугурæйдæр Дур-Дурмæ æрбаййивтонцæ. Беретæ æрбаздахтæнцæ иннæ гъæутæй дæр, ма еу гъæуæй ка æрбаледзидæ, етæ синхæй кæрæдземæ хæстæг æрцæрионцæ. Уæдмæ ледзун байдæдтонцæ хонхи гъæутæй дæр, 'ма гъæу анзæй анзмæ устурæй-устурдæр кодта. Гъæуи цæргутæ æхсæст адæм адтæнцæ.

- Геуæрги, мæ дзурд мин балæдæрæ,- загъта Николай, - æхсæст, зæгъгæ, уомæн зæгъун, æма æцæгæй дæр хъаурæгин , кустуарзон, хуæдæфсæрмæ адæм адтæнцæ. Дæхуæдæг ибæл рагъуди кæнай, Туйгъанти фæсте рандæнцæ æндæр гъæутæмæ, фал сæ цард нæ басаста, еци гъæути дæр фадуæдтæ искодтонцæ, цардæнцæ иннети хузæн, фал син куддæр фæцæй райгурæн гъæумæ æрбаздæхæн, уотæ бæ сæ мулкитæ рамбурд кодтонцæ, 'ма уотемæй гъæумæ сæ хъаурæгиндæртæ æрбаздахтæнцæ 'ма бабæй нæуæгæй мулкитæ кæнун райдæдтонцæ. Ай-ай, еуетæ си байзадæнцæ иннæ гъæути, фал сæ фулдæр ба æрбаздахтæнцæ Дур-Дурмæ. Уæдта уойдæр багъуди кæнæ, Геуæрги, хонхæй дæр ралигъдæнцæ фиццæгти хæццæ сæ нифсгундæртæ, сæ хъаурæгиндæртæ, æхебæл æ зæрдæ ка дардта, нæуæг бунати царди амæлттæ кæнун исуодзæй æ бон, зæгъгæ, уæхæнттæ.

Дессаг адтæй, еци адæммæ кæсун, æмбурди, цийни, зиани ку æрæмбурд уиуонцæ, уæд сæмæ лæг кæсунæй не 'фсастæй. Æмхузæн мæрзæздугъд, рæсугъд лæгтæ. Лæги къох ку райсионцæ, уæд цума къох насхафæнбæл бамбæлидæ, уотæ кустонцæ, æма сæ косунмæ кæсгæй дæр лæг æхцæуæндзийнадæ иста. Уæдта дæмæ, Геуæрги, уотæ ма фæккæсæд, æма айдагъ хъиамæт кæнунæй уæлдай неци зудтонцæ! Уолæфун дæр зудтонцæ. Кусти рæстæги дæр, минкъий рауолæфти рæстæги дæр, игъæлдзæг, гъазгæ дзурд, зæрдибунæй худт æстæн н' адтæй. Цийнæ гъуддаги, бæрæгæхсæвти изолмæ игъусидæ рæсугъд зарти зæлланг, фæндури цагъд, кафуни æстуф. Нур киндзæхсæвæри, кувди ерис фæууй, ка фулдæр баниуаза, зæгъгæ, кенæ ба нур еуетæ ниуæзти фæсте сæхе феппæлунцæ : æзинæ уойбæрцæ нивгæдтон, зæгъгæ. Еци рæстæгути ба уотæ н'адтæй. Устур ходуйнагбæл нимад адтæй

фæнниуæзтгун ун, кенæ ба расугæй ракеун. Устур федисбæл нимад адтæй лæгæн уотæ зæгъун: «Ходуйнаг дин уæд, ду ба ниуазагæ ку дæ, ду ба рассуггæнагæ ку дæ». Фингæбæл хестæргай исбадионцæ, сæ сæргъи лæууиуонцæ идзагдартæ, айдагъ ниуазгæ 'ма хуæргæ нæ кодтонцæ, фал царди фарстатæбæл дзурдтонцæ, 'ма кæстæртæ уонæмæ игъосгæй, ахур кодтонцæ царди фæззелæнтæбæл. Ægъдау федар адтæй, фурт æ фиди хæццæ еу фингæбæл нæ бадтæй. Кæстæртæ хестæрти рази ниуазгæ нæ кодтонцæ, тамаку нæ думдтонцæ. Хестæр, кæстæри рази, ка нæ федудта, уæхæн загъд некæд кодта, 'ма уомæ гæсгæ ба кæстæр дæр хестæри нимадта. Курухондзийнадæ куд æма кæмæ æнтæсуй, е ба зин базонæн æй. Еуетæмæ уотæ кæсуй, æма устур скъола ку фæууа, уæд искурухон уодзæй, зæгъгæ. Мæнмæ гæсгæ, е раст нæй. Зунд, дæ мадæ 'ма дæ фидæй ке райсай, кенæба фиддæлтæй фæлтæрæй фæлтæрмæ ка цæуй, уæхæн хæзна æй. Еци зундмæ ма зонундзийнадæ ку бафтуйуй, уой хæццæ ба ма лæг еу хатт æ къах кæми бакъуæруй, уой ку фæгъгъуди кæнуй, уæд æ зундирахаст федардæр кæнуй. Уотемæй зундгин лæг, æ фæлдзос ци адæм ес, уони фæлтæрддзийнадæ дæр æфтауй ахуæдæг ке бавзурста, уонæмæ æма уотемæй курухондзийнадæ арфæй арфдæр кæнуй. Уæдта ма еу æздæх, Геуæрги, курухондзийнадæ адæм бæрæг кæнунцæ. Адæймаг, - еци дзурдæн æ медес æхеми æй. Лæг адæми æхсæн ку цæра, уæд æ кадæ дæр æма е 'гадæ дæр адæмæй цæуй. 'Ма еуетæ устур скъола фæууогæй, сæхецæн адæмæй æндæр рахаст ку фæййагорунцæ, уæд е раст нæй. Архайæ, балæдæрæ : дæ адæми рист дæхе рист ке æй, уой, адæми зунд, фæлтæрддзийнадæ дæхецæн скъолайæн ку есай, уæд дин адæм сæхуæдтæ аргъ искæндзæнæнцæ дæ зонундзинæдтæн дæр æма дæ лæгдзинадæн дæр. Уотæй царди арæзт. Æз дин уотæ нæ зæгъун, æма мæн гъудитæ закъон æнцæ, зæгъгæ, гъай-гъай курухондзийнадæмæ алли курухон лæг дæр æхе хæркъу фæндæгтæбæл цæуй.

Уоци дзурдтæ куд кодта Николай, уотæ нæ рази æрлæудтæй æ бийнойнаг Олицкæ, 'ма нæмæ дзоруй : «Рацотæ къæбæр рахуæретæ, уæдта уæ дзубанди изолдæр кæндзинайтæ». Æз Олицкæмæ искастæн, 'ма загътон: «Нуртæккæ цæуæн, зæгъгæ».

Каргун силгоймаг, æ цæсгонбæл ефстаг æнцъулдтæ, уорс бауæр, æригонæй рæсугъд ке адтæй, е бæрæг адтæй. Æ уæле донхуз халат, нæуæг ка н'адтæй, фал кæдзос, туй ибæл кæрз ивæрд, æ къæхтæбæл рæсугъд хæдзари дарæн къахидарæс.

Уæхæн силгоймæгтæ кæми фæззиннунцæ къуари æхсæн дæр, уоми алкедæр æхемæ æркæсун кæнунцæ- æз дæр уотæ аййев, рæсугъд ку уайнæ, зæгъгæ.

Николай исистадæй, 'ма загъта: «Цæуæн, силгоймаги курдиадæ æнхæстгæнгæй, зæгъгæ». Бацудан хуæрæндонæмæ 'ма финги уæлгъос исбадтан. Фингæбæл, бийнонтæ цæмæй цардæнцæ, уомæй рæвдзæ адтæй. Графинæй арахъ рауагътон, куд кæстæр, уотæ, ма 'й Николаймæ балæвардтон, фал æй нæ бакумдта, уома ма хæдзари дæ, 'ма дæ куд искæстæр кæнон, ду иуазæг дæ, зæгъгæ. Ракувтон, фал ниуазгæ ба фиццаг нæ бакумдтон, загътон: «Ниуазунмæ ба дæ нæ искæстæр кæндзæн», зæгъгæ. Баниуазтан, цидæртæ хуæргæ дæр ракодтан. Дугкаг ниуазæнбæл ракувтон Уасгергий туххæй, 'ма Николай исистадæй, ма 'й истгæй баниуазта. Е мæмæ дессаг фæккастæй. Ефстæгутæ фæнниуазунцæ еци кувдбæл истгæй, 'ма син уомæн ести рæуагæ фæуүй. Кенæ надбæл цæугæй дони сæрти хед ниттудта, хуæдтолгæ тæккæ хауæни рази æрлæудтæй, кенæ зæйæ ракалдæй, еци коми рæзти ку баевгъудæй, уæд. Мæ сиахс Ацæмæз дæр лæугæй фæнниуазуй. Е ба Санибамæ æ фурт Аликки уолæфæн хæдзарæмæ цудæй, куддæр тъунелбæл бахизтæй, уотæ бурдæн рацудæй, дуйне ниггур-гур кодта, Колкай фидбилизи зæйæ ракалдæй, 'ма дуйней адæм фесафта. Уой фæсте Ацæмæз æхе нимайуй амондгунбæл, Уасгергиæй ба æй устур боз. Нур Николайи ку бафарстон, уæд мин уæхæн тауæрæхъ ракодта.

- Уасгерги махæн устур кадгин изæд æй, 'ма ин мах муггагæй алке дæр истгæ фæккæнуй. Гъуддаг уой медæгæ æй, æма мах муггаги адтæй цæгæрсæр биццеу. Æ ходæ æ сæрæй есгæ дæр нæ кодта æфсæрмæй, уома адæм мæбæл ма ходонцæ, зæгъгæ. Еу хатт уалигæсæн Тоборæхъти устур дори сæрбæл бадтæй, уæритæ ба арф кæрдæгбæл æ фæлдзос хизтæнцæ. Рæфти рæстæги æ размæ æрбацудæй зæронд,уорс рехæгун лæг æма биццеуæй дон ракурдта. Биццеумæ адтæй ниуазунмæ месин, кæци ивæрд адтæй дори аууон сатæги гæбæти хурфи. Биццеу цæрдæг æргæпп кодта дорæй, гæбæт æрбадавта ма 'й зæронд лæгмæ балæвардта. Лæг гæбæти къæбæл исласта 'ма месинæй цалдæр хуппи искодта, уæдта 'й биццеумæ фæстæмæ равардта. Биццеу гæбæт кæцæй райста, уоми 'й ниввардта 'ма зæронд лæги размæ æрбацудæй. Зæронд лæг биццеумæ ходæзмолæ каст бакодта, æма ин уотæ загъта: «Изæри уæхемæ ку бацæуай, уæд уæ хестæрæн зæгъдзæнæ: «Мæнæ Тоборæхъти устур дори рази Уасгергибæл фембалдтæн,

'ма мин уотæ загъта - ардиги фæстæмæ аци дори рази уодзæнæй Уасгергий ковæндонæ уæ муггагæн».

Биццеу зæронд лæгмæ искастæй, 'ма æфсæрмихузæй загъта, уома мæбæл нæ баууæнддзæнæнцæ, зæгъгæ. Зæронд лæг биццеумæ бакастæй, æ сæрæй ин æ буйнаг ходæ исиста, 'ма цæгæр сæр ку фæууидта, уæд ин æ сæрбæл æ къох радардта еу æрдæмæ, уæдта иннердæмæ, 'ма ин загъта: «Е нур дæбæл бæууæнддзæнæнцæ», зæгъгæ. Уотемæй зæронд лæг рацудæй æ фæндагбæл æма цубур рæстæгмæ æрбайсавдæй.

Изæрæй биццеу хæдзарæмæ ку æрбацудæй уæд радзурдта зæронд лæги загъд, 'ма ибæл æцæгæй дæр нæ баууæнддæнцæ. Уотæ син ку загъта, уома мæ ходæ мин исиста 'ма мин мæ сæрбæл æ къох радаудта, зæгъгæ, уæдта ин æ ходæ исистонцæ. Æма дессаг, цæгæрæн æ кой дæр нæбал, сæрбæл ба сау-сауид расугъд дзигкотæ. Уой адæбæл Тауиттæ Тоборæхъти устур дор сæ Уасгергийæн ковæндонæ искодтонцæ.

Дзубанди ку фæцæй, уæд æртиккаг кувд ракодтон, хатир ракурдтон цубур ке кæнун, уой туххæй, 'ма загътон бийнонти дзæбæхдзийнади туххæй, берекедти, къæсæри Уасгергий туххæй, 'ма мин Николай уотæ зæгъуй: «Енур æй балæдæрдтæ, хестæрæн дин дæхе цæмæн искодтон, уой. Мæхуæдæг хестæрæн ку бадтайнæ, уæд финги æгъдау цубур кæнун нæ бауагътайнæ дæу рæвгæ нæ зонгæй. Ду ба дæ рæвгæ зонис, æма дæ гъуддаг кæнис, куд амонуй дæ рæстæг, уотæ». Баниуазтан нæ ниуазæнтæ, æз Олицкæн хъæбæр раарфæ кодтон, æма Аслани хæццæ фусунтæн хуæрзизæр загътан æма нæ фæндагбæл рараст ан.

Изæрдалингтæ кодта, хонсари хуæнхти æууæнттæ рæсугъд сæхе æвдистонцæ, далдæр гъæди тæлмæ ба талинги исавдæй. Тагъд хуæдтолгæ æ цуд кодта, æз ба мæ гъудити ранигъулдтæн, цардæй боз адтæн æгайтима уæхæн хестæртæ ес не 'хсæн, не гъдæуттæ, нæ адæми хæзнатæ исафун ка нæ уадзуй.

КЪИБИРТИ Амурхан

## ИЗÆР ГЪÆДГÆРОНИ

Фæцæй Уазай ауyони хор, -
Изæр скиндзæй разкъæртти-бор.
Гъæдбун гъаруй æ гъæзнæ-фес,
Ниццæнцæ рæгътæ цъеувæдес.

Ниртад æнцæ нæзитæ – цъæх,
Нистадæнцæ бæрзитæ сах.
Калуй и къозæ æ сæхъун,
Уинуй æрдозæ гæдзæ фун.

Тæрсæ, фæурæ, хæрес, кæрзæн, -
Цæттæй фæсалæ-нивæрзæн.
Муркъи къотæртæ тæмæн сурх
Зиннунцæ мæскъи кæлæн-пурх.

Цæуй фæсхонх федуйгæ рохс, -
Дауй гъæдæн таруг æ рос.
Рæхцуй, дзедзрой кæнуй изæр,
Зæлуй мæскъæбæл зæрин зар.

## АХÆСТ

*«Вот дали мне свободу,*
*А что мне с нею делать?»*
*В.Высоцкий.*

Талинги, хор мондагæй,
Ниссаугур дæн, нивзудтæн.
Фур мæстæй, мæ дæндагæй,
Хъадаматæ нихсидтон.

Суæгъдæ æнцæ мæ къæхтæ, -
Хаун цийнæй хæбболти.
Нийдæдтон æнгулдзæхтæ
Ме 'скъуд, дивил хъæббæлти.

Итигъд будур – мæ барæ,
Мæ размæ – сæдæ нади.
Ци муд дæ – сæребарæ!
Цийиес хуæздæр а-царди.

Хор мæ тавта цалингæ, -
Зардтон æз зæлланг хъурæй.
Ку 'рцæй мæбæл талингæ, -
Мæ зæрдæ ниммæгур æй.

Цæун, фал ци бæстæмæ?
Уæртæ, кæд, тар гъæдæмæ…
Райсæ мæ, цæй, фæстæмæ,
Ахæстъони хъадама!

* * *

Рохс æй, гъе фал
Неци стæфун.
Нæйиес æмбал
Еу æстуфæн!

Мæ над – хæмпæл.
Ци 'схæмпæл æй?
Еу уод мæнбæл
Не 'сæмбæлуй.

Аци бони
Неци 'йгъосун.
Аци бон мин
Неци 'й хузæн…

* * *

Еске къæсбæл
Арт ку сгъазуй, -

Хуссун æй кæнæн,
Уой бæсти.
Нæхе ма ймæ
Фæттавæн,
Дон е `вулди
Еске ласа, -
Ергъæв æй кæнæн,
Уой бæсти
Цæхæр ма йбæл
Бакалæн.

* * *

Сæртæ – бунтæ уинун
Нæ Рæстæги айдæни.
Ниммæ уозæ, уæ Цард,
Фуди руни авдæни.
Куд бауон æмбауæр
Æносон мæрдирæнхæн.
Ци нæбал æргъæвон
Гуппурсар лæгти рæнгъæ.
Сæрзелæггун фусау,
Мæ цудбæл куд фæккеуон.
Салд бæласи цъонгбæл,
Халонау, куд фæггеуон.
Гъæди сау, хонхи уорс
Къамазилд куд кæнонцæ.
Æстонг сирд, тæхæг маргъ
Мæ унбæл куд кæуонцæ.
Бамæ уозæ сабур, -
Фунти горцъей мæ стохæ.
Мæ авдæнæ – дæ кой, -
Даргъ фæндагмæ мæ стахæ.
Ниммæ римæхсæ арф
Дзæгъæйлаг идард Гандзай.
Мæ кæуги мæ уæддæр
Некебал æргъос кæндзæй!

* * *

Кизгæ, фæткуй дæ дон?
Цидæр хъæбæр нийдæф дæн…
Æ къибилай – дæлдон
Ци рохс цæсгон нистæфтæн!

Ирд цæститæ – сæнтцъæх,
Уолæн узта – сæ дони.
Мæ изæди хæццæ
Фембалдтæн, кæд, æмбойни?

Нимма `лвасон æлвæс, -
Ме `донуг ниссæттинæ?..
Фæммæ `ргъавта е `нгас
Арв мæбæл ниссæр-кин æй…

Кизгæ лæуй уæздан,
Ходуй фæлмæн медбилти.
Æз ба цавддор фæддæн,
Æви тæхун медфунти?

* * *

Ци мин нилвастай мæ хорх
О, фуддзард, `смæ уадзæ!
Æнæуаг дирзæг дæ къох,
Сау æма фур хæдзæ…

Ци маст адтæй дæ синон, -
Карз `ма зинниуазæн.
Берæ хуарз ди нæ зонун,
Фал дæ цæмæн уарзун?..

Цард – дæ хæццæ уæззау тох,
Маст ба – хъури уæнгæ.
Мæ дуйнебæл – догъ `ма, догъ, -
Бадæн куййи уæгæ.

Уæддæр ди нæ дæн гъæстаг,
Фал фæцæй мæ гæдзæ.

Дæ ниуазæн мин – фæстаг,
Радтæ марги хæццæ.

* * *

Цъæх гъæдæ-дзæнгæрæгой,
Нимбарзт æй дзæгæрæгæй.
И таги сæ фæндуртæ
Сцагътонцæ зæрин хъуртæ.
Думгитæ-æрдæг фунæй
Гъæзунцæ хори тунæй.
Не `стунцæ бæрæг бæсти
Бæлæстæ – цъæх пæлæзти...
Æллæх, æллæх, ай деси,
Мæ зæрдæ ци фæдеси `й!
И гъæдæ никкинзели `й!
Æви, кæд, мæ сæр зелуй?..
Æрцо ду дæр ардæмæ –
Уалдзæги æртитæмæ;
Кæрдæги иснигъулæ,
Цъæх арвмæ цæст-никъолæ.
Уодæнст `ма къуæтти гъосæй
Цæгъдтæлтæмæ нийгъосæ.
Фæкко æма фæззарæ, -
Цийни сугга нигъзалæ.

## ЗÆРИН ИЗÆР

Мæйæ ку `рдаруй
Павзмæ æ рос.
Фæзти нийтауй
Уорс, дудзи рохс.

Дес, æрæскъетуй
Гъæдæ-рæхснæг.
Арвмæ сæрветуй
Зар цъæрæхснæг...

`Ссæй рæсугъд фунтæй
Хъал гъæди къох.

Зæй-мæйи тунтæй
Бид – дæ дзикко.

* * *

Нæ тасуй кустмæ мæ къох,
Нæ мæ тавуй неци.
Цума дæн дуйнейæй цох, -
Уод нæййес мæ деси.

Мæ цæвæгæй сихъ кæнун, -
Нæ радаун неци.
Мæ катаййæй зинг кæнун, -
Арт не `схуæцуй пеци.

Неци `йгъосун куд къурма,
О дуйне де `стуфæн!
Таруг мегъæ – дæн курмæ,
Мæ разнад не `стæфун.

Мæхецæй дæр дæн иронх,
Нæ цæун фæдеси…
Цума дæн дуйнейæй цох,
Уод нæййес мæ деси.

## НИФСИ УАЛДЗÆГ

Хори цийнæ – арви дзаг,
Æрвтæ – тун рæдзахст.
Нæ гъæубæстæ – армидзаг,
Арвбæл уæд фæдзахст.

Цумгæ – хуæргæ уæд нæ анз,
Нæ иуонг – рæуæг.
Цийни равги уæд нæ ханс,
Уæд нæмæ цæуæг.

Сорæн Зевæг нæ гъæуæй, -
Расайдта нин нез.

Цærунмæ нæ ци гъæуй?
Зунд æма цæдес.

* * *

Арв – æ урунги,
Думгæ – и унги,
Мет – хъури уæнги,
Рист – лæги зæнги.

Рæгътæ – æдзæртæ,
Хуæнхтæ – æдзæмтæ.
Мет – кæртæ-кæртæ
Къех – нæ хæдзæрттæ.

* * *

Баталингæ `й цадæг,
Æрвон дуйне – кæдзос.
Гъæу – арингæ – сатæг,
Дæлвæз, уæлвæзтæ – гъос,

Сибирт, сир-сир – тарæй, -
Думгæ сифтæн – æ сос.
Десæ – цийнæ дуарæй
Барæй даруй æ гъос.

Хъæрæу лæг гъæдбунæй
Гъæуæн хуæрзфун хæссуй.
Нæ куй фунæй нæма `й,
Æ цæстæ ба `рхуссуй.

Рæхцуй æстойни гъог,
Æ хъури буни – уæс.
Нæййес дуйней нихъог, -
Кæнæн нивæй æлвæс.

## ФÆНДАГГОНИ САГЪÆС

Ниргъавтон тари цидæр над,
Цæун ибæл курмæги.

Стæфун еу æндарг – мæ фæд-фæд,
Гъузуй мæмæ гъузæги.

Куддæр кæнуй мæ сорæгау, -
Бамаруй мин мæ уæгæ.
Цидæр срæцогъуй дзорæгау, -
Не `гъусуй стуф мæ уæнгæ.

Æз ба нади уаргъ фæлгъаун, -
Ниддæн имæ ком-коммæ.
Хатгай дæлгоммæ бахаун.
Хатгæй раун уæсгоммæ.

Фестун. Цæун. Нæййес здæхæн, -
Рæстæг нин æмгъудгонд æй.
Зонун аци нади фæлхæн,
Фал ибæл ци муд конд е!

## АРТИ ГЪАР

Нæ уазал пец –
Феце рагъ.
Нæ къæразæ –
Цъундæдзаст.
Ристи цари –
Гъизти уаргъ.
Нæ тæрвазæ –
Сунтæсаст…
Ба æндзарстон, -
Гъар ци уа!
Ба нæ тавæ,
Арти гъар…
Пец и согти
Харсиуа, -
Пеци арфи
Арти зар.

# ДÆ ЦÆСТИТИ...

*Кæнæн къех, кæнæн дех.*
*Бетойти Виктор*

Дæ цæстити – мегъæ,
Дæ зæрди къумех, -
Ниммæ кæнис ехæн,
Ниммæ кæнис къех.

Фæййисæфуй мегъæ, -
Ку нийдзулис, йехх! –
Нæбал фæуун ехæн,
Нæбал кæнун къех.

* * *

Фæрсмæй хуссуй
Къулдунбæл мет.
Фæрсти хезуй
Думгæ – къуззет...
Гъæдæ – тæнуод,
Фæлорс, фудхуз.
Ниццæй инод
`Ма мæгурхуз.

* * *

Æррай думгæ
Пурхæн кодтæ
Цъæх мегъти.
Пирдта сæ хонх,
Цъоп перæгау,
Æ хехти.
Елья æхсæй
Тæссармæ – дзæхст
Æврæгътæн!
Низмалдæй гъæу, -
Тæрсуни æхст,
Гæрæхтæ!

Уарун, уарун…
Ӕрв-гæхцæ
Ку фæкъкъæртт æй.
Барæн, барæн, -
Мулдзгутæ
Сæ дзæкъæлттæ…

* * *

Зилдæй,
Зæлланг гæнгæ, зилдæй,
Арвæн,
Ӕ тæссар къолти хор.
Зиндтæй
Ӕрвдзæхæртæ – зингтæй,
Хуæнхтæн
Сæ дагъгун рæгъти хор.
Тадæй,
Муди къæрттау, тадæй.
Арвæн
Ӕ сурх билтæбæл хор.
Уадæй,
Мæ цæстæбæл уадæй,
Дæумæ
Куд уадтæн нивагор.

* * *

Ӕстуй изæр, -
Хуæнхтæбæл хор
Пурхæн кæнуй –
Ӕ тавст.
Тæссар-æнсар…
Сау гъæди тар
Хирхæн кæнуй
Мæ тас.

* * *

Кæд зумæг дæ – уо зумæг, -
Ниттузмæгтæ уо, тузмæг;

Æррæгæнæ мет – хæмпос,
Ис мæ кæнæ зæрдæрохс.

Думги уадиндзæй никко,
Сау гъæдæн уæд уорс дзикко.
Исфæлундæ хонх, æндзæр,
Нæ гъæунгæ, нæ къæсæр…
Цо будурти, таги цо, -
Лигъз кæнæ, - итаугæ цо!..



Уарун, уарун…
Æрв-гæхцæ
Ку фæкъкъæртт æй.

ГИБИЗТИ Руслан

# ТУГЪДИ ÆРХЪЕЗТÆ*

*(Уацау)*

* * *

Бурус æма Юрæ адтæнцæ коми арфи. Етæ фусти уасун дæр, лæгæргъауи агъуддзийнадæ дæр нæ фегъустонцæ æма нæ фæеййидтонцæ.

- Минкъий уоддæр ма бацæуæн, - загъта Юрæ, дорæй æргæпп кæнгæй.

- Юрæ, неци дин балæдæрдтæн, дзубанди кодтан дæу хæццæ, дæ хуæрæ Любæ æрбацудæй, ду цæмæйдæр фæкъкъæндзæстуг дæ, цидæр дæлтæ-уæлтæ дзорун байдæдтай… Цæмæн?

- Мах дæс анзи еумæ ахур кодтан, æма мин ду мæ дзубандитæ, хъази рагъæй дон ракæлæгау, нæ балæдæрдтæ. Ци зæгъуйнаг адтæн, уомæн мæ хуæри рази дзорæн н' адтæй, гук!

- Æз уотæ гъуди кæнун, æма фронти туххæй гъавтай зæгъунмæ. Мах уобæл ку бадзубанди кодтан. Куддæр Киристонгъæумæ раздæхæн, уотæ нæ сæртæ фæрстæбæл хуайгæ, нæ нихбунтæй лæборгæ, фал гъæуама фронтмæ рандæуæн. Æндæр хуасæ нин нæййес!

- Бурус, дæумæ гæсгæ, уæззаудæр тугъдтитæ Киристонгъæуи фалдзостæ цæунцæ?! Николаевски станицæмæ бацудтæ, автомат дин дæ нихти фæссадзæ æма немуци кирсæгæнгæ рацудтæ. Етæ ба гъæр кæндзæнæнцæ: «Ахтунг! Ахтунг! Бурус æрбацæуй æма нæхе радтæн!»

- Скъолай дæу уадзимисæ биццеу хониуонцæ, «мæнгæ уадзимисæ» разиндтæ, - баходæзмолæ кодта Бурус.

- «Нæ нихбунтæй лæборгæ», - рафæнзта æй Юрæ. – Географи ахур кодтай… хорнигулæнæй хорискæсæнмæ идæрддзæг къартæбæл æй дууæ æркъей бæрцæ. Ду уарзис бундорон рабарститæ, дæ дзубандимæ гæсгæ, уотæ уайуй, æма – дууæ

---

*Райдайæн - аци анзи 1-аг номери.

дзабурей дæргъцæн. Фал тугъди цуд мах пайдаæрдæмæ цæмæй разела, уобæл сагъæс кæнун гъæуй. Уæхæн берæгъбал лæнæнгъæлæги æрбалæбурдта. Тугъди æрхъезтæ ба æргъæвунцæ мах, нæхе Алани... нæй уинис, куд гъезæмарæ кæнуй?! Бурус, æз твккæ ацибон дæр цæттæ дæн фронти искусийнæ унмæ, фал силгоймæгтæ æма сувæллæнтти куд ниууадзæн, куд ниууадзон мæ хуæри æртæ æнагъон сувæллоней хæццæ?! Мади - сæйгæ Маркленн хæццæ...

- Мæ-н-н, уæй?! – æрбайгъустæй лагерæй.

Мæ бауæр дæр ма ниббизиртт æй, - дзурдта идарддæр Юрæ. – Дæ хуæрæмæ ба дин ка фæккæсдзæнæй? Мадæ ба? Уæд та ма тугъди дæ фидæбæл фембалдтæ, уæд ин ци зæгъдзæнæ? Бийнонтæ гъæди ци уавæри ниууагътай: хуæруйнаг – нартихуар...

- Хуарз, хуарз, Юрæ, 'ма уомæн дæр уæн ес? Мæ фидæбæл кæми фембæлдзæн?

- Гъай-гъай ин ес уæн. Николаевски станици бадуй æма хезуй, немуц Киристонгъæуæй кæд фæлледздзæнæнцæ.

- Дæ догъон бæхбæл бабæй фæббадтæ æма 'й де 'взагæй цъинккитæ кæнис.

- Бурус танкбæл фæццæуй, æй танки командæгæнæг, лæкъæрдæ, уаруй æнæнцайгæй, дæ размæ фæцæй салдат цъифæ уормеги, ду æй танки фæббадун кодтай, æма дин е ба Ермак ку разиннидæ: «Байрайай, мæ биццеу, - ниццийниґæ дæбæл кæндзæнæй, - Берлини уæнгæ мæ нæ багæлдздзæнæ, Гитлери хæццæ мæ радзубандитæ кæнун фæндуй».

- Фæттæрис бабæй сæ æфцæги сæрмæ, дæу некебал исраст кæндзæнæй. Нæ дзубандий сæрæй рахизтан.

- Бурус, нуртæккæ ардæмæ гъæуй Уарзети дæр.

- Мадта уæд æз ами цæмæн дæн? А... Е уодзæнæй «хуæрзæбон» зæгъуни фембæлд.

- Гъо. Дæумæ гæсгæ ба дæс анзи мæ хæлæфтæ дзæгъæли фæффехсуйун кодтон. Мæ хуæри рази мухъ-мухъ кодтон, ду ба мæ нæ балæдæрдтæ. Гъеууотемæй, размæ, хуæнхтæмæ!

- Ду айдагъ уадзимисæ нæ дæ, фал ма хийнæйдзаг дæр. Æгæр берæ лæгъуз минеугутæ дæмæ нæййес?!

Бурус нийнæфтæй.

- Мæнæн Николаевски æй.

- Æз дин неци фудгин дæн, дæуæн хъазахъаг æй, фæмма 'й уиндзæнæ.

- Ду ба ацибон фронтмæ?

- Ду ба ма ами дæ?

- Ледзун, ледзун, уой фæсте мин радзордзæнæ, Юрæ.

Юрæн æ зæрдæ катай кæнун байдæдта, æ дзигготæ арми тъæпæнæй бадæр лигъз кодта, æ хæлафи фадгутæ æрцагъта:

- Дæу гъæуагæ ма адтæн гъенур, - загъта е, æ хæдонæй къæндзæг синдзæ æфтаугæй, - куйтæ æма фусти думгутæбæл ниццæггаг уо уой бæсти, мæн ба ниууадзæ.

- Æма кæд фустæ нæййес, куйтæ ба æстæн æнцæ, уæдта, - райгъустæй кизги хъурихатт.

Юрæ ратæвдæ 'й, фæстæмæ фæккастæй, хæстæггомауи дорбæл лæугæ рауидта Уарзети.

- О, Мадонна, дæхе бакъолæ кæнæ дæ фарсмæ лæууæг бæласæбæл – «бæрзæ» номи хæццæ.

Уарзетæ æ хъури ниттухта еу минкъий, кипу бæласи.

- Ци ма? – нихходтæй зæрдибунæй.

- Кæми 'й мæ дессаги хузесæн аппарат, дæ хузæ дин бæргæ искъипп ласинæ гъеууотемæй. Фæллæууай дæ бунати.

- Цæмæн? – æ билтæ къехæй размæ ницъцъопп кæнгæй, рафарста Уарзетæ.

Еци усми Юри зæрдæбæл æрбалæудтæй, фиццаг къласи Уарзетæ, æ билтæ ниббултуройнæ кæнгæй, уотæ ку загъта: «Мæн ахур кæнун нæ фæндуй!» - æма 'йбæл уæдæй фæстæмæ Юрæ æ цæстæ куд æривардта.

- Раледзæн, - загъта Юрæ, - кизгæ фæттæрсдзæнæй, зæгъгæ, гъудигæнгæй.

- Æма дæ бон ба æй, - нихходтæй Бурус, уæдта Юри фиййæн никъкъалца кодта.

Æма ралигъдæнцæ.

Æцæгæйдæр и кизгæ рæсугъд адтæй. Уарзетæ рæсугъд нæй, зæгъгæ, еци фарстбæл Бурус ниппуррутт кодта, фал æй е 'мбали зæрдæ фæхходун кæнун нæ фæндæадтæй æма дзуапп равардта æмдзæвги рæнгъитæй:

Гъай-гъайдæр рæсугъд æй æнæуаг,
Хор дæр ма æртайуй æ дзигготи.

Хор нур дæр уæди хузæн рохс кодта Уарзети сæр фунукхуз дзигготи хæццæ, уорс фæтæн хæцъелæй бастæй. Æ гъостæбæл

...рттивтонцæ гъосицæгтæ, æ билтæбæл ба ниймир æй рагон загъд: «Мæн ахур кæнун нæ фæндуй!» Æ цæсгомбæл зиндтæнцæ, Юрæн ...ккæ хъазардæр к' адтæй, еци уорс листæг цъататæ, хизи хузæн. ...ци цъататæ, бæласæ дидинæг куд ракалуй, уоййау бустæги ...ййевдæрæй разинниуонцæ уалдзæги æма Юри фæндæуидæ ...гъун æ уарзонæн: «Дæ хизæ исесæ!» Бурус дæр, Уарзетæ ...хуæдæг дæр еци сосæг æнкъарæнтæн неци зудтонцæ.

Уарзетæ адтæй æнцонуарзæн, æмбалуарзон, идзулагæ. Юрæн Хуцауи лæвари хузæн уиуонцæ, «хизи» буни алли байдзулди фæсте дæр кизги ростæбæл ци дууæ рæсугъд хъулуфи фæззиннидæ, етæ. ...ци æнæуаг рæсугъддзийнадæ дæр мæн æй, зæгъгæ, æхе меднимæр цийнитæ кодта Юрæ.

«Ци кæни, - хаттгай уайдзæф дæр бакæнидæ æхецæн Юрæ, - дæ Уарзетæ изæд-ести æй? Дæхецæн æнаййепп адæймаг макæмæй исаразæ, - имиста, цид, уæхæн усми еци раст гъудитæ. – Макæмæй оразæ изæд, фæррæдуйдзæнæ! Мæнæн еунæг уацирохс ес – мæ мадæ... уæдта ма... Уарзетæ æ рости хъулуфти хæццæ», - уæддæр еци сагъæс æ сæрæй нæ цох кодта.

- Гъосицæгтæ ба кæми раирдтай?

- Мамæй сæ райстон æфстау. Ду æй æстæфгæ дæр не 'ркодтай, ...естæймаг къласи мæ гъостæ фæцъцъæстæ кодтон гъосицæгтæ ...рауиндзунмæ, мамæ мæмæ сæ æртæ боней æнгъудæй равардта, папæ ба уотæ, нури фæсевæдæн ци загъдæуа, зæгъгæ, фал мин хилæ ба нæбал фæккодта.

- Дæ пъолцибæл ба туй куд ниввардтай?

- Юрæ, адæймаг ескумæ ку фæххæлæф кæнуй, уæд ин ести ...нæ райронхгæнæн нæ фæууй. Маня ба, гъæдæмæ цæугæй, туй рахаста æ хæццæ. Артæй зингитæ рамбурд кодтон, туййи сæ никкалдтон æма мæ пъолци уотемæй ниллигъз кодтон.

- Ду некæми фесæфдзæнæ.

- Цæмæн гъæуама фесæфон уæхæн гъæуайгæнæги хæццæ?

- 'Ма дæ гъæуайгæнæг фронтмæ цæуй Буруси хæццæ. Æз бал æй хонхмæ рарвистон.

- Цæмæн?

- Цæмæй дæу хæццæ хебæраги еумæ рарветæн нæ рæстæг.

- Дæ мадæ украинаг æй?

- Гъо. Рауай ардæмæ, æндæра нади сæрти дзубанди кæнæн, еу анекдоти куд адтæй, уоййау.

- Радзорай мин æй!

- Дууæ къуруй нади фæйнæ фарсемæй дзубанди кæнунцæ мæнæ мах хузæн: «Кустмæ цæуис?» - фæрсуй сæ еу инней. Е ба 'й, гъай-гъайдæр, не 'гъосуй, уотемæй ин дзуапп кæнуй: «Нæгъæ, æз кустмæ цæун». «А-а, æза гъуди кодтон, зæгъун, кустмæ кæд цæуис».

Уарзетæ ходуй.

Кизгæ дорæй рахизтæй æма дзоруй:

- Æвæдзи мæ, æртиккаг кенæ цуппæрæймаг къласи дæ мадæ украинаг борсæй фæххинста. Уæхæн хуæрзадæ адтæй! И дзол ба: дæ къохи 'й ралхъевæ уæдта 'й исуадзæ æма æ раздæриккон хузæ райсидæ. Нур ма уæхæн дзоли игъæстæ фæууо! Еумæ ку уæн, уæд, æнæмæнгæ, тæвди цумд кæнун базондзæнæн.

- Уой фæсте ба нæхецæн хæдзарæ исараздзинан æма уой тугургъæдтæбæл зæрбатгутæ астъæнттæ бийдзæнæнцæ, - Юрæ Уарзети къох райста. – Мæ зæрбатуг!

- Ду мин уæхæн дзурдтæ некæдма загътай.

- Мæ уод уонæй идзаг æй.

Уарзетæ æ сæр æрæнгон кодта Юри реубæл.

- Æз алкæддæр еци дзурдтæ дзордзæнæн, мæ уарзон зæрбатуг, мæ царди нивæ.

- Дæ уарзт мин ескæд раргом кодтай?

- Еугур дæс анзей дæргъци дæр, - фегъæлдзæгдæр æй Юрæ.

Уарзетæ зæрдибунæй ниххудтæй:

- Нæ дæбæл æууæндун.

Юрæ раба кодта Уарзети росæн:

- Нура бауæндтæ?

- Нæгъ.

Юрæ ма ин еу хатт дæр раба кодта:

- Æууæндис?

- Уотемæй нæ Бурус ку фæййина?! – тарстхузæй загъта Уарзетæ.

- Е хонхмæ рандæй. Æз дæу уарзун, - гъæрæй загъта Юрæ, - фæндуй дæ, уæд уотæ нигъгъæр кæндзæнæн æма хуæнхти дудзигъæр лагери ниййазæлдзæнæй. Æз дæу…

- Сабур, - æ фæлмæн армитъæпæнæй Юри реу ниххуаста, - æууæндун.

– Уарзетæ, дæ ном берæуон нимæдзæмæ цæмæн хауй. Мæн зæрдæмæ Уарзе, зæгъгæ, хъæбæрдæр цæуй. Ду еунæг мæн дæ æма еунæг мæн уодзæнæ.

- «Уадзимисæ биццеу!» Гъенур ба дæбæл никкидæр хъæбæрдæр æууæндун, уæдта дæ кæд зонун фæндуй, уæд гурусхæ дæр некæд

кодтон, - Уарзетæ Юри росæн раба кодта, - бамин хатир кæнæ. Мæ сæр мæбæл разилдæй, ауæхæн фембæлд нин некæдма адтæй.

- Ду зæрбатуги хузæн гурведауцæ дæ. Листæг имæ æркæсай, гъулæггагæн, рагоц кодтонцæ сæ гъар бæститæмæ. Гъенур ма дæ сау уæллаггурæ ку уайдæ. Заргæ ба уæд куд кæнуй! – æнæнгъæлæги Юрæ низзардта:

Дессæгтæ 'ма тæмæстæ,
Синхон кизги бауарзтон,
Хуæрзконд æма цъæхцæстæ,
Æ ростæй муд ниуазтон,
Гъе-е-ей!

- Зæрбатгутæ дигорон æвзагбæл дзорунцæ, бустæгидæр ба еци базард – «гъей!» Къæс-къæсгæнгæ низзаруй, уæдта 'й кæронæй ба нийвазуй «гъей», зæгъгæ. Гъулæггагæн, поэт нæ дæн.

- Дессæгтæ 'ма тæмæстæ, - райдæдта бабæй нæуæгæй Юрæ, - синхон кизги бауарзтон, - еци дзурдтæ нур ба адтæнцæ хъурмæйдзаг, банкъарæн си адтæй, æ уарзонæй ке фæццох уодзæнæй рæхги, æ райгурæн гъæу, æ хеуæнтти ке уадзуй, уодхарæгæнæг, хуасæ кæмæн нецибал ес, еци Алани ке нæбал уиндзæнæй, уоци еугур гъуддæгти зиндзийнадæ. – Алли уарзондзийнади дæр ес æнкъарди æфтауæг фæззелæнтæ, - æхе гъудити ранигъулгæй, загъта Юрæ. Уæдта бабæй нæуæгæй низзардта:

Хуæрзконд æма цъæхцæстæ,
Æ ростæй муд ниуазтон.

Уарзетæ æ уарзони цæстити æ каст ниссагъта æма никкудтæй.

- Цæй, цитæ кæнис, цитæ, мæ зæрбатуг? Æз исæздæхдзæнæн дæумæ. Уæхæн уарзтæн мæлæн нæйййес!

- Æз дæу хездзæнæн, - исхæкъурцц кодта кизгæ, - цифæндий ку уа, уæддæр æдзохæй кордзæнæн лæгти изæдæй, цæмæй дæ фæстæмæ дæ хæдзарæбæл исæнбæлун кæна, Хуцаумæ ковдзæнæн дæу туххæй.

- Æма комсомол ба ци зæгъдзæнæй, ду Хуцаубæл ку не 'ууæндис?

- Мæ нийййергутæ киристæнттæ 'нцæ, Юрæ, - дзурдтæмæ ма ниуурдуг уо. Алли адæймаг дæр æ зæрди æрфити æууæндуй

Хуцаубæл. Ду дæр æууæндæ, Юрæ, корун ди. Мæ фидæ мин дзурдта, еу инженер, дан, Терки дони сæрти хед исаразта 'ма ин æ федардзийнадæ исбæрæг кæнуни туххæн, уобæл гъæуама бацудайдæ уæззау тулфдзæуæг берæ вагæнтти хæццæ. И инженер, зæгъуй, хеди буни ислæудтæй, æма æхебæл дзиуарæ бафтудта, кæд атеист адтæй, уæддæр. Уæхæн фæткæ адтæй. Нура тугъд цæуй, е хед дæр нæй, тулфдзæуæг дæр – нæ. Юрик, аци цъаммар тугъд нин нæ гъуддæгтæ еугур хæлхъой никкодта.

Минкъий дæлдæри, æндзæри хури дзæгъ-дзæгъ исигъустæй.

- Фесафтдæн, - æ билтæбæл фæххуæцгæй, тогтарст фæуугæй, загъта Уарзетæ, - еске нæ ами ку фæййина!

Юрæ æхе урдугмæ раскъардта. Усми фæсте райгъустæй æ ходун. Уарзети размæ фæстæмæ исæздахтæй Аликки хæццæ.

- Ами кутемæй равзурстæ, - худтæй Юрæ, - дæ мади 'рвади гъæуай кæнис?

- Толик фус æрахæста.

- Ке Толик, цæхæн фус?

- Цæмæз ин æй есунмæ гъавта, æма ин еу лæг ба уотæ, дæ уосонги размæ дин фусти дзогæ æрбаскъæрæн, мийяаг, зæгъгæ.

- Алик, цидæр дæлтæ-уæлтæ дзубандитæ кæнис. Цæхæн лæг, циуавæр уосонгæ?

- Мах фус æрахæстан, дæхуæдæг æй фæййиндзæнæ.

- Уарзетæ, ести ин лæдæрис?

- Берæ фустæ си адтæй, куд æй нæ лæдæрис?!

- Хонхмæ ба цæмæн ранæхстæр дæ? Бурус ба кæми 'й, æз уæ фæййидтон, еумæ рацудайтæ?

- Æммæнæ кæми айтæ! – къæдзæхи фæстейæй рахизтæй Бурус.

- Дæлуймон зæнхи бунæй куд фелвæса, уой æлвæст фæккæнис æма адæни дзорун дæр нæ бауадзис, - бахъур-хъур кодта Юрæ.

- Фембæлди æнгъуд фæцæй, сумах уæхе бæрагæ бауадзæ, уæд исонмæ дæр уе 'взæгтæй лæхордзинайтæ.

- Юрæ, е фембæлд æй кизги хæццæ? Е дин е! – идзулдæй Алик.

- Циуавæр фембæлд, - бавзиста имæ е 'нгъулдзæй мади 'нсувæр, - нæ нæ уинис, уроктæ ке кæнæн! Бурус ке хæццæ ахур кæна, е ин нæййес æма гириз кæнуй.

- Æма уæ киунугутæ ба мадта кæми 'нцæ, - нæ æллау кодта Алик. – Юрæ, ку исустур уон, уæд æз дæр фембæлдтитæмæ цæудзæнæн. Æз некæмæн зæгъдзæнæн!

- Ескæд ду дæр кизги уинунмæ ку цæуай, уæд дин кийнæ

бахатдзæнæн. Арази дæ, Уарзетæ?

- Хъор кæнун цæмæн гъæуй? Биццеутæ, цæуæнти нæхемæ.

- Уосонгитæ нæ хæдзæрттæ иссæнцæ, - бафеббпайдта Бурус, - фал си махæн игъауги нæййес: хъазар адæймаги хæццæ уосонгæ дæр дзенет æй.

- Æдзæсгон, - Уарзетæ фæлмæн цæф никкодта Буруси усхъæ.

* * *

Кудзæг бæласæй къалеу æркъуæрдта æма 'й æ хъæмайæй æмадта. Æ цормæ бацудæй бæрзонд, уæзбун, къахой Астемур. Рабонхуарз кодтонцæ.

Тугъди размæ Кудзæг Астемурæн зæгъидæ: «Гъæйдæ, æз ба дин æртиккаг къах искæнон, уотемæй дин æнцайунмæ æнцондæр уодзæнæй. Дæ протезмæ ма дин беретæ хицæ дæр кæндзæнцæ». Астемур æхе меднимæр баходидæ.

- Кæми фæуус, Астемур, æндæмæ дæр ку нæбал кæсис?

- Мæ хæдзарæ – итигъд будур, пеци согтæ байвæрун æма æрветун мæ фæллад.

- Дæ хæдзарæн цар нæййес уæдта дæ тохонайæй хъуæцæ нæ цæуй.

- Ци, уой зонис, Кудзæг? Æрхунæй мæлун, мæ фурт мæ цæститæбæл уайуй.

- Астемур, мæнæн дууемæй фронти æнцæ, - Кудзæг исистадæй, æхебæл дзиуарæ бафтудта. – Уасгерги, дæ рахес базури буни сæ бакæнæ, - сагъæсти ранигъулдæй зæронд лæг. – Цума нуртæккæ кæми 'нцæ? Æз ба ами бадун æма къалеу амайун. Цæмæн, уой ба зонгæ дæр нæ кæнун. Цалинмæ æз аци куст кæнун, уæдмæ цал сабур цæрæг адæймаги рамардæй, Хуцау æй зонуй. Тугъдонтæбæл ба дзоргæ дæр мабал кæнæ: ка атаки цæуй, ка акъоппи бадуй æма дзæгъæл фат раскъунуй салдати цард, майрæн æ къолæ, ка 'й фехсуй, æма 'й кумæ фехсуй, е дæр бæрæг кæмæн нæй, уæхæн. Кунæг рæсугъд фæндитæ нæ фæууй еци салдатмæ, æ цард исаразуни туххæй, уарзон, кенæ бийнойнаг æма сувæллæнттæбæл сагъæсгæнгæй, сау фат ке бастъалуй.

- Æз мæ фурттæмæ тугъдæй исцæуун æнгъæл кæсун. Ду дæр ма, Астемур, тугъди фæсте дæр берæ рæстæг хездзæнæ дæ фурти.

- Раст дæ, Кудзæг.

- Кенæ нæхе Алан ба? Æ ниййергутæ хуарз хабар æнгъæлдзау æнцæ, е ба... Дзæвгарæ фæллæгъуздæр æй æ уавæр.

- Уæхæн уæззау цæф, Кудзæг, æнæ операцийæй нæбал исдзæбæх уодзæнæй. Дæхуæдæг æй уинис, берæ нæбал рауотæхсдзæнæй.

- Астемур, ести нифсæвæрæн дзубанди ракæнай, уодæн æхцæуæн ка уа, æндæра ду дæр æгæр гузавæ кæнис, тугъдæй дæр неци хуæздæр хабар игъусуй. Гъæумæ раздæхунбæл дæр нæ басагъæс кæнун гъæуй, еугур лагер дæр æй зонуй, немуцæгтæ си ке нæбал ес.

- Уанцон нæй! Ка загъта?

- Калоти Рамазан. Æвæдзи, исон истгæ 'й ардигæй, ку неци нæ бахъор кæна, уæд. Дæумæ ба куд кæсуй уæхæн унафæ?

- Гъай-гъайдæр, хуарз, цанæбæрæг нæ цæттæ кæнун гъæуй хæдзарæмæ фæндагмæ.

Е раги адтæй, мæ бийнойнаг Марфæ ма æгас ку адтæй, уæд, - дзурдта идарддæр Астемур, - нæ фурт ба дуккаг къласмæ цудæй. Тургъи дууæ хеæхснæни ниввардтон: еу си – къохтæ æхснунмæ, куд фæууй, уотæ. «Дуккаг ба ма цæмæн гъæуй?» - бафарста мæ Марфæ. Дуккаг ба, зæгъун, ставд æхснад кæнунмæ, - фонси гъуд кæнгæй, сæ бунтæ син кæдзосгæнгæй, фагус калгæй, лæг исхед уй, æма бал уæд а-дуккаги дæхе рахснæдтитæ кæнæ. Марфæ дууæ нæбал загъта, æз ба Данели райахур кодтон еу гъуддагбæл, - еци кари сувæллон æ фиди туххæн арси нихмæ дæр рацæудзæнæй. Мамæн, зæгъун, маци иской кæнæ, аци дзубанди уодзæнæй æрмæстдæр нæ дууей астæу. Сосæгдзийнæдтæ сувæллæнттæбæл ку 'ууæндай, уæд сæбæл уомæй базуртæ базайуй. Цо, зæгъун, графинæ радавæ æма арахъ хеæхснæни равгæнæ.

- Цæмæн, папæ? – рафарста мæ мæ биццеу.

- Уой фæсте ба Омармæ бадзорæ.

Арæх рæфтад кæнианæ Омарети хæццæ дууæ бийнонтемæй еумæ.

Данел, куд ин рафæдзахстон, уой ранхæст кодта. Омар ку фæззиндтæй, уæд ин хеæхснæнмæ райамудтон, гъауай, зæгъун, ме 'ргъудидзийнадæн аргъ искæнæ. Хеæхснæни сæр фегон кодтон: «Исæсмотай!»

- Арахъ?... Цæмæн? Алкæддæр ниуæзтæ дæ фингæбæл ку фæууй?!

Уæдмæ Данел æртæ агувзи цурд-цурдæй радавта. Æз Омарæн дзуапп кæнун:

- Ду дæр мæмæ биццеуи фæрститæ дæттис. Зæгъæн, исон

махмæ ræфтад кæнæн. Æз дæмæ дзорун: «Цæуæн, нæ къохтæ рангъæвзæн». Ræфтадæн нин фæйнæ агувзи ци рахилæ кæндзæнæй?!

- Дессаги дзаума ку саразтай, - худтæй Омар, - дæ зæрди ба кутемæй æрæфтудæй уæд?!

...Тугъди райдайунæй нурмæ Кудзæг фиццаг хатт худтæй уотæ зæрдибунæй. Æрræстæ туппурæскъудтæ кодта.

- Омар си агувзæ рацæвунмæ гъавта æма ин æ къох æртъæпп ластон.

- Ами алцидæр нимад æй: хеæхснæни зæгæлбæл хæрдмæ исхуæцæ, агувзæ ку райдзаг уа, уæд æй дæ армæй байаууон кæнæ, æма 'й дæ хъури рауадзæ æ «фæлвариккон лимæнти» цормæ. Дæу армитъæпæнти æгас графинæ баримæхсæн дæр ес.

Кудзæг ходуй:

- Омар ба?

- Исон цæун хеæхснæн æлхæнунмæ, - загъта Омар.

- Мæ æргъудидзийнадæ æхе фæрци æрæхснадтан. Данел нæ уæддæр фæффудевгед кодта. Еу хатт графинæ ниттилдта æма æнæргъудити уотæ нигъгъæр кодта:

- Папæ, хеæхснæни ци «дон» фæууй, е исбæркад æй æма нуртæккæ уæрмæй рахæсдзæнæн.

Мæ бийнойнаг еу хатт дзоруй Омари уосæмæ:

- Пашæ, гъуди кæнун æма 'й нæ лæдæрун, Астемур фингæбæл ку æрбадуй æма уедуг ку райсуй, уæд си арахъи тæф цæмæн фæццæуй?

- Цæуæнай, мæ синхон, æз ба дин еци сосæгдзийнадæ раргом кæнон.

Асхъоди цори æрлæудтæнцæ дууæ синхаги.

- Пашæ, дæ къохтæ рацъифæ кæнай хеæхснæни æма сæмæ исæсмотæ.

- Айæ арахъ ку æй! – æ къохтæ истилдта Пашæ. – Гъенур дæ гури кондæй байрадтæ, Омар! Махмæ дæр дууæ хеæхснæни ес!

И дууæ уоси ард бахуардтонцæ, арæхътæ ке нæбал рауадздзæнцæ, уой туххæй.

- Рагæй нурмæ дæр атæ ба нæбал фæххудтæн, - загъта Кудзæг. – Фал, кæд ниуазгæ, уæд ниуазгæ, «рарос кæнунмæ» ба дин æз дæр радзордзæнæн еу цубур хабар. Нæхе Ивани хуарз ку зонис...

- Зонун, уруссаг æй, фал нæ дууей дæр дигоронау дзорунмæ ба балхæндзæнæй.

- Гъема, е æй, - дзурдта изолдæр Кудзæг, - гиризгæнагæ, хийнæйдзаг, ци нæ дин æримисдзæнæй, уæхæн нæййес. Еууæхæни Иван горæтæй æрцудæй, æма фур фæлладæй тарф фунæй бацæй. Бæхтæ колдуари рази не 'рлæудтæнцæ, фал горени рæбунтæ сонгун кæрдæг æхсинунмæ баевдалдæнцæ. Бæхтæ рауæгъдæ кодтан, уæрдун горени рази æрдтæбæл æрæвардтан. Хайуанти минкъий дуарбæл медæмæ бакодтан æма сæ еци фарсæй уæрдунбæл баефтигътан. Цидæр биццеуи фервистан, цо, Ивани райгъал кæнæ, зæгъгæ, нæхуæдтæ ба фур ходæгæй ихалдан фæсколдуар.

Бæхтæ кæми 'нцæ, зæгъгæ, гъæр кодта Иван.

- Биццеу, бæхтæ ду фæттардтай?

Е дæр, нæй лæдæргæй, æ къохтæ фæйнердæмæ ракодта, фæрсæги хузæн. Нæ худт æгæр тухуаст адтæй, æма нæ уомæй уайтæкки дæр разудта. Гъуддаг цæй медæгæ 'й, уой ку æрлæдæрдтæй, уæдта е дæр нæ хæццæ е 'цæгæй гъæр ходун байдæдта.

- Гъенур уæмæ бæрæг уодзæнæй, - зæгъгæ, нæмæ «банхъерæн» кодта, - дзæбæх мæбæл рагириз кодтайтæ!

Геркъитæй нæ фæххинста, алкæмæн дæр равардта еу геркъи, ка ма 'ймæ байзадæй, уони ба сувæллæнттæбæл байурста. Иван нæ 'мгæрæ адтæй, хестæр ни ку адтайдæ, уæд нæ бандиудтаййанæ.

- Сингоймагтæ гъезæмарæ кæнунцæ, ци бахуæрун кæнонцæ æстонг сувæллæнттæн? – фенкъард бабæй æй Астемур.

- Хуцауи цæсти де 'нгулдзæ ма цæвæ, фуси фид нæмæ фæззиндтæй, - Рамазани цæрæнбон берæ уæд.

Сувæллæнттæ, гъо, тæрегъæд æнцæ, æрмæст хуæруйнаги нæуни фудæй дæр уойбæрцæбæл нæ, фал сæ сабион нифс ке басастæй: фæттарстæнцæ, сæ минкъий зæрдитæ фезмалдæнцæ, - бафеппайдта Кудзæг. – Ами фегъустон æнæнгъæлæги дууæ дæсанздзуд биццеуей дзубанди.

- Мæн фидæ æгасемæй дæр тухгиндæр æй, - загъта сæ еу. – Сослан, ду хестау дæ.

- Мæн фидæ ба, - дзурдта дуккаг, - еугуремæй дæр устурдæр æма хъаурæгиндæр æй.

- Заур, дæ фидæй еу сантиметр бæрзонддæр исирæзæ æма аргъауæндони сæрти ракæсдзæнæ, - сæ дууæ дæр ниххудтæнцæ и биццеутæ.

- Мæ фиди хæццæ туканмæ бацудан, æма уоми тæрази рази лæудтæй дуу-ууæ пу-утей уæзæн гири, - нийвазта æ дзурд Сослан.

Æз къотæрти фæсте гъогæн кæрдæг тудтон, зудтон æй, Сослан æма Заури бийнонтæмæ тугъдæй сау гæгъæдитæ ке исæрвистонцæ, уой. Деси бацудтæн, зæгъун, цума и биццеутæй ка ци цæстæй кæсуй æ рохсаггаг фидæмæ.

Сослан дзурдта идарддæр:

- «Мæн æрфæндæадтæй гири пъолæй исцох кæнун, фал æй не сфæразтон исæзмæлун кæнун дæр. «Папæ, дæу бон æй исесун исуодзæнæй?», - рафарстон мæ фиди.

Хуарз, æма тукани еци рæстæг неке адтæй. Папæ гирибæл æрхуæстæй æма 'й исиста, цал хатти, дæумæ гæсгæ?

- Æвæдзи, еу фондз хатти, - загъта Заур.

- Дæс! – исцийнæ кодта Сослан.

- Мæн фидæ ба…

- Бауадзай мæ, Заур. Тæккæ дессагдæр уой фæсте адтæй. Папæ мæ мæ хæлафи комбосæй еу къохæй æрахæста æма мæ пакъуй хузæн фелваста уæдта æваст мæ сæри къудури рази гири февзурстæй. Уотæ мæмæ фæккастæй, цума еци агъазиау тумбул æфсæйнаги къæрт æз исистон рæуæгæй æма бæрзондæй ракастæн. Папæ мæмæ ходгæй дзурдта: «Зæгъай, биццеу, мæ бон æй»

- Мæн фидæ ба, - нæбал уорæдта æ зæгъуйнаг Заур. – Еу хатт мæ дзæхæрамæ фæххудта æ хæццæ æма мæ фæрсуй: «Цилауи дæ гъæуй?» - «Нана хилæ кæнуй, коми къолтæ, дан, бæзгин кæнуй, губун ба – тæнæг».

Нана ами нæй, зæгъгæ, загъта мæ фидæ æма мæ къалеути уæнгæ исиста. Мæ хæдонæ раластон, уой дзаг цилауитæ æртудтон æма мæ уæд зæнхæмæ æруагъта. «Æрбадтай си еу, - папæ си фæййидта æма уотæ бакодта, - æцæгæй дæр комтæ бæзгин кæнуй, тауæг ма æй, фал, - дæу карæнæй æз дæр давтон рæзæ».

- Гъуди ма 'й кæнис, Сослан, дæуæн дæр си ку равардтон?

- Куд нæ, хъæбæр хуæрзадæ адтæнцæ, - загъта Сослан.

- Уой фæсте ба – марди хабари гæгъæди…

- Махмæ дæр…

Заур искудтæй, Сослан ба исхуфтæй æма хуфти буни баримæхсунмæ гъавта æ минкин уоди æдзæллаг уавæр, фал ин еци тухуорæд хæкъурццæй кудтмæ рахизтæй.

- Æз игъустон, - дзурдта идарддæр Кудзæг, - еци минкъий цъеути зæрдагайæн гъарæнгитæмæ, кæрæдземæн дзурди барæ дæтгæй, сæ медкæуун куд имистонцæ сабион амонди ирддæр рæстæгутæ, алке ма си æ фиди хæццæ – дуйней медæгæ тæккæ хуæздæр фиди

хæццæ ку адтæй, еци рæстæгутæ. Гъо, Астемур, тугулдортау мæбæл разилдæнцæ еци сувæллæнтти мæгурбæнттæ. Уæхæн мæгурбæнттæн неке бон неци æй. Еци æнагъон седзæр биццеутæй алкедæр лæдæрдтæй, æнæ фидæй ке байзадæй æносмæ, æ фиди ин ке некебал некæд баййевдзæнæй, уой, - асæст хъурихаттæй дзурдта Кудзæг. – Æз тагъд-тагъдæй рандæ дæн уордигæй, мæ кæун нæбал уорамгæй. Е адтæй мæнæн æгæр уæззау уаргъ, - ниййерæгæй бæдолæ куд æртæсуй, уомæн æвдесæн ун.

- Сабийдогæй дæр… - фæттар æй Астемури цæсгон.

- Раст зæгъис, Астемур, «тугъд»! – мæлгæ кæми кæнунцæ еуетæ, уоми иннетæ барæй-æнæбари дæр «хестæр» кæнунцæ сæ афонæй раздæр.

- Хуарз æма рандæ дæ æма нæ фехалдтай сувæллæнтти уодти æвеппайди фæззиннæг æгъдау. Етæ фиццаг дзæбæх нæма фенкъарунцæ, ци бæллах сæбæл æрцæуй, уой. Æ фиди марди хабар фегъосгæй, сабийæн уотæ дæр зæгъун æй æ бон: «Мæнæ папæ тугъдæй ку исæздæха, уæд…» Уой нæ фæндуй æверхъау бæллахæрцудбæл æуууæндун. Уомæн ма æ фидæ æгас æй, æма ма ин цæрдзæнæй берæ æнзти дæргъци. Æцæгдзийнадæй куд æй, уой ба сувæллон балæдæруй берæ фæстæдæр, - Астемури зæрдæ исхъурмæ 'й.

Зинæ сæ цори æристадæй, æ цæстисугтæ къохмæрзæнæй сæрфгæй.

- Кудзæг, Алан нæбал ес, æ цори бадтæн æз, уотемæй рацох æй.

- Гъеуууотæ, Астемур, нæ ходун нæ фæрстæй фæцæй, фидæй седзæрти кой æма Алани мæлæти хабармæ нин рахизтæй, - Кудзæг æхебæл дзиуарæ бафтудта: «Рохсаг уæд. Тугъд ка ракъахта, уонæй ба Хуцау макæд исарази уæд!»

Астемур æ дзиппæй къохмæрзæн исиста æма 'й æ цæститæмæ исхаста:

- Мæ биццеуи бабæй æримистон, - хуфгæ-хуфун, фæццæуй Аланбæл къох байвæрунмæ.

Силгоймæгтæ, туххæйти ке уорæдтонцæ, сæ еци зæрди туппуртæ исуагътонцæ Алани содзаггаг марди уæлгъос. Æнамонддзийнадæ адæмæн харакетæй устур хæйттæ ралæвар кодта: æригон Алани мæлæт, сувæллæнтти цардбæл тох, фурт, фидæ, лæг, æнсувæртæ – тугъди арти!

Ниццагъта бабæй Цæголти Лени фæндур. Игъустæнцæ Хетæгкати

Къостай «Додойи» зæлтæ. Фæндури фæрстæ тонгæ кодтонцæ. Цæгъдæги цæстисугтæ гæр-гæрæй æгъзалдæнцæ, æма уой хузæн адтæй, цума, дуйнеййи уæхæн хъаурæ нæ разиндзæнæй, уодагайæн æнкъард цагъди зæлтæ ка бауорама. Силгоймæгти гъарæнгæ еци цагъди хæццæ исхæлæмулæ уогæй, кумæдæр, уæлæмæ арвмæ рандæуидæ, æма адæми зæрдитæбæл уордигæй райвулидæ, сау ех ниууарæгау, устур фидбилизæрцуд тухуастдæр кæнгæй.

Кудзæг æма Зинæ еуварсмæ райстонцæ сæхе.

- Куд кæнæн? – æ дзурд æ хъурæй дæр нæ хаудтæй, уотемæй бафарста Зинæ.

- Нæ зонун, дæхебæл фæххуæцæ, Зинæ, нæхе фуртти ци хезуй, уой дæр еунæг Хуцауæй фæстæмæ неке зонуй, - зæронд лæг бабæй æхебæл дзиуарæ бафтудта, е 'тæрттæ арвмæ исхатта, искувта æма сагъæсти рандæй. – Æфсийнæ, Астемурмæ бадзорай, мах ба раунафæ кæнæн.

Силистæг адæм, куд фæстагмæ, уотæ сабурдæргæнгæ цудæнцæ.

Астемур æрбацæйцудæй.

- Кудзæг, мард нигæнун гъæуй!

- Кæми æма куд? Къалеутæй æй нимбæрзæн?

- Зæрондмæ дæр цидæр хуарздзийнæдтæ фæууй. Мæнмæ ес нимæт, уоми батохæн биццеуи æма 'й уотемæй банигæнæн.

- Астемур, аргъ кæмæн нæййес, уæхæн дзаума дин еунæг е ку æй?..

- 'Ма ма си ци аразун, ести си мæ фурти цори сæнттадæ кæндзæнæн?! Кудзæг, дзебæлгæнæн нæбал ес. Хист цæмæй искæнæн, е нæййес, уой фæсте ин рохсаг зæгъдзинан сабурбæл. Æ нийиергутæмæ фæххабар кæнун гъæуй.

- Е мæнбæл! – федарæй загъта Кудзæг.

Алани банигæдтонцæ гъæди, лагермæ хæстæг. Силгоймæгтæ сæргубур æма уонтæхъелæй цудæнцæ сæ уосонгитæмæ. Астемур адæмæн фегъосун кодта, исон гъæумæ цæуæн нæ хæдзæрттæмæ, зæгъгæ.

- Кизгæ, - загъта Зинæ, - цæуæн, далæ еци бадæн лухтæбæл нæ уæзæ еу минкъий æруадзæн, мæ къæхтæбæл нæбал лæуун.

Кудзæги амундмæ гæсгæ, бæласи зæнгæ нийиамайгæй, Бурус æма Юрæ ци дууæ бадæни исаразтонцæ, уони размæ ниццудæнцæ мадæ 'ма кизгæ.

- Мамæ, ма тухсæ, æз дæ хæццæ дæн, - Валя æ ниййерæги къохбæл нихxуæстæй.

- Дофка, Маня, Сæниат, - фæдздзурдта е 'мбæлттæмæ Зинæ, - рацотæ, радзубанди кæнæн, гъар æй уалдзигон бони хузæн.

Силгоймæгтæ æрбацудæнцæ æма сæ фæрстæмæ æрбадтæнцæ.

- Цæй, ци, кизгуттæ, - нæхемæ?! – сагъæсхузæй загъта Зинæ. – Уоми ба не стурдæр куст уодзæнæй – тугъдæй хабæрттæмæ æнгъæл кæсун.

- Хуарз, æма уæддæр нæ гъæуæй рахъудти æнцæ немуцæгтæ, - загъта Маня. – Алани рохсаггаг дзенети бадæд, - мæ зæрди цидæр уазал дор нихxизтæй.

- Рохсаг уæд, - сæ бадæнтæй æрдæгистад искæнгæй, загътонцæ силгоймæгтæ.

- Дофка, æндæрæбонæ Киристонгъæумæ куд цудтæ, уой нин радзорай, - фæрразæнгард кодта Зинæ æ лимæн силгоймаги.

- Æма мин ци униау адтæй, - райдæдта Зинæ, - цудтæн æма цудтæн.

- Ауæхæн бони дæр дæ гириз нæ уадзис? – бауайдзæф ин кодта Сæниат.

- Зинæй уæлдай æй неке зудта. Нæ фæццæуун мæ бон н' адтæй…

- Цал километри имæ ес? – Маняй æ цæмæдесдзийнадæ исдзорун кодта.

- Къахæй федар дæн. Мæ карк таунæги бадунмæ гъавта, фал æй райахæстон æма кæркдони багæлстон, цæмæй æ ахур фехала, таунæги кой феронх уа æма æнцад бада. Мæ синхæнттæмæ ба æртæ карки равардтон, уæ цæстæ мин сæмæ фæддаретæ, зæгъгæ.

- Æма дин сæ немуцæгтæ ку бахуæронцæ, уæдта? – загъта синхон силгоймаг.

- Уæдта, æвæдзи, мах нивæ н' адтæнцæ, - загътон æз… А-а, цидæр ма иронх кæнун.

- Церки адæймаг дæ, уæллæгъи, - байдзулдæй Маня. – Идарддæр ба куд адтæй?

- Æз, куд зæронд, фæлтæрдгун партизан, хæдзарæмæ бацудтæн æма уацайраги рауагътон.

Валя ходун байдæдта æргомæй.

- Дон ин бадардтон, нартихуарæй æй бафсастон æма – ардæмæ.

- Карк ба? – худтæнцæ силгоймæгтæ.

- Уосонги хуссуй.

- Багъæуай æй кæнæ, цъеутæ рауадзун æ зæрди ку æрæфтуйа, уæдта ин æ над æхе барæ уадзæ, æ хъйамæттæн ин аргъ кæнун гъæуй, - амонæгау загъта Зинæ.

Еугур силгоймæгтæ дæр байгъæлдзæг æнцæ. Гъеууомæй фæззæгъунцæ, мард дæр, дан, æнæ ходгæй е 'носон бунатмæ нæ цæуй.

- Нур, кизгуттæ, уотæ ходун уæ зæрдæ куд æрзагъта?

- Зинæ, æгæстæн цæргæ 'й. Уадзæ, е ба се 'носон гъезæмæрттæ еу минкъий æрцæгъдонцæ се 'рагъæй. Разæй ма сæ ци зиндзийнæдтæ хезуй, уой неке зонуй Хуцауæй фæстæмæ.

* * *

Уæззау гъудити хæццæ адæм æд уæрдун, æд гæлæмæнттæ комæй тъæпæн будурмæ ранæхстæр æнцæ. Мæнæ, рæхиси хузæн, радаргъ æнцæ Уорсдони гъæуи хæдзæрттæ. Гъæуи цæргутæй уоми ка байзадæй, кенæ ка æрæздахтæй фæстæмæ мах адæми разæй, етæ сæ хæдзæрттæй æндæмæ рацæуиуонцæ. Ка æ фур цæмæдесæй, ка ба – æ зонгитæй еске фæййинун æнгъæлдзауæй.

Тугъди фæстеуæгон дзаумæуттæй идзаг уæрдун фардæг кодта Киристонгъæуæрдæмæ. Æхебæл гъæди хуаллæгутæй, кæрдæг æма фæсали хæлæмулæй ци бæх фæддæрхуæстæй, е, æвæдзи, лæдæрдтæй, хæдзарæмæ ке цæуй. Кудзæг, бæндæнæй бастæй, æ фæдбæл худта гъоги. Бæхтæбæл ци лæг исахур æй, е уидта гъоги устур, æууæндагæ цæстити, хæдзæртти, гъар æскъæти, ездон царди хæццæ фембæлди цийнæ.

- Кудзæг, Уорсдонæй немуц рандæнцæ, - æнцон уолæфт искæнгæй, загъта Астемур.

- Зинæ, ракæсай, нæ гъог нæуæгæй райгурæгау куд байгъæлдзæг æй, - Кудзæг æхуæдæг дæр уомæй минкъийдæр нæ цийнæ кодта.

- Цал мин анзи æй адæймаги цори, Любæ?! Дæ гъогбæл базуртæ базадæй, мæ кизгæ, - байдзулдæй Зинæ.

- Мадта куд, мамæ, - нæхемæ цæуæн…

- Алик, нæма бафæллад дæ? Толик æма Валя ба кæми 'нцæ?

- Мах ами ан, - æхе бавдиста Толик.

- Кудзæг, Юри нæ уинун, - зæрдæхсайгæй загъта Зинæ.

- Буруси хæццæ Дур-Дурмæ рандæнцæ, Алани ниййергутæн фегъосун кæнунмæ. Фæддин æй иронх дæн зæгъун.

- Ду некæд неци иронх кæнис. Хъæбæр хуарз, ке сæ рарвистай.

Марклен цудæй Астемури æмвæрстæ. Нидæнæй дзубандитæ кодтонцæ.

- Тугъдмæ дæ фæндуй, æви еци карæн нæма дæ?!

- Гъай-гъайдæр, - загъта Марклен, - Юри асæн ку уайнæ, уæд фæстæмæ дæр нæ фæккастайнæ.

- Кудзæг, - æрбайгъустæй кедæр дзурд хæдзари рази къелаæрдигæй, - дæ къуар бауорамай. Немуц, сумах фæййингæй, фур тæссæй ледзæги фæцæнцæ. Рæстæг уин ес, картоф рафицон, еститæ ракомидзаг кæнæн, еугурей фагæ дæр уодзæнæй.

- А-а, е ду дæ, Таймураз, - исциййнæ кодта Кудзæг, - танкитæ размæ рарвистай, дзармадзантæ 'ма хуæдтæхгутæ ба дæ бардзурдмæ æнгъæл кæсунцæ.

Кæрæдзей нихъхъури кодтонцæ.

- Йа, зæронд бундзæфхад, ами ци рабадтæ?

- Дæу хизтон, цæмæй дууæ бундзæфхади бауæн.

- Дæ цæуæт куд æнцæ? – зæрдæй рафарста Кудзæг.

- Тохунцæ, есæн си финстæгутæ.

- Æз ба – нæ!

- Ма тухсæ, Кудзæг, алцидæр хуарз уодзæй.

- Хуцау зæгъæд! Цæй, дзæбæхæй бал изайæ, мах цæуæн.

- Æфсæрмий загъд уин нæ кæнун, еблагъуæ…

- Нæ, нæ, «бурæгойтæй» тæссаг æй сувæллæнттæн.

Уорсдонæй Киристонгъæуи астæу, æмбес надбæл, уæрдун æма адæм æрлæудтæнцæ. Силгоймæгтæ ниуæгæ 'нцæ. Фæззиндтæй фуси фид, бæлццæнттæ кæрæдземæн хæйттæ лæвардтонцæ, исигъæлдзæг æнцæ.

- Гъенур ма нæ цæнхæ ку уайдæ, - æ зæрди фæндон загъта Любæ.

- Гъенур ма нæ арахъ ку уайдæ, - æхе зæрди фæндон исгъæр кодта Кудзæг.

Буруси финддæсанздзуд хуæрæ зæнхæй раистадæй:

- Кудзæг, мæ мадæ Варицгæ, - ду æй зонис – хъæбæр хуарз арæхътæ кæнуй. Ку бабæй рауадза, уæд дин æз æрбахæсдзæнæн.

- Æвæдзи си дæхуæдæг дæр равзурстай…

Еугурæй дæр ниххудтæнцæ.

- Мæ арæхътæй мин ескæд исахустай? – бандиудта бафæрсун Варицгæ.

- Куд нæ! – загъта баба.

- Астемур - ме 'вдесæн, гъуди ма 'й кæнис, Серка æ фурт Ермакæн уосæ ку худта?

- Куд æй нæ гъуди кæнун, еци рæстæги ду дæ ниуæзтæ

фæццубур кодтай, æрмæстдæр æртæ агувзи баниуазтай.

- Гъулæггагæн, - загъта Кудзæг, - замманай бор арахъ адтæй. Уой дæр ма гъуди кæнис, Буруси куд сайдтан, уæдта Рити. Мæнмæ кæсгæ, Рити? – фæддузæрдуг æй Кудзæг.

- Гъо, мæн, - æфсæрмихузæй загъта Ритæ.

- Еци арæхътæ æз искодтон, - фæннифсгундæр æй Варицгæ.

- Мæнæн уæд æртæ агувзебæл не 'рлæудтæй мæ гъуддаг, - æ армитъæпæнтæ кæрæдзебæл расирт-сирт кæнгæй, хатдзæг искодта Астемур.

Дзерассæ дæр æ кизгæ Уарзети хæццæ и къуари астæу бадтæнцæ. Кизгæ æрхун кодта. Юрæ ци фæцæй, уой бæрæг нæ зудта. Кæд, миййаг, Буруси хæццæ фæллигъдæнцæ, зæгъгæ, гъуди кодта. Любæ Уарзети зæрдæ лæдæрдтæй æма гъæрæй æ фиди бафарста:

- Папæ, Юрæ ба кæд æрбацæуудзæнæй?

- Юрæ Буруси хæццæ Дур-Дури æнцæ айфонмæ. Алани ниййергути иссердзæнцæ, кæми нигæд æрцудæй, уой син байамондзæнцæ, æнхус ести ку гъæуа, уæд сæмæ фæккæсдзæнцæ.

Уарзетæ бози каст бакодта Любæмæ.

- Баба, мах биццеути хæццæ Киристонгъæумæ раздæр цæуæн, кæд æнгъезуй, уæд. Хуæрун нæмæ нæ цæуй.

- Алик, неке некумæ цæуй æнæ махæй! Силгоймæгтæ, сувæллæнттæй маке рауагътæ, уе 'нгæс сæмæ даретæ. Ци си мурхетæ афонæй раздæр? Майдима гъæу минитæй ефтигъд æй?!

Уæлдæфи скъотгæнгæ разиндтæй дууæ немуцаг хуæдтæхæги. Астемур рафæлорс æй æма Кудзæги цори балæудтæй:

- Атæ махæн фидбилизи хуасæ 'нцæ.

Хуæдтæхгутæ фæстæмæ фездахтæнцæ, фæнниллæгдæр кодтонцæ æма фæллад уадзæг адæми сæрмæ æрзилдæнцæ еу хатт.

- Силгоймæгтæ, фæйнердæмæ рапурх уотæ, сувæллæнтти гъæуай кæнетæ, - гъæр кодта Астемур.

- Цæмæз ба ци æрбацæй?

- Кудзæг, æхецæн хецау æй, Киристонгъæумæ ницъцъилинга кодта.

- Сугъдæ 'йбæл ку не 'ссудæй, бæхтæ раздахтайдæ.

- Папæ, мах сæ Толикки хæццæ æдас рауæнмæ баеуварс кæндзинан, - Марклен æма Толик бæхмæ фæууайунцæ.

- Баба, ма тæрсæ, нæ нæ исæргъæвдзæнцæ, - æвзиста

арвæрдæмæ Алик.

Еудадзуг карз æхсти фатадзагъд зæнхæрдæмæ ниййарцæ 'й, фæтти исæмбалдæй зæнхи арф цъæсгитæ райзаидæ.

Силгоймæгтæ фæдес æма цъах-цъах кодтонцæ, сувæллæнтти сæ «базурти» буни римахстонцæ.

Хуæдтæхгутæ фæййаууон æнцæ.

- Таймураз раст загъта. Æз зæронд къулдзах дæн, фæндæ мæ адтæй, цæмæй адæн хормæ сæхе батавонцæ æма кæдзос будур равзурстон.

- Кудзæг, еци цъаммартæ æнкъæйттæй нæ тæхунцæ, фал къуæрттæй.

Фæззиндтæй ма никкидæр дууæ хуæдтæхæги.

- А, Хуцау, банæгъæуай кæнæ! – искувта Кудзæг.

Æнкъай хуæдтæхгутæ уæлдæфи æздæхун байдæдтонцæ.

- Атæ нин ци кæнунмæ гъавунцæ, полигон исаразтонцæ ами? – зустæй сæмæ æ лæдзæг ниттилдта Астемур.

Марклен сурх гобани цъари хæццæ æрбауадæй æма 'й уолæфæн фæзи астæу райтудта.

- Папæ, кæд æй нæ уинунцæ, мах хумæтæг адæн ке ан, уой. Дзиуари хузæ син искæнæн. Нуртæккæ ма æз...

Кудзæги цæсгони хузæ æвеппайди фейййивта. Арф гъуди кæнунмæ рæстæг æгириддæр н' адтæй.

- Зинæ! – фæгъгъæр кодта е. – Дæуæн сурх пъолци ку ес.

Балæдæрдтæн, зæгъгæ, гобани цъари размæ фæуайуй.

Кудзæг æ фæсте фæррасг æй. Зæронд лæгæн дуйнебæл еци зæронд уосæй хъазардæр неке адтæй. Нæ адтæй! Сауæнгæ ма аци усми æ фуртти дæр æрбайронх æй. Уоми цудæй мæлæти тох, фал си фæййервæзæн, уодæгасæй исæздæхæн дæр адтæй. Æгас тугъдонтæ бабæй куд фæццагъди уодзæнæнцæ?! Ами ба адтайдæ æнæмæнгæ мæлæт. Æнæзмæлгæ нисан исæргъæвунмæ бæстæ нæ гъæуй. Зинæ æрхъан æй гобани цъарæмæ цæхгæрмæ æма зæнхæбæл сурх дзиуарæ ниббæрæг кодта: е 'мбес – уодæгас адæймаг!

Кудзæг дæр æ рази æрхъан æй.

- Зинæ, ци ракæнæн мадта, кæд нæ немуц балæдæриуонцæ.

- Ду цо, Кудзæг, дæхе ма исафун кæнæ, ду адæми гъæугæ кæнис, - æ гъоси ин бадзурдта Зинæ.

- Ду ба мæн гъæуис! Мæ хъазар адæймаг, - дзурдта зæронд лæг, - нур ду ба цæй туххæй æвзарис аци фуддзийнæдтæ? Хуцау, уой

бæсти мæн райсæ, æз цæттæ дæн, мæ сугъзæрийни къæрт, мæ уарзон адæймаги ба мин фæййервæзун кæнæ. Зæронд къулдзах! Гъенур аккаги рæстæг иссердтон фæтти бунмæ зæрди дзубандитæ кæнунмæ. Раздæр мæбæл цума бон н' адтæй…

Зинæн æ зæрдæ истæлфтæй, асæст хъурихаттæй загъта:

- Уæхæн дзубандити фæсте æз цæттæ дæн бомбити амæттаг баунмæ… фал мæ берæ ке уарзис, - дзурдта идарддæр и уосæ, - уой ба нæ еумæ царди дæргъци алкæддæр æнкъардтон.

- Иронх ди ма уæд, цуппар фурти æма мин дууæ кизги ке балæвар кодтай, е.

Цума фалдзости фæттæ дæр не 'халдæнцæ уæдта тугъд дæр некæд адтæй, уотæ кастæй дууæ зæрондемæ. Етæ кодтонцæ сæхе сосæг дзубанди. Кай зонуй, æма ма сæрæй, арви, хуæдтæхгутæ зилдæнцæ адæни æхсунæрвонгæй. Магъа?!

Зинæ раистадæй.

- Мæнæ ци æмпъурдтæ 'й мæ цæсгон, фудконд. Мæ пъолци дæр – еугур æнхъирдтæ.

- Дæуæн фудконд уæн нæййес! – уой фæсте ба ма бафтудта æ дзубандитæбæл, арвмæ кæсгæй:

- Æппундæр нин неци ракæндзæнцæ!

Æвеппайди Астемур, лæдзæгбæл æнцойнæ кæнгæй, хедæй, пихцилсæрæй, цидæр æнахури æверхъау фезмæлдæй райахæста, Кудзæгæн арахъ æрбахæссунæй зæрдæ ка æвардта, еци кизги æма 'й æ гурæй рамбарзта. Еу минути фæсте дуйне ниссабур æй.

- Фæттарстæн, - кудтæй кизгæ, - мамæ фæммард æй.

Кудзæг æма Зинæ уони размæ батагъд кодтонцæ.

Æнцад уæлдæфи фатау ратахтæй Кудзæги ехин фарста:

- Ка фæммард æй?

Куд рабæрæг æй, уотемæй – неке.

- Мадта и кизгæ ба ци дзурдта?

-Æррæстæ ме 'нгулдзæ фæццæф æй, - исистадæй зæнхæй Варицгæ.

- Хуцауæй арази, - загъта Кудзæг æма силгоймаги æнгулдзæмæ æркастæй. – Арæхътæ ма уадздзæнæ?

- Гъай-гъай, æнæмæнгæ.

- Мæ хаймæ æнгъæл кæсдзæнæн, - загъта Кудзæг.

- Ма мæбæл нихходæ, Астемур, æз Зинæн æрмæст нур загътон, куд ибæл гъуди кæнун, уой, - Кудзæг фæкъкъехгомау æй, æма æ къох ракъуæрдта, - берæ 'й ке уарзун, уой ин иской кодтон.

Астемурбæл ходæг бахуæстæй…

- Еци дзурдтæ дæ зæрдæй ниллæмаруни туххæн уæ киндзæхсæвæри хуæдтæхгутæ гъæуама адтайдæ.

- Бахатир кæнæ, - фенкъард æй зæронд лæг. – Мæн рæстæг раевгъудæй.

- Ци, уой зонис? Уарзондзийнадæ раргом кæнун алли уавæри дæр æнгъезуй. Ду æй фæтти бунмæ бавдистай, æз ба 'й некæд исгъæр кодтон, кæд мæ бийнойнаги хъæбæр берæ уарзтон, уæддæр. Дигорон карз æгъдау! Куд хестæр, уотæ дæуæн ба арфæ кæнун. Адæймагæн æхцæуæн, фæлмæн дзурд зæгъунæй æфсæрми кæнун нæ гъæуй, бустæгидæр ба – хъазар адæймагæн.

Кудзæги цæсгом фæррохс æй. Хуæдтæхгутæ сæ ке неци исзæран кодтонцæ, уомæй амондгун адтæй. Игъæлдзæгæй бафеппайдта:

- Нæ рагфиддæлтæ – Ас-Дигорæ – Аланти тауæрæхътæ æма истори мингай æнзти сæрти кæми рахастан, уоми нин немуц ба нæхе арахъ иронх кæнун кæнуй?!

- Неци уи рауайдзæнæй, - дзурд райста Астемур, æ протезмæ амонгæй. Фат ин ибæл исуадæй æма и гъæдин къах æрдæгмæ фæппурх æй.

- Гъома дин æз нæуæг протез балæвар кæнунмæ ку гъавтон, 'ма не сарази дæ, зæронд хъебургъæ.

- Аци хатт дин си «нæгъ» нæбал зæгъдзæнæн, зæронд къулдзах. Тугъд ку фæууа, уæд мæ нæуæг «къахæй» сæнттадæ кæндзæнæн.

Зæронд лæгтæн сæ зæрдитæ аци хатт рохс адтæнцæ.

- Баба алкæддæр ниуаздзæнæй арахъ, - райгъустæй Аликки дзорун. – Уотæ ку загътай, æртæ агувземæй фулдæр некæдбал баниуаздзæнæн.

- Æз дæр уой бæрцæбæл арази дæн. Еу сæрæн æхсæзсæдæ грамми лæгъуз нæ уайдæ. Æртигай агувзитæ ниуазгути къуармæ мæн дæр ниффинсæ, Алик, - нихходтæй Астемур.

Уорсдонмæ надбæл цудæй еу æригон адæймаг. Ку æрбахæстæг æй фæллад уадзгутæмæ, уæд син «бонхуарз» загъта.

- Немуц Киристонгъæуæй кæд рандæнцæ, - бафарста Алик.

- Етæ ма нур дæр уоми 'нцæ, - загъта лæхъуæн.

- Куд уоми? Рамазан ба… - бадесгæнгæй исдзурдта Астемур.

- Е дæр æй, æвæдзи, ескæмæй фегъуста, немуц рандæнцæ, зæгъгæ, - бадугъ-дугъ кодта Кудзæг.

- Гъæдæмæ нæбал раздæхдзинан, - медхъурдохæнгæнгæй,

загъта Астемур.

- Рæстæг фæууазал кæнуй, - Астемури гъуди фæббундорондæр кодта Кудзæг, - нæбал бафæраздзинан уоми. Цæуæн гъæумæ. Æтдзæй, Астемур?

- Фæццæуæн, ами æгæр игон бунат æй, къæхти буни ан.

* * *

Еугурæй дæр æвæстеуатæй сæхе рарæвдзæ кодтонцæ цæунмæ, хуæдтæхгути фæззиндбæл дзоргæй.

- Хуарз æма уæддæр бомбитæ не 'ркалдтонцæ, - цийнæ кодтонцæ силгоймæгтæ.

Немуцæгтæмæ алли листæг миуæ дæр нимад æй. Мотоцикл дууæ лейтенантей хæццæ фæдæсмотæг куйтау еу зилд æркодтонцæ лагердзаутæбæл, уæдта фæййауон æнцæ.

Кудзæг Буруси нанай рауидта æма æ размæ бацудæй.

- Серка, алцидæр хуарз æй, еугур дæр дзæбæх æнцæ, æз сæ Юрки хæццæ Дур-Дурмæ, рохсаггаг Алани ниййергутæмæ фервистон и уæззау хабар фегъосун кæнунмæ. Рæхги сæ ардæмæ гъæуй.

- 'Ма Алан ба ци кодта?

- Бомби фехæлдæй æ къах рахаудтæй æма 'й нæ бон фæййервæзун кæнун нæбал иссæй.

- Аци хуæддзо иуазгутæ нæ кæдмæ гъезæмарæй мардзæнæнцæ?! Йа, Хуцау, батæрегъæд кæнæ! – искувта и уосæ, æма æ цæстисугтæ æруадæнцæ.

- Дзæбæх бал уо, Серка, гъуддæгтæ берæ 'нцæ.

- Æз Киристонгъæуи райгурдтæн, ду ба, Акъоти Кудзæг, аргъауæндони архайæг дæ, дингунти хори дæр фæззарис, фал нæ кæрæдзей дзæбæх нæ фæсмæрæн.

- Зардтон, - гузавæгæнгæй, загъта зæронд лæг.

- Цæй, мадта, лæхъуæн, Хуцау дин райарфæ кæнæд, адæми ке багъæуай кодтай, уой туххæй. Студент ба фæррохсаг уæд, зæнхæ ин пакъуйау фæлмæн уæд... - загъта Серка Кудзæгæн.

Колдуарæй рахизтæй Хæмæт, Кудзæги кизгæ Люби хецау.

- Еугур дæр сæрæгас айтæ? – рафарста Хæмæт.

- Хуцауи фæрци, - дууæ зæронд лæгей астæу цидæр итинг рахастдзийнæдтæ ке адтæй, е Кудзæги дзуапбæл бæрæг адтæй. Æвæдзи ин Хæмæт æ кизги æртæ минкъий сувæллоней хæццæ ке ниууагъта, уой туххæн имæ дæндаг дардта.

- Уой мин балæдæрун кодтайсæ, гъæдæмæ дæ сувæллæнтти

хæццæ ке цæуис. Любæ, æ фур катаййæй, ци кодта, уой дæр нæ лæдæрдтæй, уотемæй æй баййафтон.

- Ку дин æй загътон, гъог дæр ма син ку ниууагътон, нæбал æй гъуди кæнис, æви… - загъта Хæмæт.

- Цæмæдæргæсгæ уотæ гъуди кодтон, æнæ махæй, зæгъгæ, нæ рандæ уодзæнæ.

- Мæн бæрнæхсти æртæ устур кизги ес: Разитæ, Ленæ æма Ремæ – мæ хуæри кизгæ.

- Гъо, гъо-о! – ниййнæфтæй Кудзæг. – Хуæруйнаг ба уæмæ ести ес?

- Тугури ес хуар, дзæхæрай ба картоф баримахстон. Немуцæгтæ неци гъæуагæ 'нцæ, мах мæгур хуæруйнæгтæмæ æнгъæлдзау нæ 'нцæ.

Минкъий дуарбæл тургъæмæ бацудæнцæ Любæ, Толик, Марклен æма Алик æ хуæрæ Вали хæццæ. Хæдзари дуар кадæр ратъæпп ласта.

- Ка нæмæ æрбацудæй? – рагæппитæ кодтонцæ æндæмæ Ленæ, Разитæ æма Ремæ. – Не 'нсувæри цæуæт гъæдæй æрцудæнцæ. Гъæйдæуай, ци нин æрхастайтæ?

- Фæлладдзийнадæ, кизгуттæ, - тузмæгæй загъта Кудзæг. – Æрмæстдæр фæлладдзийнадæ!

Сувæллæнттæ кæрæдземæн хъуритæ кодтонцæ. Ремæ æма Любæ дæр кæрæдзебæл сæхе ниттухтонцæ, цийнæгæнгæй.

- Кæстæртæ, уæрдунæй уæ дзаумæуттæ раесетæ, махæн цæун афонæ 'й нур, - загъта Кудзæг æма хæдзари хецаумæ е 'ргон бахатта:

- Хæмæт, Любæ ма дæмæ уайсадгæ кæнуй нури уæнгæ дæр?

Хæмæт Любæмæ дзоруй:

- Ду мæ киндзæ дæ?

Гъо, зæгъгæ, Любæ æ сæр аразий тилд бакодта.

- Къанфеттæ уодзæнæнцæ фæстæдæр, нур ба мæмæ гъæуама исдзорай. Дæуæн сувæллæнттæ ес махмæ.

Тургъæмæ æрбахизтæй Зинæ.

- Ци хуарз адтæй, - нидæнæй исдзурдта Ремæ. Сувæллæнттæ Зинæбæл æрбатумугъ æнцæ æма уой цорæй Любæмæ дзорунцæ:

- Мамæ, зæгъай, - исбиттир æй Алик, - «гъæди адтæй хъæбæр лæгъуз».

«Гъæди адтæй хъæбæр лæгъуз», - баурдуг æй Любæмæ Марклен дæр.

Силгоймаг нифсæрми æй. Гъо, е ин фæлварæн адтæй: хецауи цори исдзорун… Синхæнттæй Хæмæтмæ хонæг - æндæр гъуддаг

ку уидæ, уæддæр Любæ сувæллæнтти райагоридæ, цæмæй хæдзари хецауæн етæ фегъосун кæнонцæ хабар.

- Мамæ, - истъифстæй Валя, - «гъæди адтæй хъæбæр лæгъуз!»

Любæ æхе фæббæгъатæр кодта, æма, раст цума сæрисæфæн билæмæ бакъахдзæф кодта, уоййау исдзурдта: «Гъæди адтæй хъæбæр лæгъуз!»

Еугур дæр нирдзæф кодтонцæ, Любæн арфитæ кодтонцæ.

- Хуарз бакодтайтæ, - загъта Кудзæг, - цæй, махæн афонæ 'й, - Хæмæти 'рдæмæ базилдта е 'ргон:

- Цæмæй дæхе æцæг хецауæй æнкъарай, уой туххæн ба уин гъæунги бастæй лæууй гъог.

- Арфæгонд уо, дæ лæвар берæ уæд! Сувæллæнтти æхсир гъæуй, - загъта Хæмæт.

Зинæ, Кудзæг æма Марклен дуармæ фæццæунцæ.

- Гъо, - æхе разилдта Кудзæг, - нартихуарæй уæмæ фæккæсдзæнæн.

* * *

Сувæллæнттæ картоф æстъегъун байдæдтонцæ, Хæмæт ба гъоги гъуддаг кодта. Тургъæмæ 'й æрбаздахта. Катайгæнгæй гъуди кодта, кæми 'й баримæхса, уобæл. Æппунфæстаг æ зæрди æрæфтудæй, уæрмæмæ 'й никкæнон, зæгъгæ. Гъосинæй æхгæд минкъий тапкай буни адтæй дуар.

Хæмæт Толикмæ фæдздзурдта. Æртиндæсанздзуд Толик нæ лæдæрдтæй, бабай уомæй ци гъæуй, уой.

- Цæмæй нин немуцæгтæ нæ гъог ма бахуæронцæ, уой туххæн æй римæхсæн, - балæдæрун ин кодта зæронд лæг.

- Баба? – фæттарстæй Толик.

Тургъæмæ æрбацудæй автомати хæццæ рацæргæ немуцаг. Сержант æй, зæгъгæ, бафеппайдта æ меднимæр Хæмæт. Ани сæхе бæрагæ бауадзæ, уæд кунæг цидæртæ нæ кæниуонцæ!

Колдуар байгон æй, машинæ æнæфсæрмæй тургъæмæ бацудæй. Немуцæгтæ, си, еу сæдæгай литртæ кæми цудайдæ, уæхæн дууæ боцикъай æргæлстонцæ, тапкай бунмæ сæ базилдтонцæ, сæ сæртæ син фефтудтонцæ.

Толик æ цæститæбæл нæбал æууæндтæй. Еуеми адтæй царв, иннеми ба – цæхгунгонд кæсалгæ.

«Картофи хæццæ хуæрунмæ, - æ били дæнттæ æруадæнцæ зæронд лæгæн. – Уæ хай берæ!»

Машинæ рандæй, æндæр бабæй æрбацудæй.

«Цæлгæнæн», - æ меднимæр бабæй загъта Хæмæт.

Машинæ æрлæудтæй, уæрми уæнгæ æнхæст нæ бахъæртгæй.

Рагæпп кодта Алик. «Цæлгæнæни» шофир рандæй.

- Киндер, - фæдздзурдта сержант, - киндер, ком.

Алик Хæмæти фæсте æхе раримахста:

- Лæгъузтæ цæмæн дзоруй?!

Немуцаг тапкай бунмæ бацудæй, æ дзиппæй хиринкъа исиста æма ин æ фий кæсалги рацавта.

Алик æ размæ бацудæй. Сержант биццеумæ кæсалгæ балæвардта æма ин хæдзари дуармæ райамудта. Алик фæммедæг æй. Уой фæсте ба немуцаг бацудæй аварæмæ. Еугурæй дæр фесхъиудтæнцæ сæ бунæтти.

- Кæсайтæ, - Алик кæсалгæ æвдиста, - аци лæг мин æй равардта.

Сержант æ дзиппити ракъахта, хузæ исиста æма уруссагау исдзурдта.

- Переводчик, - загъта е, - нехороший, плохо знаю русиш. Семья моя… - æ дзурд нæ фæцæй. – Киндер твои?

- Мои, мои, - ниссурх æй мамæ.

Цæлгæнæни скъаппмæ бакастæй, тæбæгъ си райста:

- Ком, ком, - фæдздзурдта Аликмæ, тапкай бунмæ 'й рахудта, царвæй æй райдзаг кодта æма 'й биццеуи къохти бакодта.

- Мамæ, царв! – цийнæгæнгæй æй медæмæ бадавта Алик.

Каргун немуцаг лæг бабæй хæдзарæмæ бацудæй æма хузист арæхсгай райста.

- Хорошие дети, - загъта мамæ.

- У вас тоже хорошие дети, - хиринкъа исиста æ дзиппæй æма 'й Аликкæн балæвар кодта. – Один человек не может завоевать мир, если даже он фюрер. Гитлер капут, - зæгъгæ, загъта æма гъæунгæмæ рацудæй.

- Ци хуарз æй, - загъта Алик, - картоф, царв, кæсалгæ! Паддзæхтæн дæр уæхæн хуæруйнæгтæ нæййес. Никки ба ма – кард!

- Толик, - багъæр кодта Хæмæт хæдзарæмæ.

Гъоги уæрмæмæ кæнун байдæдтонцæ, фал е талингæмæ нæ кумдта æма ниууаста. Нæуæгæй бабæй гъæунгæй æрбацудæй еци сержант. Гъог æ къæхтæ ниббуцæу кодта. Хæмæт ин амундæй цидæртæ лæдæрун кодта, меднимæри ба гъогбæл æ къох байвардта.

Сержант сæ размæ бацудæй, е стур дзиппæй фанар исиста,

уæрмæмæ  ниххизтæй æма исрохс кодта.

Гъог адæймаги ку рауидта, уæд æнцонтæй ниххизтæй. Хæмæт ин нартихуари хъæлнæгътæ ниввардта уæдта дон бадардта.

- Кушайт, - загъта сержант. - Старик, мы скоро нихт, уйдем, зачем корову закрыл? У нашей армии продукты очень много, ты решил… хорошо, - æма рандæй.

Дуккаг бон сæ «цæугæ цæлгæнæн» искуста.

Толик æма Алик кастæнцæ къæразæй, кизгуттæ гекъунатæй гъазтонцæ.

- Байзонай, цæй тæф æй? – бафарста Алик.

- Дæу ба губунæй æндæр неци гъæуй. Дæумæ гæсгæ еугур немуцæгтæ дæр еци сержанти хузæн хæларзæрдæ æнцæ?

- Алкæмæ дæр, æвæдзи, ес хуæрзтæ дæр æма лæгъузтæ дæр. Кæсай, Толик, уæртæ нæ немуцаг.

Кизгуттæ батухстæнцæ.

- Дæ немуцагæй тæвди цумд ракорай, - загъта Разитæ.

- Мæн дæр гъæуй, - загъта Ленæ.

- Тæвди цумд мæнæн дæр, - балигъзтæ кодта Ремæ.

- Мæнæн ба… - курдта Валя дæр.

- Алек, - æрбайгъустæй гъæр тургъæй.

- Цо, дæумæ дзурдæуй, - загъта Толик.

- Я Алик.

- Немуцмæ Аликти Алектæ хонунцæ. Цидæр æнахур æнцæ, нæ сæ балæдæрдзæнæ, - загъта Разитæ.

Алик тургъæмæ рауадæй.

Сержант Аликки къохти хъалац басагъта æма 'й агæмæ ради рæнгъæбæл æрлæууун кодта. Кизгуттæ къæразæй кастæнцæ.

Аликки радæ ку æрхъæрттæй, уæд æй æ фæсте лæууæг немуцаг хæрдмæ исиста, хуæруйнаггæнæг ин æ хъалац байдзаг кодта, уæдта æгас дзол равардта. Еу салдат ба ма ин æ дзоли сæрбæл шикъалади плиткæ дæр ниввардта. Алик игъæлдзæгæй, хуæдбозæй бацудæй хæдзарæмæ.

- Ци дæ гъæуй, уой зæгъæ, æхсир дин хæссуй сæгъæ, - низзардта Алик.

- Толик, цуппар хуарз немуцаги бал базудтон: зæронд сержант, хуæруйнаггæнæг, хъалаци хæццæ мæ ка исиста, уæдта мин шикъалад ка равардта…

Алли бон дæр, салдæтти рæфтади агъоммæ, сержант Аликмæ фæдздзоридæ.

- Алек, - дзурдта сержант, - обед!

- Алек, - хуæруйнаггæнæг дæр сержанти бафæнзидæ, - ком, ком, обед!

Еу бон ба сæмæ сержант раздæр æрбацудæй. Хуæруйнаггæнæг æ аги гъуддæгтæ кодта. Хæмæт хæдзари ку нæ уидæ, уæд сержант Аликмæ фæдздзоридæ:

- Где баба? Алек, скажи правильно.

- Ба…ба, - дзурди дуккаг иуонгбæл ранцаидæ биццеу, - «æвæдзи æхе киндертæ æ зæрдæбæл æрлæудтæнцæ», - гъуди кодта Алик.

- Меня зовут Курт. А где Хаймат, позови его.

Хæмæт æма сержант берæ фæдздзубанди кæниуонцæ. Баба ин æвдиста косæндзаумæуттæ: æхсирф, къæпе, пахса æма æндæр уæхæнттæ. Алик автоматмæ кастæй. Сержант ин æ каст райахæста, исистадæй, биццеуи реубæл æй рабарста æма æрауигъта.

- Баба, - æ цæститæ цæхæртæ искалдтонцæ Аликкæн, - хуæдтæхгутæй нæ ку æхстонцæ, уæд мæмæ автомат ку адтайдæ, уæд сæ æз æргæлстайнæ.

Алик дзидздзибогай хузæн тургъæбæл æрзилдæй. Хуæруйнаггæнæг фур тæссæй æ къохтæ уæлæмæ исдардта:

- Ахтунг, - тарст гъæр фæккодта, - нихт, нихт, бух… бух, - æма байдзулдæй.

- Вот, что не нужно человеку, - æ гъудитæ ихалдта Хæмæт Куртæн.

- Я, я, - исарази æй сержант, - правилно, не надо бух… бух, - бафæнзта хуæруйнаггæнæги дзурдтæ.

Иннæ бон дæр бабæй Курт рагигомау æрбацудæй. Хуæруйнаггæнæг аги бунмæ уæд райдæдта æндзарун.

- Алек, - фæдздзурдта бабæй биццеумæ æма Хæмæти цормæ фæццæуй.

Алик тургъæмæ рагæпп ласта.

- Дæ бон хуарз, - загъта биццеу немуцагæн.

- О, это уже не руссиш!

- Это он тебя приветствует по-дигорски.

- О, есть такой язык?

- Мы же разговариваем на этом языке!

Курт е 'нæкæрон дзиппитæй есгæ цудæй шикъалæдтæ, печенитæ, дууæ къалай фунх æма гъæст фиди хæццæ.

- Домой, - загъта Курт.

Сæумæй Алик цидæр æрбацæй. Еугурæй дæр фæттарстæнцæ,

биццеуæн æхецæй уæлдай. Е цудæй æ баба Кудзæгмæ. Æ къохти хаста дзæкъолæ минкъий кæстиронки хæццæ. Зæронд газетти гæппæлти ма цидæртæ тухт дæр адтæй. Минкъий лæг цудæй сæрустурæй. Бæрæг ибæл адтæй, хъæбæр ке тагъд кæнуй. Е хаста æ дзæкъоли дууæ кæсалги, царв, еу къансерви къала фиртони фиди фунх, гъæцæнтæй гъæст. Е тагъд кодта, æхецæй ниббоз уогæй.

Æнæнгъæлæги танк рауидта. Танк трактор нæй, зæгъгæ, рагъуди кодта. Хæстæгдæр имæ бацудæй:

- Е дин дзармадзан! Нæхеуæнттæмæ дæр ес уæхæнттæ, никкидæр ма устурдæртæ.

Танкиститæ танкбæл æртумугъ æнцæ, цидæртæ ин кустонцæ, æвæдзи 'й цалцæг кодтонцæ. Биццеу, фæйнердæмæ гъæуæйттæ кæнгæй, идарддæр æ цуди кой кодта. Немуцæгтæ цума сæ хæдзæртти адтæнцæ, сæхе уотæ дардтонцæ. Волейболæй гъазтонцæ. «Минкъий бахезетæ, нæхеуæнттæ æрбацæудзæнæнцæ æма уи уæ къозо феронх уодзæнæй», - зæрдæ син æвардта биццеу.

...Кудзæг тургъи сир-сир кодта.

- Баба, - багъæр кодта Алик, - цидæртæ уин æрбахастон.

- Кæцæй фæддæ ду ба? Зинæ, ракæсай, ка нæмæ æрбацудæй!

Нана рацудæй, нихъхъури кодта биццеуи, фæрститæ 'й кодта сæ хабæрттæбæл:

- Куд айтæ, сæйгæ уи неке кæнуй, цæмæй цæретæ?

Кудзæг дæр æй æ хъури ниттухта уæдта ин æ гъос исивазта:

- Æвæдзи, æнæфæрсгити рацудтæ?

- Баба, æз нур устур дæн. Кæсай, ци уин æрбахастон...

- Ци дæ бон æй æрбахæссун? Уæхуæдтæ...

- Кæсалгæ, - æма Алик кæстиронки сæр фегон кодта.

- Кудзæг, ци дзæбæх тæф кæнуй, дор дæр имæ нæ ниллæудзæнæй, - загъта Зинæ.

- Фид, царв... - иста хуæруйнæгтæ æ дзæкъолæй Алик.

- Фæстæмæ сæ ниввæрæ, - исдзурдта баба. – Кæми дин адтæнцæ? Гъеуæуой гъæуагæ ма дæн, æма мæ минкъий биццеути цар æстъегъон! Кæсалги хуæрздæф – мах, иннетæ ба... Зинæ, батохæ ин сæ фæстæмæ.

- Нæгъ, - фæгъгъæр кодта Алик, - нæ сæ райсдзæн, махмæ берæ ес!

- Нæ 'ймæ кæсис, Зинæ, ци хеваст æй, уомæ!

- 'Ма ин, миййаг, ке бафæнза, уæхæн нæййес, - ниххудтæй Зинæ

æма æ лæгмæ бакастæй.

- Гъæйдæуай, - Кудзæг къелабæл исбадтæй, иннæ бадæн Зинæмæ банхуæрста, минкъий къела ба – æ кизги биццеумæ, - æрбадæ æма æрдзорæ.

Зинæ æнкъардхузæй уæзæ æруагъта.

- Нана, æз сæ нæ райсдзæнæн, ацибон паддзæхти хузæн фæммийнасæ кæнетæ.

Марклен рацудæй:

- Е ба ма дин еу дессаг! – Аликки æ хъури ракодта.

- Бурус æма Юрæ тугъдмæ фæллигъдæнцæ, мамæн зæгъдзæнæ, - искудтæй нана.

- Уанцон нæй! – загъта Алан. – Ду ба ма баба мæн минкъий биццеу хонис. Автомат мæ ку уидæ…

- Зинæ, - ниттузмæг æй зæронд лæг, - нæ нивæ уойиид æй! Гъæйдæ, радзорæ, биццеу.

- Толик баба Хæмæти хæццæ гъог уæрмæмæ кодтонцæ, - Алик ниххудтæй, Кудзæги десмæ кæсгæй, - уати бунмæ нæ, фал – тургъи уæрмæмæ!

- Уонæн сæ тургъи дæр уæрмæ ес, - загъта Марклен.

- Тургъи дуар байгон æй æма немуцаг сержант автомати хæццæ æрбацудæй, уæдта æ фæсте ба машинæ тургъæмæ æрбатулдæй.

- Минкъий дуарбæл? – нæ бауорæдта æхе Марклен.

- Колдуæрттæ дæр байгон кодтонцæ, - фæймæ къæнц кодта Алик. – Дууæ дзаумауи æргæлстонцæ: сæ еуеми – цæхгун кæсалгæ, иннеми ба – царв.

- «Атæ ба сумахæн», зæгъгæ, уин нæ загътонцæ, - нæбал бабæй ниллæудтæй æма æ айуан дзурд багæлста Марклен.

- Уоми лæууæн бунат исаразтонцæ сæхецæн?

- Бамæуадзайтæ, баба, ду дæр мæ нæ лæдæрис. Юрæ Уарзети хæццæ фембæлдмæ ку цудæй, уæд уомæн дæр фусти туххæй дзурдтон, Толик фус нийиахæста, зæгъгæ, æма мæ е дæр уотæ нæ лæдæрдтæй.

- Фембæлдмæ? – æ гъостæ фæцциргъ кодта Зинæ. - Æз ба зæгъун, æхе кумæ исаразта Уарзетæ… мæ Юрик!

- Æрмæст кæугæ нæ! – загъта Кудзæг.

- Еци машинæ рандæй, «цæлгæнæн» машинæ ба æрбацудæй нæ тургъæмæ. Сержант мин уой фæсте равардта кæсалгæ, царв, уæдта нæмæ æ бийнонти – æ усæ 'ма киндерти хузист бавдиста æма ма мин хиринкъа дæр балæвар кодта. Баба, немуцаг мæн киндер

хонуй, æз уотæ гъуди кодтон, кæд мæбæл, зæгъун, гириз кæнуй, фал, куд рабæрæг æй, уотемæй уони 'рдигонау киндер биццеу æй. Марклен, ду дæр киндер дæ. Нана, уруссагау дæр зонуй еци сержант. Уотæ зæгъуй «наводчик» дæн, зæгъгæ.

- «Переводчик» - фæрраст æй кодта Марклен.

- Алцидæр зонис ду.

- Ахур ку кæнай, уæд ду дæр базондзæнæ.

- Баба, уой фæсте ба нин хуæруйнаг равардтонцæ. Æз цуппар хуарз немуцаги базудтон.

- Дæуæн æгасæй дæр «æндæр» немуцæгтæ 'нцæ. Хуæрзтæ! Æма уæд нæ нихмæ ба ка тохуй? – райбæл айуан кодта Марклен.

- Нæгъ, цуппар немуцаги хуæрзтæ 'нцæ.

- Уæ еугур æвæрæнтæ дæр ардæмæ æрбахастай, - батухстæй Марклен. – Цурд сæ рафснайæ!

- Баба, - лихстæгæнгæй, загъта Алик Кудзæгæн, - ду уотæ фæззæгъис, давун не 'нгъезуй, зæгъгæ. Фал атæ нæ тапкай буни адтæнцæ уæдта – немуц немуц æнцæ.

- Гитлер æй ку базона, æ салдæтти ин ке гаффот кæнис, уой, уæд æхе фехсдзæнæй, - худтæй Аликбæл Марклен.

- Еци надбæл ин æфтуйгæ æй, - загъта Зинæ. – Ме 'ртæ фуртей мин фронт райста. Николай сахъаттæй исæздæхдзæнæй, куд финста, уотæ. Юрæ Буруси хæццæ ку нæ фæллигъдайуонцæ уæддæр. Скъола нур фæцæнцæ каст, етæ ма сувæллæнттæ 'нцæ.

- Æрмæст кæугæ ма искæнæ.Ниндæ кæнун гъæуй, - сабурæй ин зæгъуй Кудзæг. – Ду ба, Алик, давгæ макæдбал ракæнæ. Тугъди фæсте нæмæ алцидæр уодзæнæй.

- Хуарз.

- Зинæ, картоф исфицæн, Астемурмæ фæдздзорæн, Александри Магдалини хæццæ фæххинцæн, - загъта зæронд лæг. – Ду ба, Марклен, Аликки сæхемæ исæскъæрæ.

- Æз велосипедбæл цæуæн.

- Фæстæмæ цурд фездæхдзæнæ, раги талингæ кæнуй.

- Хуарз.

Аликкæн сæхемæ фæххилæ кодтонцæ, фал нæ фæббостæ 'й.

Фондз бони фæххаста Алик хæдзарæмæ хуæруйнæгтæ. Æхсæвæй гъог радоциуонцæ. Толикмæ адтæй «хъæбуза» фанар 'ма уомæй рохс кодта, æ мадæ ба 'й дугъта. Гъог ку æрæллау æй, уæд æхсир бонмæ æртæ литри кæнун байдæдта цъиртдугъдæй. Любæ ин е 'мбес синхæнттæн лæвардта. Алик, цид, изæрæй æ

къохидзæг царв боцикъайæй æрбадавидæ еу кæсалги хæццæ.

- Цитæ кæнис? – нигъгъæр ибæл кодта Любæ.

- Мамæ, дзаумаути æрдгутæ салдæттæ хуæрд фæцæнцæ кæсалгæй дæр æма царвæй дæр. Нæ сæбæл фæббæрæг уодзæнæй.

Фæндзæймаг бон «цæлгæнæн» машинæ рандæй. Сержант тæвдхæлæфæй æрбауадæй Хæмæтетæмæ æма син «хуæрзбонтæ» разагъта.

- Выведи корову, - загъта е, - мы уходим.

Зæрæндтæ кæрæдземæн нихъхъури кодтонцæ.

- Передай привет семье.

- Если выберусь из России.

Алик тургъæмæ рауадæй æма ин Курт æ устур армæй æ сæр фæлмæн æрдаудта.

- Прощай, Алек.

- Ты хороший немец, - загъта Алик, - передай своим киндерам привет, - æма ин æ къохæй фæндараст ракодта.

Уæд æваст Аликки зæрди цидæр æрбафтудæй.

- Дядя Курт, подождите, - Алик хæдзарæмæ багæпп кодта æма уайтæкки дæр фæстæмæ ралигъдæй. – Дядя Курт, передайте мою игрушку своим киндерам. Смотри, это катушка из-под ниток, когда нитки заканчиваются, мама мне дает катушку. Просовываем резинку – она продается от трусов, через катушку, с одной стороны закрепляем, с другой рычажок, накручиваем рычажком резинку, ставим на пол и прет, как танк. На катушке нарезаем зубчики, чтобы не скользила.

Курт арæхсгай райста гъазæн, æ дзиппи 'й ниввардта, Аликки æ гъæбесмæ исиста æма Хæмæтмæ е 'ргон рахатта:

- И Гитлер хотел завоевать такой народ! Гитлеры приходят и уходят, а что нам, Хаймат, делить?

Хæмæт æ къохтæ фæйнердæмæ ракодта, æз дæр бæргæ уотæ гъуди кæнун, зæгъгæ.

Курт Аликки зæнхæмæ æруагъта æма дуарæрдæмæ ранæхстæр æй.

- Не забудь игрушку передать! – загъта Алик.

Курт дуари хуæцæнбæл æрхуæстæй, цæун æй нæ фæндæадтæй:

- Хаймат, в России говорят, что устами младенца гла… гле… не найду слова, - говорит истина. Скажи, Алек, дойду до своих киндеров?

- Дядя Курт, не стреляйте в наших, обязательно дойдете, обязательно!

- Данке, - загъта немуцаг, æ цæститæ дони разелгæй, æма, цума, изæд æ сæрти ратахтæй, уотæ нифсæйдзагæй рацудæй гъæунгæмæ.

- Мæнмæ гæсгæ, æ хæдзарæбæл исæмбæлдзæнæй, - загъта Хæмæт.

- Æз дæр уотæ гъуди кæнун, - æ бабайæн æхе хузæн дзуапп равардта Алик.

Хæмæт байдзулдæй.

* * *

Цудæй 1945-аг анз. Радио хабæрттæ дзурдта уæгъдæгонд горæтти туххæй, адæн газеттæ дæр истонцæ.

Исæздахтæй къуруйæй, уæззау цæфтæй хестæр фурт Николай. Юрæ æма Тимофеййæй финстæгутæ н' адтæй.

- Рæхги тугъд фæуугодзæнæй 'ма си еу дзурд дæр нæййес, - кудтæй Зинæ.

- Æнгъæлмæ кæсун гъæуй, - æ дæндæгутæй къæс-къæс кодта фидæ, - Николай ку исæздахтæй…

- Цæфтæй, сæйгæй, - гъарæнгæ кодта уосæ.

- Уотемæй дæр ку иссæуиуонцæ, сæрæгасæй, - искувта Кудзæг æма æ уомæл цæститæ иннердæмæ рахатта.

Немуц ку рандæнцæ, уой фæсте Юрæй иссудæй дууæ пъисмой. Еуеми финста, Буруси хæццæ, дан, цубур рæстæги æмгъудæй ахур кæнун пулеметæй æхсæги дæсниадæбæл. «Папæ, лейтенанттæ уодзинан. Ду ба мин уотæ дзурдтай, де 'хсир, дан, дæ комикъолтæбæл ку нæма басор æй. Мамæ, тухсгæ ма кæнæ, исæздæхдзæнæн Уæлахези хæццæ. Куд æнцæ нæ хеуæнттæ? Æнсувæртæй ести хабар ес?..»

Иннæ пъисмо финста лейтенант уогæй: «Немуци дæрæн кæнæн, Сталинград нæ ратдзинан, фашистти фæссордзинан. Бурус дæр афицер иссæй. Мæн барнæхсти бакодтонцæ пулеметæй æхсгути взвод».

- Зинæ, - æ фурттæй сæрустур уогæй, дзурдта Кудзæг, - нæ нæ фæхходуйнаг кæндзæнæнцæ, мах адæмæн басæттæн нæййес. Автомат радтай Маркленæн?!

- Аликкæн дæр æй радтай, - бозæй загъта Зинæ, - кунæг дессæгтæ нæ ниммурхдзæнæй!

- Е æй, Уæлахезмæ тундзуни еумæйаг нифс. Еумæйаг! – баханхæ кодта Кудзæг нæуæгæй. – Æз мæхуæдæг дæр... уæддæр бæхуæрдунбæл дзармадзани фæттæ ластайнæ.

Финстæгутæ фарсбæл ауигъд изæдти фæлгонци фæсте æвæрд адтæнцæ. Ахид сæ кастæнцæ ниййергутæ, Юрæ Буруси хæццæ ку рандæнцæ тугъдмæ, уæдæй ардæмæ Кудзæг хъæбæр æрхун кодта. Арæх дзатмай бадгæй, æхуæдæг æй лæдæргæ дæр дзæбæх нæ кодта, уотемæй æнгъæл кастæй постхæссæги æрбацудмæ.

Хабархæссæги хузæн ка зиннидæ идардмæ, еци адæймагæн Кудзæг æ размæ рацæуидæ.

- Неци! – зæгъидæ силгоймаг.

Зæронд лæг сæргубурæй бацæуидæ æ хæдзарæмæ.

Еу бони сæри постхæссæг, æ цæстисугтæ калгæй, Кудзæгмæ равардта «сау гæгъæди» Юри зйани хабари хæццæ.

- Зинæн маци зæгъæ, макæмæн æй иской кæнæ, - æ цæститæ ратартæ 'нцæ Кудзæгæн. – Мæ биццеу!.. – ниннæттæй фидæ. Æ фæстаг хъауритæй ма туххæйти бафæразта зæгъун:

- Тугъдæй ци финстæгутæ уа, уони æрмæстдæр мæхемæ дæттæ.

- Хуарз.

Юрæ фæммардæй Сталинград гъæуайгæнгæй 1943-аг анзи. Æфсæддон хаййæй ци гæгъæди исцудæй, уоми финстонцæ, цæфæй, дан, æй рахастонцæ тугъди будурæй æма госпитали рацох æй. Нигæд æрцудæй æрхæ «Виземной»-йи 1943 анзи, æнсури мæйи дæсæймаг бони. Дзæнгæрæги уæззау гъарæнги зæлтæ 'й æрвистонцæ æ фæстаг надбæл е 'носон дуйнемæ.

Фидæ æ сæрæн нецибал лæдæрдтæй, æ зæрдæ басастæй, тугъд ин æ кунауæггаг нифси цъита барæмугъта æ уодæй. Тимофеййи марди хабар ма имæ ку исигъустæй, уæдта 'йбæл æ хор бунтондæр баталингæ 'й. Е ин адтæй æверхъау лæгмарæн цæф. Кудзæги уавæр бонвуддæр кодта, инæйнон, бухсæн кæмæн нæййес, уæхæн ристæй æ уод æррæстæ æскъудта, æма ин зиндæрæй-зиндæр кодта Зинæй римæхсун и фуртти гъуддаг.

Уосæ цидæр æнкъардта, æвæдзи, - мади зæрдæ зонагæ 'й, - æма фæрсæги каст арæх кæнидæ æ лæгмæ.

Кудзæг æ сæр бателидæ, неци, зæгъгæ.

Изæрæй фæлмаст зæронд лæг фæдздзурдта Астемурмæ.

- Гъæйдæ, маха гъæдæмæ согмæ фæццæуæн, - бæхтæ колхозæй ракорæн.

- Дæумæ сог ес, - байдзулдæй Астемур. – Кæд арæхътæ уадзунмæ гъавис, уæд уоми сог гъæуй æма дин æз ратдзæнæн уой фагæ ба.

- Цæуæн, - ниллæудтæй Кудзæг. – Æз ба дин мæ сау мæгурбæнттæ æрдзорон.

Гъæди дзурдгъон ка нæбал адтæй, еци зæронд лæги фæндæадтæй фиццагидæр бал уаргъ æрцæттæ кæнун.

Астемур æ рагон хъазар лимæн Кудзæги сабур зæрдихатт хуарз зудта æма 'й нур лæдæрдтæй, и лæг æхе кеми ке нæй. Цæмæй идарддæр мабал гъезæмарæ кæна, æ рист æй исдæруадза, уой туххæн Кудзæги бафарста:

- Ци мин гъавтай радзорунмæ? – уæдта рагъуди кодта, кæд æ фурттæбæл ести бæлах æрцудæй, зæгъгæ, æма ралæдæрдтæй, æ фарст бунати ке н' адтæй, уой. Фурт кæмæй фесавдæй, еци Астемури зæрдæ ниййасдзагъта, æ сæр ибæл разилдæй.

Астемур райдæдта сог кæнун. Е 'мбали фæрæтгъæр ку некуцæй игъустæй, уæд, ци фæцæй, æркæсон имæ, зæгъгæ, рацудæй Кудзæги агорунмæ. Æ бон адтæй нигъгъæр кæнун, ести гъазæн дзурд зæгъун, фал æнкъардта, Кудзæг цидæр устур азари ке бафтудæй, æма æхебæл ниххуæстæй.

Астемур æй баййафта метбæл уæсгоммæ хъанæй, æ къохти дууæ гæгъæдий æма салдати пъисмой æртикъумон нилхъивта, уотемæй. Фиди зæрдæ рист нæбал бауорæдта.

- Цитæ мин ниммурхтæ, мæ лимæн, - кæлдæбæл исбадгæй, æхе Кудзæгмæ æркъолæ кæнгæй, нирдеуагæ кодта зæронд лæг æма ин æ цæститæбæл бахуæстæй арæхсгай, цума ин фæрресун кæнунæй тарстæй, уоййау. – Цæмæн мæ ниууагътай, мæ лимæн, еунæгæй, ка неке гъæуй, уæхæн зæронд къулдзахи хузæнæй?

Кудзæги уодесæг гæгъæдитæ æ реуи дзиппи ниввардта: «Зинæмæ æвдесун афонæ син нæй нуртæккæ».

Цæстисугтæй æмбæрзт цæститæ дзæбæх нæбал уидтонцæ, зæрдæ, бæлдойæй хуайæгау, æхе хуаста зæронд лæги реуи фæрстæбæл.

- Еци кой ни нæма райгъустæй, æма нæмæ фæдеси цуд ракæнонцæ, кæмидæр фæдздзæгъæл æнцæ, зæгъгæ. Нинцайæ! – æхебæл фæгъгъæр кодта Астемур.

Бæхтæ баефтигъта, аллах-биллахтæй цонæгъбæл æрæвардта, аргъ кæмæн нæййес, еци уаргъ: «Æз дин дæ протезæн къахдзонæгъ кæндзæнæн, е ба мети ма нæхсай» - Астемури зæрди æрбафтудæй

Кудзæги гъазæн дзубанди æма æхецæй фефсæрми æй.

- Ци уæззау цæф мæ никкодтай, Кудзæг, ци æгъатир цæф, - гъæрæй дзурдта Астемур. - Дæ зæрдæ уой куд уорæдта? Уой бæсти æй æваст радзурдтайсæ æма дæ уодæн фенцондæр адтайдæ. Æз дæр хуарз дæн! Ма мæ раст кæнæ, Кудзæг, дæ цæсгонбæл дæ гъезæмарæ финст адтæй, æма дæ куд не 'рлæдæрдтæн афойнадæбæл?! Зини рази дæхе ниддор кæнисæ, дæ бон цæйбæрцæбæл адтæй, уой бæрцæбæл, фал æз ба гъунахуæрд къудурони хузæн, хъæрæу цæмæн разиндтæн?!

Фæстегæй сæп-сæппæй цудæй дуккаг бæх ревæд цонæгъ ласгæй.

- Ехх, æнамонд карнæ! – нæбал æллау кодта Астемур.

Гъæугæронмæ ку бахæстæг æй, уæд Астемур рауидта Кудзæги фурт Марклени, æ размæ ледзгæй.

- Ци æрæгæмæ адтайтæ, мами зæрдæ æхсайгæ кæнуй, - идардæй нигъгъæр кодта. – Папæ ба кæми 'й?..

* * *

Синхæнттæ æрбамбурд æнцæ Кудзæги тургъæмæ æма колдуæрттæ фегон кодтонцæ. Дæ фудголи хæдзари колдуæрттæ дæр ма уотæ игон ку уиуонцæ!..

Дзиназта, æ ростæ тудта Зинæ:

- Е æй зудта, мæ фурттæ кæми 'нцæ, уой. Зудта æй! Еци маст æй фесафта. Мæнæн дæ радзорун гъудæй, Кудзæг.

Астемур æ билтæ æууилдта, къохмæрзæнæй æ цæстисугтæ расæрфидæ, æма æхе меднимæр дзурдта: «На, нур имæ сæ нæма æвдесун. Зинæн дæр æ зæрдæ ратондзæнæй аци гæгъæдитæй».

Астемур е 'мбали рамæлæтбæл æрдæгуали бацæй.

## Кæронбæттæн

Рæстæг рацудæй. Уалдзæг ралæудтæй. Тургъи цъæх зæлдæ рацагъта. Сæнæфсери листæг бауæри цард базмалдæй. Калд зменси сæхе æвдулдтонцæ инсæйбондзуд карки цъеутæ, - Дофкай лæвар. Фондз уодæгас къубари. Дофка сæйгæ карки таунæги бадун бауагъта.

- Тургъæ ревæд гъæуама ма уа, - загъта хецмæрез зæронд уосæ, - мæхемæ дæр си авд цъеуи ниууагътон. Астемур, айæ æфсæддон карк æй. Гъуди ма 'й кæнис, цуппор дуккаг анзи гъæдæй Киристонгъæумæ куд фæццудтæн мæ уацайраги исуæгъдæ

кæнунмæ. Зинæ ма мин уотæ дæр загъта, гъæуай æй кæнæ, зæгъгæ.

- Ма гириз кæнæ! – зæрдибунæй бадес кодта зæронд лæг.

- Тæккæ еци карк, уæд ма æригон адтæй, фиццаг хатт гъавта цъеутæ рауадзунмæ. Гитлер Гитлер æй, æрдзæ ба æ куст кæнуй!

- Хуцау ди исарази уæд. Æз сæ гъæуай кæндзæнæн.

Дессаг – цуппор дуккаг анзи фæззæг æма цуппор фæндзæймаг анзи, уалдзæг. Цитæ æрцудæй уогæ ба еци æнзти!

Марклен æма Толик Астемури дзæхæра искъахтонцæ. Валя, æ мади фæнзгæй, татхатæ кодта.

- Мæнами 'й барастдæр кæнæ, - стуф кодта Толикбæл.

Астемур боз адтæй. «Атæ мæн сувæллæнттæ ку адтайуонцæ бæргæ», - æхе мæстæймарæ кодта хатгай.

Астемури парахат зæрдæ еунæгæй цæрунæй ресгæ кодта. Омар дæр æ ниййергути хæдзарæмæ æрбаздахтæй. Валя еу хатт исдзурдта: «Баба». Фал фæкъкъех æй. Уой фæсте ба фендиуддæр æй: «Ду дæр баба ку дæ!»

- Гъо, мæ карæмæ гæсгæ – баба.

- Баба Кудзæг мæ зæрди æрбафтудæй, - æфсæрмихузæй загъта Валя.

- А, сугъзæрийнæ æрбауай, - раппæлдтæй æй Астемур, - еу зундгин лæги загъдау, нæ фæсте еци фæлтæртæ нæ кæдмæ имисонцæ, уæдмæ æгас уодзинан. Ескæд мæн дæр æримисдзæнæ, Кудзæг дæ зæрдæбæл ку æрлæууа, уæд.

Астемур цъеутæмæ бацудæй æма син нартихуари лæхурд зæронд тъæпæн тæбæгъи нивгæдта. Уодæгас къубæрттæ базмалдæнцæ. Цард цудæй идарддæр.

Зæронд лæг æ сагъæсти цидæр æбæрæг рауæнтæмæ ниффардæг æй... Хæмæти фурт, Сергей, уотæ финста, зæгъгæ, рæхги исцæудзæнæн æма бийнонтæ фæххондзæнæн Архангельски бæстихаймæ, хæдзарæ, дан, мин дæдтунцæ, косдзæнæн мæхе дæсниадæбæл.

- Бонæй-бонмæ уавæр хуæздæргæнгæ нæ цæуй, - тухстæй Астемур. – Гъе ба дин тугъд: мæ бийнойнаг, фурт, Кудзæги биццеутæ, æхуæдæг Кудзæг... Цæйбæрцæ фидбилизтæ нин æрхаста!.. А, Хуцау, уæддæр ма мин мæ фурти ку ниууагътайсæ.

- Ниууагъта, нæ фидæ...

Зæронд лæг бадзой-дзой кодта, æ еу къах иннебæл бакъуæрдта, æма ма 'й минкъий багъудæй, уæдта рахаудтайдæ.

- А, Хуцау, мæ сæри зундæй мæ ма фæццæун кæнæ!.. Ма мæ

фæгъгъæла кæнæ, Хуцау! Фæстæмæ ракæсун ку нæбал æндеун, ци мæбæл æрцудæй?! Фал еци хъурихатт мæн бауæри тогæй исæрст æй, мæн медæгæ игъусуй, сувæллони фæлмæн гъу-гъутæй райдайæ, æма асæ лæги бæзгин хъурихатти зæлти уæнгæ мæхе æй. Е игъустæй мæ медæгæ, мæ фурти зйани хабар мæбæл ку исæмбалдæй, уой фæсте, игъустæй алкæддæр, мæ мади стæн, - нийййазæлдæй фиди гъæр дзурд, - е мæ фурти хъурихатт æй!

Кудзæги уæззау гурæ мети хъæпæнæй идзаг гъæди цонæгъмæ ку иста, уæди дæгар-дугур кодта нур дæр Астемури æрдæгсаст зæрдæ... Зийнадæгæнгæй, уæззауæй, Хуцауæй коргæй, е 'ргом фæстæмæ хатта зæронд лæг, фæффудæнгъæл унæй тæрсгæй.

Пилоткай, салдати уæледарæси, æ фæсонтæбæл дзæкъоли хæццæ, æ реубæл орден æма цалдæр майдани, уотемæй лæудтæй Астемури фурт.

- Мæ фурт! – нигъгъæр кодта æ гъæлæсидзаг фидæ, дууæ ампъези бакодта æма 'ймæ биццеу батахтæй.

- Нæ фидæ, зонун æй, тæфирфæси гæгъæди ке райстай. Тугъди фуд æй фæккæнæн.

Сæ кæрæдзей æнгон нихъхъури кодтонцæ.

- Данел, мæ биццеу! – æ фур дессагæй ци дзурдта, уой нæбал лæдæрдтæй Астемур. – Хуцау, боз дæуæй, - Астемур арвмæ искæсгæй, æхебæл дзиуарæ бафтудта, æма бабæй нæуæгæй æ фурти æ зæронд, æдзæллаг бауæрмæ нилхъивта.

*Уруссаг æвзагæй Скъодтати Эльбруси тæлмац*

ГОДЗОЙТИ Хасан

## НÆЙЙЕС ГÆНÆН

Пеллон цæхæри багæлстон мæ уод,
Уарзти цирени басугътон мæ бонтæ,
Хъурдохæн кодтон, кæнинæ инод, -
Æнцæ мæнæн уодбæлхуæцæг – бийнонтæ.

Алке уи нур æ къахнадмæ кæсæд, -
Нæбал уæ гъæуй рæвдаун гъæбеси,
Гъолон радардта тухцардæй мæ сæр,
Æрсагъæсгæнгæй бафтуйун мæ деси.

Фалæ уæддæр нæййес, нæййес гæнæн, -
Игъосун гъæуй зæрдæн æ фæндонмæ,
Мæн гъæземæрттæн нæййес нигæнæн, -
Батардтонцæ мин ме 'фхуæрд уод æндонмæ.

Æнзтæ цæунцæ, хæссунцæ рæстæг,
Нæ зæронд кæнуй æрмæст лæги зæрдæ,
Æхе баласуй Барастур хæстæг,
Фæттасун кæнуй уæддæр лæги зæнгæ…

## МÆ ФÆНДУР

О, мæ Хуцау, исмæесæ Дæ Бæстæмæ,
Кæдмæ цæрон а-зæнхæбæл мæгурæй?!
Цæмæй мин æй маке дара мæ цæстæмæ,
Уой туххæй æз рахезинæ мæ гурæй!

Бæргæ ковун мæ раст удæй Дæ кадæбæл,
Хуæздæр æгъдау а-зæнхæбæл нæ уинун,
Фæббуринæ Дæу агорæг мæ фазæбæл, -
Дæу кадæбæл æз мæ зартæ фæббийун.

Некæд кæсун æз некæмæ зулун кастæй,
Нæдæр фæуун фæндаггон лæгæн фудкъах,
Уæддæр цæрун аци царди зæрдæсастæй, -
Ку нæ бадуй раст иселгæй гъолæ «САХ».

Цæмæн гъудæй дуйнетæбæл мæн игурцæ,
Кæд хъурдохæн æрмæст мæнæн ниууагъд æй,
Удзестæй мин барст æрцудæй царди дæргъецæ, -
Банцайдзæнæй мæтъæл фæндур æ цагъдæй.

## ПОЭТ

Æмдзæвгитæ мулки бæсти
Ниууадзуй æрмæст поэт,
Искадгин ма уй сæ цæсти
Фæстагмæ уæддæр поэт.

Байзайуй æ ном æносмæ,
Не 'сæфуй некæд поэт,
Цæуй дзиллæ æ фалдзосмæ, -
Адæмæн цæруй поэт.

Уæззау уаргъ хæссуй æ рагъи
Æ цæргæбонти поэт,
Æ къариндас æ цирагъи,
Иуаруй си рохс поэт.

## НÆБАЛ

Нæбал зелдзæй мæ реуи куройнæ,
Нæбал кæндзæй мæ зæрдæ æрдзæф,
Искунæг æй фæстагмæ æ сойнæ,
Ниххусдзæнæй фæззæгмæ хæсдзæф.

Нæбал æй мæ рацуд мæхе барæ,
Нæ бафистон мæ царди ихæс,
Нæ рахаттон уæддæр лæги карæ,
Истухстæй мæ къæхтæбæл рæхис.

Нæ тасунцæ бæрзæййæн æ гъолтæ,
Æхсæвæй дæр цæуй сæ къæс-къæс,
Æрветун æрмæст дæр мæгур бонтæ,
Нæ мæ тавуй нæдæр уазал къæс.

Неке кæсуй зæрдæмæ, æ кондмæ,
Нæдæр мин лæдæрунцæ мæ тухст,
Фæттæруй мæ хъисмæт æ фудкондмæ, -
Баст мæ къохтæ, мæ къæхтæ æздухст.

Зулун цæстæй кæсуй еу иннемæ, -
Кæбæл ма фæдзæхса лæг æ цард?
Некæмæн лæвæрд æй цард дуйнемæ,
Фæрриудтæн, мæ кæрдбадзи мæ кард.

Фæккæнун æз æнкъард мæ сагъæсти,
Ракъуæрун рæсугъд цардбæл мæ къох,
Хуæздæрæй мæн фæгъгъæун уой бæсти, -
Куд фæууон мæ дзилагæй æз цох.

## МÆХЕБÆЛ

Мæнгæдзурд рæстуодæй некæд адтæн,
Мæ раст зæрдæ адæммæ хастон,
Къæбæргор æз уæддæр некæд хаттæн, -
Æстонгæй дæр реугудур хуастон.

Мæ Дигорæн финстон рæсугъд зартæ,
Æмдзæвгæй сæ мæ хæццæ бастон,
Иронх сæ некæд кодтон мæ бартæ,
Хори бæрцæ адæми уарзтон.

Нæ уагътон мæ къариндас иронхи,
Хебæраги мæ зартæ финстон,
Рацудтæн нæ Дигорæн сæ тонхи,
Гъенцъунгæнгæ æз уой имистон.

Агурдтон æз алкæд рæстдзийнадæ,
Мæ фур мæстæй кæрдзин нæ хуардтон,

Некæд кодтон финсунмæ зийнадæ,
Цæстисуг, цит, тухстæй нихъуардтон.

Фæккæсинæ æхсæвæ бæрзондмæ,
Æндæр цард арви рагъбæл уидтон, -
Нæ мин æй цæрунфæтгæ зæрондмæ,
Уæддæр æй æмдзæвгитæй бидтон.

## ДÆ МАЙ

Ралæудтæй дæ уалдзæг,
Æрхъæрттæй дæ Май,
Уомæн дæ игъæлдзæг, -
Фал сæрдæ нæма 'й.

Дæ амонд дæ рази,
Гъæуама тæхай,
Хори рохс – къæрази,
Райсæ си дæ хай.

Бауадзæ зæрдæмæ
Никкæсун еу хатт,
Бæллæ дæ сæрдæмæ,
Æрзелæ сахат.

Искæсæ бæрзондмæ,
Рæсугъд æй æ конд,
Фæццæрæ зæрондмæ,
Макæд уо фудконд.

БУДАЙТИ Милуся

# АРГЪÆУТТÆ СУВÆЛЛÆНТТÆН

## ДЗУБУЛДАР ÆМА ЗÆНХКОСÆГ

Цардæй æма адтæй Зæнхкосæг. Хуарз цардæй. Адтæй имæ хумзæнхитæ, хуасгæрцитæ, дардта фонс. Æ хумзæнхитæмæ хъæбæр хуарз зилдæй. Афонæбæл сæ бахумæ кæнидæ, ниййаразидæ нартихуар, картоф, хъæдорæ, нæстæ æма ма берæ цидæртæ. Нихсæдидæ сæ. Зобат кодта. Æма 'ймæ аллихатт гъæздуг тиллæг æрзайидæ. Æ алливарс ка цардæй, етæ дес кæнионцæ:

– Мах дæр, мадта, зелæн нæ дзæхæратæмæ, фал нæмæ уæддæр уæхæн тиллæг нæ зайуй, уæртæ Зæнхкосæгмæ куд зайуй.

Арæх æй синхонтæ фæрсгæ дæр бакæнионцæ:

– Зæгъай нин, Зæнхкосæг, ци сосæгдзийнæдтæ зонис? Ду махæй уæлдай ци косис дæ зæнхæн?

Ейæ баходидæ æма зæгъидæ:

– Æз æ хæццæ лимæнæй цæрун. Зонун, Зæнхæн æ маст дæр æма æ цийнæ дæр. Æ хæццæ арæх дзоргæ дæр фæккæнун...

Зæнхкосæг хумæ кæнун некæд байдæдта, цалинмæ Дзубулдар хонсарæй не 'ртæхидæ, уæдмæ. Е ин æ фиддæлтæй байзадæй. Æ фидифидæ, æ фидæ дæр уотæ кæнионцæ. Гъуди ма кæнуй, минкъий ма адтæй, уотемæй 'й æ баба еухатт æ фарсмæ 'сбадун кодта æма ин загъта:

– Ду исуйнаг зæнхкосæг дæ æма дæ зæрдæбæл бадарæ, зæнхæ уарзун гъæуй, хуарз æй лæдæрун гъæуй. Хумæ-еу райдайун гъæуй æрмæстдæр уæд, æма дзубулдар хонсарæй ку æртæхуй. Дзубулдар, уома – *дзубур дарæ*. Балæдæрдтæ, мæ хор?

Зæнхкосæг уоци дзубандитæ æ зæрдæбæл бадардта æма, цалинмæ дзубулдар не 'ртæхуй, уæдмæ нæ байдайуй хумæ кæнун. Уæлдайдæр, алли анз дæр æ лимæн – Дзубулдар – уомæ фæттæхуй. Куддæр æртæхуй, уотæ къæразгæ бахуайуй, Зæнхкосæг æ размæ рацæуй:

– Уæ мæ лимæн Дзубулдар, æгас нæмæ цо! Æгас цо!

Кæрæдзебæл хъæбæр бацийнæ кæнунцæ маргъ æма лæг.

– Радзорай мин нур ба, кæмити адтæ? Циуавæр бæстити? Нæуæг хæлæрттæ дин фæззиндтæй? Ду хъал дæ, уомæн æма берæ аллихузон хуæнхтæ, гъæдтæ, будуртæ, горæттæ, гъæутæ, цæугæдæнттæ, денгизтæ фæууинис.

– Уо, уо, раст дæ, æцæгæйдæр, æз берæ рауæнти адтæн, берæ зонгитæ мин ес. Ес мин хуæртæ, æнсувæртæ...

– Æз дæумæ хъæбæр æнгъæлмæ кастæн. Зæнхæ дæр уотæ. Æма гъенур бавналдзæнæн хумæ кæнунмæ, – загъта бабæй Зæнхкосæг.

– Зонун æй, зонун, æнгъæлмæ мæмæ ке кастæ. Уо, уо, гъенур байдайун гъæуй хумæ кæнун. Зæнхæ цæттæ 'й, – загъта Дзубулдар æма циййнæгæнгæ тургъи къумти рацо-бацо кодта, уæдта истæхидæ æма бабæй фæстæмæ æрбадидæ.

Гъеуотæ алли анз дæр. Цудæнцæ гъеуотемæй бонтæ, мæйтæ, æнзтæ. Зæнхкосæг æма дзубулдар кæрæдзей хуарз лæдæрдтæнцæ, кæрæдземæй боз адтæнцæ. Кæрæдзей зæрдæхудти некæд бацудæнцæ.

Еу уалдзæг ку адтæй, уæд Зæнхкосæг æнгъæлмæ кæсуй, фал Дзубулдар зиннæг нæййес. Катай кодта, нур ци кæна, уобæл. Еуæй, хумæ кæна æви – нæ, уобæл. Иннемæй ба, æ сагъæс æ лимæн Дзубулдарбæл адтæй. Нурмæ 'й некæдма фæссайдта, алли анз дæр уоци еу рæстæг æртæхидæ. «Е, æвæдзи, дзæбæх нæ 'й. Маци йбæл æрцæуæд. Сæйгæ ма фæууæд», – гъуди кодта Зæнхкосæг.

Бонæй-бонмæ æнкъарддæр кодта лæг. Саумæй-изæрмæ дуари рази бадтæй æма æнгъæлмæ кастæй, фал уæддæр нæ фæззиндтæй уоци уалдзæг Дзубулдар. Зæнхкосæг æ Зæнхæ на бахумæ кодта. Хуарз æма ма ймæ фари тиллæг адтæй.

Цудæнцæ бонтæ. Ралæудтæй бабæй уалдзæг. Еубон ку адтæй, уæд дин тургъи февзурстæй рæсугъд донхуз Дзубулдар. Циййнæгæнгæй рауай-бауай ракодта, бæласи къалеумæ истахтæй, фæстæмæ бабæй æртахтæй, уæдта дуар бахуаста. Зæнхкосæг дуарæй ракастæй æма, Дзубулдари ку фæууидта, уæд æ циййнæн кæрон нæбал адтæй. Хъæбæр фæцциййнæ кодтонцæ кæрæдзебæл дууæ лимæни. Лæг маргъи фæрсгæ дæр нæма бакодта, фарæ уалдзæг цæмæннæ æртахтæ, зæгъгæ, уотемæй ин Дзубулдар æхуæдæг æ хабæрттæ радзурдта:

– Зонун æй, зонун, æнгъæлдзауæй ке байзадтæ. Дæ Зæнхæ ке нæ бахумæ кодтай. Лæдæрун æй, куд мæтæ кодтай. Куд исмаст кодтай. Хъæбæр устур хатир ди корун. Кæд дæ бон æй, уæд мин

ниххатир кæнæ. Фал мæн фуд н' адтæй. Зонис æй, æз дæуæн барæй зин некæд искæндзæнæн, дæ зæрдихудти нæ бацæудзæнæн, – еу рæстæг нигъгъос æй, уæдта бабæй райдæдта дзорун: – Æз ардæмæ тахтæн, уотемæй еу будури æрбадтæн. Хуæнхрæбун адтæй. Кæцæйдæр еу дор расхъиудтæй æма ма къахбæл исæмбалдæй. Мæ къах басастæй. Истæхун дæр мæ бон нæбал бацæй. Загътон, мæ кæрон æрцудæй. Фал мæхебæл дæр уотæ нæ мæтæ кодтон, дæубæл куд кодтон. Мæ амондæн, еу рæсугъд кизгæ æрбацудæй дон хæссунмæ, уордæмæ хæстæг ци цæугæдон цудæй, уомæ. Исиста мæ æ къохтæмæ. Фæттæрегъæд мин кодта, сæхемæ мæ фæххаста. Зумæг зумæги 'ндæргъци мæ фæдздзæбæх кодта. Цалинмæ цæрон, уæдмæ дæр ин нæ феронх кæндзæнæн æ хуарздзийнæдтæ.

Зæнхкосæг лæмбунæг байгъуста Дзубулдармæ. Ци ма загътайдæ. Алцидæр ин лæдæрд адтæй. Дзубулдар ба ма загъта:

– Цæуæн, мæ лимæн æма, цалинмæ хумæ кæнун нæ байдæдтай, уæдмæ Зæнхæй дæр хатир ракорæн.

Дууемæй дæр дзæхæрамæ иссудæнцæ. Зæнхæ сæмæ лæмбунæг байгъуста, уæдта загъта:

– Еугурæйдæр дзæбæх уотæ. Сæйгæ ма кæнтæ. Æвæдзи, Хуцауæй уотæ загъд адтæй, уомæн æма æз дæр бауолæфтæн. Фæллад адтæн. Цал æма цал анзи – æнæуолæфтæй. Нур ба нæуæг хъæуритæй архайдзæнæн хуарз тиллæг раттунбæл.

Еуотæ, анзæй-анзмæ цардæнцæ Зæнхкосæг, Дзубулдар æма Зæнхæ.

## БОЛАТ ÆМА КÆСЕГ

Болат æ мадæ æма æ фиди хæццæ устур цæугæдони билæбæл цардæнцæ. Биццеу арæх цудæй цæугæдонмæ æхе æртайунмæ, кæсалгдзауæн. Куд фæззæгъгъунцæ: «Дони билæбæл ка цæруй, æ ивулун дæр ин е зонуй».

Болати зæрдæмæ анзи алли афони дæр цудæй цæугæдон. Зумæг-еу ниййех уидæ, æма биццеу къахдзонæгътæ бакæнидæ æма е 'мбæлтти хæццæ гуридæ сæумæй-изæрмæ. Уалдзæг ба, мет тайун ку райдайидæ, уæд цæугæдони дон лæкъунæй цæуидæ, фæффулдæр уидæ дон. Сæрдигон ба, уаргæ ку нæ кæнидæ, уæд дзæбæх рæсог, сабурæй цæуидæ. Кæсалгæ дæр си берæ уидæ. Уæдта Болат æхе фертайидæ, зменсæбæл фæххуссидæ. Фæззæги ба дон цъæх-цъæхидæй, рæсогæй цæуидæ, листæг дортæ дæр ма

зиннионцæ. Кæсæлгитæ дони буни куд накæ кæнионцæ, е дæр ма бæрæг уидæ.

Болатæн берæ лимæнтæ адтæй цæугæдони цæргутæй, уæдта – æ алливарс ка цардæй, уонæй дæр. Хæпситæ лимæнæй цардæнцæ æ хæццæ. Идардмæ 'й ку фæууинионцæ, уæд еумæ райдайонцæ уасун: «Хъва-хъва-хъва...» Цийнæ йбæл кæнионцæ. Кæсæлгитæ дæр æ хæццæ дзубанди кæнионцæ. Се 'взаг син хуарз лæдæрттæй Болат.

Еухатт ба, еу сæрдигон бон, хъæбæр устур уарун æрцудæй. Дон райвулдæй. Уотæ хъæбæр райвулдæй, æма ласта устур бæлæстæ, фонс, билтæмæ исхъæрттæй. Дон ба адтæй лæкъун. Болат билæбæл лæудтæй æма кастæй гулфгулфгæнгæ донмæ. Еу рæстæг фæккомкоммæ 'й устур кæсалгæмæ – билæбæл. Е, мæгур, æ гъæлæс фæххæлеу-фæххæлеу кодта. Дони уолæн æй билæмæ рагæлста, æма кæсалгæн æ бон нæбал бацæй донмæ бабурун. Биццеу имæ бацудæй, исиста 'й æ къохмæ:

– Мæгур дæ бон, мæгур дæ бон, ци бæлахи бафтудтæ. Минкъий ма, уæдта æнæ донæй ниммардайсæ. Дæуæн дæ цард дони 'й. Нуртæккæ, нуртæккæ дæ æз дæ хæдзарæбæл исæмбæлун кæндзæнæн, де 'мбæлттæ, дæ хуæртæ, де 'нсувæртæ, дæ мадæ æма фиди хæццæ бабæй цæрдзæнæ, – загъта Болат æма кæсалги дони гулфæнмæ фехста: – Фæндараст уо! – æ фæсте ма нигъгъæр кодта.

Цудæнцæ бонтæ. Биццеу уоци цау иронх дæр ма фæцæй. Куд аллихатт, уотæ гъазта, цудæй гъæдæмæ йе 'мбæлтти хæццæ. Æ мадæ æма фидæн æнхус кодта хæдзари кустити. Еубон ку адтæй, уæдта æхе æртайунмæ рандæй цæугæдонмæ. Дзæбæх æхе фертадта, фæннакæ кодта, зæрдидзæбæхæн хормæ 'зменсæбæл хустæй. Еу рæстæг æ гъостæбæл рауадæй, цума ймæ донæй кадæр дзоруй. Биццеу æ гъос не 'рдардта, ка мæмæ дзордзæй донæй, зæгъгæ. Идарддæр æзменсæбæл хустæй æма гъудитæ кодта. Уой фæсте донмæ бацудæй æхе æртайунмæ. Æртадта, накæ кодта. Еу рæстæг ин æ къахмæ кадæр бавналдта, уæдта ймæ исдзурдта:

– Б-Болат, Болат, æз дæмæ кæдæй дзорун. Æзменсæбæл хусттæ, æз ба дæмæ дзурдтон, нæ мæ фегъустай. Æз-з-з, æз, мæнæ ке фæййервæзун кодтай, уоци кæсалгæ дæн, мæ ном Кæсег æй.

Биццеу бунмæ æркастæй, æма, æцæгæйдæр, уоци устур кæсалгæ.

– Дæ бон хуарз, дæ бон хуарз, Кæсег. Базудтон дæ. Куд цæрис,

ци хабæрттæ дæмæ ес? Естæмæй тухсис?

– Дæу фæрци хуарз цæрун мæ хуæртæ æма ме 'нсувæрти хæццæ. Æз, нæхемæ ку 'рцудтæн, уæд хабар ракодтон нæ бийнонтæн. Етæ ди хъæбæр боз æнцæ æма мин уотæ загътонцæ, цæмæй дæ æрхонон нæхемæ. Фæндуй сæ дæ хæццæ базонгæ уæвун. Æма дæмæ мæнæ иссудтæн хонæг, – идарддæр дзурдта Кæсег.

Болат æнгъæл нæ 'дтæй, æма уотæ рауайдзæй. Рагъуди кодта æма загъта:

– Мæ мадæ æма мæ фиди бафæрсон. Æндæр уæхæн идард балций куд рараст уон. Уæдта ци нæ фæууй, мæтæ мæбæл кæндзæнцæ.

– Раст дæ, раст, мæ лимæн. Фæрсун гъæуй. Æнæфæрсгæй ма цо, – загъта зундгин кæсалгæ, уæдта ма æ дзубандимæ бафтудта, – цо, цо, исуайæ уæхемæ, æз дæмæ билæмæ хæстæг бангъæлмæ кæсдзæнæн.

Биццеу рандæй сæхемæ æма тагъд фездахтæй. Кæсег æй æ рагъбæл исбадун кодта æма накæ кæнун байдæдта еу бон, дууæ бони, æртиккаг бон ба нихъхъæрттæнцæ дони буни паддзахадæмæ. Дессаги галауантæ адтæй Кæсегæн. Сæ размæ рацудæнцæ йе 'нсувæртæ 'ма хуæртæ. Фæццийнæ 'йбæл кодтонцæ. Уæдта Болати бахудтонцæ сæ мадæ æма фидæмæ. Етæ ин фæййарфитæ кодтонцæ, сæ бæдоли син ке фæййервæзун кодта, уой туххæй. Исбадтæнцæ фингæбæл. Цинæ йбæл адтæй, уæхæн нæййес. Зæнхæбæл æма дони цидæр ес хуарзадæдæр, адгиндæр, етæ фингæбæл адтæнцæ: рæзæй райдайæ æма адгийнæгтæ, халсартæй фæууо. Мадтæ йбæл аллихузон ниуæзтæ дæр адтæй. Авд бони 'ма авд æхсæви фæббадтæнцæ, фæммийнасæ кодтонцæ, фæххабæрттæ кодтонцæ. Берæ дессæгтæ фæууинун кодтонцæ Кæсег æма йе 'мбæлттæ Болатæн. Е уæхæн цæмæдессæгтæ некæд фæууидта. Галауантæ конд адтæнцæ сугъзæрийнæ æма налхъут-налмасæй. Бæлæстæ дæр си адтæй гъæунгти, уонæбæл ба задæй æнахур рæзæ... Биццеу æрмæстдæр дес кодта, ци уидта уонæбæл æма гъуди кодта: «Ку 'сиздæхон, уæд уоци дессæгти туххæй радзордзæнæн мæ мадæ 'ма фидæн, ме 'мбæлттæн. Ку сæ бафæндæ уа сæ фæууинун, уæд Кæсегæн зæгъдзæнæн æма сæ ардæмæ æрхондзæнæй».

Фæстæмæ ку 'здахтæй, уæд ин æ хæццæ берæ лæвæрттæ ниввардтонцæ, æ мадæ 'ма æ фидæн дæр.

## ХОРЧЕСКÆ

Цардæй æма адтæй минкъий кизгæ. Цардæй æ нана æма бабай хæццæ еу гъæди къохи, дессаги рæсугъд рауæн. Алливарс ирæзтæй аллихузон бæлæстæ: толдзæ, бæрзæ, сосхъæдæ, нæзи, тæрсæ, æхсæрæ, гъæддаг кæрдту, фæткъу... Сæрдигон гъæди къох æмбæрзт уидæ дессаги цъæх-цъæхид кæрдæг æма деденгутæй. Минкъий уоддæр ба адтæй сауæдонæ. Ардæмæ цудæнцæ дон ниуазунмæ гъæди цæргутæ еугурæйдæр: сæгтæ, сикъетæ, рæубестæ, тæрхъостæ, робæстæ, берæгътæ, æрситæ... Гъæди къохæй минкъий идарддæр ба – хуæнхрæбун адтæй æхсæрдзæнтæ. Ардæмæ ба цудæнцæ, тахтæнцæ сæхе æртайунмæ маргъæй, сирдæй – еугурæйдæр.

Минкъий кизгæ лимæнæй цардæй мæргътæ æмæ сирдти хæццæ. Беретæн си фенхус кæнидæ, е 'нхус ку гъæуидæ, уæд. Еухатт кæми адтæй, уоми еу рæубеси бæдолæ фæдздзæгъæл æй. Æ мадæ æма фидæ хезгæ рандæ 'нцæ, е ба фæстегæй байзадæй – сауæдони дон ниуазта æма дони æ хузæ ниууидта. Уотæ ймæ фæккастæй, æма бунæй рæубеси бæдолæ ес. Исдзурдта ймæ:

– Рацо æрдæмæ. Ду дæр мæн хузæн дæ æма еумæ гъаздзинан, цъæх кæрдæгбæл хездзинан...

Фал неке рахизтæй донæй. Рæубеси бæдолæбæл æрталингæ 'й. Нæ зудта, кумæ цæуа, уой. Кæун райдæдта, тарстæй берæгътæй. Минкъий кизгæ Хорческæ ин æ кæун фегъуста. Раймæцудæй æма 'й бафарста:

– Цæбæл кæуис, Рæубесо? Ами еунæгæй ци косис? Кæми 'нцæ дæ мадæ æма фидæ?

Рæубесо ин æ хабæрттæ ракодта. Минкъий кизгæ 'й медæмæ хæдзарæмæ бахудта æма ин загъта:

– Ахсæви, минкъий Рæубесо, ами махмæ фæуууодзæнæ, исон ба дæ дæ мадæ æма фидæмæ фæххондзæнæн.

Бахуардтонцæ, уæдта Хорческæ фæлмæн хуссæн – цъæх кæрдæгæй бакодта Рæубесойæн. Е тагъд бафунæй æй æма æ фуни уидта æ мадæ æма фиди, деденæггун будур...

Бон ку æрбарохс æй, уæд исистадæнцæ хæдзари бийнонтæ. Минкъий кизгæ æма рæубеси бæдолæ рандæнцæ æхсæрдзæнмæ сæхе æртайунмæ. Ами исæмбалдæнцæ Рæубесой мадæ æма фиди хæццæ. Етæ, сæ бæдоли ку фæууидтонцæ, уæд сæ цийнæн кæрон нæбал адтæй. Хабар цæй медæги 'й, уой ку базудтонцæ, уæд загътонцæ:

– Минкъий кизгæ, мах ди хъæбæр боз ан, нæ Рæубесой нин гъæунги ке нæ ниууагътæй, уомæй. Мах дæр дин бафеддзинан дæ хуарздзийнадæ, – æма, сæ бæдолæ сæ разæй, уотемæй гъæди ирфмæ бараст æнцæ, фæстæмæ ма кизгæмæ фæккæс-фæккæсгæнгæй. Е дæр сæмæ æ къох тилдта. Рæубесо ба кизгæмæ бауадæй, æма ин æ росæн раба кодта.

Иннæ хатт ба – фæззигон – хъирихъуппитæ хонсармæ фæццæйтахтæнцæ. Хорческæ толдзæ бæласи буни бадтæй æ нана æма бабай хæццæ. Кæсунцæ, æма хъирихъуппитæ æрбадтæнцæ сауæдонæмæ хæстæг. Дон дæр ниуазтонцæ, уолæфтæнцæ.

– Уони хъæбæр идардмæ тæхун гъæуй, æма гъеуотæ уолæфгæ дæр ракæнунцæ, – загъта нана.

Еурæстæг нана æма баба медæмæ бацудæнцæ, кизгæ ба гъазта толдзи буни. Уæдта кæсуй, æма, дин, робас æрбагъузуй, еуварс ци хъирихуппи цъеу адтæй, уомæ. Гæпп, зæгъгæ, æма ин æ базурбæл фæххуæстæй. Хъирихъуппитæ тарст гъæр кæнун райдæдтонцæ, сæ базуртæ тилдтонцæ. Минкъий кизгæ ралигъдæй робаси размæ, æ раз ин рахгæдта æма 'ймæ дзоруй:

– Робас, уæ робас, исуæгъдæ кæнæ хъирихъуппи, кенæ ба дин хуарз нæ уодзæй.

Робас исдзорунмæ гъавта æма фæууæгъдæ кодта цъеуи. Кизгæ 'й æ къохмæ исиста, робас ба еци мæстгунæй гъæди арфмæ балигъдæй! Хъирихъуппитæ æрбамбурд æнцæ кизги алливарс. Цъеуæн æ базур хуæст адтæй æма æрзæболæ 'й. Хъирихъуппити разтæхæг бакатай кодта.

– Нур ци кæнæн, аци цъеуæн æ бон тæхун нæбал бауодзæй. Ами дæр æй куд ниууадзæн?..

Минкъий кизгæ æрæхстгай æ къох æрхаста цъеубæл æма загъта:

– Æппундæр мацæбæл тухсетæ. Сумах тæхетæ идарддæр, ай ба ами уагътæ, æз æй исдзæбæх кæндзæнæн, мах хæццæ цæрдзæнæй, уалдзæги ба – фæстæмæ ку ртæхайтæ, уæд уæ хæццæ уодзæнæй.

Хъирихъуппитæ истахтæнцæ. Цалдæр хатти æрзилдæнцæ Хорчески сæрти, уæдта сæ базуртæ телгæ идарддæр тахтæнцæ.

Зумæги æндæргъци хъирихъупп цардæй минкъий кизгетæмæ, исдзæбæх æй. Уалдзæг ба – йе мбæлттæбæл цийнæгæнгæй исæмбалдæй.

Гъеуотæ беретæн фæййанхос кодта Хорческæ. Уарзта гъазун

тærхъоси, робаси бæдæлтти хæццæ. Сауæнгæ ма берæгъи бæдæлтти хæццæ дæр гъазидæ. Маргъæй, сирдæй – еугуремæндæр се 'взаг зудта æма сæ хæццæ дзубанди кæнидæ.

Еухатт кæми адтæй, уоми кизгæ рандæ 'й лискъæфмæ. Еурæстæг арв ниттар æй. Сау мегътæ 'й нихгæдтонцæ. Æрттивта, арв гъæр кæнун райдæдта, уæдта устур уарун æрцудæй ехи хæццæ. Минкъий кизгæ, мæгур, ци кодтайдæ фуртарстæй, уой нæ зудта. Уайуй, уайуй, фал æ бон нæбал адтæй. Уалинмæ, кæсуй, æма æ рази февзурдæнцæ рæубестæ. Мадæ рæубес кизги æ рагъмæ исиста æма 'й бахаста устур толдзæ бæласи бунмæ – сæ хæдзарæмæ, листæнбæл æй сабургай æривардта. Рæубестæ ци кодтайонцæ кизгæн, уой нæбал зудтонцæ. Еу ин æ хъæппæлтæ сор кодта, иннæ ин хуæруйнаг лæвардта, Рæубесо ба æ рази сбадтæй æма 'й сабур кодта:

– Ма ко, ма ко! Ку нæбал уара, уæд дæ мах дæ нана æма бабамæ фæххондзинан.

Кизгæ ин æ гъæбеси æ сæр æрæвардта æмæ бафунæй æй. Уарун ку банцадæй, уæд бабæй мадæ рæубес кизги æ рагъмæ исиста æма ин загъта:

– Дæ хæдзарæмæ фæххонуни размæ дин мах фæууинун кæндзинан берæ рæсугъд, дессаги рауæнтæ.

Цæунтæ райдæдтонцæ æма – кæмити ба нæ равзурстæнцæ: алæмæти хуæнхти, деденæгтун будурти, гъæдти, денгизи билæбæл. Сæхедæр ма ниртадтонцæ денгизи. Фæстæмæ ку раздахтæнцæ, уæд рæубестæ минкъий кизгæн къибилайдзаг лискъæфтæ равардтонцæ, уотемæй æй æ нана 'ма бабамæ æрхъæртун кодтонцæ.

Дзæгъæли нæ фæззæгъунцæ: «Хуарздзийнадæ не 'ронх кæнуй».

Ралæудтæй бабæй фæззæг дæр. Мæргътæ гъар бæстæмæ тахтæнцæ. Еу бон ку адтæй, уæд Хорческæ сауæдони билæбæл бадтæй æма æхецæн зардта:

Гæлæботæ, гæлæботæ,  
Цъæхтæ, бортæ, сурхитæ, –  
Гæлæботæ, гæлæботæ,  
Фæттæхунцæ биндзитæ...

Уалинмæ дин æ рази æрбадтæй хъирихъупп:

– Дæ бон хуарз, минкъий кизгæ Хорческæ!

Æз Хъири дæн, мæнæ ке фæййервæзун кодтай, е.

Кæрæдзебæл фæцциййнитæ кодтонцæ кизгæ æма хъирихъупп. Уæдта Хъири загъта:

– Хорческæ, æз дæ мæ хæццæ хонсармæ хæссун. Уоми ду берæ дессæгтæ фæууиндзæнæ. Зумæг уоми нæ хæццæ фæууодзæнæ. Уалдзæги ба фæстæмæ æриздæхдзинан.

– Бæргæ мæ фæндуй, мæ лимæн, фал мæ нана æмæ баба ба куд уодзæнæнцæ æнæ мæн. Уæдта сæ бафæрсун гъæуй. Æнæфæрсгæй куд цæуон.

Бафарстонцæ дууемæй баба 'ма нанай. Етæ загътонцæ:

– Цо, цо, нæ минкъий хор! Æппундæр нæмæ дæ зæрдæ ма 'хсайæд. Неци нин уодзæнæй.

Гъæди сирдтæ дæр уоци хабар фегъустонцæ 'ма загътонцæ.

– Цо, цо, тæхæ, минкъий кизгæ, хонсармæ. Мах кæсдзинан дæ нана 'ма бабамæ.

Æма, æцæгæйдæр, зумæги 'ндæргъци сирдтæ еунæгæй нæ ниуууагътонцæ зæрæндти.

Робæстæ син хуæруйнаг хæстонцæ, сæгтæ арт кодтонцæ, рæубестæ æфснайдтонцæ, берæгътæ гъæуай кодтонцæ...

Минкъий кизгæ ба хъирихъуппи рагъбæл фæттахтæй гъар бæстæмæ. Тахтæнцæ хуæнхтæ, будуртæ, цæугæдæнттæ, денгизтæ, гъæдти сæрти. Еугур хъурройтæ дæр кизгæбæл хъæбæр æновуд адтæнцæ. Сæ бунатмæ бахъæрттæнцæ. Кизгæ ауæхæн дессæгтæ некæд фæууидта. Æнæкæрон денгизи билæбæл задæй цидæр æнахур бæлæстæ, уонæбæл ба – æнахур рæзæ. Зумæг-зумæги 'ндæргъци кизгæ хъани цард кодта. Пакъу гобæнттæбæл хустæй дессаги галауани. Ци нæ хузи хуæрдæ ин хастонцæ, уæхæн н' дтæй. Аллихузон деденгутæй фæлустгонд уæттæ. Тургъи – цъæх-цъæхид цадæ. Кизгæ си æхе æртайидæ. Ами ин берæ зонгитæ фæззиндтæй, сауæнгæ ма – денгизи цæргутæй дæр.

Уалдзæги ба устур лæвæртти хæццæ æриздахтæй Хорческæ. Æ баба 'ма нанайæн дæр берæ лæвæрттæ æрхаста.

«Зæрдхæлар адæймаг гъæди сирдæй дæр æхецæн лимæн кæнуй».

## РÆУБЕС, УЗУН ÆМА ТÆРХЪОС

Цардæнцæ æма адтæнцæ рæубес, узун æма тæрхъос. Алкæмæндæр си æхе цард адтæй. Узун æ къотæри буни цардæй. Боз адтæй æ цардæй. Берæ уарзта æ цæрæнбунат. Рæубес – хуæрзконд, нарæгастæу, æ сæр бæрзæндти хаста. Æнæнвæрсон

адтæй. Æхецæй рæсугъддæр неке худта сирдтæй. Æ мади хæццæ цардæй. Уой хæццæ рацо-бацо кæнидæ, фал фæстаг рæстæги еунæгæй дæр фæззиннидæ. Раледз-баледз ракæнидæ, хезидæ деденæггун будури. Фал тарстæй берæгъæй æма – тагъд-тагъд æ мади размæ ледзгæ. Гъæди хурфи æ устурдæр æзнаг берæгъ адтæй. Тæрхъос дæр æхецæн гæпп-гæпгæнгæй цардæй. Тарстæй цардæй, робасæй римахста æхе. Берæ хæттити гъæумæ дæр æрцæуидæ æма дзæхæрамæ багæпп кæнидæ къабуска 'ма æпхитæмæ. Тæрхъос æппунæдзох æхецæй æппæлдтæй, æз, дан, мæ дарæс анз дууæ хатти æййевун: зумæгон мин – уорс дарæс ес, сæрдигон ба – фунукхуз, зæгъгæ.

Еуотæ цардæнцæ æртæ сирди. Фал, еухатт ку адтæй, уæд уотæ рауадæй æма хъæбæр балимæнтæ 'нцæ узун, рæубес æма тæрхъос.

Адтæй сæрдигон бон. Хор кастæй, уæдта æваст сау мегътæ хор фæййауuон кодтонцæ, арв бахгæдтонцæ. Дунгæ кодта, бæласи къалеутæ саста, арв æрттивта, гъæр кодта, уæдта уарун райдæдта, цума къибилайæй калдта, уотæ. Æставд ех уардта. Сирдтæ еугурæйдæр сæхе баримахстонцæ, куд фæззæгъунцæ, арв æма зæнхæ кæрæдзей хуастонцæ. Тæрхъос уоци рæстæг гъæуи адтæй, кедæр дзæхæрай къабускайæй æхе бафсаста æма, фæстæмæ ку цудæй, уад уарун рæйдæдта. Уæгъдæ будури адтæй, уотемæй æй еу робас ниуuидта æма æхенимæр загъта: «Замманай нард тæрхъос, сехуарæн мин исбæззæй». Фæстегæй æй сорун райдæдта. Тæрхъос дæр, фæстæмæ ма фæккæсидæ, уотемæй лигъдæй, даргъ гæппитæгæнгæ. Æ гъостæ ба, цума никки даргъдæр фæцæнцæ. Мæгурбон æркодта тæрхъосбæл. Еуæй, уаргæ кодта, иннемæй ба 'й робас сурдта. Хъелгъос гъуди кодта: «Мæ кæрон æрцудæй». Бахъæрдтæй дзæдурæ къотæри бунмæ æма хæстуолæфтгæнгæй узунбæл æ къах искъуæрдта! Узун имæ дзоруй:

– Ци кæнис, тæрхъос? Аци уаруни кумæ ледзис?

– Кумæ ледзис, кумæ ледзис... Уæртæ мæ робас æрбасоруй... Дæуæн ци 'й – тухуолæфтгæнгæй загъта тæрхъос.

– Фæллæуай, мæ лимæн! Уæртæ къотæри бунмæ бацо, мæ бæрагæ 'й бауадзæ робаси, – загъта узун æма æхе æрбатумбул кодта, ратулдæй надмæ, робас кæбæлти лигъдæй, уордæмæ.

Робас еци ледзгæй нæ фæуuидта узуни. Æрлæудтæй ибæл, размæ бахаудтæй цъимарамæ, уоми цидæр дор адтæй, уобæл æ сæр ниццавта. Туххæй-амæлттæй нæтгæй исистадæй. Тæрхъоси

дæр феронх кодта. Арв дæр ма нигъгъæр кодта хъæбæр æма хæрдмæ фесхъиудтæй, уæдта къулух-къулух гъæди арфмæ бараст ɪɪой, уоци мæстгунæй. Еуотæ узун фæййервæзун кодта тæрхъоси. Тæрхъос бадтæй дзæдурæ къотæри, буни, зир-зир кодта, еуæй, уарунæй ницъцъифæ 'й, иннемæй ба, – тæссæй. Узун æрбацудæй æма ин загъта:

– Уæртæ де 'знаг къулух-къулух, æ сæрбæл хуæцгæ, фæццæуй гъæди арфмæ. Мабал тæрсæ. Тæссаг дин нæбал æй.

Тæрхъос æ бунатæй фæггæпп кодта, æ зæрди узуни рахъури кæнун адтæй, фал имæ æ синдзитæй нæ бандиудта. Æ рази æ фæстаг къæхтæбæл æрлæудтæй æма загъта:

– Узун, узун, Узунагæ, мæ йервæзунгæнæг! Амæй фæстæмæ ду мæнæн уодзæнæ мæ хуæздæр лимæн. Æз дин некæд феронх кæндзæнæн дæ хуарздзийнадæ. Ести æнхус дæ ку гъæуа, уæд дин æз дæр фенхус кæндзæнæн.

– Уæ тæрхъос – Хъелгъос, кæд, дæ фæндуй, уæд мæ хæццæ цæрæ! Дууемæй нин æдасдæр уодзæй, уæдта – игъæлдзæгдæр.

– Фæндуй мæ, хъæбæр мæ фæндуй, Узунагæ, дæ хæццæ цæрун!

Гъема райдæдтонцæ цæрун еумæ тæрхъос æма узун дзæдурæ къотæри буни. Сæ цард дзæбæх цудæй.

Цудæнцæ бонтæ. Еу хатт кæми адтæй, уоми рæубес хезгæ-хезгæй æгæр райдард æй æ мадæй. Изæрдалингтæ кодта. Уалинмæ, дин, æвæцæйдæр берæгъти неун райгъустæй. Рæубес, мæгур, низзир-зир кодта. Ци кодтайдæ, уой нæ зудта. Катай кодта, æ гъостæ нихъхъел кодта æма æ бунати тигилзелæ кодта. Берæгъти неун хæстæгæй-хæстæгдæр кодта... Узун æма тæрхъос фæеууидтонцæ рæубеси, игъустонцæ берæгъти неун дæр. Балæдæрдтæнцæ, гъуддаг цæй медæгæ æй, уой.

– Хъелгъос, рæубесæн æнхус кæнун гъæуй, æ уавæр хуарз нæ 'й.

Тæрхъос гæпп-гæппгæнгæ февзурдæй рæубес Рæусани рази. Рæубес хæрдмæ фесхъиудтæй.

– Рæубес, рæубес Рæусан, раледзæ мæ хæццæ. Ма тæрсæ!

Балигъдæнцæ дууæ сирди узуни размæ. Узун загъта:

– Рацæуай, мæ хор, мæнæ дзæдури къотæрти бунмæ, - раеуварс кодта къалеути æма баримахста уоми рæубеси.

Æртемæй дæр уоми бадтæнцæ – тæрхъос æма узуни хæдзари. Бацæуæн имæ некæцирдигæй адтæй. Дзæдури къотæртæй æмихгæд.

Берæгътæ æрхъæрттæнцæ уордæмæ. Разел-базел ракодтонцæ, къотæрти алливарс –еуæрдæмæ, уæдта – иннердæмæ, уæдта, сæ бон ку базудтонцæ, уæд рандæнцæ синк-синкгæнгæ.

Рæубеси цийнæн кæрон нæбал адтæй. Хъæбæр фæййарфитаı кодта узун æма тæрхъосæн, ке ин фæййанхос кодтонцæ зин рæстæги, уой туххæй, загъта син:

– Кæд мæ уадзетæ уæ хæццæ цæрун, уæд æз некумæбал цæун. Сумах мæ йервæзунгæнгутæ айтæ.

– Уадзæн дæ, уадзæн Рæусан, кæд нæбæл æнвæрсис, уæд.

Гъема, уæдæй фæстæмæ цæрунтæ райдæдтонцæ еумæ Узунæг, Хъелгъос, Рæусан. Сæ хæдзарæ адтæй дзæдурæ къотæрти астæу. Дзæбæх цардæнцæ. Неци гъæуагæ адтæнцæ. Куд фæззæгъунцæ: «Æнгом бийнонтæ цард ерунцæ, æнгом цауæйнæнттæ саг марунцæ». Сæ хæдзари унаффæгæнæг узун Узунæг адтæй. Е йе 'мбæлттæн арæх уотæ дзоридæ:

– Мах гъæуама еумæ гъеуотæ хæларæй цæрæн. Тогцъухтæ хъаурæй тухгиндæр æнцæ, мах ба – зундæй. Ма нæбæл нæ фæууалахез уодзæнцæ.

Рæубес хæдзарæ æфснайидæ. Тæрхъосæн дæр æхе ихæс адтæй. Бонæй рандæуайонцæ, изæри ба æрæмбурд уайонцæ бийнонтæ. Зумæгмæ еумæ æрцæттæ кæнионцæ хуæруйнаг – алкæмæндæр, ци гъæуидæ, уой. Рæубесæн – хуасæ, бæласи къалеутæ; тæрхъосæн – къабускатæ, æпхитæ; узунæн – фæткъутæ, кæрдтутæ, зокъотæ.

Дзæгъæли нæ фæззæгъунцæ: «Гъæди сирд дæр ма еунæгæй нæ цæруй».

## ЗÆРБАТГУТÆ ÆМА ÆХСÆРÆЦЪЕУ

Цардæнцæ зæрбатгутæ Цъив æма Цъва. Дзæбæх цардæнцæ. Фæззæг гъар бæстæмæ фæттæхионцæ. Уоми, денгизи билтæбæл, ратæхæ-батæхæ кæнионцæ, берæ зонгитæ син фæззиннидæ ами. Базонгæ уайонцæ, уоми ка царуй æрмæстдæр уоци мæргъти хæццæ нæ, фал ма, иннæ уазал бæститæй ка 'ртæхидæ, уони хæццæ дæр. Еумæ заргæ ратæхæ-батæхæ кæнионцæ. Кæрæдземæ иуазæгуати дæр тахтæнцæ. Хабæрттæ фæккæнионцæ. Цъив æма Цъва радзорионцæ, кæцæй æртахтæнцæ. Сæ астъонæ кæми конд æй. Сæ бæдæлттæ куд исустур æнцæ æма куд фæттахтæнцæ астъонæй. Дзурдтонцæ-еу, нур етæ дæр ами ке 'нцæ. Алкедæр си нур хецæн бийнонтæ 'й. Тагъд раевгъуидæ зумæг æма бабæй уалдзæг ралæууидæ. Æртахтæнцæ бабæй зæрбатгутæ Хонсарæй. Цъив æмæ Цъва дæр сæ астъонæмæ æртахтæнцæ. Хæдзари тургъи цийнæгæнгæй еуæрдæмæ фæттæхионцæ, уæдта – иннердæмæ.

Хæдзари бийнонтæ дæр сæбæл бацийнæ кодтонцæ. Сауæнгæ ма – æхсæрæцъеутæ дæр.

Æхсæрæцъеутæ сæрдæй-зумæгæй ами фæуунцæ, етæ некумæ фæттæхунцæ. Уæхæн æдзæсгом æнцæ æма – дессаг. Фингæбæл игон сарай ести хуæруйнаг райзадæй, уæд ибæл сæхе ниццæвунцæ. Кенæ ба, куййæн хуæруйнаг равардтай, - етæ дæр бабæй фиццаг фæуунцæ.

Куй дæр сæ рæйгæй расорæ-басорæ кæнун райдайуй. Мадта кæркдони цæргутæ – кæркити ба гъезæмарæй марунцæ. Нæмуг, хуæруйнаг син равардтай, уæд æрбамбурд унцæ, цума сæмæ хонæг фæууй, уотæ.

Цъив астъонæмæ раздæр батахтæй æма, дин, си Æхсæрæцъеу бадуй. Фæстæмæ ратахтæй æма е 'мбалмæ дзоруй:

– Цъувви-цъва, нæ бунат ахæст æй, уæртæ си Æхсæрцъеу бадуй.

– Цъивви-цъивви-цъив, е ба куд бадуй, нуртæккæ 'й æз ратæхун кæндзæнæн. Кæсай мæмæ, – æма батахтæй астъонæмæ.

Æхсæрæцъеу æ бунатæй дæр нæ фезмалдæй. Бадуй, цума неке 'рбатахтæй, уотæ.

– Рандæ уо ардигæй, æдзæсгом. Дæуæн æй нæ фæккодтан аци астъонæ. Е мах хæдзарæ 'й, – дзоруй имæ Цъва.

– Адтæй сумах, нур ба мæн æй. Сумах зæрдидзæбæхæн хонсармæ фæттæхетæ. Уоми хъани цард кæнтæ. Æз ба ами уазали байзайун, – дзуапп ин равардта Æхсæрæцъеу.

– Æма дин е мах фуд æй. Мах ба дин ци кодтан. Ести дæ гъигæ дарæн? Æппундæр неци. Исуæгъдæ нин кæнæ нæ хæдзарæ!

Æхсæрæцъеу, цума уой хæццæ нæ дзурдтонцæ, уотæ къæрттæй цъола нæ фæцæй.

Цъив æмæ Цъва се 'мбæлттæмæ фæдздзурдтонцæ. Æрæмбурдæнцæ, зæрбатугкæй ками цидæр адтæй, етæ.

Унаффæ рахастонцæ, ратæрун Æхсæрæцъеуи се 'мбæлтти астъонæй. Райдæдтонцæ ратæхæ-батæхæ кæнун астъони алливарс. Кезугай медæмæ батæхионцæ, хилæ кодтонцæ. Фал – неци æма некуд. Ку нæ си ракумдта ратæрун, уæд зæрбатгутæ сæ гъаст хæдзари хецаумæ – Бабамæ бахастонцæ:

– Баба, ду раст лæг дæ! Зæгъай нур ба, ка растдæр æй – мах æви Æхсæрæцъеу, – æма хабар радзурдтонцæ, куд æй, уотæ.

Зæронд лæг лæмбунæг байгъуста Цъив æма Цъвамæ æма загъта:

– Мæ хортæ, сумах раст айтæ. Идард бæстæй фæлладæй æртахтайтæ. Æма уин уæ цæттæ хæдзарæмæ бацæуæн нæййес. Уинетæ, æхсæрæцъеу æхуæдæг хæдзарæ нæ кæнуй, еске цæттæ хæдзари æйкитæ æрæфтауй. Е æдзæсгомдзийнадæ 'й. Фал æ конд уотæ 'й, ма ин ци кæнæн. Æз дæр æ хæццæ радзордзæнæн, кæд мæнмæ байгъосидæ.

Баба астъони размæ бацудæй æма бунæй уæлæмæ дзурдта:

– Æхсæрæцъеу, уæ Æхсæрæцъеу, дæ хуарзæнхæй исуæгъдæ кæнæ Цъив æма Цъвай астъонæ. Етæ 'йбæл хъйамæт фæккодтонцæ. Нур фæлладæй æртахтæнцæ æма – ес хæдзарæй – æнæхæдзарæ. Раст нæ дæ.

Æхсæрæцъеу æ къембур радардта астъонæй æма загъта:

– Баба, æз ами æйкитæ æрæфтудтон 'ма сæ нур ба куд ниууадзон. Дæу сæрмæ гæсгæ исуæгъдæ кæнинæ зæрбатгути хæдзарæ, фал...

Цъив æма Цъва загътонцæ:

– Мах ин, ци гъæуй, уой ку нæ бакæнæн. Дуар исæхгæндзинан. Æма уоми æ æйкити хæццæ байзайдзæнæй. Иннæ хатт зондзæнæй, еске хæдзарæмæ куд цæугæй, уой.

Зæронд лæг син сæ дзубанди фегъуста æма загъта:

– Зæрбатгутæ, мæ хортæ, мæ хатирæй, ма бакæнетæ уотæ. Сумах зундгиндæр фæуутæ. Нийуагътæ Æхсæрæцъеуи, уадзæ, æма рауадза æ цъеутæ.

Цъив æмæ Цъва байгъустонцæ бабамæ æма æндæр рауæн тугури тæрвазæбæл сæхецæн астъонæ искодтонцæ. Дессаги дзæбæх син рауадæй – иннемæй хуæздæр.

Æхсæрæцъеуи фуддæрагæн хъæбæр байархайдтонцæ. Æрæфтудтонцæ æйкитæ æма син тагъд рæстæги бæдæлттæ фæззиндтæй.

Æхсæрæцъеуæн дæр фæззиндтæй бæдæлттæ. Ести ку исдзоридæ зæрбатгутæмæ, уæд ин етæ зæгъионцæ:

– Мах дæубæл æнвæрсгæ дæр нæ кæнæн, æнæхæдзарæ. Еске мулкмæ ка бæллуй, е æгадæ 'й нæ цæсти. Æма цæрæ еци кади хæццæ, æдзæсгом. Аци хатт дин ниххатир кодтан, фал – фæстаг хатт...

## ГЪАЗÆНКИНДЗÆ-АГУНДÆ

Цардæй æма адтæй гъазæнкиндзæ Агундæ. Тукани Агундæй кадгиндæр æма рæсугъддæр н' адтæй. Аллибон дæр ин æ дарæс æййивтонцæ. Тæккæ æрбакæсæни æвæрд уидæ. Æлхæнгутæ еугурæйдæр уой æвзарионцæ, фал тукангæсти фæндæадтæй,

цæмæй хуарз къохтæмæ бахауа. Æхе дæр ин бафарсионцæ, æма нурма некæмæ ма исарази 'й.

Еубон кæми адтæй, уоми туканмæ æрбацудæнцæ æригон рæсугъд силгоймаг æ кизги хæццæ. Минкъий кизгæбæл цудæй æртæ анзи. Етæ дæр фиццагдæр Агунди размæ бацудæнцæ.

– Мамæ, мамæ, мæнæ ци рæсугъд гъазæнкиндзæ! – исдзурдта кизгæ.

– Уо, уо, æцæгæйдæр, ци дзæбæх æй, уæдта ци арæзт æй, – загъта мадæ дæр, уæдта ма æ дзубандимæ бафтудта: – Мæ хор, гъазæнтæ дæмæ берæ ес. Ес дæмæ киндзитæ дæр аллихузæнттæ, фал си ауæхæн нæййес, кæд дæ гъæуй, уæд дин æй балхæндзæнæн.

– Мамæ, мæ зæрдæмæ хъæбæр фæццудæй. Фæндуй мæ, бæргæ, ку мæмæ уайдæ ауæхæн гъазæнкиндзæ.

Агундæ син сæ дзубандимæ игъуста æма рагъуди кодта: «Ци хуарз, æгъдаугин, лæдæргæ минкъий кизгæ 'й. Мадта, æ мадæ дæр рæсугъд, дзæбæх æй. Гъæуама ма цард уонæмæ лæгъуз ма уа».

Мадæ æма кизгæ тукангæсмæ бацудæнцæ. Е сæ балæдæрдтæй, ци зæгъунмæ гъавтонцæ, уæдта – ци 'лхæнунмæ, уой. Силгоймаг загъта:

– Дæ хуарзæнхæй, æнгъезуй уæлæ уоци гъазæнкиндзи хæстæгмæ фæууинун. Нæ зæрдæмæ хъæбæр фæццудæй.

– Цæмæннæ æнгъезуй. Нуртæккæ 'й æресдзæнæн, – æма 'й æриста.

Агунди фиццаг райста мадæ. Арæхстгай ин æ даргъ дзиккотæбæл æ къох æрхаста, уæдта 'й æ кизгæмæ равардта. Агундæмæ нур ма уотæ арæхстгай некема æвналдта. Хъæбæр æхцæуæн ин адтæй кизги æвнæлд.

– Хъæбæр рæсугъд дæ, мæ зæрдæмæ цæуис. Фæндуй дæ, цæмæй дæ хонон нæхемæ? Хуарз цард дин уодзæнæй. Дæ зæрдæ дин некæд фæхходун кæндзæнæн.

Гъазæнкиндзæн æ дзубанди æхцæуæн адтæй. Гъуди кодта, фал зæгъгæ ба неци кодта.

Уæд бабæй кизгæ загъта:

– Мæ ном Зæринæ хуннуй. Дæ ном ба куд æй?

Гъазæнкиндзæ бахудтæй æма загъта:

– Æз Агундæ хуннун. Зæринæ, ду дæр мæ зæрдæмæ фæццудтæ. Гъема, кæд дæ фæндуй, уæд цæун дæ хæццæ.

Тукангæс дæр загъта:

– Дессаг! Цæйбæрцæ æлхæнгутæ 'й адтæй, фал нур ма сæ еу дæр æ зæрдæмæ нæма фæццудæй сумахæй фæстæмæ. Берæ рæсугъд дзубандитæ ин фæккæнионцæ, зæрдитæ ин æвæрионцæ, хъани цард, дан, кæндзæнæ. Гъема, корун уи, æма нин нæ рæсугъд уæздан Агунди зæрдæ макæд фæхходун кæнтæ. Кенæ ба уин æй фæстæмæ райсдзæнæн. Уотæ нæ 'й, Агундæ? – киндзæбæл æ къох æрхаста.

Гъазæнкиндзæн алцидæр балхæдтонцæ: хуссæн, гъæццол, гобан, баз, сæ цъæрттæ, къелатæ, стъол, цалдæр фæлусти уæледарæс, – уалдзигон, сæрдигон, зумæгон, къахидарæс дæр, мадта, уотæ, ходтæ... Агундæн, æ уатæн цидæр гъудæй дзаумауæй, уой дæр балхæдтонцæ.

Цийнæгæнгæй æрбацудæнцæ хæдзарæмæ мадæ æма кизгæ. Агундæбæл хъæбæр бацийнæ кодтонцæ Зæрини баба æма нана дæр. Нана загъта:

– Æртæ къерей ракæнæн, дессаги рæсугъд æй Агундæ. Раковæн, цæмæй нæмæ дзæбæх, æнæнезæй цæра. Зæринæ, нæ минкъий хор дæр ин æ зæрдихудти куд некæд бацæуа.

Фæббадтæнцæ фингæбæл, уæдта Зæринæ Агунди æ уатмæ фæххудта:

– Агундæ, абонæй фæстæмæ дæ цард ами уодзæнæй. Нуртæккæ дин дæ цæрæнбунат исрæвдзæ кæндзинан, бафснайдзинан. Дæ дзаумæуттæ дæр дин сæ бунæтти ниввæрдзинан. Бафæлладтæ æма бауолæфæ, уæдта дæ æз иннæ гъазæнкиндзити хæццæ базонгæ кæндзæнæн. Етæ дæр дзæбæх æнцæ. Мæнмæ гæсгæ, кæрæдзей зæрдæмæ фæццæудзинайтæ. Иннетæ еумæ еу уати цæрунцæ. Ду ба еунæгæй дæхе уати цæрдзæнæ – мæнæ мæ фарсмæ.

Агундæ, æцæгæйдæр, хъæбæр бафæлладæй. Уотитæ ахур н' адтæй, Зæринæ ин хуссæн бакодта, æма ниххустæй. Иннæ бон минкъий кизгæ базонгæ кодта Агунди гъазæнкиндзити хæццæ. Етæ дæр рæсугъд адтæнцæ, фал уæддæр еумæ загътонцæ:

– Ци рæсугъд æй! Ци хуæрзконд æй!

Агундæ адтæй бæрзонд, нарæгастæу, адтæй ин даргъ сау дзиккотæ – дууæ бидемæй ин адтæнцæ, æ къахи уæлфæдтæмæ хъæрттæнцæ, уорс-уорсид цæсгом, сурх билтæ, цъæх цæститæ, сау æрфгутæ, даргъ цæстихаутæ. Ку баходидæ, уæд æ дæндæгутæ уорс-уорсидæй налхъут-налмасау æрттивтонцæ. Æ уæле адтæй æрвхуз сæрдигон пъолци. Хъæбæр федудта гурведауцæ Агундæбæл. Æ

къæхтæбæл дæр – æрвхуз къахидарæс.

Базонгæ 'нцæ гъазæнкиндзитæ кæрæдзей хæццæ. Æ ном син загъта Агундæ. Етæ дæр сæ нæмттæ дзурдтонцæ кезугай: Фатъимæт, Дзерассæ, Зæлинæ, Рохсанæ...

Минкъий кизгæ Зæринæ син загъта:

– Корун уи, æма лимæнæй цæретæ! Кæрæдзей зæрдихудти макæд бацотæ. Амæй фæстæмæ хуæртæ айтæ æма кæрæдзей уарзетæ.

Бонтæ цудæнцæ. Дзæбæх цардæнцæ Зæринæ æма æ гъазæнкиндзитæ. Хъæбæр лимæнæй цардæнцæ Агунди хæццæ. Кизгæ уой гъолон уарзт кодта. Бонæ ин цалдæр хатти æ дарæс, къахидарæс, раййевидæ, æ дзиккотæ ин ниффасидæ. Берæ хабæрттæ, аргъæуттæ ин фæккæнидæ, æ нана ин ке радзоридæ, уони. Агундæ дæр имæ лæмбунæг игъосидæ. Æ зæрдæмæ аргъау ку фæццæуидæ, уæдта зæгъидæ:

– Зæринæ, еу хатт дæр ма мин æй ракæнай.

Æма ин æй кизгæ ниггидæр ма радзоридæ.

Еуæй-еу хатт Зæринæ æ еугур гъазæнкиндзити дæр æ хæццæ фæххонидæ гъæунгæмæ. Уоми толдзæ бæласи буни бадионцæ, цæугæдони дæр сæхе æртайонцæ. Фал фулдæр хатт ба Агунди хæццæ цæуидæ. Аллихатт дæр ибæл нæуæг дарæс искæнидæ. Ескумæ æ мади хæццæ иуазæгуати ку цæуидæ, уæддæр æй æ хæццæ хонидæ. Разгæмттæ йбæл искæнидæ. Иеугурей зæрдæмæ дæр цудæй Агундæ. Æма си ку 'ппæлионцæ, уæд нифсæрмитæ уидæ. Æхсæвæ ба, хуссун æй ку кæнидæ, уæд ин берæ зартæ ракæнидæ:

Алотæ 'ма цицитæ,<br>
Агундæ ба хусдзæнæй.<br>
Алотæ 'ма цицитæ, –<br>
Ейæ минкъий киндзæ 'й.

Тæрхъос хуссуй, робас дæр,<br>
Узун æма берæгъ дæр,<br>
Арс дæр, мадта, æррæхцуй,<br>
Уг ма æрмæст нæ хуссуй.

Алотæ 'ма цицитæ, –<br>
Бафунæй æй баба дæр,<br>
Алотæ ма цицитæ, –<br>
Бафунæй æй нана дæр...

Еуотемæй цардæнцæ.

Цудæнцæ æнзтæ. Зæринæ фестурдæр æй. Авд анзи йбæл исæнхæст æй æма 'й скъоламæ равардтонцæ. Кизгæ æновудæй ахур кæнун байдæдта. Скъолайæй ку 'рбацæуидæ, уæд Агундæн радзоридæ, æхуæдæг ци базудта, уони. Дамугъатæ ин баамудта. Кæсун æй исахур кодта. Æмдзæвгитæ дæр ма зæрдивæрдæй исахур кодтонцæ дууемæй еумæ. Нур Агундæ дæр æхуæдæг аргъæуттæ кастæй æма, Зæринæ скъолай ку уидæ, уæд æнкъард нæбал кодта. Еу бон ба, кизгæ скъолайæй ку 'риздахтæй, уæд ин гъазæнкиндзæ загъта:

– Æз дин æмдзæвгæ бакæсдзæнæн. Мæхуæдæг æй æргъуди кодтон.

Кизгæ десгæнгæй загъта:

– А-ма, бакæсай æй.

Агундæ æ пъолци радзæбæхтæ кодта, æ бидтитæ размæ æ реутæмæ æрбакодта æма райдæдта дзорун:

Нанай кизгæ 'й Зæринæ,

Зундгин кизгæ, сугъзæрийнæ.

Кустуарзон 'ма коммæгæс,

Æ бакаст ба – хорæнгæс.

Зæринæ лæугæй байзадæй, уæдта æ мади æрбахудта æма ин загъта:

– Мамæ, байгъосай Агундæмæ, е циуавæр æмдзæвгæ æргъуди кодта.

Хъæбæр раппæлттæнцæ мадæ 'ма кизгæ гъазæнкиндзæй. Зæринæ ба загъта:

– Агундæ, ци уой зонис, æз дæ исон мæ хæццæ скъоламæ хондзæнæн. Цæудзæнæ мæ хæццæ? – рафарста ма 'й.

Агундæ хъæбæр бацийнæ кодта æма загъта:

– Зæринæ, мæн фæндуй дæ хæццæ скъоламæ цæун.

Гъема, еци бонæй фæстæмæ Зæринæ æма Агундæ еумæ цудæнцæ скъоламæ. Еу пъартæбæл бадтæнцæ. Кæрæдземæн анхус кодтонцæ. Сæ дууæ дæр хъæбæр хуарз ахур кодтонцæ. Еуотемæй цардæнцæ гъазæнкиндзæ Агундæ, дзæбæх кизгæ Зæринæ æма æ мадæ 'ма фидæ, нана æма баба, сæ къæбис Бæрсой

# ÆМДЗО КÆНУНЦÆ ЦИЙНÆ ÆМА МАСТ



Адæймагæн æ райгурцæй ба æ зæруи бони уæнгæ æ фарсмæ æмдзо фæккæнунцæ дууæ æмбæлццони. Уонæй сæ еу хуннуй цийнæ, иннæ ба маст.

Нæ зонун, Цъугкити Крестники царди цийнæдзийнадæ цæйбæрцæбæл бунат ахæста, уой, фал ин а царди зинтæ ба æ маст æ мæстдонæмæ ке исхъæртун кодтонцæ, е ба æ финститæбæл бæрæг æй.

Крестник æй, царди зин æма гургъахъ фæндæгтæбæл æхе къахибунтæ тæппæлвехсуд ка бакодта, еци фæлтæрæй. Æхе уодбæл бавзурста рæстæги, царди æййивдтитæ. Уобæл дзорæг æнцæ æ финститæ дæр. Æрдзæй рæстуод уогæй, нæй æ бон ниббæлсун царди сайд æма мæнгарддзийнæдтæн. Нæй æ бон ниббæлсун хæрандзийнадæ æма фæливдæн. Уой медæги æй, дæлдæр ин ци æмдзæвгитæ мухур кæнæн, уони сæйраг мотив.

Лæгæй-лæгмæ Крестники уотæ хуарз нæ зонун, фал ин æ финститæ ку бакастæн, уæдта мæмæ уотæ фæккастæй, цума æй хъæбæр рагæй фæсмардтон.

*Колити Витали*

## ТÆХОДУЙЙАГ

Аци бонæй е "сонмæ
Кадæр кæнуй сагъæс,
Е "не "рцæуй фæсмонмæ,
Кæнæд уи æруагæс.

Царди уæзæ усхъæзæй,
Мæнгæттæ нæ зæгъун.
Езгард лæг мургъуз æй,
Рагæй дæр æй зонун.

Царди ради тæходуй
Бафсæдæ цæрунæй.
Игъæлдзæгæй ка ходуй
Ка ес хъалдæр уомæй.

Ма фæрресæд æ зæрдæ,
Æнæнезæй цæрæд.
Царди уаги æ фæндæ
Уæлиумæ ирæзæд.

Æ ходунгъæр изолмæ
Æрвгъæрау игъусæд.
Зæрдæрохсæй е "сонмæ
Гъазгæ-ходгæй цæуæд.

## РАЦÆРГÆ УОСГОР

Зæрддагонау бауарзтон
"Ма кизги бафарстон.
Фал ин уарзон разиндтæй,
Зæрдæ коййæй нирризтæй.

Сæргубурæй æрцудтæн,
"Ма æндæрмæ бацудтæн.

Сосæг лæг ин разиндтæй,
Искиндæй мин кæд хинттæ.

Дестæгæнгæ рацудтæн,
Æртигкагмæ бацудтæн.
Е ба уонæй дессагдæр,
Разиндтæй ма «къубус дæр».

Сæр разилдæй сагъæсæй,
Кæсæг, ду дæр æркæсай.
Еске уосæ зин корæн,
Гъæйдæ, еу ма агорон.

Мæнгæттæ уин нæ дзорун,
Фалæ магъа нæ зонун.
Ис ма ерон æнцонтæй
Рагон кизгæ ездонтæй?

Цæмæ цæуй нæ фæстаг,
Ейæ иссæй сагъæссаг.
Ку нæбал ес æркæсæг,
Кумæ цæуй нæ зæнæг?

## ФÆСМÆГУРХЪАЛ

Неци ратдзæнæй
Дæуæн, мæнæн,
Ниддæбæл ходдзæнæй,
Табу Хуцауæн.
Уотæ исхъал æй.
И мæгур къæффе,
Махæй нæбал æй,
Бæрæг æ уæле.
Фæсмæгурхъал
Уæхæн æй, уæхæн.
Нæбал æй æмбал
Æз æма дæуæн.
Фæттарстæй махæй,
Мæгур ан, уомæй,

Никкойбæл аххæй,
Исхъал æй сомæй.
Къæбæрæй мæнкъæй
Губун бафсастæй.
Фæллигъдæй е "нкъай,
Нæ ин ниббухстæй.
Æ гъæла миутæ
Рабæрæг кодта.
Фонсау æ сиутæ
Зæнхи ниссагъта.
Æхецæй лæгдæр
Нæ хонуй еу дæр.
Æхе нæ уинуй,
Уæд ма ке уинуй?
Естæмæн бæзгæ
Ку уайдæ бæргæ
Нæ ибæл кæнинæ
Хæкъурццæй кæугæ.

## КИРИСТОНГЪÆУ

Биндзи мудæй адгиндæр
Дæ дуйнебæл мæнæн дæр.
Нæййес дæуæй кадгиндæр
А-зæнхæбæл еунæг дæр.

Дæ коймæ дæр иръзун,
Дæ рафауæг мин фуд рун.
Раппæлæги бафæнзун,
Арфи загъд ин фæззæгъун.

Ке нæ дин ес æмбалдæр,
Æууæндун æз уобæл дæр.
Нæ фиддæлти цитгин гъæу,
Цард мин нæййе æнæ дæу.

Нæ хæссисæ ходуйнаг
Некæд адтæ æдзæллаг.

Нур ци кодтай, дзæгъæйлаг,
Цæмæн фæддæ аллайаг.

Бæргæ нæ дæн дзоруйнаг,
Кæсуй мæмæ ходуйнаг.
Ку нæбал дæ къохидзаг,
Цæмæ фæддæ иуæрццаг.

Ци уодзæнæ изолдæр,
Нæбал зонæн гъе уой дæр.
Нæбал ди ес гъæйтт, лæг дæр.
Ци уа  уомæй гъулæгдæр.

Ка ма исæргъувдзæй дæу,
Нæ зæгъуни цитгин гъæу.
Дзорун уæмæ фæсевæд,
Исæфуй бустон нæ фæд.

Фæгъгъæйтт кæнтæ æнæдзебæл
Фæххуæцетæ кæрæдзебæл.

## СЕДЗÆР

Седзæр мæгур æй,
Иливд рæвдудæй.
Мади фæлмæн къох
Гъудæй уой æдзох.

Седзæр уæхæн æй
Фургуст хæрæгау.
Губунæй стонгæй,
Цомай ефтонгæй.

Алкæмæн лигъстаг,
Алли бон мæстаг.
Дарæсæй бæгънæг,
Æдзард, æгудзæг.

Сунтæй губур æй,
Къохæй цубур æй
Фингæн – кæронæй,
Кустæн – рæбунæй.

Седзæр искæнæг
Адтæй цъумур лæг.
Хуцауæн æлгъист,
Мæрдтæн уæд фæлдист.

Седзæр – седзæр æй,
Цардæй æвдузт æй
Хæтуй ихуæрстæй,
Тæрсуй æвзистæй.

Хуссæн-фæсалæ "й,
Фæллад, æнсарæй.
Федар æхсарæй,
Уæздан æфсарæй.

## УÆХÆНÆЙ ТÆРСÆ

Мæ зæрди рохс, ци бакæнон.
Дæуæн тæрсгæй ку цæрун.
Хуæздæр ма дин ци ракæнон,
Мæнгæттæ дин нæ дзорун.

Мæ бауарзтæн æ фæсмонæй,
Æхсæвæ дæр фæттæлфун.
Рагæй тарстæн æдзæсгонæй,
Къæхти бунæй инæфун.

Зæрди тогтæ де "рбакастæй
Иссодзунцæ циренау.
Дæ игурцæй нæ фæббæзттæ,
Байлæдæрдтæн æрæгйау.

Æндагъд билтæ, лæкъун цæстæй
Рæхуаис мæ æрфугæй.

Æз дæ хæццæ зæрди растæй,
Ду ба мæбæл – мæнгардæй.

Нæ базудтай æфсæрмитæ,
Нæ рахадтай ходуйнаг.
Раст ди цума сау кæлмитæ
Агорунцæ хуæруйнаг.

Хуарз не "вдеси дæ абони,
Дæхе тæрхон æвдесæн.
Берæ фуддæр дæ исони,
Нигги фуддæр – уодесæн.

Ку бахауа хелагæбæл
Дæхе тогæй еу æртæх.
Уæд ратайдзæй сау зæнхæбæл,
Фæнди сау уа, фæнди цъæх.

Кæсуй дæмæ æноси дæр –
Нæййес хуæздæр дæхецæй.
Гадзирахатт дæ лæгбæл дæр
Уомæн гæлдзис ескæцæй.

Нæ дæ дæргъцæ, нæ дæ уæрхцæ,
Æрсæттун ба нæ комис.
Дæ фуд миутæ устур фæхцæ,
Дæхуæдæг дæр æй зонис.

Семгæ цæуи галеу къахæй,
Рахез къах ба фæстезад.
Кедæр лæги фæлмæн къохæй
Фæррæвдауис æвæллад.

Фæлмæн дзурдæй дæхе лæгæн
Зæрдæлхæнæн нæ кæнис.
Къумрæбунти есге лæгæн
Цъиргæ батæ фæккæнис.

Хуæрзæвдулдæй хæдзарæмæ
Сергæ-семгæ æрцæуис.
Фæстегæй ба дæ гурæмæ
Æвдулдтитæй нæ кæсис.

Мабал гъазæ уоди тогæй,
Ду дæр хуннис силгоймаг.
Æппунфæстаг уæхæн уогæй
Дæхе кæни ходуйнаг.

Мæнгæдзойæн идарддзомæ
Фæхъхъæртæнтæ некæд е.
Цæмæ бæлли уæд гъе уомæ
Есге ходгæй дæ фæсте.

Царди медæг уоди кадæ
Балхæнунмæ ку нæ е.
Ци адтæй, ци æй дæ радæ, -
Рабæрæг æй дæ уæле.

Александр ОСТРОВСКИЙ

# ДЗАДДЖЫН БЫНАТ

*(Фондзархайдон комеди)*

## ФЫЦЦАГ АРХАЙД

**Архайджытæ:**

Вышневский Аристарх Владимиры фырт – ындыснæгæй рынчын зæронд лæг.

Аннæ Павелы чызг – йæ бинойнаг, æрыгон сылгоймаг.

Жадов Василий Николайы фырт – лæппу-лæг, йæ хæрæфырт.

Юсов Аким Аким фырт – зæронд службæгæнæг, Вышневскийы дæлбар.

Белогубов Онисим Панфилы фырт – æрыгон службæгæнæг, Юсовы дæлбар.

Антон – Вышневскиты лæггадгæнæг.

Цумайы лæппу.

Вышневскиты хæдзары стыр уат. Алыхуызон хæдзары дзаумæттæ дзы. Галиуæрдыгæй Вышневскийы кусæн уатмæ дуар, рахизæрдыгæй Аннæ Павелы чызджы уатмæ дуар. Дыууæфарсырдыгæй дæр къултыл фæйнæ кæсæны, сæ бынмæ – стъолтæ. Астæуæй – мидæмæ бахизæн дуар.

### Фыццаг фæзынд

Вышневскийыл тинтычъи сюртук æмæ æнæ кæнгæдзык кутæй. Вышневская – хæдзарон уæлæдарæсы. Рацыдысты Аннæ Павелы чызджы уатæй.

Вышневский. Æппындæр дын ницы бæсты цæуы! Уый нæ, фæлæ ма мæ масты хай дæр бакæныс. (*Æрбадти.*) Фондз азы рацыд, куы дæ ракуырдтон, уæдæй нырмæ æмæ дæ иу хъарм ныхас нæма фехъуыстон. Ахæм диссаг никуыма федтон. Цы дæ зæрдæмæ нæ цæуы, уый ма мын уæддæр зæгъ?

В ы ш н е в с к а я. Мæнмæ ницы зæгъинаг и.

В ы ш н е в с к и й. Æмæ цы хъуамæ зæгъай! Æви дын хæдзар нæ балхæдтон, амæй ай зынаргъдæр дзаума дзы не 'рæвæрдтон? Кæннод дачæ та кæй тыххæй саразтон? Уæд дын цы нæ фаг кæны? Мæнмæ гæсгæ, иу къупецаджы усмæ дæр уыйбæрц бриллианттæ нæй.

В ы ш н е в с к а я. Бузныг, фæлæ дæ цыма никуы ницæуыл бадомдтон, афтæ дæм нæ кæсы?

В ы ш н е в с к и й. Ды мæ ницæуыл домдтай, фæлæ, дæуæй хистæр кæй дæн, уый тыххæй дын дæ зæрдæ балхæнынмæ хъавыдтæн. Æнхъæлдтон, мæ хорздзинæдтæн мын аргъ скæндзынæ. Фæлæ ды ахæм сылгоймаг нæ дæ. Дæумæ гæсгæ хæдзæрттæ æмæ дачæтæ сæхæдæг сæхи ацаразынц? Къахæй сæрмæ дæ дари æмæ сызгъæрин куы фестын кодтон. Уæд уыдонæн æхца нæ хъæуы? Сæ алкæй фæдыл дæр æз рахау-бахау фæкодтон. Æви лæвар кæй ницы ис, уый дæ зæрды кæрон дæр никуы 'рæфтыд?

В ы ш н е в с к а я. Мæн æппындæр ницы хъæуы. Иу æмæ дын æй дыууæ хатты нæ загътон.

В ы ш н е в с к и й. Æз дæ хъуамæ æнæмæнг æрфæлмæн кæнон. Цалынмæ дæ зæрдæйы ихтæ æртайой, уæдмæ мын цард ад не скæндзæн. Мæ нæлгоймаджы тыхтæ нырма ме уæнгты абузæнтæ кæнынц æмæ уарзондзинадмæ фæндагыл мæ размæ ницавæр тых æрлæудзæн. Мæскуыйы бынмæ дын уыцы галуан дзæгъæлы балхæдтон?! Æмæ йæ цавæр æхцатæй балхæдтон, уый зоныс?.. Куыд дын æй зæгъон, мæгъа... Иу ныхасæй, куы мæ базониккой, уæд дзуапп раттын кæй тыххæй бахъæуид, ахæм хъуыддæгты сæрты ахызтæн.

В ы ш н е в с к а я. Дæ хорзæхæй, мæн тыххæй, цы не 'мбæлы, ахæм хъуыддæгтæ ма кæн. Стæй сæ, мæнмæ цы уарзондзинад дарыс, уый æфсон дæр ма кæн. Хуыцауæй курæгау дæ курын. Уыдæттæ мæн ницæмæн хъæуынц. Стæй дын раст куы зæгъон, уæд дæ ныхæстыл дæр не 'ууæндын. Мæн куы нæма зыдтай, уæд дæр дæхи афтæ дардтай. Дæ миты тыххæй та мæ суанг мæхи æфсармы цур дзуапп дæттын дæр нæ фæнды.

В ы ш н е в с к и й. Æфсарм! Æфсарм! Дæумæ цы уарзондзинад дарын, уый тыххæй æз цыфæнды фыдраконддзинад дæр бакæндзынæн. Дæ уарзондзинад балхæныны тыххæй æз мæ кад æмæ намыс цъыфы сæвдулынил дæр нæ бацауæрддзынæн. (*Сыстад. Вышневскаямæ фæцæуы.*)

В ы ш н е в с к а я. Аристарх Владимиры фырт, æз кæнгæ

митæ кæнын нæ зонын.

В ы ш н е в с к и й. Уæд та мæ сайгæ акæн. Цыма мæ уарзыс, дæхи афтæ дар.

В ы ш н е в с к а я (*иуфарс аздæхгæйæ*). Уый никуы уыдзæн!

В ы ш н е в с к и й. Уарзгæ дæ кæнын, уарзгæ!.. (*Зыр-зыр ыл бахæцыд, афтæмæй йæ уæрджытыл æрхауд.*) Тынг бирæ дæ уарзын!

В ы ш н е в с к а я. Аристарх Владимиры фырт, дæхи ма 'гад кæн. Цæуын афон дын у. (*Дзæнгæрæг ныццагъта.*)

Вышневский слæууыд. Уатæй æрбахызт А н т о н.

Аристарх Владимиры фырты йæ дзаумæттæ аивын хъæуы.

А н т о н. Табуафси. Алцыдæр цæттæ у. (*Уатæй ацыд.*)

Йæ фæстæ рацыд Вышневский дæр.

В ы ш н е в с к и й (къæсæргæронæй). Залийаг калм! (Ацыд.)

### Дыккаг фæзынд

В ы ш н е в с к а я (*иунæгæй, хъуыдыты аныгъуылд*).

Ӕрбацыд ц у м а й ы л æ п п у, писмо йæм радта æмæ ацыд.

Кæмæй у? (*Райхæлдта йæ æмæ йæ кæсы.*) Диссæгтæ! Уарзондинады хъарджытæ. Уыцы зæронд чъебремæ ничи кæсы! Афтæмæй ма йын диссаджы рæсугъд ус дæр куынæ уаид! Ӕнаггаг чи у, уый! Мæ хуызæн уавæры кæй баппарынц, уыцы сылгоймаг цымæ цытæ фæкæны?! Ӕмæ цы 'взагæй дзуры, уый та! Рувасау цъыллинджытæ кæны. Уæд та йын æй фæстæмæ арвитин? Нæ фæлæ йæ нæ зонгæтæй искæмæты равдисон. Уадз æмæ йыл сæхи худæгæй схæссой. Фу! Зæрдæхæццæгæнæн! (*Ацæуы.*)

А н т о н уатæй рахызт æмæ дуары цур æрлæууыд. Ӕрбацыд Ю н у с о в, йæ фæстæ – Б е л о г у б о в.

### Ӕртыккаг фæзынд

А н т о н, Ю с о в æмæ Б е л о г у б о в.

Ю с о в (*пъартфелимæ*). Ӕрбацыдыстæм, уый хицауæн фехъусын кæн.

Антон ацыд. Юсов кæсæнмæ йæхи дзæбæхтæ кæны.

А н т о н (*къæсæргæрон фæзынд*). Табуафси.

Б е л о г у б о в (*æрбацыд, йæ дзыппæй сæрвасæн систа æмæ дзы йæ сæр фасы*). Аким Акимы фырт ам ис?

А н т о н. Дæ хæдразмæ бацыд.

Б е л о г у б о в. Хицау абон йæ хорз зæрдæйыл у?

А н т о н. Нæ зонын. (*Ацыд.*)

Белогубов кæсæны бынмæ стъолы цур лæууы.

Ю с о в (*сæрыстырхуызæй рахызт хицауы кусæн уатæй*). А, ды дæр ам дæ?

Б е л о г у б о в. О.

Ю с о в (*гæххæтмæ кæсгæйæ*). Белогубов!

Б е л о г у б о в. Хъусын дæм.

Ю с о в. Мæнæ ацы гæххæтт райс, ме 'фсымæры гæбаз, æмæ йæ, куыд гæнæн ис, афтæ сыгъдæгдæр рафысс. Хицау загъта.

Б е л о г у б о в. Æз, дам, æй рафыссон?

Ю с о в (*æрбадт*). О, ды, дам, рæсугъд фыссыс.

Б е л о г у б о в. Тынг æхсызгон мын у ахæм ныхæстæ хъусын.

Ю с о в. Тагъд ма кæн. Дарддæр мæм байхъус. Тынг сыгъдæг æй рафыссын хъæуы. Кæдæм æй æрвитынц, уый уыныс?

Б е л о г у б о в. Æмбарын æй, Аким Акимы фырт. Мæ арæхстдзинæдтыл нæ бацауæрддзынæн. Ахсæв дæр не схуысдзынæн.

Ю с о в (*арф ныуулæфыди*). Ох-ох-ох! Ох-ох-ох!

Б е л о г у б о в. Аким Акимы фырт, мæнæн сæйрагдæр, кæмдæр нымады кæй дæн, уый у.

Ю с о в (*тызмæгæй*). Уый хуымæтæджы хъуыддаг нæу!

Б е л о г у б о в. Кæй зæгъын æй хъæуы.

Ю с о в. Нымады уæвын... Йæ зæгъын æнцон у, фæлæ дзы бæрнондзинад æмæ æфсарм бирæ ис. Паддзахадон кусæджы ма æндæр цы хъæуы? Хуыздæр ма цæмæ хъуамæ бабæлла?

Б е л о г у б о в. Æнæмæнг афтæ.

Ю с о в. Хицауад дыл йæ цæст æрæвæрдта, зæгъгæ, уæд дæхимæ адæймаг кæсыс, æнæ уымæй та цы дæ? Хилæгой, уаллон.

Б е л о г у б о в. Мæнмæ гæсгæ, Аким Акимы фырт, æз мæхиуыл ницæмæй ауæрдын.

Ю с о в. Ды? (*Æдзынæг æм ныккаст.*) Дæумæ бæргæ ницы аипп хæссын.

Б е л о г у б о в. Цæмæй хорз дарæсы аивдæрæй разынон, уый тыххæй æз мæ гуыбыны зæрдæхудты дæр бацæуын. Сыгъдæг уæлæдарæсы паддзахадон кусæг хицауады цæсты тынгдæр ахады. Мæнæ ма аццы астæумæ æрбакæс... (*Чъылдымырдыгæй йæм разылд.*) Чындздзон чызджы астæуы хуызæн нæу?!

Ю с о в. Фæлæу-ма. (*Къахæй сæрмæ йæ сбарста, тамакомæ сысмыста.*) Астæу дæр хорз у, Белогубов, фæлæ, куыд гæнæн ис, афтæ йæ æнæрæдыддæрæй рафысс.

Б е л о г у б о в. Æргом куы зæгъон, уæд, Аким Акимы фырт, растфыссынадимæ бынтон лымæн нæ дæн. Мæхимæ уый тыххæй мæсты дæр свæййын.

Ю с о в. Ууыл та цы тыхсыс? Иу хатт æй рафысс, йæ рæдыдтæ йын сраст кæнын кæн, стæй йæ уæд сыгъдæгмæ рафысс. Цы дзурын, уый æмбарыс?

Б е л о г у б о в. Искæмæн æй бакæсын кæндзынæн, цæмæй дзы иу рæдыд дæр мауал уа, кæннод та мыл Жадов худдзæни.

Ю с о в. Чи?

Б е л о г у б о в. Жадов.

Ю с о в (*тызмæгæй*). Мæлæты мæлхъ! Худынмæ дæр ма йæ 'вдæлы! Худæд, цас æй фæнды, уый бæрц.

Б е л о г у б о в. Ма зæгъ, Аким Акимы фырт. Жадов ахуыргонд лæг у, уымæн æй бакæсын кæнын хъæуддзæн.

Ю с о в. Ахæм ахуыргæндтæ æз бирæ федтон.

Б е л о г у б о в. Æргом дын куы зæгъон, Аким Акимы фырт, уæд цавæр адæймаджы хъæд у, уымæн ницы 'мбарын.

Ю с о в. Ничи дæр ничи æмæ уый дæр ничи!

Иуцасдæр дзы ничиуал ницы сдзырдта.

Æз ныртæккæ уым (*кусæн уатмæ ацамыдта*) уыдтæн æмæ мын афтæ зæгъы (*йæ хъæлæс фæныллæгдæр кодта*), мæ хæрæфыртæн, дам, ма цы бакæнон, уымæн ницы зонын. Æмбарыс?

Б е л о г у б о в. Афтæмæй йæхимæ цыдæр кæсы.

Ю с о в. Бæрзæндты тæхы, фæлæ ныллæг куы 'рбада, уымæй тæрсын. Галиуæрдæм ыл базыртæ ис. Уæд ын цымæ цы нæ фаг кæны? Æмæ ма йын бæсты дæр исты куы цæуид! Уыцы гуымырмыхъ æвзагæй дзуры, йæхицæй сæрибардзинадыл тохгæнæг сарæзта. Хицауæн йæ хæстæг у, уый тыххæй ничи ницы зæгъы, фæлæ йын уый дæр кæдмæ хъуамæ бара? Æмæ йын комкоммæ бакъæрцц

кодта, кæд, дам, дæ цард дæ хъуыры нæ цæуы, уæд цу æмæ дæхи фæллойæ дæхи дар æмæ дæм кæстæртæ бакæсдзысты, мæй туманæй куыдтæ цæрдзынæ, уымæ.

Б е л о г у б о в. Сæр куы нæ куса, уæд афтæ вæййы. Алцыдæр дын цæттæйæ уæд æмæ ма хъыллиппытæ кæн! Ахæм гæнæнтæ дын уæд, æмæ дæхи амондджын ма хон. Хъуамæ фырцинæй йæ худ арвмæ 'ппарид, уый та? Раст нæ зæгъын, Аким Акимы фырт?

Ю с о в. Афтæ, афтæ. Нæ рæдийыс.

Б е л о г у б о в. Йæ амондмæ йæ чъылдым сыздæхта. Уæд цымæ цæуыл гæппытæ кæны? Ахæм хæстæгæй ма спайда кæн! Куы йæ бафæндыдаид, уæд пайдайагдæр бынаты дæр æрбадтаид. Аристарх Владимиры фырт ын «нæгъ» ницæмæй загътаид.

Ю с о в. Уæдæ, уæдæ!

Б е л о г у б о в. Æз афтæ хъуыды кæнын, Аким Акимы фырт, уый бынаты æндæр Аристарх Владимиры фыртæн йæ цырыхъхъытæ сæрфид, уый та йын хъыцъыдæттæ нуазын кæны. Уæд ахæм адæймагæн маст кæн!

Ю с о в. Сæртæг митæ, бæрзонд ныхæстæ!..

Б е л о г у б о в. Кæй хъæуынц уыцы ныхæстæ? Æз, Аким Акимы фырт, ахæм ныхæстæн сæ тæфты дæр никуы ауайдзынæн.

Ю с о в. Дæумæ дæр ма куы уаид ахæм фæндтæ!

Б е л о г у б о в. Цытæ дзурыс? Бæрзонд ныхæстæ зиан йеддæмæ пайда никæмæн ма æрхастой.

Ю с о в. Цæуылнæ хъуамæ дзура?! Университеты кæй ахуыр кодта, уый йæ равдисын нæ хъæуы!

Б е л о г у б о в. Хицауады раз куы ницæмæй стъæлфай, уæд уыцы ахуыр кæй хъæуы? Хицау уымæн у æмæ дзы хъуамæ тæрсгæ дæр кæнай...

Ю с о в. Цы загътай, цы?

Б е л о г у б о в. Хицауæй, зæгъын, хъуамæ тæрсгæ дæр кæнай.

Ю с о в. Иттæг раст!

Б е л о г у б о в. Искуы æз дæр, Аким Акимы фырт, чысыл хицауы бынатмæ уæддæр куы бахауин.

Ю с о в. Æвзæр фæндтæ дæм нæй.

Б е л о г у б о в. Афтæ тынг мæ цæмæн фæнды, уый дæр дын зæгъдзынæн: уарзон мын ис, ахуыргонд чызг... Æмæ дзæбæх бынаты куы нæ уон, уæд мын æй нæ ратдзысты...

Ю с о в. Æмæ мæ ныронг йемæ цæуыннæ базонгæ кодтай?

Б е л о г у б о в. Тæккæ абон дæр. Цыма мæ хæстæг дæ,

афтæ йын зæгъдзынæн.

Ю с о в. Бынаты тыххæй та мæм хицауимæ ныхас уыдзæн. Æрмæст рагацау ахъуыды кæнын хъæуы.

Б е л о г у б о в. Иу стъол мын мæ бæрны куы бакæниккой, уæд мын цæрæнбонты фаг уаид. Мæ амæлæты бонмæ æндæр бынат нал бацагурин. Уый тыххæй ард дæр бахæрин. Уымæй фылдæр мæ зонындзинæдтæ æмæ арæхстдзинæдтæ дæр нæ амонынц. Цы дæн, уый æз хорз зонын.

Жадов æрбацыд.

### Цыппæрæм фæзынд

Уыдон æмæ Ж а д о в.

Ж а д о в. Мæ мады 'фсымæрмæ исчи ис?

Ю с о в. Ис.

Ж а д о в. Æнхъæлдæн, дзæгъæл цыд фæдæн, афтæмæй та мæ тынг æхсызгон хъуыддаджы тыххæй хъæуы.

Ю с о в. Банхъæлмæ йæм кæс, дæ хъуыддæгтæй йæ ахсджиагдæр хъуыддæгтæ ис.

Ж а д о в. Æмæ, мæнмæ цавæр хъуыддæгтæ ис, уый цæмæй зоныс?

Ю с о в (*кæсы йæм æмæ худы*). Цавæр хъуыддæгтæ дæм ис? Схъæл ныхæстæй та бæстæ байдзаг кæндзынæ...

Ж а д о в. Дæуимæ фæнды дзур, фæнды ма. Дæуимæ æдзухдæр гуымиры æвзагæй дзурын хъæуы. (*Дарддæр ацыд æмæ авансценæйы сбадт.*)

Ю с о в (*Белогубовæн*). Ничи йæм хъусы?

Б е л о г у б о в (*хъæрæй*). Хъуыды дæр æй ма кæн. Дæ зæронды бонтæ ахæмты тыххæй дæхицæн ма 'над кæн. (*Ацыд.*)

### Фæндзæм фæзынд

Ж а д о в æмæ Ю с о в.

Ю с о в (*йæхицæн ныхæстæ кæны*). Ха, ха, ха! Хъуымыздзыхтæ сæхицæй цыдæр аразынц.

Ж а д о в (*Юсовы 'рдæм разылд*). Дæ фындзы бын цытæ хъым-хъым кæныс?

Ю с о в (*дарддæр дзуры*). Цы сын зæгъынц, уый бакæныны

бæсты стыр ныхæстыл схæцынц. Къæнцылары бадын сæ сæрмæ нæ хæссынц. Ииуылдæр сæ министры бынæттæ хъæуы. Афтæ сæм кæсы, цыма сын сæ курдиæттæн аргъ нæ кæнынц. Стыр хатыр уæ курæм, фæрæдыдыстæм. Ииуылдæр уæ министртæ скæндзыстæм...

Ж а д о в (*йæхицæн дзуры*). Куыд дæ сфæлмæцыдтæн, уый куы зонис.

Ю с о в. О, Хуыцау! Нæ сæм æфсарм ис, нæ – уæздандзинад. Сæ хъуымыз се 'донгæмттыл нæма бахус, афтæмæй сын сæ ныхас хæрæг уаргъæн нæ ахæсдзæн. Сæхæдæг цы нæ аргæвдой, уый хæдмæл хонынц!

А н т о н æрбацыд.

А н т о н (*Юсовæн*). Табуафси, хицаумæ.

Юсов уатмæ бацыд.

Ж а д о в. Аннæ Павелы чызгæн-ма зæгъ, ам кæй дæн, æмæ мæ йæ фенын кæй фæнды.

А н т о н. Хорз. (*Ацыд.*)

**Æхсæзæм фæзынд**

Ж а д о в (*иунæгæй*). Ацы зæронд чъебрейы мæнæй цы хъæуы? Куы ницы йын кодтон, уæд мæ роны цы бабырыд? Университеты чи ахуыр кодта, уыдонæй, дам, ме сæфт уынын. Уым цæмæй аххосджын дæн? Æмæ, дам, ахæм хицауимæ кус. Уæвгæ мæхи хорз куы дарон, уæд мын цы йæ бон у? Бынат куы суæгъд уа, уæд мæ, æвæццæгæн, хъуыды дæр не 'ркæндзысты. Æууæнк сыл нæй.

Рацыд В ы ш н е в с к а я.

**Æвдæм фæзынд**

Ж а д о в æмæ В ы ш н е в с к а я.

В ы ш н е в с к а я. Æгас цу, Василий Николайы фырт!

Ж а д о в. Дæ бон хорз, Аннæ Павелы чызг! (*Йæ къухæн ын ба кæны.*) Ногдзинад дын фехъусын кæнынмæ æрбацыдтæн.

В ы ш н е в с к а я. Сбад уал.

Ж а д о в. Хъуыддаг бакæнынвæнд кæнын.

В ы ш н е в с к а я. Ӕгæр раджы дын нæу?

Ж а д о в. Иу чызджы бауарзтон. Цавæр чызг у, уый куы зонис... Зæды къалиу!

В ы ш н е в с к а я. Хъæздыг хæдзарæй у?

Ж а д о в. Нæу. Хъæздыгдзинадæй сæм æппындæр ницы ис.

В ы ш н е в с к а я. Уæдæ цæмæй цæрдзыстут?

Ж а д о в. Ӕнæ сæр, æнæ къухтæ дæн, мыййаг? Ӕви цæрæнбонты искæй хардзæй цæрдзынæн? Мæ бынаты æндæр йæ уавæрæй фæпайда кодтаид, фæлæ мæнæн мæ бон афтæ нæу. Мæ мады 'фсымæры тыххæй мæ фæндыл мæ къух кæй нæ сисдзынæн, ууыл та ныхас дæр нæй. Стæй кусын искæй хъæуы æви нæ? Уæд ма нæ ахуыр та цæмæн кодтой? Мæ мады 'фсымæрмæ куы хъусон, уæд хъуамæ раздæр æхца æрæмбырд кæнон, цавæрфæнды мадзæлтты фæрцы дæр уæд, – хæдзар æмæ бæхтæ балхæнон, уый фæстæ та ус ракурон. Куыд æм хъуамæ байхъусон? Мæ карæнæй куыд бауарзынц, афтæ чызджы бауарзтон æмæ мæ амонд мæ къахы фындзæй, хъæздыг кæй нæу, уый тыххæй куыд скъуырон?

В ы ш н е в с к а я. Адæймаг хъизæмæрттæ февзары, мæгуыр кæй вæййы, канд уый тыххæй нæ, фæлæ хъæздыг кæй вæййы, уый тыххæй дæр.

Ж а д о в. Мæ мады 'фсымæримæ-иу нæм цы ныхæстæ рауад, уый ма хъуыды кæныс? Гæртæмтты ныхмæ-иу исты куы загътон, стæй канд гæртæмтты ныхмæ нæ, фæлæ цавæрфæнды æнæраст хъуыддаджы ныхмæ дæр, уæд-иу мæ хъуыры абадт. Ӕдзухдæр-иу мын афтæ загъта: æрмæст мыздæй цæрынил куы афæлварæй, уæд æндæр æвзагæй сдзурдзынæ. Ӕз дæр ахæм цардæй цæрын райдайынмæ хъавын. Ноджы иунæгæй нæ – ме 'рыгон бинойнагимæ.

В ы ш н е в с к а я (*арф ныуулæфыд*). Тæхудиаг, дæ хуызæн адæймæгтæ цы сылгоймæгты уарзынц!

Ж а д о в (*йæ къухæн ын ба кæны*). Куыд зæрдиагæй кусдзынæн, уый куы зонис, Аннæ Павелы чызг. Мæ бинойнаг мæ тынг разы уыдзæн. Чи зоны, фыццæгты хъуæгтæ дæр æййафдзыстæм, фæлæ мæн Полинæ афтæ бирæ уарзы, æмæ мын йæ тыхстытæ мæ цæстмæ никуы бадардзæн. Уæвгæ цыфæнды зын уавæрты куы бахауон, уæддæр мæ хъуыдытæй иунæгыл дæр комдзог никуы рацæудзынæн.

В ы ш н е в с к а я. Дæуыл мæ зæрдæ дарын, фæлæ дæ ус... Ӕрыгон сылгоймаг... Чысыл хъуагæн дæр зынæй бабыхсдзæн.

Махмæ чызджыты раст нæ хъомыл кæнынц. Нæлгоймаг фæсивæдмæ зæды къалиутæ фæкæсæм, фæлæ дæ бауырнæд, Василий Николайы фырт, мах нæлгоймæгтæй æвзæрдæр стæм зыддæр æмæ зындæрдарæн. Басæттын ыл хъæуы, æндæргæнæн нæй: махмæ кад æмæ рæстдзинады æнкъарæнтæ дæлдæр æвæрд сты. Æвзæр ма цы у: уæздандзинад нын нæ фаг кæны. Сылгоймаг дын цы уайдзæфтæ зæгъа, уый лæджы хуызæн лæг йæ сæрмæ никуы 'рхæсдзæн. Тæккæ хæлардæр сылгоймæгтæ дæр кæрæдзийы æлхысчъытæ кæнынил нæ ауæрдынц. Иуæй-иу сылгоймаг дын ахæм ныхас зæгъдзæн, æмæ дын цæрæнбонты фаты бырынкъау дæ зæрдæ рæхойдзæн.

Ж а д о в. Уымæй раст зæгъыс. Фæлæ йæ хъомыл кæныны хæс мæхимæ райсдзынæн. Нырма хæрзсывæллон чызг у æмæ мæ, цавæр хъæуа, ахæм дзы сараздзынæн. Æрмæст æй йæ бинонтæй тагъддæр фæхицæн кæнын хъæуы, кæннод æй фесафдзысты. Йæ чызджы кармæ куы ахæццæ уа, уæд йæ хъомыл кæнынæн ферæджы уыдзæн.

В ы ш н е в с к а я. Дæ ныхæстыл дызæрдыг кæнын мæ нæ фæнды, стæй фæфыдæнхъæл уай, уый дæр дын мæ цæст нæ уарзы. Фæнды мæ, цæмæй дæ фæндтæ дæ къухы бафтой. Цалынмæ дæ зæрдæ рухс фæндтæй дзаг у, уæдмæ дæ равзæрст фæндагыл цæуыны куыст кæн. Мæгуырдзинадæй ма тæрс. Хуыцау дын æххуыс кæндзæн. Бауæнд мыл, дæ хорздзинад мæн куыд фæнды, афтæ иуы дæр нæ фæнды.

Ж а д о в. Æз ууыл никуы гуырысхо кодтон.

В ы ш н е в с к а я. Æрмæст дæм иу хъуыддагæй мæ зæрдæ 'хсайы: æгæр æнæрхъæц дæ. Æдзухдæр дæхицæн знæгтæ агурыс.

Ж а д о в. Афтæ зæгъджытæ ма мын уыди; гæдзæ кæнын, дам, кæй нæ зоныс, уый тыххæй дæ размæ бирæ цæлхдууртæ æвæрыс. Ау, уый ахæм стыр аипп у? Юсовтæ, Белогубовтæ æмæ, мæ алыфарс цы цъаммардзинæдтæ уынын, уыдонмæ куыдфæндыйы цæстæй кæсын хуыздæр у? Куыдфæндыйы цæстæнгасæй фыдраконддзинадмæ бирæ нæй. Сахъат æмæ аипп æвзæр кæмæ нæ кæсынц, уый йæхæдæг дæр сахъат æмæ аипджын свæййы.

В ы ш н е в с к а я. Быхсын аипп нæ хонын, фæлæ царды адæймаджы куыд хъыгдары, уый мæхиуыл бавзæрстон. Æз дын ахæм хабæрттæ радзурин, æмæ... уæвгæ сæ искуы дæхæдæг дæр базондзынæ.

Ж а д о в. Мæ мады 'фсымæрæн мæ мызд фæфылдæр кæныны

тыххæй зæгъынмæ хъавын. Куыд дæм кæсы, мæ фæндоныл сразы уыдзæн? Ныртæккæ мæ æхца тынг æхсызгон хъæуы.

Вышневская. Нæ зонын. Бафæлвар.

Æрбацыд Вышневский. Фрак æмæ йыл кæнгæ дзыккутæ. Йæ фæстæ æрбацыд Юсов.

### Æстæм фæзынд

Уыдон, Вышневский æмæ Юсов.

Вышневский (*Жадовæн*). А, æгас цæуай. (*Сбадт.*) Сбад! Сбад, Аким Акимы фырт! Зиваэггæнаг дæ. Дæ куыстмæ искуы-иу хатт йеддæмæ нæ цæуыс.

Жадов. Гæнæн нæй. Хъуыддæгты бын фæдæн.

Вышневский. Хъуыддæгтæ кæд фæуыдзысты!

Жадов. Рафыссын? Уый мæ куыст нæу. Уымæ, мæнæй хуыздæр чи арæхсы, ахæмтæ ис.

Вышневский. Цымæ дæ митæ кæд ныууадздзынæ? Зондджын ныхæстæм та бахæеццæ дæ? (*Йæ усæн.*) Нæ дæ бауырндзæн: къæнцылары писыртæн зонд амоныныл схæцыд. Уыдон æм хъусынц, фæлæ, цы дзуры, уымæн ницы 'мбарынц. Дæхицæй хынджылæггаг ма араз. Адæймаг хъуамæ йæ дзыхыл хæцын фæраза.

Жадов. Куыд хъуамæ хæцон мæ дзыхыл, мæ алыфарс уыйбæрц цъаммар хъуыддæгтæ куы уынон, уæд?! Æз нырма адæймагыл æууæндын. Мæ ныхæстæ сæм кæй бахъардзысты, уый дæр мæ уырны.

Вышневский. Дæ ныхæстæ сæм ныр дæр бахъардтой. Дæ фæсауууæнмæ дыл пыррыччытæ кæнынц.

Юсов. Афтæ, афтæ.

Жадов. Цымæ мæ ныхæсты худæгæй цы вæййы?

Вышневский. Алцыдæр. Зонд кæмæн фæамоныс, уыцы писыртæй иу дæр дæуæй æдылыдæр нæу. Уый нæ, фæлæ ма æз афтæ дæр зæгъин: иууылдæр дæуæй зондджындæр сты, уымæн æмæ дæуæй фылдæр федтой. Бирæ чи фены, уый та хорз æмбары, æххормаг философæй æфсæст уæвын хуыздæр кæй у. Дæ ныхæстæ дын æдылы-мыдылы дæр уымæн хонынц.

Жадов. Мæнмæ та уæдæ куыд кæсы, уый зоныс: сыгъдæгзæрдæ адæймаг уæвынæй гæртамхор уæвын пайдадæр

кæй у, уый йеддæмæ ницы зонынц.

Ю с о в. Гм, гм...

В ы ш н е в с к и й. Ædылы зондыл ныххæцыдтæ, ме 'рдхорд, стæй цыма дæ хивæндыл ничи фæуæлахиз уыдзæн, афтæ дæр мæм кæсы.

Ж а д о в. Уæдæ ма нæ цæуыл ахуыр кодтой? Мæ хъуыдытæ, æргом сæ куы фæзæгъын, уæд дзы кæй æдылы рахоныс, кæй та хивæндыл банымайыс.

В ы ш н е в с к и й. Кæм уæ цæуыл ахуыр кодтой, уымæн æз ницы зонын, фæлæ, куыд нымайын, афтæмæй хистæртæм хъусын æмæ хъуыддæгтæ аразын дзæгъæл дзæнгæда цæгъдынæй хуыздæр сты.

Ю с о в. Бирæ хуыздæр.

Ж а д о в. Хорз, ницыуал дзурдзынæн, фæлæ мæ хъуыдытыл мæ къух нæ сисдзынæн. Мæ цард уыдоныл лæууы, уыдоны ныфсæй цæуын мæ къæхтыл æмæ сыл никуы суæлæхох уыдзынæн.

В ы ш н е в с к и й. Æмæ дæ бонтæ цары арвитдзынæ, дæ хуыздæр хæринаг та сау дзул донимæ уыдзæн. Уымæй ма дæ хуыздæр фидæн хъæуы! Æххормагæй рæстдзинадыл дзурдзынæ, хицæуттæ сæ цард сæвæрын кæй базыдтой, уый тыххæй сæ дæлджинæг кæндзынæ, кæй ницы хъуаг сты, сæ бинонтимæ сæхи амондджын кæй хонынц, уый тыххæй сæ къуыммæ хæсдзынæ. Уымæй ма хуыздæр исты æрхъуыдыгæнæн ис?! Хæрзаг бирæ хæлæггæнджытæ дæм уыдзæни.

Ж а д о в. О, Хуыцау!

В ы ш н е в с к а я. Æнæхатырдзинад.

В ы ш н е в с к и й. Афтæ дæм ма кæсæд, æмæ исты ногдзинад æрымысыдтæ. Кæддæриддæр афтæ уыди æмæ уыдзæн. Мулкмæ фæндæгтæ агурын чи нæ базыдта кæнæ æрæджы чи бакодта, уымæн хъæздыг адæймагмæ æнæхæлæггæнгæ нæй. Адæймаджы удыконд афтæ у. Хæлæг кæнынæн дæр æфсон ис. Хæлæггæнджытæ æдзухдæр афтæ фæдзурынц: мæн хъæздыгдзинад ницæмæн хъæуы, мæгуырæй уæздан уæвын бирæ кадджындæр у.

Ю с о в. Дæ дзыхы мын сæкæр, зæгъгæ, ахæмтæй фæзæгъынц.

В ы ш н е в с к и й. Мæгуырæй уæздан уæвын театры хорз у, фæлæ царды нæ фидауы. Махмæ куыд кæсы, афтæ æнцон æмæ зæрдæмæдзæугæ нæу. Дæумæ дæхи зондæй хуыздæр никæцы кæсы. Афтæмæй та ма ус дæр куы ракурай, уæд цымæ цытæ кæндзынæ?

Ж а д о в. Бинонты хъуыддаг æцæгæй бакæнын мæ зæрды ис

дæмæ уый тыххæй демæ аныхас кæнынмæ хъавыдтæн.

В ы ш н е в с к и й. Æвæццæгæн æй бауарзтай æмæ у мæгуыр хæдзарæй. Цардæн дæуæй фылдæр чи не 'мбары, ахæм. Ахуыргонддзинад æм ис æмæ æрдæгхæлд фортепьянойы цагъдмæ сисы диссаджы зарæг «Уарзонимæ – хохы цъупп дзæнæт».

Ж а д о в. Мæгуыр чызг кæй у, уымæй раст зæгъыс.

В ы ш н е в с к и й. Иттæг хорз.

Ю с о в. Йæхи хуызæн мæгуырты нымæц фæфылдæр кæнынмæ бацархайдзæн...

Ж а д о в. Аким Акимы фырт, ма мæ 'фхæр. Æз дын уыцы бар нæ дæттын. Мæ зынаргъ мады 'фсымæр, дыууæ уды сæ цард куы баиу кæнынц, уæд уый стыр хъуыддаг у æмæ дзы хъуамæ барвæндондзинад йеддæмæ мацы уа.

В ы ш н е в с к и й. Дæ хорзæхæй, ничи дæ хъыгдары. Æрмæст дын иу хъуыддаг зæгъынмæ хъавын. Ды, кæй зæгъын æй хъæуы, дæ чындзаджы уарзыс?

Ж а д о в. Ныхас дæр ыл нæй.

В ы ш н е в с к и й. Æмæ йын цæмæйты зæрдæ бавæрдтай? Цавæр цинтæ æмæ йын амонд цæттæ кæныс? Мæгуырдзинад, гæвзыкк уавæр? Мæнмæ гæсгæ, сылгоймаджы чи фæуарзы, уый йæ царды хорздзинæдтæй бафсады, йæ фæндагыл ын дидинджытæ байтауы.

Ю с о в. Æнæмæнг афтæ.

В ы ш н е в с к и й. Сылгоймагмæ кадджын цы модæтæ сты, уыдоны бæсты йын рæстдзинад æмæ кады тыххæй лекцитæ кæсдзынæ? Уарзгæ дæ кæны æмæ дæм уый тыххæй байхъусдзæн, фæлæ йын модæтæ æмæ салонтæ нæ уыдзæнис.

В ы ш н е в с к а я. Уый карæнæй уарзондзинад нæма фелхæнынц.

Ж а д о в. Аннæ Павелы чызг раст зæгъы.

В ы ш н е в с к и й. Разы дæн сымахимæ. Уарзондзинад æлхæныны сæр дæ ницæмæн хъæуы, фæлæ йын йæ сыгъдæг æнкъарæнтæн истæмæй дзуапп куы нæ дæттай, уæд цавæрфæнды сыгъдæг уарзондзинад дæр ахуысдзæн. Уайдзæфтæ сарæх уыдзысты, хъысмæтæй хъаст кæнын райдайдзæн. Царды фæлтæрддзинад æм кæй нæ уыд æмæ дæуимæ йæ хъысмæт кæй бабаста, уый тыххæй дæ бинойнаг алы бон дæр хъаст кæнын куы райдайа, уæд дæхи куыд æнкъардзынæ, уый æз нæ зонын. Цыбыр ныхасæй, ды хъуамæ, цы сылгоймаджы уарзыс, уый ма фенамонд

кæнай. Æнæ хъæздыгдзинадæй та сылгоймаг йæхи амондджын никуы хондзæн. Алы хатт куыд вæййы, афтæ та ныр дæр ды, чи зоны, æмæ мемæ ма сразы уай, фæлæ, афтæ кæй у, ууыл дæ æз бауужндын кæндзынæн. Дæ алыфарсмæ-ма акæс: цавæр зонджын чызг не сразы уыдзæн хъæздыг кæнæ æдылыбын зæронд лæгмæ чындзы ацæуынил? Кæцыфæнды мад дæр, йæ чызг фыркуыдæй йæхи куы мара, уæддæр ын йæ цæссыгтæ ницæмæ 'рдардзæн, æрыгон у æмæ ницыма 'мбары, зæгъгæ, фæлæ йæ хъæбулы ахæм хæдзармæ раттын йæхицæн стыр амондыл банымайдзæн. Алы ныййарæг дæр развæлгъау æууæнды, йæ чызг ын фæстæдæр арфæтæ кæй кæндзæн, ууыл. Стæй, чи ницы хъуаг у, ахæм хæдзармæ бахауæг сылгоймагæн дæр цæмæй æвзæр у? Хъуамæ лæг йæ бинойнаджы хорздзинадæн мацæуыл бацауæрда. Суанг йæ ус бынтон амондджын куы нæ уа, уæддæр ын хъаст кæныны бар нæй. (*Фæцæрдæгдæр.*) Мæгуыр хæдзары чызг, цард цæдджинагау кæм фыцы, ахæм ранмæ бахаугæйæ йæхи æнамонд куыд хъуамæ схона?! Мæнæ ма мæ усы бафæрс, кæддæра раст нæ дзурын.

Вышневская. Дæ ныхæстæ ахæм зонджын æмæ уырнинаг сты, æмæ сæм цыфæнды куы бафтауон, уæддæр нал сахаддзæн. (*Ацыд.*)

**Фарæстæм фæзынд**

Чи уыд, уыдон, æрмæст æнæ Вышневскаяйæ.

Жадов. Æппæт сылгоймæгтæ ахæмтæ не сты.

Вышневский. Зæгъæн ис, æмæ се 'ппæтдæр. Ис дзы, кæй зæгъын æй хъæуы, æндæрхуызон хъуыдыгæнджытæ дæр, фæлæ дзы дæумæ ахæм æрхауа, уый æнхъæл нæ дæн. Уый тыххæй хъуамæ фылдæр рæстæг рацæуа, чызджыты æхсæн сæ ацагурын хъæуы. Ды куыд тагъд кæныс, афтæмæй йыл нæ фæхæст уыдзынæ. Исчи мын нæ дæ. Мæ хæрæфырт кæй дæ, уый дæ рох ма уæд. Тæригъæд дын кæнын æмæ афтæ бирæ дæр уымæн дзурын. Дæ усимæ куыд цæрынмæ хъавыс, дæ рæбыны иу капекк куы нæ ис, уæд?

Жадов. Кусдзынæн. Мæхи фæллойæ мæхи дардзынæн.

Вышневский. Уый дын фаг нæ уыдзæн. Хорз бынат дæм никуы 'рхаудзæн, уымæн æмæ де 'дылы зондахастимæ иу хицауимæ дæр нæ бафидаудзынæ. Уæдæ дæ дæ сыгъдæгзæрдæдзинад дæр æххормагæй нæ фервæзын кæндзæн. Æхсæнады мидæг мулчы

ıræнтæ уæрæхæй-уæрæхдæр кæнынц, дæ спартакон хæрзгæнджытæ та хъæздыгдзинадмæ хæстæг нæ цæуынц. Дæ мад куы марди, уæд мын бафæдзæхста, цæмæй дыл аудон æмæ йын хъуамæ йæ дзырд сæххæст кæнон. Фæстаг хатт ма дын зæгъын: дæ фидæныл ахъуыды кæн, бæрзонд ныхæстæ кæныны бæсты хуыздæр адæмы бафæзм, цардмæ дæр æмæ куыстмæ дæр пайдайы цæстæй кæс. Уæд дын æз дæр бахxуыс кæндзынæн ныхасæй дæр, æхцайæ дæр, хорз куыст ссарынæй дæр. Сывæллон нал дæ – ус курынмæ хъавыс.

Ж а д о в. Никуы!

В ы ш н е в с к и й. Куыд хъæрæй загъд у: «никуы!» Афтæмæй та уыцы-иу рæстæг ницæуыл дзуры. Мæнмæ афтæ кæсы, æмæ дæм хуыздæр зонд æрцæудзæн. Ахæм дæнцæгтæ дын бирæ æрхæссин. Æрмæст ма байрæджы кæн. Ныртæккæ дын уымæн æвзæр фадæттæ нæй. Фæстæдæр дын ахæм гæнæнтæ нал уыдзæн. Дæ намыс куы фæцуда, де 'мбæлттæ размæ куы ацæуой, уæд дын ногæй райдайын зын уыдзæн.

Ж а д о в. Никуы! Уый никуы уыдзæн!

В ы ш н е в с к и й. Уæдæ дæ, куыд фæнды, афтæ цæр. Ме 'ххуысмæ ма 'нхъæлмæ кæс. Дæ зæрдæ мыл мацæмæйуал дар. Демæ дзурынæй сфæлмæцыдтæн.

Ж а д о в. О Хуыцау. Цы адæмимæ кусон, уыдон мын æххуыс кæндзысты.

В ы ш н е в с к и й. Æнхъæлмæ кæс! Адæмыл ды цæмæйты дæ зæрдæ дарыс, уымæ сæм ма 'нхъæлмæ кæс. Æхсæнады хъуыды дын ницы фæуыдзæн. Давгæ дæ куы нæ 'рцахсой, уæд дæ давæг ничи схондзæн. Уый дын æхсæнады хъуыды. Намысджын адæймаджы хуызæн цæр æмæ дæхи дар, æндæр цавæр æфтиæгты фæрцы цæрыс, уый æхсæнады хъуыддаг нæу, ничи дæм ницы бар дары. Бæгъæввадæй куы цæуай, афтæмæй адæмæн зонд куы амонай, уæд дын адæмы мыггаг хæдзæрттæм фæндаг нæй, иууылдæр дæ нымайдзысты ницæйагыл. Æз куыстон губерниаг горæтты: уым адæм кæрæдзийы хуыздæр зонынц, кæмæ цы ис æмæ цæмæй цæрæг у, уый амонын никæмæн хъæуы. Æхсæнады дын цы кад и, уый дæр æнцондæрæй рабæрæг вæййы. Фæлæ, куыд базыдтон, афтæмæй адæм алы ран дæр иухуызон сты: мулк æмæ хъæздыгдзинадмæ иухуызон цæстæй кæсынц. Рæстдзинад æмæ сæм сыгъдæгзæрдæдзинад бæрзонд æвæрд не сты. Бынаты чи куыста, сывæллæттæ бирæ кæмæн уыд, иу ахæм нæлгоймаджы

зыдтон æмæ-иу ыл адæм худгæ кодтой, æрмæст мыздæй кæй цæры æмæ йæ бинонтæн дзаумæттæ йæхæдæг кæй хуыйы, уый тыххæй. Уыцы-иу рæстæг сæ цæсты тынг кадджын уыд горæты тæккæ стырдæр гæртамхор. Æмæ йын ахæм кад та цæй тыххæй кодтой? Къуыри-иу дыууæ хатты йæ хæдзары йæхи хуызæтты кæй фæхынцта, уый тыххæй.

Ж а д о в. Цы дзурыс, уыдон иууылдæр æцæг сты?

В ы ш н е в с к и й. Фылдæр куы рацæрай, уæд дæ мæ ныхæстæ бауырндзысты. Цом, Аким Акимы фырт. (*Сыстад.*)

Ж а д о в. Аристарх Владимиры фырт!

В ы ш н е в с к и й. Цы ма зæгъыс?

Ж а д о в. Æз тынг гыццыл мызд исын. Цæмæй цæрон, уый мын нæй. Цы бынат суæгъд, уым-ма мæ сæвæр. Ус курын мæ хъæуы...

В ы ш н е в с к и й. Гм... Уыцы бынатмæ мæн, усджын нæ, фæлæ арæхстджын адæймаг хъæуы. Фылдæр мызд раттын дын мæ бон нæу: иуæй, уый аккаг нæ дæ, иннæмæй та – мæ хæстæг æмæ мын æй мæ цæстмæ бадардзысты.

Ж а д о в. Куыд дæ фæнды, афтæ кæн. Цы исын, уымæй цæрынил архайдзынæн.

В ы ш н е в с к и й. Стæй ма дын цы зæгъынмæ хъавын, уый зоныс, мæ лымæн-лæггаг? Фæстаг хатт ма дын зæгъын: дæ ныхæстæ мæ зæрдæмæ нæ цæуынц, гуымиры æмæ дæрзæг сты, фæлæ дæм афтæ ма кæсæд, æмæ сæ мæхицæн æфхæрдæн райстон. Æппындæр нæ! Уæд дæхимæ исты æркæсис. Æз сæ ымайын, æдылы-мыдылы кæй фæхонынц, ахæмтыл. Ардыгæй фæстæмæ, æз дæ хицау кæй дæн, не 'хсæн æндæр ахастдзинæдтæ нал и æмæ уый дæ зæрдыл бадар.

Ж а д о в. Уæдæ мæ æндæр бынат агурын бахъæудзæн.

В ы ш н е в с к и й. Уый дæ бар дæхи у. (*Ацыд.*)

**Дæсæм фæзынд**

Ж а д о в æмæ Ю с о в.

Ю с о в (*йæ цæстытæм ын комкоммæ кæсгæйæ*). Ха-ха-ха-ха!..

Ж а д о в. Цæуыл худыс?

Ю с о в. Ха-ха-ха!.. Куыннæ хъуамæ худон? Арсимæ мын кæрдо цæгъды!.. Ха-ха-ха!

Ж а д о в. Уым худæгæй цы ис?

Ю с о в. Дæумæ гæсгæ дæ мады 'фсымæр дæуæй æдылыдæр

у? Куыд дæм кæсы? Цард дæуæй æвзæрдæр зоны? Куыннæ стæй! Афтæмæй мæ искуы худæгæй амардзынæ, мæнæн та бинонтæ даринаг ис.

Ж а д о в. Ды уыдонæн ницы 'мбарыс, Аким Акимы фырт.

Ю с о в. Æмæ дзы цы 'мбарын хъæуы? Мин адæймаджы æрбахон ардæм æмæ дæм куы бакæсой, уæд иууылдæр худæгæй амæлдзысты. Уыцы адæймагмæ хъуамæ хæлиудзыхæй хъуыстаис, цæмæй дæ иунæг ныхас дæр ма сирвæзтаид æмæ, цы дзуры, уыдон иууылдæр дæ зæрдыл бадардтаис, ды та йемæ быцæуыл схæцыдтæ. Хуыцауыардыстæм, худæгæй мæ амардтай. Ха-ха-ха! Æмæ дын дæ мады 'фсымæр хорз фæеци. Ноджы дын фыддæртæ хъуыди. Уый бынаты дын æз... (*Йæ цæсгом фæзылынтæ кодта æмæ уатмæ бацыд.*)

**Иуæндæсæм фæзынд**

Ж а д о в (*иунæгæй, хъуыдыты аныгъуылд*). Цас уæ фæнды, уыйбæрц дзурут. Уæддæр уыл нæ баууæнддзынæн. Ахуыргонд адæймаг йæ сыгъдæг фæллойæ йæ бинонтæ дарынхъом ма суа, уый мæ нæ бауырндзæн. Нæ мæ фæнды, æхсæнад ахæм æнæуаг у, ууыл баууæндын дæр. Хистæртæ кæстæртæн æдзухдæр ахæм ныхæстæ фæкæнынц. Зæронд фæлтæры минæвæрттæн хъыг у, цардмæ ныфсджын цæстæй кæй кæсæм, уый. Мæ мады 'фсымæры та æмбарын. Алцы дæр æм ис: зындгонд дæр у, æхцахъуаг дæр нæу, никæмæуал хæлæг кæны. Хæлæг ма кæны æрмæстдæр махмæ, сыгъдæгзæрдæ æмæ æнæхин чи у. Уыцы миниуджытæн та цыфæнды æхцатæй дæр балхæнæн нæй, Цыдæриддæр уæ фæнды, уый дзурут, æз уæддæр ус ракурдзынæн æмæ амондджынæй цæрдзынæн. (*Ацыд.*)

В ы ш н е в с к и й æмæ Ю с о в уатæй рацыдысты.

**Дыууадæсæм фæзынд**

Ю с о в æмæ В ы ш н е в с к и й.

В ы ш н е в с к и й. Кæй куры?

Ю с о в. Кукушкинайы. Коллегион асессоры идæдзы чызджы.

В ы ш н е в с к и й. Зоныс æй?

Ю с о в. Йæ лæджы йын зыдтон. Йæ иннæ хойы та йын Белогубов курынмæ хъавы.

В ы ш н е в с к и й. Белогубов æндæр хъуыддаг у. Нæ фæлæ ма йæ бабæрæг кæн. Йæ чызг кæй фенамонд уыдзæн, уый йын бамбарын кæн æмæ йæ уыцы сæрхъæнæн ма ратта. (*Йæ сæрæй акуывта æмæ ацыд.*)

Æртындæсæм фæзынд

Ю с о в (*иунæгæй*). Ай цавæр рæстæг скодта! Дунейыл цытæ цæуы? Лæг йæхи цæстытыл дæр нал æууæнды. Дарддæр куыд цардæуа? Хъуымыздзыхтæ дзырды бар никæмæнуал дæттынц! Æмæ цытæ лæхурынц, уый та? Зæрдæ сæм хæццæ кæны. Иу дæр дзы адæймаджы раз æрлæууыны аккаг нæу. Лæджы хуызæн лæг сæ разы куы 'рæхснырса, уæд зæрдæхъæрмттæ фæуыдзысты. Æмæ кæимæ быцæу кæнынц! Гениимæ. Аристарх Владимиры фыртæй цытджындæр адæймаг зын ссарæн у. Наполеон! Йæ зондæн кæрон нæй, йæ фезмæлдыл цæст нæ хæцы, алы хъуыддагмæ дæр – ныфсджын. Æрмæстдæр æм иу аипп ис: закъонтæ бынтон хорз нæ зоны. Аристарх Владимиры фырт, йæ размæ чи куыста, закъонтæ уый хуызæн куы зонид, уæд ын æмбал нæ уаид. Цыма æфсæнвæндагыл цæуыс, йемæ афтæ ныфсджынæй ацæуæн ис кæдæмдæриддæр. Æрмæст йæ фæдджийыл фидар хæц æмæ дæ нысанмæ фæхæццæ уыдзынæ. Бæрзонд бынаты сбаддзынæ, ордентæ райсдзынæ, зæххытæ дæр, хæдзæрттæ дæр. Ехх, æвæдза, ахæм адæймагæн аргъ нæй! Кæимæ кусын, уый мæ зæрдыл куы 'рбалæууы, уæд мæхицæй амондджындæр никæйуал фæхонын. (*Ацыд.*)

## Д Ы К К А Г   А Р Х А Й Д

**Архайджытæ:**

К у к у ш к и н а  Ф е л и с а т æ  Г е р а с и м ы  ч ы з г, коллегион асессоры идæдз

Ю л и н ь к æ<br>П о л и н æ } – йæ чызджытæ.

Ю с о в  А к и м  А к и м ы  ф ы р т.

Ж а д о в  В а с и л и й  Н и к о л а й ы  ф ы р т.

Б е л о г у б о в  О н и с и м  П а н ф и л ы  ф ы р т.

С т е ш æ – лæггадгæнæг чызг.

К у к у ш к и н а й ы хæдзары уаты. Мæгуыргомау хæдзары хуымæтæджы уазæгдон. Астæуæй дзы дуар, галиуæрдыгæй дæр.

**Фыццаг фæзынд**

Ю л и н ь к æ æмæ П о л и н æ лæууынц кæсæны раз. С т е ш æ й ы къухы сæрвасæн æмæ базыр.

С т е ш æ. Гъер ницыуалхъуаг стут. Усгуртæ ацы тæккæ уысм куы фæзыной, уæддæр уæм ницы аипп ссардзысты. Равдысты æрæвæрынмæ бæззут. Инæлары зæрдæмæ дæр фæцæуыдзыстут.

П о л и н æ. Нæ бынæтты сбадæм, Юлинькæ. Зондджын чызджытæ куыд фæкæнынц, афтæ сбадæм. Ныртæккæ дзыцца æрбацæудзæн æмæ нæ хъуамæ раппæла.

С т е ш æ (*рыг расæрфта*). Ничи уæм ницы лаз æрхæсдзæн, алцыдæр йæ бынаты ис.

Ю л и н ь к æ. Дзыцца нæм джигул кæнын куы райдайа, уæд нæм æнæмæнг исты аипп ссардзæн. *(Сбадтысты.)*

С т е ш æ (*уаты астæу æрлæугæйæ*). Æцæг зæгъут, æцæг, чызджытæ, æппындæр уæ цæрын нæ уадзы. Салдæтты хуызæн уæ дыууæрдæм ратæр-батæр кæны. Хъуамæ йæ цуры цырагъау уырдыг лæууат. Кæннод, мæнæн цытæ 'взарын кæны, уый та? Йæ сыгъдæгдзинадæй та мæ бынтон амардта. (*Рыгтæ сæрфы.*)

Ю л и н ь к æ. Дæ усгур дæ зæрдæмæ цæуы, Василий Николайы фырт?

П о л и н æ. Удыгага никуы федтай? Ды та дæ Белогубовæй цы зæгъыс?

Ю л и н ь к æ. Фаджыс цы уа, уый у!

П о л и н æ. Æмæ йæ Дзыццайæн цæуыннæ зæгъыс?

Ю л и н ь к æ. Цытæ дзурыс? Ацы хæдзарæй фервæзыны тыххæй æз уымæ смой кæнынил дæр сразы уыдзынæн.

П о л и н æ. Уымæй раст зæгъыс. Æз дæр Василий Николайы фыртыл нæ сæмбæлдтæн, зæгъгæ, уæд кæимæфæнды дæр фæраст уыдаин. Ардыгæй фервæзын йæхæдæг дзæнæт куы у. Ам цæрыны бæсты цыфæнды æвзæримæ дæр бафæраздзынæн. (*Худы.*)

С т е ш æ (*диваны бынмæ æргуыбыр кодта).* Зындон дæр зындон æмæ ацы цард дæр зындон! Раст сымах дæр мæ хуызæн хъуыды кæнут.

П о л и н æ. Иннæ чызджытæ, чындзы куы фæцæуынц, уæд кæуынæй сæхи фæмарынц, мах та цинæй мæлæм, Юлинькæ. Калмы хъæбысмæ ацæуынил дæр разы стæм. (*Худы.*)

С т е ш æ. Ам куы нæ ныссæрфтаин, уæд мæ куыйты хæринаг бакодтаид. Афтæмæй ардæм кæсгæ дæр никуы ничи 'ркодтаид. (*Кæсæны бын сæрфы.*)

Ю л и н ь к æ. Полинæ, ды амондджын дæ, дæумæ алцыдæр худæг кæсы, фæлæ æз дæрдтыл хъуыды кæнын. Чындзы ацæуын диссаг нæу, фæлæ уый фæстæ куыд уыдзæн, уый хъуыдыйаг у.

П о л и н æ. Ницы хъуыды кæнын дзы хъæуы, цыфæндыйæ дæр нырæй æвзæрдæр нæ уыдзæн.

Ю л и н ь к æ. Æвзæрдæр нæ уыдзæн, уый фаг нæу. Хъуамæ хуыздæр уа. Иугæр чындзы куы ацæуай, уæд хъуамæ æхсины кад тæрай.

П о л и н æ. Уый бæргæ хорз у, фæлæ куыдæй? Ды не 'ппæтæй зондджындæр дæ æмæ ма мæ сахуыр кæн.

Ю л и н ь к æ. Кæмæ цы ис æмæ чи цæуыл йæ зæрдæ дары, уый хъуамæ йæ ныхæстæм гæсгæ базонай. Кæд æм ныртæккæ ницыма ис, уæд та фидæны йæ зæрдæ цæуыл дары. Чи цавæр лæг у, уый йæ ныхæстæй бæрæг у. Жадов дын цытæ фæдзуры, хибарæй куы аззайут, уæд?

П о л и н æ. Ард дын хæрын, кæд ын йæ ныхæстæн исты фембарын. Мæ къух мын нылхъивы æмæ дзуры, дзуры, цæуылдæрты мæ ахуыр фæкæны.

Ю л и н ь к æ. Цæуылты?

П о л и н æ. Раст дын куы зæгъон, Юлинькæ, уæд ын ницы зонын. Цыдæр зондджын ныхæстæ фæдзуры. Фæлæуу, кæд дзы исты æрхъуыды кæнин. Кæд æнæхудгæйæ бафæразон, уæд, уымæн æмæ худæджы ныхæстæ фæкæны. Фæлæуу, фæлæуу, æрхъуыды кодтон. (*Фæзмы йæ.*) «Цы ахадындзинад ис сылгоймагæн æхсæнады?» Цавæрдæр граждайнаг хæрзгæнджыты тыххæй дзырдта. Нæ зонын, куыд æмбаргæ сты, уый. Мах уыдæттыл чи ахуыр кодта?

Ю л и н ь к æ. Ничи.

П о л и н æ. Уый сæ æвæццæгæн, махæн кæй нæ лæвæрдтой, ахæм чингуыты бакаст. Пансион ма хъуыды кæныс? Мах ахæмтæ нæ кастыстæм.

Ю л и н ь к æ. Уæвгæ нæ хъæугæ та цæмæн кодтой? Цард æнæуи дæр мæлæты хъæлдзæг куы нæ у. Искуы атезгъо кæнынæй цы зæгъыс, уый зæгъ, кæнæ театрмæ ацæуынæй.

П о л и н æ. Тынг раст зæгъыс.

Ю л и н ь к æ. Æргом дын куы зæгъон, уæд мæ дæууонæй

ницы ныфс ис. Уæдæ дын æз зæгъын, мæнон ахæм нæу.

П о л и н æ. Уæдæ цавæр у?

Ю л и н ь к æ. Мæ Белогубов кæд уыйас зæрдæмæдзæугæ нæу, уæддæр мын ныфсытæ æвзæр не 'вæры. «Ды, дам, мæ бауарздзынæ. Нырма, дам, мын ус курын афон нæма у, фæлæ, дам, мын цы бынатæй зæрдæ 'вæрынц, уым куы 'рбадон, уæд ракурдзынæн ус». Уый цавæр бынат у, зæгъгæ, йæ фарстон æмæ, дам, йæ тæккæ фыццаг уайæнтæй. Æвæццæгæн, æцæгæй исты хорз бынат у. Æз кæд æнахуыргонд дæн, уæддæр, дам, къупецæгтимæ кусын. Горæтæй, дам, дын цыллæ хъуымæцтæ æмæ ӕрмæг ласдзынæн. Хæринагыл, дам, никуы стыхсдзынæ. Æмæ цы кæны? Тынг хорз у. Уадз æмæ ласа, Полинæ. Дзæгъæл рахъуыдыбахъуыды дзы ницæмæн хъæуы, ахæм адæймагмæ мойгæнгæ у.

П о л и н æ. Уæдæ мæнонæн къупецаг зонгæтæ нæй. Сæ кой мын никуы фæкæны. Ау, æмæ мын куыд никуыцæй ницы ласдзæни?

Ю л и н ь к æ. Хъуамæ дæууонæн дæр уа. Службæгæнæг нæу! Æмæ службæгæнджытæн, кæй цавæр хъæуа, ахæм лæвæрттæ фæкæнынц. Ус дзы кæмæн вæййы, уымæн алыхуызон къабайæгтæ, ус кæмæн нæй, уымæн – сгæллад, бæх кæмæ ис, уымæн – сысджы, хос кæнæ та – æхца. Айфыццаг Белогубовыл цы гæрæм жилет уыд, уый йын къупецаг балæвар кодта. Йæхæдæг мын загъта.

П о л и н æ. Цыфæндыйæ дæр мæ Жадовы бафæрсын хъæуы, къупецаг зонгæтæ йын ис æви нæ, уымæй.

Æрбацыд К у к у ш к и н а.

## Дыккаг фæзынд

Уыдон æмæ Кукушкина.

К у к у ш к и н а. Мæхицæй куыннæ раппæлон! Мæ хæдзар – æфснайд, алцыдæр дзы – сыгъдæг, йæ бынаты. *(Сбадт.)* Уый та цы у? *(Лæггадгæнæг чызгæн диваны бынмæ амоны.)*

С т е ш æ. Мæ астæу сраст кæнын мæ бон куынæуал у. Сæумæрайсомæй нырмæ...

К у к у ш к и н а. Фæстæмæ та цæмæн дзурыс, æнаггаг? Мызд цæй тыххæй исыс, уый дæ ферох? Хъуамæ мæ хæдзары алы къуым дæр æрттывдтытæ кала, дæ къахфындзтыл тæрсгæ-ризгæйæ цæуай! Бамбæрстай?

Лæггадгæнæг мæрзгæ-мæрзгæ ацыд.

Юлинькæ!

Юлинькæ сыстад.

Дæуимæ мæ аныхас кæнын хъæуы.

Ю л и н ь к æ. Хъусын дæм, Дзыцца.

К у к у ш к и н а. Мæ рæбыны кæй ницы ис, уый зоныс?

Ю л и н ь к æ. Зонын, Дзыцца.

К у к у ш к и н а. Уый зонын афон дын у. Æфтиаг мæм никæцæй хауы. Мæ каст мæ пенсимæ у. Мæ къухтæм æмхасæнтæ кæй кæнын, уый дæр дын æнæзындгонд нæу. Сымах раз мæхи мæт никуы бакодтон, афтæмæй зæронд сылгоймаг нæма дæн. Мæхицæн ма къай ссарын дæр мæ бон у. Уый æмбарут?

Ю л и н ь к æ. Æмбарын.

К у к у ш к и н а. Сымахæн ног къабатæ æмæ алыхуызон дидитæ æлхæнын, мæхæдæг та зæрæдтæй ногтæ аразын. Æви афтæ æнхъæлут, æмæ сымах æхсызгондзинадыл архайын? Кæд афтæ хъуыды кæнут, уæд рæдиут. Мæн сымах аивдзинады мæт нæй. Æз архайын, цæмæй чындзы ацæуат. Мæ фадæттæ куыд амонынц, афтæмæй уæ æз хъуамæ хуымæтæджы къабаты æрвитин. Æмæ уæвгæ дæр афтæ уыдзæн, кæд уæ уæхицæн мæйттæ агурын нæ фæнды кæнæ та нæ зонут, уæд. Æгъгъæд мын фæуæд Гатъийы хуызæнæй цæуынæн.

П о л и н æ. Дзыцца, уыцы ныхæстæ фыццаг хатт нæ хъусæм. Цы зæгъынмæ хъавыс, уый-ма бамбарын кæн.

К у к у ш к и н а. Банцай! Дæуимæ ничи дзуры. Æдылы уæвгæйæ дын Хуыцау амонд радта æмæ дæ дзыхыл фæхæц. Уыцы сæрхъæн Жадов куы нæ уыдаид, уæд дæ фыды уæларт урс дадалитæ æруагътаис. Зонджынтæй дыл йæ цæст чи хъуамæ 'рæвæрдтаид? Кæй хъæуыс? Раппæлинагæй дæм ницы ис. Дæ зонды руаджы йæ дæхирдыгæй нæ фæкодтай. Тыххæй йæ ничи 'рбаласта, къæппæгмæ йæхи къахæй æрбацыд. Юлинькæ та зонджын у æмæ хъуамæ йæ амонд йæхæдæг ссара. Бафæрсын аипп ма уæд, фæлæ дæ Белогубовæй исты пайда ис?

Ю л и н ь к æ. Нæ зонын, Дзыцца.

К у к у ш к и н а. Уæдæ йæ чи зоны? Æви æз æцæгæлон æрыгон

адæмы мæ хæдзармæ кæй нæ уадзын, уый дæр нæ зоныс? Мæ хæдзармæ фæндаг ис æрмæстдæр усгуртæн, кæнæ та, усгур кæмæй рауайдзæн, ахæмтæн. Иучысыл дæр усгуры хуызæн чи у, уыдонæн мæ хæдзары дуæрттæ кæддæриддæр гом сты, фæлæ йæ къæдзил тилынмæ фæци, зæгъгæ, уæд хъуамæ йæ фæд-йæ фæд, кæцæй рацыд, уым смидæг уа. Ахæмтæ мæ ницæмæн хъæуынц. Мæ кад мæнмæ æппæтæй уæлдæр æвæрд у, стæй сымах кад дæр.

Ю л и н ь к æ. Уæдæ мын цы гæнгæ у, Дзыцца?

К у к у ш к и н а. Цыдæриддæр дын зæгъон, уый. Уæ зæрдыл дарут, зæронд чызджытæй уын баззайæн нæй. Фæсдуарæй уæ хæстæгдæр нал æрбауадздзынæн.

Ю л и н ь к æ. Дзыцца, цыдæриддæр мæ домдтай, уый кодтон.

К у к у ш к и н а. Цы кодтай? Дзургæ кæн, хъусын дæм.

Ю л и н ь к æ. Дыккаг хатт нæм куы 'рбацыд, уый ма хъуыды кæныс? Уæд-иу æм мæ цæст æрныкъуылдтон.

К у к у ш к и н а. Æмæ? Уый иу куыд акодта?

Ю л и н ь к æ. Куыддæр-иу йæ былтæ æнахуыр æлхъывд æрбакодта, цыма сæ сдæргæ кодта, уый хуызæн. Мæнмæ гæсгæ, ахæм сæрхъæн у, æмæ ницы бамбæрста. Кæцыфæнды гимназист дæр уымæй æмбаргæдæр у.

К у к у ш к и н а. Æз уæ наукæтæ æмæ гимназтæн ницы 'мбарын, фæлæ уынын, хицауадимæ кæй арæхсы, семæ дзурын кæй зоны, уый та чысыл хъуыддаг нæу. Дард кæй ацæудзæн, уый æз уайтæккæ дæр бамбæрстон.

Ю л и н ь к æ. Æртыккаг хатт нæм куы 'рбацыд, хъуыды ма йæ кæныс, уый майрæмбоны уыди, уæд та йын уарзондзинады тыххæй æмдзæвгæтæ кастæн. Уæддæр æм, æнхъæлдæн æмæ, ницы бахъардта. Цыппæрæм хатт та йæм фыстæг радтон.

К у к у ш к и н а. Æмæ?

Ю л и н ь к æ. Æрбацыд æмæ мын афтæ: «Мæ зæрдæ дыл йæхи никуы тигъ кодта, уый, дам, уыдис, ис æмæ уыдзæн».

Полинæ ныппыррыкк кодта.

К у к у ш к и н а (*йæ æнгуылдзæй йæм бартхъирæн кодта*). Дарддæр та цы уыди?

Ю л и н ь к æ. Стæй мын афтæ зæгъы, куыддæр, дам, цы бынатмæ 'нхъæлмæ кæсын, уым æрбадон, афтæ, дам, дæ мадмæ æрбацæудзынæн æмæ йын лæгъзтæ кæндзынæн, цæмæй дæ

мæнæн раттынил сразы уа.

К у к у ш к и н а. Æмæ йын тагъд ратдзысты бынат?

Ю л и н ь к æ. Тагъд, дам.

К у к у ш к и н а. Рауай, Юлинькæ, æмæ мын аба кæн. (*Ба йын кæны.*) Чындзы дæ ацæуын хъæуы, мæ хæлар, чызгæн уый стыр хъуыддаг у. Уый фæстæдæр бамбардзыстут. Æз мад дæн, стæй тызмæг мад. Чи дæ куры, уыимæ цыфæнды дæр кæн, ницæмæ йæ 'рдардзынæн, цыма ницы уынын, мæхи афтæ скæндзынæн, фæлæ æцæгæлонимæ ахæм митæ гæнæн нæй. Нæ дын æй ныббардзынæн. Цу, Юлинькæ, дæ бынаты сбад.

Юлинькæ йæ бынаты сбадт.

Чындзы куы ацæуат, сывæллæттæ, уæд уæ уый курæг дæн: уæ лæгты цæрын ма уадзут, цæмæй сæ æхца кусын ма рох кæна, ууыл архайут, æхсæвæй-бонæй сын уыцы хъуыды сæ хъусы дыв-дыв кæнут, кæннод фæоцани уыдзысты, зивæг сыл бахæцдзæн æмæ æрæджиау уæ рустæ хæрдмæ тондзыстут. Ноджыдæр ма уын бирæ цыдæртæ зæгъинаг дæн, фæлæ нырма чызджытæ стут æмæ уын алцы дзурæн нæма ис. Истæуыл куы стыхсат, уæд уын мæ хæдзармæ кæддæриддæр фæндаг ис. Æппæт мадзæлттæ дæр зонын æмæ уын, цы кæнын хъæуы, уый бацамондзынæн. Суанг-ма дохтырдзинад дæр зонын.

П о л и н æ. Дзыцца, чидæр æрбацыд.

Ю л и н ь к æ (*рудзынгæй акаст*). Белогубов цавæрдæр зæронд лæгимæ.

К у к у ш к и н а. Уæ бынæтты сбадут. Юлинькæ, дæ хызы кæронил рахизæрдыгæй дæлдæр æрхæц.

Æрбацыдысты Ю с о в æмæ Б е л о г у б о в.

### Æртыккаг фæзынд

Уыдон, Ю с о в æмæ Б е л о г у б о в.

Б е л о г у б о в. Дæ бон хорз, Фелисатæ Герасимы чызг! (*Чызджытæн.*) Уæ бон хорз! (*Юсовмæ амоны.*) Уый мæ хицау æмæ мæ хæрзгæнæг у. Сымахимæ йæ базонгæ уæвын фæнды. Аким Акимы фырт Юсов.

К у к у ш к и н а. Уазæг Хуыцауы уазæг! Табуафси! Сбадут, уæ хорзæхæй.

Аким Акимы фырт æмæ Белогубов сбадтысты.

Мæнæ уын уыдон мæ дыууæ чызджы: Юлинькæ æмæ Полинæ. Нырма сывæллæтты сты, ницыма 'мбарынц. Чындзы цæуын афон сын бæргæ нæма у, стæй мæхæдæг дæр семæ цæрынæй нæма бафсæстæн, фæлæ ахæм хæзнатæ сæ фыды уæларт бирæ нæ фæстиат кæнынц.

Ю с о в. Хъысмæты æгъдæуттæн æнæкæнгæ нæй. Цард йæхиуæттæ домы. Æнусты фæткæн халæн нæй.

К у к у ш к и н а. Аким Акимы фырт, раст дын куы зæгъон, уæд сæ карз уавæрты хъомыл кæнын, алцæмæй дæр иртæст сты. Æхца дзы бирæ никæй фæдыл ратдзынæн, фæлæ мæ се 'гъдауы тыххæй сæ лæгтæ тынг бузныг уыдзысты. Мæ сывæллæтты бирæ уарзын, фæлæ сæ дзæгъæл змæлд никуы никæй бауагътон. (*Тызмæгхуызæй*). Полинæ, марадз цайы тыххæй бардзырд ратт.

П о л и н æ (*сыстад*). Ныртæккæ, Дзыцца. (*Ацыд.*)

Ю с о в. Æз мæхæдæг дæр тызмæг дæн. (*Тызмæгæй*). Белогубов!

Б е л о г у б о в. Хъусын дæм!

Ю с о в. Тызмæг дæн æви нæ?

Б е л о г у б о в. Тынг. (*Юлинькæйæн.*) Мæнæн та ног жилет ис. Æрбакæс-ма.

Ю л и н ь к æ. Хорз дыл фидауы. Уый дæр дын уыцы къупецаг балæвар кодта?

Б е л о г у б о в. Нæ-а, æндæр. Амæн йæ фабрикæ хуыздæр у.

Ю л и н ь к æ. Цом уазæгдонмæ, мæ куыст дын равдисон. (*Ацыдысты.*)

## Цыппæрæм фæзынд

Ю с о в æмæ К у к у ш к и н а.

К у к у ш к и н а. Кæрæдзийы куыд тынг уарзынц. Ацы лæппумæ иу аипп ис, хорз бынат, дам, мын нæй. Афтæмæй, дам, мæ усæн æнæмæт цард саразын мæ бон нæ бауыдзæн. Цы бынатмæ 'нхъæлмæ кæсын, уый мæ къухы куы бафтид, уæд, дам, ницæуылуал стыхсин. Кæд ын тæригъæд нæ кæнын, Аким Акимы фырт. Заманай æрыгон адæймаг, бауарзта...

Ю с о в (*тамакомæ смуды*). Ацы ран тагъд кæнын нæ хъæуы, Фелисатæ Герасимы чызг. Гæдзæйы бын сой и.

К у к у ш к и н а. Уæддæр æй ды зондзынæ: тагъд ын ратдзысты уыцы бынат æви нæ? Чи зоны, уый дæуæй аразгæ дæр у. Уæд курын

æмæ йын баххуыс кæн. (*Йæ сæрæй йын акуывта.*) Мæ курдиат мын хъуамæ сæххæст кæнай. Æз мад дæн, фæлмæн мад æмæ мæ мæ сывæллæтты хорздзинад куыд тынг фæнды, уый хъуамæ æмбарай...

Ю с о в (*йæ цæсгом фæтызмæг*). Тагъд уыдзæни уый, тынг тагъд. Нæ инæларæн дæр æй бамбарын кодтон. Инæлар та мæ къухы ис. Æз ын цы зæгъон, уый æнæмæнг бакæндзæн. Куы мæ фæнда, уæд уыцы бынаты æрбаддзæн, куы нæ мæ фæнда, уæд та – нæ. Хе, хе, æрбаддзæн, æрбаддзæн. Инæлар мæнæ ацы ран ис. (*Йæ армытъæпæнмæ амоны.*)

К у к у ш к и н а. Æргом дын куы зæгъон, уæд, бинонтæ кæмæн нæй, уыдон мæ цæсты кадджын не сты. Зæхх нæмынц, æндæр цы гæнæг сты, уый бæрæг нæй.

Ю с о в (*æнæрвæссонæй*). Зæххæн уæзы хос сты, æндæр ницы.

К у к у ш к и н а. Æнæмæнг афтæ. Æнæус лæппуты хæдзармæ уадзын тæссаг у, уæлдайдæр чызджытæ æмæ æрыгон ус кæм ис, ахæм хæдзармæ. Цы хъуыдытæ йæм ис, уый чи зоны? Мæнмæ гæсгæ, лæппуйæн куыддæр йæ афон æрхæццæ уа, афтæ йын ус курын хъæуы. Уый фæстæ дын йæхæдæг арфæ кæндзæн, бинонты хъуыддаг бакæнынæн ын кæй баххуыс кодтай, уый тыххæй.

Ю с о в. Бирæтæ йæ нæ фембарынц. Сæ сæры зонд уыйбæрц нæма фæахсы.

К у к у ш к и н а. Æнæус лæппуйы хæдзары хъуыддæгты мæт нæй. Сæндæттыл зилы...

Ю с о в. Уымыты мах дæр вæййæм. Нæ æрвылбоны сагъæстæй ахæм рæтты фервæзæм.

К у к у ш к и н а. Аким Акимы фырт, дæхи уыдонимæ ма бар, уе 'хсæн бирæ хъауджыдзинæдтæ ис. Сымах уырдæм кæд бацæут? Куы уæ бахонынц, аргъ уын кæй кæнынц, уый равдисынмæ куы фæхъавынц, уæд. Исты дзы уæхи 'хцатæ ныууадзут!

Ю с о в. Цытæ дзурыс! Ахæм цыдтытæн дзы бынат нæй.

К у к у ш к и н а. Уæдæ ма ныр æндæрхуызон ахъуыды кæнæм: адæймагæн æнæус лæппу исты хъуыддаджы кæй баххуыс кодта, уый тыххæй йæ нуазæндонмæ бахуыдта, бирæ 'хца дзы ныууагътой, пайда та дзы æппындæр ницы ис. Бинонтæ кæмæн ис, Аким Акимы фырт, уый та æххуысагурæн афтæ зæгъдзæн: дæ нуазæндæттæ мæ ницæмæн хъæуынц, фæлтау мын кæд исты дæ зæрды ис, уæд мын æй æхцайæ ратт æмæ мæ бинонтимæ, куыд мæ фæнда, афтæ фæбаддзынæн. Æмæ æхца дæ дзыппы сæвæр. Уæд уый

дыууæрдæм пайда нæу?! Иуæй, лæг йæ хæдзармæ æвронгæй цæрбацæудзæн, иннæмæй та – æхцаимæ. Ус куы ракуырдтай, уæдæй нырмæ цал азы цæуы?

Ю с о в. Æртæ 'мæ дыууиссæдзæм аз.

К у к у ш к и н а. Ма дзур! Афтæмæй дын куыд æрыгон хуыз ис!

Ю с о в. Адæймаг хъуамæ йе 'нæниздзинадыл ауда. Банкæтæ гæккæ дысон сæвæрдтон.

К у к у ш к и н а. Æнæниз адæймагмæ фарн кæсы. Уæлдайдæр æдыхст куы уа, куы ницы хъуаг уа, уæд.

Ю с о в. Цард диссаг у, æвæдза. Тæбæгъы доны хуызæн кæцырдæм фæкъул уыдзæн, уый бæрæг нæй. Нæ дæ бауырндзæн, æхсин, фыццаг хатт кусæндоны къæсæрæй бахызтæн æмпъызтытæ пæлæзы. Ахуыргонддзинад дæр мæм ницы уыйас уыди: цъæррæмыхстытæй кæсын æмæ фыссын зыдтон. Уыцы ацæргæ, тызмæг, сæрыстыр адæмы раз куы 'рлæууыдтæн,ноджы астæумæ боцъотимæ - уæд арæх йæхи ничи даста æмæ сын уый дæр сæ бæрзонддзинадыл æфтыдта – уæд фыртæссæй цы фæуыдаин, уый нал зыдтон. Мæ зæнгтыл дыз-дыз бахæцыд, мæ дзыхы ныхас нал бадт. Дыууæ азы цумайы лæппуйæ бакуыстон. Куы-иу мæ арахъмæ арвыстой, куы – ахуыйæнмæ. Сæумæрайсом-иу фæснозт йæ сæр кæмæн рыст, уымæн та-иу къуымæл æрбадавтон. Бадгæ та-иу дæумæ гæсгæ фынджы уæлхъус кæнæ бандоныл кодтон? Куыннæ стæй! Дæлрудзынг-иу мæм кæд гæххæтты тыхтоныл бынат æрхауд, кæнноддæр-иу лæугæйæ баззадтæн. Чернилæдоны бæсты та мын уыд былтæахорæны зæронд банкæ. Фæлæ уæддæр адæмы рæгъмæ рацыдтæн. Уый, кæй зæгъын æй хъæуы, махæй аразгæ нæу. Уынаффæгæнæг Дунесфæлдисæг у. Уый мæ рауайын кодта адæймаг, стыр бынаты дæр уый фæндонæй æрбадтæн. Хатгай мæ бинойнагимæ хъуыдытыл фæвæййæм: Хуыцау нæм ахæм хорз зæрдæйыуаг цæмæн дары? Алцыдæр хъысмæтæй аразгæ у. Хорз хъуыддæгтæ аразгæйæ, мæгуыртæн дæр æххуыс кæнын хъæуы. Ахæм хабæрттæ, гъе!.. Æртæ хæдзары мын ис. Дардгомау сты, фæлæ мæ уый ницы хъыгдары. Цыппар бæхы балхæдтон. Дард кæй сты, уый хуыздæр у. Зæхх дæр дзы фылдæр и, стæй афтæ хъæр нæу. Адæмы ныхæстæ дæр мæм нæ хæццæ кæнынц. Дам-думтæй ме сæфт уынын.

К у к у ш к и н а. Уымæй раст зæгъыс. Цæхæрадæттæ дæр дын уыдзæн, æвæццæгæн?

Ю с о в. Уæдæ! Сæрды æнтæфы лæг йæ сæр уым фæцæвы.

Æмæ дæумæ гæсгæ мæ мулкæй мæ сæр бæрзæндты хæссын? Уый ницæмæн хъæуы. Сæрыстырдзинад адæймаджы куырм кæны. Мæнæн адæмæй уæлдай нæй. Хуымæтæджы мужуккагмæ дæр æфсымæры цæстæй кæсын. Куысты мидæг та уый гæнæн нæй... Уæлдайдæр схъæлботтытæ, нырыккон ахуыргæндтæй зæгъын. Уыдонимæ тызмæг дæн. Ницы сын барын. Сæхимæ цыдæр кæсынц. Цыма ахуыргæндтæ арвæй стъалытæ скъæфынц. Æз ахæмтæ бирæ федтон. Махæй хуыздæр ницæмæй сты, стæй куыстыл дæр æнувыддæр не сты. Æз ахæм зондыл хæст дæн: гæнæн æмæ амал уæвгæйæ æмгæрон уадзгæ не сты, уымæн æмæ сæ пайдайæ сæ зиан фылдæр у. Æргом дын куы зæгъон, Фелисатæ Герасимы чызг, уæд хуымæтæг адæм мæ зæрдæмæ хæстæгдæр сты. Царды алцыдæр æрцæуы. Уæлдайдæр ныртæккæйы тызмæг заман. Ахуыры кæй не 'ййафы, уыдонæй кæй уезды училищейæ асурынц, кæй семинары дæлдæр кълæстæй. Ахæмы фарсмæ адæймаг куыннæ хъуамæ 'рбалæууа, куыннæ йын баххуыс кæна, цæмæй дæ бон у, уымæй? Йе-нæуи мæгуырдзинад ын æгъгъæд нæу? Стæй ахæм адæмæн сæ фылдæрæй лæгтæ рауайы. Æмбаргæдæр сты, æргомдæр зæрдæ. Ахæм лæппуйы адæмы рæгъмæ ракæнын удыбæстæ у. Стæй дын æй никуы ферох кæндзæн, дæ хорздзинад цæрæнбонты йæ зæрдыл дардзæн. Кæм дæ къухылхæцæг скæндзæн, кæм – номæвæрæг. Мæнæ ма Белогубовы райсæм. Ахуыргонддзинадæй йæм æппындæр ницы ис, Фелисатæ Герасимы чызг, афтæмæй йæ æз мæхи фырты бæрц уарзын. Фæлæ кæд æргом дзурæм, уæд де 'ннæ усгурмæ бынтон æндæр цæстæй кæсын, кæд уый дæр мæ дæлбар кусджытæй у, уæддæр...

К у к у ш к и н а. Цæмæн?

Ю с о в (*йæ цæсгом фæтызмæгхуыз*). Зæрдæдарæн ыл нæй.

К у к у ш к и н а. Цæуыннæ? Расыггæнаг куы нæ у, бынхор, уæдæ куыстмæ дæр йæ зæрдæ куы райы.

Ю с о в. Уый бæргæ афтæ у, фæлæ... (*тамакомæ смуды*) йыл зæрдæдарæн нæй.

К у к у ш к и н а. Курын дæ æмæ дæ хъуыды фæбæлвырддæр кæн. Æз хъуамæ алцыдæр зонон, уымæн æмæ æз мад дæн, ныййарæг.

Ю с о в. Аристарх Владимиры фырты хуызæн хæстæг дын уæд, æмæ...

К у к у ш к и н а. Зонын æй, хæстæджытæ кæй сты, уый.

Ю с о в. Ахæм адæймæгтæ горæты фондз дæр нæй.

К у к у ш к и н а. Уый дæр зонын.

Ю с о в. Уый та йын аргъ нæ кæны.

К у к у ш к и н а. Фехъуыстон уыцы хабæрттæ дæр.

Ю с о в. Хицауадимæ нæ фидауы, дæрзæг æвзагæй сæм дзуры. Йе схъæлдзинадæн та æмбал нæй. Фæсивæды халы, галиу фæндагыл сæ ардауы. Цавæрдæр сæрибардзинадыл дзуры. Ахæмтæм хицауады уæлдай хъусдарын хъæуы.

К у к у ш к и н а. Зонын æй.

Ю с о в. Кæд æй зоныс, уæд зын бамбарæн нæу, Фелисатæ Герасимы чызг, цавæр рæстæджытæ ралæууыд, уый. Тынг зын цæрæн сси, уый дын æз зæгъын. Æмæ кæй аххосæй? Хъуымыздзыхты аххосæй. Алы аз дæр сæ фондзыссæдзгæйттæй рауадзынц æмæ сæрибарæй акъахдзæф кæнынхъом нал стæм.

К у к у ш к и н а. Аким Акимы фырт, æз та дын афтæ зæгъын, æмæ, ус куы ракура, уæд фендæрхуызон уыдзæн. Цы мын радзырдтай, уыдон æз иууылдæр зыдтон. Æз ахæм мад нæ дæн, æмæ раст-равджы исты бакæнон. Æз ахæм зондыл хæст дæн: иугæр дæ хæдзармæ усгур цæуын райдыдта, уæд ын хъуамæ, йæ хъуыддæгтæ чи базона, йæ фæдыл ахæм лæг арвитон. Стæй мæхæдæг дæр æнцад нæ бадын. Чи йæ зоны, уыдоны фæрсын. Йе 'дылы митæ та, æрыгон ма кæй у, уыимæ баст сты. Фæлæ ус куы ракура æмæ йæ куы 'рылхъивæм, уæд йæ мады 'фсымæримæ дæр балымæн уыдзæн, хорз кусын дæр райдайдзæн.

Ю с о в. Уый куы фендæрхуызон уа, уæд æм хицауад дæр æндæр цæстæй кæсын райдайдзæн... (*Иуцасдæр ницыуал сдзырдта.*) Фыццаджы хуызæн кусджытæ нал и, Фелисатæ Герасимы чызг. Сæ кад бынтон ныллæгмæ æрхаудта. Сæ фу ссыди. Æвæдза, цы хуызæн цард уыди, Фелисатæ Герасимы чызг. Дзæнæт, дзæнæт! Сойы æвдылдыстæм, Фелисатæ Герасимы чызг. Раздæры кусджытæ цæргæстæ уыдысты, цæргæстæ, ныртæккæйы фæсивæд та бутъыройау тутт æмæ смаггæнаг.

Ж а д о в æрбацыд.

**Фæндзæм фæзынд**

Уыдон æмæ Ж а д о в.

К у к у ш к и н а. Табуафси, Василий Николайы фырт, табуафси. Полинæйæн дæумæ 'нхъæлмæ кæсынæй йæ цæстытæ куы ныуурс сты. Куы дæм иу рудзынгæй акæсы, куы – иннæ рудзынгæй. Афтæ дзы бауарзгæ

нæма федтон. Æвæдза, тынг амондджын дæ, Василий Николайы фырт. Цымæ дæ афтæ бирæ цæй тыххæй уарзы?

Ж а д о в. Бахатыр мын кæн, Фелисатæ Герасимы чызг, иучысыл кæй айрæджы кодтон, уый тыххæй. Аким Акимы фырт, ды дæр ам дæ? (*Йæ сæрæй йын акуывта*). Цы хуызы?

К у к у ш к и н а. Аким Акимы фырт диссаджы адæймаг у. Йæ кусджыты мæтæй йæ хуыссæг нæ ахсы. Ардæм дæр йæхæдæг æрбацыди. Хабæрттæ йæ бæлвырддæр базонын фæнды.

Ж а д о в (*Юсовæн*). Бузныг. Уæвгæ дзæгъæлы дæхи батыхсын кодтай.

Ю с о в. Æз тынгдæр, Фелисатæ Герасимы чызг, Белогубовы тыххæй æрбацыдтæн. Фыды бæсты дæр ын æз дæн, уымæн æмæ йын хæстæджытæ нæй...

К у к у ш к и н а. Аким Акимы фырт, ныртæккæ мæхæдæг æвдисæн уыдтæн, дæ кæстæртыл куыд аудыдтай æмæ, цæмæй бинонты хъуыддаг бакæной, ууыл куыд зæрдиагæй архайыс, уымæн. Æз мæхæдæг дæр дæу хуызæн хъуыды кæнын. (*Жадовæн.*) Дыууæ уды кæрæдзийы куы фæуарзынц æмæ сæ фæндагыл исты цæлхдуртæ куы фæзыны, уæд мæ зæрдæ куыд фæриссы, Василий Николайы фырт, уый куы зонис, уæд мын тæригъæд кæнис. Уарзæттæн кæрæдзийы феныны фадат кæм нæ вæййы, куы сæ сæ ныййарджытæ фæхъыгдарынц, куы дзы иу хъæздыг вæййы, иннæ – мæгуыр, ахæм роман кæсгæйæ мæ кæуын мæ былалгъмæ схæццæ вæййы. Æвæдза, куыд æнæхатыр вæййынц ахæм ныййарджытæ, сæ хъæбулты æнкъарæнтæ чи ницæмæ фæдары. Иуæй-иутæ фыруарзтæй мæлгæ дæр акæнынц. Фæлæ хъуыддæгтæ иууылдæр зæрдæйы фæндиаг куы фæцæуынц, æппæт цæлхдуртæ дæр фæсте куы аззайынц (*сæрыстырхуызæй*), уарзондзинад куы фæуæлахиз вæййы æмæ дыууæ æрыгон уды куы баиу вæййынц, уæд адæймаг цас æхсызгондзинад райсы!

П о л и н æ æрбацыд.

П о л и н æ. Табуафси, цай цæттæ у. (*Жадовы ауынгæйæ.*) Василий Николайы фырт! Худинаг дын нæу: адæймагæн уыйбæрц хъизæмæрттæ æвзарын кæн! Кæдæй нырмæ дæм æнхъæлмæ кæсын?!

Ж а д о в (*йæ къухæн ын ба кæны*). М' аххосыл сæттын.

К у к у ш к и н а. Рауай æмæ мын аба кæн, мæ хъæбул.

П о л и н æ (*Жадовæн*). Цом.

К у к у ш к и н а. Цом, Аким Акимы фырт!

Ацыдысты. Б е л о г у б о в æмæ Ю л и н ь к æ цайы къустимæ æрбацыдысты.

## Æхсæзæм фæзынд

Б е л о г у б о в æмæ Ю л и н ь к æ.

Ю л и н ь к æ. Куыд кæсын, афтæмæй мæ сайгæ кæныс.

Б е л о г у б о в. Уый та дын цавæр ныхас у? Цæмæн дæм афтæ кæсы?

Сбадтысты.

Ю л и н ь к æ. Нæлгоймæгтыл æууæнк ницавæр хъуыддаджы ис.

Б е л о г у б о в. Цæмæн афтæ тынг критикæ кæныс нæлгоймæгты?

Ю л и н ь к æ. Уый критикæ нæу, фæлæ æцæгдзинад.

Б е л о г у б о в. Уымæн уæвæн нæй. Нæлгоймæгтæ сылгоймæгтæн зæрдæлхæнæн ныхæстæ фæкæнынц, францусагау комплиментæ, фæлæ сыл чызджытæ нæ феууæндынц æмæ нæлгоймæгты уымæ гæсгæ сайæгойтæ хонынц.

Ю л и н ь к æ. Ды алцыдæр зоныс. Цæрæнбонты дæхæдæг чысыл комплиментæ нæ загътаис.

Б е л о г у б о в. Кæмæн сæ дзырдтаин, ахæм нæ уыди, стæй сæ дзурын зонгæ дæр нæ кæнын. Сымах хæдзармæ дæр фæндаг ардæджы базыдтон. Уымæй размæ мын дæу хуызæн зонгæтæ нæ уыди.

Ю л и н ь к æ. Уæдæ, зæгъыс, никуы никæй афæлывтай?

Б е л о г у б о в. Афтæ мæ цæмæн фæрсыс?

Ю л и н ь к æ. Уæвгæ мын дзуапп ма ратт. Уæддæр дын дæ ныхæстæй иуыл дæр нæ баууæнддзынæн. (*Тæргайхуызæй иннæрдæм акаст.*)

Б е л о г у б о в. Цы дыл æрбамбæлд?

Ю л и н ь к æ. Цыма цы дзурын, уый не 'мбарыс, уый хуызæн.

Б е л о г у б о в. Æцæгæй дæ не 'мбарын.

Ю л и н ь к æ. Нæ дæ фæнды æмæ мæ не 'мбарыс. (*Йæ цæсгом йæ къухмæрзæнæй сæхгæдта*).

Б е л о г у б о в. Цæмæй дæ фæнды, уымæй дын басомы кæндзынæн, кæддæриддæр дæ куыд уарзтон, ныр дæр дæ афтæ кæй уарзын.

Ю л и н ь к æ. Уарзыс, фæлæ тагъд нæ кæныс...

Б е л о г у б о в. Ныр дæ бамбæрстон. Ацы хъуыддаджы

тагъдгæнæн нæй.

Ю л и н ь к æ. Уæдæ Жадов куы тагъд кæны.

Б е л о г у б о в. Мæн Жадовимæ барæн нæй. Уымæн, мæ хур, йæ мады 'фсымæр хъæздыг у, йæхæдæг та – ахуыргонд æмæ кæмфæндыдæр бынат ссардзæн. Гæнæн æмæ амал куынæуал уа, уæд ахуыргæнæгæй дæр бацæудзæн æмæ йæ къæбæр кусдзæн. Æз та? Цы бынатмæ 'нхъæлмæ кæсын, уым йеддæмæ никуы сарæхсдзынæн æмæ мæ æнхъæлмæ кæсын хъæуы. Стæй дæу дæр нæ бафæнддзæн æрмæст хамбохъ æмæ цымгæ хæрын... Уый мах бон у ахæм цæрдтытæй цæрын, фæлæ зæды хуызæн сылгоймагæн нæу. Мæн æрмæстдæр бынат къуылымпы кæны, куыддæр мæхирдыгæй фæуа, афтæ уавæр бынтон фендæрхуызон уыдзæн.

Ю л и н ь к æ. Кæд æрцæудзæн уыцы рæстæг?

Б е л о г у б о в. Ныр бирæ æнхъæлмæ кæсын нал бахъæудзæн. Зæрдæ мын бавæрдтой. Куыддæр ног къæлæтджынил æрбадон, тæккæ уыцы бон... Раздæр уал мæхицæн ног дарæс бахуыйын кæндзынæн... Дæ мадæн дæр æй загътон. Дæ зæрдæ мыл ма худæд, Юля Иваны чызг, уымæн æмæ мæнæй аразгæ ницы у. Æри-ма дæ къух.

Юлинькæ йæм йæ къух бадаргъ кодта, йæхæдæг иуфарс азылд. Йæ къухæн ын ба кæны.

Мæхи бон дæр нал у æнхъæлмæ кæсын.

Ж а д о в æмæ П о л и н æ æрбацыдысты.

Ю л и н ь к æ. Цом, уадз æмæ хибарæй абадой.

Ацыдысты.

### Æвдæм фæзынд

Ж а д о в æмæ П о л и н æ *(сбадтысты.)*

П о л и н æ. Цы дын загъон, уый зоныс?

Ж а д о в. Нæ зонын.

П о л и н æ. Æрмæст æй Дзыццайæн ма загъ.

Ж а д о в. Ма тæрс, нæ йæ загъдзынæн.

П о л и н æ (*иучысыл ахъуыды кæнгæйæ*). Загъин дын æй, фæлæ мæ куынæуал уарзай, уымæй тæрсын.

Ж а д о в. Дæу нал уарздзынæн? Уымæн уæвæн нæй.

П о л и н æ. Æцæг загъыс?

Ж а д о в (*йæ къух ын райста*). Дæу нал уарзын мæ бон никуы бауыдзæн. Бауырнæд дæ.

П о л и н æ. Уæдæ хъус. Хабæрттæ дын æргомæй радзурон. (*Йæ хъæлæс фæныллæгдæр.*) Нæ хæдзар сайд æмæ фæльвдæй йæ тæккæ дзаг у. Цы дын дзурын, уыдонæй мацæуыл æууæнд. Бындур дзы ницæмæн ис. Дзыцца афтæ дзуры, цыма нæ бирæ уарзы, афтæмæй та нæ æппындæр нæ уарзы. Æрмæстдæр нæ тагъддæр фæдде кæнын ныл архайы. Усгуртæй сæ цуры æппæлы, сæ фæсауон та сæ фыдгой кæны. Мах та кæнгæ митæ кæнын ныл ардауы.

Ж а д о в. Уый уæ зæрдæмæ нæ цæуы?

П о л и н æ. Æрмæст æз кæнгæ митæ нæ кæнын. Æз дæ æцæгæй уарзын.

Ж а д о в. Мæ сæры зонд мын фæцæуын кæндзынæ. (*Йæ къухæн ын ба кæны.*)

П о л и н æ. Стæй ма дын цы зæгъынмæ хъавын: мах бынтон æнахуыргонд стæм, Юля ма чысыл цыдæртæ зоны, фæлæ æз бынтон æдылыкъоппа дæн.

Ж а д о в. Уый та цавæр æдылыкъоппа у?

П о л и н æ. Æдылыкъоппа цыдæриддæр уа, уый. Ницы зонгæ кæнын, ницы кæсгæ бакодтон. Иуæйни уыхатт цыгæ фæдзуры с, уымæн æппындæр ницы фембарын.

Ж а д о в. Ды зæды къалиу дæ! (*Йæ къухæн ын ба кæны.*)

П о л и н æ. Мæнæн Юлинькæйæ хæлардæр зæрдæ ис, фæлæ уымæй æдылыдæр дæн.

Ж а д о в. Кæй ницæуылма дæ сахуыр кодтой, кæй дæ нæма фехæлдтой, уый дæ афтæ бирæ дæр уымæн уарзын. Ардыгæй дæ тагъддæр ахонын хъæуы. Мах дæуимæ райдайдзыстæм ног цард. Дæ хъомыладмæ тынг зæрдиагæй базналдзынæн. Цы диссаджы æхсызгондзинад мæм æнхъæлмæ кæсы!

П о л и н æ. Уыцы рæстæг тагъддæр куы ралæууид!

Ж а д о в. Дарддæрмæ ма йæ цæмæн æргъæвæм? Æз офæнд кодтон. (*Уæлмонц цæстытæй йæм ныккаст.*)

Дыууæйæ дæр ныххъус сты.

П о л и н æ. Къупецæгтæй никæй зоныс?

Ж а д о в. Уый та цавæр фарст у? Цæмæн дæ хъæуы?

П о л и н æ. Афтæ æнæуи. Йæ зонын мæ фæнды.

Ж а д о в. Уæддæр цæмæн?

П о л и н æ. Уымæн æмæ... Белогубов афтæ зæгъы, мæнæн, дам, къупецаг зонгæтæ ис æмæ, дам, мын алыхуызон уæлæйыдарæс балæвар кæнынц, ус куы ракурон, уæд та, дам, мæ бинойнагæн къабайæгтæ лæвар кæндзысты.

Ж а д о в. Кæс-ма... Уæдæ махæн ничи ницы лæвар кæндзæн.

Мах нæхи фæллойæ цæрдзыстæм. Раст нæ зæгъын, Полинæ?

П о л и н æ (*рохстхуызæй*). О-о.

Ж а д о в. Полинæ, ды нырма нæма зоныс, адæймагæн йæхи фæллойæ цæрын цас æхсызгондзинад хæссы, уый. Алцыдæр нæм уыдзæн. Кæд Хуыцауы фæнда, уæд æй дæхи цæстытæй фендзынæ. Цы бакусæм, уый нæхи уыдзæн, никæмæй ницы хæсджын уыдзыстæм. Æмбарыс мæ? Ахæм уавæрæй адæймаг дыууæ æхсызгондзинады исы: иуæй, хи фæллойæ цæрыны æхсызгондзинад, иннæмæй, никæй раз ницæйы тыххæй дзуапп дæттыс, афтæмæй, цы мулк дæм ис, уый сæрибарæй хардз кæныны æхсызгондзинад. Уыдон та цавæрфæнды лæвæрттæй дæр хуыздæр сты. Афтæ нæу, Полинæ, хуыздæр не сты?

П о л и н æ. О-о, хуыздæр сты.

Ничиуал ницы дзуры.

Ж а д о в. Базон-базонтæй хъазæм?

П о л и н æ. Базон-базон, къæхтæ йын нæй, афтæмæй тæхы?

Ж а д о в. Дымгæ.

П о л и н æ. Алцыдæр куыд зоныс! Æз æй ницы хуызы базыдтаин. Юлинькæ мын æй загъта.

Ж а д о в. Æнæхин сывæллон! Ахæм сабийæ баззай.

П о л и н æ. Стъалытæ банымайæн ис?

Ж а д о в. Ис.

П о л и н æ. Нæй. Нæ дыл æууæндын.

Ж а д о в. Нымайын сæ нал хъæуы: раджы сæ банымадтой..

П о л и н æ. Ды мыл худгæ кæныс. (*Иуфарс азылд.*)

Ж а д о в (*фæлмæнæй*). Æз дæуыл худгæ кæнын, Полинæ? Æз дæуæн ме 'ппæт цард дæр снывонд кæнынмæ куы хъавын. Дзæбæх ма мæм æрбакæс, дæуыл чи худы, ахæмы каст кæнын?

П о л и н æ (*бакаст æм*). Нæ кæныс, нæ...

Ж а д о в. Æдылыкъоппа дæхи хоныс, фæлæ æдылыкъоппа нæ дæн. Ды мыл хъуамæ худай. Уæвгæ мыл бирæтæ худгæ дæр кæнынц. Мæ рæбыны ницы. Мæ арм – афтид, афтæмæй фидæныл мæ зæрдæ даргæйæ дæу курыныл ныллæууыдтæн. Цæмæн, дам, курыс ус, зæгъгæ, мæ бафæрсынц. Цæмæн? Уымæн æмæ бауарзтон, уымæн æмæ адæмыл æууæндын. Æнæрхъуыды ми кæй кæнын, уыимæ разы дæн. Кæд хъуамæ хъуыды кæнон? Афтæ бирæ дæ уарзын æмæ мын хъуыды кæнынæн рæстæг нæй.

Ӕрбацыдысты К у к у ш к и н а ӕмӕ Ю с о в.

П о л и н ӕ. Ӕз дӕ мӕхӕдӕг уарзын.

Жадов ын йӕ къухӕн ба кӕны.

К у к у ш к и н а (*Юсовӕн*). Кӕс-ма сӕм, кӕс, бӕлӕттау куыд къуыр-къуыр кӕнынц. Ма сӕ хъыгдарут.

Ӕрбацыдысты Б е л о г у б о в ӕмӕ Ю л и н ь к ӕ.

## Ӕстӕм фӕзынд

Ж а д о в, П о л и н ӕ, К у к у ш к и н а, Ю с о в, Б е л о г у б о в ӕмӕ Ю л и н ь к ӕ.

Ж а д о в (*фӕстӕмӕ разылд, Полинӕйы къухыл фӕхӕцыд ӕмӕ йӕ Кукушкинайы цурмӕ бахуыдта*). Фелисатӕ Герасимы чызг, ратт мын ацы диссаджы хӕзнайы.

К у к у ш к и н а. Ӕргом куы дзурон, уӕд мын зын у мӕ чызгӕй фӕхицӕн уӕвын. Мӕ уарзондӕр чызг... Мӕ зӕронды бонтӕ мын уый хуызӕн ничи барухс кодтаид, фӕлӕ гӕнӕн нӕй... Дӕу фӕуӕд. Йӕ амонд мын зынаргъдӕр у. (*Йӕ цӕсгом къухмӕрзӕнӕй бамбӕрзта.*)

Жадов ӕмӕ йын Полинӕ йӕ къухтӕн батӕ кӕнынц. Белогубов ын бандон йӕ цуры ӕрӕвӕрдта. Сбадти.

Ю с о в. Ды ӕцӕг мад дӕ, Фелисатӕ Герасимы чызг.

К у к у ш к и н а. Уымӕй мӕхицӕй раппӕлын мӕ бон у. (*Фӕцӕрдӕгдӕр.*) Цыфӕндыйӕ дӕр чызджытӕ хъомыл кӕнын ӕбузн хъуыддаг у! Схӕсс сӕ, стӕй сӕ искӕй фыццаг скӕн, дӕхӕдӕг сидзӕрӕй баззай. Уымӕй ма ӕрбуалгъдӕр хъуыддаг цы уа! (*Йӕ цӕсгом къухмӕрзӕнӕй бамбӕрста.*)

Б е л о г у б о в. Дзыцца, мах дӕ иунӕг нӕ ныууадздзыстӕм.

П о л и н ӕ ӕмӕ Ю л и н ь к ӕ (*ӕмдзыхӕй*). Дзыцца, мах дӕ нӕ ныууадздзыстӕм.

Дыккаг ӕмӕ ӕртыккаг архайды ӕхсӕн рацыд афӕдзы бӕрц.

## Æ Р Т Ы К К А Г   А Р Х А Й Д

Ж а д о в.
М ы к и н – йе 'рдхорд, ахуыргæнæг.
Д о с у ж е в.
Ю с о в.
Б е л о г у б о в
1-аг } чиновниктæ
2-аг
Г р и г о р и й
В а с и л и й – нуазæндоны лæггадгæнджытæ.

Уазджытæ æмæ уазæгдоны лæггадгæнджытæ сты иннæ уаты.Нуазæндон. Фæстаг æмбæрзæн ис дыккаг пъланы, астæуæй – машинæ, рахизæрдыгæй – гом дуар, зыны дзы уат, галиуæрдыгæй – рагъæн, авансценæйы дыууæрдыгæй дæр – стъолтæ дивантимæ.

**Фыццаг фæзынд**

В а с и л и й лæууы машинæйы цур æмæ газет кæсы. Г р и г о р и й – лæууы дуары цур æмæ иннæ уатмæ кæсы. Ж а д о в æмæ М ы к и н æрбацыдысты. Сæ фæстæ цæуы Г р и г о р и й. Стъол афснайдта æмæ йыл ног æмбæрзæн байтыдта.

М ы к и н. Цæй куыд у, мæ зæронд æрдхорд? Куыдтæ цæрыс?

Ж а д о в. Æвзæр, ме 'фсымæр. (*Григорийæн.*) Цай-ма нын рахæсс.

Григорий ацыд.

Ды та?

М ы к и н. Мæнæн ницы у. Ахуыргæнæгæй кусын. Амæлттæ кæнын. *(Сбадтысты.)*

Ж а д о в. Цас исыс?

М ы к и н. Ссæдз туманы.

Ж а д о в. Фаг дын кæнынц?

М ы к и н. Куыд дын æй зæгъон? Дæ хуыссæн цас у, дæ къæхтæ уымæй тынгдæр нæ адаргъ кæндзынæ.

Ж а д о в. Æнæ бинонтæй дзы фæцæрæн ис?

М ы к и н. Дæу дæр ус курын нæ хъуыд. Æз æмæ дæу хуызæттæн бинонтæ дарын сæ бон нæу.

Ж а д о в. Ӕнæ бинонтæй зы фæцæрæн ис.

М ы к и н. Дæу дæр ус курын нæ хъуыд. Ӕз æмæ дæу хуызæттæн бинонтæ дарын сæ бон нæу.

Ж а д о в. Цы 'рцыди, уымæн рахздазæн нал и.

М ы к и н. Дæхимæ-ма бакæс. Раздæр ахæм уыдтæ? Ӕвæццæгæн, дæ æнæраны рæтты дугъы æруагътой. Цыфæндыйæ дæр мах хуызæттæн ус курæн нæй. Мах æрмæстдæр кусынæн райгуырдыстæм.

Григорий цай æрбахаста. Мыкин дзы æркодта. Иугæр кусын райдыдтай, уæд кусын хъæуы. Нæхимæ дæр нæ кæд искуы равдæлид.

Ж а д о в. Ӕндæргæнæн мын нæ уыди: тынг æй бауарзтон.

М ы к и н. Бауарзтай, æмæ цы? Дæумæ гæсгæ иннæтæ нæ бауарзынц? Ӕз дæр уарзтон, фæлæ йæ нæ ракуырдтон. Дæу дæр бинонтæ ницæмæн хъуыд.

Ж а д о в. Цæуыннæ?

М ы к и н. Куыд цæуыннæ? Уымæн æмæ æнæус куысты кой кæны, усджын та – йæ усы кой. Бинонтæ кæмæн ис, ууыл зæрдæдарæн нæй.

Ж а д о в. Уыдон ницæйаг ныхæстæ сты.

М ы к и н. Цæмæн сты ницæйаг ныхæстæ? Цы чызджы уарзтон, уый тыххæй æз зæххы цъарыл цы нæ бакодтаин, ахæм нæ уыд, фæлæ ме 'нкъарæнтæ нывондæн æрхастон.

Ж а д о в. Ӕвæццæгæн дын æнцон нæ уыд.

М ы к и н. Кæй зæгъын æй хъæуы. Ахæм фæндагæй фæстæмæ раздæхын æнæкæрон зын у. Уæлдайдæр, бирæ кæй уарзай, уыимæ баиу уæвынæн дын дæ мæгуырдзинад йеддæмæ куы ницы æфсон уа, уæд. Дæ усы бирæ уарзыс?

Ж а д о в. Ӕнæкæрон бирæ.

М ы к и н. Гъемæ алыбон æгас цу! Зонджын у?

Ж а д о в. Уый дын нæ зæгъдзынæн. Зонын æрмæстдæр уый, æмæ тынг зæрдæмæдзæугæ кæй у. Чысыл ницæйы тыххæй дæр йæ зæрдæ афтæ æрбауынгæг вæййы, æмæ дæхицæн дæр дæ кæуын дæ былалгъмæ схæццæ уыдзæн.

М ы к и н. Ӕргом-ма мын зæгъ: куыд цæрыс? Ӕнæхъæн афæдз æмæ дæ æрдæг нæ федтон, уый нæ зоныс?

Ж а д о в. Бирæ дзуринæгтæ мæм нæй. Куыд базыдтай,

афтæмæй ракуырдтон, кæй бауарзтон, уыцы чызджы. Ахуыргонддзинад æм ницы уыд, хъомыл кодта хуымæтæг хæдзары, хъавыдтæн æй мæхи зондахастмæ раздахынып. Куы йæ ракуырдтон, уæдæй нырмæ цæуы афæдз...

Мыкин. Æмæ?

Жадов. Æмæ ницы. Йæ хъомыл кæнынмæ мæ не 'вдæлы, ст... уыцы хъуыддагмæ кæцырдыгæй бавналон, уый дæр нæ зонын. Нырма й... зондахаст нæ аивта. Быцæуы рæстæг ын æз хъуамæ, кæй зæгъын ... хъæуы, барон. Мæ уавæр сæ хæрзтæй нæу, фæлæ йæ куыд фендæрхуы... кæнон, уымæн ницы зонын. Стæй мæм хъусгæ дæр нæ кæны, уым... æмæ мæ зонджын адæймагыл нæ нымайы. Уыдонмæ гæсгæ зонджын адæймаг æнæмæнг хъуамæ хъæздыг уа.

Мыкин. Кæс-ма, кæс, цы хъуыдытæ сæм и! Дæ куыст та куыд цæуы?

Жадов. Райсомæй изæрмæ мын мæ сæр схъил кæныны фада... нæй.

Мыкин. Æмæ дын уæддæр æхца нæ фаг кæны?

Жадов. Бынтон афтæ нæу. Мæ мыздæй цæрæн ис.

Мыкин. Дæ ус та цы зæгъы?

Жадов. Бынтон разы мæ нæу. Иуæй-иу хатт цæссыг дæр æруадзы. Цы гæнæн и...

Мыкин. Тæригъæд дын кæнын. Цыфæндыйæ дæр, ме 'рдхорд, махæн ус курæн нæй. Афæдз æгуыстæй баззадтæн æмæ сау дзулы къæбæр йеддæмæ мæ хъуыры ницы ацыд. Уæд ма усимæ та цытæ кодтаин?

Досужев æрбацыд.

**Дыккаг фæзынд**

Уыдон æмæ Досужев.

Досужев (*æрбадт иннæ стъолы уæлхъус*). Гарсон, каст дæумæ у.

Василий. Цы дæ зæрдæ зæгъы?

Досужев. Йæ тæккæ хъæбæрæй, мах аккаг чи у, ахæм ахуыйæнимæ.

Василий. Бамбæрстон. (*Дуарырдæм фæцæуы.*)

Досужев. Францаг гарчицæ дæр. Фехъуыстай? Кæннод дын дæ трактир сæхгæндзынæн. Григорий, шарманкæ-ма сифтындз.

Григорий. Ныртæккæ. (*Машинæ ифтындзы.*)

Мыкин. Мæнмæ гæсгæ йын ус нæй.

Д о с у ж е в. Цы мæм ныккастыстут? Æз хуыдзыхмæ æнхъæлмæ кæсын.

Ж а д о в. Цавæр хуыдзыхмæ?

Д о с у ж е в. Ныртæккæ йæ фендзынæ. Бур боцъотæ йын. Æз æй хæргæ кæндзынæн.

Василий водкæ æрбахаста.

Василий, дæ цæст æм дар æмæ куыддæр фæзына, афтæ мынниу зæгъ.

Машинæ цæгъды.

Господа, хъусут, расыг немыцæгтæ куыд кæуынц, уымæ? (*Кæуæг немыцаджы афæзмыдта.*)

Жадов æмæ Мыкин худынц. Машинæ йæ цæгъдынæй банцад.

М ы к и н (*Жадовæн*). Цæй хæрзбон. Искуы дæ абæрæг кæндзынæн.

Ж а д о в. Фæндараст.

Мыкин ацыд.

В а с и л и й (*Досужевæн*). Æрбацыди.

Д о с у ж е в. Ардæм æй рахон.

В а с и л и й. Нæ комы. Иннæ уатмæ бацыд.

Д о с у ж е в (*Жадовæн*). Йæ зæрдæ мыл худы. Хæрзбон! Кæд ма ам уыдзынæ, уæд фæстæдæр аныхас кæндзыстæм, дæ бакаст мæ зæрдæмæ фæцыд. (*Ацыд.*)

Ж а д о в (*Василийæн*). Исты кæсинаг ма мын ратт.

В а с и л и й (*чиныг æм дæтты*). Мæнæ-ма ацы статья бакæс. Æппæлынц дзы.

Жадов чиныг кæсы. Æрбацыдысты Ю с о в, Б е л о г у б о в, 1-а г æмæ 2-а г ч и н о в н и ч ы.

**Æртыккаг фæзыд**

Ж а д о в, Ю с о в, Б е л о г у б о в, 1-а г æмæ 2-а г ч и н о в н и ч ы.

Б е л о г у б о в. Аким Акимы фырт, мах уым нæхимæ фæкастыстæм, дæу та ам фæхынцынмæ хъавын. Сæн, музыкæ...

Ю с о в. Табуафси, табуафси, хъынцыны бар дын ис.

Б е л о г у б о в. Цавæр дæ зæрдæ зæгъы? Шампайнаг?

Ю с о в. Ницы у шампайнаг...

Б е л о г у б о в. Уæд та рейнвейн? Господа, сбадут!

Белогубовæй фæстæмæ иууылдæр сбадтысты.

Василий! Рейнвейн нын æрбахæсс. Æрмæст фæсарæйнаг. *(Василий ацыд.)* Дæ бон хорз, ме 'фсымæр! Махимæ сбадын дæ нæ фæнды? (*Жадовы цурмæ бацыд.*)

Ж а д о в. Бузныг, æз нæ нуазын.

Б е л о г у б о в. Цæуыннæ? Фæйнæ сыкъайы уæддæр. Ныр хæстæджытæ кæй стæм, уый дæр рох ма уæд.

В а с и л и й сæн æрбахаста. Белогубов йæхи фынджы цурмæ бацыд.

Рауадз!

Василий рауагъта.

Ю с о в. Дæ цæрæнбоны тыххæй, ме 'фсымæр! (*Агуывзæ райста æмæ сыстад.*)

1-а г æмæ 2-а г ч и н о в н и ч ы. Дæ цæрæнбоны тыххæй. (*Агуывзæтæ систой æмæ сыстадысты.*)

Ю с о в (*йе 'нгуылдзæй Белогубовы сæрмæ амоны*). Ацы сæры зонд кæй ис, ууыл кæддæриддæр æууæндыдтæн. *(Сæ агуывзæтæ бакъуырцц кодтой.)* Кæрæдзийæн аба кæнæм. *(Ба кæнынц.)*

Б е л о г у б о в. Æрима дæ къух. Дæ къухæн дæр дын аба кæнон.

Ю с о в (*йæ къух амбæхста*). Нæ хъæуы, нæ хъæуы. (*Сбадти.*)

Б е л о г у б о в. Лæг мæ дæ фæрцы рауади.

1-а г æмæ 2-а г ч и н о в н и ч ы . Нæ нуазæнтæ бакъуырцц кæнæм. (*Белогубовимæ сæ агуывзæтæ бакъуырцц кодтой, банызтой æмæ сбадтысты.*)

Б е л о г у б о в (*агуывзæ байдзаг кодта æмæ йæ Жадовмæ бахаста*). Ме 'фсымæр, саккаг кæн.

Ж а д о в. Нæ нуазын, зæгъын, дын куы загътон.

Б е л о г у б о в. Афтæ нæ вæййы. Бафхæрдзынæ мæ.

Ж а д о в. Ма мæ тыхсын кæн.

Б е л о г у б о в. Кæд сæн нæ уарзыс, уæд та æндæр исты. Цыдæриддæр дæ зæрдæ зæгъы, уый дын рахæсдзысты.

Ж а д о в. Ницы мæ хъæуы. Ныууадзут мæ мæ мæгуырыл. (*Чиныг кæсы.*)

Б е л о г у б о в. Бар дæхи. Дæ зæрдæ мыл цæмæй худы, уымæн ницы зонын. (*Фæстæмæ йæхи фынгмæ ацыд.*)

Ю с о в (*сабыргай*). Ныууадз æй.

Б е л о г у б о в (*сбадт*). Господа, фæйнæ сыкъайы ма! (*Рауагъта.*) Адджинаг уæ никæй зæрдæ агуры? Василий, адджинæгтæ рахæсс. Цас фылдæр, уыйас хуыздæр.

Василий ацыд.

Ю с о в. Абон цыдæр рæдау дæ. Фæфос кодтай, æвæццæгæн?

Б е л о г у б о в (*йæ дзыпмæ амонгæйæ*). Уыдис дзы цыдæртæ. Уыдон иууылдæр дæ фæрцы сты.

Ю с о в. Æрхауди дæм дзы, æвæццæгæн?

Б е л о г у б о в (*æхцаты гуцъула систа*). Мæнæ!

Ю с о в. Бамбæрстон дæ.

Б е л о г у б о в (*æхцатæ фæстæмæ йæ дзыппы нывæрдта*). Æмæ уæддæр кæй фæрцы? Кæй цæрæнбонмæ хъуамæ кувон? Ды куы нæ уыдаис, уæд цардæн ницы бамбæрстаин. Адæмы рæгъы дæ фæрцы рацыдтæн. Цæрыны фадæттæ мын ды сарæзтай. Дæ базыры бын бахъомыл дæн. Цыппар азмæ цы базыдтон, уый мæ бынаты æндæр исчи дæс азмæ дæр нæ базыдтаид. Цас фæзилæнтæ мын бацамыдтай! Дæу куы нæ фæзмыдтаин, уæд мæхи зондæй дард нæ ацыдаин. Иуæй-иу фыд йæ хъæбулæн уыйбæрц нæ фæвæййы, ды мæнæн цас фæдæ. (*Йæ цæссыгтæ сæрфы.*)

Ю с о в. Ды уæздан адæймаг дæ, æнкъараг зæрдæ дын ис. Алкæй бон афтæ нæу.

Василий адджинæгтæ æрбахаста.

Б е л о г у б о в. Цы уыдаин? Ницы! Ныр та дæн æхсæнады уæнг, иууылдæр мын аргъ кæнынц, уынджы куы фæцæйцæуын, уæд мын къупецæгтæ ныллæг акувынц, уазæгуаты мæ бахонынц, кæм мæ сбадын кæной, уый нал фæзонынц, мæ ус мæ уарзы. Æдылыйæ куы баззадаин, уæд мæ хъуамæ цæй тыххæй уарзтаид? Василий! Зынаргъ къафеттæ уæм нæй?

В а с и л и й. Ссардзыстæм.

Б е л о г у б о в. Мæ усæн. (*Василийæн*). Гæххæтты дзы бирæ батух.

Василий фæцæуы.

Фæлæуу! Адджинæгтæ алыхуызон куыд уой, афтæ.

Ю с о в. Æгæр буц ахуыр æй ма кæн.

Б е л о г у б о в. Уымæй йын тас нæу. (*Василийæн.*) Мацæуыл бацауæрд, хъусыс?

В а с и л и й. Хъусын. (*Ацыд.*)

Б е л о г у б о в. Бирæ уарзын мæ усы, тынг бирæ йæ уарзын, Аким Акимы фырт. Йæ зæрдæ йын куы 'лхæнай, уæд дæ уый дæр фылдæр уарздзæн. Йæ цуры чи дæн? Уый ахуыргонд у, æз та?.. Абон ын къаба балхæдтон, балхæдтон, зæгъгæ, йæ райстон... Уый фæстæ хъуыддаг йæхи амондзæн.

Ю с о в. Цы амонын дзы хъæуы? Исты хъуыддаджы йæ бахъæудзынæ æмæ ... кæрæдзийæ ницыуал дардзыстут. Адæм кæрæдзийы руаджы цæрынц.

Василий гæххæтты къафеттæ æрбахаста.

Б е л о г у б о в. Мæ худы сæ сæвæр. Ноджыдæр-ма фæйнæ сыкъайы. (*Сæн уадзы.*) Василий, ноджыдæр-ма иу авг.

Ю с о в. Æгъгъæд у.

Б е л о г у б о в. Нæу. Ацы ран æз уынаффæ кæнын.

Василий ацыд.

1 - а г ч и н о в н и к. Мæ зæрды уын иу ахæм хабар радзурын ис. Цæвиттон, махмæ иу фыдцъылысарæзт пъисыр куыста. Æмæ цы номыр аппæрста? Уынаффæйæ мæнг къопи рафыста – ахæм зонд йæ сæры кæцæй февзæрд, Хуыцау йæ зонæг – хъуыддаджы чи архайдта, уыдоны бæсты дзы йæ къух бавæрдта æмæ йæ хъæстгæнæгмæ бахаста. Кæй зæгъын æй хъæуы, хъуыддаг стыр æхцатимæ баст уыд. Афтæмæй къопи æвдисгæ йеддæмæ дæтгæ нæ ракодта. Æхцайы гуцъула йæ дзыппы сæвæрдта. Хъæстгæнæг тæрхондонмæ куы 'рбацыд, уæд, цы уавæры бахауд, уый бамбæрста, фæлæ ма йын дзы цы рауадаид?

Б е л о г у б о в. Уый цъаммар ми у. Ахæм хъуыддæгты тыххæй куыстæй сурын хъæуы.

Ю с о в. Æнæмæнг сургæ! Уый паддзахадон кусæджы цæсгом чъизигæнæг у. Цæстфæлдахæн митæ никуыдæм бæззынц? Хъуыддæгтæ æндæрхуызон аразгæ сты. Хъуамæ хъæстгæнæджы зæрдæхудты дæр

ма бацæуай æмæ дæхæдæг дæр разыйæ баззайай. Куы зæгъын, хъуамæ уæхст дæр ма басудза æмæ физонæг дæр сфыца. Закъон закъон у. Стæй хæлоф кæнын дæр нæ хъæуы. Карк нæмыгтай уидзы, фæлæ æфсæст вæййы. Ды кæй кой кæныс, уый адæймаг нæу. Абон куы нæ уа, уæддæр дзы райсом бахаудзæн.

Б е л о г у б о в (*агуывзæты уадзы*). Табуафси, Аким Акимы фырт. Иу курдиат мæм ис, æмæ мын æй нæ сæххæст кæнис? Мæ сæрæй дын дæ къæхты онг акувин.

Ю с о в. Хъусын дæм, цавæр курдиат у?

Б е л о г у б о в. Цавæр куы зæгъай, уæд... Хъуыды ма кæныс, айфыццаг, шарманкæимæ цы зарæг зарыдтæ, уый – «По улице мостовой».

Ю с о в. Уый та дæ зæрдыл кæцæй æрлæуууыд?

Б е л о г у б о в. Дæ хорзæхæй, дæ хъæлæс мын ма бахæлæг кæн. Никуы дын æй ферох кæндзынæн.

Ю с о в. Куы мæ ныууагътаис. Уæвгæ дæу тыххæй æз цы нæ бакæндзынæн, ахæм нæй. Сифтындзут-ма уæдæ «По улице мостовой».

Б е л о г у б о в. Василий, цы фæдæ? «По улице мостовой»-ма сæвæр, æрмæст мидæмæ макæй æрбауадз.

В а с и л и й. Бамбæрстон. (*Шарманкæ сифтыгъта.*)

Ю с о в (*Жадовмæ амонгæйæ*). Уæртæ уыцы лæппуйы нæ уарзын. Хуыцау йæ зонæг, цы ахъуыды кæндзæн.

Б е л о г у б о в (*Жадовы фарсмæ æрбадт*). Дæхи æнахуыры хуызæн цæмæн дарыс, уый нæ зонын. Аким Акимы фырт дæ цæмæдæр гæсгæ йæхи къæмдзæстыгхуыз дары.

Ж а д о в. Цавæр къæмдзæстыджы кой кæныс?

Б е л о г у б о в. Акафын йæ зæрды ис... Куысты фæстæ хи аирхæфсын дæр фæхъæуы. Æрмæст куыстæй цард нæй. Стæй никæй хъыгдарæм.

Ж а д о в. Кафут, цас уæ фæнды, уыйбæрц, æз уæм цы бар дарын?

Б е л о г у б о в (*Юсовæн*). Мацæмæй дзы æфсæрмы кæн, нæ хæстæг, мыййаг, нæу?!

В а с и л и й. Сифтындзон æй?

Ю с о в. О.

Машинæ цæгъды «По улице мостовой». Юсов кафы. Куы фæци, уæд Жадовæй фæстæмæ иууылдæр нымдзæгъд кодтой.

Б е л о г у б о в. Ныр та шампайнаг. Стæй дæ цы дарын, уый дæр банымæй.

В а с и л и й (*хынцæнтыл нымайы*). Фынддæс сомы.

Б е л о г у б о в. Айс! (*Дæтты йæм æхца.*) Ацы сомы 'рдæг та дæхицæн.

В а с и л и й. Бузныг! (*Ацыд.*)

Ю с о в (*хъæрæй*). Фæсивæд, сымах та кæуыл худут? Акæс-ма уыдонмæ сæ хъуымыз се 'донгæмттыл нæма бахус æмæ мын хистæртыл худынц!

1-а г ч и н о в н и к. Цæмæн зæгъыс, Аким Акимы фырт, куыд дын раарфæ кæнæм, уый куы нæ зонæм!

2-а г ч и н о в и н и к. О, о, æцæгæйдæр афтæ.

Ю с о в. Мæнæн кафыны бар ис. Иу адæймагæн цы 'мбæлы, уымæй цы нæ сарæзтон, ахæм мын нал баззад. Ницæмæй тыхсын, фæстæмæ хæцæг мыл нæй, мæ бинонтæ ницы хъуаг сты æмæ мын уымæ гæсгæ кафыны бар ис. Царды рæсугъддзинæдтыл цин кæнын мæ бон у. Цъиуы уынд дæр мын æхсызгон у, дидинæджы уынд та – ноджы æхсызгондæр.

Василий сæны авг æрбахаста, байгом æй кодта æмæ дзы нуазæнты кæны.

Мæхæдæг дæр зын уавæрты схъомыл дæн æмæ мæ мæгуыр адæм рох не сты. Никæй фыдгой кæнын иуæй-иу хъуымыздзых ахуыргæндты хуызæн. Æмæ чи сты уыцы фыдгойгæнджытæ! Сæхæдæг цы уыдзысты, уый бæрæг куы нæма у. Абон расыггæнагыл худыс, фæлæ дæхæдæг райсом, чи зоны, уымæй фæфыддæр уыдзынæ. Абон давæгмæ азым хæссыс, чи зоны, райсом дæуæй къæрныхдæр мауал уа. Чи цы бынаты абаддзæн, уый рагацау зын зæгъæн у. Зонæм æрмæстдæр уый, æмæ райсом иууылдæр уым кæй уыдзыстæм. Кафгæ мæ федтай (*йæ цæстæнгасæй Жадовы 'рдæм ацамыдта*), æмæ мыл бахудтæ, фæлæ, чи зоны, райсом мæнæй фыддæр кафай. Чи зоны, де 'фцæгыл (*Жадовы 'рдæм йæ сæрæй ацамыдта*) мæгуыргуры хызын æрцауындзай. Куы зæгъын, худын никæуыл хъæуы: худаджы хал хауаг у. Æз мæ фырцинæй кафын. Ома тæрсгæ искæмæй кæнын? Куыннæ стæй! Куы мæ фæнда, уæд, адæмæй къах бавæрæн кæм нæй, уыцы фæзы дæр скафдзынæн. Мæ рæзты чи цæуа, уый зæгъдзæн: «Ацы лæгæн æнæмæнг сыгъдæг зæрдæ ис æмæ уымæн кафы!» – æмæ дарддæр йæ фæндаг дардзæн.

Б е л о г у б о в (*йæ нуазæн сисгæйæ*). Господа! Аким Акимы

фырты цæрæнбоны тыххæй! Ура!

1-аг æмæ 2-аг чиновничы. Ура!

Белогубов. Аким Акимы фырт, мах дæр ма искуы бабæрæг кæн. Афтæ куы бакæнис, уæд мæхицæй амондджындæр никæйуал хонин. Мæ ус дæр мæхи хуызæн æрыгон у æмæ нын истытæ ацамонис. Закъонтæ нæ халгæйæ куыд цæрын хъæуы, адæймагæн йæ хæстæ куыд æххæстгæнгæ сты. Йæ риуы зæрдæйы бæсты дур ævæрд кæмæн ис, уый дæр дæм байхъусид, йæ хуыздæр ænкъарæнтæ райхъал уаиккой.

Юсов. Иуахæмы уæм фæзындзынæн. (*Газет райста.*)

Белогубов (*нуазæны сæн æркодта æмæ йæ Жадовмæ бахаста*). Ацы нуазæн дæ æнæрайсгæ нал ныууадздзынæн.

Жадов. Ма мæ хъыгдар, зæгъгæ, дын загътон. Заманай статья кæсын мæ бауадз.

Белогубов (*Жадовы фарсмæ æрбадт*). Ме 'фсымæр, дзæгъæлы мæм тигъмæ кæсыс. Хыл кæнынæй хъайла хуыздæр у. Ацы нуазæн-ма баназ. Мæнæн ныр ахæмтæ ницыуал сты. Хиуæттæ стæм æмæ хъуамæ лымæнæй цæрæм.

Жадов. Æз æмæ дæуæн хиуæтты цардæй цæрæн нæй.

Белогубов. Уæд цæуыннæ?

Жадов. Не 'хсæн иумæйагæй ницы ис, æмæ уымæн.

Белогубов. Уымæй раст зæгъыс. Алкæмæн дæр йæ хъысмæт хицæн у. Æз цæрын фæразын, ды та мæгуыр бонтæ æрвитыс. Уымæй ницæмæй сæрыстыр дæн... Куы зæгъын, алцыдæр хъысмæтæй аразгæ у. Æз канд мæхи хæдзар нæ дарын, фæлæ нæ иумæйаг мады дæр. Ме 'фсымæр, хъуæгтæ æййафыс, уый æмбарын æмæ дæ кæд фæнды, уæд дæм æхцайæ фæкæсдзынæн. Афтæ бирæ куы нæ уой, уæд-иу мыл дæ зæрдæ ма фæхудæд. Цас мæ бон уа, уыйбæрц. Мæнæн ма уый æхсызгондзинад дæр æрхæсдзæн. Кæрæдзийæн исчи куы не стæм, мыййаг.

Жадов. Цавæр æхцайы кой кæныс?

Белогубов. Æз ныр ницыуал хъуаг дæн æмæ дæуæн баххуыс кæнын мæхицæн хæсыл нымайын. Уынын, цы уавæры дæ, ме 'фсымæр, уый.

Жадов. Цавæр æфсымæр дын дæн æз? Куы мæ ныууадзис, уæд уый се 'ппæтæй хуыздæр уаид.

Белогубов. Бар дæхи! Сыгъдæгзæрдæйæ дын баххуыс кæнынмæ хъавыдтæн. Дæу хуызæн нæ дæн: æвзæр зæрдæ дæм нæ дарын. Дæ усимæ цы тыхстытæ æвзарыс, уымæ кæсын мын зын

у æмæ дын истæмæй дæ къух фæрогдæр кæнынмæ хъавыдтæн. (*Юсовы цурмæ бацыд.*)

Ю с о в (*газет баппаргæйæ*). Ныртæккæйы газеттæ дæр ма газеттæ сты? Иу зонды ныхасыл дзы адæймаджы цæст не 'рхæцдзæн. (*Белогубовæн рауагъта.*) Дæ нуазæн баназ æмæ цомут. Афон у!

Б е л о г у б о в (*йæ нуазæн анызта*). Цомут!

Василий æмæ сын Григорий сæ цинелтæ дæттынц.

В а с и л и й (*Белогубовмæ дыууæ тыхтоны радта*). Мæнæ.

Б е л о г у б о в. Мæ усæн. Цас æй уарзын, уый куы зониккат!

Ацыдысты. Д о с у ж е в æрбацыд.

### Цыппæрæм фæзынд

Ж а д о в æмæ Д о с у ж е в.

Д о с у ж е в. Уыдон цавæр халæттæ уыдысты?

Ж а д о в. Халæттæ уыдысты, ма тæрс.

Д о с у ж е в. Цом-ма Мариайы къохмæ.

Ж а д о в. Нæ мæ 'вдæлы.

Д о с у ж е в. Цæуыннæ? Бинонтæ? Сывæллæттæ дæ бæрны сты?

Ж а д о в. Сывæллæттæ мæ бæрны не сты, фæлæ мæм мæ бинойнаг æнхъæлмæ кæсы.

Д о с у ж е в. Рагæй йæ нал федтай?

Ж а д о в. Куыд рагæй? Райсомæй нырмæ.

Д о с у ж е в. Уый бирæ нæу. Æз æнхъæлдтон, иу-æртæ боны йæ нал федтай. *(Жадов æм ныккаст.)* Цы мæм кæсыс? Мæн тыххæй цы хъуыды кæныс, уый æз зонын. Дæумæ гæсгæ æз дæр, ныртæккæ ардыгæй чи ацыд, уыцы къуыдиппыты хуызæн дæн. Рæдийыс. Хæрджытæ домбайы цæрмтты. Адæмы сæ цæрмттæй тæрсын кæнынц.

Ж а д о в. Æргом дын куы зæгъон, уæд, ды цавæр адæймаг дæ, уый рахатын мæ бон нæу.

Д о с у ж е в. Æз дын æй мæхæдæг зæгъдзынæн. Фыццаджыдæр, æз дæн хъæлдзæг адæймаг, дыккаджы та – диссаджы юрист. Ахуыр кæй кодтай, уый уынын. Æз дæр кодтон ахуыр. Чысыл мызд кæм фидынц, ахæм куыстмæ бацыдтæн. Гæртæмттæ

исын мæ бон нæу, цæрын та адæймаджы хъæуы. Æрæджиау мæ сиеры зонд бацыд æмæ авдокаты куыстыл ныххæцыдтæн æмæ къупецæгтæн цæссыгæмхæццæ хъæстытæ фыссын. Кæд къохмæ нæ цæуыс, уæд та фæйнæ баназæм. Василий, водкæ!

Василий ацыд.

Ж а д о в. Æз нæ фæнуазын.

Д о с у ж е в. Уæдæ уыйас куыдæй сдæ? Нæ мæ уырны. Мемæ баназæн ис. Æмæ дын уый дзырдтон: цæссыгæмхæццæ хъæстытæ фыссын райдыдтон. Уыдон цавæр адæм сты, уый зоныс? Ныртæккæ дын æй æз зæгъдзынæн.

Василий æрбацыд.

Фæйнæ нын рауадз. Æнæхъæн графинæн дæр айс. (*Æхца йæм дæтты.*)

Ж а д о в. Мæнæй та цайæн. (*Дæтты йын æхца.*)

Василий ацыд.

Д о с у ж е в. Баназæм!

Ж а д о в. Дæ ныхасæн дын аргъ куыннæ скæнон, æндæр нæ фæнуазын. (*Сæнуазæнтæ бакъуырцц кодтой æмæ аныхтой. Досужев ноджыдæр рауагъта.*)

Д о с у ж е в. Ацы боцъоджынтæй лæвар æмхасæн искæмæн хъаст куы ныффыссай, уæд де 'ккойæ нал рахиздзæн. Цыма цæрæнбонты зонгæ уыдыстут, уый хуызæн сæхи дарын райдайынц. «Гъей, фыссæг, ай дын мæнæ водкæйæн!» Раст дын куы зæгъон, уæд мын тынг сæнад сты. Бануазæм! (*Нуазынц.*)

Æмæ мын цы дзырдтой, уый фыссын райдыдтон. Дæс рæнхъы йеддæмæ цы писмо хъуамæ ма уа, уый цыппар сыфæй фæфылдæр вæййы. Райдайын æй афтæ: «Бирæ сывæллæттæ мын кæй ис æмæ мæ бинонты сагъæс кæй хæрæлхъывта...» Цæвиттоны хъуыддагæй дзы кæуын æмæ хъæрæг йеддæмæ ницы вæййы. Мæхи сыл худæгæй схæссын. Сæ цæсты хуымæтæджы кадджын свæййын. Кæм мæ фенынц, уым мын сæ сæртæй ныллæг кувынц. Сæ усы мадæлтæ æмæ мын сæ нанатæ та хъæздыг хæдзары чызджытæ ømонынмæ фæвæййынц. Æмæ куыннæ! Ахæм хорз адæймагимæ базонгæ сты! Баназæм!

Ж а д о в. Æгъгъæд у!

Д о с у ж е в. Мæ цæрæнбоны тыххæй!

Ж а д о в. Дæ цæрæнбоны тыххæй куы нæ загътаис, уæд æй нал баныztаин.

Нуазынц.

Досужев. Уыдонæй гæртæмттæ нæ исынæн фæрсты фидар хъæу… Афтæ чи нæ кæны, уыдоныл сæхæдæг худгæ кæнынц. Сыгъдæгзæрд… адæймаджы дæлджинæг кæнынæй хуыздæр сæм ницы кæсы. Адæймаг н… фæлæ хъуамæ дур уай, цæмæй сын сæ царм ма растигъай. Фæлæ мæ бо… нæу. Уыдæттæ хъуамæ дæ туджы уой. Цы капечъытæ сæ райсын, уый баназ… Ех! Ус курын дæ нæ хъуыди! Баназæм. Дæ ном цы хуыйны?

Жадов. Василий.

Досужев. Уæдæ æмнæмттæ стæм. Баназæм, Вася. *(Нуазынц.)* Куы… кæсын, афтæмæй хорз адæймаг дæ.

Жадов. Цæй адæймаг дæн! Сывæллон дæн, цардæн ницыма 'мбары… Ды цытæ дзурыс, уыдон фыццаг хатт хъусын. Зын мын у. Куы нæ бафæразо… уымæй тæрсын. Дуне – сæфт, тыхтæ та мæм чысыл и. Цæуылты нæ ахуы… кодтой, уыдон нæ царды никуы хъæуынц.

Досужев. Аназ æмæ дын фенцондæр уа.

Жадов. Нал, нал *(йæ сæр къухтыл æруагъта)*.

Досужев. Уæдæ, зæгъыс, мемæ нæ цæуыс, и?

Жадов. Нæ цæуын. Цæмæн мæ срасыг кодтай! Цы мын бакуыстай!

Досужев. Хæрзбон! Зонгæ уыдзыстæм! Срасыг дæн. (*Жадовы къух… ныххъывта.*) Василий мæ пъалто! (*Йæ цинел кæны.)* Дæ зæрдæ мыл ма… фæхудæд! Æз сæфт дæн. Кæд дæ бон у, уæд, мæнæй хуыздæр уæвыны… бацархай. (*Дуæры цурæй фæстæмæ раздæхт.*) Уый ма дын зæгъынмæ хъавын… кæд ацы фембæлды фæстæ нозтырдæм фæуай, уæд сæн ма нуаз, водка… нуаз. Сæны бæрц æхцатæ мах хуызæттæм нæй. Водкæ се 'ппæтæй хуыздæ… у. Дæ судзгæ фыдтæ-иу дæ ферох уыдзысты, стæй – аслам. (*Ацæуы.*)

Жадов. Нæ, нуазын хорз нæу. Фыддæр йеддæмæ мын æнцондæ… ни цæмæй фæуи. (*Хъуыдыты аныгъуылд.*)

Иннæ залы курдиатмæ гæсгæ Василий шарманкæ сифтыгъта æмæ цæгъды «Лучинушка».

(*Зары.*) «Лучина, лучинушка, березовая!..»

Василий. Уæ хорзæхæй! Цъаммартæ! Худинаг!

Жадов куыддæртæй йæ цинел сходта æмæ ацыд.

## ЦЫППÆРÆМ АРХАЙД

**Архайджытæ:**

Жадов Василий Николайы фырт.

Полинæ – йæ ус.

Юлинькæ – Белогубовы ус.

К у к у ш к и н а Ф е л и с а т æ Г е р а с и м ы ч ы з г.
Сценæйы – тынг мæгуыр уат. Рахизæрдыгæй – рудзынг, рудзынджы цур – стъол, галиуæрдыгæй – кæсæн.

**Фыццаг фæзынд**

П о л и н æ (*иунæгæй, рудзынгæй кæсы*). Æнкъардæй мæлын. (*Зары.*) «Матушка, голубушка, солнышко мое! Пожалей, родимая, дитятко свое». (*Худы.*) Уыцы зарæг та мæ дзыхы кæцæй абадт? (*Ног та хъуыдыты аныгъуылд.*) Æнкъардæй куыд мæлын, æвæдза. Уæд та мæхицæн къамтæй афæрсин? Уый та мын кæимæ дзырддаг у? Æви уый дæр мæ бон нæу?! Кæд исты мæ бон у, уæд уый. (*Стъоллагъзæй къамтæ систа.*) Аныхасгæнæг æмбал дæр дын ма уæд. Тæхуды, искуыцæй исчи куы фæзынид, уæд ме 'рхæндæгдзинад лидзæг фæуид. Кæннод ай циу! Иунæгæй бад æмæ бад... Æргом дзургæйæ, аныхас кæнын уарзын... Дзыццаимæ ныхæстæгæнгæ-иу ныл рæстæг куыд тагъд аивгъуыдта! Ныр та, кæдæймаг кæимæ аныхас кæна, уый дæр нæй. Уæд та мæ хомæ бауаин? Æнафон у. Гъер æз æдылы нæ дæн: раздæр мæ зæрдыл куыннæ 'рлæууыд. (*Зары.*) «Матушка, голубушка...» О, хæдæгай, мæхицæн афæрсынмæ куы хъавыдтæн. Цæй æмæ, худ мын уыдзæн æви нæ, уымæй къамты бафæрсон. (*Къамтæ равæрдта.*) Уыдзæн, уыдзæн, уыдзæн, уыдзæн! (*Æмдзæгъд кæны, стæй хъуыдыты аныгъуылд æмæ та зарын райдыдта.*) «Матушка, голубушка, солнышко мое! Пожалей, родимая, дитятко свое».

Æрбацыд Ю л и н ь к æ.

**Дыккаг фæзынд**

П о л и н æ æмæ Ю л и н ь к æ

П о л и н æ. Æгас цæуай, мæнæ цы хорз у, кæй æрбацыдтæ, уый. *(Ба кæнынц.)* Мæнæ мын куыд æхсызгон у! Дæ худ сис!
Ю л и н ь к æ. Иу цъусдуг æрбауадтæн, рæстæг мын нæй.
П о л и н æ. Цы рæсугъд дзаумæттæ дыл и!
Ю л и н ь к æ. Ницæуылуал ауæрдын. Фæсарæнты цыдæриддæр хорз æмæ ногæй фæзыны, уыдон æлхæнын.
П о л и н æ. Ды тынг амондджын дæ, Юлинькæ!
Ю л и н ь к æ. Æз æцæгæйдæр мæхи амондджын хонын. Ды та

куыдтæ цæрыс, Полинькæ? Мæ зæрдæмæ нæ цæуынц дæ уавæртæ. Афтæтæ ничиуал цæры.

П о л и н æ. Цы кæнон? Мæн аххосæй дзы ницы ис.

Ю л и н ь к æ. Знон парчы уыдыстæм. Тынг хъæлдзæгæй арвыстам бон. Цавæрдæр къупецаг нæ фæхынцта. Æмæ фынгыл цы нæ уыд: шампайнаг, алыхуызон дыргътæ.

П о л и н æ. Æз та хæдзары иунæгæй бадын æмæ æнкъардæй мæлын.

Ю л и н ь к æ. Полинæ, фыццаджы хуызæнæй мæм æппындæр ницыуал ис. Æхца æмæ хорз цард адæймаджы бынтондæр аивынц. Хæдзары æппындæр ницы кусын, мæ сæрмæ йæ нæ хæссын. Мæхимæ зилын йеддæмæ мæ къух æндæр ницæмæ тасы. Фæлæ ды та, ды! Дæ лæг цы кусы, дæ хорзæхæй, зæгъ-ма мын æй?

П о л и н æ. Суанг ма мæ сымахмæ дæр нæ уадзы, хæдзары, дам, бад æмæ кус.

Ю л и н ь к æ. Диссæгтæ! Йæхимæ зонджын кæсы, фæлæ йæ алыфарс хорз адæмæй никæй фæзмы. Адæймаджы æхсæнадæн кæй сфæлдыстæуыд, уый хъуамæ ма зонид!

П о л и н æ. Цы загътай, цы?

Ю л и н ь к æ. Адæймаг æхсæнадæн сæвзæрд. Ныртæккæ та уый чи нæ зоны?

П о л и н æ. Хорз, æз ын æй зæгъдзынæн.

Ю л и н ь к æ. Йемæ фæхылуæвыныл-ма бацархай.

П о л и н æ. Фæлвæрдтон, фæлæ дзы цы пайда и? Уый æдзухдæр раст вæййы, æз та зылыны бынаты баззайын.

Ю л и н ь к æ. Уарзгæ дæ кæны?

П о л и н æ. Тынг.

Ю л и н ь к æ. Ды та?

П о л и н æ. Æз дæр æй уарзын.

Ю л и н ь к æ. Уæдæ ды дæхæдæг дæ аххосджын. Узæлын æмæ уарзынæй нæлгоймагæй ницы ратондзынæ. Цас фылдæр æй рæвдауай, уыйас фыддæр кæй у, уый нæма бамбæрстай? Дæуыл дæр нæ хъуыды кæны, йæхиуыл дæр.

П о л и н æ. Кусгæ бирæ кæны.

Ю л и н ь к æ. Æмæ дын дзы цы пайда ис? Уæдæ мæ лæг фыргуыст дæр нæ кæны, фæлæ, куыд цæрæм, уымæ-ма 'рбакæс. Онисим Панфилы фырт канд хорз адæймаг нæу, фæлæ ма у хæдзарæн иттæг хорз хицау дæр. Куыд цæрæм, уый куы фенис! Æмæ нæм цы нæ ис! Ноджы ахæм цыбыр рæстæгмæ! Æмæ сæ

аргæ та кæм кæны! Дæуыон та? Худинаг у ахæм цардæй цæрын.

П о л и н æ. Бад æмæ кус, макæмæ, дам, хæлæг кæн, мах дæр, дам, цæрдзыстæм хорз.

Ю л и н ь к æ. Кæд æрцæудзæн уыцы рæстæг? Уæдмæ базæронд уыдзынæ. Æмæ ма уæд йæ хорз цард кæй хъæуы? Æнхъæлмæ кæсынæй дæ цæстытæ ныуурс уыдзысты.

П о л и н æ. Уæдæ мын цы кæнын кæныс?

Ю л и н ь к æ. Ахæм дзы залым нæма федтон. Ахæмимæ фæнды дзур, фæнды ма. Нæ дæ уарзын, зæгъгæ, ма йын комкоммæ зæгъ. Ноджы хуыздæр та цы уыдзæн, уый зоныс? Ахæм цардæй сфæлмæцыдтæн, йемæ цæрын дæ кæй нал фæнды æмæ дæ цæгатмæ кæй цæуыс, уый йын бамбарын кæн. Æз Дзыццайæн дæр зæгъдзынæн.

П о л и н æ. Хорз, афтæ бакæндзынæн.

Ю л и н ь к æ. Сарæхсдзынæ?

П о л и н æ. Куыннæ ма! Цыфæнды артисткæйæ дæр хуыздæр. Ахæм хъуыддæгты мæ нæхимæ чысылæй фæстæмæ ахуыр кодтой, ныртæккæ та хæдзары иунæгæй бадын, кусын та мæ нæ фæнды æмæ æдылыйы хуызæн мæхицæн ныхæстæ кæнын байдайын. Афтæ тынг арæхсын, æмæ мæхиуыл кæд дисæй нæ амæлын. Æрмæст ын иучысыл тæригъæд дæр кæндзынæн.

Ю л и н ь к æ. Ма йын тæригъæд кæн. Куыд мæ фæцæйрох кодта, Полинæ: худ дын балхæдтон. (*Тыхтон халы.*)

П о л и н æ. Мæнæ цы диссаджы худ! Бузныг, стыр бузныг, Юлинькæ! (*Ба йын кæны.*)

Ю л и н ь к æ. Кæннод дæхион базæронд.

П о л и н æ. Кæд ма уыйгмæ ацæуын уæндын. Ныр мæ лæджы дзæбæх амæстæй мардзынæн. Æцæгæлæттæ мыл дæуæй тынгдæр тыхсынц, зæгъгæ, йын зæгъдзынæн.

Ю л и н ь к æ. Цы чындæуа! Цы нæ бон уа, уымæй дын æххуыс кæндзыстæм. Æрмæст дæ уый курæг дæн, æмæ дæ лæгмæ ма хъус. Лæвар æй кæй нал уарздзынæ, уый йын тынг бамбарын кæн. Æдылыкъоппа ма у, цæй тыххæй хъуамæ уарзæм нæ лæгты лæвар? Нæ-а, мæ хурычысыл, уыдон æгæр стыр лæвæрттæ уаиккой. Уавæртæ мын сараз, адæмы 'хсæн æрттывдтытæ куыд калон, ууыл бацархай æмæ дæ уæд уарзын райдайдзынæн. Йæ мады 'фсымæрæн куы зæгъа, уæд æй мæ лæджы хуызæн сойджын бынаты сбадын кæндзæн.

П о л и н æ. Ныр æй мæ бар уадз.

Ю л и н ь к æ. Дæ хуызæн рæсугъд чызджы дзæбæх сараз, театры йæ æрбадын кæн, уæд æм нæлгоймæгтæ кæрæдзийы уæхсчыты

сæрты кæсиккой.

П о л и н æ. Мауал дзур, кæннод скæуыдзынæн.

Ю л и н ь к æ. Мæнæ дын æхца (*йе 'хцадон систа*), бахъæудзысты дæ. Махмæ алцыдæр ис. Суанг ма кæмæндæрты æххуыскæнынхъом дæр стæм.

П о л и н æ. Бузныг, Юлинькæ! Фæлæ йын хъыг уыдзæни.

Ю л и н ь к æ. Хъуыды дæр æй ма кæн! Уымæ цы кæсыс? Исчи дын не стæм! Хъыг ын уыдзæн, зæгъгæ, уæд æххормагæй бадинаг дæ? Цæй, æз цæуон, Полинькæ. Хæрзбон!

П о л и н æ. Фæндараст! (*Йæ фæдыл рахызт. Юлинькæ ацыд.*)

Æрбацыд Кукушкина.

## Æртыккаг фæзынд

П о л и н æ æмæ К у к у ш к и н а.

К у к у ш к и н а. Дæуæн та зарын йеддæмæ мацы ратт.

П о л и н æ. Æгас цу, Дзыцца. Уæдæ цы кусон?

К у к у ш к и н а. Цæуынмæ дæм никуы хъавыдтæн.

П о л и н æ. Цæуыннæ, Дзыцца?

К у к у ш к и н а. Мæ зæрдæ нæ комы сымах къæсæрæй æрбахизын. Уæ рæзты фæцæйцыдтæн, афтæмæй фездæхтæн. Уæ мæгуыры тæф дардмæ кæлы. Фу! Зæрдæ хæццæ кæны дæ уавæртæм кæсынæй. Мæ хæдзары æгъдау ис, фырсыгъдæгæй æрттывдтытæ калы, ам та! Хъæууон халагъуд!

П о л и н æ. Мæн аххос дзы цы ис?

К у к у ш к и н а. Ахæм ма дзы цъаммар разынгæ уыдзæн! Уæвгæ дзы уый ницы аххосджын у. Мæ зæрдæ йыл никуы дардтон. Дæ дзых цы ныххуыдтай? Дæ лæгæн æнцой ма дæтт, зæгъгæ, кæмæн дзырдтон? Æхсæв-бонмæ йын йæ хъусы дыв-дыв кæн, кæцæй, уый мæ хъуыддаг нæу, фæлæ æрвылбон дæр æхца хæдзармæ хæсс, зæгъгæ, кæй ахуыр кодтон? Мæ мад уæздандзинæдтæ уарзы æмæ нæм куы 'рбацæуа, уæд хъуамæ нæ цардæй йæ зæрдæ барухс уа, стæй йын аккаг лæвæрттæ дæр бакæнын кæй хъæуы, уый дæ рох макуы уæд, зæгъгæ, мæ ныхæстæ цæмæн ферох кодтай? Уыйбæрц æхца мæнмæ нæй, зæгъгæ, дын куы зæгъа, уæд уый мæ хъуыддаг нæу, адав, уæддæр æгъдау ратт, зæгъгæ, кæмæн дзырдтон? Кæд æппæт уыдæттæ кæнынмæ йæ ныфс нæ хаста, уæд æй чи ускурæг кодта? Райсомæй изæрмæ йын мæ ныхæстæ йæ зæрдыл куы лæууын

кодтаис, уæд ныр йæхи æндæрхуызон дарид. Дæ бынаты йемæ æз ахæм æвзагæй дзырдтаин.

П о л и н æ. Омæ, дзыцца, мæнæн æндæр удыхъæд ис. Дæ хуызæн карз уæвын мæ бон нæу.

К у к у ш к и н а. Уагæры дæ удыхъæд цæмæй арæзт у? Æдылыдзинæдтæ æмæ къулбадæг митæй? Нæлгоймæгты дæр уыцы къулбадæг митæй сафут. Ды хахатæ æмæ хихитæ йеддæмæ ницы зоныс. Йе 'фцæгыл дæхи æрцауындзынæй стырдæр амонд дæ нæ хъæуы. Йæ цин æмбæхсын йæ бон нал у! Цыма уый йеддæмæ чындзы никуы ничи ацыд. Цардыл та дæ бæсты æндæр исчи хъуыды кæндзæн! Æдзæсгом! Кæмæй нæ фæдæ – хæйрæг йæ дæсны! Нæ хæдзарвæндаджы йæ лæгмæ дæ хуызæн фæлмæн цæстæнгас ничи дардта. Сæ уæлæ, рæсугъддæр цавæр уæлæдарæс скæной, адæмы 'хсæн бæрæгдæр куыд дарой, фылдæр ууыл хъуыды кодтой. Лæджы барæвдауæн та цæуыннæ ис? Фæлæ хъуамæ 'мбарой, цæй тыххæй сæ рæвдауыс, уый. Уæртæ ма Юлинькæмæ бакæс. Йæ лæг ын горæтæй исты ног дзаума куы 'рласы, уæд ыл йæхи баппары, йæ батæ æмæ хъæбыстæн кæрон нал вæййы. Алы бон ын лæвæрттæ дæр уый тыххæй хæссы. Афтидкъухæй куы 'рбацæуы, уæд йæ былтæ ныззылынтæ кæны, цалдæр боны йæм дзыхæй нал сдзуры. Ды та? Дæ хъæбыстæн дын кад дæр уый тыххæй нæй. Худинаггæнæг!

П о л и н æ. Æвæццæгæн, мæ сæры зонд нæй! Куы мæ фæрæвдауы, уæд мæхи амондджын фæхонын, фырцинæй цы фæуон, уый нал фæзонын.

К у к у ш к и н а. Фæлæууæд, мæнæ йæм дыууæйæ февналæм, кæддæра йæ гæлæбутæ не стæхиккой. Дæ сæрыл æй сбадын кодтай. Нырæй фæстæмæ дæ дæхи æндæрхуызон дарын хъæуы. Йе 'дылы ныхæстæ йын мацæмæуал дар. Цыфæнды куы дзура, уæддæр дæхи фæнд тæр. Къахсæттæгау ныллæуу, къæрттæй цъула ма 'ппар. Сæ коммæ куы кæсай, уæд хæрæгæй хуым бакæндзысты, къæлæуæй та похци баласдзысты. Йæ сæрыстырдзинады рохтыл ын æрбахæцын хъæуы. Цавæр зондыл хæст у, уый зоныс?

П о л и н æ. Цæмæй йæ зонын?

К у к у ш к и н а. Æрæгæй нырмæ æнахуыр философи фæзынд. Айфыццаг æй иу хæдзары фехъуыстон. Ахæм фæсивæд рахъомыл, æмæ сæхицæй зондджындæр никæй хонынц. Иннæтæ сын иууылдæр сæрхъæнтæ æмæ гæртамхортæ сты. Æдылыдæр зондыл

ныххæцгæ нæ уыдзæн. Мах гæртæмттæ исынæй не сæфт уынæм, нæхи мыздæй цæрын, дам, нæ фæнды. Ахæм дуг куы скæна, уæд ма адæймаг куыдæй хъуамæ цæра? Лæг ма йæ чызджы кæмæн хъуамæ ратта? Адæмы мыггаг куы сыскъуыйдзæни. Гæртæмттæ! Уый та цавæр ныхас у? Сæхæдæг æй æрхъуыды кодтой, цæмæй хорз адæмы цæсты æфтауой. Гæртæмттæ нæ, фæлæ уæздандзинад. Исчи дын хорздзинад куы ракæна, æмæ йын уый тыххæй йæ зæрдæ куы балхæнай, уæд уым æвзæрæй цы ис? Нæ фæлæ 'мæ хорздзинадæн аргъ кæнын чи нæ зона, уый хорзгæнæджы тæригъæды цæуы. Ус кæмæн нæй, уый сæрхъæн митæ кæнæд, стæй йыл, чи зоны, æмæ адæмы зæрдæ афтæ тынг ма фæхуда. Кæд йæ мызд нæ исы, уæддæр йæ бар йæхи у, фæлæ иугæр ус ракуырдтай, уæд дæ усимæ цæрын зон, йæ ныййарджыты йын ма сай. Ныййарджыты зæрдæ цæмæн риссын кæныс? Иуæй-иу æдылыбыны хай фæвæййы хорз хæдзары хъомылгонд чызг æмæ йæ къуымæй æддæмæ кæсын нал фæуадзы, афтæмæй та уый йæ ныййарджытæ йæ сывæллоны бонтæй фæстæмæ ахуыр кодтой цард æмбарынил, хъахъхъæдтой йæ алыхуызон зианхæссæг хъуыдытæй. Уæд цымæ цы сæ зæрды вæййы? Хæрзæгъдау чызджытæй гæрзтæхсджытæ саразынмæ фæхъавынц? Æмæ уæд ахæмтæ ракуырдтаиккой. Уыдонæн уæлдай нæу, фæнды æхсин уæнт, фæнды хæринаггæнæг. Уыдон сæ лæгтæм уарзондзинады тыххæй цæттæ сты сæ дæллаг гуыртæ сæхæдæг æхсынмæ, цъыфызмæнтгæ базармæ цæуынмæ. Ахæм сылгоймæгтæ дæр ис.

П о л и н æ. Мæнæй дæр, æвæццæгæн, ахæм рауайын кæнын ис йæ зæрды.

К у к у ш к и н а. Цард йæ фондз æнгуылдзы хуызæн чи зоны, ахæм ахуыргонд сылгоймæгты цы хъæуы, уыдæттæн ницы 'мбарынц. Сылгоймаг хъуамæ æдзухдæр уа хорз арæзт, уа йын лæггадгæнæг, æппæты сæйрагдæр та у йе 'нцойдзинад. Хъуамæ хæдзарадон ницæйаг хъуыддæгтыл йæ сæр ма риссын кæна. Юлинькæ мын йæ цард афтæ сарæзта. Йæхи кой кæны, æндæр æй ницы 'фсæрм ис. Сихорафонмæ фæхуыссы. Йæ лæг райсомæй фынджы хабæртты тыххæй бардзырд ратты, стæй йын йæ лæггадгæнæг цай æрæвæры æмæ уый фæстæ куыстмæ ацæуы. Æрæджиау Юлинькæ дæр сысты: цай, къофи – алцыдæр ын цæттæ. Бахæры, йæхи саразы, чиныгимæ рудзынджы цур сбады æмæ йæ лæджы 'рбацыдмæ æнхъæлмæ фæкæсы. Изæрæй йæ хуыздæр дарæс скæны æмæ театр кæнæ уазæгуаты ацæуы. Уый цард у! Æгъдау! Æхсин хъуамæ

йæхи афтæ дара. Уымæй ма хуыздæр цы уа! Цæуыннæ хъуамæ раппæлон ахæм цардæй!

П о л и н æ. Æз дæр æм бæргæ бæллын. Тæхуды, иу къуыри уæддæр ацæр ахæм цардæй...

К у к у ш к и н а. Æнхъæлмæ кæс! Ахæм лæг дын и.

П о л и н æ. Дзыцца, дзæбæх мæниу æм дзы æрдæтт. Кæннод æз дæр адæммæ кæдмæ хæлæгæй мæлдзынæн? Юлинькæ нæм цал хатты уыд, уал хатты йыл ног къаба вæййы, мæнын та – уыцы иунæг къаба. Дæлæ 'рбацæуы. (*Дуармæ рацыд.*)

Ж а д о в æрбацыд, йæ къухы пъартфель. Ба кæнынц.

## Цыппæрæм фæзынд

Уыдон æмæ Ж а д о в.

Ж а д о в. Дæ бон хорз, Фелисатæ Герасимы чызг! (*Сбадт.*) Бафæлладтæн.

Полинæ йæ мады фарсмæ æрбадт.

Куыстæй мæ мæ сæр сисынмæ дæр нал æвдæлы. Райсомæй службæйы, бонæй – урокты, изæрæй та алыхуызон хъуыддæгтæ февзарын. Фидгæ мын æвзæр нæ кæнынц æмæ быхсын, уæдæ цы кæнон! Дæуæн та, Полинæ, дæ къух куыстмæ нæ тасы. Æнцад бадынæй фæлмæцгæ дæр куыд нæ кæныс, уый мæм диссаг кæсы.

К у к у ш к и н а. Мæ чызджытæ æндæр уавæрты хъомыл кодтой, куыстахуыртæ æндæртæ вæййынц.

Ж а д о в. Уым хорзæй ницы ис. Ахæм хъуыддæгтæ чысылæй куы нæ базонай, уæд уый фæстæ зын вæййы. Зонын та сæ æнæмæнг хъæуы.

К у к у ш к и н а. Ницæмæн сæ хъæуы. Æз сæ уæздан лæгтæн раттынмæ цæттæ кодтон, искæмæн лæгтадгæнджытæм нæ фæлæ.

Ж а д о в. Æз æмæ ды, Фелисатæ Герасимы чызг, фæйнæхуызон хъуыды кæнæм. Ацы ран хъуамæ мæнмæ хъуса.

К у к у ш к и н а. Ды дзы, куыд бамбæрстон, афтæмæй лæгтадгæнæг саразынмæ хъавыс. Уæд дæ дæхи æмсæр курын хъуыди. Бахатыр кæн, фæлæ мах æндæрхуызон хъуыды кæнæм, стæй цардмæ дæр æндæр цæстæй кæсæм, уымæн æмæ уæздандзинад æрдзæй рахастам.

Ж а д о в. Цавæр уæздандзинад! Ахæм уæздандзинад махмæ зынгæ дæр никæцæй кæны, уымæн æмæ дзы хиппæлой ныхæстæй дарддæр ницы ис.

К у к у ш к и н а. Дæ ныхæстæ адæймаджы иннæрдæм хизынц. Мæ чызг ахæм гæвзыкк ранмæ бахаудзæн æмæ афтæ æнамонд уыдзæн, уый куы зыдтаин, уæд дын æй ницы хуызы раттаин.

Ж а д о в. Курын, æмæ йæ æнамонд ма хон, кæннод æм æцæгæйдæр афтæ фæкæсдзæн, цыма æнамонд у.

К у к у ш к и н а. Уæдæ дæумæ гæсгæ амондджын у? Зындæр уавæрты бахаугæ нæ уыдзæн. Йæ бынаты æндæр афонмæ цытæ сарæзтаид, Хуыцау йæ зонæг.

Полинæ кæуы.

Ж а д о в. Æдылы митæ ма кæн, Полинæ. Мæнæн уæддæр фæтæригъæд кæн!

П о л и н æ. Дæуæн мæ митæ иууылдæр æдылы сты. Æцæгдзинад дын куы фæзæгъынц, уæд мæ, кæй нæ уарзыс, уый уæлдай тынгдæр рабæрæг вæййы.

Ж а д о в. Цавæр æцæгдзинад?

П о л и н æ. Ахæм. Уæдæ дзыцца гæды ныхæстæ кæны?

Ж а д о в. Уый тыххæй нæм хицæнæй ныхас уыдзæн.

П о л и н æ. Ницы ныхасаг нæм ис. (*Иуфарс азылд.*)

К у к у ш к и н а. Иттæг раст зæгъыс!

Ж а д о в (*арф ныуулæфыд*). Ай диссаг нæу!

Кукушкина æмæ Полинæ, Жадовы ницæмæ даргæйæ сусу-бусу кæнынц. Жадов гъартфелæй йæ гæххæттытæ систа, стъолыл сæ æрæвæрдта æмæ дарддæры ныхаомæ йæхи æрцæттæ кодта.

К у к у ш к и н а (*хъæрæй*). Белогубовтæм уыдтæн, Полинæ. Йæ усæн хъæдабæ къаба балхæдта.

П о л и н æ (*йæ кæуын тыххæй уромгæйæ*). Хъæдабæ къаба? Цы хуызæн?

К у к у ш к и н а. Морæ.

П о л и н æ (*кæуы*). Хæрзаг хорз ыл фидауы.

К у к у ш к и н а. Цытæ дзурыс! Белогубов ма мæ худæгæй дæр амардта. Мæ хъаст дæм хæссын, дæ чызг мын ахæм батæ фæкодта, æмæ, дам, ма мын суанг мæ былыл дæр фæхæцыд. Уый дын цард, æмæ дын кæйдæрты цард дæр цард!

Ж а д о в. Мæ бон уæм дарддæр хъусын нал у! (*Сыстад.*)

К у к у ш к и н а (*сыстад*). Бафæрсын аипп ма уæд, фæлæ мæ чызг ахæм хъызæмæрттæ цæмæн æвзары? Дзуапп ма мын ратт.

Ж а д о в. Ды йын кæддæр уынаффæ кодтай, ныр уыцы бартæ мæнмæ

сты æмæ йæ мæ бар уадз. Баууæнд мыл, афтæ хуыздæр уыдзæн.

К у к у ш к и н а. Æз йæ мад дæн æмæ мæ бамбар.

Ж а д о в. Æз та йæ лæг дæн!

К у к у ш к и н а. Уынæм æй, цавæр лæг дæ, уый! Лæджы уарзондзинад æмæ ныййарæджы уарзондзинады 'хсæн бирæ хъауджыдæрдзинæдтæ ис.

Ж а д о в. Уый цавæр ныййарджытæ уой, уымæ гæсгæ.

К у к у ш к и н а. Цавæрфæнды куы уой, уæддæр сын дæуимæ абарæн нæй. Мах та ахæм ныййарджытæ уыдыстæм, æмæ нæ чызджытæ сахуыргæнæггаг капекк капеччы чъылдыммæ тъыстам. Пансионмæ дæр афтæмæй бахаудтой. Дæумæ гæсгæ нæ удæй арт цæмæн цагътам? Цæмæй хæрзæгъдауыл сахуыр уой, мæгуырдзинад ма феной, æвзæрдзинæдтæй хызт уой. Чысылæй фæстæмæ сæ ахуыр кодтам хорз цардмæ тырныныл, цæмæй сæ алы уæнджы алы æгъдау уыдаид.

Ж а д о в. Уæ салам бирæ уæд! Ныр æнæхъæн афæдз уæ хъомылады фæстиуджытæ фесафыныл архайын, фæлæ мын дзы ницы уайы. Цæмæй сæ ферох кæна, уый сæрвæлтау мæ царды æмбис раттыныл дæр сразы уаин.

К у к у ш к и н а. Ахæм цардмæ йæ бæргæ нæ цæттæ кодтон. Ахæм уавæртæ нæ уыныны тыххæй æз мæ рахиз цонг лыгмæ раттин. Мæгуырдзинад æмæ мын хъизæмæрттæн не 'нтысы.

Ж а д о в. Дæ хъарджытæ ныууадз, дæ хорзæхæй.

К у к у ш к и н а. Мæнмæ æгъдау уыди, сыгъдæгдзинад. Кæд мæ къух уыйас нæ амыдта, уæддæр мын æхсинты цард кодтой. Цæлгæнæнмæ фæндаг нæ зыдтой, борщ цæмæй кæнынц, уый никуы федтой. Уæздан чызджытæн куыд æмбæлы, афтæ сæ сæйраг ныхас уыди рæсугъд æнкъарæнтæ æмæ, адæймагæн циндзинад æмæ амонд чи хæссы, ахæм хъуыддæгтыл.

Ж а д о в (*йæ усмæ амонгæйæ*). Сымах хæдзары хуызæн фыдæгъдæуттыл мæ цæрæнбонты никуыма сæмбæлдтæн.

К у к у ш к и н а. Дæ хуызæттæ та æгъдæуттæн цы 'мбарынц? Аххостæ иууылдæр мæхи уыдысты: æгæр фæтагъд кодтон. Уæздан æмæ ахуыргонд адæймагмæ куы смой кодтаид, уæд мæ мæ хъомылады тыххæй адзалы бонмæ бузныг уыдаид. Мæ чызг та, сагъæс æмæ мæт цы сты, уый никуы базыдтаид, уымæн æмæ адæмы хъæр чи 'мбары, уыцы лæгтæ сæ устыты куыстмæ хæстæг нæ фæуадзынц. Уый тыххæй ис лæггадгæнджытæ, ус та хъæуы æрмæстдæр...

Ж а д о в (*æваст*). Цæмæн?

К у к у ш к и н а. Куыд цæмæн? Уый та чи нæ зоны? Цæмæй йæ сфæлындай тæккæ аивдæр æмæ зынаргъдæр дарæсты, йæ уындæй æхсызгондзинад исай, адæмы 'хсæнмæ йæ хонай, царды хорздзинæдтæй йæ 'фсадай, йæ алы курдиат ын æххæст кæнай, зæдау æм кувай.

Ж а д о в. Худинаг дын фæуæд. Уыйбæрц фæцæр, базæронд у, чызджытæ схъомыл кæн, ахуыргонддзинад сын ратт, афтæмæй адæймагæн ус цæмæн рардæуыд, уый ма зон. Дæхицæй æфсæрмы нæ кæныс? Ус диди нæ, фæлæ нæлгоймаджы æххуысгæнæг у. Ды æнæзонд ныййарæг дæ!

К у к у ш к и н а. Æмбарын дæ: дæ усæй дæ лæггадгæнæг саразын фæнды. Дæуæн дæ риуы зæрдæйы бæсты дойнаг дур æвæрд ис.

Ж а д о в. Æнæпайда дзæнгæдайæн æгъгъæд фæуæд!

П о л и н æ. Дзыцца, ныууадз æй.

К у к у ш к и н а. Нæ йæ уадзын. Цæмæн æй хъуамæ ныууадзон?

Ж а д о в. Банцай. Дæ ныхæстæй æз иумæ дæр нæ байхъусдзынæн, стæй мæ усы дæр нæ бауадздзынæн. Зæронды 'рдæм дæ сæрмæ исты хорз хъуыды æрцæуа, уый æнхъæл нæ дæн.

К у к у ш к и н а. Цы 'взагæй дзуры, уымæ хъусут?

Ж а д о в Æз æмæ дæу æхсæн æндæр æвзагæй дзурæн нæй. Курын дæ æмæ нæ нæхи бар ныууадз. Æз Полинæйы уарзын æмæ йæ хъахъхъæнын мæхицæн хæсыл нымайын. Дæ ныхæстæ Полинæйы химæ цы фæкæной, æндæр æй аразгæ не скæндзысты.

К у к у ш к и н а. Тæвд къæйыл кафæгау дзæгъæлы кæныс, мæ хуры чысыл.

Ж а д о в. Ды æппындæр ницы 'мбарыс.

К у к у ш к и н а (*мæстыхуызæй*). Ницы 'мбарын? Дзæгъæлы дæм афтæ кæсы. Æз алцыдæр æмбарын. Æз федтон, мæгуырдзинад сылгоймаджы ингæнмæ куыд батæры, уый. Мæгуырдзинадæн зын фæразæн у. Уый бирæты бабын кодта. Цæмæй йæ уавæрæй фервæза, уый тыххæй рæдыд фæндагыл дæр ацæуы... Ахæмы азымы бадарæн дæр нæ вæййы.

Ж а д о в. Цы загътай? Куыд уæндыс дæ чызджы цур ахæм ныхæстæ кæнын? Ам куыднæуал уай, ууыл бацархай! Ныртæккæйы сахат! Дæумæ дзурын. Дæ дымгæ дæр ам куыд нæуал уа, афтæ?

К у к у ш к и н а. Уазал æмæ 'ххормаг хæдзары ма дын магуса лæг куы уа, уæд царды фæрæзтæ агурынил архайдзынæ, ай-ай...

Ж а д о в. Дæ хæдзар, зæгъын, бацагур. Ныууадз нæ нæхи бар, науæд бынтон куы смæсты уон, уæд дæ хъуыддаг хорз нæ уыдзæн.

К у к у ш к и н а. Æз, кæй зæгъын æй хъæуы, ацæудзынæн, фæлæ абонæй фæстæмæ мæ къах ам нал уыдзæн. (*Полинæйæн.*) Хорз лæгыл фæхæст дæ! Мæгуыр дæ бон дæр æмæ мæ бон дæр!

П о л и н æ. Фæндараст, дзыцца! (*Кæуы.*)

К у к у ш к и н а. Ку, ку, æнамонд цъиу! Хъысмæтæй дæм хуыздæр амонд нæ каст. Адзалы бонмæ дæ цæстысыгтæ нæ бахус уыдзысты. Фæлтау куы амæлис, уæд дæ хъизæмæрттæй фервæзис, æз дæр дæ мастмæ кæсынæй нал дæнгæл кæнин. (*Жадовæн.*) Цин кæн! Дæ фæндтæ сæххæст сты: мæ чызджы мын асайдтай. Цыма йæ уарзыс, дæхи афтæ дардтай, гæды ныхæстæй йын йæ зæрдæ балхæдтай, стæй йæ хъоргъы ныппæрстай. Дæ сæйраг нысан уый уыд. Нырма йæ ныр æмбарын райдыдтон. (*Ацыд. Полинæ йæ фæдыл ахызт.)*

Ж а д о в. Полинæимæ мæ карздæрæй аныхас кæнын хъæуы, кæннод ын йæ зонд бынтондæр ныггалиутæ кæндзысты.

Полинæ æрбаздæхт.

**Фæндзæм фæзынд**

Ж а д о в æмæм П о л и н æ (*тæргайхуызæй рудзынджы цур сбадт.*)

Ж а д о в (*йæ гæххæттытæ равæрдта æмæ стъолы уæлхъус æрбадт.*) Фелисатæ Герасимы чызг нæм, æвæццæгæн, нал æрбацæудзæн æмæ тынг хорз у. Ды дæр æм куынæуал цæуис, стæй канд уымæ нæ, фæлæ Белогубовтæм дæр, уый мæ фæнды.

П о л и н æ. Дæу тыххæй ме 'ппæт хæстæджытыл мæ къух хъуамæ сисон?

Ж а д о в. Мæн тыххæй нæ, фæлæ дæхи тыххæй. Иууылдæр тынг æнахуыр зондыл хæст сты. Æз дæ хорздзинадыл ахуыр кæнын, уыдон та дæ галиу фæндагыл ардауынц.

П о л и н æ. Æз ахуыр кæныны кары нал дæн, раджы мæ сахуыр кодтой.

Ж а д о в. Дæ ныхæстыл бауæндын мæ нæ фæнды. Æз мæ зæрдæ дарын, æппынфæстаг мæ кæй бамбардзынæ, ууыл.

Ныртæккæ мын бирæ куыст и, фæлæ, куы февдæлондæр уон, уæд аныхас кæндзыстæм. Райсомæй кусгæ кæндзынæ, изæрыгæтты та – кæсгæ. Тынг бирæ кæсын дæ хъæуы, уымæн æмæ ницы кастæ.

П о л и н æ. Æрцардтай мæ. Æнхъæлмæ кæс, цалынмæ дæуимæ æрбадон, уæдмæ! Адæймаджы æхсæнадæн сфæлдыстæуыд.

Ж а д о в. Цы загътай?

П о л и н æ. Адæймаджы æхсæнадæн сфæлдыстæуыд.

Ж а д о в. Уый та кæмæй фехъуыстай?

П о л и н æ. Дæумæ гæсгæ æз бынтон æдылы дæн? Уый та чи нæ зоны! Алчидæр. Æви мæ уынгæй æрбакодтай?

Ж а д о в. Æхсæнадмæ дæр дæ дæхи бацæттæ кæнын хъæуы. Æнахуыргонд цæсты нæ ахады.

П о л и н æ. Уыдон ныхæстæ сты. Дæхи саразын куы зонай, уæд уый фагæй фылдæр у.

Ж а д о в. Махæн та уый дæр нæ бон нæу æмæ йæ кой дæр ма кæн. Уый бæсты исты архай æмæ æз дæр дзæгъæл бадт мауал кæнон. (*Фыссæн сис райста.*)

П о л и н æ. Исты архай! Æндæр ма цы?! Ныронджы хуызæн нал уыдзæн. Дæ бардзырдтæ æххæст кæнынæй сфæлмæцыдтæн. Мæ сæрмæ схизын дæ бауагътон æмæ дæ куыд фæнды, афтæ мæ хынджылæг скъæрыс.

Ж а д о в (*Полинæмæ аздæхгæйæ*). Полинæ, цытæ дзурыс, уый?

П о л и н æ. Гæвзыккæй цæрынæй стыхстæн. Мæн дæр адæмы хуызæн цæрын фæнды. Æнæуи дæр ме 'взонгдзинад дæу аххосæй бабын.

Ж а д о в. Уый дын хабæрттæ, гъе! Ахæм ныхæстæ дæ никуыма фехъуыстон.

П о л и н æ. Нæма фехъуыстай æмæ сæ хъус. Æнæхъæн афæдз куыд ницы дзырдтон, дарддæр дæр мын афтæ хъусæй лæууын æнхъæл дæ? Ууыл дæ зæрдæ ма дар. Уæвгæ дæрдтыл цы дзурын? Мæн Юлинькæ æмæ иннæ уæздан æхсинтæ куыд цæрынц, афтæ цæрын фæнды. Бамбæрстай?

Ж а д о в. Кæс-ма, кæс! Бафæрсын аипп ма уæд, фæлæ афтæ кæй хардзæй цæрынмæ хъавыс?

П о л и н æ. Ууыл та ды ахъуыды кæн. Чи фæуарзы, уый фæрæзтæ дæр ссары.

Ж а д о в. Фæтæригъæд мын кæн. Æнæуи дæр дæллаг галы

куыст куы кæнын...

П о л и н æ. Кусыс æви нæ, уый мæ хъуыддаг нæу. Æз дæр цæрынмæ æрцыдтæн, хъизæмæрттæ 'взарынмæ нæ фæлæ.

Ж а д о в. Æгъгъæд фæуæд! Абон мын мæ фаг фестут. Хуыцауæй курæгау дæ курын, æмæ мацыуал дзур.

П о л и н æ. Æнхъæлмæ кæс, цалынмæ ныхъхъус уон, уæдмæ. Дæу тыххæй мыл адæм худæгæй мæлынц. Уæд адæймаджы ахæм худинаджы уавæры сæвæр! Суанг ма мын мæ хо дæр тæригъæд кæнын райдыдта. Абон ам уыдис æмæ мын афтæ, не 'ппæты дæр, дам, худинаг кæныс, нæ хæдзарвæндаджы нын цæсты æфтауыс, цавæр дзаумæтты, дам, цæуыс. Уæд дын худинаг нæу? Афтæмæй та мын, уарзын дæ, зæгъгæ, дзырдтай. Мæ хо мын йæхи 'хцатæй худ балхæдта æмæ йæ 'рбахаста.

Ж а д о в (*фестад*). Худ?

П о л и н æ. О, мæнæ. Фен æй, дæ хорзæхæй. Дæ зæрдæмæ цæуы?

Ж а д о в (*тызмæгæй*). Ныртæккæ йæ фæстæмæ ахæсс.

П о л и н æ. Фæстæмæ?

Ж а д о в. О, ныртæккæйы уысм. Æмæ сæ макуыуал мацы райс.

П о л и н æ. Уымæн уæвæн нæй æмæ йæ кой дæр мауал скæн.

Ж а д о в. Уæдæ йæ æз рудзынгæй ныддыввытт ласдзынæн.

П о л и н æ. Æцæг зæгъыс? Хорз, ахæсдзынæн æй.

Ж а д о в. Ахæсс æй.

П о л и н æ (*йæ цæссыгтæ згъалгæйæ*). Ахæсдзынæн æй, ахæсдзынæн. (*Худ йæ сæрыл æркодта, хыз йе уæхсчытыл æрбаппæрста, зонтыкк райста.*) Хæрзбон!

Ж а д о в. Хæрзбон!

П о л и н æ. Абонæй фæстæмæ мæ нал фендзынæ.

Ж а д о в. Цытæ лæхурыс?

П о л и н æ. Мæ мадмæ цæуын æмæ уым баззайдзынæн. Мæ фæдыл иу къахдзæф дæр ма ракæн.

Ж а д о в. Дæ сæры зонд фæцыд, Полинæ?

П о л и н æ. Мæ сæры зонд нæ фæцыд, фæлæ дзы зонд бацыд. Æз ууыл бирæ фæхъуыды кодтон. (*Зонтыккæй пъолыл цыдæр хæххытæ кæны.*) Цы уынын æз цардæй? Хъизæмар кæнын, циндзинад нæ уынын.

Ж а д о в. Хуыцаумæ скæс. Ау, мæнимæ ницы циндзинад

федтай?

П о л и н æ. Цавæр циндзинад? Хъæздыг куы уаис, уæд æндæр хъуыддаг у, фæлæ мæгуырæй цæрын мæ бон нал у. Циндзинад! Хæрзæрæджы та расыгæй æрбацыдтæ, чи зоны, нæмын дæр мæ райдайай.

Ж а д о в. Цытæ дзурыс? Иу хатт хъæлдзæгæй æрбацыдтæн æмæ мын уый дæр мæ цæстмæ дарыс? Æмæ фæсивæдæй та ноздджын чи нæ вæййы?

П о л и н æ. Мæгуырдзинад адæймаджы цæмæ 'ртæры, уый зындгонд у. Дзыцца мын æй дзырдта. нуазын куы райдайай, уæд ма мæн дæр бабын кæндзынæ.

Ж а д о в. Ницæййаг хъуыдытæй дæ сæр байдзаг.

П о л и н æ. Цы хуыздæрмæ ма 'нхъæлмæ кæсон? Мæхицæн ма къамтæй дæр фарстон, дæснымæ дæр фæцыдтæн æмæ, дам, дæм амонд никæцæй кæсы.

Ж а д о в (*йæ сæрыл дыууæ къухæй фæхæцгæйæ*). Къамтæм æрхаудтæ? Дæснытыл зилын райдыдтай?

П о л и н æ. Æмæ къамтæ æвзæр сты? Уый мæн никуы бауырндзæн. Кæд æцæг исчи дзуры, уæд – уыдон. Адæймаг цæуыл фæхъуыды кæны, къамтæ уый дæр фæзонынц. Ды ницæуыл æууæндыс æмæ нæм амонд дæр хæстæг уымæн нæ цæуы.

Ж а д о в (*фæлмæн хъæлæсыуагæй*). Полинæ. (*Хæстæг æм бацыд.*)

П о л и н æ (*дарддæр алæууыд*). Ныууадз мæ.

Ж а д о в. Цыфæндыйæ дæр мæ нæ уарзыс.

П о л и н æ. Цæй тыххæй дæ хъуамæ уарзон? Лæвар уарзты мæтæй мæлын.

Ж а д о в (*рафыхт*). Куыд лæвар? Дæ уарзондзинадæн дын дзуапп дæттын уарзондзинадæй. Æви мæ ус кæй дæ, уый дæ рох фæци? Мах хъуамæ нæ цин дæр æмæ нæ хъыг дæр дыууæ дæхи кæнæм, æз суанг мæгуыргур куы уон, уæд дæр.

П о л и н æ (*бандоныл æрбадт, йæ сæр бæрзонд систа æмæ йыл худæг бахæцыд*). Ха-ха-ха-ха-ха!

Ж а д о в. Цытæ дæ сæрмæ хæссыс? Уый æппынфæстаг æнаггаг ми у.

П о л и н æ (*цырдгомау фестад*). Диссаг мæм кæсы, æнаккаг усимæ куыд цæрыс, уый. Хæрзбон!

Ж а д о в. Цы дын бакæнон, хæрзбон! Кæд дæ лæджы æнцонæй ныууадзын дæ бон у, уæд – хæрзбон! (*Стъолы уæлхъус æрбадт*

*…мæ йæ дыууæ къухы йæ сæрмæ сбыцæу кодта.*)

П о л и н æ. Уæдæ куыд æнхъæлдтай? Кæсаг донæн йæ арф ...гуры, адæймаг, хуыздæр ын кæм у, уый.

Ж а д о в. Хæрзбон у, хæрзбон!

П о л и н æ (*кæсæнмæ кæсгæйæ*). Ай дын худ æмæ мæ худ дæр худ! (*Зары.*) «Матушка, голубушка, солнышко мое...» Ацы худимæ ...цыфæнды уынджы куы ацæуай, уæддæр дæ исчи æнæбафиппайгæ нæ фæуыдзæн. Чи дæм фæкомкоммæ уа, уый та æнæмæнг зæгъдзæн: «Зæды къалиуæй цы кæныс!» Хæрзбон. (*Æрбадæгау кодта æмæ ацыд.*)

## Æхсæзæм фæзынд

Ж а д о в (*иунæгæй*). Цавæр адæймаджы хъæд дæн?! Мæ усимæ дæр нæ бафидыдтон. Нырма цы бачындæуа? О, Хуыцау! Æвæццæгæн, сæрра уыдзынæн. Æнæ Полинæ ма куыд цæрдзынæн? Цы 'рцыд, уымæн зонгæ дæр ницы бакодтон. Цæмæн æй ауагътон? Йæ мадмæ цы кусдзæн? Уым бынтондæр бабын уыдзæн. Мария! Мария!

М а р и я *(фæссценæйæ).* «Цы кæныс?»

Æхсины аййаф æмæ йын зæгъ, цыдæр зæгъынмæ йын кæй хъавын. Æрмæст тагъддæр. Равдздæр, зæгъын! Цавæр уæзбын дæ, Мария? Рæвдздæр, кæннод æй нал аййафдзынæ!

М а р и я *(фæссценæйæ).* «Ныртæккæ!»

Афтæмæй куынæуал раздæха, уæд та? Æмæ тынг раст бакæндзæн. Ахæм бар ын ис. Мæ бон æй фæдарын кæй нæу, уым Полинæ цы аххосджын у? Æстдæс азы йеддæмæ йыл нæма цæуы. Йæ тæккæ дидинæгæфтаугæйæ у. Æз та йæ æндарæны дарын. Бон сауизæрмæ нæхимæ нæ вæййын. Уарзондзинад ма дзы хуыздæр цы уа! Хъæугæ дын афтæ кæны, мæнæй-уый! Ныр иунæгæй цæр! Хуыздæры аккаг нæ дæ. Сидзæр уыдтæ æмæ та сидзæрæй баззадтæ. Адæймаг ма хуыздæр цæмæ бабæлла? Райсомæй-иу куыстмæ ацæудзынæн, фæскуыст та-иу мæ фæндаг нуазæндоныл ракæндзынæн, уым-иу изæрмæ фæуыдзынæн, изæрæй та нæхимæ, мæ уазал хуыссæнмæ. Афтæ алы бон дæр. Хуыздæр ма дæ цы хъæуы? (*Кæуы.*) Нæ фæлæ мæ цы дæ сæккатæ уадзыс? Усимæ цæрын нæ зоныс, уæд æнæ усæй цæр. Нæ, цыфæндыйæ дæр мæ дарддæры цардыл ахъуыды кæнын хъæуы. Кæнæ – хицæн, кæнæ – цæргæ, адæмы хуыздæртæ куыд цæрынц, ахæм цардæй. Ууыл ахъуыды кæнын хъæуы. (*Хъуыдыты аныгъуылд.*) Хицæн? Мæ бон нæ бауыдзæн, ницы хуызы! Уæдæ цы чындæуа? Фæлтау хохмæ дуртæ тул. Цытæ дзурын?

Мæ сæр дзæгъæлтæ кæнын райдыдта.

Æрбацыд Полинæ.

П о л и н æ (*йæ дзаумæттæ нæ раласта, афтæмæй æрбадт*). Цы кæныс?

Ж а д о в (*батахт æм*). Æрбацыдтæ? Æгайтма. Фæстæмæ раздæхтæ? Худинаг дын нæу? Ахæм уавæры мæ баппæрстай æмæ мæ дзыхы дзырд нал бады. (*Йæ къухтæн ын батæ кæны.*) Полинæ, мæ ахсджиаг, мæ зæрдæдарæн!

П о л и н æ. Ахæм митæй мæ нал асайдзынæ.

Ж а д о в. Ды хъазгæ кодтай, Полинæ. Афтæ нæу? Мæнæй никуыдæм ацæудзынæ, нæ? Иунæгæй мæ нæ ныууадздзынæ?

П о л и н æ. Куыд дæ хъуамæ ныууадзон? Исчидæр ма ахæм дардæй йæхи æнæхай кæны?!

Ж а д о в. Æнæкардæй мæ æргæвдыс, Полинæ. Кæд мæ нæ уарзыс, уæд мын тæригъæд уæддæр бакæн. Куы йæ зоныс, куыд бирæ дæ уарзын, уый.

П о л и н æ. Уый æнæдзургæйæ дæр бæрæг нæу.

Ж а д о в. Уæдæ ма куыд фæуарзынц? Куыд, зæгъ-ма мын æй æмæ, цыдæриддæр зæгъай, уый бакæндзынæн.

П о л и н æ. Ныртæккæ дæ мады 'фсымæрмæ ацу, бафидаут æмæ йын зæгъ, цæмæй дæ, Белогубов кæм кусы, ахæм бынаты сæвæра, стæй дзы æхца дæр ракур, куы схъæздыг уæм, уæд ын æй бафиддзыстæм.

Ж а д о в. Уый никуы уыдзæн! Уымæн уæвæн нæй æмæ йæ кой дæр ма кæн.

П о л и н æ. Уæдæ мæ фæстæмæ цæмæн раздæхтай? Æви мæ хынджылæг кæныс? Нырæй фæстæмæ зонджындæр уыдзынæн. Хæрзбон! (*Сыстад.*)

Ж а д о в. Фæлæуу-ма, Полинæ! Аныхас кæнæм.

П о л и н æ (*айдæнмæ кæсы*). Цæуыл? Мæнмæ гæсгæ, нæ ныхæстæ конд фесты.

Ж а д о в (*лæгъстæхуызæй*). Нæма фесты, Полинæ. Дæуæн ма мæ бирæ цыдæртæ зæгъын хъæуы. Ды бирæ цыдæртæ нæ зоныс. Мæ уд дын дæ разы куы авæрин, мæ зæрдæйы сагъæстæ радзурын куы базонин, уæд мæхи тынг амондджын хонин. Æрбад-ма, Полинæ, æмæ аныхас кæнæм. Æрмæст дæ Хуыцауæй курæгау курын: байхъус мæм кæронмæ.

П о л и н æ. Дзур.

Ж а д о в (*тыхстхуызæй*). Байхъус мæм, дæ хорзæхæй! Курын дæ æмæ мæм байхъус! (*Йæ къух ын райста.*) Кæцыфæнды рæстæджы дæр, Полинæ, уыдис ахæм адæймæгтæ, зæронд æгъдæутты ныхмæ-иу чи 'рлæууыд. Уыдоны зондахаст бынтон æндæрхуызон уыди, удыхъæдæй дæр уыдысты сыгъдæгдæр, уыдтой дарддæрмæ, æхсæнады рæзты закъонтæ зыдтой хуыздæр. Уыцы закъонтæ сæхæдæг не 'рхъуыды кодтой. Фехъуыстой сæ дингæнджыты разамонджыты æмæ профессорты кафедрæтæй, бакастысты сæ нæхи æмæ фæсарæйнаг хуыздæр литературон уацмысты. Уыцы хъуыдытыл хъомылгонд адæмы фæнды сæ ахуыргæнджыты фæдыл цæуын, сæ фæндтæ сын царды рауадзын. Уый æнцон хъуыддаг кæй нæу, ууыл разы дæн. Æхсæнады аиппытæ æнцонæй иуфарс кæнын нæ комынц, æнæфенд адæм та фылдæр æмæ тыхджындæр сты. Тох зын æмæ тæссаг у, фæлæ уымæй ногдзинады сæрхъуызойты кад дæлдæр нæ кæны. Сæ намыс уæлдай тынгдæр сахаддзæн фидæны фæлтæрты цæсты. Зæххыл ахæм адæм куы нæ уаид, уæд гæдыдзинад, фыддзинад æмæ тыхми афтæ сырæзиккой, æмæ хуры тынты адæммæ кæсын нал уадзиккой...

П о л и н æ (*кæсы йæм æнахуыр цæстæнгасæй*). Дæуæн дæ сæры зонд йæ бынаты нæй! Сæрхъæнæй дæуæй ницы уæлдай ис! Æмæ, дам, мæм хъус. Æнæуи дæр мæлæты зондджын нæ дæн. Мæ сæры ма цы чысыл зонды муртæ уыд, уыдон дæр мын фæсурдзынæ.

Ж а д о в. Кæронмæ мæм байхъус, Полинæ!

П о л и н æ. Фæлтау зондджын адæммæ хъусдзынæн.

Ж а д о в. Кæмæ хъусдзынæ? Чи сты уыцы зондджын адæм?

П о л и н æ. Чи куы зæгъай, уæд – мæ хо, Белогубов.

Ж а д о в. Белогубовимæ мæ абарстай?

П о л и н æ. Ничи йæм хъусы! Æмæ ды та чи дæ? Белогубов дæуæй бирæ лæгдæр у. Хицауады цæсты йын кад и, йæ усы уарзы, хæдзары хъуыддæгтæм – дæсны, бæхтæ йæм ис... Ды та чи дæ? Æрмæстдæр дæхицæй æппæлыс. (*Фæзмы йæ.*) Æз зондджын дæн, уæздан, иууылдæр сæрхъæнтæ сты, гæртамхортæ!

Ж а д о в. Уый дын цавæр æвзаг у? Дæхи куыд дарыс? Уый цъаммардзинад йеддæмæ æндæр номæй схонæн нæй.

П о л и н æ. Хыл кæнын та райдыдтай? Хæрзбон. (*Ацæуынмæ хъавы.*)

Ж а д о в (*уромы йæ*). Фæлæуу, чысыл багæдзæ кæн.

П о л и н æ. Ауадз мæ.

Ж а д о в. Фæлæуу, зæгъын. Полиночкæ, мæ ахсджиаг, иучысыл-ма фæлæуу. (*Йæ къабайы фæдджийыл ын фæхæцыд.*)

П о л и н æ (*худы*). Мæ къаба мын скъуыныс. Мыстыты сайды митæ ма кæн. Ацæуын мæ куы бафæнда, уæд мæ ахæмтæй нæ бауромдзынæ.

Ж а д о в. Цы дын бакæнон, уый-ма мын зæгъ? Мæ уарзон Полинæйæн мын цы гæнгæ у, уый мын чи бацамондзæн?

П о л и н æ. Дæ мады 'фсымæрмæ бацу æмæ бафидаут.

Ж а д о в. Фæлæуу, иучысыл мæ ахъуыды кæнын бауадз.

П о л и н æ. Ахъуыды кæн.

Ж а д о в. Бирæ дæ кæй уарзын, уый зоныс? Æз дæу тыххæй цы нæ бакæндзынæн, зæххы цъарыл ахæм хъуыддаг нæй. Фæлæ мæ ныртæккæ цы домыс, уый... Уый æгæр æвирхъау курдиат у. Æвирхъаудæрæн æрхъуыдыгæнæн нæй. Фæлæуу, ахъуыды кæнон. О, о, о... ахъуыды кæнын хъæуы, ахъуыды кæнын хъæуы! Фæлæ, зæгъæм, æз мæ мады 'фсымæрмæ куы нæ бацæуон, уæд ацæудзынæ?

П о л и н æ. О.

Ж а д о в. Бынтондæр?

П о л и н æ. Бынтондæр. Цал хатты ма дын æй зæгъон: бафæлладтæн ахæм цардæй цæрынæй. Хæрзбон!

Ж а д о в. Фæлæуу, фæлæуу! (*Стъолы уæлхъус æрбадт, йæ сæр йæ армытъæпæнтыл æруагъта æмæ хъуыдыты аныгъуылд.*)

П о л и н æ. Бирæ 'нхъæлмæ кæсын дæм хъæуы?

Ж а д о в (*йæ цæссыг тыххæй уромгæйæ*). Цы уый зоныс, Полинæ? Хорз ус хорз уæлæдарæс куы скæна, уæд уый, æвæеццæгæн, хорз у, нæ?

П о л и н æ. Тынг хорз!

Ж а д о в. Æвæццæгæн, æвæццæгæн. (*Хъæр кæны.*) О, о! (*Йæ къæхтæ хойы.*) Стæй хорз файтоны куы фæцæйцæуы, уый дæр хорз у, нæ?

П о л и н æ. Æнæмæнг!

Ж а д о в. Зæрдæмæдзæугæ æрыгон рæсугъд усы уарзын хъæуы, рæвдауын, буц митæ йын кæнын. (*Хъæр кæны.*) О, о, о! Рæсугъд дарæсы йæ сфæлындын хъæуы!.. (*Чысыл фæсабырдæр*). Æмæ цы мæнг зæгъыс? Æнæмæнг афтæ! Уымæй æнцондæр та цы ис? (*Фæсмон хуызæй.*) Хæрзбонтæ ут, ме 'взонг бонты сæнттæ!

Хæрзбонтæ ут, цытджын уроктæ! Хæрзбон, ме 'нæхин фидæн! Æз дæр, æвæццæгæн, базæронд уыдзынæн, мæ сæры хил халас адардзæн, уыдзæн мын сывæллæттæ...

П о л и н æ. Цытæ дзурыс?

Ж а д о в. Нæ, нæ, нæ сывæллæттæ æндæрхуызон уыдзысты. Хъомыл сæ кæндзыстæм хæрзæгъдауыл, сыгъдæгзæрдæ уæвыныл. Уадз æмæ сæ рæстæгæй фæсте ма зайой. Хъуамæ сæ фыдæлты мацæмæй бафæзмой.

П о л и н æ. Æгъгъæд у!

Ж а д о в. Нæмгæ мæ фæкодтай æмæ мæ кæуын уæддæр бауадз. Фæстаг хатт кæуын. (*Кæуы.*)

П о л и н æ. Цы дыл æрбамбæлд?

Ж а д о в. Ницы. Æппындæр ницы. Æнцон у... æнцон у... зæххыл цæрын. Æрмæст архайын хъæуы ууыл, цæмæй дын дæ зæрдыл мачи мацы лæууын кæна. Уымæн бирæ нæ хъæуы. Æз æнæмæнг афтæ бакæндзынæн. Мæхи иуфарс ласдзынæн мæ раздæры хæлæрттæй, æмбæхсдзынæн сæ. Сыгъдæгзæрдæдзинады тыххæй кæм дзурой, уырдæм нал цæудзынæн. Æнæхъæн къуыри мæ мæ куыстæй не 'вдæлдзæн, улæфты бонты та-иу Белогубовы хуызæттимæ сæндоны давæггаг æхцатæй кепи кæндзыстæм. О, о. Сындæггай ахæм цардыл фæцахуыр уыдзынæн...

П о л и н æ (*скæуынмæ йæ бирæ нал хъæуы*). Æвзæр цыдæртæ цыма дзурыс, афтæ мæм кæсы.

Ж а д о в. Мæ зæрдæ зарын æрцагуырдта... Ацы зарæг никуы фехъуыстай? (*Зары.*)

*Лæбур кæмдæриддæр, æдзухдæр,*
*Нæ хъæуы уымæн бирæ зонд.*
*Хуыцау дын радта уымæн къухтæ,*
*Уæдæ лæбур, нæ дæ кæд сонт!*

Дæ зæрдæмæ нæ цæуы?

П о л и н æ. Цы дыл æрцыд, уымæн ницыуал æмбарын.

Ж а д о в. Цом мæ мады 'фсымæрмæ æмæ дзы сойджын бынат ракурæм! (*Йæ худ йæ сæрыл куыдфæндыйы конд æркодта æмæ йæ усы цонгыл фæхæцыд.*)

Ацыдысты.

## ФÆНДЗÆМ АРХАЙД

**Архайджытæ:**

Вышневский Аристарх Владимиры фырт.
Вышневская Аннæ Павелы чызг.
Юсов Аким Акимы фырт.
Жадов Василий Николайы фырт.
Полинæ.
Антон.
Цумайы лæппу.

Фыццаг архайды уат.

**Фыццаг фæзынд**

Вышневская *(Антон æм тæбæгъы писмо радта æмæ ацыд. Писмо кæсы).* «Уæздан æхсин Аннæ Павелы чызг! Мæ писмо дæ зæрдæмæ куы нæ фæцæуа, уæд дæ хатыр курын, фæлæ, æз æмæ дæу æхсæн цы ахастдзинæдтæ ис, уый мын бар дæтты дæуимæ мæхи афтæ дарынæн. Фехъуыстон, мæ зæрдæйы æнкъарæнтæ дæм цы писмойы ныффыстон, уый адæммæ кæй æвдисыс æмæ мыл былысчъилгæнгæ кæй худыс. Ды хорз зоныс, æхсæнады мын цы кад ис æмæ ахæм хъуыддæгтæ мæ намысыл кæцырдæм фæзындзысты, уый. Æз гыццыл лæппу нæ дæн. Чи дын радта мæнимæ дæхи афтæ дарыны бар? Дæуыл мæ цæст кæй æрæвæрдтон, уым дæхæдæг къаддæр аххосджын нæ дæ. Кæд бынтон æргом дзурæм, уæд де 'фсармыл къæм дæхи фæндонмæ гæсгæ абадт. Кæй зæгъын æй хъæуы, нæлгоймагæн бирæ цыдæртæ барст цæуы, стæй йæм чъизи афтæ 'мхиц нæу, фæлæ мæхи худинаджы бынаты æрæвæрыныл никуы сразы уыдзынæн. Ды мæ æнæхъæн горæты дамдумгæнджыты дзыхы бафтыдтай. Любимовимæ нæ ахастдзинæдтæ дæуæн хорз зындгонд сты. Æз дын амæй размæ дæр дзырдтон, йæ гæххæттыты 'хсæн дæ писмотæй цалдæр кæй разынд, уый. Фæндыди мæ, цæмæй сæ мæ къухæй райстаис. Дæ бынаты æндæр йæ сæрыстырдзинады сæрты ахызтаид æмæ сразы уыдаид æхсæнады хъуыдыимæ, банымадтаид мæ горæты рæсугъддæр нæлгоймæгтæй иуыл æмæ мæ фæндоныл дыууæ нал загътаид. Афтæ бакæныны бæсты мæм ракастæ æнæрвæссонхуызæй æмæ мæ уымæй æнæкæрон тынг бафхæрдтай.

Мæ маст райсынæн хуыздæр мадзал не ссардтон æмæ сфæнд кодтон дæ писмотæ дæ лæгмæ раттын».

Уый дын уæздан лæджы ми! Æнаккаг! Уæвгæ йыл цы мæт кæнын? Уæддæр йæ кæрон уырдæм цыд. Никæй цур мæхи раст кæнынмæ хъавын. Нæ нæлгоймæгтæй цы хъуамæ зæгъа адæймаг! Дыууиссæдз азы цы лæгыл цæуы, рæсугъд ус кæмæн ис, уый мæ фæдыл зилын райдыдта, æдылы митæ кæнынил схæцыд, зæрдæ хæццæ кæмæй кæны, ахæм ныхæстæ дзуры. Уæд ыл цымæ цы мæгуыры бон акодта? Монц? Цавæр монц? Мæнмæ гæсгæ, уымæн йæ бон бауарзын æстдæсаздзыдæй фæстæмæ нал у. Уæдæ? Уæдæмæ мæн тыххæй йæ хъустыл цыдæр дам-думтæ 'рцыд æмæ йæм цæмæдæр гæсгæ афтæ фæкаст, цыма æз æнæбакæнæг дæн. Æмæ мæм уæлмонц писмотæ фыссын райдыдта. Йæ гæды ныхæстæ уырнинаг хуызы равдисынмæ дæр ма куы арæхсид. Куыд фыссы, афтæмæй йæм, адæм цы зæгъдзысты, уый нымады дæр нæу, сæйрагдæрыл, дам, нымайын мæ уарзондзинад æмæ уый сæраппонд ницавæр цæлхдурты раз æрлæудзынæн. Ард хæры, тынг мæ кæй уарзы, уый тыххæй, дзуры мын, фыræфсæрмæй хъустæ кæмæй ссудзынц, ахæм ныхæстæ, йæ цæсгомыл фæзыны туаг мидбылхудт. Куы зæгъын, йæ иу ныхас, йæ иу фæзылд дæр æрдзон нæу, иууылдæр ын сты кæнгæ, зыны сыл фæлывд æмæ гæдыдзинады фæд. Ахæм адæймагыл дæхи худæгæй куы схæссай кæнæ йæм æнæуынон цæстæй куы ракæсай, уæд æй йæхицæн æфхæрдыл банымайдзæн æмæ маст исыны фæндагыл ныллæуудзæн. Худæджы уавæры бахауын æм цыфæнды чъизи мийæ дæр тæссагдæр кæсы. Æцæгæйдæр, йæ къухы исты куы бафтыдаид, уæд йæхицæй æппæлыдаид, алы хуынды дæр мæ кой кодтаид. Ахæм адæймагæн сылгоймагимæ бастдзинад æппæлыны хос у, уымæн æмæ йæ йæхицæн кадыл нымайы, фæлæ йын йæ писмо искæмæ куы равдисай, уæд ын йæ намысил цъыф калыс, цæсты йæ æфтауыс. Йæ писмотæ худæг æмæ ницæййаг кæй сты, уый йæхæдæг дæр зоны, фæлæ сæ фысгæ кæмæ кæны, уыцы сылгоймаджы та цы хоны? Æдзæсгом! Æмæ мæ мæнæ ныр йæ маст райста. Цъаммар ми кæй бакодта, уый та йæ фæсонæрхæджы дæр нæй. Йæхимæ тынг раст кæсы. Æмæ уый иунæг куы уаид! Иууылдæр ахæмтæ сты... Уый ма хуыздæр дæр у. Æппынфæстаг мæ лæгæн мæ зæгъинæгтæ зæгъдзынæн. Уый мæ зæрды рагæй уыд. Кæд æз йæ разы аххосджын дæн, уæд уый мæ разы тынгдæр аххосджын у. Мæ цард мын фехæлдта. Йæ хиуарзондзинадæй мын мæ зæрдæ

амардта, бинонты амондæй мæ æнæхай фæкодта. Раздахæн цæмæн нал и, уый у ме 'взонгдзинад æмæ мæ ууыл цæссыгкалгæйæ мæ цард æрвитын кæны. Мæ дидинæгкалгæ бонтæ йемæ арвыстон мæхимæ хъусгæйæ, ме 'мгæрттæм хæлæг кæнгæйæ, афтæмæй та мæ зæрдæ арвы цъæхмæ тырныдта, тæхын æй фæндыд. Йæхи хуызæн хъуынайы тæф чи кодта, ахæмты æхсæн хуыдалынджы куырмæй фæцыдтæн, бамынæг сты мæ хуыздæр æнкъарæнтæ, ахуыссыдысты мæ сыгъдæгдæр бæллицтæ. Æмæ ма уый æдде æз хъуамæ мæхи фæсмонæй хæрон, æнæрцæугæ кæмæн нæ уыд, уыцы цауы тыххæй.

Æрбацыд Юсов. Бæрæг у, мæстджын кæй у, уый.

**Дыккаг фæзынд**

Вышневская æмæ Юсов.

Юсов (*йæ сæрæй йын акуывта*). Нæма 'рбацыди?

Вышневская. Нæма. Сбад уал.

Юсов сбадт.

Цыдæр тыхстхуыз дæ.

Юсов. Мæ дзыхы дзырд нал бады, ме 'взаг ныдзыг.

Вышневская. Цы 'рцыди уагæр?

Юсов (*йæ сæр дыууæрдæм тилгæйæ*). Адæймаг науæй уæлдай нæу. Цæуы, цæуы денджызы, фæлæ иу афон æваст йæхи цæуылдæр скъуыры æмæ лыстæг згъæлæнтæ бавæййы.

Вышневская. Нæ дæ 'мбарын.

Юсов. Цард тæбæгъы донæй уæлдай нæу, кæцырдæм фæкъул уыдзæн, уый бæрæг нæй. Знон цы уыд, уый зонæм, абон цы хъуамæ уа, уымæй дæр цыдæртæ базыдтам, фæлæ нæм райсом цы 'нхъæлмæ кæсы, уымæн ничи ницы зоны.

Вышневская. Исчи амард æви?

Юсов. Нæ-а. Дуне иннæрдæм афæлдæхт. Сæрæй къæхтæ рауад, къæхтæй та – сæр. (*Тамакомæ смуды.*) Æгæр куы схъæздыг вæййæм, уæд цæстæй нал фæуынæм, мæгуыр адæймаджы ницæмæуал фæдарæм, ферох æй кæнæм æмæ нæ уый тыххæй арвы фыдæх баййафы.

Вышневская. Уый æз рагæй зонын, фæлæ ахæм хъуыдымæ абон цæмæн æрцыдтæ?

Юсов. Зын мын у, уæдæ мын нæу. Æз дзы уыйас стыр

дзуапдæттæг дæр нæ дæн, фæлæ уæддæр. Ацы дунейы йæ къæхтыл фидар ничи лæууы. Суанг ахæм лæг дæр...

В ы ш н е в с к а я. Цавæр лæджы кой кæныс?

Ю с о в. Бабын стæм. Тыхджынты фыдæх нæ баййæфта.

В ы ш н е в с к а я. Дæ ныхас-ма фæбæлвырддæр кæн.

Ю с о в. Бирæ фыдраконддзинæдтæ, дам, рахъил.

В ы ш н е в с к а я. Цавæр фыдраконддзинæдтæ?

Ю с о в. Тæрхондоны кæй æвзардзысты, ахæмтæ. Æз дзы, куы зæгъын, стыр хъуыддæгты тыххæй дзуапп нæ дæтдзынæн, фæлæ уæз иууылдæр, зæгъæн ис, æмæ Аристарх Владимиры фыртыл æнцайдзæн.

В ы ш н е в с к а я. Цавæр уæз?

Ю с о в. Йе 'нæзакъон миты тыххæй йæм йæ мулк байсын æмæ ахæстоны сбадын кæнынæй æртхъирæн кæнынц.

В ы ш н е в с к а я (*йæ цæстытæ хæрдмæ сисгæйæ*). Дзуапп дæттыны рæстæг ралæууыд.

Ю с о в. Хъыгагæн. Уыдон къахын куы райдайой, уæд дзы хурмæ бирæ цыдæртæ ракалдзысты. Ныртæккæйы заман никæмæн ныббардзысты. Æнæ кæрдзыны къæбæр мæ куы ныууадзой, уымæй тæрсын.

В ы ш н е в с к а я. Дæуæн дзы цыма тас нæу, афтæ мæм кæсы.

Ю с о в. Ардæм цæугæйæ ууыл хъуыдытæ кодтон, цымæ, зæгъын, кæмæн цы кодтам? Хъысмæт нын ахæм хъизæмæрттæ цæмæн æвзарын кæны? Афтæ мæм кæсы, цыма ныл нæ сæрыстырдзинад фæтых. Сæрыстырдзинад адæймаджы саугуырм кæны, йæ цæстытыл ын хæрв æвæры.

В ы ш н е в с к а я. Цавæр сæрыстырдзинад? Сæрыстырдзинад нæ, фæлæ хуымæтæджы гæртæмттæ.

Ю с о в. Гæртæмттæ? Гæртæмттæ та цы сты? Уыдон чи нæ исы, ахæм бирæ нæй. Хъуыддæгтæ иууылдæр сæрыстырдзинадæй аразгæ сты. Стæй хъысмæтæй. Хъысмæт цалхæй уæлдай нæу, иуты уæлæмæ сисы, иннæты фæбынæй кæны. Абон бынæй чи ис, уый райсом тæккæ цъуппыл балæудзæн, тæккæ цъуппыл чи ис, уый та æппæты бынæй февзæрдзæн. Уыцы фæткæн ивæн нæй. Дæ цард саразынил кус, мулк æмбырд кæн, дæ бæллицтæ уæлæрвты тæхæнт, стæй кæс, æмæ уæзæджы къæйыл аззадтæ. Алкæмæн дæр хъуыдыйаг сты, ахæм ныхæстæ. (*Дзуры зæрдиагæй.*)

*Цасдæриддæр лæг цæрæд,*
*У уæддæр йæ тыхст, йæ мæт*
*Амондыл, фæлæ хъысмæт*

*Уый дæттæг кæй у, йæ зæд,*
*Базондзыстæм цымæ кæд?*

Æмæ уый у хъуыдыйаг. Хъуамæ йæ алы адæймаг дæр йæ зæрдыл дара! Куы райгуырæм, уæд нæм ницы вæййы, куы амæлæм, уæд дæр немæ ницы ахæссæм. Уæдæ цæуыл нæхи хурхæй фæмарæм? Уымæн ничима дзуапп радта.

Вышневский æрбацыд æмæ æнæдзургæйæ йæ уатмæ бацыд. Юсов сыстад.

Вышневская. Йæхи хуызæн нал у.

Юсов. Уæд та дохтырмæ фæдзуриккам? Ибон дæр бавзæр и. Ахæм адæймаджы зæрдæ афтæ фæриссын кæн.

Вышневская (*дзæнгæрæг ныццагъта*).

Цумайы лæппу æрбацыд.

Дохтырмæ фæдзур. Тагъд, зæгъ, ардæм рацу.

Вышневский йæ уатæй рацыд æмæ къæлæтджыныл æрбадт.

## Æртыккаг фæзынд

Уыдон æмæ Вышневский.

Вышневская (*бацыди йæм*). Фыдбылызы, дам, бахаудтæ, Аким Акимы фырт мын æй дзырдта. Фидар лæуу.

Ничиуал ницы дзуры.

Дæхи хуызæнæй дæм æппындæр ницыуал ис. Исты дæ риссы? Ныртæккæ дохтыр æрбацæудзæн.

Вышневский. Дыдзæсгом митæ! Адæймаджы кад цъыфы сызмæнт æмæ ма уый фæстæ ахæм ныхæстæ кæн! Уæвгæ фæливын чи сахуыр уа, уымæй цы домæн ис?

Вышневская. Цавæр фæлывды кой кæныс? Тæригъæд дын кæнын, ахæм уавæры чи бахауид, кæцыфæнды ахæм адæймагæн куыд тæригъæд кæнин, афтæ. Æндæр æппындæр ницы (*иуфарс ацыд æмæ æрбадт.*)

Вышневский. Дæ тæригъæд мæн никæцы ран хъæуы. Ма мын тæригъæд кæн. Æгады бынаты мæ сæвæрдтай, фæхудинаг мæ кодтай, уæзæджы къæйыл баззадтæн, æнæ мулк, æнæ исæй. Цæй тыххæй?

В ы ш н е в с к а я. Дæ цæсгом æмæ дзы дæ намысы бафæрс.

В ы ш н е в с к и й. Цæсгом æмæ намысы кой ма кæн. Дæуæн уыцы бартæ нæй... Юсов! Цæй тыххæй бабын дæн?

Ю с о в. Хъысмæт...

В ы ш н е в с к и й. Цавæр хъысмæт? Уыдон дзыбандытæ сты. Мæ фыдгултæ мæнæй тыхджындæр разындысты. Уый дын хъысмæт æмæ хæрæджы дымæг! Хуыцау сын æй ма ныббарæд! Хæлæг мæм кодтой. Сæ цæстыфиутæ тадысты. Æмæ мæм хæлæг дæр куыннæ кодтаиккой! Цыбыр рæстæгмæ сæ сæрты акастæн, мæ хъæздыгдзинад арæнтæ нал зыдта, хæдзæрттæ æмæ дачæтæ арæзтон, иу хъæу иннæйы фæдыл æлхæдтон æмæ мæм куыннæ хъуамæ хæлæг кодтаиккой? Хъæздыгдзинæдтæм æмæ кады бæрзæндтæм асины къæпхæнтыл хизæгау ныфсджынæй хызтæн. Цæмæй исчи мæ разæй фæуыдаид, уымæн зонд æмæ арæхстдзинад хъуыд æмæ йæ кæцæй æрхастаиккой, куы нæ сæм уыд, уæд? Æмæ мæм сæ къах фæдардтой æмæ сæрбихъуырæйттæгæнгæ атылдтæн. Сæррамæ мæ бирæ нал хъæуы...

Ю с о в. Хæлæг кæнын фыдраконддзинадæй тыхджындæр у...

В ы ш н е в с к и й. Ахæм уавæры кæй бахаудтæн, уый дæр куыннæ, фæлæ ме знæгты фæндиаг кæй фæдæн, мæ астæуыстæг мын уый асаста. Ныр фæскъуымты цы ныхæстæ кæнынц, уыдонмæ байхъус. Хæрзаг сыл фырцинæй цыппæргай базыртæ базад. Æвæццæгæн, мæ къæхтыл слæууынхъом нал суыдзынæн... *(Дзæнгæрæг цæгъды. А н т о н æрбацыд.)* Дон!.. *(Антон ын дон æрбахаста æмæ ацыд.)* Дæуимæ мæ аныхас кæнын хъæуы.

В ы ш н е в с к а я. Цы дæ зæрды ис?

В ы ш н е в с к и й. Цы мæ зæрды ис, уый дын зæгъдзынæн: ды дæ хæтаг.

В ы ш н е в с к а я. Аристарх Владимиры фырт, иунæг не стæм, уый дæ рох ма уæд.

Ю с о в. Ацæуон?

В ы ш н е в с к и й. Æнцад бад. Æз уыцы ныхæстæ лæггадгæнæджытæ æмæ æхxуырстыты цур зæгъынæй дæр нæ бафсæрмы кæндзынæн.

В ы ш н е в с к а я. Цæмæн мæ 'фхæрыс? Æви дæ маст æндæр кæуыл акалай, уый дын нæй? Тæригъæдæй уæд та фæтæрс!

В ы ш н е в с к и й. Мæ ныхæстæ æцæг кæй сты, уый тыххæй дын мæнæ æвдисæнтæ. (*Писмотæ кæм уыдысты, уыцы къонверт æм баппæрста.*)

Юсов æй систа æмæ йæ Вышневскаямæ радта.

Вышневская. Бузныг (*йæ къухтæ зыр-зыр кæнынц афтæмæй сæм æркаст æмæ сæ йæ дзыппы нывæрдта.*)

Вышневский. Дæумæ гæсгæ, Юсов, йæ лæджы бирæ хорздзинæдтæ чи ницæмæ 'рдардта æмæ йæ хæс чи ферох кодта, ахæм сылгоймагæн цы гæнгæ у?

Юсов. Гм... гмм...

Вышневский. Æз дын æй зæгъдзынæн: æгады тард æй акæнынц. Æвæдза, тынг æнамонд дæн, Юсов, æнамонд æмæ зыбыты иунæг. Ды мыл уæддæр ма сыстырзæрдæ у. Адæймаг цыфæнды стыр бынаты уæвгæйæ дæр, зын уавæры куы бахауы, уæд дзы ахæм сахат йæ бинонтæй ныфс вæййы, уыдоныл йæ зæрдæ фæдары. Æз та мæ бинонтæй...

Вышневская. Бинонты кой ма кæн, уымæн æмæ дын бинонтæ никуы уыд. Ды, бинонтæ цы сты, уый зонгæ дæр нæ кæныс. Кæд дæ фæнды, уæд дын æз, Аристарх Владимиры фырт, радзурдзынæн, дæумæ цæргæйæ цытæ бавзæрстон, уыдоны тыххæй.

Вышневский. Дæхи ницæмæй раст кæндзынæ.

Вышневская. Æз мæхи нæ раст кæнын, уымæн æмæ ницæмæй зылынджын дæн. Уысмы бæрц мæ зæрдæйы монцты фæдыл кæй ацыдтæн, уый тыххæй æз бирæ хъизæмæрттæ æмæ æфхæрдтæ бавзæрстон, фæлæ уæддæр дæу хуызæн хъарджытæ нæ кæнын. Дæуæн та комкоммæ зæгъын: кæд æз аххосджын дæн, уæд æрмæстдæр мæхи цур, дæ разы нæ фæлæ. Ды мын хъуамæ уайдзæф ма кæнис. Дæ риуы зæрдæ куы уæлфид, уæд банкъарис, мæ цард мын кæй фехæлдтай, уый.

Вышневский. Ха, ха! Де 'гъдауы тыххæй мæн бæсты дæхи аххосджын кæн.

Вышневская. Дæу дзы аххосджын кæнын. Ахъуыды ма кæн: ды дæхицæн бинойнаг æрхастай? Куы мæ куырдтай, уыцы бонтæ ма дæ зæрдыл æрлæууын кæн. Бинонты царды тыххæй дæ дзыхæй иунæг ныхас дæр ссыд? Дæхи дардтай, æрыгон чызджытæн зынаргъ лæвæрттæ бирæ чи фæкодта, ахæм зæронд сылкъийы хуызæн, мæнмæ та кастæ сатиры цæстæй, сæгъы сыкъатæ æмæ къæхтæ кæмæн уыд, ахæм даргъ къæдзилджын сатиры цæстæй. Æлгъ дыл кæй кодтон, уый уыдтай, уæддæр мæ, Турчы цагъайрæгты куыд æлхæнынц, афтæ мæ ныййарджытæй балхæдтай. Уæд ма мæ уый фæстæ цытæ домыс?

Вышневский. Ды мæ ус дæ, уый дæ рох ма уæд æмæ

хъуамæ мæ разы дæ хæстæ æххæст кæнай. Мæ хæс та у дæуæй дæ алы къаҳдзæфы тыххæй дæр дзуапп агурын.

В ы ш н е в с к а я. Цы дзаума балхæдтай, уый къайад бафидар кæныны тыххæй гæххæтты фæстæ бамбæхстай. Æндæрхуызон гæнæн дын нæ уыд, уымæн æмæ афтæ куы нæ бакодтаис, уæд мæ ныййарджытæ не сразы уыдаиккой. Уый фæстæ, лæг æмæ ус куы баистæм, уæд мæм дæ усы цæстæй никуы ракастæ. Мæ алы рæвдауæн мийæн дæр мын æхца фыстай, дзаума куыд æлхæнай, афтæ йæ æлхæдтай. Æлгъ дыл кæнын, уый-иу куы бамбæрстай, уæд иу мæм исты зынаргъ лæваримæ фæзындтæ, æмæ-иу мæм ныфсджынæй æрбацыдтæ, ныр мæ бон дæ ныхмæ сдзурын ницыуал бауыдзæн, зæгъгæ. Цы мæ бон уыди? Цыфæндыйæ дæр дæ мæ лæг хуыдтой æмæ та-иу дын бакоммæ кастæн. Ахæм уавæрты ма адæймаг йæхи адæймаг куыд хъуамæ хона! Йæхицæн æнæуынон куыд хъуамæ ма феста! Ахæм бынаты мæ сæвæрдтай. Фæстæдæр, лæвæрттæ мын цы 'хцатæй æлхæдтай, уыдон дæм кæцæй цыдысты, уый куы базыдтон, уæд та бынтон мæ зæрдæ амард.

В ы ш н е в с к и й (*фестад*). Ныхъхъус у!

В ы ш н е в с к а я. Уый тыххæй нал дурын. Æгæр æфхæрд дæр ма баййæфтай, фæлæ мæхи тыххæй дарддæр дзурдзынæн.

В ы ш н е в с к и й. Цы дæ фæнды, уый дзур, æз уæддæр дæу тыххæй мæ хъуыды нал аивдзынæн.

В ы ш н е в с к а я. Чи зоны, мæ ныхæсты фæстæ дæхи тыххæй дæ хъуыды аивай. Хъуыды ма кæныс, æхсæнадæй мæхи куыд дард ластон, уый? Адæмæй тæрсгæ кодтон. Уый хуымæтæджы нæ уыд. Фæлæ мæ ды нæ уагътай. Демæ мæ хуыдтай æмæ-иу мæ æдзæттæйæ, иу æххуысгæнæг, иу зондамонæг мын нæ уыди, афтæмæй де 'мхъузæтты 'хсæн смидæг кодтай. Æмæ дзы цы федтон? Фæлывд митæ æмæ хæрам хъуыддæгтæ. Мæ фарс чи 'рбалæууыдаид, мæхи кæмæ бакъул кодтаин, иу ахæм адæймагыл дзы нæ сæмбæлдтæн. Уæвгæ мæ ахæмы сæр хъæугæ дæр нæ кодта, уымæн æмæ уæ чи цы уыд, уый тынг тагъд бамбæрстон æмæ дзы алкæмæй дæр мæхи дард ластон. Уыцы ран фембæлдтæн Любимовыл дæр. Ды дæр æй зыдтай. Хъуыды ма кæныс, цы рухс цæсгом ын уыдис, уый? Кæннод йæ цæхæртæкалгæ цæстытæ та? Иннæты 'хсæн бæрæг дардта йæ зонд æмæ йæ сыгъдæгдзинадæй. Дæуимæ-иу карз быцæуы бацыд, æнауæрдонæй тох кодта гæды æмæ æнæрастдзинады ныхмæ. Дзырдта, кæронмæ кæй нæма 'мбæрстон, фæлæ мæ зæрдæмæ хæстæг чи уыд, ахæм хъуыдытæ. Йæ ныхмæ исты куы сдзурис, уымæ-

иу ӕнхъӕлмӕ кастӕн, фӕлӕ дӕ дзыхӕй ныхас никуы схауд. Ӕрмӕст-иу ыл фӕсауүон цъыф калдтай, алы хахуыртӕ йыл мысыдтай, цӕсты бафтауыныл ӕй архайдтай. Йӕ сӕрыл рахӕцынмӕ-иу мӕ былыцъӕрттӕ хордтон, фӕлӕ мын уымӕн фадат нӕ уыди, нӕ мӕм уыди фаг зонындзинӕдтӕ дӕр. Мӕ бон уыди ӕрмӕстдӕр... йӕ бауарзын.

В ы ш н е в с к и й. Ӕмӕ кӕнгӕ дӕр афтӕ бакодтай?

В ы ш н е в с к а я. Бакодтон. Уый фӕстӕ уыдтон, йӕ байсафыныл куыд архайдтай, уый дӕр. Сабыргай-сабыргай йӕ сӕрсӕфӕн былмӕ тардтай. Иунӕгӕй нӕ, фӕлӕ, уый пайда кӕмӕн уыд, дӕ уыцы ӕмхъуызӕттимӕ. Фыццаджы-фыццаг дӕр ын йӕ ныхмӕ скодтат ӕхсӕнады, дзырдтат, фӕсивӕды галиу фӕндагыл кӕй ардауы, адӕмы зондахастыл ӕвзӕрыдӕм кӕй зыны, хицауады йыл сардыдтат ӕмӕ ӕппынфӕстаг уӕ нысан сӕххӕст: йӕ бон куынӕуал уыд, уӕд йӕ службӕ ныууагъта, хӕрзбон загъта йӕ хӕстӕджытӕн, йӕ зонгӕтӕн ӕмӕ ардыгӕй ацыд... (*йӕ цӕстытӕ къухмӕрзӕнӕй сӕхгӕдта.*) Уыдон иууылдӕр ӕз мӕхи цӕстытӕй уыдтон ӕмӕ хъизӕмар кодтон. Уыдтон нoджы хӕрамы уӕлахиз, ды та ма мын, кӕддӕр ӕхцайӕ кӕй балхӕдтай ӕмӕ дӕ лӕвӕртты тыххӕй дӕхи кӕмӕн уарзын кодтай, уыцы чызг ӕнхъӕл дӕ. Любимовмӕ мӕм цы сыгъдӕг ӕнкъарӕнтӕ уыд, уыдонӕй дам-думтӕ рауайын кодтой. Ӕхсинтӕ кӕй хонут, уыцы сылгоймӕгтӕ мӕм сусӕгӕй хӕлӕг кодтой, ӕргомӕй та цъыф калыныл нӕ ауӕрстой. Ӕрыгон ӕмӕ зӕронд сылкъитӕ мӕ фӕдыл зылдысты ӕмӕ архайдтой мӕн фегад кӕныныл. Ахӕм уавӕрмӕ ӕркодтай мӕн, чи зоны, хуыздӕр амонды аккаг чи уыд ӕмӕ царды ӕцӕг мидис рахатын чи базыдтаид ӕмӕ ӕвзӕрдзинад ӕнӕуынон кӕмӕн уыд, уыцы сылгоймаджы. Уыдӕттӕ дын зӕгъын мӕ зӕрды уыдис, нырӕй фӕстӕмӕ мӕ иунӕг уайдзӕф дӕр никуыуал фехъусдзынӕ.

В ы ш н е в с к и й. Дзӕгъӕлы. Ӕз ныр мӕгуыр адӕймаг дӕн, мӕгуыр адӕм та сӕ устытӕн хыл кӕныны бар фӕдӕттынц. Уыдонӕн афтӕ кӕнын хъӕуы. Абоны онг цы Вышневский уыдтӕн, ахӕм ма куы уаин, уӕд дӕ ӕнӕ иуныхасӕй фентъӕрин, фӕлӕ ныр ме знӕгты фӕрцы намысджын адӕмы номхыгъды нал стӕм ӕмӕ нӕ бон загъд кӕнын дӕр у ӕмӕ хыл кӕнын дӕр.

Ӕрбацыдысты Ж а д о в йӕ у с и м ӕ.

**Цыппæрæм фæзынд**

Уыдон, Ж а д о в æмæ П о л и н æ.

В ы ш н е в с к и й. Цæмæ 'рбацыдтæ?

Ж а д о в. Хатыр курынмæ...

П о л и н æ. Дæ бон хорз, Аристарх Владимиры фырт! Дæ бон хорз, Аннæ Павелы чызг. (*Вышневскаяйы хъусы.*) Бынаты тыххæй йæм æрбацыд. (*Вышневскаяйы цур æрбадт.*)

В ы ш н е в с к а я. Æцæг? Нæ мæ уырны! (*Цымыдисæй Жадовмæ кæсы.*)

В ы ш н е в с к и й. Дæ мады 'фсымæрæй ахъазынвæнд скодтай?

Ж а д о в. Кæд дæ истæмæй бафхæрдтон, уæд мын бахатыр кæн. Лæг куы ницыма фембары, уæд ын æнæрæдигæ нæй. Бæргæ мæ нæ хъуыди мæхи афтæ дарын... Цыфæнды куы уа, уæддæр мах хæстæджытæ стæм.

В ы ш н е в с к и й. Æцæг зæгъыс?

Ж а д о в. Ды мын-иу раст дзырдтай: лæгыл фæхæцæг куы нæ уа, уæд цæрын зын у, уæлдайдæр ын бинонтæ куы уа, уæд.

В ы ш н е в с к и й. Хъусын дæм, дзур дарддæр.

Ж а д о в. Тынг мæгуыр цæрын... Чи зоны, мæхæдæг истытæ кæнин, фæлæ мæ ус... Бирæ кæй уарзын, уыцы ус... Дæ дæлбар кусыны бар-ма мын ратт... Мæхи æндæрхуызон дардзынæн. Ахæм бынат-ма мын ратт... (*йæ хъæлæс фæныллæгдæр кæнгæйæ*), пайда мæм кæцæй хауа.

П о л и н æ. Сойджын бынат.

В ы ш н е в с к и й. Ха, ха, ха, ха!.. Юсов! Уæйгуытæм нæ хъусыс? Иууылдæр ахæм хъæбатыртæ сты?! Уæд алы тигъыл гæртамхорты фыдгой кодта, фæндырты сæ цагъта, цавæрдæр ног фæлтæры кой кодта, ныр æм кæсыс? Пайдайаг бынат æй æрхъуыди, сой кæцæй тæдзы, иу къæрис дæр кæм нæй, ахæм дзаджджын бынат æрцагуырдта йæ зæрдæ! Хуыздæр ма дзы фæлтæр цы уа! Ха-ха, ха!

Ж а д о в (*сыстад*). Æллæх! (*Йæ зæрдæйыл фæхæцыд.*)

Ю с о в. Æрыгон ма уыди. Цы дзырдта, уый не 'мбæрста. Бæрзонд ныхæстæ... Ныхæстæ ныхæстæй баззайдзысты. Цард та йæхиуæттæ домы... (*Тамакомæ смуды.*) Философи цы у, уый дæ ферох уыдзæн. Зондджын адæммæ дæ раздæр хъусын хъуыд.

В ы ш н е в с к и й (*Юсовæн*). Хъуыды ма кæныс, Юсов, мемæ цы 'взагæй дзырдта, уый? Йæхицæй куыд сæрыстыр уыд! Æхсæнады аиппытæн цы карз тæрхон хаста? (*Жадовæн, тынгæй-*

*тынгдæр мæсты кæны, афтæмæй.*) Уæд нæм цавæрдæр ног фæлтæрæй куы 'ртхъирæн кодтай, рæстдзинады сæрвæлтау хъизæмæрттæвзарæг, сыгъдæгзæрдæ, махæй ахуыргонддæр, нæ гамхуд нын чи сисдзæн, цъыфы нæ чи сызмæнтдзæн! Æви дыл мысгæ исты кæнын? Æргом дын куы зæгъон, уæд дыл æууæндыдтæн. Æз уæ мæ цæсты сындз уыдтон, ме 'нæуынон уыдыстут, тæрсгæ дæр уæ кодтон, йæ гæды ныхас пайда нæу. Нырацæй-рабон, æмæ уыдон иууылдæр ныхæстæ разындысты, æнæхъола хъæр йæ быны кæй фæкодта, ахæм ныхæстæ. Куыд рабæрæг, афтæмæй уæ кад æмæ намыс къæсæрæй дуармæйы фаг дæр не систы. Лекциты уын уæ сæры лæгдыхæй цы хъуыдытæ тъыстой, уыдон фыццаг зындзинæдты раз ныффалгæрон сты, сæ фу ссыд, йæхи æвзыгъд цæргæс чи хуыдта, уый хуылыдз каркæй агæпп ласта. Æнахуыр диссæгтæ мын фехъусын кодтай, мæ хæрæфырты гæбаз! Æнæуынон мын дæ, зæгъгæ, зæгъин æмæ бынтон раст куы нæ уон. Æлгъаг цы уа, уый дæ æмæ дын æй комкоммæ зæгъын.

Ж а д о в. Цыфæнды дæр мæ схон, уæддæр дæм не смæсты уыдзынæн, уымæн æмæ мæхæдæг мæхимæ тынгдæр æлгъаг кæсын.

В ы ш н е в с к и й. Ды æмæ дæу хуызæттæ рæстдзинады сæрвæлтау тохы сæхимæ бартæ райстой æмæ нæ тæрхондонмæ радтой...

Ж а д о в. Цы загътай?

Ю с о в. Адæм кæддæриддæр адæм сты.

Ж а д о в. Аристарх Владимиры фырт, нæ фæлтæр иннæтæй намысджындæр у, зæгъгæ, никуы дзырдтон. Кæддæриддæр уыдис æмæ уыдзæни намысджын адæм, намысджын граждæнтæ, намысджын чиновниктæ; уыдис æмæ уыдзæни лæмæгъ адæм дæр. Уымæн тæккæ хуыздæр æвдисæн мæхæдæг. Æз æрмæстдæр дзырдтон (*сабыргай, йæ уд йе 'муд цæуын байдыдта*), нæ рæстæджы æхсæнад сабыргай-сабыргай аиппытæм фылдæр æргом здахын кæй райдыдта, æхсæнады сахъæтты ныхмæ дзурджыты нымæцыл кæй æфты. Æз ноджы дзырдтон, нæ аиппытæм æргом здахын кæй райдыдтам, хуыздæр фидæныл тынгæй-тынгдæр кæй æууæндæм. Дзырдтон ма, æхсæнадон цæстæнгас кæй рæзы, фæсивæды æхсæн кæй фидар кæны рæстдзинады сæрвæлтау тох кæныны хъуыды. Ног фæлтæр æнкъары, дуджы раз ыл цы хæстæ æвæрд ис, уый. Уыцы æнкъарындзинад кæны бонæй-бон тыхджындæр æмæ

йæ фæстиуджытæ æрбахæстæгдæр кæндзысты рæсугъддæр фидæн. Уый сымах куынæ фенат, уæддæр æй мах фендзыстæм. Мæ лæмæгъдзинадыл дзæгъæлы цин кæныс. Æз хъæбатыр нæ дæн, æз дæн хуымæтæджы лæмæгъ адæймаг, бахъуаджы сахат фаг ныфс æмæ лæгдзинад кæмæ нæ разынд. Мах, зæгъæн ис, æмæ ииуылдæр ахæмтæ стæм. Мæгуырдзинад, мæ хæстæджытæ æнахуыргонд кæй уыдысты æмæ, мæ алыфарс цы æнæуаг митæ уынын, æппæт уыдæттæн сæ бон у мæн къуырцдзæвæнмæ батæрын. Фæлæ мын иу сем сем фæуæд. Ацы рæдыдæй æз стыр хатдзæгтæ скæндзынæн. Бузныг, стыр бузныг. Ныр мын мæ равзæрст фæндагæй фæстæмæ здæхæн нал ис. Чи зоны, искуы фæцудон, фæлæ фыдраконддзинад нæ сараздзынæн; мæ къах скъуырдзынæн, фæлæ хаугæ нæ акæндзынæн. Мæ зæрдæ æхуыргонддзинадæй сфæлмæн æмæ йæ аиппытæ æмæ сахъæттæ нал схъæбæр кæндзысты.

Иуцасдæр хъусæй алæууыд.

Цы худинаджы уавæры бахаудтæн, уый мæхицæй хуыздæр ничи 'мбары. Зæххы скъуыды аирвæзынил дæр сразы уаин, фæлæ цы 'рцыди, уымæн раздахæн нал и. Дæумæ кæй æрбацыдтæн, ууыл фæсмон кæнынæй та никуы банцайдзынæн!

В ы ш н е в с к и й (*сыстад*). Уæдæ фесæф ардыгæй!

Ж а д о в (*коммæгæсхуызæй*). Ацæудзынæн. Полинæ, ныр дæ бон у дæ мадмæ ацæуын, нал дæ бауромдзынæн. Ныр мæхиуыл гадзрахатæй нал рацæудзынæн. Кæд хъысмæты афтæ бафæнда, æмæ мын æрмæст хус къæбæрæй цæргæ æрцæуа, уæд хæрдзынæн уыцы хус къæбæр. Хъæздыгдзинад æмæ мулкмæ никуы бабæлдзынæн. Хъуамæ æз алы адæймагмæ дæр комкоммæ, æнæкъæмдзæстыгæй кæсон, зæрдырайæ кæсон æмæ цæуон, гæртамхорты æнаггаг митæ хурмæ кæм калынц, уыцы сатирæтæ æмæ комедитæм, худон сыл хъæлæсыдзагæй. Мæ цард æрмæст фæллой кæнын æмæ хъизæмæрттæ æвзарын куы уа, уæддæр никуы ницæмæй рахъаст кæндзынæн. Мæхи бафæдзæхсдзынæн иунæг Хуыцауыл, æнхъæлмæ кæсдзынæн æрмæстдæр уый хорзæхмæ.

Иучысыл рæстæг хъусæй алæууыд.

Дæргъвæтин къæвдаты фæстæ хурмæ куыд фенхъæлмæ кæсынц, афтæ æнхъæлмæ кæсдзынæн, гæртамхор уголовон тæрхонæй æхсæнадон тæрхон карздæр хонын куы райдайдзынæн,

уыцы рæстæгмæ.

В ы ш н е в с к и й (*сыстад*). Æз дæ мæхи дыууæ къухæй ныххурх кæндзынæн! (*Дзой-дзой кæны.*) Юсов, цыдæр кæнын. Мæ уатмæ-ма мæ ахон. (*Юсовимæ ацыд.*)

**Фæндзæм фæзынд**

В ы ш н е в с к а я, Ж а д о в, П о л и н æ, чысыл фæстæдæр та Ю с о в.

П о л и н æ (*Жадовмæ бацыд*). Ныууадзынмæ дæ хъавын, уый дæ æцæг бауырныдта? Уый æз барæй афтæ дзырдтон. Ардаугæ мæ скодтой.

В ы ш н е в с к а я. Бафидаут, мæ сывæллæттæ.

Жадов æмæ Полинæ кæрæдзийæн ба кæнынц.

Ю с о в (*къæсæргæронæй*). Дохтыр! Дохтыр!

В ы ш н е в с к а я (*къæлæтджынæй фестгæйæ*). Цы 'рцыди?

Ю с о в. Аристарх Владимиры фырт цыдæр кæны.

В ы ш н е в с к а я (*ныллæг хъæлæсæй*). Æллæх! (*Къæлæтджынил фæстæмæ йæхи 'руагъта.*)

Полинæ тарстхуызæй Жадовмæ йæхи нылхъывта; Жадов йæ къухæй стъолыл æнцой кæнгæйæ йæ сæр æруагъта. Юсов фыртæссæй цы акæна, уый нал зоны, афтæмæй дуары цур лæууы.

*Æ м б æ р з æ н.*

*Дзасохты Музаферы тæлмац*

ГОБЕТИ Матвей

# СОЦЪА, ÆДЗÆСТУАРЗОН

Уогæ ба дессаг куд нæй, адæми 'хсæн цæрæ, дæхе рæсугъд æвдесæ, ходæзмолæй де 'мбæлттæмæ идзулæ, цæстуарзон каст сæмæ кæнæ, уотемæй ба дæ реуи сау маргæйдзаг зæрдæ дарæ. Лæгигъæдæй дæ идард. Хуцау дин нæ равардта еци хуарз минеугутæй хай, уомæ гæсгæ ба медæгæй фицис, дæ маст æндæмæ тонуй, фал дæхе уорамис æнæбари. Фал ин еу уæхæни ба æнæратонæн нæййес æма уæд исбæрæг уодзæй, ка дæ æма ци дæ, е.

Аци гъудитæ хаунцæ раздæриккон царди хæттитæмæ, уæдта ма, æвæццæгæн, разиндзæй нуртæкки дæр не 'хсæн уæхæнттæ.

Мæ гъудитæ мæ цæмæдæргæсгæ фæххастонцæ нæ евгъуд цардмæ.

Нæ Иристони дзæвгарæ адтæй, æ цард адæмæн ка снивонд кодта, æппунæдзох дæр æ сæйраг мæтæ дзиллæбæл кæмæн адтæй, уæхæнттæ. Октябри революций фæсте нæуæг цард ка аразта, уонæн гъай-гъайдæр æнцон н' адтæй. Мæгур, æнахургонд адæми хонхæй будурмæ раледзун кæнæ, уоми ба сæ нæуæг коллективон цардбæл аразæ.

Еци разамонгутæ хуарз æма арф гъудити хæццæ се 'рух фахадтонцæ, куд хуæздæр æма рæсугъддæр рауæнти æрцæрун кæнæн, хуæнхбæстæй ка ралигъдæй будурмæ, уони, уомæ.

Зæгъæн, дон кæми н' адтæй, уордæмæ дон рауадзæ, Сурх-Дигори скъола аразæ, коллективон хæдзарадæ федар æма иразун кæнæ. Еци гъуддæгутæ нæ республики партий обком кæбæл бафæдзахста, уони раззагдæртæй ба адтæнцæ Арсæгти Горга, Тауасити Слангерий, Цæгъати Дзабола æма иннетæ. Етæ æхсæвæ-бон нæ зæгъгæй, айдагъ Сурх-Дигори гъæуи цæргути фарстатæ нæ лух кодтонцæ, фал æнæгъæнæ нури Дигори æма Ирæфи районмæ ци гъæутæ хаудтæй, уони фарстатæ дæр.

Уæди рæстæги еци ахургонд, адæми цардбæл мæтæгæнæг лæгтæ нæуæг цард фæххуæздæр кæнунбæл тохи ку бацудæнцæ, уæд æдзæстуарзон, соцъа æма фæстеизад, некуцон, ду ба фæстеизад ку бадæ, царди стур къæпхæнтæмæ уæлдæр ку не 'схизттæ, кадæ

æма радæй ку нæ фæццардтæ, дæ адæми æхсæн ниллæг бунати ку байзадтæ, æнæцæстуарзон, сау зæрдæ.

Берæ цъифкалæн гъуддæгутæ фæккодтай раст æма кадгин, зундгин æма ездон адæмбæл.

Испайда кодтай ду дæр дæ некуцон зундæй æма сау халони къæхтæй фæффинстай сау марг гъудитæ раст æма кадгин Арсæгти Горгабæл, Цагъати Дзаболабæл, Миндзайти Къолабæл, Тауасити Слангерибæл æма уони æмбæлттæбæл.

Фал уин уæддæр неци бантæстæй. Дзабола æма Къола, Горга æма Слангерий ци уагбæл аразтонцæ цард, е ниффедар æй. Æма кæд сæхуæдтæ нæбал æнцæ, уæддæр сæ кадæ, сæ ном абони дæр æй æ бунати федар, ци нæ син бантæстæй, уой ба идарддæр царди рауагътонцæ сæ цæуæт, сæ кæстæртæ. Уонæн æрдзæй лæвæрд адтæй федар æма арф зунд. Иронхуати нæ байзадæй сæ кадæ дæр. Куд фæззæгъунцæ: «Фиди фарнæ мæрдтæмæ нæ цæуй», зæгъгæ, уотæ сæ цæуæт рæдуд, фесинмæ фæндагбæл нæ рацудæнцæ, адæми æхсæн æнцæ æгъдаугин, кадгин, нимади.

Дзабола æма Къолай цæуæтæн некæд неке бафедис кодта, ома, адæми знæгти цæуæт айтæ, зæгъгæ. Ахур кодтан еумæ æма не 'мбæлттæй беретæ зонгæ дæр нæ кодтонцæ, сæ фиддæлтæ ахæст ке адтæнцæ, уой. Мадта нæуæгдзаути лагертæмæ дæр æрвист цудæнцæ, куд ахури раззагдæртæ, æгъдауæй ба фæнзуйнаг, уотæ.

Дæлдæр нигги лæмбунæгдæр æрдзордзæнæн, Дзабола æма Къолай цæуæт ка адтæнцæ, ци бунат ахæстонцæ æма ахæссунцæ советон царди, уобæл.

Дзаболай хестæр зæнæг Варæ царди ци бунати адтæй, уæдта уомæй кæстæртæ дæр, е ба адтæй сæ ездон мадæ, Бæзити Инали кизгæ Гозинкай фæрци. Бæзитæ сæхуæдтæ дæр адтæнцæ ездон, косагæ, æгъдаугин.

Гозинка дæр еци ацъагъуæ уордигæй рахаста æма кæмæ æрцудæй, еци муггагæн дæр еци хуарз минеугутæй идарддæр фœдардæр кодта сæ цард, адтæй рохс æгъдæуттæбæл хуæцæг æма уомæ гæсгæ ба, ке гъомбæл кодта, еци кæстæртæ дæр сæ царди иссердтонцæ раст æма рæсугъд фæндаг.

Сæ хестæр кизгæ Вера рабфак каст ку фæцæй, уæд косун райдæдта Сурх-Дигори скъолай ахургæнæгæй, фал æ царди идарддæри нисан ба адтæй уæлдæр ахурадæ райсун. Бацудæй институтмæ æма 'й каст фæцæй хъæбæр хуарз бæрæггæнæнти хæццæ.

Уой фæсте ин фæндаг байгон æй аспирантурæмæ, фæстæдæр ба багъæуай кодта диссертаци æма иссæй историон наукити кандидат. Дзæвгарæ рæстæгути фæккуста институти æма ин устур аргъ кодтонцæ куд е 'мкосгутæ, уотæ ке ахур кодта, еци студенттæ дæр.

Æ царди æмбал Мæхæмæтти Æхсар дæр куста институтти. Уомæн дæр æ цард баст адтæй науки хæццæ. Иссæй историон наукити доктор. Нимад адтæй Цæгат Кавкази наукон косгути æхсæн тæккæ хъарæгиндæртæй еуебæл. Берæ нисантæ, берæ æрдæгконд гъуддæгутæ ин байзадæй. Гъулæггагæн, æ цард æнæнгъæлти фæцæй.

Дзабола æма Гозинкай дугкаг кизгæ Анастасия разиндтæй хъæбæр хуæрзарæхст ахур кæнунмæ. Сурх-Дигори астæуккаг скъола каст фæцæй хъæбæр хуарз бæрæггæнæнти хæццæ. Уой фæсте ахур кæнунмæ бацудæй педагогон институтмæ æма 'й каст фæцæй сурх дипломи хæццæ. Анастасия ахур фæууни фæсте уорæд æрцудæй институти æма ахур кæнун райдæдта аспирантури. Багъæуай кодта диссертаци æма иссæй филологон наукити кандидат. Анастасия косун райдæдта наукон ертасæн институти æма нæудæс анзей  дæргъи фембурд кодта Иристони географион нæмттæ æмæ сæ равзурд. Багъæуай кодта наукити доктори диссертаци.

Зин зæгъæн æй, цæйбæрцæ хъарæ æма рæстæг багъудæй, æ размæ ци ихæс æрæвардта, уой исæнхæст кæнунбæл, е. Фал æй æнтæстгинæй исæнхæст кодта. Æ наукон кустæн ин устур аргъ искодтонцæ Абайти Васо æма иннæ устур ахургæндтæ. Васо загъта: «Ирон адæм разæнгардæй цæунцæ науки бæрзæндтæмæ æма син æнтæсгæ дæр кæнуй». Æ радзубандий ке кой ракодта, уони æхсæн ранимадта Анастасияй дæр. Настя адтæй Иристони силгоймæгти æхсæн науки доктор ка иссæй, уони фиццæгтæй сæ еу. Ес имæ, 70 наукон кустемæй фулдæр.

Настяй берæ куститæ устур бунати æвæрд æнцæ куд университети, уотæ наукон-ертасæн институти дæр. Æ фурт Владимир дæр иссæй биологон наукити кандидат.

Дзаболай фурт Николай дæр Сурх-Дигори астæуккаг скъола каст фæцæй хуарз бæрæггæнæнти хæццæ. Уой фæсте ахур кæнунмæ бацудæй историон факультетмæ æма уой дæр каст фæцæй æнтæстгинæй. Куста скъолай ахургæнæгæй, фæстæдæр ба рацудæй партион, æхсæнадон кустмæ. Кæмидæриддæр адтæй рæстдзийнадæбæл дзорæг. Æвæццæгæн, æ фиди лæгдзийнæдтæй

хайгин адтæй, тох кодта æнæраст гъуддæгути нихмæ. Æй адæмуарзон, æмбалуарзон.

Дзаболай кæстæр кизгæ Мария æ цард баеу кодта Диготи Абисали хæццæ. Æ цардæмбал Абисал институт каст ку фæцæй, уæд берæ æнзти дæргъи фæккуста завод «Янтар»-и сæйраг инженерæй. Кæддæриддæр нимад адтæй фæлтæрдгун специалистбæл.

Маруся каст фæцæй астæуккаг скъола Сурх-Дигори æма ахур кæнунмæ бацудæй медицинон институтмæ. Институт каст ку фæцæй, уæд ин байхæс кодтонцæ институтти студенттæн лекцитæ кæсун. Уомæй уæлдай ма сæйгæдони студенттæн лæвардта æ зонундзийнæдтæ практикон æгъдауæй. Нимад адтæй хъæбæр хуарз дохтурбæл.

Сæйгитæй Марусяй пъалатæмæ ка бахауидæ, етæ уой фæстæ иннетæн дæр уотæ зæгъиуонцæ, - байархайæ, цæмæй Марусяй къохмæ бахауай, зæгъгæ. Гъе, уæхæн дессаги зонундзийнæдтæ имæ адтæй.

Дзабола æма Гозинкай цæуæт раст фæндагбæл ке рацудæнцæ, е син адтæй сæ ниййергути фæрци, кæцитæмæ адтæй устур æма федар зунди хъарæ, æгъдау æма 'й кæстæртæ дæр идарддæр рахастонцæ - амондæй цæрæнтæ кади хæццæ.

Нур ба мæ зæгъун фæндуй Миндзайти Къалай æма æ бийнонти туххæн. Къала адтæй æцæг раст партион косæг, адтæй фæлтæрдгин коммунистбæл нимад æма ин аргъ дæр уотæ кодтонцæ. Фал е дæр соцъа, æлгъист адæймæгути илгъаг цъухи фæрци Дзаболай хæццæ ахæстдони равзурстæй.

Берæ адæмти зæрдæ сæбæл фæрристæй, æнæуарзонти фæндон фæцæнцæ, фал абони дæр сæ тох нæуæг цард аразунбæл, рохс цардмæ адæми ракæнунбæл ке адтæй, е иронх нæй.

Къалай æ уарзон цардæмбал Хъодзасон Баринкъайæй ку рахецæн кодтонцæ, еци æнамонд цъуххæсгутæ, уæд æ хъарæ, æ нифс нæ басастæй. Баринкъа берæ сувæллæнтти хæццæ седзæргæсæй райзадæй. Къвала æма Баринкъайæн исæнтæстæй æртæ битдзеуи æма дууæ кизги. Рæсугъд, тумугъ бийнонтæн адæми цæстæ уарзта хуарздзийнадæ. Сæ цийнæбæл син хæстæгутæ, хеуæнттæ, зонгитæ цийнæ кодтонцæ. Фал сæ царди цийнæ берæ нæ рахаста. Цъуххæсгутæ еу сау гæгъæди инней фæдбæл æрвистонцæ оргæнтæмæ. Уони нисан адтæй гъæударæг курухон лæгтæ Дзабола æма Къалай фесафун. Фал адæм уæддæр абони дæр зонунцæ еци дууæ лæгей рæстдзийнадæ. Фал знаг-цъуххæссæг мæнгард æма

ӕдзӕсгон адтӕй, уӕдта алкӕддӕр уодзӕнӕй.

Адӕмбӕл зин бон ӕрбакодта, фал уӕддӕр гъӕддугъ фӕллӕудтӕнцӕ, сӕ хъаритӕ ӕрбаеу кодтонцӕ, колхозтӕ фӕффедардӕр ӕнцӕ, нӕуӕг цардарӕзт итингӕй-итингдӕр кодта. Цард бонӕй-бонмӕ кодта федардӕр, рӕсугъддӕр. Къала ӕма Баринкъай цӕуӕт дӕр ирӕзтӕнцӕ, гъомбӕл кодтонцӕ.

Баринкъа – берӕ сувӕллӕнтти мадӕ, ӕ цӕнгтӕ бафест кодта, е уӕнгтӕ нӕ бампулдӕнцӕ, фал нийййагайдта къолхози кусти, хӕдзари. Райдӕдта фӕллойнӕ кӕнун ӕма ӕ цӕуӕти царди рӕнгъӕмӕ рахъӕртун кодта.

Сувӕллӕнттӕй ка куд ирӕзгӕ цудӕй, уотӕ е 'нхуси хай кодта мадӕн. Цӕуӕти хестӕр Виктор скъолай адтӕй фиццӕгти хӕццӕ. Адтӕй дессаги хуӕрзконд лӕхъуӕн. Институти фиццаг курси ку ахур кодта, уӕд уайтагъд бафеппайдтонцӕ, устур скурдиадӕй хайгин ке 'й, уой. Фал, гъулӕггагӕн, арфгъудигӕнӕг, лӕмбунӕг, ӕгъдаугин Викторӕн ӕ цард фӕцӕй цубур рӕстӕгмӕ, бӕргӕ ма тох кодта ӕ уӕззау нези хӕццӕ, фал ибӕл е фӕхъхъӕбӕрдӕр ӕй. Ӕ хъаурӕгин зунди фӕрци не 'вдиста ӕ тухстдзийнадӕ. Рохсаг уӕд.

Къалай иннӕ фурт Владимир каст фӕцӕй Сурх-Дигори астӕуккаг скъола ӕма ахур кӕнунмӕ бацудӕй гъӕууон-хӕдзарадон институтмӕ. Ӕнтӕстгинӕй ӕй каст фӕцӕй ӕма косунмӕ ӕрвист ӕрцудӕй Чиколай колхозмӕ агрономӕй. Ӕ хуарз, лӕмбунӕг кусти туххӕн ин кодтонцӕ устур аргъ цӕргутӕ. Институти ци зонундзийнӕдтӕ райста, уонӕй уӕрӕх пайда кодта колхози кусти.

Партий рӕнгъити угӕй дӕр равдиста устур арӕхстдзийнадӕ ӕма имӕ сӕ цӕстӕ ӕрдардтонцӕ партий обкоми косгутӕ. Владимири иснисан кодтонцӕ Ирӕфи райони партий райкоми секретарӕй. Владимир хуарз зудта райони цӕргути царди уавӕртӕ, ӕ раст амунди фӕрци район нимад цудӕй республики раззагдӕртӕй еуебӕл. Владимир ӕхебӕл хъӕбӕр лӕмбунӕг куста, ӕ зонундзийнӕдтӕ адтӕнцӕ федар ӕма уӕрӕх, фал ма 'й фӕндадтӕй идӕрддӕр ахур кӕнун ӕма 'й партий обкоми унаффӕмӕ гӕсгӕ рарвистонцӕ Мӕскуй уӕлдӕр партион скъоламӕ. Каст ӕй фӕцӕй хъӕбӕр хуарз бӕрӕггӕнӕнти хӕццӕ.

Дзӕвгарӕ рӕстӕг фӕккуста Дигори райкоми партий фиццаг секретарӕй. Нимад адтӕй республики тӕккӕ фӕлтӕрдгиндӕр косгутӕй еуебӕл. Ӕппунӕдзох дӕр кодта адӕми мӕтӕ, адтӕй адӕмуарзон, фал ин цард берӕ рӕстӕг нӕ бахай кодта. Ӕ тӕккӕ

лæги кари бацудæй е 'носон дуйнемæ.

Æ цардæмбал Розæн æ байуантæ нæ никкалдæнцæ, абони дæр ма косуй ахургæнæгæй, уомæн æма сæ кæстæрти царди рауадзун гъудæй. Сæ фурт Игорь иссæй дæсни хирург, сугъзæрийнæ къохти хецау. Хуцауæй æ хъиамæтгун фидæ æма мади фæндон фæккæнæд.

САКЪИТИ Сергей

# КИЗГАЙ ÆМА АТАБИЙИ ТАУÆРÆХЪ

## 1.ÆНХУÆЦФАРС КИЗГАЙ

Дигоргоммæ цæугæй, Чикола æма Æхсæрисæри астæу ци мæскъитæ, гъæди къохтæ, мæртæ ес, етæ Цъойти мæртæ ке хуннунцæ, уой ка нæ зонуй, уæхæн адæймаг берæ нæййес. Мæ фидæ мин куд дзурдта, уотемæй раги кæддæр Цъойти мæри адтæй цæрæнуат гъæу. Худтонцæ æй «Цъойи гъæу». Цардæй си берæ цалдæр муггаги: Елхъантæ, Хъабантæ, Хъараонтæ, Хъæрæгъæстæ, Дзугутæ.

Сæ цæрæн хæдзæрттæ конд адтæнцæ уестæй бид, сахъарали ке хонунцæ, уæхæн. Сæ сæртæ ба син æмбарзтонцæ хъæзæ, цъизæ, гъæмпæ æма хъамилтæй. Кодтонцæ зæнхæ æма фонс даруни куст. Сæ хумзæнхитæй хастонцæ нартихуар, хъæбæрхуар æма иннæ листæг халсартæ. Фонс ба фулдæр дардтонцæ къамбецтæ, уомæн æма къамбец тæвдæн дæр, уæдта саскъæ æма биндзæн дæр бухсондæр æй. Гъæу адтæй уомæл æма цъимара рауæн.

Тауæрæхъ кæбæл байзадæй, уонæн сæ муггаг адтæй Дзугутæй. Абони дæр ма ес сæ муггагæй рацæугæ цæргутæ Иристони гъæути. Хæдзари хецау хундтæй Дзугъур. Дзугъур æма æ цардимбал Цъойи гъæуи нимад адтæнцæ цæрунгъон, гъæздуг, фæнсгин хæдзарæбæл. Фал син сæ берæ фонс, мулкитæ донадæ дæр нæ кодтонцæ: сувæллон син не 'нтæстæй. Фал, куд фæззæгъунцæ, æнгъæлдзау нæ фæллайуй, зæгъгæ, уоййау сæ уæгæ нæ мардæй. Уарзон æма лимæнæй цардæнцæ сæ гъæубæсти.

Дзугъур адтæй хæтæг лæг, кадгин дзурддзæугæ лæгбæл нимад. Адтæй ин берæ зонгитæ, лимæнтæ æма æрдхуæрдтæ, айдагъ сæхе гъæуи æма Иристони нæ, фал ма синхаг бæсти хæйтти дæр - Кæсæг-Балхъари, Хъæрæсей. Фал æ зæрдиуаг хъæбæрдæр кæмæн игон кодта, еци æссон æрдхуард ба ин се 'гасемæй дæр зинаргъдæр адтæй. Хонгæ дæр æй кодта Æссон. Дзугъур æхуæдæг дæр æссонау дзорунмæ дæсни адтæй. Æвæццæгæн, еу æма дууæ хатти

нæ фембалдæй æ æссон æрдхуарди хæццæ, е 'взагæй кæмæн базудта.

Бон цæуй æма фарнæ хæссуй: цæйбæрцæдæр рæстæги фæсте æнæнгъæлтæбæл Дзугъурæн æ цардимбал æнгъæлдзау разиндтæй. Æнæуодбарæ силгоймаг æхебæл дæр не 'ууæнттæй æ фур цийнæй. Фал, куд фæззæгъунцæ уотæ, еци гъуддагæн римæхсæн нæййес.

Синхбæсти, гъæубæсти рахæлеу æй Дзугъури царди 'мбали хабар, æма 'й дзурдтонцæ кæрæдземæн гъос-гъосæй. Дзугъур æма æ царди 'мбалбæл хор бакастæй. Куд нæ цийнæ кодтайуонцæ, ци хуарздзийнадæмæ бæлдтæнцæ, е сæбæл æрцæугæй. Арфæмæ сæмæ цудæнцæ, айдагъ сæхе гъæу æма синхбæстæ нæ, фал ма фæрсаг гъæутæй дæр. Хабар райгъустæй æ хуарз æссон æрдхуардмæ дæр æма е дæр æрбахъæрттæй еу цалдæр лæгей хæццæ арфæмæ, Дзугъури царди 'мбалæн зинаргъ лæвæртти хæццæ. Дзугъур синхи кæстæртæмæ фæдздзурдта косарт кæнунмæ. Æрхудта синхи хестæрти, æма ма ду дæр уоми ку фестадайсæ, уæхæн цийнаг фингæбæл.

Бæнттæ æма æхсæвтæ даргъдæрæй-даргъдæр кодтонцæ Дзугъур æма æ царди 'мбалбæл. Уотæ фæууй æнгъæлдзауи гъуддаг. Æнгъæл кастæнцæ сæ фараст мæйей бонмæ, сæ хори скастмæ. Сæри магъзи гъудитæ цæхъал кодтонцæ дууæ æмбалемæн, циуавæр игурд нæмæ фæззиндзæнæй, зæгъгæ. Цидæр адтæй, уæддæр рæстæг æхе агоруй æма æрхъæрттæй. Синхи силгоймæгтæ бамбурд æнцæ Дзугъури хæдзари, куд фæууй, уотæ. Дзугъур хабар ку балæдæрдтæй, уæд æ бæхбæл саргъ исæвардта æма цауæни рандæй æхсæвеуатæй. Еудзурдæй, æхе райста хæдзарæй, цæмæй сагъæси уацарæй фæууæгъдæ адтайдæ, уой туххæн.

Сæумæй куддæр хор æ цæстæ æрбадардта, уотæ Дзугъур Хуцаумæ искувта æма рараст æй æ хæдзарæмæ. Гъæугæрон куддæр æрбазиндтæй, уотæ гъæуи кæстæртæ, æз бараздæр уон, уотемæй хуæрзæнгорæги уайунцæ. Дзугъур бæх æ фæсте ласта, фал фæсевæди ледзгæ ку фæууидта, уæд æ бæхбæл æхе багæлста æма уайтагъд сæ рази балæудтæй. Райгъустæй биццеути дзурд: минкъий биццеу уæмæ ес, зæгъгæ. Дзугъурæн æ къæхтæ æ буни бадонзонуг æнцæ æ фур цийнæй æма æ медбунат æрбадтæй Хабархæссæг биццеутæн фæхъхъуритæ, фæййарфитæ кодта æма сæ барæвдудта, æ равгæ куд адтæй, уотæ. Дзугъур æ хæдзари

баййафта гъæубæсти хестæрæй кæстæри уæнгæ, æ цийнаг хабарбæл ин цийнæ кодтонцæ. Дзугъур раарфæ кодта синх-гъæуæн. Дзугъур æма æ царди 'мбал исфæндæ кодтонцæ сæ биццеуæн кувд скæнунбæл æма райдæдтонцæ кувди рæвдзитæ кæнун. Æрцæттæ кодтонцæ, хуæрдæ, ниуæзтæй цидæриддæр гъудæй, уони æма æртæ бони раздæр рарвистонцæ хонгутæ синхон гъæутæмæ, синх-гъæубæстæмæ.

Дзугъурæн е 'ссон æрдхуард æма кæсæги ци зонгитæ, лимæнтæ адтæй, уонæмæ ба æхецæн цæугæ рауадæй кувди хабар фегъосун кæнунмæ. Æ бæхбæл саргъ байвардта æма рабалци кодта Ассимæ. Изæрмелти Дзугъур бахъæрттæй е 'рдхуарди хæдзарæмæ. Бахуаста дуар æма имæ хæдзари хецау ракастæй. Дууæ æрдхуарди кæрæдзебæл куд нæ бацийнæ кодтайонцæ. Æ бæх ин багъуд кодта фусун æма медæмæ бацудæнцæ. Берæ дзубандити фæсте ин фусун загъта: "Кæдæй кæрæдзей зонæн, уæдæй дæ аци хаттæй игъæлдзæгдæрæй некæдма фæууидтон. Цидæр хуарз хабар æрцудæй, е бæрæг æй".

- Уо, æдæуагæ хуарз мæбæл æрцудæй. Ацал-ауал анзи ци хуарздзийнадæмæ фæббæлдтæн, е мæбæл æрцудæй. Сæр нæбæл бафтудæй, ходгин, мæ хъиамæттæ бустæги дзæгъæл нæ фæцæнцæ. Нæ мæрдтæ нин ка байвæра, Хуцауæн табу уæд, уæхæн нæмæ исæнтæстæй.

- Хуцау æй цæруни игурд фæккæнæд æ мадæ æ фиди фæндон, - бафтудта ибæл æссон æрдхуард. - Гъе хъæбæр æхсицгон хабар æй. Æгайтима ме 'рдхуардæн æ зæрдæ барохс æй. Æвæдзи, уотæ ку зæгъон, дæуæй мæнæн æхцæуæндæр æй, зæгъгæ, уæд раст нæ уодзæнæй, фал дæ цийнæй дæр, дæ зинæй дæр мæхецæн хай райсунмæ алкæддæр цæттæ дæн.

Æссон æрдхуард æ царди 'мбалмæ фæдзурдта, тагъд æртæ къерей ракæнæ, мæнæ ме 'рдхуардбæл устур хуарздзинадæ æрцудæй, 'ма ин раковæн.

Цалинмæ æфсийнæ финги æгъдау рæвдзæ кодта, уæдмæ дууæ æрдхуарди сæ царди хабæрттæ кодтонцæ.

- Мадта дæбæл æй ку римæхсон, уæддæр раст нæ уодзæнæй, махмæ дæр нæуæг игурд ес, æрмæст махæн сæрбæттæнгин æй. Махбæл дæр уæхæн хуарз æрцудæй. Æртæ биццеуей фæсте нин кизгæ исæнтæстæй.

- Хуцау уин æй цæруни игурд фæккæнæд. Нарти Сатанай хузæн кизгай исо, дæ мадæ дæ фиди фæндон.

Уойадæбæл кизгæмæ дзорун райдæдтонцæ имонаудæрæн «Кизгай».

Сæумæй Дзугъур æ нæхстæрбæл бафæдзахста æ фусунæн; мæ цийни фингæ æнæ дæу нæ федаудзæнæй æма исаггаг кæнæ. Фегъосун кодта æ еугур кæсгон лимæнтæ æма зонгитæн дæр.

Æртиккаг бон Цъойи гъæуи Дзугъури кувдмæ æрæмбурд æнцæ берæ адæмтæ, æд хонх æд будур, Ассиæй, Кæсæгæй, æ лимæнтæ, æ зонгитæ. Кувди бадт æ тæмæни ку адтæй, уæд финги хестæртæ унаффæ рахастонцæ, биццеубæл ном дæр исæвæрæн, зæгъгæ, æма хæлдтæ кæнун байдæдтонцæ. Уалинмæ Дзугъури æссон æрдхуард хатир ракурдта финги бадти хестæрæй æма загъта:

- Æз аци хæдзари, аци гъæубæсти фиццаг æма дуккаг хатт нæ фембалдтæн, фал нæ Хуцау кæрæдземæн бауарзун кодта, æма кæдæй кæрæдзей базудтан, уæдæй кæнæн нæ цард уарзон æма лимæнæй. Адтæй мин еунæг æнсувæр. Хундтæй Атабий, фал ин Хуцау æндæр хузи тæрхон искодта. Æ лæхъуæни дзамани ку бацудæй, уæд ин царди æмбал æхе амундмæ гæсгæ агорун байдæдтан. Сос федуд бакодтан. Фал ин Хуцау ци тæрхон рахаста, уой раййевун нæ бон не 'ссæй. Зæйи буни фæцæй. Æ уарзон кизгæ байзадæй саударгæй (курдуати). Кæд æнгъезуй, уæд æз дæр мæ фæндон хæссун æма мæн номæн дæр халæ искæнтæ. Æвæрун ибæл мæ еунæг исæфт æнсувæри ном «Атабий».

Уотемæй биццеубæл ном æвæрд æрцудæй Атабий.

Æнзтæ цудæнцæ. Атабий багъомбæл æй. Æ мадæ æма æ фидæн æнхусгъон иссæй. Адтæй косагæ, цæрдæг, æвзигъд биццеу. Уиндæй рæсугъд, иуонггин. Еу загъдæй, алли лæгигъæдæй дæр æнхæст игурд ке фæххонунцæ, уæхæн. Æ фидæ Дзугъур æй арæх-еу фæххонидæ Ассимæ е 'рдхуарди хæдзарæмæ.

Мадта Кизгай дæр æнæ лæгигъæдгундæр н' адтæй. Сахи рæсугъд ке фæххонунцæ, уæхæн кизгæ. Уой хæццæ ба ма ин æрдзæй рахаста уæхæн лæвар дæр, кæцимæн ракой гæнæн нæ адтæй. Куддæр ма æй æхе хæдзарвæндагæй фæстæмæ есге базудтайдæ, уæд, дан, ин цæрæн н' адтæй. Уæхæн сосæггаг адтæй æнхуæцфарси хабар раги дзамани. Кизгайи æ мадæ, æ фидæ зудтонцæ, æнхуæцфарс ке адтæй, уой, æма 'й цæсти гагуйау гъæуай кодтонцæ. Æ мадæ æй авдæни ку ниббæттидæ, уæд ку райгъал уидæ, уæд æ къохтæй авдæни бæдтæнтæ истонидæ. Гъе, уæхæн хъаурæ рахаста æ мади губунæй Кизгай. Ку фæллæдæргæдæр æй, уæд ин æ мадæ амудта, æхе ин куд даргæй, уой.

Атабий æма Кизгай нæ зудтонцæ, сæ фиддæлтæ сос федуд ке адтæнцæ авдæнæмæ, уой. Атабийи æ фидæ Дзугъур Ассимæ е 'рдхуарди хæдзарæмæ арæх худта, цæмæй Кизгай æма Атабий кæрæдзей зонгæ рацудайуонцæ, уой туххæн æма æцæгæй дæр уотæ рауадæй сæ гъуддаг. Кизгæ æма биццеу кæрæдзебæл бухст нæбал фæразтонцæ.

Рæстæг догъон бæхи хузон æй. Æнзтæ сæ куст кодтонцæ, цудæнцæ. Атабий уосгор лæхъуæн иссæй, Кизгай ба киндздзон кизгæ, æма æрдзи исконд лæварæй, нæлгоймаг æма силгоймагæн Хуцауæй ци тæрхонгонд æрцудæй, уомæй сæ хай агорун райдæдтонцæ. Атабий æма Кизгайæн сæ уарзондзийнадæ бонæй-бонмæ тухгиндæр кодта, сæ кæрæдзей фæууиндмæ бæлдтæнцæ. Бæнттæ æма сæбæл æхсæвтæ даргъæй-даргъдæр кодтонцæ, цубурæй уарзондзийнади арти сугъдæнцæ. Атабий, изæрæй, ку раталингæ уидæ, уæд æ бæхбæл саргъ багæлдзидæ æма Ассимæ æ уарзон кизгæ уинунмæ бамедæг уидæ. Рагон æгъдаумæ гæсгæ, ходуйнагбæл нимад адтæй сиахсæн æ каууестæмæ бони рохсæй цæун. Уомæ гæсгæ, Атабий е 'хсæвæ рарветидæ фæндагбæл.

Еу бон æ цардимбалмæ дзоруй Дзугъур:

- Не 'фсийнæ, рæстæг догъон бæхи хузæн æй, æнзтæ бæнттау ледзунцæ, мах ба нур нæуæггæнгæ нæбал цæудзинан, æма нæ цæстæ æгасæй, нæ еунæгæн цардимбали гъуддаг бакæнæн.

## 2.ЦЪОЙИГЪÆУИ ХУÆДÆЛДАР

Цудæй фæззæг. Адæм сæ фæззигон куститæ бакодтонцæ зумæги дуармæ. Дзугъурæн амонун нæ гъудæй, кæд ин ци гæнгæ адтæй, уой. Еу рæсугъд фæззигон изæр бамбурд кодта синх-гъæубæсти хестæрти, æма син балæдæрун кодта æ киндзхунди хабар. Хестæртæ Дзугъури хæдзари еумæйаг унаффæ ку балæдæрдтæнцæ, уæд æмхузонæй раарфæ кодтонцæ:

- Хуцаумæ фегъусæд аци хуарз хабар, æма 'й Хуцау хуарзæй банхæст кæнæд.

Дзугур хестæртæн балæдæрун кодта, æ сос федуди хабар авдæнæмæ ке адтæй, кæми æма ке кизгæ æй, уой.

Гъæубæсти рахæлеу æй сæ уарзон гъæуггаги хуарздзийнади хабар. Цъойи гъæу базмалдæй, æнгъæл кастæнцæ, циуавæр дзуаппи хæццæ æрбацæудзæнæнцæ минæвæрттæ, уомæ. Æхсæвæ еу афони минæвæрттæ æрфестæг æнцæ Дзугъури тургъи

игъæлдзæгæй. Уой фæсте мæ дууæ хатти фæццудæнцæ минæвæрттæ Ассимæ, æгъдаумæ гæсгæ, æма бафедудтонцæ. Исбæрæг кодтонцæ киндзхунди бон. Дзугъур рарвиста синхон гъæутæмæ бон раздæр. Иронхи бунати неке байзадæй.

Киндзхонтæ рарвистонцæ Ассимæ е 'рдхуарди хæдзарæмæ хъозон бæхгин къуари хæццæ.

Рагон æгъдаумæ гæсгæ, цалинмæ киндзæ хæдзарæбæл исæмбалдайдæ, уæдмæ киндзæхсæвæри фингæ, уæдта цийни тургъæй цæуни барæ н' адтæй. Ходуйнагбæл нимад цудæй. Киндзхунди бадт адæмтæн сæ зарун æма сæ фæндури зæлтæ Ирæфи дон рæвдудта. Адæм æнгъæл кастæнцæ киндзи фæззиндмæ. Уалинмæ киндзхонти разæй Дзугъури хæдзари дуармæ æрфестæг æй цалдæр æссон бæхгин хъозони, - уотæ адтæй Кæсæг-Балхъари æгъдау. Иннæ бæхгинти къуар ба киндзи ефхастонцæ.

Ærтæ бони æма æртæ æхсæви Цъойи гъæуи Дзугъури цийнæбæл фæццийнæ кодтонцæ финги бадт адæм.

Бæнттæ, мæйтæ цудæнцæ. Атабийи мадæ, фидæ, уæдта Атабий æхуæдæг нæ зудтонцæ, Кизгай æ мади ґубунæй æрдзæмæ ци хъаурæ рахаста – æнхуæцфарс, ке адтæй, уой. Фал адæм ци сосæггаг нæ базононцæ, уæхæн нæййес. Еу бони сæри ин æнæ исгъæр нæ фæуууй.

Кизгай е 'фсийни бæсти арæх цæун райдæдта къамбецтæ доцунмæ. Еу уалдзигон изæр Кизгай къибилай хæццæ бæргæ æрбадтæй къамбеци буни, фал ин и уæс доцуни равгæ нæ лæвардта. Бæргæ ин æ раззаг къæхтæ хуаста лæдзæгæй, фал кæми, лæдзæг расæдтидæ, цæф гъуди дæр нæ кодта. Кизгайæн æ хъаурæй испайда кæнуни равгæ дæр н' адтæй. Тарстæй, æ сосæггаг ку исгъæр уа, уомæй. Фал Кизгайæн гæнæн ку нæбал адтæй, уæд рамæстгун æй, æхе исæргъувта æма рагъæуæйттæ кодта фæйнердæмæ. Уинæг мæ нæййес, уой ку базудта, уæд къамбеци уæси йæ астæуистæги æркъйагæй райахæста æма 'й дууæ метрей бæрзæндæн горени сæрти рантъухта.

Еци рæстæги æ хецау Дзугъур рацудæй фенхус кæнунмæ æ киндзæн. Е 'нгаст фæцæй, æ киндзæ Кизгай, къамбеци уæси горени сæрти куд рантъухта, е, æма æ фур дессагæй лæугæ байзадæй: "А ба ци дессаг æй, уой асæ уæс уотæ рæуæг ка фелваста. Циуавæр хъаури хецау æй мæ киндзæ?" - дестæ тæмæсти бацудæй, кæд дзоргæ неци искодта, уæддæр. Цума неци фæууидта, уотæ æхе дардта, уæдта æ фурт Атабий æма æ царди æмбалæн дæр неци

исгъæр кодта. Дзугъур базудта, æ киндзæ Кизгай хумæтæги хъаури хецау ке нæй, уой. Æрмæстдæр, æ киндзæ Кизгай къамбецтæ доцунмæ ку цæуидæ, уæд æ хæццæ рацæуидæ Дзугъур æнхус кæнунмæ, уæситæ æртасунмæ.

Еу бон кæми адтæй, уоми Цъойи гъæуи зæронд лæгтæ нихæси тумугъи бадтæнцæ, тауæрæгътæ кодтонцæ, имистонцæ се 'взонги бæнттæ, зæрæндтæ куд фæдздзорунцæ, уотæ.

Еци рæстæги Цъойи гъæуи хурфæмæ æрбахизтæй еу цалдæр лæги саргъи бæхтæбæл, сæхе 'рдигонау дзубанди гæнгæй.

Иуазгутæй сæ еу дигоронау бон хуарз загъта нихæси бадæг адæмæн. Етæ дæр æд хестæр, æд кæстæр фестадæнцæ, 'ма хестæр раарфæ кодта иуазгутæн:

- Хуарз уæбæл æрцæуæд кæд хуæрзæг айтæ, уæд. Иуазæг – Хуцауи иуазæг, рабадетæ, кæд нæ нихæси бадæнтæ уæ зæрдæмæ цæунцæ, уæд.

Кæрæдзей къохтæ райстонцæ, æма æрбадун кодтонцæ иуазгути, сæ бæхтæ ба син кæстæртæ, нихæсæй еуварсгомау, бæхбæдтæн сагелгун цæгиндзæбæл бабастонцæ.

Нихæси бадт адæм, æд фусун, æд иуазæг нигъпъос æнцæ. Дзурд некебал цъухæй хаудтæй. Фусунтæ æнгъæл кастæнцæ, Хуцау зонуй, циуавæр гъуддаги фæдбæл æнцæ иуазгутæ, уомæ. Куд рабæрæг æй, уотемæй бæлццæнттæ разиндтæнцæ кæсæгæй. Дзугъур дæр си неке зудта, кæд ин зонгитæ, лимæнтæ адтæй кæсæги, уæддæр.

Иуазгутæ сæхе медастæу дзубанди кодтонцæ сæхи 'рдигонау – кæсгонау. Дзугъур æссонау дзорун бæргæ зудта, фал кæсгонау ба, е 'фстаг дзурдтæй фæстæмæ, дзорун нæ зудта, уæдта сæ лæдæргæ дæр нæ кодта.

Хестæр-хестæр æй, хестæрбæл берæ ихæстæ ес. Нихæси хестæр æхе архадта, дигоронау син бон хуарз ка загъта, еци иуазæгмæ æма 'й фæрсуй:

- Хатир бакæнæ, æнгъæлдæн, ду дигорон дæ?

Иуазæг дзуапп равардта, дигорон нæ дæн, фал еу минкъий ба арæхсун, зæгъгæ.

- Æма бахатир кæнæ, кæцæй айтæ, циуавæр æгъдауи фæдбæл æй балци? Кæд уæ, мийяг, æнхуси сæр гъæуй, табуафси нæ равгæ куд уа æнхусæй, уомæй нæхе нæ раласдзинан.

Бæлццон балæдæрун кодта нихæси бадт адæмæн:

- Мах ан кæсæгæй. Нæ балций сæр ба æй, адæми 'хсæн ка хатуй, кадгинбæл нимад ка цæуй, уæхæн æгъдау: тухæ æвзарун.

Хæтдзинан гъæутæбæл, ма кæд уæ гъæуи разинна хъаурæй тухгиндæр гъæбесæй хуæцæг, уæд гъæу уæгъдæгонд цæудзæнæй хъалон федунæй. Уæхæн уæмæ ку нæ разинна, уæдта феддзинайтæ хъалон кæсгон æлдарæн хæдзарæн къамбец. Къамбец кæмæ нæ уа, е ба æдуæс гъог кенæ ба дæс сæри листæг фонс, сæгътæ, фустæ. Цæугæ ба æрбакæндзинан æртæ боней фæсте.

Бæлццæнтти къуар сæ бæхтæбæл сæхе багæлстонцæ 'ма ниффардæг æнцæ. Цъойи гъæуи хестæртæ сагъæси бахаудтæнцæ, уæхæн игурд нæмæ ка разиндзæнæй, нæ зæронд цæсгæмттæ нин ка нихснæндзæнæй. Уобæл сагъæс кодтонцæ æхсæвæй-бонæй. Зæрдæ даргæ хъаури хецау ку нæ ирдтонцæ, уæд Дзугъур гъæуи хестæрæн æрдзурдта æ киндзæ Кизгайи хабар. Горени сæрти къамбеци уæси æ астæуистæги æркъиагæй куд фелваста, æма 'й куд фентъухта æндæгоренмæ, уой.

- Ходуйнаги бæсти ба мæлæтбæл дæр арази дæн, - загъта гъæуи хестæр.

Дзугъур æ киндзæбæл æ зæрдæ дардта, æндæра силгоймагæн уæхæн ихæс бакæнун зæгъунмæ дæр хъæбæр зин æй. Лæг билæй ку фæххауй, уæд синдзи къотæрбæл дæр фæххуæцуй. Гъеуи хестæр Дзугъури фæндонбæл исарази æй æма гъæуи нæуæг киндзæ Кизгаймæ минæвар искодтонцæ æ цардимбал Атабийи. Атабий дæр кæд æ уарзон царди 'мбал Кизгайи хæццæ берæ рæстæгутæ нæма рацардæй, уæддæр базудта, - Кизгайæн æрдзæй цидæр устур лæвар ке ес, уой. Атабий гъæуи хестæр, æма æ фидæ Дзугъури курдиадæ куд не сæнхæст кодтайдæ. Атабий Кизгайæн хестæрти фæндон ку балæдæрун кодта, уæд Кизгай Атабиймæ æфсæрми каст бакодта 'ма загъта:

- Хуцау си ма исарази уæд, мæн тæрегъæди ка цæуй. Райгурæн хæдзарæй æ мæлæн хæдзарæмæ цæуй, е хумæтæги загъд н' адтæй.

Цидæриддæр адтæй, уæддæр Кизгай æ хецау Дзугъур æма гъæуи хестæр зæронд лæгæн аразий дзуапп равардта, Хуцау мин уæхæн тæрхон искодта, зæгъгæ.

Æ царди 'мбал Атабийæн ба лæмбунæг бафæдзахста: гъæбес хуæсти бонмæ мин бацæттæ кæнтæ нæлгоймаги уæледарæс, æркъиагæй конд æркъетæ æма цæсгомæмбæрзæн агъодæ нæхемæ тунæй. Загъта ма:

- Мæнмæ дæ ка исминæвар кодта, уонæн дæр балæдæрун кæнæ: мæ сосæг мин макæд исгъæр кæнæнтæ.

Цуппæрæймаг бон хор еу цалдæр лæдзæг бæрци иссудæй, æма Цъойи гъæуи кæсгон бæхгинæй байдзагæй. Кæсгæнттæ адтæнцæ хуæрз рæвдзæ æхсæн дзаумауæй, æндæрæй. Цъойи гъæуи хестæртæ бадтæнцæ нихæси сæргубурæй, æнкъардæй. Устур нихæси астæу кæсгон æлдари гъæбесæйхуæцæг рацо-бацо кодта хъæзæй бид горцъебæл. Æнгъæлмæ кастæй, æ хæццæ гъæбесæй хуæцунмæ ка рацæудзæнæй, уомæ.

Нихæс ниссабур æй. Уалинмæ Ирæфи дони 'рдигæй æрбацудæй еу рæстæмбес нæлгоймаг, æ къæхтæбæл æркъетæ, рæсугъд тагъдæй. Æ сæр, æ цæсгом тунæй конд агъодæй æмбæрзт. Æрлæудтæй, нихæси рази, æма æнгъæлмæ кæсуй тæрхонгæнæги фæдздзурдмæ.

Уæдмæ райгъустæй дигоронау ка зудта, уой гъæр:

- Цъойи гъæу! Æгъдау уæ агоруй гъæбесæй хуæцунмæ фæстаг хатт. Ку неке фæззинна, уæд уин уæззау хъалонтæ федгæ æрцæудзæнæй!

Кизгай бацудæй нихæси астæумæ, æма загъта нæлгоймаги 'взагæй:

- Æз цæдтæ дæн! - æма æрлæудтæй æлдари гъæбесæй- хуæцæги рази. Нихæси бадæг адæм кæрæдзей фарстонцæ гъос-гъосай, ка 'й, кæцæй æй? Гъæбесхуæсти тæрхонгæнæг бацудæй нихæси астæумæ. Фæдздзурдта гъæбесæй хуæцгутæмæ æма загъта:

- Уæ кæрæдземæ уæ къохтæ радтетæ, 'ма уин барæ лæвæрд цæуй гъæбесæй хуæцунмæ. Дууæ хуæцæги сæ къохтæ равардтонцæ кæрæдземæ, æма ин Кизгай уæхæн æлхъивд ракодта æ къох, æма кæсгон хуæцæг æ уæраги сæртæбæл æрбабадтæй, æ къохи нихти бунæй ба тог искалдæй. Фал ибæл Кизгай æ хуæст нæма æруагъта, æма дзоруй кæсгон хуæцæгмæ:

- Дæ гъолти федардзийнадæ дин базонон, 'ма уæд изолдæр нæ тухæ æвзардзинан.

Дуккаг хатт ралхъивта Кизгай кæсгон хуæцæги къох, æма се 'нгулдзити гъолтæ сæ бунæттæй фæххецæнтæнцæ. Кæсгон хъæзæй конд горцъебæл рахъан æй. Æ фур ристæй æ цæстисугтæ уадæнцæ æ ростæбæл, фал ма имæ Кизгай ба дзоруй уæддæр, мæлунмæ æвгъау дæ, раги-ма дин æй, зæгъгæ.

- Нур ма дæ ку ралхъивтитæ кæнон, уæд дæ тæрегъæд дæхе уæд.

Уой адæбæл кæсгон æлдари гъæбесæйхуæцæг фæттарстæй æма нæбал бакумдта хуæцун. Нихæси адæмтæ лæудтæнцæ сæ фур десæй. Кæсæги æлдари адæм уой адæбæл уонтæ хъел æма

сæргубурæй рандæнцæ. Кизгай ба Ирæфи дони 'рдæмæ искодта а
цуд. Адæм æ фæсте кастæнцæ цæмæдесæй, еу цалдæремæй ба
æ фæсте бараст æнцæ, кумæ цæуй, зæгъгæ. Кизгай сæмæ æхе
разилдта, 'ма сæмæ нæлгоймаги хъури хаттæй дзоруй:

- Алци зонун хуарз нæй, мæ фæсте уи маке цæуæд, хуарз ин нæ уодзæнæй. Уæдта сосæггæй кæсун фæндæ дæр маке искæнæд.

Адæм фæйнæ-фæйнæ хузи дзурдтонцæ. Ка загъта, - Уасгерги æй, ка Хуцау...

Зудтонцæ æй æрмæстдæр æ царди æмбал Атабий, æ хецау Дзугъур, æма Цъойи гъæуи хестæр. Кизгай Ирæфи дони билæмæ ниццудæй æхе багъуд кодта, æма, изæрæй ку раталингæ æй, уæд дууæ гъæдин къæстæней дзаг дони хæццæ иссудæй æ хæдзарæмæ. Дзугъур æ бийнойнаги ба раздæр рарвиста æ цæгатмæ, цæмæй æ киндзæ Кизгайи сосæггаг ма базудтайдæ, уой туххæй. Уой адæбæл Цъойи гъæу иссæй Хуæдæлдар.

## 3. ЦЪОЙИ ГЪÆУИ ФЕХÆЛД

Хуæдæлдар Цъойи гъæуи цæргутæ цæйбæрцæдæр рæстæгути, Ирæфи донæй дон хæссун дæр нæбал æндиудтонцæ. Пайда кодтонцæ гъæумæ хæстæг гъæди къохти, мæскъити уарун донæй равзургæ листæг сауæдæндтæй. Кизгайæн æ сосæггаг æрдзæй лæвæрд хъаурæ ка зудта, етæ син бæргæ дзурдтонцæ, кæд æргом дзорæн н' адтæй, уæддæр, ма тæрсетæ, зæгъгæ.. Фал еуемæй, Ирæф гъæумæ изолгомау адтæй, иннемæй ба си хæрдмæ цæун гъудæй еу цæйбæрцæдæр дæрхцæ, æма уомæ гæсгæ гъæуи цæргутæ нæбал хастонцæ дон Ирæфæй. Еци дзамани ахургонддзинадæ дæр уотæ бæрзонд кæми адтайдæ. Незтæ æвзарæг дохтуртæ н' адтæй, хуастæ н' адтæй. Адтæй ефстаг адæмон дзæбæхгæнгутæ. Етæ дæр æрмæстдæр зудтонцæ иуæхститæ æма сæститæ æвæрун 'ма бæдтун. Адæймаг ести незæй кенæ ба æваст сæйгæ ку фæууидæ, уæдта æй худтонцæ талæу. Еци сæйгæн ба æ тæрнихæй уагътонцæ тог. Æрдзæ-æрдзæ 'й, æрдзи берæ сосæгдзинæдтæ ес, абони дæр ма, кæд ахургонддзинадæ исбæрзонд æй, уæддæр.

Цъойи гъæуи цæргутæ арæх мæлун байдæдтонцæ алли незтæй. Хъæбæрдæр, мæнæ резæнгæ ке хонæн, еци незæй. Адæймаг хори тæвди нæ бухсидæ, резæнгæй ка фæссæйгæ уидæ, е ба еци тæвди дæр ехæнæй гæрцц-гæрцц кæнидæ. Мæлгæ дæр си берæ ракодта,

хъæбæрдæр сувæллæнттæ. Уой адæбæл Цъойи гъæуи цæргутæ ледзун райдæдтонцæ æндæр гъæутæмæ. Цъойи гъæуи ма фæстагдæр цæргæ байзадæй Елхъантæ æма Хъабантæ, уомæ гæсгæ и фæзуат абони дæр хæссуй ном Елхъабантæ. Фал етæ дæр берæ нæбал рацардæнцæ уоми. Еци ранимад муггæгутæй абони берæ рауæнти цæруй. Арæх фегъосæн ес, Дур-Дури гъæуи разæй ци будур ес, уой хонунцæ Хъабанти будур. Хъабантæй рацæугæ муггæгтæ фегъосæн ес Хæзнидони, Елхъантæ - Лескени, Хъагъæрмæстæ – Кæсæги. Тауæрæхъ кæбæл байзадæй, уонæй ба сауæнгæ Дигоргоми дæр ма ес. Гъе, уотемæй фехалдæй Цъойи гъæу, и гъæуи ном ба байзадæй и мæртæ æма листæг мæскъитæбæл, «Цъойти мæртæ» зæгъгæ.

ХЪАНТЕМИРАТИ Римæ

## СУВÆЛЛÆНТТИ ТЕМÆ ЦОМАХЪИ СФÆЛДИСТАДИ



Ирон дзурдаййевади берæ нæ 'нцæ, адæм æрмæст сæ номæй кæмæ фæдздзорунцæ, æрмæст сæ номæй ке базонунцæ, уæхæн лæгтæ. Сæ фарнæй адæм кæнунцæ зундгиндæр, нифсгиндæр. Уæхæн адæймаг адтæй зундгонд ирон финсæг, æхсæнадон архайæг, ахургонд, ирæзгæ фæлтæр гъомбæлгæнæг Гæдиати Цомахъ.

Дзести Кудзæг æ киунугæ «Нæ буц хистæртæ», зæгъгæ, уоми финсуй: «Зингæ æма игъустгонд лæгтæн дæр, иннæ адæймæгтау сæ адæми 'хсæн уæлдай бæрæг фæддарунцæ сæ уодигъæди еуæй-еу минеугутæ: кæмæн æ хæлар зæрдæ, кæмæн æ бакаст, кæмæн æ мæлгъæвзаг, кæмæн æ зунд, фал мæмæ Цомахъ нуртæккæ дæр уотæ кæсуй, цума æрдзæ адæймагæн цидæриддæр æвæрццæг минеугутæ равардта, уонæн сæ фулдæр уой фæцæнцæ.

Бæрзонд, къæсхуртæгонд, хъæстæлвæст, еу минкъий дзугъурдзæсгон, æвæццæгæн, раги кæддæр дзиуарæй басадæй. æ цъухи дзурд – фæлмæн, ивазгæ дзурдтæ, рæвдаугæ гъæлæсиуагæ, ходæнбилæ».

Уотæ гъæздуг æнцæ Цомахъи берæвæрсуг сфæлдистади бунтæ, æ æхсæнадон равналæнтæ урух. Цийфæндуй зин уавæрти дæр, сауæнгæ Сибири гъæдкалæнти уæззау сæйгæй, æ гъæлæсæй тог ку калдæй, е 'нгулдзитæ хирхи къохбæл ку салдæнцæ бæлæстæ калгæй, æ тæвдæ дууинсæй градусемæ ку схъæртидæ, уæддæр æ киунугæ еуварс нæ 'рæвардта, не 'суæгъдæ кодта æ пъеро, æ рохситауæн куст нæ ниуугъта.

Цомахъ æ ахургæнæги куст дæр некæд ниууагъта, айдагъ Сибири æ æрвист уæззау уавæрти нæ, фал медтугъди тогъолон æнзти (Тифилиси),

советон хецауадæ æрфедари фиццаг æнзти (станицæ Новощербинская), Дзæуæгигъæуи, педагогон институти ректор, фæстæдæр ба Цæгат Иристони наукон-ертасæн институти директор уогæй дæр. Адтæй æновуд æма еузæрдион киунугæбæл, скъолабæл, ахурмæ турнундзийнадæ Цомахъ рахаста æ райгурæн къум, æ фиди хæдзарæй. æ фидæ, зундгонд ирон финсæг, ирон прози бундорæвæрæг Гæдиати Секъа, устур аргъ кодта ахурæн æма киунугæн. Е 'мдзæвгæти фиццаг æмбурдгонди («Ирон фиййау») ирон киунуги фæззинди туххæн цийнæгæнгæ финста:

Фæндараст, нæ бæлццон, -
Кадджынæй фæхæт:
Буцæй дæ куыд фенон,
Ма дын уæд мæлæт!

Хуæнхаг царди уæззау уавæрти кæд Секъайæн æхецæн исахур кæнун æ къохи нæ бафтудæй, уомæн æма скъола н' адтæй, кæми ахур кодтайдæ, киунугутæ, цæмæй ахур кодтайдæ, уæддæр æ берæ зæнæги ба (авд сувæллони) исæвардта ахури надбæл, се 'гасдæр райстонцæ уæлдæр ахургонддзийнадæ.

Цомахъ адтæй устур патриот. æгæрон берæ уарзта æ адæми, æ райгурæн бæстæ. Паддзахи хецауади æфхуæрдтитæ, ахæстдони инод къумтæ æма Сибири уазал будуртæ дæр нæ фæллæмæгъдæр кодтонцæ еци æнкъарæнтæ. æ еу æмдзæвги финста:

Куыд бирæ дæ уарзын, мæ райгуырæн бæстæ!
Мæ иубæстон адæм, куыд тынг дæ мысын!
æнæбар зын раны уæ феныны ныфсæй,
Уæ коййæ, уæ дзырдæй мæхиуыл хæцын.

Цомахъ хуарз зудта æ адæми уæззау æма саст уавæр. æнæзонгæ ин н' адтæй е 'стур турнундзийнадæ ахурмæ, зонундзийнæдтæмæ æма агурдта фæндæгтæ, айдагъ политикон тохти нæ, фал социалон æнтæстити фæрци дæр. Ами ба ин сæйрагдæр адтæй скъола æма сувæллæнттæбæл ауодундзийнадæ.

Æвæдзи, уомæн дæр Къостайау аци темæ еу цæйдæрбæрцæ баст адтæй æхе царди хабæртти хæццæ æма æ ниййерæги еугур æнкъарæнтæ еугурдæр уомæн лæвардта «гъæунги сувæллæнттæн». «Дети улицы!.. Кто не видел их. Маленькие, оборванные, со слезящимися глазами, босые... ужасом веет от этих маленьких оборвышей, детей заброшенных, забитых, гибнущих».

Цомахъ æ гъудитæ æргомæй дзурдта дзæгъæл, æвæгæсæг сувæллæнтти туххæн. «Детская беспризорность, - финста е, - это одна из тысячи и одной язвы современного общественного строя». Уомæ гæсгæ ба федарæй æууæндтæй, æрмæстдæр еци социалон цардиуагæ

фесафгæй, фæййервæзæн æма сдзæбæхгæнæн ес еци тæссаг незæн.

Тугъди рæстæг Цомахъæн барæ н' адтæй «сæребарæ ахургæнæги» куст кæнунæн. æрмæстдæр сосæггæй, æдзæрæг, æрдæгихæлд, дзæгъæл хæдзæрттæмæ еугай сувæллæнттæ æмбурдгæнгæй, æ мондæгтæ уагъта æ уарзон кустæй. Е ин еуемæй фадуат лæвардта цæрунæн, иннемæй ба, сæйрагдæр цæмæ бæлдтæй, уомæн – ахургæнæг унæн. «Дети, финста Цомахъ, это единственная среда, где я чувствую себя на месте... Дети формирование души и тел, которых хоть на время поручается мне. Это кажется самое высокое и святое дело и в то же время, самое ответственное». Цæмæдессаг æй, цифæнди зин уавæрти дæр цæйбæрцæбæл лæмбунæг æма бæстон куста Цомахъ ахуради фарстатæбæл, цæйбæрцæ рæстæг харз кодта сувæллæнтти гъомбæладæбæл.

Æ финстæгутæн сæ фулдæреми коруй аци ахсгиаг фарстай хæццæ баст литературæ. Тайшети сувæллæнттæн гъазæн фæзæ байгон кæнун æ къохи ку бафтудæй, уæд æ цардæнбалмæ финста: «Моя Наточка! Просьба... о детском саде. Наточка, еще раз сходи и узнай литературу о детском саде и напиши. Это одно. Потом, Наточка, наверное, там есть детские площадки. Как организуют игры и прочие. И свои впечатления... Сделаешь... Еще, если можно, литература о детских играх. Об организации»...

Ахæстдони фæрстæ 'й кæд æхсæнадон цардæй фæххецæн кодтонцæ, уазал Сибири ин федар хъадамантæ е 'уæнгтæ æрбалвастонцæ, уæддæр æ зæрдæбæл æнæмæнгæ дардта Цомахъ æ фидæ Секъай дзурдтæ:

Ма фæтæрс лæг, нæртон дæ кæд,
Дæ удæн та цы хицау ис.
Радзур дзæбæх дæ зарджытæ –
Фыдæлты кад, ныры намыс.

Куста æма финста. Финста æмдзæвгитæ, радзурдтæ, уацтæ. æ æрмæгути æвардта ахсгиаг æхсæнадон фарстатæ: «Политикон æрвисти туххæн», «æрбахъæртуй Фидибæсти тугъди зæрдæбæлдаруйнаг бон – 1912 анз». Нæ си феронх æй зингæ уруссаг æхсæнадон архайæг, демократ Герцени сæдæ анзей юбилей дæр. 1912 анзи газет «Голос Сибири»-й ниммухур кодта æрмæг «Искандер Герцен». Кади изæртæ саразта М. Лермонтов æма Т. Шевченкойæн. Еци æнзтæмæ хауй, Цомахъ сувæллæнттæн ци радзурдти цикл ниффинста уруссаг æвзагбæл, е дæр. Байзадæнцæ ма æрмæстдæр сæ сæргæндтæ: «Ванина болезнь», «Музыка», «Дичь», «Похороны», «Убийство», «В лесу», «В крутени».

Æ зæрди гъар еугурæйдæр, æ уарзондзийнадæ, нийййерæги еугур æнкъарæнтæ дæр Цомахъ байархайдта еци радзурдти байвæрун. Уомæн æма «Только глубоко пережитое художником способно вызывать к жизни слова, обладающие художественной ценностью».

Радзурдтæй еуей фæсте («Музыкæ») финст ес: «Петроград,

Таврическая, 37 æма фæстæмæ æхе адрес: с. Тайшет, Иркутской губернии. Политическому ссыльному М.Гадиеву». æвæдзи, Цомахъ æ радзурдтæ Нафимæ гæсгæ рарвиста журнал «Солнышко»-мæ, фал мухури ба нæ рацудæнцæ. æнæгурусхæй, бæрæг-бæлвурдæй, Цомахъ политикон ахæст ке адтæй, е.

Дууæ радзурди дæр финст æнцæ кæстæр кари сувæллæнттæн, хумæтæг, æнцон лæдæрæн æвзагæй, цубур гъудиæдтæй. Сæ сæйраг архайгутæ ба си æнцæ сувæллæнттæ сæхуæдтæ. «Сæребарæ ахургæнæги» куст берæ æнзти дæргъци устур агъаз фæцæй сувæллæнтти меддуйнемæ арф бацæунæн. Бæлвурдæй син равдесуни фадуат адтæй æ еугур æнкъарæнтæ, сæ ирæзгæ уодти цардмæ нисантæ, сæ гъезæмæрттæ.

Хумæтæг æма æнцон лæдæрæн æй радзурдти дидактикон гъуди: Сувæллони гъæуй уарзун, æрмæст уой фæрци ес дуар байгонгæнæн ирæзгæ фæлтæри зæрдæмæ.

«Стимул просвещения, - финста Елбиздихъо, - не страх наказания, а неугомонное желание человеческого ума, в особенности детского, все знать! Тесное единство учащихся, отношения, основанные на взаимной любви – вот залог будущего царства свободы и справедливости». Еу ахсгиаг гъудимæ ма здахуй финсæг киунугæкæсæги цæстæнгас: «Зонунадæ æма æуууæндундзийнадæ æнцæ, кæрæдземæн фæййеугæнæн кæмæн нæййес, уæхæн дууæ полюси».

Цомахъмæ гæсгæ сувæллон æ фæлабулай дуйней хæццæ цæйбæрцæбæлдæр æнгондæр баст уа, цæйбæрцæ бæлвурддæр зона æма æнкъара цаути цуд, фæззиндтити æууæлтæ æма анхосæгтæ, уойбæрцæбæл æнцондæрæй ердзæнæй царди раст фæндаг, уодзæнæй кæдзосзæрдæ æма цардуарз.

Ахурадæ æма гъомбæлади фарстатæмæ уæлдай бæстондæрæй Цомахъ е 'ргом рахатта, Сибирæй ку ссудæй æма нæуæгæй æхсæнадон кусти ку ранигъулдæй, уæд. Нафи финсуй: «По возвращении во Владикавказ, он включается в активную политическую и общественную деятельность, работает в начале заведующим отделом профессионального образования Наркомпроса Горской республики, а затем заместителем наркома просвещения Горской ССР».

Куста, æхсæвæ-бон нæ зонгæй, цума 'й лæдæргæ кодта, хъисмæт ин цуппæрдæс анземæй фулдæр ке нæбал ратдзæнæй царди фæтгæ, уой. Уæлдай зиндæр ин адтæнцæ медтугъд æма нæуæг цардарæзти фиццаг æнзтæ.

Æ цардæмбал æ имисуйнæгти уотæ финста: «Цомахъ æ гъос устур цæмæдесæй дардта зонунади еугур фарстатæмæ дæр, фал æгасемæй фулдæр ци уарзта, е ба адтæй педагогикæ æма ирæзгæ фæлтæри гъомбæладæ».

Устур ахургонд – гуманист Цомахъ хуарз зудта, скъолайæн адæми царди ци ахедундзийнадæ ес, уой æма æ уацтæн сæ фиццæгтæй еуеми

финста: «Скъола æй, мæнмæ гæсгæ, адæми хелæдæрундзийнадæ æригъал кæнунæн, хелæдæрундзийнадæ ба æй архайд æма гъæппæреси рахуæцæн, е æй рохсмæ æма зонунадæмæ размæ цæуни мадзал, уонæй ба – амондмæ».

Цомахъ – интернационалист – ахсгиаг фарстатæ айдагъ Иристони алфамбулай не 'вардта, айдагъ ирон адæми кой нæ кодта, фал нимадта «хуæнхбæсти цæрæг дзиллити 'хсæн адæми ахуради гъуддаг æнæ фæстæмæ фæккæсгæ ихæсбæл».

Скъола гъæуама гъомбæл кæна сæребарæ уодгоймаг, физикон æма духовон æгъдауæй цæттæ ка æй зонундзийнæдтæмæ турнунмæ, уæхæнттæ. Елбиздихъойау, Цомахъ дæр бæлдтæй, цæмæй æ минкъий Ир «дуйней хæзнадони æ фæд ниууадза», уомæ.

Берæ фæндитæ, берæ гъудитæ ма адтæй Цомахъмæ, уæлдайдæр ба еци æнзти. Берæ цидæртæ ма адтæй бакæнун æ зæрди, балæггадæ кæнун æ уарзон Ирæн, æ уарзон адæмæн, фал æ царди уæззау фæндæгтæ, æ берæ гъезæмæрттæ æма зиндзийнæдтæ ин нæуæгæй фæккеун кодтонцæ е 'нæнездзийнадæ рæстæгмæ, æрминæг æй е 'сфæлдистадон куст дæр.

Нафи финсуй: «Годы гражданской войны прошли для Цомака в напряженной практической работе, ему как бы было не до поэзии. 1917 год отмечен одним стихотворением, 1918 – двумя, 1919 – тоже двумя, 1920 – тремя на одну тему – о детской беспризорности и дневниковым «Весенним желанием», а вслед за тем в течении четырех лет не создает ни одного произведения»

Цæмæдессаг е æй, æма еци тухст уавæрти æма змæнсти рæстæг, мингай адæймæгтæ сæ цæрæнбунæттæй ку фесхъæтæг æнцæ, аллихузон незтæ сæ бундзагъд ку кодтонцæ, уæддæр Цомахъи цæстингас ба агурдта сувæллæнтти æгудзæг, æнæбакæнæг сабити царди уавæртæ фæххуæздæр кæнун.

Фæндæ 'й адтæй, седзæр, æвæгæсæг сувæллæнттæн сæ 70-80 проценти ист ку æрцæуиуонцæ сувæллæнтти гъомбæлгæнæг хæдзæрттæмæ.

Хецауадæ син гъæуама радта гъар цæрæнбунæттæ, кæдзос уæлдæф, рохс, хуæруйнаг, æмбæлгæ уавæртæ ахурæн æма гъомбæл кæнунæн. æхуæдæг кæд цийфæндуй нæфæразгæ адтæй, уæддæр-еу рæстæг иссердта сувæллæнтти хæццæ фембæлунæн, æрба син хæссидæ киунугутæ, гъазæнтæ.

«Для детского писателя нужна душа благонадежная, любящая, открытая, спокойная, младенчески простодушная, ум возвышенный, образованный, поэтическая фантазия, любовь к детям». æма еци еугур минеугутæй хайгин адтæй Цомахъ æхуæдæг дæр.

Ардигæй райгурдæй æнæмæнгæ æмдзæвгæ «Сидзæрты зарæг» дæр. Е æ медесмæ гæсгæ æй сувæллæнтти уæззау трагикон уавæрбæл.

Абони æвзагæй дзоргæй, æмдзæвгæ финст æй еу минкъий реклами хузи, цæмæй паддзахадæ, æхсæнадон организацитæ, адæмæй сæ бон

кæмæн æй, етæ сæ гъос æрдаронцæ аци ахсгиаг фарстамæ. Уобæл дзорæг æнцæ, Цомахъ эпиграфæн ци дзурдтæ райста, етæ дæр: «Аци æнамонд анз устур ихæс æй алкæмæн дæр седзæр сувæллæнттæмæ фæккæсун».

Еци дзурдтæ дæнцитæн еу æма дууæ хатти не 'рхаста Цомахъ æ берæ публицистикон уацти. Æ сæйраг домæн адтæй: паддзахадæ гъæуама барæвдауа «бæгънæг, стонг, фудхуз сабити. æ губуни 'дзаг ка некæд бахуардта, уотемæй ба царди уæззау уавæртæ сæ уæзæ кæбæл æруагътонцæ, уони».

Уæлдæр куд бафеппайдтан, уотемæй сувæллæнттæ сæхуæдтæ гъарæнгæ кæнунцæ сæ уæззау уавæрбæл:

Мах уын сидзæры зарæг куы кæнæм,
Мæгуыр сидзæрты зарæг кæнæм.
Мæнæ уазал, бæгънæгæй куы мæлæм,
Мæнæ стонгæй дзыназæм, кæуæм.

Мах нæ рагуалдзæг тухитæй тонæм,
Царды уæз ныл æрбадти бынтон.
Уæд цы кæнæм, куыд кæнæм, нæ зонæм,
Нал ис, асаст нæ хъару, нæ бон.

Сæ нифс ма дарунцæ æрмæстдæр «еу лæгуарзон дзурдбæл», сæ еунæг, сæ уагæ, сæ седзæр, сæ асæ син ка балæдæрдзæнæй, уомæ:

Зонæм, зонæм, кæцæй нæм æрцæудзæн
Махмæ искуы рæвдаугæ æххуыс:
æрмæст мах хуызæн мæгуыр æркæсдзæн
æмæ бадардзæн махмæ йæ хъус.

æ иннæ æмдзæвгæ «Седзæр» ба комкоммæ баст æй Хонсар Иристони медтугъди цаути хæццæ. Абони Гамсахурдий хузæн, уæдта Жгъентий æрдонгтæ басугътонцæ Хонсар Ир, ниццагътонцæ сабур цæрæг адæми, сæ мæгур мулкитæ син ниххæлæттаг кодтонцæ. Сæ фулдæр ледзæг фæцæнцæ Цæгат Иристонмæ.

Еци хабæрттæ æнцæ историон цаутæ, фал хуарз зонгæ æнцæ ирон кæсгутæн аййев литератури фæрци (Коцойти Арсен. «Саломи», Хъулати С. «Тогæй æлхæд», Дзести К. «Хор скæсæнæрдæмæ нæ нигулуй», Бегизати Ч. «Бонуги сифтæ» æма Гафези поэмитæ).

Аци фарстамæ æхердигонау бацудæй Цомахъ дæр. Медтугъди рæстæг алли къумти рахауæ-бахауæ ка кæнуй, уонæй райста еу сабийи æма уой хъисмæтбæл байархайдта айдагъ цаути цуд нæ, фал ин æ фæстеугутæ равдесун дæр. æмдзæвгæ æй, «æнафони ка слæг æй», уæхæн сувæллони монолог:

Фæрсыс мæ кæцон дæн?.. Фæсæфцæг нæ бæстæ.
Мæ зæрдыл сæ дарын нæ хæхтæ, нæ цард…
Тыхгæнæг æрбабырста, фесæфта хъæутæ,
Гæрах сси сæ бæстæ… Мæ фыд дзы фæмард.

Æ мадæ Цæгатмæ ледзæг бæргæ фæцæй æ минкъий кизгæ æма битдзеуи хæтдзæ, фал:

Фыдсахат æнамонд, æнамонды 'ййафы.
Нæ адæмыл зоныс æй, сыстади низ.
Мæлæтау уæлдайдæр нæ мæгуырты сафы,
Фæрынчын нæ мад дæр, æрхауди, фæцис.

Дууæ минкъий сабиййи седзæрæй, дзæгъæлæй, æвæгæсæгæй байзадæнцæ:

Стæй уалынмæ стонг аз, æлгъыст аз æрцыди,
Ыссыди йæ зыхъхъыр дæндæгты къæс-къæс.

... *Æ*ма æ хуæрæ дæр рамардæй, биццеу байзадæй бустæги еунæгæй. æмдзæвги фæстаг рæнгъæ; «зылди æмæ хатти хæдзари-хæдзар», - адæймаги бауадзуй нæуæг тас, исæвзуруй æнæдзуапп фарста: «Ци уодзæнæй, куд уодзæнæй æ идарддæри фæндаг сабийæн? Ци имæ æнгъæлмæ кæсуй? æ мадæ æма æ хуæри хъисмæт æви æ гъарæнгæ раййевдзæнæй «Сувæллæнтти уалдзигон зарæгæй»:

Нæ зæрдæ-иу, нæ фæнд, нæ зонд дæр,
æмуд ыстæм æмбал, æмгар.
Нæ фæллой кадджындæр, бæрзонддæр,
Нæ тых, нæ хъару сты нæ бар.

*Æ*мдзæвгæ финст æй интернационали мотивбæл. æ сæйраг гъуди, æ оптимистон рахаст æма гъæлæси уагæй хецæн кæнуй дууæ раззаг æмдзæвгемæй. Фæззиндтæй си нифс, цийнæ æма бæлди æнкъарæнтæ, амонд æма фарнæхæссæг æнкъарæнтæ:

Мæгуыр, бæгънæг ма стæм ныронг дæр,
Хæссæм ма стонг, вæййæм хъыгдард.
Фæлæ уæддæр рæсугъд, уæндондæр,
Хъуысы нæ дзырд, цæуы нæ зард.

Аци дæнцити бундорбæл æнцойнæгæнгæй, æрцæуæн ес уæхæн хатдзæгмæ: æмдзæвгæ финст æрцудæй, æнæмæнгæ, кæмидæр 20-аг æнзти кæрони, нæуæг цардарæзти æууæлтæ мингай седзæр сувæллæнтти

царди уавæртæбæл бæлвурдæй ку фæззиндтæнцæ, уæд.

Е ба ирддæрæй игъусуй, дуўæ хатти фæлхатгонд ка цæуй, еци базарди:

Уый у уалдзыгон зарæг.
Уый у амондхæссæг.
Нæ уарзон, нæ дарæг,
Нæ зæрдæйыл хæцæг.

Цомахъ айдагъ поэт нæй. Зингæ бунат байахæстонцæ ирон драматургий æ пьеситæ «Ос-Бæгъатæр» æма «Амондмæ цæугутæ». Хрестоматион иссæнцæ æ радзурд «Царди уæзæ», уацау «Фиддæлти намус» æма æ миниатюритæ «Дууæ деденæги», «Хæлаур æма мудибиндзæ». Уонæй алкæми дæр автор дзоруй æ рæстæги историон цаутæбæл, æвдесуй си æхе æма æ фæлтæри сорæттæ.

Архайуй, æности тари ка фæцæй, еци цаутæмæ рохси цъита бауадзунбæл. æвæруй ахсгиаг æма вазуггин фарстатæ. Ес си берæ архайгутæ, фал си сæ еуеми дæр Цомахъ нæ иронх кæнуй ирæзгæ фæлтæри, уомæн æма 'й хуарз зонуй, нæ исонбон уони къохти æй. Нæуæг цард етæ аразунцæ, сæ хъауритæбæл етæ нæ ауæрдунцæ, размæ, æнæ зинадæй, етæ лæгæрдунцæ»...

# ЦИ НÆМÆ ÆНГЪÆЛМÆ КÆСУЙ МÆРДТИБÆСТИ?

## МÆРДТИ БÆСТÆЙ РАЗДÆХÆГ

Адæймаг æхе лæдæрун ку райдæдта, уæдæй нурмæ айдагъ æ цардбæл нæ сагъæс кæнуй, фалæ ма, ку рамæла, уæд куд уодзæнæй, ци уодзæнæй, уобæл дæр. Киристон дин куд амонуй, уомæ гæсгæ уод æносон æй, бауæри хæццæ нæ рамаæлуй, æма бауæр зæнхæбæл сикъитæй ку бафтуйуй, уæд уод ба цæруй уæлæрвти æносмæ.

Берæ ахургæндтæ, дини косгутæ, æнæуой адæмæй дæр беретæ гъавтонцæ, адæймаг æ фæсмæрдæ ци бауодзæнæй, уой сбæрæг кæнунмæ, фал уотæ зæгъæн нæййес, æма бæлвурд бæрæгæй ести базудтонцæ, зæгъгæ. Фалæ цидæр гъуддæгтæ ба, сæхемæ куд кæсуй, уотемæй балæдæрдтæнцæ.

Дини ахуради зингæ финсæг, æ ном Цитгин Беда, æ киунугæ «Англиаг адæми дини истори» (729-аг анз), зæгъгæ уоми радзурдта еу рамæлæг нæлгоймаги хабар. Уой нигæнунмæ куд гъавтонцæ, уотæ æ цирти рахъелæй. Адæм фæттарстæнцæ æма фæйнердæмæ фæллигъдæнцæ. Уой фæсе еци лæг радзурдта уæхæн хабæрттæ: «Мæн æ фæдбæл худта хъæбæр рæсугъд нæлгоймаг, адтæй ибæл æрттевагæ пъæлæз. Бæрзонд фарсбæл хæрдмæ ку иссудан, уæд фæууидтон дессаги уæрæх игуæрдæн. Е æрттивта хори сугъзæринæ лæфинттæй. Еци бунатæй мæ рацæун нæбал фæндадтæй, уомæн æма æ рæсугъддзинадæ, æ дессаги æнцойнæ уагæ, уæдта игуæрдæни ци адæм адтæй, уони мæ зæрдæ æхемæ уотæ арф райста, æма мæ фæндадтæй æрмæстдæр уордæмæ цæун. Нур мæрдтибæстæй фстæмæ раздахтæн, æма нурмæ куд цардтæн, уотæ цæрæн мин нæбал ес».

Мæрдтæйраздæхæг таггъд рæстæги моладзандонæмæ бацудæй. æма æ цард уоми рарвиста.

## ЦИ ÆЙ ЕЦИ ДЕССАГ РОХС?

Ай-гъай, клиникон мардæй ка рамæлуй, етæ ку æрæскъетунцæ, уæд сегас моладзандонæмæ нæ бацæунцæ. Фал ахургæндти хъæбæр берæ ертасæн куститæ, уæдта мард ке 'нгъалдтонцæ, æма

фæстæмæ ка райгасæй, етæ еци еу хузи æвдесунцæ мæрдтибæстæ. Ахургонд Реймонд Муди æ киунугæ «Цард царди фæсте», зæгъгæ, уоми радзурдта, 150 адæймаги клиникон мæлæти фæсте цитæ бавзурстонцæ, уони. Уонæй 15 мæрдтибæсти ци нивтæ фæууидтонцæ, етæ адтæнцæ бунтон æмхузæн. Етæ дзурдтонцæ, ци æнахур æхцæуæн æнкъарæнтæ бавзурстонцæ, цидæр æнахур рохс син сæ уодтæ куд дессаги рæвдуд кодта, уой туххæн, æма еци рохс худтонцæ уарзодзинадæ æма зонундзинæдти бæрзонддæр формæ.

Клиникон мæлæт ка бавзурста, етæ æмдзухæй зæгъунцæ, мæлæтæй ке нæбал тæрсунцæ.

*Уæд нæхе адæм ба ци зæгъунцæ мæрдтибæсти туххæн? Мингай æнзти дæргъи нæ курухон адæм æрцудæнцæ уæхæн гъудимæ: ес Мæрдтибæстæ. Дигори пахпампар Гарданти Михал финсуй æ адæми æносон гъудитæ:*

«**МÆНГÆ ДУЙНЕ** æй, аци уæлæбæл дуйней, мах кæми цæрæн, нæ цæститæй ке уинæн - нæ сæргъи цъæх арв, хор, мæйæ, æстъалутæ сау мегъти хæццæ, дон, зæнхæ æд хонсар, æд фонс, адæймаги царди исаразуни туххæй, адæймаг цæрунæй, гъæздугдзийнадæй кæми не 'фсæдуй, е. А мæнгæ дуйнебæл адæймаг иуазæггади цардæй цæруй æма е æй адæймагæн æхе устур дуйнемæ исцæттæ кæнуни туххæй, Хуцауи размæ кæдзосæй бацæунмæ дуйне. Адæймаг æвзарæнæн аци мæнгæ дуйней ку нæ адтайдæ æ рæсугъддзийнадæ, æ гъæздугдзийнадæ, æ зунд, æ хъаурæ, æ берæ фæразондзийнадæ; адæймаги аййеппитæ ку нæ бæрæг кодтайуонцæ, уæд алке дæр изæдти амбийнæ адтайдæ. Хуцау адæймаги æ мæнгæ дуйнемæ гæсгæ зонуй, уомæ гæсгæ æй кадгин кæнуй æма ин тæрхон кæнуй. Адæймаг дуйней медæг бæрæг кæнуй. Дуйне æ гъæздугдзийнæдтæй, æ цардæй адæймаги æхемæ æздахуй, æ Хуцауи хай ин рацох кæнуй æма 'й арвмæ, Хуцауи цæрæндонæмæ, Хуцауи хæдзарæмæ райдард кæнуй.

**УСТУР ДУЙНЕ.** Адæмæн се 'носон бунат æй Устур дуйне, Нарти кæнтæ кæми æнцæ, гъе, ейæ. Устур дуйне фиццаг уæлæбæл адтæй, адæм имæ цудæнцæ сæхе къахæй, уæдта Хуцауи дзурдæй дæлзæнхæмæ æййивд æрцудæй. Уоми адæм цæрунцæ фæндонтæбæл: сувæллæнттæ еуварс цъæх нæуæбæл гъазунцæ, фæлмæн хори гъармæ сæхе исæрхунцæ. Асæбæл адæм ба - еуæрдигæй аулгай æма хестæргай. Устур дуйней нæ цитгин хестæртæ тæрхон кæнунцæ уæлæбæл адæмæн. Е 'нгъуд кæмæн

ӕрхъӕртуй, уой сӕхемӕ райсунцӕ. Уоми адӕм сӕ цард сабур, ӕнцад, ӕнӕ хъипп, ӕнӕ стуфӕй ӕрветунцӕ.

Алке дӕр, ӕ фӕсмӕрдӕ ин ци ниххӕлар кӕнунцӕ ӕ хистити, уомӕй цӕруй. Раст мардӕн ӕ хистити бӕнтти уӕлӕбӕл хӕларгонд ка 'рцӕуа, е ӕ рази лӕууй, идзагӕй-идзагдӕр кӕнуй, ӕведуйгӕй цӕуй, сӕрдӕ симӕр нӕ кӕнуй, зумӕг ба - сӕлгӕ. Еци идзаг фингӕ, идзаг синонӕй алли мардӕн дӕр барӕ ес ӕма ӕ бон ӕй хайвӕндагон хай бакӕнун. Уоми ӕнӕбари хай неке некӕмӕн кӕнуй. Мӕгур ӕнцӕ, мӕрдтӕрдигӕй ӕ ном иссерӕг кӕмӕн нӕййес, етӕ: неци син ес, къолӕй, къӕбӕргорӕй цӕрунцӕ. Мӕрдти ном ӕ фӕллойнӕй ахид ка ера ӕ уӕлӕбӕл дуйней, е ӕ мӕрдти над аразуй, уомӕн мӕрдтӕ идзаг хумӕ, идзаг игуӕрдӕнбӕл зелунцӕ. Мӕрдтӕрдигӕй и мӕрдтӕ кӕрӕдземӕ рацо-бацо кӕнунцӕ, кӕрӕдзей уинунцӕ ӕма уӕлӕбӕл адӕммӕ дӕр се 'нгас дарунцӕ. Мӕрдтӕ сӕ фингӕй сӕ кӕрӕдземӕн дзӕбӕх зӕгъун фӕразунцӕ барвӕндонӕй. Мӕрдти уӕхӕн барӕ нӕййес тӕрегъӕдгунти: етӕ ӕнцӕ зиндони ӕма мӕрдти надбӕл. Мӕрдтӕ сӕ сӕхемӕ нӕма райстонцӕ. Тӕрегъӕдгунтӕ алцӕмӕй дӕр уоми мӕрдти гъӕуагӕй цӕрунцӕ: се 'донуг ӕма се стонг сӕттун нӕ фӕразунцӕ. Сӕ берӕ хуӕруйнаг, ниуазуйнаг син неци агъаз кӕнуй. Сӕ фингӕ - идзаг, сӕ губун - ӕстонг, ӕнӕхснад, цъумур, къолӕй бадунцӕ гъӕуагӕй, еумӕ цӕрунцӕ. Уинун, кӕсуни барӕ син ес, хуӕрун, дӕттуни барӕ ба нӕ.

**АДÆМ.** Адӕми Хуцау исфӕлдиста. Алли адӕймагӕн дӕр ес уод ӕма бауӕр. ӕ бауӕр адӕймагӕн ӕй сикъитӕй конд, ӕ уод ба - Хуцауи коми тулфӕ - думгӕй. Хуцау адӕймаги бауӕр Сами-Мисони сикъитӕй искодта, уод си бауагъта, зӕнхӕбӕл ӕй хецауӕн ӕривардта, зунд, лӕдӕрундзийнадӕ ӕма ин барфӕндӕнттӕ равардта ӕма ин загъта: «Дӕ къохти фӕллойнӕй дӕхе дарӕ, тӕрегъӕдӕй тӕрсӕ, ӕнӕфсӕрмӕй мӕ размӕ лӕуунгъон уо, ӕма де “нхузон адӕми гъӕуай кӕнун фӕразӕ!» Адӕймаг зӕнхӕбӕл ӕрцардӕй; ӕ зундӕй, ӕ лӕгигъӕдӕй фонс ӕрахӕста, исӕрмахур сӕ кодта, зӕнхӕй хӕзнатӕ есун райдӕдта ӕма зӕнхӕбӕл цидӕр исфӕлдесонд адтӕй, уонӕн хецау - ӕлдар иссӕй. Фонсӕн се 'хсир ниуазта, сӕ гъунӕй дарӕс кодта, сӕ фид ба син хуӕргӕ кодта. Цӕмӕй ибӕл Хуцауи зӕрдӕ нӕ худтайдӕ, уой туххӕй ба, и фонсӕй ке равгӕрдидӕ, уомӕй Хуцауи ном ирдта, Хуцауӕн ӕй кувдтаги номӕй ӕвгарста. Хуцаумӕ хуарз кастӕнцӕ адӕймаги гъуддӕгтӕ ӕма берети ӕхецӕн лимӕнӕн райста,

цардуодæй сæ æхемæ исиста æма сæ æ сугъзæрийнæ хæдзари адæмæн гъæуайгæсæн, фæткæн æма фæндисæрæн æривардта. Фонс иуарæг Фæлвæра, Æфсатий, цард адгингæнæг Анæгол, цард æхседæг Курдалæгон, Гъæдæрæхснæг æма Донбеттир, гъæдтæй дæнттæ игурунгæнгутæ, сирдтæ æма дони фонс уе 'уазгутæ, се 'вæлмæцгæ кустæй, æнæрæдуйгæ зундæй мæнгæ дуйней басастонцæ æма адæймаги цард æнæмæлгæ искодтонцæ.

Адæймагæн æ сæргъи гъæуайгæнæгæн лæуунцæ Хуцау, Хуцауи лимæнтæ æма изæдтæ, æ къæхти буни зæнхæ алли гъæздугдзийнадæ æма хæзнайæй идзаг æй, æ фæрстæмæ - адæм, е 'мхузон адæм, кæмæн цæруй æма кæмæн косуй, етæ. Уони зонун, нимайун æма уони имисун адæймагæн æй е стурдæр ихæс.



**Сандро Боттичелли.** «Киристебæл кæунцæ». Боттичелли, е 'цæг ном - Алессандро ди Мариано Филипепи, райгурдæй 1445-аг анзи Флоренций. 65-анздзудæй рамардæй, æнæфæккæсæг, еунæгæй.





**Данте** Алигьери (1265 - 1321), италиаг генион поэт æма политикон архайæг, ниффинста е 'нæмæлгæ уадзимис «Хуцауон комеди» («Божественная комедия»). Уоми автор фантастикон уагæбæл финсуй Мæрдтибæстæмæ куд бахаудтæй, 9 зилди куд æркодта Зиндонæбæл, Сугъдæггæнæнбæл æма Дзенетбæл.

Данте Мæрдтибæсти фембалдæй рагон римаг поэт Марон Публий **Вергилийбæл** (недзаманти 70 - 19-аг æнзтæ). Е ин иссæй фæндагамонæг æма æнхусгæнæг, берæ æверхъау æма рæсугъд гъуддæгтæ ин фæууинун æма балæдæрун кодта.

*Французаг хузгæнæг Гюстав Дорей конд хузтæ*



**Зиндони**. **Данте** Алигьери æма **Вергилий** кæсунцæ, уæлæбæл æнаккаг гъуддæгтæ ка кодта, етæ сæ зиндони гъæзæмæрттæй куд федунцæ, уомæ.



**Зиндонæ**. **Данте** Алигьери æма **Вергилий** кæсунцæ, уæлæбæл æнаккаг гъуддæгтæ ка кодта, етæ сæ зиндони гъæзæмæрттæй куд федунцæ, уомæ.



Сугъдæггæнæн.



**Дзенет**

# АДÆМИ ИСТОРИЙ ТÆККÆ УСТУРДÆР 100 ЦАУИ

*Редакцийæй. Нæ дзубанди кæнæн идарддæр. Мах цалдæр анзей дæргъци журналкæсгути зонгæ кодтан дуйней 100 тæккæ номдзуддæр адæймæгти цард æма сфæлдистади, уæдта дуйней дессаг хабæрттæ æма цаути хæццæ. Уой фæдбæл нæмæ ци финстæгутæ æрбацудæй, уонæй, уæдта æнæуой дзухи дзурдæй дæр бæрæг адтæй, журналкæсгутæ ни арази ке адтæнцæ. Æма, æцæгæйдæр, ке нæ фæндуй зонун, тæккæ устурдæр адæймæгтæбæл нимад ка цæуй, уони биографитæ, сæ царди æнахур хабæрттæ, ци саразтонцæ политики, науки, культури, тугъдон æма дини гъуддæгти, нæ цивилизаци цæмæй фæгъгъæздугдæр кодтонцæ, адæм адæм цæмæй уонцæ, уой туххæн ци æмбесонди зунд æма хъаурæ равдистонцæ.*

*Адæми айдагъ литературон уадзимистæ кæсун нæ фæндуй. Мах зонун фæндуй, дуйне ци æй, æма ибæл цитæ цæуй, адæймаг ку фæззиндтæй уæдæй нурмæ, уонити зонун дæр. Адæймаги цæмæдесæн кæрæнттæ нæййес, дун-дунейæн кæрæнттæ куд нæййес, уотæ.*

*2005-аг анзæй фæстæмæ журналæн æ фадуат куд амонуй, уотæ цубурæй дзорæн. адæми историй тæккæ устурдæр 100 цауи туххæн дæр.*

*Пайда кæнæн киунугæ «Кæд, кæми, куд æма цæмæн æрцудæй е?» («Рауагъдади хæдзарæ Ридерз Дайджест». Лондон. Нью-Йорк. Сидней. Кейптаун. Монреаль.), энциклопедитæ, интернет æма æндæр æрмæгутæй.*

1929-аг анз - Ӕгæрон депресси.

**ЕВГЪУД ӔНОСИ 20-АГ ӔНЗТИ АМЕРИКӔ ӔНӔМӔТӔЙ ХУАРДТА Ӕ БУНТӔ, КЕ БОН КУД АДТӔЙ, УОТӔ ХӔЛӔФ КОДТА ӔХЦАБӔЛ, МУЛКБӔЛ, ГЪӔЗДУГДЗИНАДИ НОМБӔЛ ЦИДӔРИДДӔР ЕС, УОБӔЛ. ӔМА РАЛӔУДТӔЙ «САУ ЦУППӔРӔН» 1929-АГ АНЗИ 24-АГ ОКТЯБРИ... ДУЙНЕЙ ТӔККӔ ГЪӔЗДУГДӔР БӔСТӔ ГАФФОТТӔЙ РАЙЗАДӔЙ.**

Кризис адæми цард усхъуммæ схадта. Хъисмæти æгъатир цæф беретæ нæ бафæразтонцæ бауорамун - æ мулк, е 'хца банкити кæмæн фесавдæй, уонæй беретæ сæхе мардтонцæ. Еу силгоймаг æхе рагæлста 40-аг этажи къаразгæй, дууæ нæлгоймаги, банки еумæйаг хигъд кæмæн адтæй, етæ кæрæдзей къохтæбæл ниххуæстæнцæ, уотемæй сæхе рагæлстонцæ иуазæгуати 10-аг этажæй. Уинстон Черчилль Нью-Йорки ци хæдзари цардæй, уой бакомкоммæ 15-аг этажæй æхе рагæлста , æ хъиамæттæ дони къоси исæфт кæмæн фæккодтонцæ, уæхæн лæг. Черчилль уой уидта æхе цæститæй.

Ӕгæрон депресси уæззау пъæззуйау æхе æруагъта адæмбæл, беретæн æхгæдта сæ уолæфæнтæ, мингæйттæй сæхе мардтонцæ, уæлдайдæр гъæздуг адæм. *(Махмæ дæр абони уæззау кризис ралæудтæй, фал еунæг гъæздуг лæг дæр æхе нæма рамардта - куд цардæнцæ мæгур адæми хъиамæттæй цъулбертæ, уотæ æнæмаст, æнæнезæй цæрунцæ нур дæр.)*

Америки ци кризис ралæудтæй, е фæххæлеу æй æнæгъæнæ дуйнебæл дæр. Америки косгутæн сæ цуппæрæймаг хай æнæ хæдзарæй, æнæ цæруни фæрæзтæй гъæунги евгед байзадæй.

Америкæгтæн сæ 0,1 проценти æхца истонцæ, иннæ адæми 50 прнцентемæ хæстæг цæйбæрцæ истонцæ, уойбæрцæ. Сæдæгай минтæй адæм кустагор зилдæнцæ бæстæбæл, цудæнцæ æндæр бæститæмæ.

## ЦӔМӔН РАЙДӔДТА КРИЗИС?

Ӕгæрон депресси ке райдæдта, уой беретæ кæнунцæ, биржи косгутæ, брокерти фуд: етæ, дан, зинаргъ гæгъæдитæй адæми сайдтонцæ, уома, ани ку балхæнайтæ, уæд уой фæсте гæгъæдитæ никки зинаргъдæрбæл рауæйæгæнæн уодзæнæй, зæгъгæ. Адæм

се 'хца калдтонцæ банктæмæ. Фал æносмæ сайæн нæййес: ӕу уæхæни аузт ратонуй.



Калвин Кулидж

Берæ æндæр æфсæнттæ ес Устур депрессий райдайæнæн. 1924-аг анзæй 1929-мæ Америки Еугонд Штатти президент адтæй Калвин Кулидж. Е федарæй загъта, цæмæй паддзахадæн æ барæ ма цæуа бизнесбæл. Уомæй фæппайда кодтонцæ берæ амалгъон, рауон-циуон адæм, ихæстæ, куд æмбæлуй, уотæ къазнамæ нæбал фистонцæ.

Калвин Кулидж æ еци политикæй адæми радех кодта фуд мæгуртæ æма фуд гъæздугутæбæл. Е адтæй устур рæдуд. Калвин Кулиджи фæсте президент иссæй Герберт Гувер.



Герберт Гувер



Франклин Делано Рузвельт

Е æхуæдæг кустуарзон, кадгин лæг адтæй, фал бахуæруйнаг кæмæ нæбал адтæй, уонæн ба æнхус кæнун нæ уагъта, магосатæ, дан, уомæй фæппайда кæндзæнæнцæ, æма куст нæбал агордзæ-

нæнцæ. Æрæгиау ма бæргæ балæдæрдтæй æ рæдуд, фал байрæги ...й: Æгæрон депресси æ тæккæ тухи бацудæй.

Герберт Гувери фæсте 1933-аг анзи президент иссæй Франклин Делано Рузвельт. Æ номдзуд программæ «100 бони» историй дæнцæн байзадæй. Еци программæмæ гæсгæ арæзт æрцудæй æхсæнадон кустити Управлени. 1943-аг анзмæ кусти ниллæудтæнцæ 9 милиуан æгуст адæймаги. Америкæ æхебæл исхуæстæй. Æ экониомикæ сабургай ирæзгæ цудæй, фал Дуккаг дуйнеон тугъд ку райдæдта, уæдта æ гъæздугдзинæдтæн кæрон нæбал адтæй. Нур берæ историктæ сæхе фæрсунцæ: «Дуккаг дуйнеон тугъд ку нæ райдæдтайдæ, уæд Рузвельтæн бантæстайдæ æ бæстæ экономикон æгъдауæй уæхæн бæрзæндæмæ исесун?» Аци фарстæн бæрæг бæлвурд дзуапп неке дæттуй.

Ахургæндтæй беретæ уотæ нимайунцæ, æма, дан, дунеон экономикон кризистæн рæстæгæй-рæстæгмæ æнæ ун нæййес. Абони мах нæхе царбæл æвзарæн еци кризистæй еу.

## АМЕРИКАГ МИНКЪИЙ МÆГУР КИЗГИ ФИНСТÆГ ПРЕЗИДЕНТИ БИНОЙНАГ ЭЛИНОР РУЗВЕЛЬТМÆ

Устур депрессий рæстæг æгасемæй хуæздæр æвдесунцæ, америкаг сувæллæнттæй Рузвельти бинойнаг Элинор ци мингай финстæгутæ иста, етæ. Мæнæ сæ еу - мæгур минкъий кизги финстæг: «Зинаргъ миссис Рузвельт, уотæ ма рагъуди кæнæ, æма ди цидæр корун. Фал кæд лæгъузæй неци ракæндзæн, зæронд гæлдзуйнаг хъæппæлтæй дæмæ неци ес; зæгъгæ, дæ ку бафæрсон, уæд. Куд амондгун уинæ, дæу дзаумæттæй ести ку бадаринæ, уæд! Кæд дарæс устур уа, уæд æй мæхуæдæг мæхе аккаг скæндзæнæн. Къахидарæс, ходтæ, цъиндатæ, медæггаг дзаумæттæ дæр нæ бæргæ гъæунцæ. Мæнæн æртæ æнсувæри ес, - етæ ди устур боз уодзæнцæ, дæ фурти, кенæ дæ лæги дзаумæттæй сæмæ ести ку 'рхауидæ, уæд. Дæ дзуапмæ æнгъæлмæ кæсун».



Элинор Рузвельт



Уструр депрессий рæстæг æхсæвеуати бунатмæ радилæугутæ



Мингай америкæгтæ алли бон дæр ради лæудтæнцæ лæвар тæвдицумд райсунмæ

ЕУНÆГ ХХ-АГ ÆНОСИ АХУРГÆНДТÆ ФУЛДÆР НАУКОН ДЕССÆГТÆ САРАЗТОНЦÆ, АДÆЙМАГ ЗÆНХИ ЦЪАРÆБÆЛ УÆДИ УÆНГÆ ЦИ ÆРГЪУДИ КОДТА ÆМА РАЙГОН КОДТА, УОНÆЙ.

## ВИЛЬГЕЛЬМ КОНРАД РЕНТГЕН
(1845 - 1923)

Немуцаг физик Вильгельм Конрад Рентген раргом кодта рентгени тунтæ (æхе номæй сæ исхудтонцæ). 1889-аг анзи райста философий доктори къæпхæн, куста цалдæр университетеми.



1888-аг анзи æвæрд æрцудæй физики профессорæй æма Вюрцбурги университети цори физикон институти директорæй. 1895-аг анзи ин æ наукон дессаги раертæст æрхаста дуйнеон кадæ.

1895-аг анзи 8-аг ноябри экспериментттæ кодта катоди тунтæбæл. Еци тунтæ игурунцæ электронти гулфæнæй. Рентген авгæ хæтæл дууердигæй дæр æнгом нихгæдта, уæлдæф си нæбал адтæй, æ дууæ кæронебæл ба ин бафедар кодта электродтæ. Уой фæсте ба авгин хæтæл сæнтсау гæгъæдий батухта, электрон рохс си куд нæ гъардтайдæ, уотæ. Фал рентген авгæмæ рохс ку бауагъта, уæд фæууидта устур дессаг: хæстæг имæ ка лæуæдтæй, еци флуоресцентон экран рохс кæнун райдæдта. Рентген балæдæрдтæй, е, нури уæнгæ наукæ ке нæ зудта, уæхæн æрттивди формæ ке адтæй, уой. Еци сосæг æрттивд исхудта Х-тунтæ.

Вильгельм Конрад Рентген идарддæр кодта æ ератасæн куститæ æма æрцудæй уæхæн хатдзæгмæ: рохс кумæ нæ гъаруй, уордæмæ дæр гъарунцæ Х-тунтæ, 'ма цæстæ ци нæ уинуй, уой дæр срохс кæнунцæ. Гъе, уотемæй фæззиндтæй рентген.

1895-аг анзи Рентген ниффинста æ наукон куст Х-тунти туххæн.

Абони рентгенæй нæ царди куд пайда кæнунцæ, уæлдайдæр ба медицини, е алкæмæн дæр зундгонд æй. Рентгени тунтæй пайда кæнунцæ индустрий, кустуæтти алли къабæзти, науки - биологий, астрономий. Рентгени тунти фæрци хуæздæр базудтан атомон æма молекулярон структуритæ.

Рентгенæн бинойнаг адтæй, фал син цæуæт нæ рацудæй. Кизгæ райстонцæ, æма уой гъомбæл кодтонцæ.



Рентгени аппарат исиста къохи хузæ - бæлвурдæй си зиннунцæ æнгулдзити стгутæ, уæдта къохдарæн.

# СÆЙГÆ АДÆМÆЙ МИЛИУАНТÆ КА ЕРВÆЗУН КÆНУЙ, ЕЦИ ХУАСÆ - ПЕНИЦИЛЛИН

Пенициллин а дуйнебæл ке фæрци фæззиндтæй, уой ном хуннуй Александр Флеминг. Е райгурдæй 1881-аг анзи Шотландий горæт Лочфилди.

Лондони Уаз Марияй сæйгæдони цори медицинон скъола фæууогæй, Флеминг косун райдæдта иммунологон раертæститæбæл. Фæстæдæр, æфсæддон дохтур ку иссæй Фиццаг дуйнеон тугъди рæстæги, уæд, ахуркæнун райдæдта æфсæддонти цæфти æма гъæнти инфекци.



Флеминг исбæрæг кодта: уæди рæстæги антисептиктæн сæ фулдæр хай адæймаги бауæри кирæгтæн микробтæй фулдæр зиан хæссунцæ. Æма уæд балæдæрдтæй: гъæуй æндæр ести хуасæ æргъуди кæнун - уæхæн хусæ, фидбилизхæссæг бактерити ка мара, сæйгæн ба ка неци хилæ кæна.

Тугъди фæсте Флеминг æриздахтæй Лондонмæ æма косун райдæдта Уаз Марияй сæйгæдони. Æ наукон ертæститæбæл косгæй ин 1928-аг анзи бантæстæй, æ ном æносон кæмæй искодта, уæхæн нæуæг хуасæ æргъуди кæнун.

Гъуддаг ба уотæ рауадæй: лабораторий ке равзæрун кодта, уæхæн стафилококки бактеритæ уæлдæфи ниуугъта, æма уонæбæл гъуна хуæцун райдæдта.

Флеминг бафеппайдта, гъуна ци бактерити аллифарс æвзæрун райдæдта, етæ фехалдæнцæ. Æма скодта раст хатдзæг: гъунай медæг ес уæхæн цидæр бауæргъæдæ, стафилококки бактеритæн марги хузæн ка 'й. Уобæл берæ нæ рацудæй, уотæ Флемингi бон бавдесун иссæй, еци æнахур бауæргъæдæ ма берæ æндæр бактеритæ дæр ке маруй.

Ке райгон кодта, еци бауæргъæдæ ахургонд гъунамæ гæсгæ исхудта пенициллин (уруссагау -плесень, латинагау - penicillium notatum).

Пенициллин незхæссæг бактерити маруй, фал адæймагæн дæр, æндæр цæрæгойтæн дæр неци хилæ кæнуй.



Сæрæй æнæзмæлгæ бактери, æ хуæд бунмæ ба - пенициллин ке бабун кодта, еци бактери.

Флеминг æ райгонд хуаси туххæн æрмæгутæ ниммухур кодта 1929-аг анзи. Фал сæмæ уæд æ гъос неке æрдардта. Æппунфæстаг, евгъуд æноси 30-аг æнзти Говард Уолтер Флори æма Эрнст Борис Чейн бакастæнцæ Флемингi статья, æма ин е 'цæгдзинадæ ку исбæрæг кодтонцæ, уæд пенициллин уадзун райдæдтонцæ парахатæй, фиццаг æй цæрæгойтæбæл бавзаргæй. Уомæй фæстæмæ пенициллин иссæй уодихуасау, берæ милиуангай адæми фæййервæзун кодта æма ервæзун кæнуй.



## ЛÆГ ÆМА УОСÆ, МАРИЯ ÆМА ПЬЕР КЮРИ, РАЙГОН КОДТОНЦÆ НÆУÆГ ХИМИОН ЭЛЕМЕНТ - РАДИЙ

Мария Склодовская райгурдæй Польши (1867 - 1934). Астæуккаг ахургонддзинадæ ку райста, уæд æй бæргæ фæндадтæй уæлдæр скъоламæ бацæун, фал еци рæстæги Польши паддзахади закъонтæмæ гæсгæ силгоймагæн уæлдæр ахургондзинадæ райсунмæ æ фæндæгтæ æхгæд адтæнцæ, æма уомæ гæсгæ Мария Склодовская 1932-аг анзи æ райгурæн бæстæй фесхъæтæгæй, рандæй Парижмæ. Уоми ахур кодта уæлдæр скъолатæй еуеми. Æртæ анзей фæсте лæгмæ æрцудæй француззаг физик Пьер Кюримæ (1859 - 1906).

Мария æма Пьер сæ цард снивонд кодтонцæ физики нæуæг гъуддæгтæ райгон кæнунæн. Еци рæстæги ахургонд физик А. Беккерель райгон кодта радиоактивон фæззинд, лæг æма уосæ Кюритæ ба бавналдтонцæ радиоактивон бауæргъæдтæ ахур кæнунмæ.

1888-аг анзи Мария æма Пьерæн бантæстæй нæуæг химион элемент райгон кæнæун - радий. Еци æрзæтæн адтæй хъæбæр карз радиоактивон æуууæлтæ. Уой фæрци фæззиндтæй ядерон физики нæуæг наукон къабазæ.

Мария æма Пьерæн сæ еци æмбесонди наукон æнтæсти туххæн 1903-аг анзи лæвæрд æрцудæй Нобели преми.

1906-аг анзи Пьери уæзласæн машинæ скъуæрдта, æма фæммардæй. Мария (уæди рæстæги æгас Франций силгоймæгтæй еунæг е адтæй наукити доктор) иссæй Сорбонни кафедри сæргълæууæг - еци кафедрæ дæр сæрмагондæй уомæн арæзт æрцудæй, уæдта силгоймæтæй дæр уой размæ науки уæхæн устур бунат некæд неке ахæста. 1911-аг анзи Марияйæн дуккаг хатт лæвæрд æрцудæй Нобели преми, аци хатт химий облæсти, радий эталон ке сцæттæ кодта, уой туххæн.

## XXI-АГ ÆНОС АДÆМÆН ЦИ 'РХÆСДЗÆНÆЙ? ЦÆМÆЙ ЦÆРА, УОБÆЛ ÆЙ СУДÆЙ МÆЛГÆЙ ÆГЪАТИРÆЙ ТОГКАЛÆН ТОХ КÆНУН БАГЪÆУДЗÆНÆЙ, ÆВИ Æ ФЕДÆН ÆНÆМЕГЪÆ ГЪАР СÆУМИ ХЪУЗÆН РÆСУГЪД УОДЗÆНÆЙ?


Вильгельм Лейбниц

Аци фарстатæн абони дзуапп неке ратдзæнæй. Кæддæр немуцаг номдзуд философ Готфрид Вильгельм Лейбниц (1646-1716) дзурдта: «Мах кæми цæрæн, уомæй хуæздæр дуйнейæн искæнæн дæр нæййес, æма си алцидæр хуæздæргæнæгæ цæудзæнæй». Цифæнди фуддзинадæ æма, дан, фудæнхæ дæр фæстагмæ нæ цардмæ æрхæссунцæ хæлар æма арфиаг гъуддæгтæ.

Фал мах XXI-аг æнос берæ цæмæйдæрти тæрсун кæнуй: ядерон, химион, бактериологон тохæнгæрзтæй, терроризмæй, æма хъæбæр берæ цæмæйдæрти.

Африки судæй мæлунцæ сувæллæнттæ, кæрæдзей цæгъдунцæ адæмтæ Руанди, Эфиопий, Бурундий æма берæ æндæр бæстити, Ираки, Афганистани æма æндæр рауæнти американ æма европаг æфсæдти нихмæ мæлæтдзаг тох кæнунцæ бунæттон адæмтæ.

Раст зæгъун гъæуй, рæстæмбес нимадæй адæймаг фулдæр цæрун райдæдта, диктатуритæ берæ рауæнти æййивд æрцудæнцæ

демократитæй. Еу хуарздзинадæ дæр ма фæззиндтæй фæстаг æноси: адæммæ багъардта, æрдзæ гъæуайкæнун ке гъæуй, еци зунд.


Франсуа-Мари Аруэ Де Вольтер

Фал Вильгельм Лейбници лозунг: «Алци дæр хуæздæрмæ æййевдзæнæй аци æгасемæй хуæздæр дуйней», зæгъгæ, уой нихмæ дзорун райдæдтонцæ е 'мдогонтæ.

Номдзуд философ æма финсæг Франсуа-Мари Аруэ Де Вольтер 1759-аг анзи ниффинста повесть «Кандид, кенæ Оптимизм». Еци уадзимиси Вольтер карз критикæ кæнуй Лейбници, æвæруй æй ходæги уавæри. Еци рæстæги Вольтерæн æ уарзон силгоймаг рамардæй, уæдта си иронх н' адтæнцæ, Лиссабони 1755-аг анзи æверхъау зæнхæнкъусти ци фидбилизтæ æрцудæй, етæ.

## ÆГАСЕЙ ФÆСТЕ РАМÆЛУЙ НИФС...

Федæн æгас дзиллитæн амондхæссæг уодзæнæй, уобæл зин бауæндæн æй. Фал цард æхе еу минкъий хуæздæрдæмæ ке 'ййевдзæнæй, уобæл ба бауæндæн ес. Нуртæккæ адæм зæнхи хурфæй ке есунцæ, еци нефть, дорæвзалу æма æндæр энергоресурстæ еу бони сæри уотæ скунæг уодзæнæнцæ, æма адæймаги багъæудзæнæй цæруни æндæр мадзæлттæ æма гæнæнтæ агорун. Абони дæр еци мадзæлттæ агорун райдæдтонцæ ахургæндтæ: хори тæвдæ æма дунги тухæй баййевунмæ гъавунцæ, сæ хъуæцæй æрдзæн дæр, адæмæн сæхецæн дæр устур зиантæ æма нез ка хæссуй, еци энергоресурстæ. Ахургæндтæ куд æнгъæлунцæ, уотемæй тагъд рæстæги фæззиндзæнæнцæ электромобильтæ, газ æма бензини бæсти хори тæвдæ гъар кæндзæнæй адæми цæрæн æма косæн бунæттæ, промышленность дæр косдзæнæй уони тухæй... Фал ма абони етæ æрмæст фæндитæ 'нцæ...

# КИНОЙ СУГЪЗÆРИЙНÆ ÆНОС

1895-аг анзи 28-аг декабри æнсувæртæ Огюст æма Луи Люмьертæ парижаг Гранд-кафей, хъæбæр берæ æнзти аллихузон фæлварæнтæ æма фæлтæрæнтæ фæккæнуни фæсте, дуйней медæг фиццаг хатт равдистонцæ фильм «Поезди æрбахæццæ». Фал киной, нæуæг аййевади, индустрийæн ба æ тæккæ тухгиндæр райрæзт æрцудæй Америки. Голливуд, æрæги дæр ма Лос-Анджелеси кæрон ци æдзæрæг будур лæудтæй, е, цубур рæстæгмæ фестадæй «горæт горæти медæг».



Огюст æма Луи Люмьертæ

Цубур рæстæгмæ Голливуди равзурстæй кинонивтæ уадзæг компанитæ. Сæ фиццæгтæй еу адтæй «Юнайтед артистс». Уой саразтонцæ гоби киной стъалутæ - Дуглас Фэрбенкс æма е 'суйнаг бинойнаг Мэри Пикфорд.

Уони сæ арæхст куст æма скурдиати фæрци уайтæгъддæр банимадтонцæ Голливуди къарол æма королевæбæл, сæ гъæздуг æма рæсугъд хæдзарæ «Пикфэр» ба цох нæ кодта зундгонд адæймæгтæй, уонæн сæ номдзуддæр ба адтæй Чарли Чаплин.

Евгъуд æноси 30-аг æнзти киноиндустрий æрцудæй революцион æййивддзийнæдтæ: фæззиндтæй си зæл æма, царди цæстæ ци уинуй, уæхæн аллихузон хуарæнæвдесæг хузтæ. Еци рæстæг кино æвдиста аллихузон стильтæ: мюзиклтæ, вестернтæ, фильмтæ уарзондзинади туххæн, мультфильмтæ, комедитæ, æверхъау таси фильмтæ. Гъе, етæ æнцæ голливудаг «сæнтти фабрики» цардæгас бунтæ.



**Дуглас Фэрбенкс æма æ бинойнаг Мэри Пикфорд** - кинонивтæ уадзæг компанитæ исаразгутæн сæ фиццæгтæ. 1922 анз. Дуглас Фэрбенкс æма Мэри Пикфорди сæ арæхст куст æма скурдиати фæрци уайтагъддæр банимадтонцæ Голливуди къарол æма королевæбæл, сæ гъæздуг æма рæсугъд хæдзарæ «Пикфэр» ба цох нæ кодта зундгонд адæймæгтæй, уонæн сæ номдзуддæр ба адтæй Чарли Чаплин.

**Чарлз Чаплин**
(1889 - 1977)

Чарлз Спенсер Чаплин сфæлдиста го - би киной тæккæ зунд - гонддæр герой Чарлий сорæт. Къæсхур, мин - къий лæг, æнарæхст хæтæнхауæг, бахауй ку ходæги уавæрти, ку ба зиндзинæдти, адæм ин тæрегъæд дæр кæнунцæ, ходгæ дæр ибæл кæнунцæ. Чарлз Спенсер Чаплин æй гоби киной шедеврæ «Минкъий» (1921), «Сугъзæринæ резæнгæ» (1925), «Устур горæти цирæгътæ» (1931) æма æндæрти исаразæг.





## Жорж Мельес
(1861 - 1938)

Кинотрюктæ æма сæрмагонд эффектæ саразæг Жорж Мельес адтæй иллюзионист, æхемæ адтæй феерити театр, райгон кодта кинематографий гъæздуг æма дессаг гæнæнтæ. Е адтæй архайди æма уингæ фильмити бундорæвæрæг, исразта дуйней медæг фиццаг киностуди, æхуæдæг бакуста сæрмагонд эффектæ æма трюктæ кæнунбæл. 1896-аг анземæй 1913-мæ исиста 500 цубур киноемæй фулдæр. Етæ адæми деси æфтудтонцæ е 'ргъудигонд æнахур нивтæ æма гæнæнтæй (зæгъæн, «Мæйæмæ балци» (1902-аг анз).

## Дисней Уолт
(1901 -1966)



Американ режиссер, хузгæнæг æма продюсер Уолт Дисней исаразта дуйней медæг тæккæ устурдæр студи мильтипликацион кинонивтæ есунæн. Еци кинонивтæ æвдистонцæ æгас континентти аллихузон бæстити, адæм сæ, уæлдайдæр ба сувæллæнттæ, сæ зæрдæмæ хъæбæр арф райстонцæ.

1928-аг анзи Уолт Дисней æргъуди кодта, абони æгас Зæнхи къорибæл дæр зундгонд ка 'й, еци персонаж - мистæ Микки-Мауси.

Зæгъун ма гъæуй уой, æма Уолт Дисней адтæй, фиццагдæр зæлгун æма хузгин мультфильмтæ ка саразта, е. Уонæн сæ зундгонддæртæ æнцæ: «Пиноккио», «Бэмби», «Золушка», «Алиса в стране чудес» æма берæ æндæртæ.



Марлен Дитрих
(1901 - 1992)

Марлен Дитрих уотæ зæрдæмæгъаргæ рæсугъд силгоймаг адтæй, æма 'й худтонцæ экрани кæлæнгæнæг, «лæгисафæг» силгоймаг. Æ хуæздæр рольтæ рагъазта Дж. фон Штернберги кинонивти: «Æрвхуз изæд» (1930), «Шанхайаг экспресс» (1932), «Сурх императрицæ» (1934).

Дуккаг дуйнеон тугъди рæстæг карзæй дзурдта нацизми нихмæ. Тугъди фæсте гъазта номдзуд режиссерти фильмти: «Сцени тас» (режиссер А. Хичкок, 1950), «Фудæнхи мухур» (режиссер О. Уэллс, 1958), «Нюрнбергаг процесс» (режиссер С. Крамер, 1961) æма æндæрти.



**Грета Гарбо**
(1905 -1990)

Ӕрвон рæсугъд Грета ... Уотæ худтонцæ аци номдзуд киноактриси. Æ конд, æ уиндæй, экранбæл ци сорæттæ аразта, уони арф психологизмæй, æ æмбесонди дзухи дзурдæй, æ гури кæндтитæй киномæкæсгути зæрдитæ уайтагъддæр уацари райсидæ. Е адтæй XX-аг æноси тæккæ ирддæр киностъалутæй еу. Гъазта фильмти: «Мата Хари» (1931), «Королевæ Кристина» (1934) æма æндæрти

Фал кино раги ниууагъта, æ кадæ æ тæккæ бæрзонддæр цъопмæ ку исхизтæй, уæд - 36 анзи ибæл ку рацудæй, уæд нæбал бакумдта киной рольтæ гъазун. Раздæр дæр æ уоди сосæг цардмæ хæстæг неке уагъта, фал киной аййевадæн хуæрзбон ку загъта, уæдта бунтондæр æхемæ æнгæрон некебал æруагъта, цардæй еунæгæй, дуарæхгæдæй. Æхуæдæг дæр, уæдта 'ймæ хъæстæг ка лæудтæй, етæ зудтонцæ, æ уарзондзинадæ æхецæн дæр, уæдта ке равзурстайдæ, уомæн дæр мæлæти тæрхони хузæн ке адтайдæ, уой.

Грета Гарбо иссæй легендæ æригонæй.



**Джина Лоллобриджида**
(1927)

Е 'цæг ном - Луиджина, райгурдæй 1927-аг анзи 4-аг июли горæт Субиакой, Италий центри. Æ бинонтæ адтæнцæ дæсни æрмгусгæнгутæ, аразтонцæ хæдзари дзаумæттæ. Адтæй ин æртæ хуæри: Джулиана, Мария æма Фернанда. Æ сабидогæ рарвиста æрдзи рæсугъд гъæбеси æвæрд минкъий хуæнхаг гъæуи.

Лоллобриджида, рæсугъд ке адтæй, уомæ гæсгæ архайдæ рæсугъдти конкурсти, 1947-аг анзи конкурси «Мисс Италия» байахæста 3-аг бунат.

1949-аг анзи лæгмæ æрцудæй словенаг психиатр Мирко Скофикамæ. Уомæй ин райгурдæй фурт, 1971-аг анзи ба рахецæнæнцæ.

1953-аг анзи æй исистонцæ голливудаг фильми «Фегадæ кæнæ дæлуймони». Уой адæбæл дуйнебæл æ кой райгъустæй - худтонцæ 'й 'ма 'й истонцæ берæ кинонивти. 1970-аг æнзти æ карьерæ дæлæмæ-дæлæмæгæнгæ цудæй. Равзурста æ тухтæ фотожурналистики дæр. Ес имæ французаг Кадгин легиони орден.



**Софи Лорен**
(1934)

Е "цæг ном хуннуй София Виллани Чиколоне, æй дуйнетæбæл æ кой кæмæн райгъустæй, еци актриситæй еу. Райгурдæй Рими 1934-аг анзи. Æ нииййергутæ официалон æгъдауæй лæг æма усæ н" адтæнцæ, уомæ гæсгæ сæ кизгæ София нимад адтæй дзæгъæлзадбæл, гъомбæл æй кодта еунæг æ мадæ.

Рæвдуд æма цийнæй неци фæууидта æ сабий доги София, цæргæ дæр кодтонцæ Неаполи тæккæ мæгурдæр горæтгæрон. Фал София адтæй хъæбæр рæсугъд кизгæ, раст зæгъун гъæуй, дæ финдз æгæр даргъ æй, зæгъгæ дæр ин дзурдтонцæ.15-анздзудæй бунæттон рæсугъдти конкурси фиццаг бунат байахæста. 1949-аг анзи базонгæй, уой фæсте лæгмæ кæмæ æрцудæй, еци продюсер Карло Понтий хæццæ, æма уой разамундæй София Чиколоне райста псевдоним Софи Лорен. Райгурдæй син фурт, æма Лорен æхе амондгунбæл банимадта.

1951-аг анзи Лоренбæл æ цæстæ æривардта номдзуд режиссер Фредерико Феллини. Е æй исиста цалдæр кинониви. Рæстæг цудæй. Софи Лорени ном дуйнебæл игъусгæ цудæй. Зундгонд режиссер В. де Сика æ фильмти «Брак по итальянски» æма «Золото Неаполя» (1954 анз), уæдта уони фæсте æ иннæ зундгонд кинонивти сæйраг рольти иста Софи Лорени. 1958-аг анземæй фæстæмæ Софи Лорени есун райдæдтонцæ Голливуди кинонивти. Нуртæккæ Софи Лоренбæл цæуй 75 анзи, фал æхе зæронд нæ хонуй, бæллуй ма кинонивти сæйраг рольти гъазунмæ.

## ÆХЕ РАМАРДТА, ÆВИ 'Й ЕСКЕ РАМАРДТА?



Аци æнæхайири фарста исистуй, куддæр америкаг киноактрисæ **МЭРИЛИН МОНРОЙ** кой рацæуй, уотæ (Marilyn Monroe). Е 'цæг муггаг: Норма Джин Бейкер Мортенсон. Мэрилин Монро райгурдæй 1926-аг анзи 1-аг июни Лос-Анджелеси, рамардæй 1962-аг анзи 5-аг августи Брейтвуди (Калифорни). Ахур кодта Актерти студий Нью-Йорки. Мэрилин Монро - уодæгасæй дæр легендæ адтæй, æ мæлæти фæсте дæр легендæй байзадæй. Рацардæй хъæбæр ирд, фалæ цубур цардæй. Нимадтонцæ 'й Америки секс-символбæл, мингай нæлгоймæгтæ бæлдтæнцæ æ хæццæ фембæлунмæ, уотæ рæсугъд адтæй, æма имæ силгоймæгтæ



Мэрилин Монро æ царди фæстаг бонти.

милиуантæй хицæ кодтонцæ. Киноолимпи цъонгмæ æвеппайди ке стахтæй, уобæл адæм дес кодтонцæ.

Фал дзиллитæ уой нæ зудтонцæ, Мэрилин Монро трагедион фигурæ ке 'й, æхемæ æнамонд ке кæсуй. Е æ уодæй уод кодта, цæмæй режиссерти баууæндун кæна, е 'рдзон рæсугъддзийнæдтæй уæлдай ма имæ киноактриси устур курдиадæ дæр ке ес, уобæл. Фал имæ етæ дæр иннети хузæн кастæнцæ, куд рæсугъд силгоймагмæ, уотæ. Уой нæ ниууодæнстæй æ зæрдæ: 1962-аг анзи 5 августи ин полицæ æ мард иссирдта æхе рæсугъд æма гъæздуг хæдзари.

Мэрилин Монрой ном æгас дуйнебæл дæр игъустгонд ке адтæй, уомæ гæсгæ æ мæлæт аллихузон хабæрттæ æма таустæ расайдта æ фæдбæл. Бæрæг адтæй еу гъуддаг: Мэрилин хæстæгмæ зонгæ адтæй уæди рæстæги Америки Еугонд Штатти президент Джон Кеннеди æма е 'нсувæр Роберти хæццæ. Куд дзорунцæ, уомæ гæсгæ Джон æма Мэрилин æмуодæй цардæнцæ евгъуд æноси 50-аг æнзти, Джон перзидент ку иссæй, уæддæр ма анзи дæргъци сæ рахастдзийнæдтæ федар адтæнцæ. Фал президентмæ æгас адæм сæ цæстæ дардтонцæ, уæлдайдæр ба æ политикон знæгтæ, мафи, æма Кеннеди Мэрилинæй æхе раеуварс кæнунбæл байархайдта. Куд дзорунцæ, уомæ гæсгæ, е 'нсувæр Робертæн загъта, ду æй дæхердæмæ фæккæнæ, зæгъгæ.



*Джон Кеннеди*



*Роберт Кеннеди*

1962-аг анзи 4-аг августи Роберт Кеннеди æрбацудæй Лос-Анджелесмæ, бабæрæг кодта Мэрилини. Уой фæсте силгоймаги иссирдтонцæ мардæй. Официалон версимæ гæсгæ, Мэрилин Монро æгæр берæ баниуазта хуссæги хуастæ, æма, дан, уомæй рамардæй.

Ци адтæй, куд адтæй, уой ба еунæг Хуцауæй фæстæмæ неке зонуй.




## Бриджит Анн-Мари Бардо

(1934)

Французаг киноактрисæ æма фотомодель, цæргойти сæрбæл тохгæнæг Бриджит Анн-Мари Бардо райгурдæй 1934-аг анзи 28 сентябри Парижи, бизнесмен Луи Бардо æма Анна-Мари Мюсельи хæдзари. Бардо æ мади фæндонæй æ кæстæр хуæри хæццæ сабийæй райдæдта кафунбæл ахур кæнун.

1947-аг анзи Бриджит Бардо бацудæй кафгути Национ Академимæ.

1952-аг анзи Бардой фиццаг хатт исистонцæ киной. 1952-аг анзæй 1956-мæ рагъазта рольтæ 17 фильми. Фал ин дуйнеон кадæ æрхаста кинонивæ «Хуцау исфæлдиста силгоймаг». Уоми`й æнæгъдауæй, куд не мбæлуй, уотæ бæгънæгæй ке `вдесунцæ, уомæ гæсгæ ибæл хъоди бакодта католикон аргъауæн. Аци фильмæн Америки адтæй устур æнтæст.

Уой фæсте ма Бардой берæ фильмти исистонцæ, фал е 1973-аг анзи киноактриси карьерæбæл æ къох исиста æма æ царди нисанбæл банимадта цæрæгойти бартæ гъæуай кæнун, исаразта хæдзарон фонс æма цæрæгойти гъæуайгæнæг Французаг Фонд, сæрдареуæг си кæнуй æхуæдæг, æхе харзæй аразуй берæ хуарз гъуддæгтæ.

## БРИДЖИТ БАРДО: «ÆНÆ НÆЛГОЙМАГÆЙ ДÆР ÆНЦАД ÆНЦОЙНÆЙ ЦÆРДЗÆНÆН...»

Æрæги Георгий Зотов, газет «Аргументы и Факты», зæгъгæ, уой уацхæссæг интервью райста Бриджит Бардойæй. Æгас дуйнебæл зундгонд ка 'й, тæккæ рæсугъддæр дæс силгоймагемæй æ рæстæги еуебæл нимад ка цудæй, уой гъудитæ, махмæ гæсгæ, журналкæсæгæн цæмæдессаг уодзæнæнцæ. Уомæ гæсгæ мах мухур кæнæн, ци интервьюй кой кæнæн, уой, æрмæст цубуртæгондæй.

***— МАДАМ Бардо, æрæги карзæй дзурдтай, Мæскуй корридæ исаразунмæ ке гъавунцæ, уой нихмæ. Æма уобæл уотæ хъæбæр ци тухсис, Испани æма Латинаг Америки алли анз дæр сæдæгай богъатæ ку марунцæ?***

— Корридæ— е æй æгъатир варварон гъуддаг, æма е гъæуама, фиццаг кæми фæззиндтæй, еци бæстити арæнтæй идарддæр ма рахеза. Фал корридæ кæми фæззиндтæй, еци рауæнти дæр гъæуама мабал уа - богъати тохи рæстæг раги раевгъудæй. Уомæ гæсгæ, æз уотæ нимайун, æма корридæ æндæр бæститæмæ ка ласуй, е ласуй мæлæт. Уæ газети фæрстæбæл мæ раарфæ кæнун фæндуй Уæрсей православон аргъауæнæн, еци астæуккаг æносон æверхъау фудраконди нихмæ ке дзоруй, уой фæдбæл.

***— Фал ес уæхæн гъуди, цæрæгойти сæрбæл ка дзоруй, етæ, дан, сæ фур хъалай гæппитæ кæнунцæ: зæнхи цъарæбæл алли бон дæр уойбæрцæ тог никкæлуй, етæ ба, дан, карки фезонæггонд цъеу хуæргæй сæ цæстисуг калунцæ. Е ходæг нæй?..***

— Ци загъдæуа... Раст æй - дуйне æгъатир æй. Фал адæймаги кæддæриддæр еске багъæуай кæндзæнæй. О, æз тæрегъæд кæнун, ке рамарунцæ, еци карки цъеуæн. Берæ уарзун цæрæгойти, æма мæ еци гъуддаг хъор кæнуй адæми уарзунæн, уомæн æма хъæбæр арæх адæм фæуунцæ æнæхатир. Раст ку зæгъон, уæд адæмбæл нæбал æуууæндун.

***— Барæ радтæ еу æнæбунати фарста радтунæн.***

— (Ходуй.) Бавзарæ.

***— Æвæдзи цæрæгойти сæрбæл уотæ разæнгардæй уомæн дзорис, æма дæхе цард æппундæр нæ фæррæст-***

***мæй. Цуппар хатти лæгмæ æрцудтæ æма цуппар хатти рахецæн дæ, дæ еунæг фурт Николяй хæццæ дæр уæ рахастдзийнæдтæ хъæбæр лæгъуз æнцæ.***

— Ка 'й зонуй. Нæлгоймæгтæ мин берæ æнамонддзийнæдтæ æрхастонцæ. Фал нур ба хъонц кæнун æрмæстдæр уæд, цæрæгойти гъезæмарæй марунцæ, зæгъгæ, уой ку базонун. Уони туххæн нецæбæл байауарддзæнæн. Мæ мæлæти фæсте ме 'гас бунтæ дæр уонæн ниууаддзæнæн. Ай-гъай, мæ царди медæг берæ хæттити æруагътон рæдудтитæ. Фал ни æнæтæрегъæд, æнæрæдуд ка 'й? Мæхемæ куд кæсуй, уомæ гæсгæ, нуртæккæ мæ цард, куд гъæуама уа, уотæ æдзæстхез æма кæдзос æй. Дæуæн интервью радтунбæл æрмæстдæр уой туххæн исарази дæн, цæмæй цæрæгойти туххæн зæгъон мæ гъудитиæ. Æндæр темитæбæл мæмæ дзорун нæ цæуй.

***— Журналистти нæ уарзис?***

— Зæгъдзæн уотæ — раздæр сæ никки минкъийдæр уарзтон. Фæндон ракъахдзæфгæнæн мин н' адтæй, аллирдигити мæмæ дардтонцæ фото æма киноаппараттæ, се 'рттивтитæ мæ уотæ хъæбæр хъор дардтонцæ, æма мæ сæрæн нæбал уинæ: æдзæрæг сакъадахи дæр мæмæ уотæ кæсидæ, цума еунæг нæ дæн, мæ фæсте зелуй 'ма алли цъасæмæ дæр кæсуй объектив. Æма кæд абони дæр хузесгутæ мæ фæсте зелунцæ, уæддæр журналисттæмæ мæ цæстæнгас фендæрхузонæй, уомæн æма кинойæй рандæдæн, æма суперсенсацити игурæн нæбал дæн.

***— Кинойæй ке рацудтæ, уобæл фæсмон нæ кæнис?***

— Нæ. Кино - мæ идард æма æхцæуæн имисуйнаг, æндæр мæмæ неци кæсуй. Æма мæ ести нæуæг фильми туххæн ку бафæрсунцæ, уæд син фæззæгъун: «Æндæр еске бафæрсетæ». Кино мæн нæбал æй.

***— Ка 'й дæуæн абони идеалон нæлгоймаг?***

— Идеалон нæлгоймæгтæ æма силгоймæгтæ нæййес æма нæ фæууй. Адæми æхæсæн еу дæр алцæмæй æнхæст нæ фæууй.Цæрæгойти туххæн ку дзорæн, уæдта мæнмæ идеалон кæсуй нæл дельфин: е æй æууæнкгин, хæларзæрдæ, адæмуарзон. Ескæд ма лæгмæ æрцæудзæн, уой æнгъæл нæ дæн. Æнцад-æнцойнæй фæццæрдзæнæн æнæ нæлгоймагæй дæр.Нæлгоймæгтæ сæ хæццæ хæссунцæ берæ проблемитæ. Зæгъæн, нуртæккæ мæ вилли цæруй сæди бæрцæ цæрæгойтæ: фустæ, бæхтæ, куйтæ, тикистæ, хæрæги къæлæутæ, сæгътæ, кроликтæ. Æма ди баируагæс уæд - етæ еумæ райсгæй дæр еунæг нæлгоймагæй дзæвгарæ минкъийдæр тухсун кæнунцæ адæймаги.

***— Цалдæр анзей размæ финстæг ниффинстай Уæрæсей уæди премьер-министр Путин æма Мæскуй мэр Лужковумæ— курдтай си, цæмæй æнæбакæнæг куйти марун ма уадзонцæ. Ду æцæгæйдæр уотæ гъуди кæнис, æма Уæрæсей æндæр проблемитæ нæййес?***

— Абониккон адæми сæйраг проблемæ æй, кæрæдзей æма цæрæгойти ке нæ уарзунцæ, е. Уогæ, мсье Путинæй боз дæн: е мин дзуапп равардта бæлвурд æма æгъдауи финстæгæй: устур цæмæдес æма, дан, æхсицгонæй бакастæн дæ финстæг, барвистон æй æрдзæгъæуайгæнæг министрадæмæ. Æз лæдæрун, дзæгъæл куйтæ тæссаг æнцæ гъæунгти, фал сæ марун цæмæн гъæуй? Махмæ сæ, Францийи, бадзæбæх кæнунцæ, цæмæй идæрддæр цæуæт мабал кæнонцæ.

***— Ка 'й зонуй, дæ курдиатæн устур аргъ ка кæнуй, уони цийнæн ма киной рагъаздзæнæ?***

— 'Ма е цæмæн гъæуй? Æз æносмæ мæ къох исистон актриси карьерæбæл, уомæ гæсгæ мæмæ цийфæнди режиссер дæр (тæккæ номдзуддæр уæд) ку 'рхата, уæддæр ин зæгъдзæнæн «нæ!» О, хæдæгай, автогрæфтæ ми абони дæр есунцæ - гъæунгти мин фæндон рацæуæн нæййес. Фал евгъуд дзаманмæ нæбал раздæхдзæн. Мæнмæ байзадæй еунæг устур бæлдæ: «Бриджит Бардо» ку фæззæгъунцæ, уæд мæ фильмтæбæл ма гъуди кæнæнтæ, фал цæрæгойти куд хуæздæр багъæуай кæнæн, уобæл.

***— Нурма бал, ду кæми гъазтай, еци фильмтæ имисунцæ...***

— Е мæнæн гъулæг æй.

***— Фæстаг фарста... Ескæд Уæрæсемæ æрбацæуудзæнæ?***

— Гъулæггагæн, нæ фæндитæ арæх нæ фæййеуунцæ нæ гæнæнти хæццæ. Фал гæнæн æма амал уогæй уæддæр еу бони æмгъудæй фæццæуинæ Уæрæсемæ. Еци бон, дæхуæдæг æй лæдæрис, исаккаг кæнинæ уæ цæрæгойтæн. Фал уæ дессаг бæстæ балæдæрунбæл дæр байархаинæ, банкъаринæ уæрæсейæгти зæрди гъар - уони имонау уарзтæй уарзун. Æз уотæ гъуди кæнун - мах æма сумах æмхузæнттæ ан. Мæ хъури кæнун уæ газеткæсгутæ æма цæрæгойти.




**Бастер Китон**
(1896 -1966)

Бастер Китон райгурдæй æма ирæзтæй артистти бинонти æхсæн. Сценæмæ рацудæй, æдеугурæй ибæл æртæ анзи ку цудæй, уæд. 1919-аг анзи æ зæрдæмæ арф райста кинематографий аййевадæ, æма дууæ анзей дæргъи исиста 19 цубурметражон гоби фильми. Дуйней комикти æхсæн Китон абони дæр нимад æй хуæздæртæй еуебæл. Æ герой цийфæнди уавæрти ку бахауидæ, уæддæр æ цæсгом нецихузи раййевидæ, кæми будзæуи каст кодта, кæми гъæладзæф уидæ, æ медбилти дæр некæд баходидæ, уотемæй ба киномæкæсæг фур ходæгæй бакъуæцæл уидæ. Æ сæрзелæн тæссаг трюктæ адæми деси æфтудтонцæ.

Кинокомедий жанрмæ Китон бахаста рæсугъд пластикæ, интеллигентон юмор, фæлмæн лиризм.

# СОВЕТОН КИНО

Советон киноЙ истори райдæдта 1919-аг анзи. Еци анз 27-аг августи рацудæй декрет кинематографи национализаци скæнуни туххæн. Уæдæй фæстæмæ еци бон нимадтонцæ Фидибстаг кинематографий бонбæл.

Фильм «Броненосец «Потемкин» 1926-аг анзи Америкаг киноаййевади академи банимадта тæккæ хуæздæрбæл. Уомæй уæлдай ба ма фильм «Броненосец «Потæмкин» адтæй фиццаг хузгин кинонивæ - æ режиссер Сергей Эйзенштейн æхуæдæг цъæпойæй хурста, кинопленки туруса кæмидæриддæр адтæй, уой сурх хуарæнæй.

1918-аг анзи Советон Цæдеси рауагътонцæ 6 фильми, 1930-аг анзи ба — 128 фильми.



**«Тихий Дон»** — фильм-эпопея, Михаил Шолохови романи бундорбæл арæзт. Куд роман æхуæдæг, уотæ фильм дæр дзоруй Уæрæсей донаг хъазахъæгти зин цард æма тогкалæн тохтæбæл. Архайд цæуй 1910-аг æма 1920-аг æнзти Фиццаг дуйнеон æма граждайнаг тугъди рæстæгути. Æ сæйраг сюжет баст æй хъазахъаг бинонтæ Мелеховтæбæл, сæйраг герой Григорий Мелехови æнкъард тауæрæхъбæл, æ синхаг лæгмæцуд силгоймаг Аксиньи хæццæ се 'хсæн ци трагикон уарзондзинадæ равзурстæй, уобæл.

Аксиньи роли гъазуй Элина Быстрицкая, Григорий Мелехови роли ба - Петр Глебов. Режиссер æма сценарист - Сергей Герасимов.

Кинонивæ райста преми «Хрустальный глобус» дуйнеон кинонивти конкурси.

Кинонивæ фиццагдæр Шолохов æхуæдæг фæууидта. Аразийæй байзадæй. Загъта «Хъæбæр æхцæуæн мин æй, кинонивæ æма мæ роман еу цæлхвæдбæл ке цæунцæ, е»

Еунæг кинонивæмæ дæр уойбæрцæ кæсгутæ некæд адтæй Советон Цæдеси. Æрмæст æй еунæг 1958-аг анзи фæууидтонцæ 47 милиуан адæймаги.

(Хузи: Григорий æма Аксинья.)

**Режиссер Сергей Бондарчук** Л. Толстойи номдзуд роман «Тугъд æма федуд» мæ гæсгæ фильм ку исиста, уæд æвдист цудæй канд Советон Цæдеси нæ, фал дуйней берæ бæстити, алкæми дæр ибæл устур дес кодтонцæ, худтонцæ 'й «доги лентæ». Араæзт адтæй цуппар хаййемæй: «Андрей Болконский», «Наташа Ростова», «1812-аг анз» æма «Пьер Безухов».

Фильм ист цудæй дууæ анзей дæргъци, æ алли хаймæ дæр ин æнгъæлмæ кастæй æнæгъæнæ бæстæ. Уой размæ, уæхæн егъау тугъдон сценитæ кæми адтæй, уой бæрцæ адæм кæми архайдта, уæхæн кино н' адтæй Советон Цæдеси.

- «Тугъд æма федуд» 1969-аг анзи райста премитæ «Оскар» æма «Сугъзæринæ Глобус», Нью-Йорки кинокритикти Ассоциаций Фиццаг приз (1968), Голливуди фæсарæйнаг прессi премi (1968).
- Сæйраг рольти гъазгутæ Вячеслав Тихонов æма Людмила Савельевай ба журнал «Советон экран»-и кæсгутæ банимадтонцæ тæккæ хуæздæр актертæбæл.

Аци кинонивæ адтæй тæккæ зинаргъдæр, харзгонд ибæл æрцудæй 100 милиуан доллари (нури 500 милиуан долларемæй фулдæр).

- Фильми дзорун кæми гъæуй, еци рольти гъазгутæ æнцæ 300, статистти нимæдзæ ба хæццæ кæнуй 120 минемæ.
- Фæсарайнаг мухур финста Бородиной тугъди дессæгтæбæл, худта æй дуйней киноаййевади сенсаци. Бородиной тугъд киной куд æвдист æрцудæй, уой бахастонцæ Гиннесси рекордти Киунугæмæ.
- Мæскуй куд басугътонцæ, уæрсейаг аристократти цард куд æвдист цæуй, е дæр устур деси æфтудта киномæкæсгути. Уæлдай хъæбæрдæр сæ зæрдæмæ фæццудæй, æма тæкка имонаудæр, романтикондæр схудтонцæ, Наташа Ростова фиццаг хатт бали Андрей Балконскийи хæццæ ку ракафта, еци сценæ.
- Наташа Ростови роль гъазта профессионалон балеринæ æма скурдиатгун актрисæ Людмила Савельева, Андрей Болконскийи роли ба -Вячеслав Тихонов. Режиссер æма сценарист Сергей Бондарчук æхуæдæг гъазта Пьер Безухови роли.



Нуриккон уæрæсейаг тæккæ номдзуддæр киноартисттæй еу - Вячеслав Тихонов. Райгурдæй 1928-аг анзи горæт Павловски Посади (Москуй облæст). Каст фæцæй Æгасцæдесон паддзахадон кинематографий институт (1950-аг анз). 1950-аг анзи - Театр-студий актер. 1957-аг анзи - М. Горькийи номбæл киностудий актер. Паддзахадон премий лауреат (1970-аг æма 1976-аг æнзти). Ленини премий лауреат (1980-аг анз), Советон Цæдеси адæмон артист (1974-а ганз). Режиссер Сергей Бондарчук Л. Толстойи номдзуд роман «Тугъд æма федуд»-мæ гæсгæ ци фильм саразта (1968-аг анз), уоми гъазта Андрей Болконскийи роли.



Наташа Ростови роль гъазта  профессионалон балеринæ æма скурдиатгун актрисæ Людмила Савельева (1968-аг анз)

# НОМЕРИ ЕС:

ИРОНХ НÆ 'НЦÆ СÆ НÆМТТÆ........................................................................ 3

ЛЕГКОЙТИ Геуæрги. НÆ КАРНÆ НÆХЕЦÆЙ АРАЗГÆ НÆЙ............. 10

КЪИБИРТИ Амурхан. ÆМДЗÆВГИТÆ........................................71

ГИБИЗТИ Руслан. ТУГЪДИ ÆРХЪЕЗТÆ (Уацау)........................... 82

ГОДЗОЙТИ Хасан. ÆМДЗÆВГИТÆ...................................... 119

БУДАЙТИ Милуся. АРГЪÆУТТÆ СУВÆЛЛÆНТТÆН..................123

ЦЪУГКИТИ Крестник. ÆМДЗÆВГИТÆ...................................... 141

Александр ОСТРОВСКИЙ. ДЗАДЖДЖЫН БЫНАТ
(Фондзархайдон комеди)..................... 149

Г0БЕТИ Матвей. СОЦЪА, ÆДЗÆСТУАРЗОН ............................229

САКЪИТИ Сергей. КИЗГАЙ ÆМА АТАБИЙИ ТАУÆРÆХЪ .............235

ХЪАНТЕМИРАТИ Римæ. СУВÆЛЛÆНТТИ ТЕМÆ
ЦОМАХЪИ СФÆЛДИСТАДИ................ 246

ЦИ НÆМÆ ÆНГЪÆЛМÆ КÆСУЙ МÆРДТИБÆСТИ.................... 255

АДÆМИ ИСТОРИЙ ТÆККÆ УСТУРДÆР 100 ЦАУИ.....................264